



I. Mas Cêbolang

- 1 Putra-tunggalipun Sèh Akadiyat ing rêdi Sokayasa wasta Mas Cêbolang bagus rupinipun, mbranyak kadosdene ringgit wanda lanyapan, kesah tanpa pamit, namung kadhèrèkakên santri sakawan i.p.: 1. Palakarti; 2. Kartipala; 3. Saloka; tuwin 4. Nurwitri. Lampahipun ngidul ngilèn lumêbêt ing talatah Purbalingga. ... kaca 1.

II. Jiyarah ing pasareyan Lawèt, têrus nglajêngakên lampah.

Ing makam dhukuh Mas Cêbolang dalah para santrinipun njujug ing griyanipun Dêmang Srana, jurukuncinipun pasareyanipun Sèh Jambukarang ing rêdi Lawèt. Lajêng kaêtêrakên jiyarah ing pasareyan wau. Lampahipun angèl saengga para santrinipun kèndêl ngêntosi ing têngah margi. Kalampahan sagêd jiyarah lan nêtêpi lampah-lampahipun jiyarah, malah mirêng swantên, sampun kuwatos manahipun lan nglajêngna niyatipun. ... kaca 2-5.

Jilid 2 - Kaca : 5

89. Gambuh

1. Wau ta sining gunung |
rêsêrspoh satêbah gêngipun |
cacing kalung agêngnya sagaran arit |
lintah maratah sajangung |
pacêt agêngnya sajêmpol ||
2. Kumrêsêg swaranipun |
mambêt ganda janma nêmbè rawuh |
pacêt ingkang nêng godhongan samya nyênthing |
milar nylorot lir udan wuh |
rêsêrspoh cacing nêlolor ||
3. Lintah pating jênggunuk |
ayun ngroyok mring kang nêmbè rawuh |
nanging datan ana kang prapta ing dhiri |
mung kiwa têngên supênuh |
anyirap pating talolor ||
4. Mas Cêbolang tan keguh |
ngeca-eca dènnira lumaku |
sampun prapta pucaking wukir waradin |
kinubêng ing gurda agung |
sawarnine kang nalolor ||

5. Wangsul ing unggyanipun |
nèng godhongan ngalèwèr gumandhul |
jurukunci (m)buka lawang cungkup sarwi |
maca slawat mawa lagu |
padupanira nyêrmomong ||
6. Prapta ing (n)daganipun |
juru kunci lawan sang abagus |
makidhupuh uluk salam nulya tahlil |
bakda tahlil kimas minggu |
panyuwunira binatos ||
7. Karamating ngaluhung |
mirêng swara: jêbèng pamintamu |
sun idèni aywa sumêlang ing ati |
banjurêna ing sêdyamu |
anutugakên lèlakon ||
8. Ki jurukunci ngungun |
ngandikèng tyas sanyata linuhung |
sajêginsun angkatêrkên lagi iki |
ana swara kang karungu |
cêtha tètèh kang wiraos ||
9. Kaliye mêdal sampun |
kori cungkup anulya tinutup |
Mas Cêbolang angubêngi gêbyog sarwi |
ngrêsiki sarana rambut |
têpung gêlang wangsul panggoh ||
10. Lawan Ki Sraya juru |
wangsul maring pèkêrisan sampun |
wusing ngrasuk busana tumurun aglis |
sakeca ing lampahipun |
tan ana winalang atos ||

2 Lampahipun dumugi ing pancuran Surawana, tukipun ing Muncar, nyipêng ing griyanipun kêpala dhusun Ki Dati. Enjingipun nglajêngakên lampah dhatêng Banyumas, nyatakakên bëndungan ing Pancasan. ... kaca 6-7.

Jilid 2 - Kaca : 6

11. Praptèng Nusupan dhusun |
wus pinanggih lan santrinya catur |
tanpa pamit lajêng dènnira lumaris |
saking Purbalingga laju |
tanpa kampir ngidul ngulon ||
12. Kèndêl ing lampahipun |
aningali kanang toya mancur |
udakara wêdale saêpring ori |
anjog maring lèpèn agung |
toyanya wêning anyarong ||
13. Kathah dyah ayu-ayu |

- samya ngangsu kandhêg andudulu |
marang ingkang rarywan satêpining warih |
wong lima kang siji bagus |
sèlèh klênthing mlongo domblong ||
14. Mas Cêbolang duk dulu |
kathah kênya anom ayu-ayu |
pasang ulat sadaya pinanduk liring |
kang kataman riwe kumyus |
sliranya ge samya (n)dheprok ||
15. Anuding santrinipun |
kinèn tanya arane kang dhusun |
wus umentar kapanggih tatanya aris |
(m)bakayu apuntênipun |
kula kinèn atatakon ||
16. Ing riki raning dhusun |
kang tinanya kagyat samya (n)jumbul |
gêragapan sarêng dènnira nauri |
dhusun Manut wstanipun |
êtuk toya ingkang katon ||
17. Surawana puniku |
wusing tanya ki santri gya wangsul |
Mas Cêbolong linggar anilari liring |
mèsêm-mèsêm nulya laju |
dyah ngangsu nulya wirangrong ||
18. Wau ta lampahipun |
Mas Cêbolang lan santrinya catur |
wanci Sang Hyang Arka mèh tumamèng wukir |
ing ngarsa ana kadulu |
kadi kaluwung kang anjog ||
19. Mring siti ngokop ranu |
pinarpêkan sru eraming kalbu |
dene umbul inggilira anglangkungi |
watara nêm dhêpa langkung |
tibaning we kadi jawoh ||
20. Ki santri gèdhèg muwus |
bilah biyung dak kira kaluwung |
jêbul banyu umbul anggayuh wiyati |
Allah yèn karya piduwung |
tan mantra kêna ginayoh ||
21. Mas Cêbolang wus ngutus |
santri kinèn lumêbêt mring dhusun |
angupaya sipêngan kalaning ratri |
santri kalih mlêbêt dhusun |
lawan kapalang wus panggoh ||
22. Hyang Surya wus sumurup |

- Mas Cêbolang tumamèng ing dhusun |
kapanggih an kapalang aran Ki Dati |
gupuh mapag jawi pintu |
sasalaman gantos-gantos ||
23. Wusing salaman laju |
malbèng wisma pinarnah nèng salu |
Dati tanya anak kang asarju mampir |
sintên sinambating arum |
myang pinangka de lunga (n)don ||
24. Mas Cêbolang lon muwus |
amahyakên nami sangkanipun |
miwah minta pasipêngan mangke ratri |
Ki Dati suka turipun |
anak bagus ywa pakewoh ||
25. Sampun kang mung sadalu |
nadyan pêndhak kula suka sukur |
Mas Cêbolang mèsêm awacana manis |
kalangkung panuwun ulun |
riki pundi raning dhusun ||
26. Ki wisma lon umatur |
dhusun Têmon Ki Dati ran-ulun |
kapalange padhusunan Têmon riki |
kang mærtamu samya (n)dhêku |
Ki Wisma parentah gupoh ||
27. Asasaji susuguh |
wedang êsês gantyan ulam sêkul |
wus lumadyèng ngarsa Ki wisma turnya ris |
babo anak santri bagus |
pun bapa atur susugoh ||
28. Sawontêne ing dhusun |
mung lumayan jajampining lêsu |
tamu miwah Ki wisma samya wawan ling |
rahap anadhah pikantuk |
bakdaning dhahar lèlêson ||
29. Ing wanci waktu Subuh |
Mas Cêbolang myang santri kacatur |
minta pamit jawat tangan gya lumaris |
tan kantênan kang jinujug |
yèn dalu rêrêm ing dhukoh ||
30. Praptèng Pancasan dhusun |
myat balumbang tinêpi binatur |
wiyaripun tridasa tindak pasagi |
sadhadha lèbêting ranu |
wèning lirap kinclong-kinclong ||
31. Sawusnya samya adus |
linajêngkên wau lampahipun |

praptèng tlatah Banyumas dhusun Kêmawi |
anèng sukune kang gunung |
Mas Cêbolang mancat gupoh ||

32. Santrinya atut pungkur |
kathah sato samya tutut-tutut |
kênthus kidang mênjangan tanapi kancil |
(n)dédêr prapta puncakipun |
santri catur ting karênggos ||

3 Dumugi ing Banyumas, têrus minggah rêdi sumêrap lumpang sela, ingkang kangge nandha, sintên ingkang kiyat ngangkat badhe kadumugèn sêdyanipun. Namung Mas Cêbolang ingkang kiyat ngangkat lumpang sela wau. Lajêng sami numpak rakit mandhap dhatêng lèpèn Sêrayu. ... kaca 8.

Jilid 2 - Kaca : 8

33. Ing riku wontên watu |
kadi lumpang saprangkul gêngipun |
aran sela panji sintên kang kuwawi |
anujung yêkti pikantuk |
kanugrahaning Hyang Manon ||
34. Kadugèn kajatipun |
santri papat gantya samya junjung |
mung Nurwitri kang kuwawi sawatawis |
Mas Cêbolang nulya junjung |
wus kaangkat tan rêkaos ||
35. Catur santri sru ngungun |
tan adangu anulya tumurun |
mring Cilacap ingkang sinêdya ing galih |
praptane lèpèn Sêrayu |
damêl gèthèk amirantos ||
36. Pitaya pêngkuh bakuh |
wus pitados tinumpakan gupuh |
tan cinatur laminya ngambang nèng warih |
praptèng Cilacap tumurun |
saking gèthèk alon-alon ||
37. Ngêlangut lampahipun |
Mas Cêbolang lan santrinya catur |
langkung lêsah kèndêl dènira lumaris |
nèng ngandhaping mandira gung |
salingsire kanang dhukoh ||

90. Salisir

1. Mangkana kang winarni |
kang adhepok nèng ngasrami |
Arjabinangun wawangi |
nênggih Jajanggan Naradi ||
2. Têmurun saking maladi |
alêledhang nyangking kudhi |

- kagyat dènnira ningali |
sor mandira ana janmi ||
3. Gupuh dènnya marêpêki |
tundhuk gya asung pambagi |
babo anggèr sadayèki |
pun bapa anilakrami ||
4. Sintên sinambating wangi |
myang pundi pinangkanèki |
ngajêng kang sinêdyèng kapti |
kadi lèlampah wus lami ||
5. Di-prasaja aja kumbi |
tinêbihna sanggarunggi |
awit karasa tyasmami |
Mas Cêbolang ris turnèki ||
6. Inggang sotah amastani |
pun Cêbolang wasta mami |
saking Sokayasa ardi |
atmaja sang mahayogi ||
7. Sèh Akadiyat wawangi |
mangkana Janggan Naradi |
èngêt kalanira nguni |
duk masih dumadya santri ||

4 Kèndèl ing dhusun Arjabinangun kapanggih Ajar Naraddhi inggang nate dados santrinipun Sèh Akadiyat ing Sokayasa. Lajêng sami kaajak njajah tlatah dumugi guwa Limusbuntu. Ningali guwa Selapêthak awangun griya lan pèndhapi, cariyosipun tilas kratoning rasêksa. Têrus dumugi sagantên Anakan, lajêng numpak baita kolèk dhatêng Karangbolong, têrus dhatêng ujung Alang, rêdi Ciwiring. Saking katêbihan katingal pulo Bandhung, panggenanipun sêkar Wijayakusuma inggang kajagi pêksi Bayan. Janggan Naraddhi nyariyosakên nalika Prabu Krêsna nglabuh sêkar Wijayakusuma sarta wadhahipun inggang dados pulo Bandhung wau. ... kaca 9-10.

Jilid 2 - Kaca : 9

8. Wasana aris lingira |
bagus nguni ulun dadya |
warga uwus satuhu dya |
dumunung nêng Sokayasa ||
9. Anama Sèh Anggungrimang |
wus umangun palakrama |
Siti Wuryan èstrinira |
kabar wus wawêka priya ||
10. Mas Cêbolang duk miyarsa |
ngandikanira sang tapa |
gapyuk angrungkêpi pada |
saha matur wor karuna ||

11. Dhuh pukulun (ng)gih punika |
ing kang ayoga kawula |
Janggan Naradi mangkana |
suka amarwata suta ||
12. Mas Cêbolang gya rinangkul |
babu sutaningsun nyawa |
bangêt (ng)gonku nora nyana |
yèn kêtêmu lawan sira ||
13. Prasasat panggya pribadya |
lawan ramanira kakang |
miwah kangbok ibunira |
ana ta padha raharja ||
14. Saking pandonga paduka |
ibu miwah kangjêng rama |
sami ginanjar raharja |
lêstantun nêng Sokayasa ||
15. Sang wiku malih ngandika |
ramakmu biyèn adarbya |
panakawan kuncung papat |
arampak gêdhene padha ||
16. Umatur Ki Mas Cêbolang |
sarwi nolèh wurinira |
lah punika kula bêtka |
Saloka sêpuh priyangga ||
17. Palakarti Kartipala |
Nurwitri sakawanira |
kabèh padha mareneya |
ngabêktia sang minulya ||
18. Wus ngabêkti gantya-gantya |
Janggan Naradi ngandika |
kulup payo maring wisma |
kasuwèn nêng sor mandera ||
19. Dupi wus tamamèng wisma |
sunggata sampun samêkta |
mangunahe sang minulya |
sabarang wus sarwa ana ||
20. Èh kulup sira mangana |
sunggata saanarira |
langip tan darbe wanita |
yêktine iya kuciwa ||
21. Pasunggata tan mirasa |
kang sinung ling ngaraspada |
nutug ngrahapi sugata |
linorodkên santrinira ||

22. Apan dhahar nyanyamikan |
simambi anginum wedang |
Janggan Naradi ngandika |
kulup insun atêtanya ||
23. Ênggomu marene nyawa |
apa dinuta ramanta |
apa karêpmu priyangga |
Mas Cêbolang tan ngandika ||
24. Tumungkul konjêm pratala |
mangkana sang maha-tapa |
alon pangandikanira |
aywa uwas ing tyasira ||
25. Banjurêna karêpira |
nuruti rudahing karsa |
amung ta sira emuta |
kalamun trahing utama ||
26. Upama pawaka ingkang |
kang lagi andadi murub |
pinapas yêkti rêkasa |
luhung ta kinèndêlêna ||
27. Têmbè lèmpêring pawaka |
manawa nyarêngi mangsa |
sirna rêrêgêd sadaya |
katon adining kancana ||
28. Mas Cêbolang duk miyarsa |
(n)dêngèngèk enggar tyasira |
sang wiku malih ngandika |
apa condhong lan karsanta ||
29. (ng)Goningsun asung saloka |
kang sinung ling tan wacana |
mung mèsêm sêmu kaduga |
lah kulup padha asowa ||
30. Wus aso eca anendra |
ing wanci êbyar raina |
kang nendra tangi sadaya |
maha wiku wus siyaga ||
31. Lah kulup payo ta mara |
kakaring supaya dadya |
undhaking kawruh utama |
marang têtèping samodra ||
32. Sadaya datan lênggana |
Ki Janggan lumakyèng ngarsa |
praptèng tanjung Congot nama |

Jilid 2 - Kaca : 10

tuwin maring Pandhanarang ||

33. Saking Pandhanarang sigra |
maring têtèping samodra |
baita kolèk wus mrantya |
kang nglampahkên kalih jalma ||
34. Janggan myang tatamunira |
wus tumamèng ing baita |
tan pantara dangu prapta |
Limusbuntu raning guwa ||
35. Tumurun saking baita |
majêng mangetan kang guwa |
amarêki kang wiwara |
sadaya tumamèng guwa ||
36. Ing lèbêt inggil tur wiyar |
anon padhas dhapur wisma |
pringgitan miwah pêndhapa |
kadya ingukir kanaka ||

5 Nglajêngakên lampah dhatêng Jumprit, ningali tukipun lèpèn Praga ing rêdi Sindara. Kapanggih Ki Gupita ingkang nyariyosakên lèlampahanipun Ki Jumprit ngantos bab kèthèk Ki Dipa kalangênanipun Ki Jumprit saturun-turunipun dados kèthèk kramat ing rêdi Sindara. ... kaca 10-15.

Jilid 2 - Kaca : 11

91. Pangkur

1. Sela pêthak mubyar mêmplak |
pan ingukir pindha wiwiron adi |
pinatra kinêmbang mungguh |
rêmit aparipurna |
Mas Cêbolang matur tatanya sang wiku |
nama myang kang darbe tilas |
sang wiku ngandika aris ||
2. Limusbuntu raning guwa |
caritane duk jaman Buda nguni |
kene kèdhatoning diyu |
wus tamat dènyanya miyat |
mijil saking guwa mring têtèping laut |
aran Sagara Anakan |
samy numpak kolèk malih ||
3. Kèndêl pongot toyanya pan |
datan dangu wangsul baita malih |
Karangbolong kang jinujug |
prawata sela pêthak |
ngongkang-ongkang anglojok ing Laut Kidul |
dènyanya kèndêl mung sakêdhap |
wangsul mring baita malih ||
4. Mancal maring masjid sela |

duk dumugi ing Ujungalang nami |
cinancang baitanipun |
minggah maring pajagan |
griya ingkang dumunung sanginggil laut |
babanjêngan ingkang wisma |
sinasak nam-naman dêling ||

5. Kang dadya pangupajiwa |
amiyasa ulam lan damêl trasi |
dera non wus kêmput gadhug |
anulya wangsul sigra |
numpang prau lajêng maring masjid wau |
praptanira masjid sela |
baita cinancang aglis ||

6. Sadaya wus samya lênggah |
masjid sela mangetan adhêpnèki |
pêthane lir Limusbuntu |
kaot korinya wiyar |
pêthane kang pangimanan moncol bagus |
pawèstrèn myang padaringan |
bothèkan linêkok rêmit ||

7. Wontên kadi kênonng gangsa |
langkung kathah warni kadi têmbagi |
atanapi mawi sumur |
gambar sirah waraha |
pan ing riku wontên pakuburanipun |
Mas Cêbolang lon turira |
sintên kang sumare ngriki ||

Jilid 2 - Kaca : 12

8. Janggan Naradi lingira |
kacarita ing nguni ana santri |
tirakat aran si Ayub |
nèng masjid nulya pêjah |
ingkang darbe rarêksan dupi andulu |
lamun si Ayub palastra |
wusing binarsihan nuli ||

9. Pinêtak kene kewala |
êmbuh ingkang adarbe ahli waris |
payo kulup padha mêtu |
sadaya sampun mêdal |
mring baita tambang inguculan sampun |
lêpas lampahing baita |
sampun prapta ing gigisik ||

10. Kèndêl baita cinancang |
manjat maring ardi nama Ciwiring |
sapraptanira ing pucuk |
samya majêng mangetan |
kawistara pêthane kang pulo Bandhung |
Mas Cêbolang lon turira |

pulo kang katingal ngarsi ||

11. Angêngrêng wingit kawuryan |
lir kinurung wangkawa ngrêspatèni |
iku kulup kawruhanmu |
ing pulo Bandhung tiga |
panggonane Sêkar Wijayasumèku |
kang rumêksa pêksi Bayan |
sajodho datan na luwih ||
12. Sajêge tan lunga-lunga |
caritane duk jaman purwa nguni |
nalika Pandhawa ayun |
manjing mring kasampurnan |
midêring rat Bathara Krêsna tan kantun |
samarga-marga rêrasan |
arja patitising pati ||
13. Dupi prapta têtèping kang |
Laut Kidul Sri Krêsna matur maring |
ari Judhisthira Prabu |
dhuh mugi mangèstuwa |
sêdya ulun Sêkar Jayakusumèku |
arsa sunlabuh samangkya |
ing tasik inggih manawi ||
14. Dadya tandha papawitan |
têmbe nadyan wus anèng ing jaladri |
kenging pinintanan èstu |
usadèng duhkitèng tyas |
yayi benjing taksih sagêd atutulung |
sang aprabu Pandhuputra |
umatur langkung njurungi ||
15. Nulya sagung para nata |
para ari tumindak marêpêki |
anèng satêtèping laut |
atap kacaryan miyat |
rêsmining kang ranu nuju gênging laut |
sarah-sarah tiningalan |
panthan lir tinata asri ||
16. Sang Aprabu Krêsna sigra |
ngampil Sêkar Wijayakusumadi |
sawadhahira tan kantun |
linabuh ing samodra |
sarwi sinangenan pangandika arum |
èh èh Wijayakusuma |
muga tuwuha sirèki ||
17. Nèng samodra dumadia |
pawitane wuri kang madêg aji |
mêngku rat Jawa sêwêgung |
ri wusnya pinojaran |

- karsèng Dewa gya banjur tuwuh têtêlu |
saka wadhah tutup kêmbang |
lah iku purwane nguni ||
18. Katêlah têtèng samangkya |
lamun ana narpati kang mandhiri |
amêngku rat Jawa banjur |
utusan pra ngulama |
amunajat nèng sajroning pulo Bandhung |
undure lamun wus angsal |
konjuk sri nata pribadi ||
19. Matur malih Mas Cêbolang |
anjawi kang Wijayakusumadi |
punapa malih linabuh |
sang Janggan angandika |
ana manèh ananging nora linabuh |
padha pinundhut Jawata |
Naraddha ingkang tinuding ||
20. Krêsna sakadang Pandhawa |
duk ngalêmpak anèng Ngastina nagri |
pirêmbagan tamtunipun |
tumamèng ing pancaka |
Hyang Naraddha cêmlorot saking aluhur |
niyup praptèng panangkilan |
saguning para narpati ||
21. Gupuh tumurun manêmbah |
Hyang Naraddha pangandikanya aris |
dhuh sri nata yoganingsun |
kabèh kawruhanira |
ingsun iki tinuding Hyang Suksma Luhung |
kinèn amundhut Cakranta |
lawan panah Cundhamani ||
22. Karone iku wus mangsa |
padha mulih marang ing suwarga di |
marga sira samya ayun |
ngancas sampurnèng pêjah |
wruhanira babo karo yoganingsun |
kang mangka bancanèng pêjah |
yèn maksih anon kakalih ||
23. Kasuran miwah katrêsnan |
ingkang asih sisip ciptanta kaki |
yèku dirgamaning lampus |
puwara aru-ara |
kuwur-kuwur riribêd ngribêdi kalbu |
nêmahi amaro tingal |
tan tumanêm ing tyas êning ||
24. Ngalih-alih ngalam-alam |
keran-keron ing cipta mindho kardi |
wêkasan kapiran kulup |

labêt kewraning manah |
di patitis titikan aja kalèru |
kalawan dèn-kawruhana |
santosaning jaman pati ||

25. Datan liyan amung ana |
pangadiling ciptanira pribadi |
wisaning cipta puniku |
tan liya uwas-uwas |
dadya sêmang-sêmang
pangadilirèku |
lamun kongsia mangkana |
ing wardaya têmah gingsir ||

Jilid 2 - Kaca : 14

26. Dipun-ngati-ati poma |
wruhanira dhuh yoganingsun sami |
rèhning kasampurnan iku |
tan ngaping kalih karya |
luput pisan kêna pisan dipun emut |
yèn wus sirna saking donya |
tan bali babakal malih ||

27. Jêr wus tinutup dening Hyang |
iya iku sampurna ing ginaib |
sadaya kang samya ngrungu |
lingnya Rêsi Naraddha |
dahat ajrih (n)dhêku awor sêmbahipun |
Sri Krêsna ngaturkên sigra |
Cakra lawan Cundhamani ||

28. Wus cuthêl caritaningwang |
payo kulup prayoga padha mulih |
marang ing Arjabinangun |
kang sinung ling manêmbah |
santri papat tansah umiring nèng pungkur |
sapraptaning padhepokan |
wus gumlar sugatanèki ||

29. Kulup iki kabênêran |
paringing Hyang satuhu murah asih |
marang ing kawulanipun |
lah mara padha dhahar |
Mas Cêbolang gya bukti langkung pikantuk |
wus dumugi cinarikan |
santri papat sarêng bukti ||

30. Cèplês tan mawi lorodan |
sarwi nikmat sadaya kang binukti |
èh ta kulup kawruhanmu |
ing Congot toyanya pak |
Karangbolong arga Ciwiring ing besuk |
kadunungan wong amanca |
saking nagri Ngatasangin ||

31. Iku ujare kang jangka |
 (m)buh nyatanya luwih karsaning Widdhi |
 Mas Cêbolang langkung nuwun |
 manêmbah ris turira |
 paran margi griya-griya samya suwung |
 rajakaya ting salêbar |
 datan wontên kang ngopèni ||
32. Ki Janggan aris ngandika |
 wus adate kalamun amarêngi |
 angin saka kulon kidul |
 wong sanagri Cilacap |
 padha ngili tilar bale wismanipun |
 wit akèh ingkang lèlara |
 brêkasakan andhatêngi ||
33. Gêgodha (m)bedhung ngrêncana |
 tan na tahan dumadi padha ngili |
 mulane siwayèng-ulun |
 mêngko sira mangkata |
 nora pisan si bapa babasan nundhung |
 têmbunge nora kainan |
 sumingkir saka bilai ||

Jilid 2 - Kaca : 15

34. Cêbolang matur sandika |
 santri papat miris duk amiyarsi |
 marinding gigithok mungkruk |
 tyas anggung tarataban |
 sang Jajanggan mèsêm angandika arum |
 kabèh aja ana maras |
 kang têtêg pitayèng Widdhi ||
35. Wis kulup sira mangkata |
 wêkasingsun mêtumu saka panti |
 lawan rencangira catur |
 (n)dhingina sikil kiwa |
 pitung tindak aywa nolèh anèng pungkur |
 manêmbah matur sandika |
 angabêkti ganti-ganti ||

92. Maskumambang

1. Sampun mijil kadi mas timbul ing warih |
 alon lampahira |
 mituhu wêling sang rêsi |
 wusing antuk pitung tindak ||
2. Mas Cêbolang tumênga miyat wiyati |
 wanci sampun pajar |
 dahat kacaryaning galih |
 ngandika mring santrinira ||
3. Èh Saloka iki ana tanah ngêndi |
 adhême kalintang |
 rasane kaya wong ngimpi |

apa isih nèng Cilacap ||

4. Ki Saloka lingak-linguk tan bisa ngling |
tuwin Kartipala |
Palakarti myang Nurwitri |
sadaya tan ana ngucap ||
5. Byar raina Sang Hyang Bagaspati mijil |
tandya eraming tyas |
têka nèng anggraning wukir |
mangalor anon samodra ||
6. Lamat-lamat we-ne kang jaladri Jawi |
miyat ngering nganan |
wimbuh sêngsêming panggali |
nèng têpi umbul we maya ||
7. Mudaling kang we umbul agêng nglangkungi |
datan pati têbah |
ana kuburan sawiji |
kayoman witing mandera ||
8. Tan petungan wanara agêng myang alit |
nèng panging mandera |
Nurwitri umatur aris |
pun bapa asring carita ||
9. Tanah Kêdhu sirah Praga nama Jumprit |
êtuking kang toya |
kajawi umbul kaèksi |
wêdaling we saking guwa ||
10. Samya piyak tatela tuk kang ngagêngi |
saking jroning guwa |
nulya na jalma lumaris |
murugi kang ribêd ing tyas ||
11. Anyêlaki saha ngaturi pambagi |
(ng)gèr sintên sinambat |
myang pinangka saking pundi |
katêmbèn ulun pinanggya ||

6 Lampahipun dumugi ing dhusun Margawati talatah Kêdhu, kapanggih Ki Lêhdaswaninda^[11] ingkang nyariyosakên bilih kapal (kuda) Margawati pinilala dening Kangjêng Sultan ing Mataram. Ki Lêbdaswaninda suka sêsêrêpan bab ciri-cirining kapal sakalangkung moncèr ngantos dumugi bab dintên kalairanipun kapal sarta pamindhahipun dhatêng gêdhogan. ... kaca 15-35.

Jilid 2 - Kaca : 16

12. Kang tinanya amangsuli kula saking |
ing tanah Cilacap |
tiyang sakawan puniki |
(ng)gih rencang kula sadaya ||

13. Kula nyuwun sasêrêpan mring kiyai |
ingriki punika |
winastanan tanah pundi |
lan sintên kakasih para ||
14. Anggèr tanya punika tanah ing Jumprit |
sukuning Sundara |
tlatah Kêdhu nama mami |
kenthol Gupita kang dadya ||
15. Palawangan bilih wontên kang nêni |
saèstunya têbah |
Cilacap prapta ingriki |
datan dumugi sapasar ||
16. Mas Cêbolang anggarjita jroning galih |
Naradi sanyata |
linuwih samining janmi |
nêm ari sadalu prapta ||
17. Wasana ngling kula anyuwun pawarti |
paran mulanira |
de dados panêpèn ngriki |
Ki Gupita gya carita ||
18. Jaman kina wontên satunggiling janmi |
nama Jumprit gadhah |
mala tan limrahang janmi |
manggèn pinggir lèpèn Praga ||
19. Wus ambadal sakèh usada tan mari |
rumaos nir deya |
satêmah mupus ing ati |
narimah takdiring badan ||
20. Puwara mung nalangsa marang Hyang Widdhi |
supe nadhah nendra |
anuju lingsiring ratri |
sidhakêp asuku tunggal ||
21. Amêjahi babahan nawa sangèki |
ngêmpalkên kaanan |
pamoring kawula-Gusti |
mirêng swara lambat-lambat ||
22. Ingang botên kaping saking ing kuping |
nanging asarana |
cipta sasmita linuwih |
ujaring swara mangkana ||
23. Èh ta Jumprit manawa sira kapengin |
waluyaning roga |
anungsunga kali iki |
yèn wis katêmu sirahnya ||

24. Banjur sira adusa ingkang barêsih |
dhêdhukuha pisan |
nèng kono salaminèki |
amêsthi laramu sirna ||
25. Lan jênêngmu pasthi kocap sajêgnèki |
dupi gagat enjang |
tan darana Kyai Jumprit |
lajêng wisata sumêdya ||
26. Anglampahi wangsiting Jawata luwih |
datan dangu prapta |
ing laking lèpèn Pêragi |
dumunung guwa punika ||
27. Tan darana lajêng (ng)gêbyur Kyai Jumprit |
dahat asrêpira |
babalung lir dènlolosi |
rèh adrêng ayun waluya ||

Jilid 2 - Kaca : 17

28. Srêping toya pindha Kamandhanu warih |
ing tanah Pulimat |
dangu dènnya anèng warih |
Kyai Jumprit nulya mêngtas ||
29. Ngunguning tyas lupa lêsù lungkrahnya nir |
pêra raganira |
tan ana antawisnèki |
yèn mêngtas anandhang roga ||
30. Pan katêlah dadya nama Praga kali |
dumugi samangkya |
toya tukung lèpèn Pragi |
taksih darbèni kasiyat ||
31. Yèn dèninum raosipun tuntung lêgi |
tuwuk tanpa nadhah |
damêl kiyat saranduning |
têmah angêjur têtêdhan ||
32. Kinarya dus pêra raganipun yêkti |
tungtum balung rêngka |
kêngkênging otot nambahi |
anyêgêrakên sarira ||
33. Manawi mukaramah kalawan takdir |
èstu enggal saras |
kaol kang carios nênggih |
awèt anèm umur panjang ||
34. Sami ugi siram Kamandhanu warih |
dlomoking wirayat |
sumanggèng karsa kang myarsi |

mung ngluluri criyos kuna ||

35. Amangsuli cariyosnya Kyai Jumprit |
sarêng wus waluya |
lajêng adhêdhêkah riki |
nèng wetan tukung Paraga ||
36. Olah tani sinambi amanguntèki |
yèn dalu mêmaja |
(m)bêg darma sih ing sasami |
utama sabda sarkara ||

93. Dhandhanggula

1. Lami-lami kawêntar Ki Jumprit |
ing manca-pat myang liyaning praja |
bilih katrimah dongane |
kathah janma angluru |
anyunyuwun mawarni-warni |
tulak tumbal sarana |
isarat sêmpulur |
panggêsangan kasugihan |
kadlajatan kamulyaning donya akir |
tan ana kang katulak ||
2. Kathah ingkang kalajêng tan mulih |
tumulut dhadhêkah nèng sirah Praga |
lajêng dados dhusun gêdhe |
Ki Jumprit duk rumuhun |
ninggah kêthèk satunggal nami |
pun Dipa gêng sajalma |
anjilma satuhu |
mangrêtos ing saniskara |
kaot botên sagêd wicantên lir janmi |
Ki Jumprit langkung trêсна ||
3. Kalampahan tinimbul winisik |
ngèlmi pangawikan panitisan |
dêlalah pun Dipa kêthèk |
sadaya wulangipun |
Kyai Jumprit sagêd nampèni |
kenging binasakêna |
kalih tunggilipun |
manawi wontên dhatêngan |
minta sarat Ki Jumprit tan ana panti |
tinampèn Kyai Dipa ||
4. Datan pae lan paringe kyai |
Lami-lami pun Dipa wanara |
Kyai Dipa sêbutane |
dupi Ki Jumprit lampus |
gya kinubur ing sacêlaking |
êtuk Praga punika |
nèng sor mandira gung |
Ki Dipa tan kesah-kesah |

Jilid 2 - Kaca : 18

saking ngriku muhung nênggani kuburing |
bandara kang wus lena ||

5. Apitêkur nêng panging waringin |
kêthèk wanan kathah ingkang prapta |
suyud angratu anggêpe |
samyanyuhun-nyuhun |
saking adil paramarta sih |
(m)bêg darma bijaksana |
lir critaning dangu |
narpati wre Sri Sugriwa |
lulus ngantos sakpriki kang madêg aji |
turunipun Ki Dipa ||
6. Mas Cêbolang miwah catur santri |
langkung suka miyarsa carita |
paman (n)dika lajêngake |
criyose Dipa Prabu |
kadiparan têtêng sakniki |
Ki Gupita lingira |
nênggih kang kêsêbut |
ing criyos kang madêg raja |
sapunika Kanjêng Kyai Dipa lagi |
tumêdhak kaping tiga ||
7. Nadyan sampun tumurun kaping tri |
saking Jêng Kyai Dipa sapisan |
datan ewah mangunahe |
mênggah jalaranipun |
sabên ingkang jumênêng aji |
wus kadhatêngan bangas |
tandha ayun surud |
lajêng animbali putra |
kang ginadhang (ng)gêntosi jumênêng aji |
dipun ajak umingguh ||
8. Dhatêng pucaking Sundara wukir |
wontên pucak kang putra winêjang |
ing ngèlmi umadêg rajêng |
myang saniskaranipun |
pangawikan sampating wangsit |
lajêng mancolot marang |
ing kawah alabuh |
tumangan yitmaning nata |
kacariyos dados seta kêmpal malih |
lan Ki Jumprii minulya ||
9. Putra kang wus anampèni wangsit |
gya tumurun marang ing mandira |
wanara kèh panganggêpe |
tan pae lan kang surud |
wus tinakdir jaman samanggkin |
titiyang sampun suda |
ing pangandêlipun |
mring kaelokaning dewa |

satêmahing tan
ngêrtos dhatêng basaning |
sato lir jaman kina ||

Jilid 2 - Kaca : 19

10. botên sagêd sami anampèni |
cipta sasmitane Kyai Dipa |
mung kajawi kula anggèr |
pramila kang samya yun |
amiminta bêrkah (n)jêng kyai |
anyuwun palarisan |
rêjêki sêmpulur |
pangasih panaglulutan |
kasugihan kadlajatan myang indhaking |
ing pangkat kaluhuran ||
11. (n)Jujugipun dhumatêng ing kami |
sarananya mawi sajèn pisang |
rajatalun kang ajêne |
sêdhah wohan rum ayu |
mênyan madu wawrat satail |
artanipun saprapat |
miwah têngnipun |
kalamun wus kalêksanan |
angaturi dhahar tumpêng panggang pitik |
wowohan warna-warna ||
12. Lah punika caritane nguni |
mung sadrêmi kawula sumangga |
Mas Cêbolang lon dêlinge |
langkung panuwunulun |
paman asung carita yakin |
rèh dumugèkkên lampah |
lilanana ulun |
Ki Gupita mêngdhak-mêngdhak |
kaparênga anggèr mampir wisma mami |
kang êmbok wus sadhiya ||
13. Sampun nanggêl sae benjing-enjing |
karsa paduka (n)dugèkkên lampah |
Cêbolang alon dêlinge |
langkung panuwunulun |
pasihanta mring kang kaswasih |
andhêku Ki Gupita |
sumangga nak bagus |
ulun jumurung raharja |
sasampuning sasalaman gènti-gènti |
linggar saking Paraga ||
14. Sampun lêpas lampahira prapti |
ardi alit-alit gumuk kathah |
kadi kukusan dhapure |
wontên kang alit bulug |
ngilak-ilak mung katang wilis |
ngrêmbaka lêma-lêma |

nèng sêlaning watu |
siti padhas sela kathah |
amung arga sajuga pucakirèki |
ana witing mandira ||

15. Sakawan wit agêngira sami |
angayubi kanang gênthong sela |
isi satêngah toyane |
wêning asrêp kalangkung |
Mas Cêbolang sarowangnèki |
raywan nèng sor mandira |
nèng têtèping ranu |
miyat kuda langkung kathah |
anjrah anèng gumuk ngrênggut katang wilis |
mawèh sêngsêming driya ||

16. Wusing wanci anggiring turanggi |
punang kuda minggah mring aldaka |
ayun ngombe lir adate |
wasana samya wangsul |
rare angon samya murugi |
apa kang dadya sabab |
kudanira wangsul |
dupi wus prapta ing pucak |
miyat jalma gangsal kang sajuga pêkik |
ana padon sajuga ||

Jilid 2 - Kaca : 20

17. Mantuk marang dhusun sung upêksi |
ing ki lurah Ki Lêbdaswaninda |
sawuse tampi ature |
adan umangkat gupuh |
sampun prapta ngandhap waringin |
Swaninda sung pambagya |
dhuh risang binagus |
teja-teja sulaksana |
tejaningkang wong sigit nêmbè kaèksi |
wingking pundi pinangka ||

18. Lawan sintên sinambat ing kasih |
Mas Cêbolang (n)dhêku lon ngandika |
babo rama pambagene |
kalangkung-langkung nuwun |
ulun saking Cilacap nagri |
anama pun Cêbolang |
èstu santri kluthuk |
ngaluyur nuruti manah |
tanpa sêdya nêtèng tyas kang tinutwuri |
mèsêm Lêbdaswaninda ||

19. Wacana ris anggèr saupami |
kuda turunan pancèn tumpakan |
lan momotan panci sanès |
gambar polatanipun |
anêrusi ciri prayogi |

pamintane pun bapa |
pinarêngna kalbu |
karsa kampir wismaningwang |
muhung luthung ngakên tiyang sêpuh ugi |
Cêbolang duk miyarsa ||

20. Garjitèng tyas baya iki luwih |
de katitik patrape atata |
kawistara wicarane |
wasana ris umatur |
ing sakarsa ulun umiring |
lêga tyasnya Ki Lêbda |
linggar sadaya wus |
saking ngandhaping mandira |
turut marga tan kêndhat pitakènèki |
Swaninda acarita ||
21. Karsa dalêm jêng sultan Mantawis |
ulun tinanêm dumados lurah |
wontên Margawati rêke |
gunggung siti wolung jung |
paos êpak wallan tan kenging |
nama Lêbdaswaninda |
de pakaryan muhung |
manawi wontên pundhutan |
kapal agêm titihan dalêm sang aji |
miwah panarik rata ||
22. Tan lyan wêdalan ing Margawati |
Mas Cêbolang alon atêtanya |
kadiparan darunane |
de pinilalèng ratu |
wujudipun kathah kang alit |
e makatên anakmas |
mênggah sababipun |
warni pantês burus ing tyas |
tur yuwana kuwat tahan ing sasakit |
kêh panjang umurira ||
23. Awit saking karamatirèki |
kênthèng kang anèng ngandhap mandira |
punika pangombènane |
sabên ari dèninum |
sakèh kapal toyanya maksih |
pan botên asat-asat |
punika nak bagus |
ingkang dumadya jalaran |
warna pantês kuwat tahan ing sasakit |
tyas burus tur yuwana ||
24. Sêrap surya praptanirèng panti |
kyai wisma ngacaran alênggah |
anèng ngambèn sadayane |
sugatanya lumintu |

- Mas Cêbolang rahab ing galih |
 myang santrinira papat |
 tan na sigansigun |
 Ki Swaninda (m)bujakrama |
 amanggihi Mas Cêbolang tanya malih |
 nglajêngakên bab kapal ||
25. Saban kapal wijil Margawati |
 punapa (ng)gih kenging tinamtokna |
 kalamun pasthi pênde |
 Lêbdaswaninda (ng)guguk |
 botên bêtên kalawan janmi |
 mawi ngèlmi wirasat |
 ciri wastanipun |
 ciri inggih nyêng-unyêngan |
 miwah ulês ingriki panitiknèki |
 awon saening kuda ||
26. Mas Cêbolang ngangsêg turira ris |
 dhuh kiyai sajêg ulun gêsang |
 dèrèng uninga yêktose |
 bilih kapal puniku |
 won sae wontên ing ciri |
 mugi amarêngêna |
 anggêlarkên tutur |
 awon saening turangga |
 saha malih paduka sampun akrami |
 dhumatêng ing kawula ||
27. Pintên bangga pangangêping galih |
 kadiya mring atmaja priyangga |
 dhasar sêpuh kèh kawruhe |
 ulun tuhune punggung |
 botên lamis tur kula Kyai |
 Ki Lêbda duk miyarsa |
 liringe kang sêmu |
 ujar wantah tan lamisan |
 èh ta kulup aja kurang pangaksami |
 wong tuwa nungkak krama ||
28. Ingkang mêsthi nyêng-unyêng turanggi |
 cacah sanga siji aran cêthak |
 prênah ana ing têngahe |
 mata loro puniku |
 cacah loro nèng buri kuping |
 mathi iku arannya |
 baurêksa iku |
 uga loro nèng andhêman |
 kiwa têngên palintangan uga kalih |
 angapit wudêl kuda ||
29. Ganêpe sanga pudhak kakalih |
 ngarêp pupu gung ing kering kanan |
 lamun kurang siji kuwe |
 Sonyata karanipun |

yêkti ala yèn luwih saking |
sasanga ana ala |
ana bécikipun |
tur ciri iku akathah |
barang ingkang sumêlap puniku ciri |
irêng abang putihnya ||

Jilid 2 - Kaca : 22

30. Upamane awaking turangi |
kabèh wulu yèn ana unyêngan |
iya saênggon-ênggone |
sumêlap mungsêripun |
yêkti kêna ingaran ciri |
sami lan gèthèk bêlang |
lêkok saminipun |
ciri lan unyêng-unyêngan |
pênèt sami basane sinilih-silih |
amrih dhanganing krama ||
31. Lamun ana mathining turangi |
katutupan wawarung (ng)gènnira |
iku mathi satuhune |
yèn ana mathinipun |
kuda ingkang kaparèng wuri |
rubuh karna namanya |
awon watêkipun |
yèn aprang kêna ing cidra |
kang anitih kapocot ing mungsuh kêni |
sayêkti sininggahan ||
32. Lamun unyêng-unyêngan kudèki |
munggèng gulu gorokan pan ala |
lamun unyêng-unyêngane |
ing têpak-sujèn têrus |
kang sayêkti ala pinanggih |
lamun unyêng-unyêngan |
pêpêkan (ng)gènnipun |
nênggih kalabang pipitan |
apan awon yèn ana ing sanggawêdhi |
Dhèndhèng-wong yêkti ala ||
33. Lamun ana ing nglambung namèki |
pan barancuh sayêktine ala |
yèn anglajur panggonane |
anurut buntutipun |
Lintang-sarat ala pinanggih |
lamun unyêng-unyêngan |
ênggonne ing bathuk |
anaraju tur têtiga |
nênggih Jaga-muksa puniku pan bécik |
yèn ana ciri (ng)gènnya ||
34. Papasu pan Tadhah-luh sayêkti |
yèku ala ngajarkên karuna |
yèn ciri munggèng uwange |

Kêmil ala tinêmu |
lamun tênggok ênggonning ciri |
apênêt tur sugihan |
nênggih kang angingu |
yèn ciri anèng gantangan |
tuhu ala tur ta angadohkên ati |
tan pantês ingingua ||

35. Lamun ciri sukune kang wuri |
pan Bêndana-katututan ala |
yèn ta bêlang pupuruse |
tan ana têrusipun |
bêlang wake nora nimbangi |
Dhudha-karêm namanya |
awon watêkipun |
yèn ciri suku ing ngarsa |
Arja-dumuk pakolèh ginawe jurit |
ngênakkên nora kêna ||

36. Yèn ambujung bisa anututi |
yèn binujung nora katututan |
senapati (ng)gon-anggone |
miwah mantri panganjur |
yèn jêjêngku ênggoning ciri |
yèku Tinimbang-ngarsa |
ala watêkipun |
kang ngingu wadon tyasira |
lawan agung kasangsaya (m)bilaèni |
angilangakên arta ||

Jilid 2 - Kaca : 23

37. Lamun wêtêng ênggoning kang ciri |
Baya-ngangsar puniku pan ala |
tan pantês kanggo ing gawe |
yèn ciri lambenipun |
kang ing ngandhap puniku bêcik |
karya ayuning tingkah |
lamun buntêl siyung |
Kala-mandhukul arannya |
kang angingu tawêkal dadi wong lanji |
naratab maring rayat ||

38. Lamun ciri lambene ing nginggil |
Sampar-wacana puniku ala |
yèn ciri anèng gègère |
sêring kakapanipun |
kalinggihan yèn dèntitihi |
Kala-jojog pan ala |
panas watakipun |
yèn ciri anèng bokongnya |
anus jubur Kêlabang-anglèng tan bêcik |
panas maring sarayat ||

39. Yèn jêjalak ênggonning kang ciri |
bêbênêman upas pasthi ala |

miwah yèn ciri sukune |
kang kiwa ingkang ngayun |
yèn ing têngên sikile wuri |
lamun ingangge karya |
bongkok watêkipun |
yèn ciri lambunge kiwa |
trus ing têngên mung wong kapêtêngan ati |
kang pantês angganggoa ||

40. Yèn ingangge liyane wong maling |
yêkti ala sayêkti gêringan |
yèn luhur jêngku cirine |
Tandha musthikanipun |
yèn ingangge amangun jurit |
watêke kang anunggang |
kèdêg sirahipun |
marang kudane priyangga |
yèn na ciri kasaban ambên tan bécik |
lêksanane panas ||
41. Yèku namane Kala-kapipit |
lamun ciri sangisor talingan |
Dhandhang-susuwêng namane |
panas pakolèhipun |
yèn pok kuping Dhandhang-susumping |
lamun lêpat upama |
sanyari (ng)gènnipun |
Dhandhang-ringan-ringan ala |
ing watêke yèn andhêman wutah ati |
angkêr watêking kuda ||
42. Lamun ana mathine sasisih |
Sonyantaka lamun ingangge prang |
tan wande anjungkêlake |
yèn ciri pipinipun |
ingkang kiwa aranne Kêmil |
ala ngurudi arta |
marang kang angingu |
yèn ing lambe ênggènnira |
yèku Kurès ala sêring angêlongi |
kang ngingu artanira ||
43. Lamun ciri tan kasaban kuping |
Sangkala-kalung sayêkti ala |
yèn ciri munggèng uwange |
iya Biru-tinukup |
lamun uwang ingkang sawiji |
tan kèdhêp maring rowang |
nênggih watêkipun |
pan ciri angalih basa |
basanipun unyêng-unyêngan sinilih |
mring dhanganing sri nata ||

1. Yèn ana unyêng-unyêngan |
munggèng cacangklakanèki |
sangêt alane kang nunggang |
tan wun katiban tatali |
yèn ana suku wingking |
sasisih ran Brananipun |
pênêd adoh ing baya |
kang ngingu olèh basuki |
lamun ana kalih sukune ing ngarsa ||

2. Ala watêking turangga |
yèn suku ngarsa satunggil |
Sandhung-sawa arannira |
rahayu kangge ing jurit |
yèn kasaban ing kuping |
andêlèrèh pasangipun |
ala tan wun ingucap |
kang ngingu kang anitihi |
lamun unyêng-unyêngan gulune kiwa ||

3. Anênggih watêke panas |
yèn gulu têngên (ng)gonnèki |
lêksanane gawa wirang |
yèn kasaban rambutnèki |
awon watêke asring |
tutukaran nuli atut |
lamun kalih bathuknya |
Baya-kapranggul tan bêcik |
ingkang ngingu asring nêmoni babaya ||

4. Yèn ana unyêng-unyêngan |
gumantung ana ing kuping |
puniku Dhandhang-sasêngkang |
awonne angrungu warti |
 warta sikara budi |
lamun ana ing jêjanggal |
Sirtimang arannira |
rahayu marahi bêcik |
kang angingu santosa manggih wibawa ||

5. Lamun kêpipit ing pukang |
Kêndhit-lawètnya namèki |
awon lêksananing kuda |
kang ngingu anggung prihatin |
yèn suku kalih wuri |
ginawa prang kêrêng mungsuh |
yèn suku siji ngarsa |
nèng têngên panggonannèki |
Dara-makap yèn ginawa prang kacandhak ||

6. Yèn sukune kiwa ngarsa |
pênêd ginawa ngajurit |
binujêng datan kacandhak |
yèn ambujung anututi |
lamun cangklaknèki |

sangêt awon watêkipun |
yèn anèng gogorokan |
kakalih namanirèki |
Gondhang-mala nora bêcik nora ala ||

7. Yèn ing gulu marang jaja |
Raja-wahana pan bêcik |
tutunganing narendra |
yèn ing wêtêng prênahnèki |
Tuwak arannirèki |
tan bêcik tan ala iku |
yèn kawêt ênggènnira |
Sangkala-kawêt tan bêcik |
lamun ana clakuthikan ênggènnira ||

Jilid 2 - Kaca : 25

8. Ing wuri kalih ênggènnya |
Andha-saya nora bêcik |
yèn suku ngarêp (ng)gènnira |
Andha-mastaka tan bêcik |
lamun pukang kapipit |
Galingga-nastra ranipun |
awon lêksananira |
yèn ngajêng ambênanèki |
yèku Sujèn-ucap rahayu ing karya ||

9. Yèn ing ambênan (ng)gènnira |
Kala-kapipit tan bêcik |
tiwas inganggoa aprang |
lamun suku ingkang wuri |
cakêt wadidangnèki |
luhuring jaja (ng)gènnipun |
kang ngingu kacurnan |
lamun ana ing susuri |
watêk panas kang ngingu agung kalaran ||

10. Yèn titiga suku (ng)gènnya |
awon watêke kang nitih |
tiba satêngahing karya |
yèn ing jajalak (ng)gènnèki |
Tonggèng-toya tan bêcik |
gêringên ingkang angingu |
tumular sabarayat |
têkèng ingon-ingonèki |
tatanggane kabèh padha katularan ||

11. Gantya ingkang cinarita |
sarupaning para ciri |
kabèh awaking turangga |
ingkang katularan sami |
kabèh amratandhani |
liya nyêng-unyênganipun |
saranduning turangga |
gèthèk bêlang lêkok dhèkik |

yêkti mawa wêwatêkaning turangga ||

12. Yèn bêlang ilate ala |
bokong pesok datan bêcik |
angurut-uruti karya |
yèn palawanganing suri |
tuwang pan nora bêcik |
yèn cupêt susurinipun |
adoh nora kasaban |
kalamun dènkakapani |
awonipun kang ngingu tamtu repotan ||
13. Yèn mëndhukul gigir (ng)gènnya |
satèmpèl pan nora bêcik |
iku mêngakakên baya |
pinrih ing mungsuh agampil |
pancal gêgilitanèki |
lawan katunon tan patut |
kang ngingu kasarakat |
yèn Bramara-lêbu-gêni |
puputihe netra kapalêtuk abang ||
14. Pan awon lamun wong wajar |
apan na barang pakarti |
amung wong pandhe ngingua |
kêmasan wong sayang sami |
kalawan wong akundhi |
liyane tan pantês ngingu |
yèn nguyuh (ng)gêrêng ala |
Durga-ngantu milalati |
anrus panas sapa nguwuh katularan ||
15. Anggêringakên têtangga |
wèh malarat kang anyandhing |
pantêsnya amung pinurak |
nora pantês dèningoni |
yèn kuda dèparani |
dhadhankak kadya anguyuh |
puniku Durga-(n)dhangak |
panasan pan nora bêcik |
Durga-ngawe yèn
nguyuh sikile mêngkap ||
16. Panas tan pantês ngingua |
yèn nguyuh uyuhe malih |
yèku Durgapamanggahan |
nora patut dèningoni |
mung sinèmbêlèh bêcik |
asile mung dagingipun |
lamun netrane kuda |
wawayangane ambalik |
Gondrèng-ngilo iku kuda sêmbêlehan ||
17. Yèn pugag jêjompongira |

Jilid 2 - Kaca : 26

panas watêke turanggi |
ingaranan Watangpugag |
yèn bêlang puruse nênggih |
Tumpêr-ingas tan bêcik |
agêringan kang angingu |
yèn lêkok bokongira |
Kala-luwang nora bêcik |
yèku panas ingkang ngingu agêringan ||

18. Yèn na jaran angipanas |
yèn agung angêngosodi |
ing jajalang iku panas |
yèn pancal padha kang warni |
suku ngarêp lan buri |
ala ing lêksananipun |
yèn nuju jêng-ajêngan |
dumadak tiba kuwalik |
lamun ana kuda mulir tinitihan ||
19. Buntute angulêr-kilan |
Pancal-anjot-sêmang-gêrit |
ala marahi gêringan |
kang ngingu myang anak rabi |
prayoga disingkiri |
yèn perot wadananipun |
siyunge iku ala |
yèn ana dosane cilik |
dumadakan saya wuwuh dosanira ||
20. Yèn Pancal gèl-ugêlira |
munggèng sukune kang wuri |
Pancal-katunu pan ala |
kacurnan ingkang anitih |
yèn papak sukunèki |
yèku Pancal suku panggung |
bêcike pan akêkah |
sabarang pakaryanèki |
lamun ana putih sukune katiga ||
21. Walang-kêjèt apan ala |
yèn nibakkên anglarani |
malah dadalan antaka |
yèn ana sakêpêl putih |
suku kanan myang kering |
Sri-katimpal namanipun |
ala angungkat bêja |
yèn mènèh katêkan rêjêki |
dumadakan adoh malah wurung tanpa ||
22. Lamun kuda tinitihan |
mingkar buntute anincing |
Durga-nincing iku panas |
yèn ana turangga putih |
abang netrane kalih |
anrus marang juburipun |

punika apan ala |
kang angingu nandhang kanin |
lamun ana sukune pancal sasigar ||

23. Ing wuri miwah ing ngarsa |
Sandhung-watang nora bêcik |
yèn inganggo yun-ayunan |
ing karya nora lumaris |
bêlang sukune wuri |
kang kiwa awon puniku |
sampar-wangke namanya |
mung wong kapêtêngan nênggih |
Sampar-wangke ingkang pantês angingua ||

Jilid 2 - Kaca : 27

24. Golèk jagane wong jagal |
Dhandhang-aring kang turanggi |
yaiku jaraning jaksa |
yèn ana ingkang turanggi |
angringkêl dènya guling |
sandhing pamakananipun |
Wadhudhak-angrêm panas |
yèn clakuthikane kering |
kang ing ngarsa manginggil punika panas ||

25. Angêcrahkên pawong sanak |
barang pakaryannya nyêngit |
angêdohkên pawong mitra |
yèn Mata-kitiran nênggih |
mathi pucuking kuping |
kang kiwa won watakipun |
lamun amanggih karya |
luputa kang anitihi |
turangane nora wurung kawanguran ||

26. Yèn Baya-kapranggul mapan |
yèku kudaning prajurit |
nanging kang juru pacalang |
yèn ciri bathuke katri |
papag jaran prêmati |
Satriya-mong-bala iku |
kudane senapatya |
prajurit pamêngku baris |
sasolahe karya ungguling paprangan ||

27. Yèn ciri pupunggung kiwa |
Pandhawa-akutha-wêsi |
tunggal kudane satriya |
kang sami pakaryan jurit |
kinarya tan bêcik |
dadya tumbal nagarèku |
yèn Raja-wana puwang |
anrus ing purus pan bêcik |
pan utama yèku nama Panungkurat ||

28. Kudane wong among bala |
 yèn ikute (ng)gonning ciri |
 pan iku Jayapura |
 pantês kudaning narpati |
 ugêl sadumuk putih |
 suku kang têngên (ng)gonnipun |
 puniku Darpa-muntap |
 tunggal kudaning narpati |
 sasolahe kang ngingu tiba utama ||
29. Yèn mungsêr bokong kang kiwa |
 Suru namane abêcik |
 kèdhêp parentahing wadya |
 kang angingu kang anitih |
 yèn ana mungsêr nênggih |
 pucuking kuping (ng)gènnipun |
 puniku Jayèngrana |
 wèh kukuh barang pakarti |
 gulu iring pan Kusuma-binasika ||
30. Kupingnya nyalung tiningal |
 netrane anincing-goling |
 mukane anyakathakan |
 sirahipun aniruti |
 ilat alit agilig |
 untu kawêtu ing pucuk |
 ulês mêlês anglamat |
 gulu dawa ngukêl pakis |
 ngarêp mêlar anênggih ing clakuthikan ||
31. Angukulandhêp katingal |
 tur kumurêp aprayogi |
 nêbu ing jalu watêsnya |
 alêrês lurus tur alit |
 pupu amukang-gangsir |
 pan aos babokongipun |
 pupu kiyal sêmbada |
 bobokong nyangkok ing baning |
 dèdègipun atangkêl-tangkêl asinga ||
32. Abundêr gantanganira |
 apindha uwohing manggis |
 lambe anglambèni kidang |
 atipis-tipis alunci |
 cêndhak puruse alit |
 karakêt ing wêtêngipun |
 yèku kuda utama |
 kang pantês angrêspatèni |
 amalipir dadya kudaning narendra ||
33. Yèn bathuk unyêngan papat |
 Jaga-satru iku bêtik |
 lamun naraju balabar |
 bènêr trusing jajanèki |

Jilid 2 - Kaca : 28

praptèng ing wêtêng maksih |
mung kandhêg pupurusipun |
Kokonang-anungkurat |
pênêde angrêjêkèni |
yèn ing bathuk titiga rada kawuntat ||

95. Pangkur

1. Taraju-mas iku srêpan |
tuhu agung mintir ingkang rêjêki |
yèn Bêlah-kadhaton untu |
salewah iku panas |
lamun papak kajantaka nora patut |
Kusuma-tan-bisa-sika |
Bêlah-kêdhaton anunggil ||
2. Abang mulus ulêsira |
abang têkèng netranipun kalih |
têka clakuthikanipun |
pênêd wataking kuda |
palanya glis ingkang sinêja kapanggih |
yèn kuda mulus cêmêngnya |
yèn netra kakalih putih ||
3. Yèn clakuthitkane abang |
kadi pancal iku kuda rêspati |
kalangkung utamanipun |
yèku Rêtna-kumala |
kang angingu suka sugih tur rahayu |
tan ana sangsayanira |
satingkahe (m)basukèni ||
4. Yèn ulês purnama-sada |
kuda putih têkan netrane kalih |
kapat clakuthikanipun |
mulus putih sadaya |
liwat saking utama kudaning ratu |
minangka tumbaling pura |
miwah parangmuka ajrih ||
5. Datan kêna winisaya |
kang angingu yèn ulês Wisnumurti |
irênge pan irêng mulus |
utamaning turangga |
palanya doh kinajrihan marang musuh |
dadya tumbaling kadhatyan |
yèn ulês sêmu dhadhari ||
6. Abang mulus netra pêthak |
bêlalake wêdhar kapat ing sikil |
utama kudaning ratu |
kêdhêp ing wadyabala |
lamun siwêr netra pêthak kiwanipun |
ala yèn siwêr ing kanan |
puniku luwih utami ||

7. Yèn siwêr netra kalihnya |
 yèku pênêt asrêpan kang nitih |
 yèn pancal sukune têlu |
 pancal kalih utama |
 kang anitih miwah ta ingkang angingu |
 palanya kèdhêp ing wadya |
 kudane ratu prajurit ||
8. Yèn irêng mulus ulêsnya |
 miwah netra lambene irêng sami |
 utama kudaning ratu |
 pan Krêsna-malangdewa |
 Sri-mangêpêl putih clakuthikanipun |
 kang têngên miwah ing ngarsa |
 suka sugih kang nitih ||
9. Sri mangêpêl suku ngarsa |
 pancal têngên pan kudane wong tani |
 Bramani-kokop puniku |
 turanganing prawira |
 Sri-palangka pêthak sukune katêlu |
 yèn nibakkên nora lara |
 prawira kang anitih ||
10. Tamat ciri kuda lanang |
 Mas Cêbolang umatur bilih èstri |
 punapi (ng)gih kadi jalu |
 pamilih panampiknya |
 lah punapi tan wontên sadayanipun |
 Lêbdaswaninda lingira |
 lanang wadon kudu milih ||
11. Kang èstrine kaya lanang |
 ingkang wajib pinilih lan tinanmpik |
 mung ana wuwuhanipun |
 uga sêlang-sinêlang |
 rupa siji kanggo marang èstri jalu |
 ana ingkang amung tumrap |
 mring wadon pyarsakna kaki ||
12. Turanggèstri winursita |
 lamun ciri lènging talinganèki |
 yèn ing têngên ênggènipun |
 lawan ulêse abang |
 panasipun antuk pitung puluh surup |
 turanggane katularan |
 yèn irêng turangga èstri ||
13. Kang ciri sukune kiwa |
 iku Dhandhang-mangah pan nora bêcik |
 yèn aputih ulêsipun |
 mungsêr sandhing wadonan |
 iku cèprêt kuda tungganganing kaum |
 yèn abang buntute dawa |

mungsêr sukune ing ngarsi ||

14. Kang suku kiwa namanya |
Panggung-rencoh ala watêke mati |
ing paprangan kang angingu |
yèn putih sukune papat |
Asthamanik watêse sangisor dhêngkul |
iku lêksanane ala |
kalingsêman kang anitih ||
15. Yèn kuning ulêsing kuda |
mungsêr munggèng ing talingane kalih |
Dewa-nganglang naminipun |
pênêd watêking kuda |
abang putih ararahap wulunipun |
nora bêcik nora ala |
yèn mungsêr lambene nginggil ||
16. Puniku kuda utama |
nênggih bêcik kang ngingu sarwa sugih |
kèdhêp paparentah batur |
miwah anak lan garwa |
kuda abang mungsêr kiwa netranipun |
kalamun buntute sarang |
iya Gondrèkngilo nênggih ||
17. Kudane Bathara Kala |
yèn ing pasamuwan tiba kuwalik |
yèn kuning unyênganipun |
mung siji kuping kiwa |
nadyan sami Dewa-nglaya iku punjul |
yèn aprang sor tan kacandhak |
yèn ambujung anututi ||
18. Tur cat nora cat katingal |
lamun mungsêr ing sangisoring kuping |
ingkang têngên ênggènipun |
kasaban ing jajêmbak |
pan asrêpan Sandiwana namanipun |
kang ngingu adoh ing susah |
mung suka kang anitih ||
19. Lamun kuda wadon abang |
ana mungsêr ing lambe ingkang nginggil |
pralambangnya kalikakum |
aranne iku Ralak |
panas bangêt gêringan ingkang angingu |
sapa nguwuh katularan |
tatanggane kêni gêring ||
20. Kudane Bathari Durga |
lamun kuda irêng lambene nginggil |
ana mungsêr cirinipun |
Pujangga-énom namanya |

Jilid 2 - Kaca : 30

sisiwine Jayèngrana watêkipun |
digdaya ingangge aprang |
unggul atêmah basuki ||

21. Kudane Sang Danardana |
lamun kuda putih unyênganèki |
ing kuping têngên (ng)gènnipun |
lamun buntute abang |
iya sami Dewa-nglayang namanipun |
kudane Sang Girinata |
wèh prawira rèh kawijil ||

Jilid 2 - Kaca : 31

96. Mijil

1. Yèn ginawa ing ayuda bêcik |
tan kêna pinêngkok |
yèn ambujung kèh kêna mungsuhe |
lamun kuda lanang ulês kuning |
panjang mungsêrnèki |
lambe kiwanipun ||
2. Rikut pêpêt Puspalada rèki |
namane kinaot |
tunggil siwi Anjayèngranane |
kuda abang sêmbur wulu putih |
mungsêr lambe nginggil |
Nilakantha iku ||
3. Kuda utama pan senapati |
pantês kang anganggo |
irêng mulus yèn mungsêr lambene |
anèng luhur iku ora bêcik |
Dhandhang-nunggang-jisim |
nênggih namanipun ||
4. Pan gêringan kang ngingu kang nitih |
ngajarakên awon |
turanggèstri yèn mungsêr wêtênge |
Mega-ngêmu-wulan iku bêcik |
srêpan ingkang nitih |
sarèhe rahayu ||
5. Turanggèstri abang ana putih |
ing sasuri amor |
dhukun-masinggun iku aranne |
srêpan lamun ginawe ngajurit |
apan nora kêni |
sagunge pakewuh ||
6. Pinèt puniku anake bêcik |
lamun jaran wadon |
ulês kuning mungsêr clakuthike |
anèng wuri puniku tan bêcik |
kang ngingu kang nitih |

patine dènamuk ||

7. Kuda putih mungsêr duburnèki |
ing lambe tumemplok |
ana ingkang kèdhik atumèmplèk |
Gadêgan-nêrus iku abêcik |
kuda wulu manggis |
mungsêr netranipun ||
8. Ingkang têngên Surèngkara nênggih |
turangga kinaot |
sugih rêtna sasotya kang darbe |
kang balalak mungsêr kuping kalih |
yèn ulêse kuning |
namane puniku ||
9. Jênu-udaka puniku bêcik |
miwah waskithèng (n)don |
wadon abang mungsêr pupukange |
ingkang wuri Durga-racun nênggih |
gêringan kang nitih |
kuwur anggung wuyung ||
10. Kuda putih lan amungsêr kuping |
lolongope karo |
mandhalasa-lalawang namane |
srêpan kang ngingu miwah kang nitih |
akèh kang rêjêki |
bêgjane lumintu ||
11. Palangka mungsêr sukune ngarsi |
kang kiwa kinaot |
mung rahayu pasaja kang darbe |
Sandhung-bawa lamun kuda abrit |
mungsêr poking kuping |
awon watêkipun ||
12. Sapa nguwuh midêr anulari |
tatangga kasêmpyok |
ing gagêring miwah malarate |
kalamangga namane sayêkti |
lamun kuda abrit |
ambênan (ng)gènnipun ||
13. Nyêng-unyêngan iku datan bêcik |
wèh kuwur kawaon |
kala-mumbul puniku aranne |
kêna amuk kang ngingu kang nitih |
lamun turangga brit |
ciri jangga luhur ||
14. Arja-parilaya iku bêcik |
turangga mangkono |
kuda kuning adawa buntute |

Jilid 2 - Kaca : 32

- nadyan sami Dewa-nglayang luwih |
pakantuk yèn jurit |
rahayu kang ngingu ||
15. Kuda abang (m)balalak kang ciri |
gulune tan awon |
Bawakara puniku namane |
kang angingu rahayu basuki |
mungsêr netranèki |
lamun kuda dhawuk ||
16. Arcu-turo iku kang anitih |
tan wun tibèng asor |
yèn palangka aciri kang lambe |
Rustrakara aranne pan bêcik |
kang ngingu kang nitih |
entar budinipun ||
17. Mas Cêbolang umatur wotsari |
yèn turangga awon |
nora pênêd nênggih cicirine |
yèn dèningah adamêl bilai |
Swaninda lingnya ris |
ana istyariipun ||
18. Pangruwate ciri kang tan yogi |
ing kang wus kalakon |
kuda putih sinulêd sarate |
ing salaka mêngtas saking agni |
kuda irêng wêsi |
susulêdanipun ||
19. Sinulêd ing êmas kuda kuning |
têmbaga ingobong |
lamun kuda abang susulête |
turangga dhawuk mas kang kinardi |
kang suwasa yêkti |
kang tan mambêt sêpuh ||
20. Puniku sirna alaning ciri |
luwar ing pakewoh |
Sonyantaka angèl tatambane |
ing kang ngingu simpêna li-ali |
intên kang arêgi |
sakêmbaran sèwu ||
21. Panulaking Sonyantaka kêni |
yèn nora mangkono |
Sonyantaka angèl tutulake |
turangga Bramara-lêbu-gêni |
pan walirang abrit |
winor lawan jêruk ||
22. Binênêm lawan kulite nuli |

- pan ginawe pupoh |
 ing netrane wancine têngange |
 lamun nora nuju têngah wêngi |
 puniku pan uwis |
 mari panasipun ||
23. Kang ngingu manpangat dènluluti |
 maring para wadon |
 rawan kinajrihan ing mungsuhe |
 pedahe Bramara-lêbu-gêni |
 lampahing turanggi |
 yèn mêngtas tinuku ||
24. Miwah yèn angalih (ng)gènnirèki |
 dina kang winanon |
 lan pasaran amrih basukine |
 kuda putih yèn tinuku Manis |
 ing sasi Kasèki |
 Petroka rannipun ||
25. Yèn marêngi ing turangga abrit |
 tinuku Kaliwon |
 sasi Karo Suwela aranne |
 kuda irêng Wage dènpicisi |
 nuju wulan Katri |
 Prawada rannipun ||
26. Lamun ana iku jaran kuning |
 tinumbas ing Êpon |
 sasi Kapat Wiyoga namane |
 apan ana kang winuwus malih |
 wêtonning turanggi |
 awon pênedipun ||
27. Jaran putih lamun mêtù Manis |
 prayoga inganggo |
 yèn liyane tan pantês ingangge |
 turangga bang lamun mêtù Paing |
 dèningu prayogi |
 liyane tan patut ||
28. Kuda irêng yèn Wage umijil |
 sayêkti kinaot |
 senapati prayoga kang ngangge |
 yèn liyane irêng datan bêcik |
 Kaliwon umijil |
 kang prayoga dhawuk ||
29. Yèku utamane kang turanggi |
 yèn mêtù kaliwon |
 abang kuning irêng nistha bae |
 nora bêcik nora (m)bilaèni |
 mung dhawuk utami |
 turangganing ratu ||

30. wontên liya kang cinatur malih |
 pêned lawan awon |
 ing tulise kang anêng ilate |
 Talaga-kumêmbêng srêpan èstri |
 dumadakan gampil |
 ngupaya dyah ayu ||
31. Nora angèl mamrih èstri luwih |
 dumadakan moprol |
 lire padha amasang ciptane |
 malah pating tarèmplèk kang prapti |
 samangsa darbe sir |
 kang prapta kumrutug ||
32. Yèn Dhandhang-nucuk tulisirèki |
 ing ilat pan awon |
 kang angingu gêringan tur bèsèr |
 lamun kadi Kalabang kang tulis |
 kang angingu asring |
 tan wun nandhang tatu ||
33. Tulis kèlêng ing ilat tan bêcik |
 mawèh tukar awon |
 lamun kadi angkul ing rajahe |
 kang angingu kèdhêp ing sasami |
 yèn rajahe kadi |
 pupuganing randhu ||
34. Ala kang ngingu miwah kang nitih |
 aganas tan awon |
 gora godha sabarang tingkahe |
 yèn rajahe ilat nyakrabumi |
 lire kadi-kadi |
 naga èmpêripun ||
35. Yèku pêned ing pakarti bêcik |
 kêkês mungsuh adoh |
 lamun kadi arga ing rajahe |
 ngêdohakên rêjêki kang prapti |
 mung kari sathithik |
 dumadakan wurung ||
36. Lamun kadi gada ingkang tulis |
 ngêdohakên mungsoh |
 pan keringan kang ngingu watêke |
 yèn wong agung kèdhêp ing wadyèki |
 kalamun wong cilik |
 kèdhêp rayatipun ||
37. Lawan adoh ing pancabaya gring |
 pitênah tan (ng)gêpok |
 lara roga suminggah kabèhe |
 pinarêkan marang ing rêjêki |
 myang gustine asih |

Jilid 2 - Kaca : 34

kang ngingu kudèku ||

38. Lawan waris kang ngingu kang nitih |
kèdhêp tan wun wayoh |
saking dènnya manpangat kudane |
ulatana ilating turanggi |
kang rajah Gadèki |
wèh asmarèng kalbu ||

97. Asmaradana

1. Datan katanggungan kaki |
(ng)goningsun asung pitêdah |
ing turangga pangêlihe |
angunggahkên mring gêdhogan |
milih ari pasaran |
nêptune roro kinumpul |
gya ingetang kang prayoga ||
2. Sakawan etangannèki |
awit Suku pan ingetang |
pindho Buta ing etange |
kaping têlu etung Gajah |
kaping pat tiba Sela |
ganêp papat etangipun |
kang tan sae singgahana ||
3. Yèn tiba Suku marêngi |
pincangan wataking kuda |
tiba Buta galak rêke |
yèn etunge tiba Gajah |
pan lêmon adatira |
tiba Watu kang pakantuk |
kukuh awèt kasarasan ||
4. Ri Akad lêgi winilis |
kaetung tumiba Buta |
Akad Paing Buta manèh |
Akad Ponne tiba Sela |
ing Akad Wage tiba |
Suku Akad Kliwonnipun |
uga Suku tibanira ||
5. Gumantya ri Sênin Lêgi |
tiba Suku etangira |
Isnèn Paing Suku manèh |
Isnèn Êpon tiba Gajah |
Isnène Wage Sela |
Isnèn Kaliwon puniku |
amarêngi tiba Sela ||
6. Ing ari Salasa Lêgi |
tiba Watu etangira |
Salasa Paing Buta-ne |
Salasa Pon tiba Sela |

Jilid 2 - Kaca : 35

- Salasa Wage Gajah |
ing Salasa Kliwon nuju |
uga tumiba Dirada ||
7. Gantya ari Kêmis Lêgi |
tiba Suku etangira |
Kêmis Paing Suku manèh |
Kêmis Pon tumiba Liman |
Kêmise Wage Sela |
Kêmis Kaliwon ingetung |
iku uga tiba Sela ||
8. Jumungah Lêgi marêngi |
petunge tumiba Gajah |
Jumngah Paing Gajah manèh |
Jumngah Pon Suku tumiba |
Jumungah Wage Buta |
Jumungah Kaliwonnipun |
iku uga tiba Buta ||
9. Ing arine Saptu Manis |
etung masih tiba Buta |
Saptu Paing Buta manèh |
Saptu Pon Mêtù prayoga |
Saptu Wage Sukunya |
Saptu Kliwon tiba Waku |
lungguhe nggungghakên kuda ||
10. Yèn putih pasaran Lêgi |
dhawuk Kaliwon prayoga |
abang Paing utamane |
irêng Wage dènungghana |
kalamun kuda jênar |
pasaran Êpon pikantuk |
wus titi babing turangga ||
11. Kacarita sabên ari |
Kiyai Lêbdaswaninda |
tan liyan kang winêdharake |
marang Ki Mase Cêbolang |
namun bab katuranggan |
sadayanya wus kacakup |
manêmbah aris turira ||
12. Kalangkung panuwun mami |
paduka asung pitêdah |
katuranggan sapatuse |
ulun tanêm ing wardaya |
dumadya papawitan |
kalawan indhaking kawruh |
dhuh babo panuwuningwang ||
13. Kalilana ingkang dasih |
ayun (n)dumugèkkên lampah |
anut ing suku tindake |

aywa kirang pangaksama |
kantunna sukawirya |
kinuwatna ing Hyang Agung |
raharja panjang kang yuswa ||

14. Ki Swaninda lingira ris |
tan luwih pangèstuningwang |
marang sira sakabèhe |
katêkana kang sinêdya |
aywa na kara-kara |
Mas Cêbolang ngraup suku |
santri catur gantya-gantya ||

7 Lampahipun dumugi rêdi Sumbing kapanggih dhayang sêndhang Bêdhaya wasta Ki Candhikyuda tuwin bojonipun Nyi Rantamsari ingkang nalika gêsangipun abdidalêm bêdhaya ing kraton Majapait. Mila sintên ingkang adus ing sêndhang Bêdhaya wau, badhe kinasiyan dening sadaya ingkang ningali. Lajêng sami ningali sumbêr ing Pikatan. ... kaca 36-37.

Jilid 2 - Kaca : 36

15. Mangkat saking Margawati |
laju ing lampah sumêngka |
praptardi Sumbing sukune |
kèndêl ing têpining sêndhang |
asrêpira kalintang |
narêthêk sadayanipun |
nuju purnamaning wulan ||
16. Ari malêm (ng)Gara Kasih |
Mas Cêbolang sru karênan |
umiyat ing we wêninge |
tandya angracut busana |
anggêbyur alulumban |
Ki Nurwitri amung raup |
santri katri kacipratan ||
17. (n)Jola lir dèn-nyonyok gêni |
dumadya sumingkir têbah |
wus tutug dènnya lêlangèn |
nulya angrasuk busana |
tan ana sangsayanya |
santri katri samya ngumpul |
sadalu nêng pinggir sêndhang ||
18. Santri papat eca guling |
mung kantun Ki Mas Cêbolang |
(n)jêgrêg datan anglêgèyèh |
lingsir dalu wayahira |
jalma ro kawistara |
priya bagus èstri ayu |
mijil saking jroning sêndhang ||
19. Mrêpêki kang eca linggih |
kadya tugu sinukarta |

tajêm tan (ng)garagap tyase |
kang priya alon lingira |
mas putu kawruhanta |
Candhikyuda aranningsun |
wadon iki garwaningwang ||

20. Kakasih Dyah Rantamsari |
padha abdi Sri Pamasa |
Brawijaya kang mandhirèng |
ing Majapait nagara |
duk jaman kadewatan |
kadawan yèn ingsun catur |
anisku saka ing praja ||
21. Praptèngsun ing ardi Sumbing |
minta aksamaning dewa |
sinambi lawan têtanèn |
kathah janma ingkang prapta |
samyà mèlu dhadhêkah |
sawusnya arja kang dhusun |
manira srimbit gya muksa ||
22. Wèh tilas ing sêndhang iki |
sun sêsuwun ing jawata |
(m)barkahana salawase |
sing sapa janma kawawa |
adus wus surup surya |
malêm (ng)Gara Kasih èstu |
sinung manising wicara ||
23. Gandês luwês mêrakati |
solah parigêl wiraga |
sadhengah wonge kang anon |
wlas asih trêсна trusing tyas |
katrima pamintèng-wang |
ana cumlorot lir wahyu |
jumêgur tiba ing sêndhang ||
24. Kagawa garwaku iki |
nguni aslining badhaya |
katêlah têtèng samangke |
ingaran sêndhang Badhaya |
wis kulup tutugêna |
kang dadya sêdyanirèku |
ingsun jimurung ing karya ||
25. Kaliye wus tan kaèksi |
Mas Cêbolang lir supêna |
pajar sidik kèh swarane |
bakikèring sata-wana |
myang pêksi cocakrawa |
kacêr pênthèt thilang cohung |
srigunting prênjak sikatan ||

Jilid 2 - Kaca : 37

26. Sumirat soroting rawi |
kagyat kang samya anendra |
(n)jênggèlèk tambah asrêpe |
narêthêk angga rog-rogan |
Mas Cêbolang lingira |
padha minuma sadarum |
toyane sêndhang Bêdhaya ||
27. Iku têtulaking atis |
wus nginum santri sakawan |
kumêpyar pêra ragane |
nir lapa lêsaing angga |
asru eraming driya |
kawasanira Hyang Agung |
tuhu nora ana madha ||
28. Tumurun saking ing wukir |
santri catur tansèng wuntat |
Ki Saloka amiraos |
hèh Palakarti Ki Pala |
sawangên iku (n)dara |
saka ing pangrasaningsun |
mundhak sigit mêrakatya ||
29. Dyatmika sêmune wingit |
Palakarti Kartipala |
kakang iya bènêr kowe |
dalah Nurwitri ya mundhak |
wênêse kang wadana |
apa saka sawabipun |
toyane sêndhang Badhaya ||
30. Lampahira anglangkungi |
Ngadirêja Kaparakan |
Tê manggung tlatah Kêdhune |
kèh para dyah kang kasmaran |
andulu Mas Cêbolang |
wênèh ana kang tut pungkur |
tansah dadya rêrubungan ||
31. Prawan lanjar randha tuwin |
somahan tan tolèh lanang |
kang lumaris ribêd tyase |
ing lampah dumadya nyimpang |
nilapkên kang tut wuntat |
prapta ing Pikatan umbul |
toya wêning lirap-lirap ||
32. Binatur ing sela langking |
wawangunan banon wiyar |
karikil alit dhasare |
toya tan lukak tan mindhak |
umbul tan kawistara |
sak êdom wijiling ranu |

kathah tan kenging winilang ||

33. Liwêran ulam tambra brit |
bayak kadi anêmbroma |
marang risang nêmba rawoh |
kalamun bisaa ngucap |
dhuh risang ambêg santa |
kawula sadaya atur |
wilujêng rawuh paduka ||

34. wontên ing Pikatan riki |
punapi kinarsakêna |
kula sadaya rumaos |
ing sakaparênging karsa |
mangkana Mas Cêbolang |
ginraitan ingkang sêmu |
ulam tambra manêmbroma ||

8 Lampahipun kalajêngakên dumugi Ambarawa sarta rêdi Jambu, jiyarah ing pasareyanipun Prabu Brawijaya Majapait. Dumadakan kasaput ing pêdhut lèlimêngan saking panjêblukipun rêdi Mèrapi. ... kaca 38-40.

Jilid 2 - Kaca : 38

35. Tanggap Mas Cêbolang tuwin |
rencangnya santri sakawan |
samyak lukar panganggone |
lulumban ciblon gêndhingan |
kalangkung rênaning tyas |
sawusira samya adus |
anêmbang pucung busana ||

98. Pocung

1. Mas Cêbolang alon pangandikanipun |
Nurwitri Saloka |
Kartipala Palakarti |
ulun ayun wruh ingkang aran (m)Bahrawa ||
2. Payo mangkat sira lumakuwèng ngayum |
kapungkur Pikatan |
ngalèr ngilèn sampun prapti |
ardi Jambu kalangkung asri kawuryan ||
3. Dadya dangu dènnira lèrêp nèng Jambu |
kasêngsêm amulat |
asri rarêngganing wukir |
sukunira angongkang têpi talaga ||
4. We ngalirap sumilak masêmu biru |
jurang sri kawuryan |
nuju wijiling Hyang Rawi |
anyunari talaga myang arga-arga ||
5. Ujwalaning Surya inggang munggèng ranu |
mancorong gumêbyar |

- apindha sasotya manik |
ngèrèng-èrèng tinanêman pantun gaga ||
6. Kang gumandhung wênês ijo amawèh kung |
malêncut markatak |
ana kang uwis kumêmping |
awurahan rarya anggusah kukila ||
7. Sarèwèhan ranu tibèng jurang trêjung |
swara lir gurnita |
paksi nèng têpining warih |
samyang ngadhang timbuling kang ulam toya ||
8. Kayon gathuk ayom angubêngi gunung |
dhuwêt dhuku jirak |
jêruk jambu klampok wangi |
pêlêm pakèl pijêtan lawan kokosan ||
9. Blimbing manggis rambutan kêpêl myang randhu |
nangka sukun bëndha |
kaluwih sarangan tangkil |
wanara kèh samya amangan wowohan ||
10. Kidang kancil manjangan budhul angrênggut |
rumput kang pradapa |
sêmu ayêm klimis-klimis |
santri catur samya ngundhuhi wowohan ||
11. Warna-warna katur ing bandaranipun |
sadaya mirasa |
sinambi aniningali |
arga-arga têtgal sabin dhusun krajan ||
12. Wus tumurun saking ing aldaka Jambu |
malipir (m)Bahrawa |
gya mancat sukuning wukir |
Ing Marbabu lan arga Marapi jajar ||
13. Praptèng arga alit aran Candhi dhukuh |
ndêdêr têtgèng pucak |
miyat kuburan sawiji |
tanpa cungkup kayoman witing capaka ||
14. Jenar pingul sêkar (m)blasah marbuk arum |
kubur mawa cahya |
kadya kukuwung ngawêngi |
Mas Cêbolang ngandika marang Saloka ||
15. Baya iki wong agung ingkang kinubur |
wingite kawangwang |
mawa cahya anêlahi |
Ki Saloka matur nun inggih bandara ||
16. Kula mirêng cariyosing tiyang sêpuh |

Jilid 2 - Kaca : 39

- punika astana |
 -nipun natèng Majapait |
 Sang Aprabu Brawijaya kaping tiga ||
17. ê lah patut bêcik payo padha ngujung |
 anyunyuwun barkah |
 slamête laku puniki |
 Mas Cêbolang lawan santrinya sakawan ||
18. Wusing ngujung mangalèr umiyat ranu |
 ing Pêning ngalela |
 têngahing tlaga kaèksi |
 ana pulo kumambang anut maruta ||
19. Ngetan ngulon manêngah ngalor myang ngidul |
 tan mawa kakaywan |
 kawuryan mung katang wilis |
 wênês ijo mawèh sêngsêming wardaya ||
20. Têpi danu ana jajaka kadulu |
 manggul jala kêpyak |
 sruwal cêkak ngindhit kêpis |
 Ki Nurwtri ngawe kanang mareneya ||
21. Wusing tundhuk Nurwitri tatanya bagus |
 marang êndi sira |
 kang tinanya lingira ris |
 kula badhe (n)jala mring Pêning talaga ||
22. Amung turut pinggir sapakantukipun |
 ajrih amanêngah |
 lêbêtipun anglangkungi |
 ramak kula nalika wulan kang pêjah ||
23. Aritipun tinangsulan agêl kukuh |
 cinêmplungakên têngah |
 kinalar ngantos sapriki |
 dèrèng kèndêl taksih dènulur kewala ||
24. (n)Dika kintên piyambak ta lêbêtipun |
 mila kula (n)jala |
 amilipir turut pinggir |
 lagya eca kang samya imbal wacana ||
25. Mirêng swara gumlêdhêg lir gêlap sèwu |
 pucaking kang arga |
 Mêrapi amêdal api |
 kukus mêdal ngêbêki ing dirgantara ||
26. Pêtêng (n)dhêdhêt datan uninga lor kidul |
 Mas Cêbolang lawan |
 santri catur yitnèng wèsthi |
 gêgandhèngan tanbuh paran kang sinêdya ||

Jilid 2 - Kaca : 40

27. Dènnya anèng pêpêtêng tri ari dalu |
langkung supêking tyas |
wus tan ana nyipta urip |
mung sumendhe ing karsanira Hyang Suksma ||
28. Praptèng tlatah Magêlang ing lampahipun |
pêpêtêng wus sirna |
miyat soroting Hyang Rawi |
samyâ (n)dhoko nèng sukuning ardi Tidhar ||
29. Miyat dhukuh asri ing anggraning gunung |
Mas Cêbolang lingnya |
yèn sira isih kuwawi |
dhukuh kae payo padha pinaranan ||
30. Samya matur sumangga kula tumutur |
sadaya wus minggah |
Mas Cêbolang anèng ngarsi |
langak-langak bêranyak lir Narayana ||
31. Santri catur barangkangan lampahipun |
gantya kang winarna |
kang martapa pucak wukir |
langkung sidik anama Sèh Wakidiyat ||
32. Endhang catur tumaloncong ayu-ayu |
mèh kêmbâr kang warna |
mêpêg mêmpeining birai |
samyâ lagya anggarapsari sapisan ||
33. Sinung nama Endhang Kismani linangkung |
Brahmani kalihnya |
tiga Endhang Aniladi |
sakawane Endhang Jahnawi kyatingrat ||
34. Maha wiku ngandika mring endhang caur |
gêlar-gêlarana |
kalasa batu kang brêsih |
sasajia sugata ingkang prayoga ||
35. Ingsun ayun katamuan santri luhung |
mêntas kasarakat |
anèng ing Marbabu wukir |
wusing rampung sasaji sira mêthuka ||
36. Nêmbah mundur rampung sasaji dyah catur |
mring talaga siram |
kosokan lulur myang mangir |
wus barêsih kakanthèn nulya busana ||

9 9. Lumampah ing pêtêngan, wangsul mangidul dumugi rêdi Tidhar, sowan Sèh Wakidiyat ing padhepokanipun. Endhangipun sakawan sami ayu-ayu, sadaya kanikahakên kalihan Mas Cêbolang. Sèh Wakidiyat paring katrangan bab: ningkah, pégatan/ talak, rujuk, rukun, khuluk, tuwin maskawin, sakalangkung moncèr botên wontên ingkang kalangkungan. Mas Cêbolang

99. Kinanthi

1. Endhang Kismani puniku |
cêmêng manis amrakati |
ngrasuk sinjang tumênggungan |
paningsêt sêtagèn abrit |
mingis katon mung sasada |
amathinthing matrêm-kengis ||
2. Asumêkan sêkar bênguk |
malipis alus waradin |
pungkasan tirah sacêngkang |
sinalêmpitakên ngarsi |
gathuk lan wironing sinjang |
ukêl sèntêg amantêsi ||
3. Endhang Brahmani winuwus |
bangbang awak mawèh kingkin |
ngrasuk sinjang lurik rêkta |
satagèn cêmêng mathinthing |
sêmêkan yuyu sakandhang |
ijo ukêl gondhèl pèni ||
4. Endhang Aniladi mungguh |
jênar lir êmas sinangling |
ngrasuk sinjang kêpyur pelag |
pinantês satagèn kuning |
wungu byur ingkang sêmêkan |
ukêl canthèl ngrujit ati ||
5. Endhang Jahnawi mawèh kung |
jênar suluh bêngle kengis |
ngrasuk sinjang wanabadra |
paningsêt satagèn putih |
kasumêkan dasasela |
dhasar irêng mawèh brangti ||
6. Kondhe pinalintir alus |
tirahan jênthar sanyari |
lugas tan na mawi sêkar |
sêngkangnya sadaya cêplik |
pacak patraping busana |
endhang papat apan sami ||
7. Sawusnya busana rampung |
tumurun saking ing wukir |
sakawan sarêng lumampah |
mung wiraga nora tunggil |
ana ingkang (ng)gigit sadak |
asta kiwa anyakithing ||

8. Ana ingkang ngêmbêng susur |
lathi anggung dênusapi |
ana kang lagya wit mucang |
gagang sêmprit anèng njawi |
ana kang olèh panasar |
asta têngên anggung midih ||
9. Wau ta ing lampahipun |
Mas Cêbolang catur santri |
mahawan langkung sumêngka |
kumêpyur kagyating galih |
kawuryan endhang sakawan |
tumurun saking ing wukir ||
10. Ngandika mring santri catur |
padha (n)dêngèngèka aglis |
lah iki ana ruruan |
ewuh ênggonku ngarani |
apa pêri parayangan |
apa satuhuning jamni ||
11. Rupa rampak ayu sêmu |
barès angrêsêpkên ati |
bêsuse manut ing sarak |
upama sêkar kang adi |
durung padha (m)babar ganda |
mamadune durung kongkih ||
12. Andêngèngèk santri catur |
mangkana lêsah lapa nir |
nayana katon sumringah |
umatur babo suwawi |
sinêngkakakên ing lampah |
daya-daya nuntên panggih ||
13. Nahan ing lampah wus cundhuk |
Mas Cêbolang catur santri |
tan ana kuwawa ngucup |
kêdhèp têsma aningali |
endhang catur mire nganan |
trapsila wicara manis ||
14. Dhuh babo kang nêmbè rawuh |
sowan kawula tinuding |
Sèh Wakidiyat pilênggah |
ing asrama Tidhar ngardi |
(n)jêng paduka tinimbangan |
laju maring ing asrami ||
15. Kerida ing lampahulun |
Mas Cêbolang duk miyarsi |
anyêbut angudubilah |
sarwi (n)dheprok lingira ris |
pra arum duta utami |

Jilid 2 - Kaca : 42

- mugi ywa dados panggaliḥ ||
16. Dêksuraning badanulun |
nampèni dhawuh sang yogi |
kalimput kacaryan mulat |
dhumatêng sang pindha Ratih |
myang Supraba Wilotama |
Rarasati ing swargadi ||
17. Sandika ingkang dhumawuh |
suwawi paduka irid |
sakawan mèsêm sarêngan |
winantu dhawahing liring |
jumênêng angêlus sinjang |
nulya lumampah nèng ngarsi ||
18. Lampah tan antara dangu |
prapta ngarsane sang yogi |
pinarak ing yasa-kêmbang |
toya wêning angubêngi |
pinalisir sesêkaran |
nêdhêng kusuma (ng)ganda mrik ||
19. Ni endhang duk praptèng ngayun |
maro mire nganan ngering |
atêbih lawan sang tapa |
Mas Cêbolang catur santri |
makidhupuh anèng ngarsa |
muka lir konjêming siti ||
20. Sèh Wakidiyat lingnya rum |
saka dhanganing tyasmami |
aku awèh karaharjan |
praptanta nèng ndhepokmami |
basan bêgja kêmayangan |
wit tan nyana bisa panggih ||
21. Lan sira siwayèngulun |
yèn tan kliru sira kaki |
atmaja Sèh Akidayat |
asrama Sokayasa-di |
mijil saking Siti Wuryan |
iku mitraku sayêkti ||
22. Nalika marsudèng kawruh |
tan na pisah rina wengi |
lir kadang nunggil sawêlat |
palaling Hyang Maha Suci |
basa wis rumasa tuwa |
padha dhêdhepok pribadi ||
23. Nèng Sokayasa ramakmu |
nanging biyèn isih nami |
Esèh Adi Anggungrimang |

Jilid 2 - Kaca : 43

- ingsun dhêdhepok nèng riki |
araning kang ardi Tidhar |
pusêring kang tanah Jawi ||
24. Gajêg Cêbolang aranmu |
mangkana kang sinungan ling |
kalangkung eraming nala |
sidike sang maha yogi |
wasana matur anêmbah |
mênggah dhawuh kang kawijil ||
25. Sutuhu tan ana gangsul |
nyumanggakkên ingkang dasih |
pêjah gêsang tan suminggah |
kinarya pêthak myang abrit |
sumarah datan lênggana |
pukulun ywa walanggalih ||
26. Rèh ing mangkya sampun cundhuk |
lawan raose tyasmami |
sêdyaulun ngèstupada |
ing lampah kandhêg nèng riki |
margi yèn anglajêngêna |
tanapi wangsul mring panti ||
27. Maha wiku lingira rum |
kulup iku lwih utami |
amung ta wawêkasingwang |
banjurna lakunta kaki |
têmbe pantog praptèng praja |
Wirasaba (ng)gonmu mulih ||
28. Kadawan lamun dakcatur |
bakal lalakonmu kaki |
endhang mara ladèkêna |
pasugatan gantèn wangi |
kalawan rokok sumpêtan |
sokur yèn wedange uwis ||
29. Lawan nyanyamikanipun |
iku ladèkêna dhingin |
kang sinung ling samya mentar |
Kismani (m)bêkta tapsirih |
Aniladi pangêsêsan |
patèhan Endhang Brahmani ||
30. Jahnawi dhaharanipun |
sadaya lumadyèng ngarsi |
miwah kang mring punakawan |
tan ana seose sami |
Sèh Wakidiyat lingira |
lah iku sugata mami ||
31. Saanane sining gunung |
gaduging bocah pawèstri |

siji tan na batih priya |
tan lyan papat iku kaki |
kang ngopèni tatanêman |
lah-olah bêrsihing panti ||

32. Aywa nganggo ewah-ewuh |
anggêpèn wisma pribadi |
kang liningan matur nêmbah |
dhawhipun (n)jêng kiyai |
kalêbêt raosing manah |
tan angraos amartami ||

Jilid 2 - Kaca : 44

33. Sampun kadi wismèngulun |
Mas Cêbolang catur santri |
wus samya sês miwah mucang |
tuwin minum wedang êtih |
tanapi nadhah nyamikan |
rêsêp tan tahaning galih ||

34. Tampi wangsit endhang catur |
samya lumêbu ing panti |
wêdalira sampun (m)bêkta |
sêkul liwêt anèng cêthing |
myang ulam anèng ing dhulang |
jangan sambêl sarêm pêtis ||

35. Lalaban slèdri katimun |
cipir boncis kacang kapri |
wus tinata anèng ngarsa |
Sèh Wakidiyat lingnya ris |
lah kulup sira nadhaha |
kinarya jampi kalantih ||

36. Mas Cêbolang nêmbah (n)dhêku |
mirasa dènnira bukti |
wus dumugi cinarikan |
piningkên ing pamburi |
santri catur samya nadhah |
rampung ingundurkên aglis ||

37. Wus ingundurakên wangsul |
umarêk sang maha yogi |
Hyang Surya tumamèng arga |
maha wiku ngandika ris |
lah kulup sira kariya |
ingsun gambuh mring panêpin ||

100. Gambuh

1. Sira lan santri catur |
amanggonan nêng kene sadarum |
wusing parlu sayêktine ingsun bali |
kang liningan matur (n)dhêku |
maha-wiku lampahnya lon ||

2. Ingiring endhang catur |
Mas Cêbolang wau ingkang kantun |
lênglêng rêngêng-rêngêng asambari ririh |
iya ta lah sang awiku |
(m)bok iya kadi siringong ||
3. Têka tinilar mak brung |
bocah papat siji tan na kantong |
sadhengaha nora niyat nampik milih |
kabèh mawèh gandrung-gandrung |
tyasingsun êmbahne condhong ||
4. Eh sira bocah catur |
mungguh kowe êndi kang panuju |
endhang papat pilihèn salah sawiji |
santri sakawan umatur |
saèstu langkung pakewoh ||
5. Yèn kenginga sadarum |
dados (m)botên keran-keron bingung |
Mas Cêbolang dahat kingkin nanging ajrih |
pêpêg sumpêg ing tyas gadhug |
satêmah alongang-longong ||

Jilid 2 - Kaca : 45

6. Nahan kang yun manêkung |
angandika Kismani sirèku |
ngladènana marang anakku wong sigid |
lamun wis kulinèng wuwus |
gêlarna cangkriman dhenok ||
7. Yèn kabatanga tamtu |
daklilani nyuwuna sirèku |
sakirane sira ta apa kadugi |
winêngku ing dhayoh mau |
kang liningan tan miraos ||
8. Manawa nora pêcus |
ambatanga marang cangkrimanmu |
yêkti datan dak paringkên sira nini |
kang liningan nêmbah matur |
tan lênggana ing sapakon ||
9. Kismani wus winuruk |
wusnya apil manêmbah gya mundur |
sarwi (ng)gagas cangkriman kang wus kawijil |
sakirane apa pêcus |
ambatang cangkriman elok ||
10. Kang lagya mingak-minguk |
Mas Cêbolang kagyat dènnya (n)dulu |
Dyah Kismani prapta datan mawi kanthi |
dupi parêk ris umatur |
dhawuhipun sang kinaot ||

11. Kinèn ngladosi ulun |
anèng riki ing sadangunipun |
Mas Cêbolang mangsuli luwih utami |
dados wontên rencang ulun |
jajagongan omong-omong ||
12. Malah bilih panuju |
sih ing dasih kang pindha jumêrut |
kula suwun dhumatêng sang maha yogi |
dadosa papundhèn ulun |
ing donya praptaning êndon ||
13. Kismani lingira rum |
sarwi mèsêm ngujiwat mawèh kung |
yèn wus pasthi boya selak ingkang dasih |
mung wontên paminta-ulun |
badhenên cangkrimaningong ||
14. Lamun kabatang ulun |
asrah jiwa raga mring sang bagus |
donya akir atas kagungan sang pêkik |
Mas Cêbolang asru (ng)guguk |
punika punapi yêktos ||
15. Suwawi sang rêtnarum |
kawêdharna cangkriman linubung |
Dyah Kismani ngandika manis prapkti |
(m)botên ilok cidrèng wuwus |
dosa lair trusing batos ||
16. wontên kang sumur watu |
timba rukmi atatali lesus |
(n)dawêg (n)dika badhe ingkang aprêmati |
Mas Cêbolang mèsêm muwus |
mênggah ing pambatangingong ||
17. Kalih warni puniku |
punapa (ng)gih kaparênging kayun |
(ng)gih sumangga sampun sami walang galih |
inggih sumur kajêngipun |
dhatêng saumur sayêktos ||
18. Kajêngipun kang watu |
tansah manggèn tan sagêd lumaku |
timba apan wadhah ingkang mêdal manjing |
kancana ing kajêngipun |
dhatêng kamulyan sayêktos ||
19. Tatali mrih pikukuh |
angin dhatêng napas kajêngipun |
sayêktose tiyang agêsang puniki |
tatangsuling gêsangipun |
napas ingkang manjing miyos ||

Jilid 2 - Kaca : 46

20. Kadi paran jantungku |
punapi l  r  s lan (m)bot  nipun |
inggih bagus satunggale kadi pundi |
suwawi win  dhar wuwus |
Mas C  bolang lingira lon ||
21. Kaj  nge punang sumur |
dhat  ng sumur gumuling puniku |
watu dhat  ng sela kumalasa y  kti |
tatimba dhumat  ng cibuk |
kang minggah tumurun alon ||
22. Kancana kaj  ngipun |
dhat  ng kancana ore linuhung |
inggih dhat  ng kang wanita ngore w  ni |
tali dhat  ng tampar angkus |
waraga apan jinatos ||
23. Kuswa ny  k  l puniku |
t  g  se kang raga awak tuhu |
kaj  ng ingkang angin dhat  ng napas y  kti |
sawadose jiwaningsun |
tiyang guling sakaroron ||
24.   stri kalawan jalu |
sapaturon kuswa-kinusw  ku |
r  r  nggosan kadi kaplayu ing jurit |
rara Kismani mal  ruk |
kalepat kesah wirangrong ||
25. Umar  k sang linuhung |
angaturk  n ing pambatangipun |
t  t  h g  m  t datan ana kang kal  mpit |
maha wiku manthuk-manthuk |
wus pinasthi sira dhenok ||
26. Win  ngku mring t  tamu |
aywa wangkot ing sapakoningsun |
Dyah Kismani minggu nguwik-uwik siti |
ginuyu mring dyah t  t  lu |
Kismani nyiw  li wal-wol ||
27. Ing dalu tan winuwus |
enjingira risang maha wiku |
rawuh marang pondhokanira t  tamu |
endhang catur tans  ng pungkur |
S  h Wakidiyat linggnya lon ||
28. Babo atmajaningsun |
r  h wus dadi pat  mbayanipun |
arinira iki si Endhang Kismani |
sapa wonge kang ap  cus |
(m)batang cangkriman say  ktos ||

Jilid 2 - Kaca : 47

29. Pasrah jiwa ragèku |
mangka sira bisa (m)badhe kulup |
yèn sêmbada sunningkakhên ri puniki |
lan saka sukaning kalbu |
kang têlu kalamun condhong ||
30. Ywa katanggungan kulup |
ngongparingkên mring sira sadarum |
supayane ywa keran-keroning ati |
dadi têtentrêm tyas tan giyuh |
sêpi panêmu kang awon ||
31. Cêbolang duk angrungu |
dhawuhipun risang maha wiku |
langkung kagyat êmar maras sênig-sênig |
ngunandika jroning kalbu |
kadênangan karsaningong ||
32. Iki apa panglulu |
apa wantah ewuh tangguhipun |
ing wasana umatur saha wotsari |
kalangkung pamundhiulun |
dhawuh kang sampun kawiyos ||
33. Ulun sumanggèng kayun |
tan lênggana satuduh tumutur |
sampun ingkang dhumatêng raras kamuktin |
sanadyan praptaning lampus |
datan lênggana sapakon ||
34. Ing rêmbug sampun putus |
wus dèn-ningkah wau endhang catur |
paragating ningkah pinanggihkên aglis |
maha wiku ngandika rum |
èh Cêbolang atmajèngngong ||
35. Kang bêcik pangêmongmu |
lan kang adil panataning kakung |
aja ana nganti kataman sak sêrik |
sihira aywa (m)barênjul |
dadi tyase padha golong ||
36. Sang wiku wusing dhawuh |
wangsul marang ing panêpènipun |
kawarnaa kang katuju ing panggali |
tyase langkung suka sukur |
timimbul karêsmèn andon ||

101. Maskumambang

1. Rarasingkang karasikan tan winarni |
wusing sapta dina |
Mas Cêbolang angalêntrih |
larut bayuning kang angga ||
2. Gya umarêk marang ngarsane sang yogi |

rubiyah sakawan |
tan kêna ginggang sanyari |
tansah ambondhèt mring priya ||

Jilid 2 - Kaca : 48

3. Praptèng ngarsa maha wiku lingira ris |
pantèn paran karsa |
umarêk ing ngarsamami |
apa ta darunanira ||
4. Mas Cêbolang tumungkul konjêm ing siti |
èh ta uculêna |
(ng)gonnira (m)bondhèt mring mami |
wus bênggang samya alênggah ||
5. Mringa panti cacawisa kang prayogi |
rujak myang lotisan |
prêsan menda duduh pitik |
lan wowohan sasêgêran ||
6. Endhang catur samya mundur mangênjali |
Mas Cêbolang tandya |
(n)dêngèngèk umatur ririh |
dhuh risang paring nugraha ||
7. Ngaturakên pêjah gêsangulun nênggih |
èstu tan kawawa |
lumawan ing senapèti |
sakawan sami prawira ||
8. Tanpa kiwul wit kawula lamba yêkti |
yèn pukulun datan |
paring sarana sayêkti |
dasihe têmah antaka ||
9. Maha wiku suka awêlas ningali |
wasana ngandika |
kulup dènkaparèng ngarsi |
wusing parêk gya winêjang ||
10. Bab karêsmine kang tan ngrusakakên dhiri |
wèh nikmat warata |
siji kang tinujwèng kapti |
kang tiga samya karasa ||
11. Datan pae kalawan ingkang satunggil |
jumbuh ingkang rahsa |
Asmara-nala rumiyin |
têgêse sêngsêming manah ||
12. Kalhipun Asmara-tura winardi |
sêngsême paninggal |
tri Asmara-turida di |
pan sêngsêming pamirêngan ||

13. Sakawannya Asmara-nada sêngsêming |
 ingkang sapocapan |
 gangsal Asmaratantra di |
 sêngsêming kang pangarasan ||
14. Nêm pungkasan sêngsêming sanggama yêkti |
 ran Asmaragama |
 tuwin jaya wijayanti |
 pangabaran pangasiyan ||
15. Agal rêmit miwah ingkang ngèlmi sihir |
 karya-ramming kathah |
 dalah wisikan sarêsmi |
 Mas Cêbolang wus widagda ||
16. Sinung padhang paang graitane lantip |
 kacakup sadaya |
 sarta nulya dènlampahi |
 sadhawuhe sang pandhita ||
17. Pan pinêlêng dènnira amatiragi |
 cacêgah myang siyam |
 ngalowong apatigêni |
 wungu lan kungkum ing toya ||
18. Lumêstari tan ana batal sawiji |
 sawusing paragat |
 garwa pinaringkên malih |
 atut dènnya palakrama ||
19. Catur datan ana kang sangsayèng kapti |
 Cêbolang pinarak |
 kalawan sakawan abdi |
 Saloka marêk mangarsa ||
20. Ulun matur mugi sampun salahkapti |
 rèhning sampun lama |
 lèrèh anèng Tidhar wukir |
 kadiparan ingkang karsa ||
21. Punapi wus katrêm marêm anèng ngriki |
 sukur makatêna |
 kalilana ingkang abdi |
 samya mantuk mring asrama ||
22. Atur uning ramanta sang maha yogi |
 myang mring pramèswara |
 iba sukaning panggalih |
 Mas Cêbolang duk miyarsa ||
23. Tyas kumêpyur wasana ngandika aris |
 lah tujune kakang |
 sira caturan lan mami |

Jilid 2 - Kaca : 49

- upama mênêng kewala ||
24. Pan kabanjur kalimput ing lambangsari |
jugag ing lalakyan |
katutup ulah kamuktin |
wis kakang padha kariya ||
25. Ingsun marak marang risang maha yogi |
klilan tan kalilan |
pamit mundur dina iki |
Nurwitri mèsêm wacana ||
26. Hêm apa tan agêndhulak-agêndhulik |
tega apa ora |
nilar langêning jinêmrik |
sajagad tan ana memba ||
27. Amubênga têpining kang jalanidhi |
tangèh yèn antuka |
tanapi mirib kang warni |
sanadyan ana miriba ||
28. Maksih kalah sêdhêp sumèh amrakati |
parigêling solah |
kèwês lindri lungit manis |
santri tri gumuyu latah ||
29. Lan maninge kanane apa kadugi |
lamun tinilara |
dakbathèke pasthi kinthil |
upama padha kinthila ||
30. Lah saiba-iba ribête nèng margi |
mangka kang pinaran |
anut satindaking sikil |
ewasamono sumangga ||
31. Mas Cêbolang mèsêm wagugên ing galih |
wasana lingira |
mupung iki nora kinthil |
ingsun marêk sang minulya ||
32. Praptèng ngarsa maha wiku ngandika ris |
kulup paran karsa |
praptamu tan mawi rabi |
sêmune kaya wigatya ||
33. Mas Cêbolang mangênjali matur ririh |
mugi linêpatna |
sruning bêndu saking galih |
myang gung gunging pangaksama ||
34. Kalilana kang abdi anuwun pamit |
(n)dumugèkkên lampah |

Jilid 2 - Kaca : 50

tumindaking suku kalih |
miturut nêring wardaya ||

35. Rabiulun sadaya sumanggèng kapti |
sang wiku lingira |
paran karsanira kaki |
rabinta apa kok pègat ||

102. Mègatruh

1. Yèn kok pègat apa wis mangêrti kulup |
laku-lakuning akrami |
ningkah myang maskawinipun |
ngidah talak sasaming |
Mas Cêbolang matur alon ||
2. Saèstune dèrèng mangêrtos satuhu |
lampahe salakirabi |
mugi pinarêng ing kalbu |
paring sumêrap mring kami |
maha wiku mêdhar kawroh ||
3. Ningkah iku pan katêmu karêpipun |
rasane sira nampani |
pasrahing kawasanipun |
wadon kang sira rabèni |
amiturut lair batos ||
4. Sira darbe bojo kawangênan amung |
papat nora kêna luwih |
miturut sarengat Rasul |
mungguh kang aran maskawin |
panarimane kang wadon ||
5. Lamun rupa slaka putih bobotipun |
kang kalumrah mung satail |
kêna uga liyanipun |
rupa barang kang medahi |
tumrap marang ingkang wadon ||
6. Ugêr uwis dadi sapanrimanipun |
de idah têngêse nênggih |
nyêrantèkakên puniku |
kulup ana patang warni |
idah kuruk kang sawiyos ||
7. Ngantarakkên tri pasucèn dangunipun |
tumraping marang pawèstri |
kang masih kèl sabên têngsu |
ngidah suhur kaping kalih |
ngantarakkên tri pancorong ||
8. Tumrap maring wadon dèrèng (ng)garapsantun |
lan mring wadon luwas gêtih |
idah kamil katrinipun |
ngêntèni lairing bayi |

9. Kaping pate idah wafat laminipun |
pat wulan sapuluh ari |
tumrap pègat mati iku |
kalamun wus luwih saking |
idah lah iku si wadon ||
10. Kêna laki apan lêgan arannipun |
de talak wêrdine nênggih |
pègat mungguh wênangipun |
têlung rambahan tan luwih |
beda-bedane kacriyos ||
11. Pègat ngruntuhakên talak siji iku |
kang sarta bayar maskawin |
jroning ngidah lamun ayun |
binalènan dadya rabi |
datanpa ningkah wus munggo ||
12. Lamun nora bayar maskawin puniku |
jroning ngidah lamun apti |
winangsulan rabinipun |
kudu kaningkaha malih |
myang maskawin kudu nganggo ||
13. Yèn pamègat wadon wèh pamiwalipun |
têgêse iku nguwèhi |
pamancal mring kakungipun |
yèn balèn ningkahan malih |
(m)balèkkên pamiwal wutoh ||
14. Sauwise langkah saka ngidahipun |
lamun balèn iya kenging |
nanging nganggo ningkah iku |
kang sarta nganggo maskawin |
iku lamun padha condhong ||
15. Saupama mung caturan ala nganggur |
kowe dak pègat saiki |
iku talake wus runtuh |
sawiji datan aluwih |
mula ywa nganti kabrojol ||
16. Lamun uwis pègatan sapisan iku |
ngruntuhkên talak sawiji |
binalènan wadonipun |
dumadya rabine malih |
dadi talak kari loro ||
17. Ngruntuhakên talak loro kang winuwus |
yèn nganggo bayar maskawin |
jroning ngidah lamun ayun |
wangsulan kinarya rabi |

kêna tanpa ningkah yêktos ||

18. Lamun nora angsung ing maskawinipun |
jroning ngidah lamun apti |
winangsulan rabinipun |
kudu kaningkaha malih |
myang maskawin pasthi nganggo ||
19. Yèn pamêgat wadon wèh pamiwalipun |
yèn balèn ningkahan malih |
sarta (m)balèkakên wutuh |
pamiwal marang kang èstri |
kang dadi trimaning wadon ||
20. Sauwise langkah saha idahipun |
mênèk balèn maksih kenging |
nanging nganggo ningkah iku |
kang sarta nganggo maskawin |
samonèku mênèk condhong ||
21. Saupama amung guyon ala nganggur |
kowe dak pègat saiki |
iku talake wus runtuh |
talake ingkang kêkalih |
sayêkti kari sawiyos ||
22. Lamun uwis pègatan ping pindhonipun |
balèn dadi bojo malih |
kari siji talakipun |
talak têlu dènaranni |
poma dèngatos-atos ||
23. Talak siji lan loro ing sakjronipun |
idah wadon (ng)garapsari |
kalamun ngandhêg puniku |
idah kuruk salin kamil |
dadi sae yèn wus miyos ||
24. (ng)Gonne ngandhêg jabang bayi kang kinandhut |
yèn (ng)gonne tan (ng)garapsari |
saka lalara puniku |
idah kuruk alêstari |
mangka kabanjur iku wong ||
25. Luwas gêtih kang idah ginanti suhur |
talak sawiji lan kalih |
bain segra arannipun |
têgêse pamêgat alit |
nanging wus têtela yêktos ||
26. Ngruntuhakên talak têtêlu winuwus |
jroning idah wus tan kenging |
winangsulana puniku |
binalèn kinarya rabi |

Jilid 2 - Kaca : 52

yèn adrêng (ng)gonne jêjodhon ||

27. Wusing idah kudu linakèkkên iku |
olèh janma ingkang kêni |
ngrabèni mring wadon mau |
sarta tumindak sarêsmi |
wusing kalakon karongron ||
28. Kapêgatkên yèn wus idah ningkahipun |
lagi kêna dibalèni |
samonèku lamun purun |
pinêgatkên (ng)gonne rabi |
tan wênang (n)jiyat maring wong ||
29. Mangka uwus asih mring bojo kang kantun |
têtêp nora kêdhah-kêdhih |
kang akon ningkah kasingkur |
talak têlu luwih rungsit |
ati-atinên sayêktos ||
30. Nalikane ngruntuhakên talak têlu |
mangka tan bayar maskawin |
kawênangkên wadonipun |
lamun nagiha maskawin |
ingkang lanang kudu asok ||
31. Talak têlu pungkasan iku rannipun |
talak bain kobra nênggih |
têgêse pamêgat kang wus |
têtêlu gêdhe pribadi |
sarta umum sakèhing wong ||
32. Dene bojo kang têtêp durung salulut |
kalamun pêtat tan mawi |
angantèni idahipun |
rampung pêtat kêna laki |
gantya ingkang winiraos ||
33. Kang ingaran kinuluk pan têtêpipun |
copot (ng)gonne dadi rabi |
sarana nganggo tinuku |
kêhe amirid maskawin |
akêhe ingkang patukon ||
34. Upamane bojone wis gêtêp catur |
mangka arêp rabi malih |
salah siji bojo catur |
sinilih ningkahirèki |
bayar maskawin karopyok ||
35. Kang sinambut banjur têtêp pêtatipun |
manawa arsa (m)balèni |
marang kang kinuluk mau |
ing sawanci-wanci kêni |

Jilid 2 - Kaca : 53

samonèku kudu condhong ||

36. Wuse condhong kudu kaningkah rumuhun |
sartane nganggo maskawin |
saupamane kalantur |
tan binalèn lakinèki |
wusing idah iku wadon ||
37. Kêna laki ananging dèneling bagus |
pitutur kasêbut ngarsi |
lamun ningkahmu mung catur |
luwih samono tan kenging |
jurudêmung matur alon ||

103. Jurudêmung

1. Dhuh babo pupundhèn kula |
nyuwun babar-pisanipun |
mênggah èstri kang tan antuk |
lamun kinaryaa garwa |
Sèh Wakidiyat lingnya rum |
kulup wadon kang tan kêna |
dadi jatukramanipun ||
2. Akèhe iku wolulas |
dhingin êmbok sapandhuwur |
pindho anak wadonipun |
sapangandhap nora kêna |
katrine iku sadulur |
kaping pate kaponakan |
kang saka sadulur jalu ||
3. Kaping lima kaponakan |
kang saka wadon sadulur |
ping nêm bibi saka biyung |
pitu bibi saka bapa |
wolu inya sapandhuwur |
sanga anak wadon ingkang |
nunggal susu sapiturun ||
4. Ping sapuluh sadulur kang |
inya ingkang nunggal susu |
sawêlas ponakanipun |
saka sadulur lanang |
uga ingkang nunggil susu |
ping rolase kaponakan |
saka wadon nunggal susu ||
5. Ping têtulas bibi saka |
bapa ingkang nunggal susu |
ping patbalas bibi iku |
saka biyung nunggal powan |
ping limalas marasêpuh |
sapandhuwur nora kêna |

Jilid 2 - Kaca : 54

nêmblas tilas bojo sunu ||

6. Ping pitulas patilasan |
bojone sudarmanipun |
kaping wolulase sunu |
kuwalon lamun si biyang |
uwus kêlakon salulut |
kajabèku nora kêna |
amayuh padha sadulur ||
7. Myang kaponakaning garwa |
datanapi bibèkipun |
saka bapa saha biyung |
winayuh padha tan kêna |
Mas Cêbolang nêmbah matur |
kang kenging amalènana |
paran katêranganipun ||
8. Kulup sababe dumadya |
amalèni pan têtêlu |
kang dingin karabatipun |
kaya ta bapa myang êmbah |
sadulur anak sadulur |
lan paman saka ing bapa |
paman uwa saking babu ||
9. Kalawan anake lanang |
paman saking bapa babu |
kalawan anake jalu |
paman uwa saking bapa |
ingkang pancêr saking jalu |
kabèh malènana |
samonèku kudu urut ||
10. Kapindhone jalma ingkang |
amardikakakên èstu |
ing amate kang satuhu |
ping têtune sri narendra |
sabab ngadame puniku |
karabat kabèh tan liya |
iki ta upamènipun ||
11. Sudarmane wus tan ana |
nanging kaki maksih hidhup |
iku dadi walinipun |
bapa kaki wus palastra |
sadulure lanang iku |
sadulur lanang tan ana |
sêdulare bapakipun ||
12. Nir kang sadulure bapa |
kaponakan miwah putu |
saka sadulure kakung |
atanapi paman uwa |
nak sanake bapakipun |

saturute iku kêna |
yèn tan ana sadayèku ||

13. Lagi nyandhak janma ingkang |
amardikakakên èstri |
ing amate kang satuhu |
lire iku sri narendra |
Mas Cêbolang malih matur |
kang dados guguring ningkah |
ingkang pundi warninipun ||
14. Kulup upama kang lanang |
edan miwah lara budhug |
utawa bêlang kalangkung |
nganti (ng)gigokkên manah |
kang tan na sumênènipun |
iku wadone pan kêna |
anglêpasna ingkang jalu ||
15. Lan maninge lamun priya |
tugêl pajalêranipun |
utawa lara pêluh |
kawit sadurunge krama |
winênangkên wadonipun |
anglêpasna ingkang lanang |
pratela marang ing kukum ||
16. Timbangane yèn wanita |
mangka ana cêlanipun |
edan lawan lara budhug |
bêlang karya gigu ing tyas |
katutup pawèstrinipun |
dening daging lawan tosan |
pinêgata uwus kusus ||
17. Sarta tan lawan tinalak |
yèn (ng)gonne mangkono mau |
sawuse klakon kadukul |
maskawine wajib bayar |
kalamun durung pulanghyun |
maskawin tan susah bayar |
yèn ngudur katur ing kukum ||
18. Matur nêmbah Mas Cêbolang |
rapak paran artosipun |
maha wiku lingira rum |
kalamun ana wanodya |
lami tinilar ing kakung |
tan sinungan sandhang pangan |
panggonan myang tan salulut ||
19. Banjur matur ing parentah |
nyaritakkên ananipun |
ngêntèni dhawuhing kukum |

Jilid 2 - Kaca : 55

puniku kang linakonan |
nuwun mênggah jangkêpipun |
patrap uruting pratingkah |
kang kalimrah ing prajagung ||

20. Maha wiku angandika |
kulup utamaning kakung |
angarêpkên wadon kudu |
ingkang kanggonan catur |
asli apik anom ayu |
asli karêpe kang gênah |
bibite turut rahayu ||
21. Cacat kang pêrlu tan ana |
lawan kang wus rêsik tuhu |
pira bara prawan kêncur |
watêke lamun pêputra |
tan anglingsêmakên kalbu |
anom umuring wanita |
tan ngungkuli marang kakung ||
22. Watake yèn kalah yuswa |
kurang rêsêpe kang kalbu |
lawan kurang sukanipun |
apik marang ing pambêkan |
watêke numrapi iku |
marang kadang prasanakan |
datanapi marang batur ||
23. Utawa sarating ningkah |
pan lilima kathahipun |
ingkang dhingin ijab kabul |
kapindhone wali lanang |
katêlu pangantèn kakung |
kapat pangantèn wanita |
ping lima saksi loro wus ||
24. Utawa sarating ningkah |
pan lilima kathaipun |
ingkang dhingin ijab kabul |
kapindhone wali lanang |
katêlu pangantèn kakung |
kapat pangantèn wanita |
ping lima saksi loro wus ||
25. Lamun wali nora bisa |
ningkakhên pribadi iku |
angrêsaya maring kaum |
utawa marang ngulama |
kang wus winênangkên iku |
aningkakhên sasama |
patrape mangkene kulup ||
26. Pangantèn lanang nêng wetan |

Jilid 2 - Kaca : 56

angarêpakên pangulu |
wali nêng loring pangulu |
saksi loro anêng kanan |
wusing miranti salarum |
kiyai wali nulya jawab |
marang kiyai pangulu ||

27. Mangkene wali lingira |
nêdha kiyai pangulu |
kula ngrêsaya satuhu |
dhumatêng ijêngandika |
ningkahakên anakulun |
wadon aran Anu rara |
angsal lawan bagus Anu ||
28. Kalawan maskawin slaka |
pêthak satail wratipun |
kinêncèng tuwin kasambut |
kula èstu sampun suka |
Ki pangulu sawusipun |
nampèni wali turira |
wicantên mring mantèn kakung ||
29. Bagus Anu jêngandika |
tampèni paningkahipun |
rara Anu anakipun |
wadon Ki Anu kalawan |
maskawin salaka pingul |
bobot satail punapa |
kinêncèng tuwin kasambut ||
30. Ki pangantèn aturira |
maskawin kawula sambut |
Ki Pangulu gya umatur |
mring wali kauningana |
yèn maskawin dipun sambut |
Ki Pangulu nulya (n)donga |
salisir maca tangawud ||

104. Salisir

1. Iya angudubilahi |
minas saetanirajin |
bismillah rahmani rakim |
bismillah walkamduli ||
2. -Lahi rabilalamina |
wasalatu wasalamu |
ala Rusulilahi sa |
-lalahu ngalaihi wa ||
3. -Slam usikum ngibadalah |
wanafsihi takuwalah |
anikahakên kawula |
ing rara Anu punika ||

4. Anak wadone Ki Anu |
ing jêngandika mas Anu |
kalawan maskawin slaka putih |
satail kang bobotira ||
5. Ingkang jêngandika sambut |
jêngandika angucapa |
ki pangantèn aturira |
nuwun inggih gya angucap ||
6. Nuwun narima kawula |
paningkahe rara Anu |
ing kawula kalawan mas |
-kawin slaka pêthak mulya ||
7. Pan satail bobotira |
kawula sambut punika |
ki pangulu wusing myarsa |
wa barakal awit (n)donga ||
8. Tangawud lajêng bismilah |
nulya (n)donga allohuma |
alip lam alaeta |
bainal mai batinna ||
9. Allahuma tawil ngumur |
rahuma wa sakih aji |
sadahuma wanawira |
kulubahuma wa sabit ||
10. Innama huma wa aksin |
akamala huma wa wasih |
arjaka huma wa ilahi |
kaerikia riba huma ||
11. Fiddini wal dunya wal a |
-akhirah iinaka ngala |
kulli sain kodir tamat |
paragating ingkang donga ||
12. Ki saksi nulya wacana |
ki pangantèn dhawuh nata |
jêngandika angèstokna |
manawi ijêngandika ||
13. Nambang rabi jêngandika |
(m)bok rara Anu punika |
pitung sasi lakon dharat |
rong tahun nabrang samodra ||
14. Saliyane nglakonana |
ayahan dalêm sri nata |
tan trimane bojo (n)dika |

Jilid 2 - Kaca : 57

inggih bok Anu punika ||

15. Bapak dhumatêng ing kakim |
andika lajêng ngrêntahna |
ing talak (n)dika satunggal |
myang bayar maskawinira ||
16. Ki pangantèn aturira |
sandika gya sasalaman |
mring pangulu myang saksinya |
tuwin ujung para tuwa ||
17. Lawan kulup kawruhana |
wali pangulu saksinya |
kudu wong kang wus diwasa |
kang sartane datan mawa ||
18. Cacat atanapi lara |
kaya kang kasêbut ngarsa |
kalamun nora mangkana |
sarate pancèn tan kêna ||
19. Mas Cêbolang duk miyarsa |
mangênjali ris turira |
nuwun bilih makatêna |
kajawi karsa paduka ||
20. Sêkawan pisan punika |
kula pêgat sapunika |
talak satunggal kewala |
punapa sampun sakeca ||
21. Mêsêm ri sang maha tapa |
iya wus padha sarasa |
konên mreng garwanira |
wus mentar kang sinung sabda ||
22. Sakawan pisan mangarsa |
maha wiku ris ngandika |
rara kabèh kawruhana |
ing samêngko lakinira ||
23. Arsa mentar alêlana |
tan karwan kang sinêdya |
mula sira ing samangkya |
sami pinêgat sadaya ||
24. Sarta asung maskawinnya |
rêntah talake sajuga |
jro idah samangsa-mangsa |
bali mreng banjur kêna ||
25. (m)Balèni sira sadaya |
datan ana kara-kara |

Jilid 2 - Kaca : 58

mula padha dinarima |
susuwunên ing Hyang Suksma ||

26. Aja nganti lawas-lawas |
gèk baliya amongraras |
tyasmu aja ana uwas |
sakawan sarêng mangaras ||
27. Kawula amung sadêrmi |
ngêmban dhawuhe sang yogi |
yèn kenging kula gendholi |
têtêpa wontên ing riki ||
28. Mas Cêbolang lon lingira |
yayi tan pantara lama |
ulun wangsul mring asrama |
tan bêtah anilar sira ||
29. Mung kang gêdhe apuranta |
pra garwa arawat waspa |
Mas Cêbolang gya ngabêktya |
marang risang maha tapa ||
30. Garwa catur gantya-gantya |
ngabêkti mring kakungira |
santri sakawan mangarsa |
wus sami pamit sadaya ||
31. Rampunging punang bicara |
Mas Cêbolang lèngsèr sigra |
tumurun saking ing arga |
santri catur nèng wurinya ||
32. Pra garwa kantong anggana |
kucêm sunaring nayana |
kadi tinilar antaka |
pinupus karsaning Suksma ||
33. Nêngna kang kantong nèng arga |
yata wau lampahira |
Mas Cêbolang kang winarna |
datansah sabil ing nala ||
34. Datan ana kang kacipta |
amung kang kantong ing arga |
mawèh gung lara wigêna |
dadya rêndhêt lampahira ||
35. Ing lampah kalunta-lunta |
wus angancik wanawasa |
kathah sawara kapiyarsa |
sang anom lêjar tyasira ||

10 Lampahipun mangidul dumugi candhi Barabudhur. Sasanpunipun ningali
candhi Barabudhur sarta Mëndut, sami nglajêngakên lampah dhatêng

105. Sinom

1. Marmaning Hyang Maha Nasa |
supe kang kantun nèng wukir |
tan andimpe lampahira |
kalamun prapta ing candhi |
agêng tinon rêspati |
anama ing Barabudhur |
inggih candhi pra Buda |
kathah rêca agêng alit |
sumewa lir angganing kang para Buda ||
2. Anjêngêr Ki Mas Cêbolang |
myang rencang sakawan santri |
miyat candhi agêng pelag |
kang kinarya sela langking |
lir banon rimbaganing |
wit ngandhap tumèkèng pucuk |
ingukir gêgambaran |
tundha pitu tuhu adi |
ngandhap candhi kinubêngan rêca-rêca ||
3. Agêng alit warna-warna |
wontên ingkang sirah paksi |
sirah macan sirah liman |
sirah buron amêpêki |
ana kang sirah jalmi |
ngadêg atanapi lungguh |
jèngkèng myang sila-tumpang |
ana kang kadi sêmèdi |
ana ingkang ngêmbat langkap mandhi gada ||
4. Salêsih miyat ing rêca |
candhi nulya dèninggahi |
wus prapta ing palataran |
anon gambar kang nèng ringgit |
têpung-gêlang ngubêngi |
linajêngkên inggahipun |
antuk kalih tataran |
ingubêngan têpung tapis |
linajêngkên minggah mring tataran tiga ||
5. Ingubêngan têpung-gêlang |
tapis lajêng minggah malih |
praptèng tataran sakawan |
sawusira angubêngi |
aso sadaya sami |
Mas Cêbolang lingira rum |
rèh wus sêrap Hyang Surya |
prayoga aso kariyin |
mêngko bêngi nginêp ing kene kewala ||

6. Ing ratri datan winarna |
 sawusnya Hyang Arka mijil |
 winangsulan dènnya miyat |
 saubêngan punang candhi |
 kathah rêca gêng alit |
 sadaya samya kinurung |
 ing sela têrancangan |
 tapis dènnira ningali |
 minggah malih margi mrapat praptèng pucak ||
7. Ngancik ing tataran gangsal |
 isèn-isènira sami |
 lan tatar tundha sakawan |
 kaot andhap sawatawis |
 myang wijar datan sami |
 saya minggah mindhak ciyut |
 wus mubêng têpung-gêlang |
 lajêng minggah malih prapti |
 tatar nènêm lajêng minggah tatar sapta ||
8. Umiyat kurungan sela |
 tinarancang alus rêmit |
 nglêbête kurungan sela |
 isi rêca gêng satunggil |
 nanging panggarapnèki |
 kintên-kintên dèrèng rampung |
 saranduning sarira |
 kathah kang dèrèng cinawi |
 kang samya myat langkung eram ing wardaya ||
9. Mas Cêbolang angandika |
 paran darunane iki |
 rêca agung tur nèng pucak |
 têka tan langkêp ing warni |
 yèn pancèn durung dadi |
 iku bangêt mokalipun |
 baya pancèn jinarag |
 êmbuh karêpe kang kardi |
 mara padha udakaranên ing driya ||
10. Santri catur aturira |
 kawula sami tan bangkit |
 (ng)gayuh karsane kang yasa |
 Nurwtri turira aris |
 kakang tan uwis-uwis |
 (ng)gonku dhêlêg-dhêlêg gumun |
 miyat kang gambar-gambar |
 kang anèng sela raringgit |
 garap rêmit tuhu bangkit kang ayasa ||
11. Cikar tinarik ing gajah |
 kang nunggangi baya aji |
 apêse kae kapala |
 awit nganggo dènpayungi |

Jilid 2 - Kaca : 60

kalawan ana maning |
prau layar konthing jungkung |
ana kang nunggang gajah |
ana kang anunggang wajik |
pinayungan ingiring prajurit dharat ||

12. Ana janma nganggo êlar |
ana wadon dhapur ngêmis |
wurine rare kumêrap |
ana nunggang tandhu joli |
gambar kewan mêmêgi |
iwèn lawan manuk-manuk |
iwak loh warna-warna |
kayon kêmbang wisma wukir |
dak ucapna sadina mangsa rampunga ||

13. Wangune iku sadaya |
pancèn ana critanèki |
êmbuh jamane dhèk Buda |
kang pinirid-pirid warni |
ana kang ngandhani |
iba sukane tyasingsun |
Mas Cêbolang ngandika |
cocog lir gagasan mami |
kuciwane tan ana kang tinakonan ||

14. Dangu kèndêl anèng pucak |
ngalela ing Tidhar wukir |
kawuryan sênêning arga |
kukuwunge anêlahi |
èngêt kusumèng ardi |
satêmah agandrung gandrung |
sinamar sabil ing tyas |
wusana lingira aris |
payo padha tumurun ywa tunggal marga ||

15. Marga kang wetan Saloka |
margi kidul Palakarti |
marga kulon Kartipala |
kang lor aku lan Nurwitri |
saenake lumaris |
praptane ing tundha catur |
ing kono pakumpulan |
èndi kang prapta rumiyin |
ngantènana dadi barêng udhunira ||

16. Wus linggar saka ing pucak |
tan angêmpal ingkang margi |
sarêng prapta catur tundha |
kumpul aso sawatawis |
[. . .] |
[. . .] |
[. . .] |
linajêngkên lampahnèki |

17. Sarêngan janma sajuga |
Saloka tatanya aris |
ki sanak kang nêmbè panggya |
jêngandika saking pundi |
kang tinanya mangsuli |
kula saking candhi Mëndut |
kang katingal punika |
prêlu amung aningali |
lah kantuna kula (n)dumugèkkên lampah ||
18. Mas Cêbolang angandika |
payo padha aningali |
tandya lampahira prapta |
anèng sangandhaping candhi |
nginggil ing pucak lancip |
pasagi kêplêng kang wangun |
lir masigit sinawang |
sela krêsna kang kinardi |
pan ingukir pinatra gambar sêkaran ||
19. Gêgambaran warna-warna |
tan pae lawan ing candhi |
Barabudhur kang wus kocap |
ponang candhi dèn-ubêngi |
Cêbolang umiyat ing |
sajuga wiwara agung |
lir wiwaraning guwa |
rêsik gasik krisik limit |
linêbêtan santri sakawan tan pisah ||
20. Pra samya kagyat umiyat |
rêca gêng inggil nglangkungi |
lungguh ngajêngkên wiwara |
sela wêtah kang kinardi |
ing kanan miwah kering |
mèpèt pagêr manggènipun |
rêca lit anyatunggal |
trimurti wastanirèki |
wusing miyat linajêngkên lèbêtira ||
21. Kadi nèng sajroning wisma |
jarambah sela waradin |
payon sela tanpa saka |
sumêblak sarwa gumrining |
maring tyas narambahi |
ênêng madhêp ing Hyang Agung |
tan ana kang karasa |
amung nikmat kang pinanggih |
kaya-kaya lumuh lamun yèn mêtala ||
22. Sêpi paningal pamyarsa |
mung maruta silir-silir |

mawèh tèntrêming sarira |
ratri sipêng nèng jro candhi |
mijiling Sang Hyang Rawi |
wus mèdal sadayanipun |
lajêng ing lampahira |
ing ênu datan winarni |
ngancik tlatah têtênging karaton Jawa ||

23. Nagri agung ing Mataram |
gêmah ripah pasir wukir |
wingit tata tur raharja |
kang jumênêng narapati |
wali-yolah mumpuni |
kyating rat (n)Jêng Sultan Agung |
Prabu Nyakrakusuma |
kang minangka patih (n)jawi |
mantrimuka Adipati Mandaraka ||

24. Pangulu Amat Katègan |
jaksa nama Jurukithing |
tumênggung Sujanapura |
pujangganira nagari |
patih lèbêt (m)bawani |
ran tumênggung Singaranu |
wau Ki Mas Cèbolang |
kalawan sakawan santri |
(n)jujug anèng pamodinan pakauman ||

11 III. Ing Mataram angsal kawruh warni-warni

Mas Cèbolang dalah para santrinipun mondhok ing griyanipun abdidalêm modin Ki Amat Têngara ing Kauman, anakipun warandha mlarat, lajêng sakalangkung akrab kadosdene kulawarga piyambak. Mas Cèbolang nyukani angsal-angsal kathah lan mawarni-warni ingkang dumados saking mangunah. kaca 62-63.

Jilid 2 - Kaca : 62

25. Wismane Amat Têngara |
yèku abdidalêm modin |
taruna maksih jajaka |
ingêmong biyangirèki |
samy eca nèng panti |
kagyat mirêng kula nuwun |
Têngara sigra mèdal |
praptèng (n)jawi wus pinanggih |
gupuh-gupuh ingacaran manjing wisma ||

26. Satata anèng jarambah |
biyange milya manggihi |
Ki Têngara manambroma |
kisanak kang nêmbè prapti |
ulun atur basuki |
myang sintên kakashipun |
ing pundi kadalêman |
miwah kang sinêdyèng kapti |

Mas Cêbolang mèsêm manis sung wangsulan ||

27. Kalangkung panuwun kula |
panêmbamanipun adhi |
nama kula Ki Cêbolang |
rencang ingkang wontên wingking |
Ki Saloka Nurwitri |
Palakarti tiganipun |
sakawan Kartipala |
saking ing Cilacap nagri |
sêdya namung badhe sumêrêp Mataram ||
28. Dèrèng gadhah têtêpangan |
pramila bilih marêngi |
kula nyuwun sih andika |
amondhok wontên ing riki |
bilih sampun udani |
karaton (n)Jêng sang aprabu |
miwah ningali liman |
tuwin mriyêm Nyi Sêtomi |
kalilana lajêng (n)dumugèkkên lampah ||
29. Ki Têngara latah-latah |
aduh sampun walangati |
nadyan langkunga sawulan |
ki raka wontên ing riki |
saèstu ingkang rayi |
dahat sukarênèng kalbu |
kula kang nêdahêna |
dhumatêng ing pundi-pundi |
Cêbolang ling sokur lamun makatêna ||
30. Punika klêrês punapa |
èstri kang tumut manggihi |
ki wisma ngling biyang kula |
êmbok asunga pambagi |
sanadyan nêmbè panggihi |
rasane atiku biyung |
tumèmbêl kadi kadang |
ora ilok lamun lamis |
(m)bok Têngara alon wijiling wacana ||
31. Anak-anak sadayanya |
sami katuran basuki |
wontên sudhunge pun biyang |
kang liningan saur pêksi |
pangèstunta kapundhi |
rahayu sadayanipun |
Nyi Têngara gya mentar |
mingak-minguk klithah-klithih |
yun sasêgah jatine tan paran-paran ||
32. Mas Cêbolang datan samar |
kalèjêmira nyi panti |
nulya ngêdalkên mangumah |

sêkul lêmêng anèng upih |
pès-pèsan tambra abrit |
lêmêngan sidhat myang kutuk |
dhèndhèng ulam mênjangan |
asinan kidang nèng klênthing |
gèsèk-gramèh sambêl windu uyah lêmbat ||

Jilid 2 - Kaca : 63

33. Jênang dodol jênang nangka |
jênang durèn jênang jiwit |
sabun têtung sabun pisan |
jêram kêprok dhuku manggis |
kokosan kêpêl wangi |
pêlêm sêngir dodol madu |
sayuran brambang bawang |
gêndhis arèn bubuk kopi |
ètèh jawa gêndhis klapa arum pêthak ||
34. Antigan ayam myang kamal |
pinindhang lan traos abrit |
acar timun lombok bawang |
uwos gaga pêthak abrit |
kêndhil cèrèt têngagi |
kêndhil kwali enthong irus |
cêthing têtungan sata |
tapsirih pênuh miranti |
kêba mendhong isi kalobot bêsutan ||
35. Kalasa batu plajêngan |
mangkok piring panjang cangkir |
wusing samapta sadaya |
dhêrèk nèng jawining panti |
Mas Cêbolang lingnya ris |
paduka tampèni biyung |
angsal-angsal sapala |
nolèh maring catur santri |
samyâ mêdal nglêbêtakên angsal-angsal ||
36. Kêbak ing sajroning wisma |
mlongo dhêlêg nyai panti |
Mas Cêbolang sigra (m)bikak |
kêpèk isi sinjang lurik |
lawan badhe kulambi |
abrit cêmêng miwah wungu |
ingaturkên ki wisma |
adhi pun kakang nyukani |
sinjang lurik gègandhèngan lan pun biyang ||

106. Kinanthi

1. Êmbok ing salêbêtipun |
kula mondhok wontên riki |
kalawan rencang sakawan |
sasêgahan ywa ginalih |
ing sawontêne kewala |

anggêpên batih pribadi ||

2. Ywa darbe rikuh-pakewuh |
ing sakarsanta prayogi |
punika kang angsal-angsal |
saèstune kula darmi |
muhung dadya lalantaran |
paringe Hyang Maha Sukci ||
3. Bêrkah dalêm (n)Jêng Sinuhun |
kang liningan lingira ris |
e sokur Alkamdulilah |
kula tan sagêd mangsuli |
barokah wus binikakan |
ngandhar-andhar angêbêki ||
4. Pinunjungkên lurahipun |
kyai pangulu myang kêtib |
ngulama miwah têtangga |
ngiras angaturi uning |
kapondhokan tiyang manca |
saking ing Cilacap nagri ||

12 Jiyarah ing pasareyanipun Panêmbahan Senapati ing sawingking mêsjid
agêng. ...
kaca 64-66.

Jilid 2 - Kaca : 64

5. Laminya datan cinatur |
dènnya nèng nagri Mantawis |
sabên Ki Amat Têngara |
ingundang mitranirèki |
miwah kanca prasanakan |
tanapi pra luhur Jawi ||
6. Tilawatan Amaulud |
tuwin amaos Prajanji |
Ki Cêbolang atut wuntat |
kalawan sakawan santri |
lamun mawi tarêbangan |
Cêbolang lawan Nurwitri ||
7. Panarêbangira bêsus |
dhasar warnanira sigit |
swara landhung arum rênyah |
warna angrêsêpkên ati |
Mas Cêbolang ing samangkya |
wus kathah wanuhanèki ||
8. Amat Têngara sampulur |
rijêkinira amintir |
pawèwèhe para mitra |
tuwin kang sami paparing |
dadya nora kakirangan |

kang binukti sabên ari ||

9. Sadhengaha marganipun |
kamurahaning Hyang Widdhi |
wanci ngajêngakên Asar |
ki modin maring ing masjid |
Cêbolang sarencangira |
tumutur marang ing masjid ||
10. Sawuse bêdhug tinabuh |
têngara sêmbahyang Ngasri |
sabakdane wêktu Ngasar |
abdidalêm bêkêl kêtib |
ngrasuk samir manggul talam |
isi sêkar ratus wangi ||
11. Mas Cêbolang atanya rum |
lah adhi nika punapi |
kang binêkta sinongsongan |
talam tinutupan putih |
ingampil kêtib ngulama |
sadaya sami umiring ||
12. Kakang sampun adatipun |
sabên malêm Jumngah ari |
anyêkari kang wus swarga |
Panêmbahan Senapati |
eyang dalêm kangjêng sultan |
sumare sawingking masjid ||
13. Adhi punapa panuju |
utawi manawi kenging |
kula badhe (n)dhèrèk sowan |
nyuwun barkah sapangating |
kang amutêr tanah Jawa |
kakang kalangkung utami ||
14. Sampun praptèng ngajêngipun |
gapura sakidul masjid |
rinarêngga asri pelag |
wangun mirip Majapait |
kuncine lawang binuka |
sarwi maos salawati ||
15. Ririh lalagonan kidung |
arum nyênyêt amimbuhi |
wingite kang pasareyan |
tan ana walang salisik |
mung swarane maca slawat |
ngalik-alik mawèh tistis ||
16. Sampun lumêbêt sadarum |
praptèng palataran wradin |
ayom kayoman kakaywan |

Jilid 2 - Kaca : 65

- nagasari tharik-tharik |
sisih kilèn cakêt lawan |
gapura kang kaping kalih ||
17. wontên bangsal alit bagus |
payon sirap kajêng bêsî |
kêtib ngulama sumewa |
nèng bangsal amangênjali |
maos salawat tan kêndhat |
kumêlun padupan wangi ||
18. Gapura binuka sampun |
lurah kêtib anèng ngarsi |
ingkang samya atut wuntat |
saranti lêbêtirèki |
praptèng sajroning gapura |
lampah dhodhok sadayèki ||
19. Kang nèng ngarsa kèndêl sampun |
makidhupuh mangênjali |
nulya abawa tahlilan |
binarung sakèh kang ngiring |
gumrênggêng angantak-antak |
yayah sundhul ing wiyati ||
20. Tahlilan sawusing rampung |
nulya (n)donga wanti-wanti |
amin rêmpêg kadi umbak |
paragating donga puji |
cungkup agung payon sirap |
tinutup gêbyog ingukir ||
21. Binatur ing sela pingul |
jarambah sela cêndhani |
wiwara sampun binuka |
sadaya samya marêki |
Mas Cêbolang ririh tanya |
sintên kang sumare adhi ||
22. wontên salêbêting cungkup |
ajajar tiga puniki |
kakang niku kang satunggal |
Kangjêng Nyai Agêng Ênis |
kang ibu Kyagêng Mantaram |
kang eyang (n)Jêng Senapati ||
23. Dene kang satunglipun |
pasareyanya (n)Jêng Gusti |
Pangeran Andayaprana |
cariyospun si kaki |
(n)Jêng Susunan Kalijaga |
de satunglipun malih ||
24. Sinêbut (n)Jêng Kiyai Dhatuk |
Palembang ingkang wêwangi |

(ng)gih punika Sultan Pajang |
kacriyos kala ing nguni |
wus sumare anèng Bêtah |
dipun êlih mring Mantawis ||

25. Kang wontên ing (n)daganipun |
punika Kyagêng Mantawis |
ngandhaping Kyagêng Mantaram |
Panêmbahan Senapati |
Ngalaga yasèng Mantaram |
dene ngandhapipun kêdhik ||

Jilid 2 - Kaca : 66

26. Sisih kilèn (n)Jêng Sinuhun |
Seda Krapyak awawangi |
kang sisih wetan punika |
(n)Jêng Kyai Juru Mêrtani |
nahan wusing sinêkaran |
tinutup sadaya mijil ||
27. Wangsul maring masjid agung |
sabakdane Ngisa nênggih |
samyantuk sowang-sowang |
Amat Têngara ki modin |
mantuk lawan tamunira |
dupi nêng marga kapanggih ||
28. Ki Mongtrustha lurahipun |
talèdhèk sajroning nagri |
Ki Among sru latah-latah |
basane kapasangyogi |
nak modin lan tamunira |
padha dak aturi kampir ||
29. Pinarak mring wismaulun |
prêlu amung tak jak bukti |
(m)bokmu olah lodhoh ayam |
pindhang sungsum lidhah anyir |
bubuk dhêle karotogan |
krupuk bangka lawan pêtis ||
30. Ki modin anolèh pungkur |
Mas Cêbolang wus atampi |
kula andhèrèk kewala |
ki modin angling suwawi |
sampun kerid lampahira |
praptèng paregolan (n)jawi ||
31. Para arum-arum mêtuk |
abusana gaganda mrik |
ingkang angliga sarira |
payudara maya kengis |
ririmongan ngore rema |
lêlewanira kinardi ||

32. Mawarna panganggenipun |
panjrah lir puspita mungging |
patamanan Argasoka |
Cêbolang atanya ririh |
punika pyantun punapa |
ayu-ayu warni-warni ||
33. Kakang punikèstri punjul |
kêkasih Hyang Udipaii |
upami jaman kaendran |
waranggana ing swarga di |
sarêng jaman ing Mataram |
punika kang nama ringgit ||
34. Sadhengaha ingkang ayun |
janji mawi srana picis |
pundi ingkang kinarsakna |
winênangkên nandhing milih |
kairas tuwin binêkta |
ing sak sayahipun kenging ||
35. Mas Cêbolang mèsêm manthuk |
pra arum samya nambuhi |
solah tanaga suwara |
(ng)garubyug wênèh (n)jajari |
praptèng wisma ingancaran |
pinarak munggèng pandhapi ||
36. Bujakramane lumintu |
datan liya kang ngladosi |
para apsari sadaya |
dhokoh nora wigah-wigih |
para tamu jrih tumingal |
tumungkul ambajong liring ||

13 Dipun-ampirakên Ki Amongtrustho, mirêngakên ungêling gangsa,
dipunladosi dening para tlèdhèk, angsal katrangan bab ulah-asmara,
pambukaning rahsaning wanita, nangèkakên napsu-asmara tuwin panyêgah
wêdaling rahsa. ...
kaca 66-70.

Jilid 2 - Kaca : 67

37. Kang kapanduk tyas kumêpyur |
ênar-ênir sênig-sênig |
riwe kumyus marawayan |
Ki Saloka Palakarti |
kalawan Ki Kartipala |
katrinya tumungkul êning ||
38. Ki Amongtrustha lingnya rum |
anggèr sampun mawi ajrih |
punika anak-anakan |
sanès yogangong pribadi |
tumênga Ki Mas Cêbolang |

tanya pintên kang pangarsi ||

39. Anggèr kalihdasa amung |
kang nate mungkasi kardi |
(m)bêdhah praja (m)tuk boyongan |
pun Anggrèk pun Nagasari |
pun Capaka Rukêm Kalak |
pun Dilêm Taluki Sruni ||
40. Wungu Landêp Pudhak Dhuru |
pun Jêlamprang Manis Nyinyir |
Mêlêm Landêp Bayi Thilang |
pun Ngidung ingkang mungkasi |
radi kuciwa ing wanda |
mung suwara awèh brangti ||

107. Asmaradana

1. Wusnya wanci lingsir ratri |
Ki Saloka Kartipala |
Palakarti katigane |
samyas aso mring modinan |
de para waranggana |
mantuk maring têngganipun |
sadhiya lamun kampirana ||
2. Kang kantun anèng pandhapi |
gunême tan ana kêmba |
gupruk gar-gêr sru gujênge |
Mas Cêbolang lon lingira |
Kiyai Amongtrustha |
paranta darunanipun |
pra apsari asih trêсна ||
3. Niku anak wontên kalih |
saking isarat myang tingkah |
kang kalêbêt tyasing wadon |
kasiyat saking pandhita |
Lukmanulyakin nama |
bab kêmate apulang-hyun |
dununge rasèng wanita ||
4. Ing dalêm saari-ratri |
awit suruping Hyang Arka |
tumêkèng pëndhak surupe |
rahsa angalih panggonan |
anut lampahing tanggal |
sapisan nêmbêlas gathuk |
têkèng tanggal tigangdasa ||
5. Lamun ayun pulang rêsmi |
anuju tanggal sapisan |
awit arasên bathuke |
tanggal pindho awit ngaras |
pupusêr tanggal tiga |
wiwit mijêt wêntisipun |

kanan kering karo pisan ||

6. Ping pat mijêt lêngên kalih |
kaping lima awit ngaras |
ing prêmbayun kalih cêcêg |
Ki Têngara Mas Cêbolang |
Nurwitri sami latah |
de tanggal kaping nênipun |
kawit ngaras slaning imba ||
7. Tanggal kaping pitu awit |
ngaras slaning payudara |
ping wolu ngaras lathine |
ing nginggil lawan ing ngandhap |
tanggale kaping sanga |
mijêt pupu kalhipun |
sarta angusap walikat ||
8. Tanggal ping sadasa awit |
garapên wêtênge ika |
ping sawlas ngaras granane |
ping rolas ngusap walikat |
tanggal ping tigawêlas |
wiwit angaras prêmbayun |
jumbuh lan tanggal ping lima ||
9. Kaping kawanwêlas wiwit |
ngaras lathi ngusap suryan |
ping gangsalwêlas wus pantog |
wiwit ngaras kalih imba |
puniku yèn linakyan |
kalangkung utamanipun |
awit punika wanita ||
10. Pakolèh rahsa kang luwih |
nikmat kalawan manpangat |
de kapêndêng panggonane |
dèn ungsir têtah glis mêdal |
katarik gunging trêсна |
pun wadon mring kakungipun |
tan darbe cipta liyanya ||
11. Trênyuh tyas mung ciptèng laki |
tamat kang saking prêtingkah |
wontên malih saking êmèl |
bilih nuju among raras |
punika kang winaca |
Alahuma jannibinus |
saetan mara jattana ||
12. Yèn badhe bêtah kêpati |
ron lêngundhi ron widurya |
myang babakan trênggulune |
pinipisa ingkang lêmbat |

Jilid 2 - Kaca : 68

ginalintir inguntal |
lah punika èsmunipun |
winaca ping kalih wêlas ||

13. Kumala sahaheka di |
kun payakun ilaika |
datuka muka natane |
-ka Allahuma yamuka |
nunujra rumnya ala |
huyamuka datbiramu |
ika sangkrama rakiman ||
14. Yêkti kuwat dakarnèki |
sartane tan nuntên mêdal |
wontên mèl pangampêt manèh |
kaol saking tiyang sabrang |
bilih ayun sahuwat |
winacaa kaping têlu |
yêkti dangu wêdalira ||
15. Ari panas rênggang bumi |
ari hujan rapêt kisma |
utawi dènusapake |
marang darbèking wanita |
rapêt kadi parawan |
yèn arsa miyoskên gupuh |
mung winalik êmèlira ||
16. Pami botên akaronsih |
nanging sagêd trusing rahsa |
amung gêmriming mundrine |
pinidih niki mëlira |
kunta ngalai mukadas |
brai mung punika sampun |
yêkti kumyus marawayan ||
17. Utamine sahuwati |
lawan wadone priyangga |
aywa raosan salire |
tuwin ywa angalêmbana |
sakawit amaosa |
tangawud sawuse putus |
lajêng maos Bissêmilah ||
18. Hirakêmanirakimin |
nuntên amaos rabana |
rabini rabi inni-ne |
wêdaling kang punang rahsa |
(m)bun-bunan tiniyupa |
ywa ambêkan kaping têlu |
ing batin maos punika ||
19. Bismilah rahmanir rahkim |
macan putih ana (n)dhadha |

Jilid 2 - Kaca : 69

- umêtu banyu uripe |
ing urip sajroning toya |
lailaha ilolahu |
Mukhamad Rasulolahu |
wontên malih sarat-sarat ||
20. Mawi lapal sinêrat ing |
dhaharan ron dalancang |
punika anak wêrdine |
parimbonira binuka |
sadaya samya miyat |
katrinya anurun guyup |
winantu sukaning driya ||
21. Mas Cêbolang tanya malih |
èstri mrih saekapraya |
kadiparan ing sarate |
Amongtrustha mèsêm lingnya |
anak pratingkah kasar |
ing sawusira pulang hyun |
têka kèndêlna kewala ||
22. Aywa nganggo dènbersihi |
nulya kagêm rambah-rambah |
marang wong wadon sanèse |
sadaya ingkang kaambah |
adat kang wus kalakyan |
nadyan nganti èstri wolu |
sadaya anunggal karsa ||
23. wontên ingkang alus malih |
pangèdhêpan pangasiyan |
miwah saeka kaptine |
ananging punika sarat |
kêdah mangsuk ing angga |
sadhengaha tingkahipun |
watone klêbêt padharan ||
24. Kumpule kêrokan dhiri |
wontên kalihwlas pangenan |
pasung myang kalamênjinge |
kukulung ati kalawan |
kêkèlèk kalihira |
tuwin têtukaning sikut |
ingkang têngên miwah kiwa ||
25. Têtukan gèl-ugèl kalih |
èpèk-èpèk kalih pisan |
slaning jêmpol asta karo |
kalawan kalih walakang |
têtukan dhêngkul samya |
tunggak kalih myang slanipun |
jêmpolan suku kalihnya ||
26. Jangkêp kalihwêlas warni |

nulya winoran kalawan |
ing rahsane pribadine |
wus kumpul dadya satunggal |
tinrap pèk-èpèk kiwa |
asta kanan ngudhêg gupuh |
maos Ya Allah Mukhamad ||

Jilid 2 - Kaca : 70

27. La makbuda ilolahi |
la nujudda ilolaha |
ping tiga nulya winorke |
dhaharan myang (n)juk-unjukan |
ingasungakên marang |
pun êndi kang dadya kalbu |
Insa Allah asih trêsna ||
28. Taksih kathah ingkang warni |
nanging punika wus cêkap |
winantu lawan bêgjane |
sadaya nuwun turira |
wus wanci gagat enjang |
Amongtrustha lingira rum |
prayoga sami bibaran ||
29. Tamu katri minta pamit |
wus linilan lèngsèr sigra |
sapraptanira ing pondhok |
ngaliyêp amung sakêdhap |
satanginging anendra |
Ki Cêbolang lingira rum |
adhi wawi miyat liman ||
30. Ki modin angling prayogi |
sawusnya nadhah sarapan |
sigra mentar lan tamune |
prapta lun-alun pêngkêran |
(n)jujug ing pawantilan |
umiyat dipangga jalu |
gadhing pêthak sêmu jênar ||
31. Agêng inggil lêma klimis |
Cêbolang tanya kisanak |
dipangga sintên namane |
srati Gajahsura lingnya |
kagungan dalêm liman |
paring dalêm (n)Jêng Sinuhun |
nama Kyai Brajamuka ||
32. Sadangunira ningali |
anyukani kang têtêdhan |
kalapa têbu pisange |
satêlase kang tatêdhan |
kang samya anon liman |
linajêngkên lampahipun |

arsa aningali sima ||

33. Mèdal jroning balowarti |
anjog wetan siti bêtart |
prapta alun-alun êlèr |
pojok ingkang kidul wetan |
prênahe kandhang sima |
kinarangkèng glugu bakuh |
datan dangu miyat sima ||
34. Mèdalira amiyarsi |
swara gumrènggèng tan kèndhat |
Mas Cèbolang tatanya lon |
adhi swaraning punapa |
kang gumrènggèng punika |
lah kakang kumandhangipun |
pèkèn agung ambrêmara ||
35. Wawi adhi aningali |
dupi wus prapta ing pasar |
kalangkung eram driyane |
kathahe wong wawadayan |
miwah ingkang têtumbas |
jêjêl-uyêl suk ingêsuk |
nanging tan na sangsayangya ||
36. Mas Cèbolang tumbas kêris |
lêrês pamor bêras wutah |
rêgi gangsal reyal kropyok |
tanya adhi dhapur napa |
ki modin tan uninga |
wawi kakang sami mucung |
mampir dhumatêng Pandheyan ||

14 Siyangipun ningali gajah, mantukipun mampir pèkèn tumbas dhuwung, mila lajêng mampir ing griyanipun êmpu Ki Anom ingkang suka katrangan bab dhuwung, wiwit bagiyang-bagiyang awaking dhuwung, wujuding dhuwung êluk sarta lurus êluk 3.5.7. lan sapiturutipun dumugi luk 29, katêrangakèn tangguh lan tayuhipun sarta watak-wataking pamor, kasambêt katrangan bab tumbak ingkang luk sarta lurus. ... kaca 71-89.

Jilid 2 - Kaca : 71

108. Pocung

1. Gantya wau ki êmpu ingkang kajujuk |
Ki Anom Mantaram |
anèng Bêsalèn nunggoni |
para wadu kang samya anambutkarya ||
2. Miyat lamun ki modin ambêkta tamu |
gupuh ingandikan |
wus pinarak nèng pandhapi |
Kyai Anom langkung sukanirèng driya ||
3. Wicara rum padha saka ngèndi kulup |

- ngênthêng-anthêng prapta |
kang liningan matur aris |
saking pêkên angatêrakên pun kakang ||
4. Mas Cêbolang kala wau tumbas dhuwung |
lêrês taksih wêtah |
tanya tangguh dhapurnèki |
kula kirang têrang mila lajêng sowan ||
5. Dhuwung sampun katur gya ingunus gupuh |
dangu tiningalan |
iki tangguh Majapait |
dhapur Bêthok êmpune Ki Jaka Sura ||
6. Seje catur bangêt (ng)gonku ngayun-ayun |
modin tamunira |
kampire ing wisma-mami |
babasane iki ta kapasangyoga ||
7. Modin matur sadèrènge tumbas dhuwung |
manut manah kula |
adrêng badhe sowan kyai |
kula wêdharakên pun kakang Cêbolang ||
8. Têka dhaup inggih makatên ing kayun |
mawi kawêwahan |
tumbas curiga puniki |
mila tandya angênêr sowan paduka ||
9. Kyai Anom aparentah marang wadu |
wedang lan nyamikan |
paudutan lan tapsirih |
ladèkêna kalawan sira tutura ||
10. Marang nyai sadhiya mangan lan tamu |
kang sinung ling sigra |
mring gandhok pinanggih nyai |
wus samêkta sunggata lumadyèng ngarsa ||
11. Kyai wisma nyarakkên sunggatanipun |
lah anak sumangga |
sawontênipun sinambi |
kang sinung ling rahap rêseping wardaya ||
12. Kèndêl bêdhug panataning nadhah sampun |
angaturi wikan |
ki wisma wacana aris |
(m)bok andika (n)dadak nyadhiyani nêdha ||
13. Rêh wus wanci prayogine sami kêmbul |
ki modin Cêbolang |
lawan rencang catur santri |
sampun kerid marang gandhok ingkang wetan ||

Jilid 2 - Kaca : 72

14. Wus tuturuh dènnira nadhah pikantuk |
ambêng cinarikan |
Cêbolang sajroning bukti |
kang ginagas tan liyan amung curiga ||
15. Anak bagus mangke sontên mawon mantuk |
ki modin turira |
kula kewala rumiyin |
kalilana mantuk awit wontên karya ||
16. Cêbolang ling padha dhèrèkna sadarum |
pan ingong priyanga |
kang kèri ngadhêp kiyai |
wus kalilan kantun Cêbolang kewala ||
17. Lon umatur wontêna barkah pikulun |
paring sasêrêpan |
wijang-wijangipun nami |
bab curiga dhapur tuwin sasikutan ||
18. Kyai Anom mèsêm angandika arum |
èh anak majua |
diparêk kalawan nami |
wusnya maju Ki Anom amêdhar sabda ||
19. Ngasta dhuwung rinucat parobotipun |
anak piyarsakna |
sakawit kang aran pêsi |
kang dumunung anèng bongkoting curiga ||
20. Kurang luwih gêdhene sajênthik amung |
dawane satêbah |
utawane patang nyari |
iku ingkang kaanjingan ing landheyan ||
21. Yèn wus gênging utawa kabanjur putus |
mangka sinambungan |
apadene disusuli |
klêbu cacat iku ingaran srumbungan ||
22. Ganja iku uga nèng pungkasan (n)duwur |
manjing pêsi ika |
mathis lan wilahing kêris |
ana ingkang iras utawa susulan ||
23. De wujud ana papat warna kulup |
kang aran tinatah |
katumrapan intên rukmi |
pinêtha lung myang pinetha gajah singa ||
24. Ganja sêkar nglela katon pamoripun |
dhuwur kering kanan |
ganja maskumambang kaki |
ingkang nganggo pamor mung (n)duwur kewala ||

25. Ganja wulung balêjêd waja sadarum |
tan mawi tinatah |
miwah pamor nora mawi |
de dhapure ganja ana sangang warna ||
26. Sêbit-rotan sawiji kaol rannipun |
iya sêbit rontal |
kadi panjalin sinêbit |
kaya roning tal sinêbitêna uga ||
27. Dwi wandaning cêcak wus ngaranni iku |
tri têtèk wandanya |
kacature ucêng-mati |
panca nyangkêm-kodhok sad dhungkul namanya ||
28. Sapta wêlut astha kêlap-lintah iku |
kêlawane sêpang |
tanpa sirah ngarêp (m)huri |
dawa padha têrkadhang dawa kang ngarsa ||
29. Wilah lamun nganggo mas sasamènipun |
aranne sarasah |
lamun tanpa pamor kaki |
iya iku kang aran pangawak waja ||
30. Gandhik iku dumunung nèng ngisoripun |
sirahing kang ganja |
kayadene punang gandhik |
lambe gajah anèng gandhik duningira ||
31. Warninipun lir lambening gathu muthu |
jalèn dunungira |
anèng pungkasaning gandhik |
lir angkuping jagung jali warnanira ||
32. Kadhang ana (n)dhuwur kadhang nèng jronipun |
kang ran sêkar-kacang |
de kêmbang-kacang puniki |
dumunung ing ngandhaping gandhik warnanya ||
33. Anylêkunthêng tumêka sangandhapipun |
ing lambening gajah |
kang ran jenggot dunungnèki |
nèng bongkoting kêmbang-kacang dhapur lir dha ||
- [2]
34. Kang ingaran pejetan dumunungipun |
wuri gandhik ika |
de kang aran tikêlalis |
dunungipun anèng ngisoring pejetan ||
35. Kang ingaran sogokan dumunungipun |
madyaning sor-soran |
ngalèn nganan ngering ngarsi |

Jilid 2 - Kaca : 73

kang ing bongkot apan bungkul wasthanira ||

36. Lamun bundêr ingaran bawang-sabungkul |
kang aran sraweyan |
nèng ngisoring ganja wuri |
dhapur kadi gusèning wuri sogokan ||

Jilid 2 - Kaca : 74

109. Pangkur

1. Kang ingaran êri pandhan |
mêthit ganja nèng ngandhap dunungnèki |
lir sirah êma puniku |
thingil ngandhap ri-pandhan |
grènèng uga nèng ngandhap ri-pandhan iku |
dhapur kadi aksara dha |
tumurun rupane sami ||
2. Kang ingaran ada-ada |
kang dumunung ing têngah bènêr kêris |
ing sor-soran têkèng pucuk |
dhapure kadi sada |
gusèn iku pinggir wilah dunungipun |
ing wuri miwah ing ngarsa |
saking sor-soran witnèki ||
3. Nganti mèh tumêkèng pucak |
de kang aran kruwingan dunungnèki |
nèng ngarsa myang wingkingipun |
kang aran ada-ada |
ironing gusèn lêkok wrata wujudipun |
wit sorsoran têkèng pucak |
dene ingkang aran êlis ||
4. Dumunung ana ing ngarsa |
utawane dumunung anèng wuri |
wujud lêkok wiyaripun |
kurang luwih sasada |
amung iku riricikane kang dhuwung |
Cêbolang aris turira |
pamor punika kang pundi ||
5. Iku ingkang anèng ganja |
anèng wilah wujude gilap putih |
lamun kurang putihipun |
pamor bugis rannira |
pan pinindha-pindha utawa dhinapur |
kang aran wêngkon punika |
mung saêlêr turut pinggir ||
6. Pamor adêg dalah têngah |
miwah pinggir lir wêngkon patrapnèki |
rambut-paradhah puniku |
lir adêg nanging enggak |
simbarpucang kaya adêg isthanipun |
nanging mangering manganan |

rawe-rawe amantêsi ||

7. Balarak-wirit winarna |
lir balarak masih nêng bongkotnèki |
ron dhuru kadi ron dhuru |
ran walang-sinundukan |
kayadene walang rinèntèng puniku |
kêmbang-lampês kêmbang-pala |
warnane iku pinirid ||
8. Gêndhagan kadi bathikan |
kang ingaran gêndhagan iku sami |
de pamor-tambal puniku |
apinggir winêngkonan |
wit sorsoran tumêkanira ing pucuk |
sadalêmok mawi sêkar |
sadalêmok datan mawi ||
9. Bê nang-satugêl lir tambal |
kacèke mung tan nganggo dènwêngkoni |
pamor tigang warna iku |
adêg bêbakunira |
nanging wuwuh pamor rong warna puniku |
dadi ana têlung rupa |
bêras-wutah kang winarni ||
10. Pamor tan nganggo dênarah |
kadi (ng)gyanning bêras kang kocar-kacir |
ing sawêtu-wêtunipun |
kang èdi winêngkonan |
wêtuning kang kabèh pamor kang dumunung |
nêng kêris tanapi ganja |
puniku kudu tinitik ||
11. Ana kang karya cilaka |
ana ingkang luhung ambasukèni |
ana kang (n)jalari luhur |
nambahi kawangtêran |
mlêpês ing tyas ana amburêngkên kalbu |
nanging arang kang uninga |
tranging pamor waja wêsi ||
12. Iku tan sawiyah janma |
bisa nitik awon lan pênêtnèki |
dumunung janma linuhung |
kang putus waskithèng tyas |
maring wêsi pamor lawan waja iku |
nora susah myat kang warna |
cinritakkên bae bangkit ||
13. Angarani bêcik ala |
tangguh dhapur datan mindho-gawèni |
kulup sêlot-sêlotipun |
winantu ing idayat |

Jilid 2 - Kaca : 75

Mas Cêbolang matur wontên pamor mrambut |
gajih lawon pamor sanak |
myang barodhol kadi pundi ||

14. Kang ran mrambut kawruhana |
patrap miring lêmbut wêtunirèki |
gajih jêmblok wujudipun |
patrape amalumah |
pamor sanak sambêt-sambêtan mandhukul |
de barodhol pamor ingkang |
nyahak pucuk lawan pinggir ||
15. Inggang winastan sikutan |
tuwin tangguh punika ingkang pundi |
kulup sikutan puniku |
lalaguning garapan |
lawan wanda ulat-ulataning dhuwung |
tangguh iku kira-kira |
awit sikutan pinirid ||
16. Nitik pamor wêsi waja |
inggang pèrlu tabêri ninitèni |
èstu yèn widagdèng tangguh |
sarèhning kira-kira |
kadhang nyamlêng tarkadhang kirane luput |
iki waton kawujudan |
kang wus ulun uningani ||
17. Kang tinangguh Pajajaran |
sasikutan kaku dhasare garing |
pamor ing sawêtunipun |
tancêp pandhês alêmbat |
tangguh Majapait wingit sêmunipun |
parigêl lumêr kang dhasar |
garing biru sawatawis ||
18. Pamor tancêp pandhês ngawat |
mangkya tangguh Blambangan kang winarni |
dhèmês pasikutanipun |
wêsi tlês sawatara |
pamor gajih nanging pandhês tancêpipun |
tangguh Sidayu gumantya |
sikutan dhèmês sakêdhik ||
19. Wêsi têtês kurang gwaya |
pamor kurang kumambang tancêpnèki |
tangguh ing Tuban winuwus |
sêdhêng kang pasikutan |
wêsi gangsing pamor mandhês munggal patut |
tangguh ing Sêndhang sikutan |
wagu têtês punang wêsi ||
20. Pamore iku kumambang |
tangguh Dêmak sikutanipun wingit |

Jilid 2 - Kaca : 76

wêsine têtês puniku |
pamorira kumambang |
tangguh Pajang kêmba pasikutanipun |
odhol gangsing wêsinira |
pamor tan dènupakardi ||

21. Sawêdalira priyanga |
dene tangguh Koripan dènwastani |
sikutan kêmba tan sêmu |
mung gangsing wêsinira |
pamor adêg kang akèh sanak puniku |
kalamun tangguh Madura |
sikutan dhèmês mantêsi ||
22. Wêsi kêngkêng matêng ladak |
pamor mungal akèh ingkang anggali |
kêras landhêp grayangipun |
tan watak kurang sêpuh |
para tugêl lamun tinêmpuh pakewuh |
yèn tangguh ing Ngèksiganda |
iya ing samangke iki ||
23. Iku ana loro rupa |
ing Mataram Senapati winarni |
sikutan prigêl srêng bagus |
wêsi biru sêmunya |
garing alus pamor pandhês tancêpipun |
angawat kêncêng tur kêras |
tan ana kang nguciwani ||
24. Karsa dalêm sri narendra |
yèn iyasa wangkingan kaya iki |
dhuwung wus tinampèn gupuh |
kalawan Mas Cêbolang |
tingalan sasikutan dhèmês bagus |
amung wêsi radi mêtah |
pamor kathah mubyar putih ||
25. Tamat dènnira mariksa |
katur wangsul Cêbolang matur aris |
mênggah kang winastan dhapur |
sintên ingkang iyasa |
punapa (ng)gih kala awit-awitipun |
ingkang iyasa curiga |
dhapurnya wus dènpêpaki ||
26. Tuwin sintên ingkang (ng)garap |
Kyai Anom mèsêm wacana aris |
anak pitakonmu iku |
dakjujug nalikanya |
jumênênge risang Dhêstharastra Prabu |
binathara ing Ngastina |
wus ana dhapure kêris ||

Jilid 2 - Kaca : 77

27. Nanging mung sangalas warna |
 iya iku ran dhapur Pasopati |
 Sêmpana Krajan Carubuk |
 Lar-ngatap Cundrik Sêpang |
 Jalak-dinding Bango-dholok Yuyurumpung |
 Tilam-upih Bakung Santan |
 Balebang Kalamisani ||
28. Patrêm Kêbo-lajêr Singa |
 sangalase Sêmpani amungkasi |
 Sang Adhastharastra Prabu |
 karsa yasa curiga |
 amêwahi dhapur Bêthok aranipun |
 kang anggarap Êmpu Mayang |
 nalikane angka warsi ||
29. Pitung atus slawe ika |
 barêng têkan ing taun angkanèki |
 pitung atus patang puluh |
 wowolu sirahira |
 tanah Jawa kacrita ana prang agung |
 ingaran prang Bratayuda |
 jalaran rêbut nagari ||
30. Korawa lawan Pandhawa |
 cêkakane Korawa kang katitih |
 Pandhawa pêrange unggul |
 iku sakèh gagaman |
 wusing sirna lête wus satus rong taun |
 saka aprang Bratayuda |
 sagung ingkang para aji ||
31. Padha wit yasa gagaman |
 warna nurut gagaman kang wus ênir |
 amung dhapur kang dhuwung |
 kang tansah wêwah-wêwah |
 sabên ratu tartamtu ayasa dhuwung |
 aniru dhapur kang lawas |
 atanapi amuwuhi ||
32. Wuwuhing dhapur winarna |
 awit kala panjênênganira ji |
 risang Gêndrayana Prabu |
 ngadhaton ing Mamênang |
 amuwuhi iyasa dhapuring dhuwung |
 sawiji dhapur Pandhawa |
 lorone Karna-tinandhing ||
33. Têlu dhapur Bima-kurdha |
 kang anggarap aran Êmpu Yamadi |
 angka taun wolung atus |
 pitulikur luwihnya |
 sang aprabu Citrasoma kang ngadhatun |
 ing Pêngging uga iyasa |

34. Siji ran Rara-siduwa |
kalih dhapur Megantara kang akardi |
êmpu Gadawisesèku |
marêngi taun angka |
sangang atus patang-puluh siji iku |
kala panjênêngan nata |
Mahapunggung Sri bupati ||
35. Ngadhaton Purwacarita |
yasa dhapur Carita Cengkronng tuwin |
Urubing-damar kang dhapur |
lawan Paniwèn ingkang |
(ng)garap Êmpu Sarpadewa arannipun |
marêngi angkaning warsa |
sèwu sawidak kakalih ||
36. Kala panjênêngan nata |
Prabu Lêmbumilulur kang mandhiri |
ing Jênggala praja agung |
yasa dhapur curtga |
Panji-sêkar Carangsoka Sinom amung |
kang anggarap Êmpu Jangga |
lan êmpu Windusarpa-di ||
37. Marêngi angkaning warsa |
sèwu satus sangalas langkungnèki |
sang Prabu Suryamiluhur |
iku Radèn Laleyan |
pindhah nagri Pajajaran yasa dhuwung |
dhapur Baronjol kang (ng)garap |
Êmpu Windu Sarpa nênggih ||
38. Nalika angkaning warsa |
sèwu satus pitungpuluh tan luwih |
kala panjênênganipun |
Prabu Banjaransêkar |
angadhaton Pajajaran yasa dhapur |
Parung-sari Tilam-sêkar |
tiga dhapur Tilam-upih ||
39. Êmpu Andaya Jênggala |
panggarape kala angkaning warsi |
sèwu satus asthapuluh |
nênêm sisirahira |
panjênêngan naranata sang aprabu |
Mundhingsari Pajajaran |
yasa dhapur Wora-wari ||
40. Lan dhapur Sinom kang (ng)garap |
êmpu Ajadsari duk angka warsi |
nênggih sèwu kalihatus |
wolulikur langkungnya |

panjênêngan Sri Pamêkas sang aprabu |
ing nagara Pajajaran |
muwuhi dhapuring kêris ||

41. Jalak-ngore Crita-klenthang |
kang anggarap aran êmpu Anjani |
pinuju angkaning taun |
sèwu dwitus sawidak |
panjênêngan Siyungwanara sang prabu |
uga nagri Pajajaran |
mamanis iyasa kêris ||

Jilid 2 - Kaca : 79

110. Dhandhanggula

1. Amuwuhi dhapuring kang kêris |
Jangkung myang Pandhawa-cinarita |
Ki Marcukundha êmpune |
lan Ki Macan Ki Kuwung |
panggarape duk angka warsi |
sèwu dwitus kalawan |
wolungdasa catur |
kala panjênêngan nata |
Brawijaya kapisan ing Majapait |
muwuhi dhapur katga ||
2. Amangkurat Mangkunagarèki |
Jalak-sangu Tumpêng lan Jalak |
-sumêlang Gêndring êmpune |
angkaning taun iku |
panggawene duk angka warsi |
sèwu triatus tiga |
panjênênganipun |
nata Prabu Brawijaya |
kang mêmaksi karaton ing Majapait |
iyasa dhapur katga ||
3. Nagasasra Butaijo tuwin |
Sabuk-intên Mênjarang Jaruman |
Sêpokal myang Anomane |
Panibal êmpunipun |
êmpu Dhome duk angka warsi |
sèwu triatus lawan |
wulungpuluh iku |
kala panjênêngan nata |
Sah-ing Akbar Ngalam ing Dêmak miwiti |
jamane kawaliyan ||
4. Guruning kang Wali Sanga nami |
Sunan Bonang iyasa curiga |
dhapur Sangkêlat aranne |
êmpu Sura kang (ng)gêbug |
panggarape duk angka warsi |
sèwu caturtus lawan |
nênggih sangalikul |
panutup Wali (n)Jêng Sunan |

Kalijaga iyasa dhapuring kêris |
Kidangsoka Balebang ||

5. Êmpu Jaka Sura kang akardi |
panggarape kala angka warsa |
sèwu triatus punjule |
pan asthadasa catur |
tamat ingkang samya mêwahi |
dhapure kang curiga |
têkèng mangke kulup |
iyasa namung panulad |
kang wis-uwis tan iyasa dhapur malih |
iku caritanira ||
6. Ki Cêbolang matur aminta sih |
mênggah ingkang dados panêngêran |
dhapur criga sadayane |
lêrês utawi êluk |
miwah waos lah kadi pundi |
Ki Anom angandika |
panêngêranipun |
saka prabot kang wus kocap |
dakwiwiti saka kêris bènêr kaki |
iki piyarsakêna ||
7. Dhapur Panjianom kang winarni |
nganggo sogokan lawan sraweyan |
grènèng myang tikêl-alise |
Jaka-tuwa kang dhapur |
tikêl-alis sogokan mawi |
Tilam-upih kang awak |
Bêthok kanang dhapur |
awake cêndhak tur amba |
gandhik dawa warna datan ngrêspatèni |
tikêl-alise cêkak ||
8. Dhapur Karna-tinandhiug dwi gandhik |
tikêl-ulis anganggo sogokan |
pejetan kêmbang-kacange |
ing ngarsa miwah pungkur |
grènèng êri-pandhan mêpaki |
dhapur Sêmar-bêbêthak |
gandhik tinatah lung |
sorring gandhik binolongan |
dhapur Regol dwi gandhik ing gigir thingil |
sarta nganggo pejetan ||
9. Gantya ingkang dhapnur Kêbo-têki |
wilah cêndhak amba kêmbang-kacang |
têtêlu lambe-gajahe |
mawa grènèng ing pungkur |
dhapur Jalak-nguwuh winarni |
gugusèn ada-ada |
pejetan myang pungkur |

Jilid 2 - Kaca : 80

mawa thêngil mangkya gantya |
punang dhapur Sêmpani ingkang winarni |
amawa kêmbang-kacang ||

10. Tikêl-alis êri-pandhan mawi |
dhapur Jamang-murub kang gumantya |
sogokan pinêkak rêke |
lan nganggo alis iku |
mungguh dhapur Tumênggung aming |
lambe-gajah sajuga |
kêmbang kacang sinung |
myang mawa grènèng saweyan |
dhapur Tilamupih parabote nênggih |
tikêl-alis kewala ||
11. Nahan ingkang dhapur Pasopati |
lambe-gajah sajuga sogokan |
apogog kêmbang-kacange |
gugusèn ganêpipun |
nanging ana gusèn tan mawi |
ri-pandhan nora tilar |
dhapur Condhong-campur |
lambe-gajah kêmbang-kacang |
grènèng gusèn sogokan ing ngarsa wuri |
tumêkèng pucuk pisan ||
12. Dhapur Jalak-dinding kang winarni |
gusèn pejetan thêngil ing wuntat |
gantya dhapur Jalak-ngore |
saweyan grènèng amung |
Jalak-sangu tumpêng tan mawi |
sogokan myang saweyan |
thingile tan kantong |
gantya kang dhapur Mêndarang |
kêmbang-kacang lambe-gajah mung sawiji |
sogokan lan saweyan ||
13. Lawan nganggo garènèng ing wuri |
dhapur Mèsêm mawa kêmbang-kacang |
sajuga lambe-gajahe |
dhapur Sêmara-tinandhu |
kêmbang-kacang sungsun kakalih |
lawan nganggo sogokan |
Rontêki kang dhapur |
gandhik dawa kêmbang-kacang |
lambe-gajah rangkêp sogokan sawiji |
muhung ngarêp kewala ||
14. Sujèn-nampèl-wulu wilahnèki |
rada kandêl mawa kêmbang-kacang |
sawiji lambe-gajahe |
rangkêp jajênggotipun |
êri-pandhan arangkêp ugi |
de dhapur Kêlap-lintah |

Jilid 2 - Kaca : 81

- kêdhik prabotipun |
akêncêng sarwa pasaja |
gandhik panjang awak kadya Tilamupih |
sarta nganggo sogokan ||
15. Yuyu-rumpung wilah angèmpêri |
pêdhang suduk ganja Kêlap-lintah |
Brojol tan ana prabote |
maligi ambalujud |
Lalêr-mêngêng dawa kang gandhik |
binolong tatêrusan |
kêmbang-kacang amung |
pindha gêgatra kewala |
dhapur Puthut gandhik dawa têngah mawi |
pinindha dwijawara ||
16. Dhapur Jalak-sumêlang anggandring |
sogokan sawiji anèng ngarsa |
sraweyan thêngil wurine |
ingkang Mangkurat dhapur |
gusèn ramping sogokan mawi |
ri-pandhan wuri ngarsa |
ing sorsoran rawuh |
dhapur Mayat-miring awak |
bêngkuk gusèn sogokan amung sawiji |
ing wingking gigir kaga ||
17. Kalam-munyêng sogokan sawiji |
saraweyan ri pandhan ing wuntat |
dhapur Pinarak awake |
pindha kang pêdhang suduk |
gandhik panjang sogokan kalih |
dhapur Marak sogokan |
sajuga ing ngayun |
mawi garènèng ing wuntat |
dhapur Jalak-tilamsari gusèn kruwing |
nganggo thêngil ing wuntat ||
18. Dhapur Tilamsari gusèn kruwing |
dhapur Jalak-lola ujung ngarsa |
dhapur Wora-wari kuwe |
mung gêrban kabèh dhuwung |
nora êluk gugusèn mawi |
Wora-wari arannya |
kêris madha dhapur |
langkêp abagus kang warna |
kang sawiji dhapur Sinom arannèki |
Kalamisani dwi-nya ||
19. Dhapur Sinom lambe-gajah siji |
kêmbang-kacang jenggot tikêl-imba |
sogokan saraweyane |
êri-pandhan ing pungkur |
ingkang dhapur Kalamisani |
kakalih lambe-gajah |

kêmbang kacang mungguh |
tikêl-alis myang sogokan |
grènèng gusèn kinaruwing ngrêspatèni |
dhuwung lèrês wus tamat ||

20. Gantya dhapuring dhuwung luk katri |
dhapur Jangkung-pacar kang winarna |
kakalih lambe-gajahe |
kêmbang-kacang bris sinung |
sogokannya dumugi pêthit |
dhapur Maesa-soka |
lambe-gajah satu |
kêmbang-kacang jêjenggotan |
sasogokan uga tumêka ing pêthit |
padha lan jangkung pacar ||

Jilid 2 - Kaca : 82

21. Dhapur Mesa-nêmpuh amung mawi |
grènèng wingking dhapur dhuwung wuntat |
nglimpa tumêkèng pucuke |
dhapur Mayat puniku |
kêmbang-kacang sogokan wingking |
sraweyan êri-pandhan |
garènèng ing pungkur |
dhapur Jangkung kêmbang-kacang |
gula milir sogokan tumêkèng pêthit |
êri-pandhan ing wuntat ||

22. Dhapur Têbu-sauyun ginupit |
saraweyan garènèng ing wuntat |
ingkang dhapur Bango-dholog |
lambe-gajah dwi iku |
kêmbang-kacang gêgêr kêkalih |
apan papak kewala |
gantya ingkang dhapur |
manglar-munya Gandhik-naga |
tuwin Gajah-pêthik Sawêr-êlar-paksi |
sungsun ingkang ri-pandhan ||

23. Dhapur Campur-bawur anganggo bris |
bongkot pucuk abênêr kewala |
amung nèng têngah êluke |
sogokanira bagus |
dhapur Jladri winotan nênggih |
kêmbang-kacang jenggotan |
sasogokanipun |
kang dhapur Êlêr sajuga |
têkèng pucuk dhapur Jangkung cinitrèki |
rangkêp lambening-gajah ||

24. Kêmbang-kacang nganggo tikêl-alis |
sasogokan pejetan sraweyan |
ri-pandhan thingil grènènge |
tamat dhapur tri êluk |
mangkya gantya dhapuring kêris |

luk lima kang kinandha |
sinêrasah dhapur |
têngah nganggo ada-ada |
pinggir gusèn sarasah tumêkèng pêthit |
kêmbang-kacang ri pandhan ||

25. Dhapur Pudhak-satêgal winarni |
kêmbang-kacang sogokan sraweyan |
pinêkak sor-êsorane |
dhapur Pulanggêni ku |
saraweyan grènèng ing wuri |
gantya dhapur Pandhawa |
sêkar-kacang sinung |
sasogokan myang sraweyan |
êri-pandhan dhapur Anoman winarni |
lambe-gajah sajuga ||
26. Kêmbang kacang sogokan dumugi |
marang pucuk (n)jalirid rêspatya |
dhapur Kêbo-dhêngên rêke |
ganja Klap-lintah iku |
lambe-gajah amung sawiji |
gandhike rada dawa |
kêmbang-kacang sinung |
gantya dhapur Kalanadhah |
sasogokan ananging namung sasisih |
saraweyan ri pandhan ||
27. Dhapur Pandhawa-rare puniki |
lambe-gajah lamba kêmbang-kacang |
ri pandhan kêmbang êluke |
Urap-urap kang dhapur |
kêmbang-kacang cupêt mantêsi |
rangkêp kang sasogokan |
gusèn alis sinung |
dhapur a-Naga-salira |
gandhik pindha asu ajag lidhah mijil |
mangap lir ayun mangsa ||
28. Dhapur Kêbo-dhêndhêng dènwastani |
sogokan kabalongsong sadaya |
Pandhawa-cinarita-ne |
dwi lambe-gajahipun |
kêmbang kacang atikêl-alis |
sogokan pêpejetan |
saraweyan sinung |
grènèng gusèn myang kruwingan |
kêris êluk lima dhapure wis titi |
gantya kang winursita ||
29. Dhapur kêris luk pitu ginupit |
ingkang dhingin adhapur Balebang |
sawiji lambe-gajahe |
kêmbang-kacang myang sinung |

Jilid 2 - Kaca : 83

- sêsogokan saweyan wingking |
 dhapur Murma-malela |
 lambe gajah satu |
 miwah sinung kêmbang-kacang |
 dhapur Crubuk lambe-gajahe sawiji |
 kêmbang kacang saweyan ||
30. Lawan sinung garènèng ing wuri |
 dhapur Jaran-goyang mung pejetan |
 banjur nganggo thêthingile |
 dhapur Naga-kras iku |
 kêmbang-kacang garènèng mawi |
 sinungsun myang sor-soran |
 pinindha ron êlung |
 ana kang tinrapan êmas |
 gantya dhapur Sêmpana punjul kang gandhik |
 malang nganggo saweyan ||
31. Myang saweyan ri-pandhan ananging |
 tikêl-alis apan tan sinungan |
 dhapur Sêmpana-bungkêm-e |
 kêmbang-kacang tan têrus |
 uga tanpa kang tikêl-alis |
 dhapur Critakasapta |
 lambe gajah dwiku |
 kêmbang-kacang myang sogokan |
 tikêl-alis grènèng myang sogokan tuwin |
 gusèn nganggo kruwingan ||
32. Êluk pitu wus tamat gumanti |
 dhapur ingkang kêris êluk sanga |
 dhapur Kidang-mas prabote |
 garènèng êri amung |
 dhapur Panjisêkar winarni |
 pugut kang kêmbang-kacang |
 sosogokan sinung |
 saraweyan myang ri-pandhan |
 kanang dhapur Sêmpana lambe gajah ji |
 (m)bang-kacang grènèng wuntat ||
33. Dhapur Jaruman sogokan mawi |
 saraweyan dhapur Jrudèh apan |
 sawiji lambe-gajahe |
 kêmbang-kacang myang sinung |
 sasogokan gantya winarni |
 dhapur Paniwèn apan |
 kêmbang-kacangipun |
 jugag sogokan saweyan |
 gantya dhapur Panimbal lambe-gajah dwi |
 kêmbang kacang sogokan ||
34. Myang saweyan garènèng ing wuri |
 gantya ingkang dhapur Kidang-soka |
 lambe gajah kakalihe |

kêmbang-kacang pan sinung |
saraweyan ri-pandhan wuri |
kang dhapur Carang-soka |
lambe-gajahipun |
siji nganggo kêmbang-kacang |
saraweyan mawa êri-pandhan wuri |
de dhapur Sabuk-tampar ||

35. Inggang lambe-gajah mung sawiji |
kêmbang-kacang sogokan saweyan |
nganggo ri-pandhan yêktine |
Buta-ijo kang dhapur |
kêmbang-kacang sogokan mawi |
ri-pandhan saraweyan |
gantya ingkang dhapur |
Sêmpana-kalenthang ika |
nganggo kêmbang-kacang miwah tikêl-alis |
tanapi êri-pandhan ||

36. Dhapur Crita-kanawa winarni |
kakalih kang lambene-dwipangga |
(m)bang-kacang tikêl-alise |
mawa sogokan iku |
saraweyan grènèng mantêsi |
gusèn miwah kruwingan |
tamat dhuwung êluk |
sasanga ing dhapurira |
mangke gantya luk sawêlas dhapuring kris |
gambuh ingkang curiga ||

111. Gambuh

1. Carita-bungkêm dhapur |
kêmbang-kacang bungkêm datan têrus |
dhapur Crita pasaja lambening-èsthi |
kakalih puniku amung |
datan nganggo liyan prabot ||
2. Crita-kaprabon dhapur |
lambe-gajah kakalih puniku |
sarta nganggo kêmbang-kacang tikêl-alis |
sogokan saweyanipun |
grènèng gusèn kruwing munggo ||
3. Crita-dalêman dhapur |
mung sawiji lambe-gajahipun |
uga nganggo kêmbang-kacang tikêl-alis |
sogokan saweyanipun |
grènèng gusèn kruwing jenggot ||
4. Sabuk-intên kang dhapur |
lambe-gajah pan sajuga namung |
kêmbang-kacang sogokan saweyan mawi |
êri-pandhan gantya dhapur |
Cluring-regol kawin rêko ||

5. Kêrêp gilig ing pucuk |
kêmbang-kacang sasogokan sinung |
dhapur Crita-gènèngan luk bongkot awis |
ing pucuk kêkêr kang êluk |
kêmbang-kacang ajêjenggot ||

Jilid 2 - Kaca : 85

6. Sogokan ri pandhan wus |
dhapur Crita-gandhu kang winuwus |
êluk kêmbang-kacang anganggo bris |
sraweyan ri-pandhan amung |
dhapur Sabuk-tali rêko ||

7. Lir regol punang êluk |
sasogokan sawiji ing ngayun |
saraweyan dhapur Jaka-wuru nênggih |
pejetan ri-pandhan namung |
luk triwlas mangkya kacriyos ||

8. Awit Caluring dhapur |
saraweyan (m)bang ri-pandhan amung |
dhapur Sangklat lambe gajah mung sawiji |
kêmbang-kacang jenggot mungguh |
tikêl-alis myang sasogok ||

9. Pejelan sraweyan nung |
grènèng miwah èri-pandhanipun |
dhapur Johan mangan kala ula milir |
sogokan garènèng uwus |
Nagasasra winiraos ||

10. Pêthite têkèng pucuk |
grènèng sungsun gantya ingkang dhapur |
Parungsari lambene-gajah kakalih |
kêmbang-kacang jenggot sinung |
tikêl-alis myang sinogok ||

11. Pèjèt sraweyanipun |
grènèng èri-pandhan gusèn sinung |
karuwingan satuhu lamun rêspati |
triwêlas êluke bêsus |
kabagusan sêrêng mantog ||

12. Dhapur Kantar puniku |
mung sawiji lambe-gajahiyun |
kêmbang-kacang sogokan sajuga ngarsi |
lawan sraweyan ing pungkur |
dhapur Lunggadhung kacriyos ||

13. Siji lambene-blêdug |
kêmbang-kacang jenggote pinatut |
saraweyan banjur ri-pandhan wus lisning |
dhapur Sêpokal puniku |
muhung sraweyan êthok ||

14. Karawêlang kang dhapur |
kêmbang-kacangira apan pugut |
lambening kang gajah pan amung sawiji |
êri-pandhan miwah sinung |
arancangan kang kinaot ||
15. Naga-seluman dhapur |
ganja Kêlap-lintah gandhikipun |
dhapur Naga nanging tan na mawi pêthit |
dhapur Bima-kurdha iku |
sogokan sungsun kang jenggot ||
16. Ri-pandhan uga sungsun |
sarawtyan dhuwung ingkang êluk |
tigawêlas titi mangkya kang winarni |
dhapur ingkang dhuwung êluk |
gangsawêlas kacariyos ||
17. Carang-buntala dhapur |
lambe-gajah sawiji puniku |
kêmbang-kacang saweyan ri pandhan aming |
dhapur Sèdhêt lambenipun |
dipangga uga sawiyos ||
18. Kêmbang-kacang pan sinung |
sosogokan êri-pandhanipun |
dhapur Ragawilah lambe gajah siji |
kêmbang-kacang grènèng sampun |
dhapur Ragapasung gantos ||
19. Tikêl-alis grènèng mung |
dhapur Mesanabrang alisipun |
têkèng pucuk dhapur Crita-buntalèki |
kêmbang-kacang jenggot sinung |
saweyan ri pandhan pantog ||
20. Dhapuring kang kêris luk |
saptawêlas mangke kang winuwus |
kang rumuhun dhapur Ngampêr-buta nami |
mawa kêmbang kacang iku |
lambene-gajah sawiyos ||
21. Dhapur lancingan amung |
kêmbang-kacange sor-soranipun |
pan pinêkak luk sangalas kang gumanti |
dhapur Trimurda puniku |
amung tikêl-alis thothok ||
22. Dhuwung êluk salikur |
dhapur Kalatinantang puniku |
nganggo kêmbang-kacang lambe-gajah siji |
sasogokan grènèng sinung |
dhapur (n)Drajit winiraos ||

Jilid 2 - Kaca : 86

23. Dwi lambe-gajahipun |
 kêmbang-kacang saraweyan amung |
 mangkya dhapur Trisirah lambening-èsthi |
 lamba tikêl-alis sinung |
 sogokan luk slikur pantog ||
24. Luk salawe winuwus |
 dhapur Bima-kurdha lambenipun |
 gajah kalih kêmbang-kacang sarta mawi |
 sogokan ri-pandhan amung |
 luk salawe mung sawiyos ||
25. Kêris luk pitulikur |
 dhapur Taga-wirun wistanipun |
 lambenira-dwipangga apan akalih |
 (m)bang-kacang sogokan sinung |
 êri-pandhan uwus notog ||
26. Gantya dhapuring dhuwung |
 êluk sangalikul kang winuwus |
 dhapur Kalabêndu lambe-gajah kalih |
 (m)bang-kacang sogokan sinung |
 êri-pandhan kulup pantog ||
27. Nênggih dhapuring dhuwung |
 Mas Cêbolang alon aturipun |
 sakalangkung nuwun saha ulunpundhi |
 ywa tanggêl paring pituduh |
 mênggah dhapuring kang waos ||
28. Kang lèrês tuwin êluk |
 Kyai Anom mèsêm ngandika rum |
 kanang tumbak dhapure ya warni-warni |
 tumbak bènêr kang rumuhun |
 dhapure kang kacariyos ||
29. Dhapur Baru puniku |
 amba bongkot gêthêtan pan sinung |
 dhapur Baru-tropong (m)bêmbêng para gilig |
 dhapur Baru-kuping pucuk |
 gêthêtan anjêbèr bongkot ||
30. Baru-panatas dhapur |
 bongkot ada-ada gèpèng pucuk |
 dhapur Baru-tangtala gêthêtan kalih |
 awak gilig tênggèng pucuk |
 dhapur Cèkèl winiraos ||
31. Awak (m)bangkèk gusèn wus |
 dhapur Cèkèl baluluk winuwus |
 wak-awakan sawatara rada gilig |
 dene dhapur Sêkar-jantung |
 kruwangan gêthêtan manggon ||

Jilid 2 - Kaca : 87

32. Bêring-wadon kang dhapur |
 (m)bêmbêng gusèn ada-ada bagus |
 myang gêthêtan Bêring-lanangan winarni |
 bongkot pojokan gusèn wus |
 Bêring-drajit winiraos ||
33. Ri Pandhanira sungsun |
 myang kruwangan Sapit-tabon dhapur |
 anggêthêtan tanpa sungsun gapitnèki |
 dhapur Sapit-abon iku |
 gapit nusul (m)bêmbêng bêdhog ||
34. Dhapur Togog puniku |
 (m)bêmbêng gilig de kang Sadak dhapur |
 pêkakan tri ingkang dhapur Kudhup-mlathi |
 gilig tumêka ing pucuk |
 ananging lênggang kang bongkot ||
35. Kudhup-capaka dhapur |
 têngah gilig mêrit bedanipun |
 lênggang bongkot mangke gantya Kudhup-gambir |
 ada-ada ngadhal-busung |
 têngah gilig lênggang bongkot ||
36. Godhong-andong kang dhapur |
 apan urip ada-adanipun |
 ngadhal-mêtêng dhapur Bung-ampèl winarni |
 gilig ri pandhane sungsun |
 karuwingan asri tinon ||
37. Dhapur Godhong-pring iku |
 karuwingan (m)bêmbêng awakipun |
 sujèn-ampèl êri-pandhan sungsun gilig |
 gantya Tumpêr-ingas dhapur |
 gusèn pinêkak pitados ||
38. Ada-ada pinatut |
 pucuk gilig tamat ingkang dhapur |
 tumbak bènêr Mas Cêbolang matur aris |
 mênggah waos ingkang êluk |
 dhapurnya mugè kawiyo ||

Jilid 2 - Kaca : 88

112. Mijil

1. Tumbak êluk têlu kang winarni |
 dhapur Sapit-abon |
 pan gêthêtan anusul gapite |
 dhapur Pandhu ngisor naga kalih |
 awake manginggil |
 amêngkoni êluk ||
2. Dhapur Banyak-angrêm kang gumanti |
 anjêbèr ing bongkot |
 dhapur Sipat-kelor pêkakane |
 dene bongkot papak ngrêspatèni |

- apan datan lincip |
gantya ingkang dhapur ||
3. Butamèlèr gusèn grènèng ngrêmit |
ada-ada kaot |
binasakkên lumayu bongkote |
êluk lima ing mangkya ginupit |
dhapur Rangka mawi |
sogokan gusèn wus ||
4. Dhapur Cacing-kanil luknya awis |
gilig (n)jêbèr ngisor |
dhapur Doramênggala prabote |
têngah ada-ada awak gilig |
ngisor (n)jêbèr nanging |
papakan puniku ||
5. Dene ingkang dhapur Dara-dasih |
gilig (n)jêbèr ngisor |
pan pinêkak sarta nganggo grènèng |
ada-ada ing têngah mantêsi |
mangkya kang winarni |
dhapur Panggang-wêlut ||
6. Rengkol-rengkol gèpèng awaknèki |
Panggang-lele rengkol |
awak gèpèng nanging nganggo grènèng |
Sladha-asta rengkol pucuknèki |
têngah bènêr gilig |
gusèn grènèng satu ||
7. Êluk pitu mangkya kang gumanti |
dhapure kacriyos |
Megantara pan ada-adane |
amung têngah satugêl watawis |
grènènge sawiji |
mangkya ponang dhapur ||
8. Kradhan iku cilik miwah mêtir |
gantya winiraos |
dhapuring kang luk sanga waose |
nênggih dhapur Badhotan winarni |
lawan naga kalih |
lis ri-pandhanipun ||
9. Dhapur Trisula mawa pang kalih |
dadya katri waos |
dhapur Crita-anoman prabote |
nganggo êri-pandhan gusèn uwis |
ing mangkya gumanti |
sawêlas kang êluk ||
10. Dhapur Crita-anoman pan mawi |
dwi sogokan kaot |
sarta nganggo êri-pandhan gusèn |

dhapur Crita-blandhongan puniki |
parabot tan mawi |
mung amba (m)balujud ||

Jilid 2 - Kaca : 89

11. Dhapur Crita ri-pandhan ginusi |
tamat dhapur waos |
iya iku nora ana manèh |
mungguh dhapur lan tangguh kang uwis |
dak gèlarkên iki |
poma wêkasingsun ||
12. Lamun ana ingkang nyulayani |
êtutèn kemawon |
garêjêgan tan ana pêrlune |
bêcik ngalah ing basa sathithik |
malah olèh bathi |
tur nora kumruwuk ||
13. Mas Cêbolang matur mangênjali |
dhuh Kiyai Anom |
lumuntur ing sabda mring dasibe |
sakalangkung ulun pundhi-pundhi |
bingahe tyas mami |
(m)botên sagêd matur ||
14. Kacarita wus antara lami |
dènnira kêkepon |
nèng ngarsane risang Kyai Anèm |
sabên enjing mantuk lamun bukti |
bakda Ngisa bali |
kadhang nganti muput ||
15. Duk samana nèng pondhokan lagi |
Ki Amat lingnya lon |
mangke ratri kakang dipun purih |
pinarak mring wismane Kiyai |
Bawaraga miji |
pangrêbab puniku ||
16. Nyêtauni putunya pawèstri |
sru winantos-wantos |
lalênggahan ing sakaparênge |
mirêngakên kalênengan tuwin |
pangliking kang ringgit |
binarung swara rum ||
17. Inggih adhi saklangkung prayogi |
bakda Ngisa bodhol |
Ki Têngara kalawan tamune |
praptèng Bawaragan kyai panti |
gupuh ngacarani |
pinarnah (ng)gènnipun ||
18. Sinambroma ing wacana manis |

winantu kang sugoh |
samyah rahab sakèhe tamune |
miyarsakkên gêndhing Gambirsawit |
kang ngidung nyindhèni |
wilêt swara arum ||

19. Mas Cêbolang matur mring ki panti |
tobil (m)botên ilok |
lah punapi punika gêndhinge |
têka nyênyês têng sanubari |
wèh trênyuh kang myarsi |
mrinding wulu-ulun ||
20. Bawaraga latah amangsuli |
babo mitraningong |
Gambirsawit punika jênênge |
Mas Cêbolang matur mring ki panti |
paringa udani |
gêndhing manggènnipun ||
21. Cagak lênggah tinimbang ngraosi |
ing awoning uwong |
Bawaraga mèsêm lon dèlinge |
êngêt kula[22] manggèning kang gêndhing |
sêndhon pathêtnèki |
samyah ngênêmlikur ||

15 Dalunipun mêrtamu dhatêng Ki Bawaraga, abdidalêm lurah niyaga, angsal kawruh bab gangsa lan gêndhing sapêkikipun. ... kaca 89-91.

Jilid 2 - Kaca : 90

22. Sasêndhon nêmbong Abondhan-kinanthi |
Budhêng-budhêng Songkok |
Layu-layu Sêngkawa Pangawe |
Sêmang Rêbêng Lonhang Sambul gêndhing |
Rangu Kaduk-manis |
Mundhuk Mega-mêndhung ||
23. Karêng-karêng Kitamêng-gitaki |
nêng Paseban Kabor |
Sarayuda Sambul Talèdhèke |
Gonjang-anom Ladrang-mangu tuwin |
Gandrung-mangungkung-gring |
Ganggong Gobêt Rambu ||
24. Pathêt sanga Lonhang-kasmaran-di |
Wangsaguna Rondhon |
Danaraja Bontit Gègèr-sore |
Lala-gothang Ganggong Bawaragi |
Mandul Amalatsih |
Bondhèt Surung-dhayung ||
25. Onang-onang Mawur Gambirsawit |
Candra Kêncèng Barong |

Galompong myang Gêndrèh-kêmasan-ne |
Êla-êla Gandakusumadi |
gêndhing Longkèh tuwin |
Sumêdhang Sumèru ||

26. Sêndhon gangsal Muntap Candrasari |
Larajala Gondrong |
Taliwangsa Jalaga rêbabpe |
Sêmang-gita Glêndhèh Rarasati |
Plajêngan Pangrawit |
Babar-layar Tlutur ||
27. Singa-singa Gleyong ing panggali |
Jalaga bonang (n)don |
Kombangmara Gul-agul rêbabpe |
Kêmbang-mara Slebrak Daradasih |
Glêndhêng Klênthung Pêngasih |
[25] Brêmara Majêmu ||
28. Pathêt nênem Lara-nangis gêndhing |
Bêntar ing Kadhaton |
Karawitan Babak Prihatine |
Mara-sanja Kocak Kaduk-manis |
Ramyang Galondhang Pring |
-tunjung Kroban Guntur ||
29. Maskumambang Godhêg Titipati |
Gêndrèh-lêlana (n)jog |
Sêmukirang Lonhang Udan-sore |
Pêksi-bayan gan Wêdharpujanggi |
Mênyan-seta tuwin |
Jamba Sêmar-mantu ||
30. Sêndhon barang Wêdhi-kèngsêr Siring |
Ludira (n)Dhol-ondhol |
Cacatingrat Maraseba Bondhèt |
Sêmbur-adas Cangkêm Pramugara |
Jênthar Ladrang-manis |
Bèlèk Kuwung-kuwung ||
31. Sangu-mulya Rimong Gandrung-manis |
Badhaya Anggondrong |
pan Ludiramadura Gêndrèhe |
Êjong-mèru Babar-layar-nèki |
Parigêntang tuwin |
Tukung Lêmpung-gunung ||

16 Mèrtamu ing griyanipun Ki Madiaswa, abdidalêm panêgar, dipun sukani katrangan bab pangrèhing kapal kalêbêt anututakên kapal ingkang nakal utawi sakalangkung rongèh; ugi bab ulêsing kuda dalah watakipun lan sapanunggalanipun botên wontên ingkang kalangkungan. ... kaca 91-122.

Jilid 2 - Kaca : 91

32. Nahên pathêt manyura Têmiling |

Sèdhêt Pujangganom |
Talimurda Ramyang Kasmaranne |
Mèncêp Gonjang Galewang Sêmiring |
Randhat Damarkèli |
lagu Cucurbawuk ||

33. Dhalang-karainan Lambangsari |
Gandrungmangu Boyong |
Pujangganom Mandura Rênyêp-e |
Bujang-tawang Capang Lêmpung wukir |
Pre-nom Gayung-rindhik |
Lobong Pacarbanyu ||
34. Ènget kula punika wis titi |
Cêbolang lingnya lon |
satus sèkêt pipitu etange |
awit Pathêt Manyura myambaki |
langkungnya satunggil |
dados pitulikur ||
35. Lingsir ratri para tamu pamit |
wus linilan bodhol |
Mat Têngara kalawan tamune |
sampun mundur praptanirèng panti |
lajêng samya guling |
Ki Amat ngaruntuh ||
36. Enjangira satanginya guling |
gugusinya aboh |
Cêbolang ling paran darunane |
wau dalu ngaruntuh si adhi |
kakang sakit gigi |
gusi kula abuh ||
37. Kêmêng nguntar-untar langkung sakit |
Mas Cêbolang gupoh |
sung usada sêkar kêngane |
lawan sarêm dawêg niki adhi |
(n)dika mamah aglis |
bokmawawi tulung ||
38. Wus dènmamah ing sakala ênir |
sakit kang karaos |
gusi abuh cinoblos ri gêrèh |
rah (n)dalêdêg sanalika mari |
abuh miwah sakit |
lonthang-lonthang kantong ||

113. Lonthang

1. Kakang sampun |
datan wontên raosira |
lah sanyata |
usada Pêrmati tama |
Mas Cêbolang alon wijiling wacana ||

2. Inggih (n)dawêg |
 anyarêngi lawan mangsa |
 mênggah jampi |
 wau jodho saèstunya |
 datan kenging tinamtokkên wèh waluya ||
3. Adhi ulun |
 nyuwun sasêrêpan para |
 mitraningwang |
 kang anami Madiaswa |
 inggih pundi anggènipun agêgriya ||
4. Sampun lami |
 dènnira angarsa-arsa |
 maring ulun |
 mila yèn sambadèng karsa |
 wawi sami mring wismane Madiaswa ||
5. Ki Mat angling |
 Suratêgaran griyanya |
 kidul masjid |
 nanging yèn siyang puniku |
 tamtu wontên pêkên nêgari turangga ||
6. Bilih nuju |
 Rêbo wêkasaning candra |
 lawan tali |
 -wangke myang siwalataba |
 lah punika ajrih nêgarri turangga ||
7. Yèn samangke |
 supadi nuntên kapanggya |
 cinêgat ing |
 prapatan Gladhak kewala |
 Mas Cêbolang panudyèng tyas gya lumampah ||
8. Tanpa rencang |
 lampahira sampun prapta |
 ing prapatan |
 marêngi Ki Madiaswa |
 ngitêr kuda dupi myat mring mitranira ||
9. Gurawalan |
 tumurun saking turangga |
 wusnya tundhuk |
 Madiaswa atatanya |
 wau sami saking pundi kalihira ||
10. Kang sinung ngling |
 amangsuli saking wisma |
 kakang tamu |
 punika kang ayun panggya |
 lan andika têka akapasangyogya ||

Jilid 2 - Kaca : 92

11. Madiaswa |
sukèng tyas manis lingira |
èstu sampun |
lami ulun ngarsa-arsa |
kaparênga lajêng pinarak mring wisma ||
12. Lumaksana |
Madiaswa nuntun kuda |
Cêbolang ngling |
prayogi nitih kewala |
ulun antuk bathi uning patrapira ||
13. Angrèh kuda |
Madiaswa nitih sigra |
tan winarna |
ing ngênu wus praptèng wisma |
gya tumurun kuda tinampèn rencangnya ||
14. Kinocoran |
amrih ayêming turangga |
gya tinuntun |
linampah-lampahkên sigra |
Madiaswa ngacarani tamunira ||
15. Wus pinarak |
anèng madyaning pandhapa |
Mat Têngara |
palilan marang ki wisma |
awit nuju kalêrês anyanggi karya ||
16. Madiaswa |
nyandhêt mangke ta mangke ta |
ngêntosana |
sakêdhap sugatakula |
lah ta bocah wedangmu nuli ladèkna ||
17. Sawusira |
angrahapi kang sugata |
Mat Têngara |
mantuk kantong tamunira |
Ki Cêbolang pinarak lawan ki wisma ||
18. Jênak dènnya |
mêrtamu sadangunira |
kang ginunêm |
tan liyan pangrèhing turangga |
Mas Cêbolang umatur mring Madiaswa ||
19. Bab pangrèhing |
kuda mugi kababarna |
naming kang |
tangsul miwah patrapira |
kang liningan tan wangwang mêdharkên sigra ||

20. Tangsul kalih |
mangkya ingkang winursita |
asta kiwa |
nyêpêng apus sisih kiwa |
apus têngên asta têngên kang angasta ||
21. Tangsul sanga |
apus kakalih sinama |
gya cinêpêng |
ing asta têngên sadaya |
asta kiwa nyêpêng apus nêng ngajêngnya ||
22. Asta têngên |
patrap driji manis saha |
jajênthiknya |
nyangkêrêm apus kang kiwa |
de panuduh sarta dariji têngahnya ||
23. Nyêpêng apus |
kang sisih têngên sarana |
kapidih ing |
jajêmpol ingkang warata |
èstu angèl kalamun dèrèng widagda ||
24. Mangkya gantya |
winastan tangsul manyura |
asta kiwa |
nyêpêng apus patrapira |
kadosdene tangsul sanga kasbut ngarsa ||
25. Kaotipun |
kaliyan tangsul sasanga |
dariji kang |
têngah gêsang têngêsira |
kenging ngolah ngalih de asta têngênnya ||
26. Nyêpêng apus |
sawingkinge asta kiwa |
patrapipun |
ngingsêt-ingsêt utawinya |
angolahkên kêndho kêngcêning[31] pusara ||
27. (ng)Gih punika |
apus kang sisih têngênnya |
langkung angèl |
tinimbang lan tangsul sanga |
yèn wus prigèl yêktine gampang kewala ||
28. Nahan tangsul |
satunggal mangkya winarna |
ingkang nyêpêng |
apus namung asta kiwa |
tumrap kapal ingkang wus gambuh lampahnya ||
29. Mangkya ingkang |

- winastanan tangsul gatra |
 apus kalih |
 rinankus nèng asta kiwa |
 patrapira kadosdene tangsul sanga ||
30. Tangsul puspa |
 panyêpênge kang pusara |
 mung kapidih |
 dariji panuduh kiwa |
 lan darijwa jajêmpol ugi kang kiwa ||
31. Tangsul ponjèn |
 gampil tan kakeyan reka |
 apus kalih |
 sinami kêndho kêncêngnya |
 wusing sami kabundhêlakên kewala ||
32. Tangsul pada |
 apus kang têngên punika |
 kajêpit ing |
 jajêmpol suku têngênnya |
 dene apus kang kiwa ugi mangkana ||
33. Jinêpit ing |
 jêmpol suku ingkang kiwa |
 tangsul pada |
 puniku tumrap manawa |
 wontên kuda kang tansah dhangar kewala ||
34. Tangsul madu |
 -sadana kang ginupita |
 (ng)gih puniku |
 tanduk ingkang tumrap marang |
 mantukira kapal mêngtas tinêgaran ||
35. Bilih sampun |
 cêlak lawan padunungan |
 kêdah karêm |
 -arêm datan katandukan |
 ing pangêrèh supadi sarèh ing driya ||
36. Mênggah tangsul |
 camêthi kang ginupita |
 pananduke |
 kagêbag de wijangira |
 (ng)gih punika sadasa warni kathahnya ||
37. Inkang iring |
 têngên bokong myang tepongnya |
 pupu wingking |
 ngajêng pundhak pupu ngarsa |
 ingkang iring kiwa pan ugi mangkana ||
38. Kajawine |

Jilid 2 - Kaca : 94

punika kasanganira |
ngajêng buntut |
myang maripat têngên kiwa |
utawane Ganda-kasilir namanya ||

39. (ng)Gih punika |
kapatrapana pratingkah |
angajrih-ajrihi kapal |
kang sarana |
lan cêmêthi anging ywa nganti tumiba ||
40. Tangsul-raga |
punika osiking driya |
kang kawêdal |
saking solahing badannya |
kang anumpak kadosta andhêdhêg kiwa ||
41. (n)Dhêdhêg têngên |
(ng)gêbrag utawi sukunya |
kalih pisan |
(n)dhêdhêg sarêng aywa kêmba |
ingsêt obah ngiwa nêngên kang sarira ||
42. Oyog miwah |
sêrêg ebah majêng sigra |
miwah ngunjal |
-lakên punika kalayan |
sangêt-sangêt pangingsêt pandudukira ||

114. Mêgatrüh

1. Mangkya gantya katrangan bab lênggahipun |
amumpaki ingkang wajik |
winastan Kaprabon luhung |
apan jêjêg lênggahnèki |
ulur-ulur madya tinon ||
2. Jêngku mipit talapakan jinjitipun |
pasêmon anjatmikani |
dene kaping kalhipun |
Kasatriyan dènwastani |
lênggahnya buntar kinaot ||
3. Pan kapara wingking jajanira manglung |
jangga panggêl ngrêspatani |
panjang ingkang ulur-ulur |
pupu rapêt suku jinjit |
mathènthèng ladak pasêmon ||
4. Kang winastan Kamantrèn nitihnya ngungkruk |
cêkak ulur-ulurnèki |
sêmu ngongrong asta mringkus |
ing pasêmonipun ajrih |
tamat patraping palunggoh ||

5. Bab namine m êkakan mangkya winuwus |
 ugi wontên tigang warni |
 kang rumahun Ganggêng-kanyut |
 punika pêkakan wajik |
 kang andhêgnya akêraos ||
6. Lir kajlungup dadya pêkakan puniku |
 anandhakkên kang turanggi |
 m èdêm kasagêtanipun |
 sawêg anyak sag èd nyirig |
 kalhipun kang kawiyos ||
7. Genggung-sitangarpa pan namanipun |
 ingkang andhêgipun wajik |
 (n)jêjêk mangiwa puniku |
 sukunipun ingkang wingking |
 m èndhak ar êspati tinon ||
8. (ng)Gih punika kapal kang sampun satuhu |
 andados pasirign èki |
 katrinya iangkang winuwus |
 Genggong-samaguna nami |
 punika ingkang wus golong ||
9. Andhêgipun suku wingking kalih wau |
 nyar èngi pyoking k èndhali |
 kapal makat èn (n)dhêgipun |
 punika apan say èkti |
 sasirignya sampun gamboh ||
10. Bab pangangkah tuwin n ègarri winuwus |
 badhe ngangkah lampahn èki |
 k èdah juw èh kang tatangsul |
 kaosikk èn wola-wali |
 punika ingkang supados ||
11. Sag èd tampi punang kuda manahipun |
 saha badaning turanggi |
 k èr èp kaoyog de pungkur |
 kawantonan sawatawis |
 cinam èthi alon-alon ||
12. Bilih badhe amangangkah (n)jojogipun |
 k èdah srana d ènl ègani |
 ing ngaj èng de t èngahipun |
 ka èncota sawatawis |
 wingking kawantonan alon ||
13. Lamun badhe amangangkah congklangipun |
 kajojogak èn rumiyin |
 sadangunya (n)jojog gupuh |
 kas èr èga saking wingking |
 sa èstu k èdah winanton ||
14. Tangsulipun kaam èr-am èra amung |

myang ing ngajêng dènlgani |
yèn punika wus tamanduk |
mangka dèrèng pasang ati |
kêdah andhêdhêga gupoh ||

Jilid 2 - Kaca : 96

15. Myang ginêtyag utawi ginêbrag asru |
bilih wus nyongklang kang wajik |
waspadakna sukunipun |
lamun kang kiwa rumiyin |
apus kang kiwa sinerong ||
16. Lamun dipun kêncêngi ywa sampun-sampun |
yèn wus manêngên tindaking |
suku têngên kang rumuhun |
apus cinêpêng kang sami |
kaamêr-amêr kemawon ||
17. Supayanya sagêd sarèh congklangipun |
yèn kalanturkên supadi |
pinrih ing panyandêripun |
lajêng kalêganan nênggih |
têngah kinathahan gupoh ||
18. Saha kêdah dipun wantoni ing pungkur |
bilih botên mituruti |
nyandêr margi manahipun |
punang kuda boya tampi |
mangka pangrèh mrih kalakon ||
19. Kêdah srana kagêbrag ginêbrag asru |
yèn wus nyandêr sawatawis |
satus tindak têbihipun |
lajêng cinandhêta aglis |
muntaping tyas sampun ngantos ||
20. Bilih badhe amangangkah sirigipun |
kapatuhna lampahnèki |
malang manêngên rumuhun |
ing pangangkah kang supadi |
lampah malang winiraos ||
21. Panyêpênge apus manêngên kaimpu |
saha tungkak ingkang kering |
pandhêdhêgira ywa kantu |
ngantos sagêdnya lumaris |
amalang manêngên matoh ||
22. Bilih angèl katindakkên lampahipun |
sarana trekah puniki |
apus sisih kiwa gupuh |
kaseronga myang ing wingking |
winantonan kang bobokong ||
23. Ingkang têngên mangka kirang tampinipun |

kagêbaga ingkang kering |
ananging panggêbagipun |
kêdah saking têngên ugi |
yèku winastanan senggok ||

24. Yèn wus purun lumampah nêngên puniku |
suku kêdah dènpirsani |
yèn wus ajêg tan tumpang suh |
myang tan imbal lampahnèki |
lajêng katindakna (n)jojog ||

25. Ugi malang manêngên sarananipun |
ing ngajêng dipun lêgani |
wingking kawantonan namung |
ngatos-atos ngirih-irih |
tyase kuda dimèn bombong ||

Jilid 2 - Kaca : 97

26. Sadangune ingangkah lampahnya megung |
tuwin (n)jojog malangnèki |
lambe iring têngênipun |
kaangkaha sagêdnèki |
nyerong nêngên kang wigatos ||

27. Pangangkahe nyerong lambe sagêdipun |
nolèh nêngên apus sisih |
têngên kakêncêngna namung |
ywa kagèt saking sakêdhik |
yèn tan tampi ing pangrèh (n)don ||

28. Kêdah dipun kêrêpi krècèganipun |
dene krècègan puniku |
gadhah daya kalih luhung |
sapisan nglêrêmkên ati |
ping kalihe winiraos ||

29. Yèn wus purun mangap ènthèng lambenipun |
yèn katandukan kang pamrih |
ingkang amakatên wau |
lajêng nètèr-nètèr ngering |
apus sisih kiwa gupoh ||

30. Katarika supados sagêde wangsul |
malang nêngên lampahnèki |
saha kêdah kaingsêd mung |
manêngên pangingsêdnèki |
ingkang makatên supados ||

31. Atampia manahe kuda puniku |
yèn pangrèh kang wus kawijil |
punika supados amung |
nyerong lambe nêngên sisih |
kados botên ngangkah seos ||

32. Nètèripun manawi datan kinayun |

- mangka mêksa botên tampi |
 kagêbaga ingkang sêru |
 ing panggêbag dènsarêngi |
 lawan pangingsêding bokong ||
33. Pan makatên punika salajêngipun |
 ngantos sagêdnya lumaris |
 (n)jojog malang nêngên matuh |
 Mas Cêbolang duk miyarsi |
 gèdhèg-gèdhèg longang-longong ||
34. Alon matur saèstu angèl kalangkung |
 mangka dèrèng amrih nyirig |
 sawêg ngangkah malangipun |
 tingkahe sakranjang gambir |
 paran lajênge pitudoh ||
35. Madiaswa anglajêngakên pitutur |
 (n)jojog malang wus lêstari |
 ajêg boya atumpang suh |
 tuwin grijag lampahnèki |
 sadangunipun anjojog ||
36. Tumuntên lajêng kapêrêga gupuh |
 supados tumindak nyirig |
 wus tumindak sirigipun |
 watawis gangsal utawi |
 sadasa colotan gupoh ||
37. Kaandhêga pamêkakira kang tangsul |
 kinagètna dimèn rêsik |
 andhêg kang rêsik puniku |
 mandhêg grêg datanpa osik |
 gya lumampah alon-alon ||
38. Yèn wus antuk sawatara lampahipun |
 katindakna nyirig malih |
 sadhengahên prayanipun |
 saking sakêdhik-sakêdhik |
 sirig ywa kêmba supados ||
39. Saha malih kang makatên lajêngipun |
 kalojo saking sakêdhik |
 bilih sirigipun wau |
 tan (n)jujur tan ngancas margi |
 tangsul ingimpuwa gupoh ||
40. Amanêngên manawi ngungkrêd kang ngayun |
 kalêganana lan malih |
 tangsul mangiwa kaimpu |
 bilih kêmba sirignèki |
 tuwin rindhik tan wigatos ||
41. Kacêngèrna dimèn rikat sirigipun |

Jilid 2 - Kaca : 98

srana wingking dènwantoni |
saha kasêrêga amung |
sawatawis kang supadi |
sagêd sérêng sirig alon ||

42. Kang manawi karikatên sirigipun |
utawi mrêdêng nglangkungi |
kaandhêga amrihipun |
supados sagêda rindhik |
ngangkah rindhik asmarandon ||

115. Asmaradana

1. Ngajêng kédah dènkêmbani |
saha kédah kinêrêpan |
krècèganipun dialon |
têngah dipun kothongana |
wingking mung katempelan |
ing camêthi ywa ginêbug |
yèn misih mrêdêng kewala ||
2. Langkung kinêmbanan malih |
wuri aywa tinempelan |
mangka mêksa pamrêdênge |
malah ginêbaga ingkang |
asru karosèng nala |
nanging punika ing ngayun |
myang têngah kèkêmbanana ||
3. Supados sagêde tampi |
pangrèh makatên punika |
mung murih sarèha tyase |
yèn wus ajêg sirigira |
myang bagus pinarisan |
lajêng karêntêt punika |
utawi karindhikêna ||
4. Kalawan makatên malih |
kaangkaha sagêdira |
sarêng aywa kêmba tinon |
yèn wus ajêg rêntêtannya |
pan lajêng kaangkaha |
sagêd nènun sirigipun |
yèn wus ajêg kajujuta ||
5. Supados mèdharirèki |
tuwin alus ingkang congklang |
yèn wus ajêg pamêdhare |
lajêng katênuna kadya |
panênun sasirigan |
Mas Cêbolang tanya arum |
punapa sampun palastha ||
6. Madiaswa mèsêm angling |
punika sawêg satêngah |

Jilid 2 - Kaca : 99

- taksih panjang pratingkahe |
wawi sinambi nyamikan |
angoyog-oyog uwang |
wus nyambi sawontênipun |
ki wisma nglajêngkên sabda ||
7. Yèn tènunanipun asirig |
myang mêdhar ajêg tan kêmba |
lajêng kalojo kemawon |
nèng margi kêncêng warata |
myang têbih sawatara |
sadangunipun kalaju |
mung kaangkaha sirignya ||
8. Saha wêdharnya utami |
sandêre kanang turangga |
makatên katêrangane |
sadangunya sasirigan |
wus têbah sawatara |
lajêng kasandêrna gupuh |
sadangunipun kawêdhar ||
9. Yèn wus sawatawis têbih |
kaêndhêga wêdharira |
supados nyiriga manèh |
sadangunya sasirigan |
sawatawis wus têbah |
lajêng kasandêrna gupuh |
kadi kang kasêbut ngarsa ||
10. Makatên salajêngnèki |
ngantos samantuke pisan |
mênggah pangrèhe kang kados |
kasêbut ngajêng sadaya |
dene paedahira |
apurih sagêde gambuh |
amêdhar saha sirignya ||
11. Nandukkên pangrèh turanggi |
iangkang makatên punika |
katindakna ping katrine |
tuwin ing catur rambahan |
titi pangrèhing kuda |
wêdhar sirig gambuhipun |
tangkepung sirig titiga ||
12. Babar lêpiyan sawarni |
(ng)gih punika kapal ingkang |
sukunya ngajêng wingkinge |
sami saenya kang trajang |
suku ngajêng sumêblak |
suku ingkang wingking nyaruk |
utawi akicat-kicat ||
13. Bintulu kang kaping kalih |

punika ingkang trajangnya |
mung suku wingking kemawon |
ing ngajêng lampahnya dhandhang |
Kaprabon kaping tiga |
suku ngajêng trajangipun |
ukêl parigêl rêspatya ||

Jilid 2 - Kaca : 100

14. Dene suku ingkang wingking |
lampahnya punika dhandhang |
wus jangkêp katri warnane |
Mas Cêbolang lon lingira |
bilih ngamungkên têngah |
tan kacêkap èstunipun |
kêdah kanthi linampahan ||
15. Tuwin dipun kulinani |
mênggah watêkaning kuda |
punapa sami kemawon |
Madiaswa mèsêm nabda |
punika kasinggihan |
kêdah mangêrtos rumuhun |
sarta kêdah linampahan ||
16. Kapal punika pinasthi |
gadhah watêg pyambak-pyambak |
wontên ingkang pangangkahe |
kêdah wiwit saking lampah |
(n)jojog nyongklang adheyan |
salah satunggal puniku |
kêdah tinurut sakêdhap ||
17. Nanging yèn wus mituruti |
pikajênganipun kapal |
mung sawatawis dangune |
inggih lajêng katandukan |
pangrèh kang wus kawêdhar |
amung mênggah tumrapipun |
angangkah kang manah kathah ||
18. Tuwin watêking turangi |
punika kêdah kaangkah |
saking pangarêm-arême |
margi yèn tan katandukan |
pangrèh ingkang mangkana |
manawi ngantos kalantur |
muntap manahe turangga ||
19. Saèstu angèl nglangkungi |
ngrêkaoskên ingkang numpak |
bilih bantêr myang muntape |
saking kèhing panggraita |
punapa dene ingkang |
kapal kirang manahipun |

èstu kenging katandukan ||

20. Pangrèh pamêngkuning dhiri |
utawi ing pamisesa |
pramila kêdah waspaos |
pratitis panitikira |
dhatêng watêking kapal |
ing satunggal-tunggalipun |
aywa ginêbyah kewala ||
21. Manawi badhe mangungkih |
ngangkah sagêde adheyan |
kêdah gêsang tatangsule |
kanat-nêtakên kalawan |
kapêpêg aywa kêmba |
tansah winanton ing pungkur |
ing têngah kêdah lumampah ||
22. Makatên salajêngnèki |
kaingsad-ingsêd ywa kêmba |
ngantos sagêd adheyane |
dene lampah kang winastan |
pandhapan (ng)gih punika |
rêntêt ing adheyanipun |
mênggah pangrèh saha ngangkah ||
23. Sagêding pandhapan sami |
kados angangkah adheyan |
ananging wontên kaote |
yèn adheyan kinathahan |
pandhapan kinirangan |
kathah kirang wardinipun |
nênggih manahe turangga ||
24. Manawi ngangkah sagêding |
lumampah winastan dhandhang |
kêdah srana linampahke |
malang ing ngajêng kasangga |
ing têngah kinêrêpan |
kaingsad-ingsêd lumintu |
dene wingking winantonan ||
25. Makatên salajêngnèki |
ngantos sagêd mlampah dhandhang |
nanging punika kapale |
kang pinrih lumampah dhandhang |
kêdah ingkang wus limpad |
jangkêp kasagêdanipun |
myang wus kèh gambuh ing tingkah ||
26. wontên malih kang ngèmpêri |
kadi lumampah andhandhang |
ran lampah angun-angune |
manawi botên angangkah |

Jilid 2 - Kaca : 101

- sagêdipun lumampah |
 kang winastan Angun-angun |
 punika ing ngajêng kêdah ||
27. Kêrêp kaosikkên tuwin |
 kaingsad-ingsêd ing têngah |
 wingking tinèmpèl têtumbunge |
 tarajange kang turangga |
 inggih sairib kadya |
 lumampah dhandhang puniku |
 sanèsipun ingkang lampah ||
28. Angun-angun tamban ririh |
 lampah dhandhang wau cukat |
 kaliye pinarlokake |
 apan anunggal surasa |
 alus kalawan wadhag |
 mênggah ing wawatêkipun |
 lampah ngun-angun punika ||
29. Minangka sarananèki |
 amintêrkên kaêngêtan |
 -ning kapal kasagêdane |
 pramilane kapal ingkang |
 sampun gambuh ing lampah |
 kakalih kasêbut wau |
 nadyan mlampaha kewala ||
30. Manawi ingkang numpaki |
 sumêdya anyirigêna |
 tan susah kaosikake |
 tamtu gya nyirig piyambak |
 kenging binasakêna |
 sagêd nampèni puniku |
 sakarsane ingkang numpak ||

Jilid 2 - Kaca : 102

116. Durma

1. Sêkar Durma bab pangangkahing turangga |
 kalangkung angèlnèki |
 wit saking bandholnya |
 myang wangkoting praya |
 kalawan anjondhil-jondhil |
 dipun prayitna |
 makatên pangrèhnèki ||
2. Ngangkah kapal kadi kang kasêbat ngarsa |
 punika ingkang pasthi |
 kêdah kawêngkuwa |
 utawi kawasesa |
 ing tyas ywa kataman ajrih |
 angrodapaksa |
 myang (ng)gêbag kang sru titis ||
3. Inggang ngantos sagêt nuwuhkên graitra |

- tampining pangrèhnèki |
 lamun wontên kuda |
 datan kenging kaangkah |
 sangêt anggènipun (n)jondhil |
 glarap anglumba |
 utawi nyêbat-nyêbit ||
4. Kuda ingkang agadhah meda mangkana |
 punika pangrèhnèki |
 pan kédah sarana |
 karêbakhên kang kuda |
 makatên patrapirèki |
 sadangunira |
 tinanduk pangrèhnèki ||
5. Kapal lajêng asangêt panjondhilira |
 gya katêtaha aglis |
 panggêbag kang rosa |
 tyasira aywa wangwang |
 supados anjondhil malih |
 salêbêtira |
 anjondhil ingkang nitih ||
6. Nyarêngana malumpat kalayan nyêndhal |
 apuse kang turanggi |
 yèn nganan lumpatnya |
 apus kiwa sinêndhal |
 manawi malumpat ngering |
 apus kang kanan |
 apan sinêndhal aglis ||
7. De patrape malumpat saking turangga |
 yèn nganan lumpatnèki |
 asta ingkang kanan |
 ngasta tlongoping lapak |
 kêpadalla kang pramati |
 kangge lantaran |
 malumatipun nênggih ||
8. Tangan kering nyêpêng apusira ingkang |
 sisih kiwa tumuli |
 apus cinêpênga |
 utawi sinêndhalla |
 manêngên pènyêndhalnèki |
 bilih matumpat |
 mangiwa patrapnèki ||
9. Asta kiwa kang nyêkêl tlongoping lapak |
 asta têngên nyêpêngi |
 apus sisih kanan |
 sinêndhalla mangiwa |
 pangrèh kang makatên pasthi |
 mantun kapal kang |
 sangêt (n)jondhilirèki ||

10. Utawi kang tansah kathah medanira |
 sukur ingkang numpaki |
 kadugi ngrêbahna |
 salêbêtipun (m)bandhang |
 yèn pêngangkah kang kadyèki |
 kapal ginêbag |
 kang mangka purun (n)jondhil ||
11. Gya kasarêngana malumpat kalawan |
 anyêndhal tangsulnèki |
 patraping ngrêbahna |
 kadi kasêbut ngarsa |
 mila rêbahing turanggi |
 srana kaangkah |
 ing panjondhilirèki ||
12. (ng)Gih puniku kang gampil kalampahannya |
 Cêbolang turira ris |
 sawêg cariyosan |
 tyasulun ênar-ênar |
 was-uwas sangêt kuwatir |
 wawi lajêngna |
 bab pangrèhing turanggi ||
13. Madiaswa anglajêngakên carita |
 bilih wontên turanggi |
 kaêrèh mung nêdya |
 muhung mundur kewala |
 lajêng kaundurna aglis |
 kang ngantos sayah |
 sabên badhe nêgarri ||
14. Katindakna rumuhun mundur kewala |
 saksayahe turanggi |
 yèn wus kaêtrapan |
 tarekah kang kadyeka |
 kenging tinamtokkên pasthi |
 dènya agadhah |
 lêleda amantuni ||
15. Lamun wontên kapal sabên tinêgarran |
 angonclangkên kêndahli[48] |
 ing panyêpêngira |
 apus pan kasanggiya |
 kang inggilnya langkung saking |
 sakilan lawan |
 jajalaking turanggi ||
16. Saha kédah kucêkipun kinêrêpan |
 patrap ngucêk kêndhali |
 kaucêkan lawan |
 lambene kang turagga |
 ing sarat ingkang kadyèki |
 paedahira |

Jilid 2 - Kaca : 103

ngicalkên lageyanning ||

17. Angonclangkên kêndhali lawan paedah |
ngènthèngkên lambenèki |
bab kapal ajrihan |
manawi wontên kapal |
ajrih dhumatêng wawêrnin |
tuwin suwara |
isaratipun murih ||
18. Sagêd mantun yèn ajrih kalawan grobag |
myang sasaminirèki |
sabên tinêgarran |
bilih kapapag grobag |
lajêng kacêlakna aglis |
aywa kapêksa |
saking sakêdhik-kêdhik ||
19. Bilih ajrih dhatêng swara pamirêngan |
inggih dipun kêrêpi |
kapyarsakkên swara |
pundi kang kinajrihan |
yèn wus kêrêp sarta lantih |
ingkang kadyèka |
pasthi gya mantun ajrih ||
20. Kapal ingkang gadhah kandhutan tan yoga[50] |
nyangkollakên kêndhali |
makêm tuwin (n)dhangar |
panyêpênging pusara |
kang prayitna ngati-ati |
sartane kêdah |
katangsulan kakalih ||
21. Paedahnya bilih kapal ingkang gadhah |
kandhutan tan prayogi |
utawi ameda |
sagêt nandukkên prana |
pami anyangkol kêndhali |
kang siji kiwa |
apus kang sisih kering ||
22. Kaêculna apus kang têngên sinangga |
yèn nyangkolkên kêndhali |
ingkang sisih kanan |
apus kang sisih kanan |
inggih kaêculna ugi |
apus kang kiwa |
kasanggiya lir ngarsi ||
23. Lamun (n)dhangar punang tangsul kakêpyokna |
manawi datan apti |
nglêpèh tumungkula |
kêndhali kacêpênga |

Jilid 2 - Kaca : 104

- katarik mangandhap sarwi |
 kucêk-ucêkna |
 lambene kang turanggi ||
24. Bilih makêm kèndhali kalèrègêna |
 manganan tuwin ngering |
 yèn mèksa tan arsa |
 nglêpèh myang nguculêna |
 gya kacuwakna manginggil |
 karèh mangkana |
 lajêng nêmpuh kang wajik ||
25. (ng)Gih punika ambandhang karsanya dhawak |
 ing sadangunirèki |
 (m)bandhang suku ingkang |
 kapal kasidikêna |
 yèn ngiwa pambandhangnèki |
 têngêse (m)bandhang |
 mangiwa sukunèki ||
26. Kiwa ingkang rumuhun tumindakira |
 apusira kang sisih |
 kiwa kacènènga |
 sarta kakêncêngana |
 yèn nêngên pambandhangnèki |
 apus kang kanan |
 kakêncêngana ugi ||
27. Bilih kapal katandukan kang tarekah |
 [. . . .] |
 [. . . .] |
 kang tamtu lajêng dhawah |
 karungkêp ingkang turanggi |
 nging saèstunya |
 pinlaur mandhêg aglis ||
28. Yèn wus kèndêl lajêng malih kabandhangna |
 saking karsèng kang nitih |
 sadangunya (m)bandhang |
 mawi dipun rangkèta |
 supados manahe tampi |
 ywa nganti darbya |
 meda ingkang tan yogi ||
29. Myang kandhutan damêl watir ingkang numpak |
 mênggah pambandhangnèki |
 ywa nganti kapêkak |
 kang mangka kèndêl dhawak |
 lajêng karangkèta malih |
 ingkang mirasa |
 sêmu pamuring-muring ||
30. Nanging ngajêng punika kakêmbanana |
 wardine dènkêmbani |
 kalowong apusnya |

utawi kinêndhonan |
ing têngah dipun kothongi |
yèku kang numpak |
tyas kêdah dèn kêmbani ||

Jilid 2 - Kaca : 105

31. Nadyan wau sru sangêt pangrangkètira |
sayêkti datan apti |
nêmpuh malih (m)bandhang |
ambêgogok kewala |
sarta gêrêng-gêrêng muni |
lamun turangga |
wus (n)dharêdhêg tan osik ||
32. Pangrangkètnya punika kakèndêlana |
ing nalikanirèki |
gya kawaspadakna |
kang sampun kalampahan |
sung sasmita kang turanggi |
maring kang numpak |
yèn ta sagêda angling ||
33. Pamintamba dhuh mugi katurutana |
(m)bukaning pangrèhnèki |
riwusnya mangkana |
wau ingkang turangga |
nulya tumindak pribadi |
mawarna-warna |
wontên ingkang lumaris ||
34. Inggang (n)jojog adheyan miwah pandhapan |
wêdharing sasmitadi |
mênggah tumanduknya |
ing pangêrèh sadaya |
punika cihnanirèki |
èstu tan ana |
kapal kang botên kenging ||
35. Pinardi rèh kaajar dening manungsa |
wontên pamêgar angling |
nyariyoskên kapal |
datan dados dandanan |
margi karèh botên kenging |
punika tandha |
panêgar dèrèng wasis ||
36. Saha dèrèng paham kawruh mangrèh kapal |
inggang salugunèki |
mênggah raringkêsan |
minangka papathokan |
badhe sagêd anêgarri |
kêdah pawitan |
inggang kawan prakawis ||
37. Kang rumiyin kêdah apawitan Sura |

Guna kang kaping kalih |
Rêkasa ping tiga |
Lara kaping sakawan |
manawi kawan prakawis |
anggalih wêgah |
pucung kewala uwis ||

117. Pocung

1. Mas Cêbolang kalangkung sukaning kalbu |
gumujêng alatah |
wasana umatur aris |
dhuh mintrêngsun mugèng kaparêng nglajêngna ||
2. Aywa tanggung paran babaring pangawruh |
bab pangrèhing kuda |
Madaswa lingira ris |
(ng)gih prayogi ah sampun kèndêl kewala ||
3. Wedangipun kadangon akêmplung-kêmplung |
dhadhaharan ngandhar |
punika têmbung mubadir |
mêsakakên wawi samirinakêtan ||
4. Dimèn enggar tyase aywa manggung suntrut |
kang sinungan sabda |
kalêgan angasta cangkir |
minum wedang myang dhaharan sasukanya ||
5. Madaswa anglajêngakên pitutur |
bilih wontên kapal |
sasampune dèntumpaki |
mangka lajêng linampahakên tan arsa ||
6. Ambêgêgêg ingkang makatên puniku |
ing pangangkahira |
wusing nêng gêgêr turanggi |
ywa ge-age linampahkên kang turangga ||
7. Nanging kédah kaubêngêna rumuhun |
nêngên tuwin ngiwa |
yèn wus kalakyan kadyèki |
apan lajêng kalampahêna kewala ||
8. Bilih tansah ambêgêgêg tan lumaku |
lajêng kaundurna |
sararane kang kèndhali |
katarika gèntos manêngên mangiwa ||
9. Wusing mundur nuntên kaubêngna gupuh |
kang sangêt kalayan |
kagêbag asru patitis |
sasampuning sawatawis ubêngira ||
10. Gya pinupuh myang ginêbrag ingkang asru |

Jilid 2 - Kaca : 106

lajêng linampahna |
tamtu datan nyulayani |
amiturut sakarsanipun kang numpak ||

11. Wus tartamtu bêndanane mogok mantun |
ing sanèsing wêkdal |
manawi dipuntumpaki |
angghadhahi laleda ingkang mangkana ||
12. Gya pinanduk ing pangrèh kadi kang uwus |
ing tyas aywa wêgah |
dènnira mangungkih pamrih |
gantya kapal omah-omahên winarna ||
13. Saupami tinêgaran kapal wau |
angambah ing ratan |
kang wus nate dènpurugi |
(ng)gok-enggokan twin wus nate-nate ngambah ||
14. lajêng kêdah menggak-menggok tan lumaku |
kapal kang mangkana |
amurih mantunirèki |
sabên numpak mangka ngajêngkên dumugya ||
15. Ing panggenan kang kêdah mandhêg kudèku |
gya katandukana |
ing pangrèh sasênêngnèki |
lawan kapal ulih-ulihên kadosta ||
16. Tinumpakan mantuke notol kalangkung |
gya tinandukana |
patrap kadi kang rumiyin |
pramilanya kaangkah ingkang mangkana ||
17. Awit kapal kang sampun klampahan èstu |
sring kaslamur dera |
nanggapi pangêrèhnèki |
ing sadèrèngipun ical medanira ||
18. Sabên dipun tênggarri bilih wus ayun |
cêlak ing panggenan |
kang (n)dadoskên sababnèki |
utawine tinumpakan mantukira ||
19. (ng)Gih katandukana pangangkah lir kang wus |
kacriyos ing ngarsa |
makatên salajêngnèki |
sampun kêmba ngantos mantunne bar pisan ||
20. Dene kapal kang dèrèng rampas saèstu |
aywa tinandukan |
pangrèh ingkang ngrêkaosi |
margi ing sadèrenge rampas punika ||

Jilid 2 - Kaca : 107

21. Yèn kaangkah pancèn dede dhasaripun |
sagêdnya priawak |
dumuginya mêmêng pasthi |
lajêng bobrok utawi botên kaalap ||
22. Gantya wau bab Naga-rancak winuwus |
bilih wontên kapal |
ing kang mêngtas dèntêgarri |
myang kinitêr lajêng yogi cinarakan ||
23. Ing kang rêsik mênggah patrap kang kadyèku |
ing sadangunira |
kinitêr myang dèntêgarri |
kacarakan kang ngantos ambal-ambalan ||
24. Awit kapal kang dèn-rèh sasirigipun |
tuwin sasaminya |
kang pancèn sanès aslining |
lampahipun pyambak yèn datan klêrêsan ||
25. Têmahipun asring-asring damêl korud |
myang konusing badan |
ing kang makatên puniki |
korud konus punika warni sakawan ||
26. Kang rumuhun korud badan wastanipun |
lah inggih punika |
kêra-langkêt kang turanggi |
wus dilalah botên sagêt lêma-lêma ||
27. Kaping kalih akorud karosanipun |
nuwuhakên meda |
asring ambandhang pribadi |
sabab sampun sayah maksih dènsêngkakna ||
28. Ing wasana umijil ing dhosonipun |
meda warna-warna |
nyulayani lan kang nitih |
tan darana satêmah lajêng ambandhang ||
29. Ing kang kaping tiga korud manahipun |
punika turangga |
tansah muyap driyanèki |
jalarannya ngajêng sabên tinumpakan ||
30. Ping sakawan korud panggraitanipun |
punika witira |
ngajêng (ng)gènipun nêgarri |
tansah dipun osikakên supayanya ||
31. Nuntên-nuntên wêdaling graitanipun |
tamahan dumadya |
bibrah ing lampahirèki |

Jilid 2 - Kaca : 108

- myang bibrahing sakèh kasagêdanira ||
32. Milanipun nêgarri kapal puniku |
aduh sapintêna |
(ng)gènnya nyêngkakkên wêdaling |
panggraita supados tumuntên gadhah ||
33. Kasagêdan ingkang sarana tinanduk |
pangrèh kawaskithan |
ewadene parlu ugi |
tansah mawi karêm-rêman manahira ||
34. Supayanya graitane aywa korud |
carakan punika |
dumadi sarananèki |
èstu sagêd mantunnakên kapal ingkang ||
35. Anêmahi kados ingkang wus kasêbut |
ing ngarsa sadaya |
amila ingkang wigati |
amarlokkên cinarakan kang turangga ||
36. Mangkya gantya bab Raja-nari winuwus |
punika titikan |
wêdaling manahirèki |
saha malih wêdale kang panggraita ||
37. Yèn wêdaling manah myang graitanipun |
saking pangosiknya |
nèng têngah kang Raja-nari |
bilih wêdalipun saking winantonan ||
38. (ng)Gih punika mênggah Raja-narinipun |
wontên ing pungkuran |
wus tamat kang Raja-nari |
kanthi êbab ngabah-abahi turangga ||

118. Kinanthi

1. Gantya wau kang winuwus |
ngabah-abahi turanggi |
prayogi nèng jro gêdhogan |
patrapira kang rumiyin |
kinêndhalèn pangêrokan |
gya cinancang nganan ngering ||
2. wontên ta upamènipun |
badhe dèn-abah-abahi |
kang krisik angganing kuda |
salebrak kapasang mathis |
mênggah têtèping salebrak |
kang ngajêng tumumpang mungging ||
3. Ing jajalak yèn wus mungguh |
lêrês unggah udhunèki |

- miwah ngajêng wingkingira |
 lapak pinasangan aglis |
 tumumpang nêng têngah slebrak |
 anulya dipun ambêni ||
4. Kang kêncêng pamanthêngipun |
 gya pasang pus buntutnèki |
 nulya pasang apus dhadha |
 rampunge kasêbut ngarsi |
 lambe nulya cinarakan |
 taracak kinumbah barsih ||
5. Riwusnya makatên laju |
 rinucat ponang kêndhali |
 pangêrokan sinantunan |
 kêndhali ingkang pinasthi |
 kaenggokakên turanggi |
 yèn apus wang wus rinukti ||
6. Mangkana kêndhalinipun |
 kalêrsna kang prayogi |
 tumuntên kaêtrapana |
 apus kanan miwah kering |
 mila kantun pamasangnya |
 timangan ywa nganti kwalik ||
7. Dene inggah udhunipun |
 kêndhali ingkang prayogi |
 kaangkaha gonggangira |
 mung sajêmpol winatawis |
 ewa samantên (ng)gih datan |
 kenging tinitamtu awit ||
8. Manut cocondhonganipun |
 cêkak tuwin landhungnèki |
 kêndhali pamasangira |
 gumantung nêng patitising |
 panitikipun kang numpak |
 mênggah kacihnanirèki ||
9. Turangga kêndhalinipun |
 ingkang kêdah dèncêkaki |
 ingkang mangka linandhungan |
 saèstu tan condhong ati |
 cathuk-cathuk tan tumanja |
 dene kasok wangsulnèki ||
10. Bathothot adrênging kayun |
 ngungsêd-ungsêd tan saririh |
 kapal tumpakan punika |
 pamasange kang kêndhali |
 ing sasagêd-sagêd kêdah |
 kang dados condhonganèki ||
11. Ngabah-abahi wus rampung |

yèn badhe ngêdalkên saking |
ing gêdhogan kêdah ingkang |
sarèh rèrèh ngirih-irih |
sarta malih kinarunga |
ywa grusa-grusa giniring ||

12. Amargi yèn grusa-grusu |
asring nuwuhkên tan yogi |
manahe ponang turangga |
mênggah ing panimbang mami |
angrèh kuda lan wanita |
sabarange sami ugi ||

13. De kêndhali jawi wau |
kang rangah awarni kalih |
wontên ingkang wunènira |
cacah kalihwêlas tuwin |
nêmbêlas ing sasisihnya |
dene kang nêmbêlas sisih ||

Jilid 2 - Kaca : 110

14. Winastan Buntala iku |
mênggah kalinge kêndahli |
kang minangka sasambêtan |
apan Pakêm wastanèki |
dene kang angsal gêlangan |
Bungkul wastanipun nênggih ||

15. Panjang cêlaking kêndhangsul |
inggih wontên pedahnèki |
amargi kapal punika |
condhonging tyas datan sami |
wontên lèrèg condhongira |
wontên rujuk dènslikèki ||

16. Yèn mring lèrèg condhongipun |
kang mangka dipun slikèki |
punika dadya jalaran |
awrat lambene turanggi |
dene kosok-wangsulira |
nuwuhakên monyar-manyir ||

17. De gêlangan dhapuripun |
punika kakalih warni |
ingkang namung agiligan |
Lus-lusan wastanirèki |
dene kang gêlit-gêlitan |
kalenthangan dènwastani ||

18. Mênggah ing babing kêndhangsul |
kang tumrap kangge ngajari |
kapal kang ènthèng lambenya |
utawi kapal kang taksih |
anèm sawêg bibar rampas |

dèrèng rampas langkung malih ||

19. Punika kédah kang kèthul |
(ng)gih punika wunenèki |
kapapakana sadaya |
ingkang ngantos mèh waradin |
botênipun kapapakan |
kablêbêda kang waradin ||
20. Kalawan sinjang puniku |
wunèn amung katon mingip |
nging punika tambêl-bêtah |
wus tamat babing kèndhali |
ing mangkya gênti winarna |
anênggih babing camêthi ||
21. Utawi winastan têmbung |
kang wus mupakat kinardi |
datan liyan saking rotan |
inggih punika panjalin |
sawlas kèpêl panjangira |
wujudipun kalih warni ||
22. Tamparan sawarnipun |
giligan sawarni malih |
sanadyan ingkang giligan |
pucukipun kédah mawi |
sinambêtan têtamparan |
mung sakilan winatawis ||
23. Saha tatamparan sinung |
bundêlan gangsal utawi |
nênêm prênthil cacahira |
mênggah paedahirèki |
camêthi mawa bundhêlan |
ginêbagkên langkung sakit ||
24. Katimbang lan kang tan sinung |
bundhêlan sakit kang mawi |
anjawi saking punika |
wujud tumraping camêthi |
mawèh sêmu datan kêmba |
pucuking tamparan mawi ||
25. Sinungan rênggan jêjambul |
mênggah cacêpênganèki |
sakarsane dènnya ngrêngga |
pinaponthang-ponthang saking |
mas suwasa myang salaka |
dene panjange camêthi ||
26. Kajawi miturut ukur |
inggih kédah-kédah mawi |
mawang lan kang tinitiyani |

Jilid 2 - Kaca : 111

- pinantês agêng lan alit |
 bab camêthi sampun tamat |
 prayogi kèndêl rumiyin ||
27. Sampun dangu anggadêbus |
 bilih botên dènsêlani |
 ngunjuk wedang dhadhaharan |
 têtah kêtulên sayêkti |
 Mas Cêbolang latah-latah |
 wus samya ngunjuk nyênyamik ||
28. Mas Cêbolang aris matur |
 ulun mirêng srêming-srêming |
 bab srandunipun turangga |
 ugi wontên kang pinilih |
 sami andarbèni watak |
 pinêndhêt ingkang prayogi ||
29. Madiaswa lingira rum |
 adhuh mitraku wong sigit |
 de tan ana kaliwatan |
 dalah sranduning turanggi |
 dadak prêlu tinakokna |
 lêtês inggih pancèn mawi ||
30. Kalamun sagêd pikantuk |
 punika langkung utami |
 mangkya sranduning turangga |
 kula pênndhêtakên saking |
 dèntawyanjana awit ha |
 aksara ba kang mungkasi ||
31. Ilu ingkang gêtas pingul |
 watêg ènthèng lambenèki |
 ilat alit gilig watak |
 burus lana manahnèki |
 untu alit rêntêt rampak |
 pucuk mêtal sawêtawis ||
32. Utawi kang (n)dêngkèng pucuk |
 ugi mêtal sawatawis |
 manjing dhatêng kabagusan |
 tuwin burus manahnèki |
 têtih maring nora lana |
 irung kang angukêl pakis ||
33. Manjing kabagusan namung |
 idêp rêmpêg jajarnèki |
 tuwin ingkang alêlamban |
 watak têtêg ing tyasnèki |
 uwang kalimis gobogan |
 tumrap kabagusan naming ||
34. Ula-ula ingkang wangun |
 amapah-pisang utami |

saha gilig tosanira |
watak sakeca kang nitih |
iga ingkang upih-mayat |
manjing sêmbadaning warni ||

35. Andhêman kang kiyal kêdhut |
anyangkêrut kanan kering |
punika watêke rosa |
ugêl-ugêl dhapur kadi |
gagang waru watakira |
sakeca tumpakanèki ||

Jilid 2 - Kaca : 112

36. Tuwin bagus warnipun |
unyêng-unyêngan kang mungging |
ing cêthak unyêngnya ngiwa |
watak burus manahnèki |
ha kapungkur na tan ana |
aksara ca kang winarni ||

119. Pangkur

1. Cobleng ingkang bundêr sarta |
lêbêt lêkok punika amung manjing |
dhatêng kabagusanipun |
caturnya ingkang lancap |
kang ran catu lambe nginggil ingkang pucuk |
kalêbêt ing kabagusan |
myang watak grait lantip ||
2. Cêthak lêbêt kang lêkokan |
inggil manjing mring kabagusan naming |
cêthik kang inggil puniku |
pandhukulipun apan |
manjing dhatêng sêmbadane ingkang wujud |
calung gêng gèpèng kêncêng pan |
watak rikat plajêngnèki ||
3. Kang ran calung wit wadidang |
têkèng dhêngkul calung namanirèki |
calakuthikan puniku |
kang lêbêt watakira |
trajang sae miwah ènthèng junjungipun |
ingkang aksara ca têlas |
aksara ka kang gumanti ||
4. Kuping kang muluh katigas |
myang kapancas mung sabagusing warni |
kuncung kang ngumala mawur |
bantêr kèh manahira |
kêndêl kadi dene ulêripun jêdhung |
watake ènthèng lambenya |
sarta bagus warnanèki ||
5. Kulit kang tipis anglamat |
saha ingkang kandêl dagingirèki |

watak bantêr manahipun |
kutis mandhukul mayat |
murungakên sêmbadaning wujudipun |
konthol pindha manggis lawan |
ingkang dhapur ngalak ambing ||

6. Lir kalak ambing wohira |
rosa kuwat watake kang turanggi |
kalèn lèbêt lèkokipun |
sarta kapara panjang |
pan titiga punika wawatakipun |
sapisan inggil junjungnya |
plajêng rikat warni sigit ||
7. Kucur kang anguku Bima |
muhung dhatêng kabagusaning wajik |
klêmpung kang bêdhadhag amung |
klêbêt bangsa sambada |
ka wus têlas aksara ta kang tumanduk |
tlapukan kang kandêl apan |
klêbêt kabagusan aming ||
8. Têpakan kang tipis wrata |
saha ingkang dhapur macucal aking |
watak kumrisik tyasipun |
myang sae warninira |
têpak hyang jèjèr tanpa lèbèr iku |
marang gusi watakira |
ala mamanahirèki ||
9. Tatiyang ingkang ajar |
ugi watak tulus manahirèki |
têpak mayat saha agung |
watakipun arosa |
tur sêmbada tuwin bagus warninipun |
tunggarana agêng sarta |
kadi sirah têtèk warni ||
10. Punika watake rosa |
taracak kang nanjung-capurinèki |
sarta alus sêratipun |
watak rikat plajêngnya |
tuwin bêtah tur sae kang warninipun |
kang aksara ta wus têlas |
aksara sa kang gumanti ||
11. Suri tipis mawur wrata |
watak bantêr manahira kumrisik |
sirah kang cêlak saha gung |
manjing mring kabagusan |
siyung ingkang basan dawêg agêngipun |
watak burus manahira |
silit kang mapan prayogi ||

Jilid 2 - Kaca : 113

12. Muhung mring sae kang warna |
 supit ingkang rapêt watakirèki |
 awèt ing karosanipun |
 kang ran supit punika |
 lêdhokaning tracak sangandhaping kucur |
 suku ngajêng kang anjalma |
 bagus kawujudanèki ||
13. Aksara sa sampun têlas |
 mangkya gantya aksara wa winarni |
 wulu ingkang tipis alus |
 saha kang mandhês gilap |
 watak bantêr kumrisik warnanya bagus |
 wangkong ingkang radi wiyar |
 manjing kabagusan aming ||
14. Wayang kêngkêng tipis apan |
 watak rosa myang kabagusan manjing |
 wiron ganjil etangipun |
 watak burus manahnya |
 kang ran wiron punika ingkang (n)jankêrut |
 kiwa têngèning andhêman |
 wadhuk kang (m)bêdhadhag manjing ||
15. Dhumatêng ing kasambadan |
 wadidang kang wangun bengkoking arit |
 manjing kabagusanipun |
 aksara wa wus têlas |
 kang aksara pa mangkya ingkang winuwus |
 praya (ng)gih punika ulat |
 kang anjênggurêng prayogi ||
16. Nging kang sarèh sêmunira |
 watak lana manahe mitayani |
 pacêt gilig alit namung |
 manjing bagusing warna |
 pathak ingkang waradin myang wiyar amung |
 manjing maring kabagusan |
 pasunira ingkang kadi ||
17. Mungkal-gêrang amung marang |
 kabagusan pancadan kang mandhikil |
 manjing sêmbadaning wujud |
 tanapi kabagusan |
 pipi ingkang kaduk kandêl dagingipun |
 murugkên pantêsing warna |
 pundhak ingkang landhung manjing ||
18. Muhung dhatêng kabagusan |
 pupunira ingkang amukang gangsir |
 ugi bagus warninipun |
 purus kang agêng cêlak |
 watak rosa mung bantêr palayunipun |
 palintangan ingkang wiyar |

Jilid 2 - Kaca : 114

watak panjang umurnèki ||

19. Pusêr têbih lan purusa |
watakipun bêtah plajêngirèki |
aksara pa sampun atus |
aksara ja winarna |
jêngku ingkang kados cupu warnipun |
manjing dhatêng kabagusan |
jalak ingkang dhapurnèki ||

20. Lir gigir kintêl punika |
watak rosa juluking inggilnèki |
anglangkungi jalak wau |
manjing sambadèng warna |
jiling ingkang mandhikil kalêbêt bagus |
jompong ingkang agêng panjang |
manjing sambadaning warni ||

21. Janggut ingkang dhapur jangkang |
manjing dhatêng kabagusaning warni |
janggêl ingkang panjang agung |
myang gèpèng watak rosa |
aksara ja wus têlas ga kang winuwus |
gusi kang wradin wataknya |
aburus manahirèki ||

22. Gulu ingkang wiyar ngandhap |
ninggil gilig bagus sambadèng warni |
garês kang malira wujud |
watak cukat trajangnya |
tuwin rikat tarampil palajêngipun |
gêcog kang (n)dalêjêr panjang |
apan rosa watakneki ||

Jilid 2 - Kaca : 115

23. Galêng kang (ng)galigir rosa |
gandhik ingkang kiyal pan rosa ugi |
ingkang aksara ga sampun |
aksara ba pungkasan |
bangar ingkang wiyar bêtah plajêngipun |
myang bagus bangar punika |
lèngipun irung kêkalih ||

24. Bungur kang ginrayang kadya |
cucal garing rosa watakirèki |
bobat kang kêngkêng puniku |
manjing dhatêng karosan |
bokong ingkang nyangkok imbaning kang dhapur |
utawi lir cangkok maja |
muhung mring bagusing warni ||

25. Buntut ingkang mapah-pucang |
watakipun lana manahirèki |
wus tamat sarandunipun |
kapal kang pinilala |

Mas Cêbolang umatur kalangkung nuwun |
mênggah ulêsing turangga |
ing kang kalêbêt utami ||

26. Myang manggoning prabotira |
Kyai Madiaswa lingira ris |
ulêsing turangga amung |
abrit cêmêng utama |
dene prabot pyambak-pyambak manggènnipun |
mênggah praboting turangga |
kang abrit mangkya winarni ||
27. Suri ing kang tipis pêra |
wulu pandhês tipis kulitirèki |
kukuncung ngumbala mawur |
buntut ing kang tan kathah |
utawi kang kapara sarang puniku |
tracak nanjung lus sêratnya |
bêbalungipun kang alit ||
28. Prabotipun kapal krêsna |
kuncung kêmpẽl (n)dalojor surinèki |
kandêl (n)dlojor kêmpẽl patut |
buntut amapah-pucang |
wulu gropok kandêl kêndho kulitipun |
taracak cèpèr sêmbada |
agêng bêbalunganèki ||
29. Silih asih ing dandosani |
tuwin ulêsipun ing kang turanggi |
kapal abrit prabotipun |
ing kang dados pethingan |
gangsal kuncung suri kulit tracak wulu |
mung kakalih kapal krêsna |
buntut lawan balungnèki ||
30. Mênggah katêranganira |
kapal ing kang pilihan prabotnèki |
kuncung kang ngumbala mawur |
suri kang tipis atap |
wulu pandhês atipis kukulitipun |
buntut dhapur mapah-pucang |
kang agêng babalungnèki ||
31. Tracak kang alus sêratnya |
dhapur nanjung jangkêp kasapta warni |
mila kapêndhêtken iku |
silih asih jalaran |
saupami kapal punika anamung |
kadunungan dandosannya |
amaligi kapal abrit ||
32. Tamtu tan burus manahnya |
saha bantêr karosan tan (n)darbèni |

- bilih kadunungan namung |
dandosan kapal krêsna |
pasthi kirang manah saha sangêt cubluk |
manawi dandosannira |
sagêd jangkêp silih asih ||
33. Kadi kang kasêbut ngarsa |
ingkang tamtu bagus warnanirèki |
sarta burus manahipun |
ajêg karosanira |
kasêmbadan kabagusaning kang wujud |
ingkang angsal papêthingan |
saking ing kawan prakawis ||
34. Kang rumiyin saking pada |
kalih raga jangga ingkang kaping tri |
wadana jangkêp ping catur |
bab raosing tumpakan |
kapal ingkang lana myang graitu tuhu |
utami utawi rosa |
punika saèstunèki ||
35. Sakeca tumpakanira |
dhuh mitrèngsun mung kantong saprakawis |
inggih punika bab ukur |
Cêbolang angrêpa |
aywa tanggêl nyuwun babarpisanipun |
Madiaswa mêdhar sabda |
yèn badhe ngukur turanggi ||
36. Kêdah mawi srana tampar |
ukur sanga patrapira winarni |
ingkang dènuhur rumuhun |
gêl-ugêl lan suku ngarsa |
ingkang têngên katêpusa gathuk têtung |
lajêng katêkuk-têkuka |
kaping sanga kathahnèki ||
37. Wusing katêkuk ping sanga |
gya kaukur wit saking tracak ngarsi |
manginggil pangukuripun |
dumuginipun jalak |
lamun langkung prakalihwêlas linangkung |
yèn langkung sapara sanga |
punika kirang prayogi ||
38. Ukur sambada winarna |
wit ujunging catu lajêng manginggil |
dumugi jompongipun |
tumuntên kalajêngna |
turun maring sangingiling surènipun |
sadumuginipun jalak |
lajêng katurunkên maring ||
39. Ula-ula linajêngna |

dumugi ing pucuking janggêlnèki |
pangukur bilih wus rampung |
gya kasampirkên jalak |
bilih sagêd langkung saking suku ngayun |
kiwa têngên kang prayoga |
sambada bilih nêtêpi ||

Jilid 2 - Kaca : 117

40. Yèn cupêt awon yêktinya |
kapal jigrang punika dènwastani |
wus tamat sadayanipun |
(m)bakayu-jêngandika |
tiyang èstri dènnya sasaji wus rampung |
lah sumangga sami dhahar |
ngêlih ulun (ng)gêgirisi ||

120. Girisa

1. Cêbolang matur sumangga |
wus linggar saking pandhapa |
pinarak têngahing wisma |
parigêl Nyi Madiaswa |
angladosi tamunira |
ki wisma ngling (ng)gih punika |
warnane (m)bakayu andika |
sawêg awêwêka tiga ||
2. Andhêku kang sinung sabda |
norraga aris turira |
(m)bakayu wus lami kula |
têpang lawan raka-(n)dika |
sawêg samangke pinanggya |
kalawan jêngandika |
sampun kirang pangaksama |
mring pun pêkir kawlasarsa ||
3. Nyi wisma mangsuli sabda |
punapi rinasakêna |
tyang wus ingakên sudara |
lawan raka jêngandika |
adhi sampun mawi taha |
Cêbolang sru panyuwunnya |
wus wawanting kalihira |
gya nadhah langkung mirasa ||
4. Rahab nutug sawusira |
dumugi gya cinarikan |
wowohan lumadyèng ngarsa |
wawi punika mangsêgan |
andhêku kang sinung sabda |
gya ngambil sasukanira |
Cêbolang ris atêtanya |
mênggah ingkang pangandika ||
5. Kathah kang dèrèng uninga |
basan driji têngah gêsang |

Angarêm-arêm punika |
Ganda-kasilir myang Buntar |
kaosikkên winantonan |
amêr-amêr kinathahan |
imbal sêrêg rêsik dêgnya |
kacêngèr myang kinothongan ||

6. Sêrêng myang lumampah dhandhang |
kasanggi kêndhali onclang |
nyangkol kêndhali andhêngar |
makêm kacawuk sasmita |
kacaraki monyar-manyir |
tuwin kang ran palintangan |
kadiparan wardinira |
utawi katêrangannya ||

7. Madiaswa sung wangsulan |
lêrês punika babasan |
èstu awis ingkang wikan |
manawi botên jinarwan |
piniyagah nora kopram |
bilih tiyang dèrèng atam |
mênggah punika babasan |
makatên ingkang katrangan ||

Jilid 2 - Kaca : 118

8. Dariji ing têngah gêsang |
angolah-ngalih pan angsal |
Angarêm-arêm punika |
sarana tan katandukan |
pangêrêhe kang turangga |
Ganda-kasilir punika |
cêmêthi sarananira |
pinolahkên ywa tumiba ||

9. Ngajrih-ajrihi kewala |
lênggah Buntar patrapira |
kapara wingking punika |
kaosikkên kajêngira |
tangsulipun ingkang kêdah |
kaobahakên kalawan |
kêrêp kaoyog kang badan |
kadhêdhêg myang kawantonan ||

10. Kawantonan wardinira |
dipun camêthi punika |
amêr-amêr panyêpêngnya |
apus kêncêng madyanira |
dipun kathahi têngêsnya |
punika kang kinathahan |
manahe punang turangga |
sarananya ingkang numpak ||

11. Amêrdêngkên manahira |
utawi anggadhahana |

raos sêtya murih praya |
plajêngipun kang turangga |
imbal lampah grago jarwa |
sêrêg punika bocongnya |
kang numpaki amingsêda |
mangajêng têrusing nala ||

12. Rêsik andhêgnya punika |
andhêg ingkang grêg kewala |
kacêngèrakên punika |
dipun sêngkakkên têngsnya |
dipun kothongi kajêngnya |
punika manahing kuda |
binudi kakothongana |
kinêmbanan sarananya ||
13. Sêrêng punika sirignya |
kapal tingalipun rikat |
nanging rindhik sayêktosnya |
lampah dhandhang punika |
ingkang sukunipun kapal |
ngajêng wingking cuthat-cuthah |
pramilane winastanan |
lumampah dhandhang mangsudnya ||
14. Andhandhang angarsa-arsa |
pikajêngnya kang anumpak |
yèn sêdya kasirigêna |
inggih lajêng nyirig dhawak |
yèn nêdya kasandêrna |
(ng)gih lajêng nyandêr kewala |
makatên sasaminira |
basane wus nunggal karsa ||
15. Ngajêng kasanggi punika |
nyêpêng apus kainggilna |
angoncêlangkên kêndhalya |
kêdah kalêpèh sarana |
manthuk-manthuk kang turangga |
nyangkol kêndhali punika |
kacangkolkên ing êbamnya |
cêngèr andhangak jarwanya ||
16. Makêm punika turangga |
angingkêmi kêndhalinya |
kacawuk yèku kasêndhal |
manginggil payêndhalira |
suka sasmita turangga |
titikipun sasampunnya |
karangkèt mêdal kajêngnya |
gya mandhapan sasamina ||
17. Anyaraki patrapira |
kinocoran lambenira |

klayan toya kang warata |
gya ingusapakên karna |
monyar-manyir lambenira |
inggih tan ajêg punika |
kang winastan palintangan |
punika unyêng-unyêngan ||

18. Kang nêng ngajênging purusa |
wus tamat sadayanira |
Mas Cêbolang langkung suka |
saha nuwun aturira |
sarèhning sampun dumugya |
kula nuwun palimanan |
wangsul maring pamondhokan |
sami kantuna raharja ||

19. Nyai wisma nulya mêdal |
umatur ring tamunira |
pun adhi bilih sêmbada |
ngantosana sawatara |
ulun damêl wedang kahwa |
linilapan gêndhis klapa |
punika sampun samapta |
Cêbolang mèsêm lingira ||

20. (m)Bakyu iki dhasar bisa |
anuju marang driyamba |
saèstu atur kawula |
sabên-sabên mêngtas nêdha |
kêdah ngombe wedang kahwa |
bilih tan makatên kêmba |
wedang wus lumadyèng ngarsa |
kumêbul gambuh gandanya ||

121. Gambuh

1. Sawusira anginum |
wedang kahwa Cêbolang umatur |
sarêng sampun kasiraman wedang kopi |
kang kalimput nulya thukul |
nênggih kang dèrèng kacriyos ||
2. wontên tiyang amuwus |
lambe kuda wolu warninipun |
(ng)gandhul abot antêp gamoh èntêl gêmi |
ènthèng mrayang jangkêpipun |
kathah kang sami padudon ||
3. Paranta wijangipun |
Madaswa gèdhèg lingira rum |
bêbasane si adhi anguras kwali |
dalah kumute tan kantun |
punika pamanggihingong ||
4. Kang winastan puniku |
lambe (ng)gandhul inggih patrapipun |

lambe ngungsêt mangandhap datanpa kering |
de lambe abot winuwus |
kang (m)badal kêndhali noncong ||

Jilid 2 - Kaca : 120

5. Sirahnya datan (n)dhingkluk |
nanging gêsang inggih basanipun |
lambe antêp inggih ambadal kêndhali |
sirah botên purun (n)dhingkluk |
nanging cangkêm puguh yêktos ||
6. Lambe gamoh puniku |
langkung sae pilihan saèstu |
ingkang ènthèng purun nguculkên kêndhali |
de lambe ètêl kang kêdhut |
ananing ènthèng kemawon ||
7. Tur tinatonan purun |
lambe gêmi punika winuwus |
ingkang tipis gamoh tinatonan kenging |
de lambe ènthèng puniku |
nama myang raos wus jumboh ||
8. Mrayang pungkasanipun |
lambe ènthèng tadhah datan purun |
de kêndhali inggih kêdah angucali |
kang rujuk lan lambenipun |
(m)botên kenging carub awor ||
9. Kapal kang lambe (ng)gandhul |
manah kirang landhêp graitèku |
kêdah mawi kêndhali kang lênggang tuwin |
ingkang awrat bobotipun |
wunèn kang mulu sayêktos ||
10. Sêsêr cêkapan namung |
sarungannya botên mawi brangus |
pangangkahe ing têngah dipunkêmbani |
dènrêrisi lambenipun |
panyêpênge apus pêngkoh ||
11. Kasanggiya puniku |
saking sakêdhik supadosipun |
badhe sagêd lêga lambening turanggi |
narik lêgane tyas tuhu |
kapal anurut sapakon ||
12. Kapal wrat lambenipun |
manah kathah kirang graitèku |
lambe awrat puniku tigang prakawis |
sapisan dhasaring tutuk |
kêndhali kang ènthèng condhong ||
13. Sumadya landhêpipun |
sêsêrira ingkang radi landhung |

bilih awratipun wau saking gusi |
kêndhali kang awrat kêthul |
sêsêr kapara ngalokro ||

14. Manawi awratipun |
saking ilat kêndhali kang kêthul |
ingkang awrat sêsêr cêkak tumèmpèl ing |
lambe de pêngangkahipun |
têngah tumbuh ngajêng tamboh ||
15. Pinèt salintiripun |
tyasing kapal ywa dèn-grusa-grusu |
wit lambene kapal wus tan pinarsudi |
kantun (m)budi manahipun |
lêga amanut sapakon ||
16. Yèn antêp lambenipun |
kêdah ngangge kêndhali puniku |
ingkang awrat lênggang landhêp wunenèki |
raos antêp sababipun |
kirang rosa suku nyleyor ||
17. Taracak ugi miyur |
saha lambe kirang gamoh iku |
pangangkahnya ing ngajêng kêdah sinanggi |
dènrêrisi lambenipun |
têngah winantonan gupoh ||
18. Wingking winantu-wantu |
tinèmpèlan ing camêthinipun |
ngirih-irih dènnya miluta mrih kenging |
tyase kuda lêganipun |
dadya miturut sapakon ||
19. Kang ènthèng lambenipun |
manahira basane sumuruh |
graitane winastan landhêp sayêkti |
lambe manahipun gamuh |
kêndhalinira kang condhong ||
20. Nèm ènthèng wunèn kêthul |
ing pangangkah kêdah langkung alus |
ngarah-arrah arèrèh angirih-irih |
sampun kuciwa ing sêmu |
tyas sumèlèh ngatos-atos ||
21. Awit kapal puniku |
wus kalêbêt sae manahipun |
bilih lêpat ing pangangkah anjalari |
badhe muyab manahipun |
wurung dandosan sayêktos ||
22. Kang kirang manahipun |
nanging landhêp graitanya muluk |

Jilid 2 - Kaca : 121

lambe kandêl kêndhalinya kêdah milih |
ingkang ènthèng wunèn mulu |
panggakahnya ngatos-atos ||

23. Dènrêrisi ing nyayun |
de ing têngah dèn sêrêga muhung |
wingking dipun tèmpele kanang camêthi |
nyarêngi lêganing kayun |
narik mring lambe gumolong ||

24. Srat katuranggan sampun |
nyêbutakên patrap kang kadyèku |
basanipun katula tinali-tali |
saèstu angèl kalangkung |
ing pamrih sagêda golong ||

25. Kapal kang kirang kalbu |
sumpêg sêbêl ing graitanipun |
nanging lambe bêbasanipun agêmi |
kêndhali kêdah kang kêtul |
saha ingkang tanpa bobot ||

26. Mênggah pamanggihipun |
ing panumpak ngajêng dèn-atambuh |
de ing têngah tan kêndhat dipun wantoni |
wingking pinêthil ing têmbung |
tinaliti ingkang prabot ||

Jilid 2 - Kaca : 122

27. Sêsêr ywa cêkak landhung |
sarungannya ingkang mawi brangus |
adat sagêd lêga manahing turanggi |
narik dhatêng lambenipun |
puniku kang wus kalakon ||

28. Kapal kèh manahipun |
panggraita kirang dhasar cubluk |
lambe mrayang punika kêndhalinèki |
ingkang awrat saha kêtul |
binalêbêd sinjang amoh ||

29. Sêsêr tumèmpèl gathuk |
maring lambe de pangangkahipun |
ingkang numpak panyêpênge apusnèki |
tumrape ing lambe amung |
amêr-amêr sarta kukoh ||

30. Lênggahing badan anrus |
kang sumèlèh myang sarèh tyasipun |
pangangkahing lampah mung salah satunggil |
botên kenging sontan-santun |
yèn dèrèng sae sayêktos ||

31. Kapal kèh manahipun |
graita kèh lawan manah tumbuk |

nanging kirang landhêp ènthèng lambenèki |
manahipun kirang gamuh |
mênggah kèndhali kang condhong ||

32. Kang antêp saha kêtul |
pangangkahe panumpak puniku |
(m)botên kenging kawasa-wasa mrih gêlis |
saking sakêdhik mèt kayun |
sarênging sumèh trus batos ||
33. Bab lambe mung puniku |
inggih adhi sasêrêpan ulun |
Mas Cêbolang (n)dhêku aris aturnèki |
kakang ing pangintên ulun |
(m)bokmanawi wus tan mrojol ||
34. Saking wowolu wau |
kalilana ulun lajêng mundur |
maring pondhok ki wisma miwah kang èstri |
ngatêr wangsul (n)jawi pintu |
sung puja karahayon ||
35. Cinarita apan wus |
lami dènnya amarsudèng kawruh |
ing pangrèhing turangga marang ki Madi |
kacathêt sajroning kalbu |
sadaya sampun kagayoh ||
36. Sawiji dina nuju |
nèng pondhokan Mat Têngara gupuh |
aprasabên kakang kantuna ing panti |
mumpung (m)botên wontên tamu |
ulun sakêdhap yun mlancong ||
37. Seba ing uwa Juru |
Pujangkara pêlu nyuwun tuduh |
badhe dêging rancangan griya puniki |
ingkang sae dintênipun |
Mas Cêbolang lingira lon ||

17 Kaajak dening Amat Têngara sowan Ki Pujangkara, kaparingan katrangan bab petangan dintên ngêdêgakên/ndandosi griya, bab lairipun jabangbayi lan wataking lindhu. ... kaca 123-136.

Jilid 2 - Kaca : 123

38. Yayi bilih panuju |
myang tan wontên ing pakèwêdipun |
kula tumut sowan supadi mêwahi |
antuk kawanuhan luhung |
pra gêng sêpuh ahli raos ||
39. Ki Amat sukèng kalbu |
kakang langkung prayogi saèstu |
uwa Juru saking ing pangraos mami |

bab etang-etang wus langkung |
mila kinathik sang katong ||

40. Sanggyaning pra priyantun |
bilih badhe akagungan parlu |
tamtu nyuwun papetangan kang prayogi |
dhumatêng pun uwa Juru |
mrih lêstantun karahayon ||
41. Cêbolang malih muwus |
wawi adhi kula èstu tumut |
wus umangkat santri papat kang umiring |
nèng ngênu datan winuwus |
kèndêl ing pintu sang anom ||

122. Sinom

1. Kyai Juru Pujangkara |
bakdane waktu Ngasari |
angidêri têtanêman |
sasêkaran warni-warni |
nèng kiwa têngên panti |
ginula-gula binatur |
sêlane bêbaturan |
ingurug karikil langking |
pagêr luntas pinarak rampak-naracak ||
2. Wadone lumakyèng wuntat |
sira Nikèn Pujastuti |
lugas tan mawi rasukan |
arimong kurasi kuning |
lading alit cinangking |
parêkan kalih nèng pungkur |
ambêkta panadhahan |
siji (m)bêkta talam alit |
isi gantèn tumumpang anèng sap asta ||
3. Ki Juru angalap sêkar |
sinungkên marang kang rayi |
tinata nèng panadhahan |
nulya mring kêbonan wingking |
ngundhuhi kacang cipir |
boncis kapri myang katimun |
tanapi gêgudhangan |
wangsul mring plataran malih |
angundhuhi wowohan mawarna-warna ||
4. Antuk kalih panadhahan |
Ki Juru ngandika aris |
Nikèn sira sadhiyaa |
saanane kang prayogi |
aja anguciwani |
kang patut kanggo susuguh |
kèndêl dènnya ngandika |
Ki Mat Têngara mangarsi |

5. Jêbèng saka ngêndi sira |
wangune kaya wigati |
umatur Kyai Têngara |
ulun muhung saking panti |
pêrlu sowan mariki |
akaliyan (m)bêkta tamu |
pun kakang Mas Cêbolang |
kula tilar wontên (n)jawi |
Kyai Juru ngandika mring èstrinira ||
6. Nikèn wus sira muliya |
banjurêna prentah mami |
mêngko sabakdane Ngisa |
ki tamu dak ajak bukti |
lèngsèr Nyi Pujastuti |
Têngara turrana gupuh |
putraku Mas Cêbolang |
ywa kadangon anèng (n)jawi |
Mat Têngara mundur praptèng paregolan ||
7. Nulya ingirid mangarsa |
santri catur tansèng wuri |
praptèng plataran pinapag |
mring Ki Juru gya kinanthi |
sarwi nambrama manis |
padha bêcik sira bagus |
lami sun arsa-arsa |
kowe mau saka ngêndi |
kang liningan umatur pangèstu tuwan ||
8. Muhung saking pamondhokan |
babasan kapasang yogi |
wus lami ulun yun sowan |
pun adhi wau sung uning |
badhe sowan mariki |
mila ulun lajêng klayu |
nahênta pinanggiyan |
nèng panti kilèn pëndhapi |
dhapur kampung wetan kilèn ing èmpèran ||
9. Kori têngah trus pêngkêran |
patamanan kilèn panti |
têngah sinungan balumbang |
ingongonan wadêr abrit |
lalarèn angubèngi |
sinung sidhatan mangidul |
mring balumbanging langgar |
binatur ing sela putih |
toya wêning ganggêng mirut ngering nganan ||
10. Sri kawuryan piniyarsa |
sauran ungêling pêksi |

kang samya anèng sèngkêran |
kadi sung pambage maring |
ingkang anêmbe prapti |
bêrkutut anduduk layu |
dêrkuku putêr pêthak |
blastêr dara gondhok Parsi |
nori atat miwah pêksi cèh-ocèhan ||

11. Lir mamèrkên swaranira |
sru sakeca piniyarsi |
wus tata dènnira lènggah |
sugata lumadyèng ngarsi |
pasêsan gantèn wangi |
pateyan pangiringipun |
dhaharan rêrêmikan |
Kyai Juru ngacarani |
jêbèng kono saanane rinahaban ||
12. Andhêku kang sinung sabda |
pasugatan dèntanggapi |
minum wedang myang dhaharan |
sinêlanan gantèn wangi |
Ki Amat matur aris |
gatosipun sowan-ulun |
badhe ngadêgkên griya |
nyuwun tanggal wulan ari |
nuwun benjing punapa prayoginira ||
13. Ki Juru mèsêm ngandika |
upama aja (m)barèngi |
lan gawene (m)bakyunira |
sasi Bêsar kang prayogi |
ta besok bae kaki |
Rabingulakhir sutèngsu |
yèn wus cêdhak kewala |
sira ngêlingêna kaki |
Ki Têngara andhêku matur sandika ||
14. Ngandika malih ki wisma |
marang ing tamunirèki |
iki ranne kabênêran |
sisan ulun asung uning |
Bêsar ing ngarêp iki |
manira yun amêmantu |
ngomah-o hamke anak |
wadon ran Rara Mustari |
dhaup lawan Gus Samsu atmajanira ||
15. Ki Ngabèi Mangunarja |
Kadêmangan ing Pangasih |
lamun sira durung linggar |
êndak purih angrawuhi |
Cêbolang matur aris |
sêndika langkung panuju |

Jilid 2 - Kaca : 125

- mênggah têngpuking karya |
wontên ing dintên punapi |
Ki Juru ngling sawise bêdhol tumbak ||
16. Ing tanggal kaping pat-bêlas |
Jumuwah Pon amarêngi |
pêcak sawêlas ningkahnya |
sorene bakda Mahribi |
pangantèn banjur panggih |
mung calimèn basanipun |
mulane rinira Mat |
anggone ngadêgkên panti |
dakkon mundur dadi tan bêbèncèng karsa ||
17. Èh Ragaduta dandana |
ngunjukna lapuran iki |
(n)jujug Nyi Regol kewala |
katur Nyi (ng)Gung ingkang tampi |
sêrat wus dèntampani |
Ragaduta nulya mundur |
Cêbolang bêbêg ing tyas |
nanging ayun matur ajrih |
jroning minggu (ng)gagas badhe aturira ||
18. Raraosan lan Ki Amat |
adêgipun wisma adhi |
punapi mawi pilihan |
tan prayogi janji sasi |
Ki Amat amangsuli |
makatên saèstunipun |
nanging kula tan wikan |
kajawi matur kiyai |
uwa Juru supadi têtanging nala ||
19. Uwa punika pun kakang |
atatanya dhatêng mami |
masalah adêging wisma |
paran katêranganèki |
Ki Juru ngandika ris |
adêging griya puniku |
lawan tibane pangkat |
pan padha petanganèki |
mula lamun (n)jêng sultan arsa misudha ||
20. Sadurunge kalêksanan |
dhawuh marang ingsun dhingin |
mundhut palapuraningwang |
dina sasi kang prayogi |
lan lamun amarêngi |
kagungan putra sang mulku |
miyose atmajendra |
uga ulun angaturi |
pêpetangan atanapi pêpêngêtan ||

21. Kalamun ana grahana |
kalawan teja kaèksi |
lintang kumukus bahingrat |
tibane laetulkadri |
ulun banjur ngaturi |
katrangan surat tinutup |
mau gawe lapuran |
arsa amisudha wrêsi |
piyarsakna kang bêcik lawan kang ala ||
22. Iki lah mapan pratingkah |
ngadêg-adêgakên nênggih |
sabarang kang dênadêgna |
bupati utawi mantri |
miwah ta saliyaning |
kaya ngadêgakên iku |
ing wisma sapatdhanya |
miliya sasi kang bêcik |
ingkang ala wajib sira singgahana ||
23. Kalamun sasi Mukaram |
ala watêke tan bêcik |
mapan manggung kasusahan |
gêringan payah tan polih |
ing têtamba tumuli |
yèn ana durbala tulus |
yèn apêpadon kalah |
amung ngadêgkên narpati |
ingkang bêcik liyane iku pan ala ||
24. Yèn ing sasi Sapar ala |
singgahana nora bêcik |
tan wurung lara kêsandhang |
nanging tan tumêkèng pati |
yèn nanandura bêcik |
iya ing wit-witanipun |
têngahan lan wêkasan |
wurung lire nora dadi |
tombok donya sirna nora ambarêkat ||
25. Ing Rabingulawal ala |
agêringan wataknèki |
miwah ta kapatèn garwa |
yèn nêrandur nora dadi |
lan alanipun malih |
kêrêp kadhêndhèng Hyang Agung |
Rabingulakhir wulan |
pilihan iku kang bêcik |
ing sabarang iku kang ingêdêgêna ||
26. Mapan wahyune kapenak |
sabarang prentahe dadi |
barang karêpe katêkan |
yèn pepadon mênang ugi |
ing sakarsanirèki |

yèn nêmandur pasthi tulus |
lan nora na kandhêgnya |
têkan êmas lawan picis |
kang supangat (n)Jêng Nabi Nayakaningrat ||

27. Lan sapolahe rinêksa |
dening Hyang Kang Maha Sukci |
de sasi Jumadilawal |
ala pan anggung prihatin |
pêtêngan atèn nênggih |
punika wawatêkipun |
yèn apêpadon kalah |
ananandur nora dadi |
kikirangan rijêki dening Pangeran ||

28. Jumadilakir kang wulan |
singgahana nora bêcik |
akèh rijêki kang prapta |
nora nganti dipun bukti |
pan anggung dènmalangi |
kasayaban ngangguripun |
lawan kêrêp kadhêndha |
sathithik sukaning kapti |
apan kêrêp kasusahan ingkang manah ||

Jilid 2 - Kaca : 127

29. Ing sasi Rêjêb pan ala |
arang sukane kang ati |
mapan akèh dukanira |
tininggal marang ing siwi |
nêmandur nora dadi |
bawur angên-angênipun |
tan antuk kang sapangat |
(n)Jêng Nabi Duta sinêlir |
yèn ing sasi Sakban punika utama ||

30. Sabarang kang dênadêgna |
punika pan luwih bêcik |
akèh rijêki kang prapta |
tur sasi kalal binukti |
kêdhêp parentahnèki |
akèh wong kang apitatur |
tur padha wèh manpangat |
sabarang karêpe dadi |
apan antuk kang sapangat Rasulollah ||

31. Salalahu-huwasalam |
wulan Ramêlan tan bêcik |
tansah kangelan kang manah |
ing lair tumêkèng batin |
manggung kinirang ugi |
marang wong kang gêthing iku |
akèh wong ingkang ewa |
anêmandur nora dadi |

prayogane padha sira singgahana ||

32. Yèn ing sasi Sawal ala |
tur bangêt (ng)gonne tan bêcik |
ambarêngi prihatinan |
akèh kang wong angewani |
wong angalani malih |
akêrêp kataton iku |
tan kèdhêp parentahnya |
anênandur nora dadi |
pan ing wulan Dulkangidah watakira ||
33. Sabarang kang dènadêgna |
pan asae wataknèki |
apan manggung kinasiyan |
mring sadulur anak rabi |
myang sapêpadhanèki |
atanapi mring wong sêpuh |
anandur prayoga |
mung sêdhêng petangirèki |
pan ing wulan Dulkangidah iku watêknya ||
34. Akèh rijêkine prapta |
êmas atanapi picis |
saisine wismanira |
tumêkèng laladanèki |
tuwin prentahan sami |
sadaya yêm manahipun |
angsal ingkang supangat |
(n)Jêng Nabi Rosulolahi |
Salahu-wa-ngalai-hiwasalam ||
35. Tamat gantya palairan |
petung sing nêptuning ari |
winor nêptuning pasaran |
duk rikalanira lair |
kayêktènira ugi |
mapan akèh cocogipun |
nadyan ta sulayaa |
mung sathithik kèh nocogi |
pinurwa sing wêktuning dina pasaran ||
36. Kalamun kapanggih astha |
lairira jabangbayi |
bang-bang pring tur panas baran |
watake pan rada drêngki |
kurang marma kang ati |
akèh wong kang dènbarangus |
rêmên padu wong ika |
yèn nêpsu sok (m)bilaèni |
wus kayêktèn yèn mangkono watêkira ||
37. Kalamun kapanggih sanga |
lairira jabangbayi |

- watakira baranjalan |
omah-omah asring ngalih |
sabanira atêbih |
amung ngungsèkakên gurung |
kalamun duwe japa |
watakira nora mandi |
nora wawang wong agawe karusakan ||
38. Lamun kapanggih sadasa |
lairira jabangbayi |
antêng watake sambada |
yèn winuruk anitèni |
jêro nêptune yêkti |
abagus bisa mêrdhukun |
tan rêmên tinakonan |
juwèh-juwèh wong puniki |
sumèh ulat trisna marang kadangira ||
39. Lamun kapanggih sawêlas |
lairira jabangbayi |
mapan barès tur pracaya |
wani ngambah ing wêwêdi |
kêndêl wani ngêmasi |
rêmên wèwèh wong puniku |
loma maring sasama |
alane yèn nandhang miskin |
sok calimut njupuk duwèking sasama ||
40. Kalamun kapanggih rolas |
lairira jabangbayi |
kurang narima ing titah |
akèh pangarahirèki |
kasmaran ing asinggih |
èstri atanapi jalu |
gampang ngupaya pangan |
watakira kurang manis |
omah-omah wong ika asring kelangan ||
41. Lamun kapanggih têtulas |
lairira jabangbayi |
rênyah pamicaranira |
gungan kapati-pati |
nanging atine bécik |
runtut rukun mring sadulur |
tan darbe napsu ala |
bêtah mëlèk enggal mukti |
yèn nyudagar watake tabêri dagang ||
42. Lamun kapanggih patbêlas |
lairira jabangbayi |
ing têtambe lare punika |
sabarang karya pan bangkit |
sakêdhap yèn tan bukti |
agangsar lamun winuruk |
tau sinungsung janma |

cacadira nora sugih |
lêmbah manah wong ika rada sungkanan ||

43. Lamun kapanggih limalas |
lairira jabangbayi |
kaharjan rare punika |
bisa marentah sujanmi |
kêras tatag gêng ati |
cukup mring pambuktinipun |
nora kurang pamboga |
kathah mitranira asih |
mung cacade asring padu maring krama ||

44. Lamun kapanggih nêmbêlas |
lairira jabangbayi |
sèdhêt maring silakrama |
angrêsêpkên lamun angling |
sugih apura yêkti |
juwèh padone wong iku |
sabarang kang cinipta |
nora luput pasthi dadi |
lamun bukti nora kêna pinalangan ||

Jilid 2 - Kaca : 129

45. Lamun kapanggih pitulas |
lairira jabangbayi |
mênêng cêguk watakira |
yèn margawe sok niwasi |
glênas-glênês yèn angling |
yèn duwe karêp sok wurung |
asring sinungsung janma |
kêrêp dènpaeka janmi |
yèn kapadhan ing karsa kalangkung suka ||

46. Lamun kapanggih wolulas |
lairira jabang bayi |
kaduk wani kurang duga |
kumalungkung sok panastin |
biyas ulatirèki |
yèn dinulu wong puniku |
padonira sêmbrana |
sumakeyan lamun sugih |
yèn tukaran dènantêp tumuli ngalah ||

47. Titi petungan klairan |
mungguh sasi ingkang bêcik |
kang kanggo adêg-adêgan |
wusing pakantuk kang sasi |
kudu angetung maning |
kang prayoga dinanipun |
utawa nyingkirana |
tali wangke sampar mayit |
naas sangar myang kala wuku nèng ngandhap ||

48. Dhêndhan-kukudan dhungulan |

uga kudu disingkiri |
Cêbolang aris turira |
langkung lêgane kang ati |
nahênta wanci Mahrib |
bêdhug ing langgar tinabuh |
santri lit kathah prapta |
samyu muji salawati |
alalagon Tunggul mungguh Paculgowang ||

49. Ki wisma aris ngandika |
prayoga wêktu rumiyin |
tanggap ingkang sinung sabda |
samyu ngambil toyastuti |
sawusing praptèng masjid |
kang maca salawat suwuk |
Nurwitri nulya adan |
swara arum mêthit alit |
amung kirang sakêdhik wilêtanira ||

50. Suwuking angantya sunat |
sawusing sunat Mahribi |
Ki Nurwitri nulya kamat |
kèndêl kamat nulya Mahrib |
Ki Juru angimami |
têkèng bakda Ngisanipun |
sambat kang pupujian |
sunatira amêpêki |
bakda sunat Kyai Juru angandika ||

51. Jêbèng payo marang wisma |
ibunta sadhiya bukti |
tumurun saking ing langgar |
Cêbolang Amat nèng wuri |
sapraptanirèng panti |
Pujastuti lon umatur |
dhahar sampun samêkta |
Ki Juru angacarani |
payo jêbèng padha mangan saananya ||

Jilid 2 - Kaca : 130

52. Ibune sira mèluwa |
mangan dimèn aja ganjil |
kang sinung ngling wus mangarsa |
saha matur manganjali |
dasihe nyuwun uning |
lah sintên tamu puniku |
iku ran Mas Cêbolang |
asli sing Cilacap nagri |
atmajane Janggan Naradi Kang Ngusman ||

53. Wus lawas nèng Ngèksiganda |
mondhok ing wismanirèki |
pulunanta Mat Têngara |
ingakên sudarawêrdi |
papat bature santri |

pinarêng ing wêktunipun |
slawase kapondhokan |
rijêkine ika mintir |
wus dilalah malah yun ngadêgkên wisma ||

54. Pujastuti angandika |
sukur-sukur sira kaki |
muga-muga lêstarèkna |
andhêku kang sinungan ngling |
kulup kang anyar kèksi |
sanadyan nêmbè katêmu |
rasane atiningwang |
tan beda lan rinirèki |
kaya uwus kulina luwih sawarsa ||
55. Mas Cêbolang aturira |
kalangkung nuwun kapundhi |
sapintên-pintên nugraha |
kang dhumawah jasadmami |
karêngkuh kadi siwi |
mênggah sotaning tyas ulun |
kadya rêna priawak |
sampun kirang pangaksami |
rèh tyang manca èstu kirang sila krama ||
56. Anutug dènnira nadhah |
sadaya wus samya wanting |
ambêng nulya cinarikan |
linorodkên maring jawi |
Ki Juru ngandika mring |
garwa èh ibune sindhuk |
sesuk Nyi Padmasastra |
lawan Nyai Gundha mundhing |
aturana mrene jakên rêrêmbugan ||
57. Pujastuti tur sandika |
bibar wangsul maring jawi |
santri papat lagya nadhah |
ki wisma ngling aywa isin |
banjurna (ng)gonmu bukti |
kang liningan matur nuwun |
mangsuli pinarakan |
wusing dhahar (m)buwang amis |
nulya sami êsês atanapi mucang ||
58. Alon matur Mas Cêbolang |
paran katêranganèki |
takbirane kang grahana |
surya atanapi sasi |
mênggah ngalamatnèki |
sanès atanapi jumbuh |
myang ngalamating teja |
lintang kumukus utawi |
punang lindhu ulun nyuwun saêrêpan ||

59. Kyai Juru mēdhar sabda |
grahana surya myang sasi |
iku ngalamate padha |
mangkene urutirèki |
yèn grahana amarēngi |
Muharam ing wulanipun |
ngalamate akathah |
ing pitênah lan bilai |
wong kang sugih-sugih samya karisakan ||

Jilid 2 - Kaca : 131

60. Wong kang miskin samya saras |
yèn Sapar ika marēngi |
wētuning punang grahana |
ngalamate udan angin |
yèn grahana kang sasi |
Rabingulawal anuju |
ngalamate pailan |
lan akathah kang ngêmasi |
lan akathah udan angin mangsanira ||

61. Lamun panuju grahana |
ing wulan Rabingulakir |
ngalamat wong sugih samya |
akathah kang alih-alih |
wong ingkang miskin-miskin |
akathah kalalènipun |
lamun ana grahana |
Jumadilawal kang sasi |
lamat kathah kilat udan lawan gêlap ||

62. Lamun anuju grahana |
ing wulan Jumadilakir |
ngalamat tulus wong sêsawah |
tanduran padha andadi |
wowohan murah sami |
lamun grahana anuju |
nênggih ing wulan Rajab |
akèh wong luwe bilai |
akèh udan angin akèh wong palastra ||

63. Yèn grahana wulan Sakban |
ngalamat manungsa sami |
akèh karya kabêcikan |
lan bêrkat mupangat sami |
sukur akèh kang muji |
ing Hyang Kang Maha Luhur |
lamun ana grahana |
wulan Ramêlan marēngi |
ngalamate pailan akèh wong rusak ||

64. Lamun ing malêm Jumuwah |
ngalamat akèh bilai |
asangêt agagêmpuran |
akathah tyang sami lalis |

yèn grahana ing sasi |
Sawal pan ngalamatipun |
akathah wong kang lara |
lan akathah wong prihatin |
yèn grahana nuju wulan Dulkangidah ||

65. Lamat sangêt kang maruta |
bayu bajra angin-angin |
angrêbahakên kakaywan |
yèn grahana amarêngi |
Dulhijah wulannèki |
ngalamat akèh wong iku |
sami asuka-suka |
lan wong papakeyan sami |
lan wong kaji samya suka ing dadalan ||
66. Lamun anuju grahana |
ing wulan Dulkihjah nênggih |
lajêng ing wulan Mukaram |
ing sajrone kalih sasi |
ngalamat badhe ari |
kiyamat ing mangsanipun |
karsanira Hyang Suksma |
akarya ilapat jati |
dèn waspada tibane dudu lan iya ||
67. Gantya ngalamating teja |
lamun ana teja kèksi |
ing wetan bènêr pratandha |
tulus panjênêngan aji |
suka sakèhing janmi |
tulus kang sarwa tinandur |
lan murah sandhang pangan |
dene yèn teja kaèksi |
kidul wetan pratandha aprang gêmpuran ||
68. Lan wontên pakaryan awrat |
malih yèn teja kaèksi |
ing kidul bènêr pratandha |
larang bêras larang pari |
lawan akèh wong drêngki |
akèh wong kang samya lampus |
yèn teja katingalan |
kidul kulon mrantandhani |
para mantri pra samya akèh sungkawa ||
69. Lan wong cilik akèh rusak |
kêbo sapi padha mati |
lan rêgane mundhak larang |
lamun ana teja kèksi |
kulon bènêr tan bécik |
pra pandhita para ratu |
lawan kang alul lampah |
myang wong kang atèki-tèki |

Jilid 2 - Kaca : 132

sadayèku samyarsa kênèng sungkawa ||

70. Teja lorkulon ngalamat |
kèh wong mati dening gêring |
wong gèdhe tatane rusak |
teja lor bènêr winarni |
wong cilik padha sêdhih |
wong agung tan ana atut |
nanging bras pari murah |
murah kêbo lawan sapi |
wêkasane larang sandhang lawan pangan ||

71. Teja lorwetan ngalamat |
ratu katêkan prihatin |
para mantri akèh rusak |
wong cilik bingung kèh ngêlih |
saking wisunane sêdhih |
dene praja ura-uru |
kêbo sapi kèh pêjah |
larang udan mung dèneling |
kautaman kumambang bêkti ing Allah ||

123. Maskumambang

1. Iki-jêbèng sasmitanira Hyang Widdhi |
sakèhe kang umat |
para ratu myang bupati |
kang miyarsa ngèstokêna ||
2. Apan lintang kumukus panêngranèki |
lamun ana lintang |
kumukus lorwetan nênggih |
iku ngalamate ala ||
3. Ana ratu aninggal para bupati |
lawan ana karya |
arane ambêbayani |
ninging kèh desa padha rusak ||
4. Lamun lintang kumukus lorkulon nênggih |
ngalamate ala |
ana ratu rêbut singgih |
lan malih yèn ana lintang ||
5. Kulon bènêr lintang kumukus mêngêti |
ana madêg raja |
bupati agung ngormati |
lan wong cilik akèh suka ||
6. Kidulkulon kawuryan ngalamatnèki |
ana ratu seda |
para bupati prihatin |
samya karya kabêcikan ||

7. Akèh udan angin murah bêras pari |

- wowohan andadya |
amung kêbo lawan sapi |
kèh pèjah wallahualam ||
8. Lamun mijil kidulwetan mêtandhani |
ana ratu padha |
panjênêngan têtêng janji |
lan malih yèn ana lintang ||
9. Kumukus yèn mijil wetan bènêr nênggih |
ngalamate ala |
sang ratu sungkawèng galih |
lan para bupati padha ||
10. Kaewuhan desa rusak kèh pagêring |
lawan akèh udan |
nanging murah bêras pari |
wus titi walahualam ||
11. Amarna rèh dalajate ingkang bumi |
karsane Hyang Suksma |
gonjingira ingkang siti |
tan liyan saking kodratolah ||
12. Saguning kang manungsa satanah Jawi |
obahing bantala |
ingaran lindhu puniki |
mangka dumadya pratandha ||
13. Lamun lindhu wulan Mukaram marêngi |
wêktu Subuh nglamat |
ana prang ing tanah Jawi |
yèn lindhu ing wêktu Luka ||
14. Ironing Sura murah pangan lan rijêki |
yèn têngange nglamat |
barkah lan rahmat (n)dhatêngi |
yèn wêktu Luhur ngalamat ||
15. Nênggih arsa angalih ênggèn sawiji |
yèn ing wêktu Ngasar |
ana prang ngalamatnèki |
yèn wêktu Mahrib ngalamat ||
16. Kathah janma samya anêmahi lalis |
lamun wêktu Ngisa |
saisine bumi sami |
olèh rahmating Pangeran ||
17. Gantya lindhu ing wulan Sapar marêngi |
wêktu Subuh nglamat |
ana pakaryan marêngi |
(ng)gonning ratune wong desa ||
18. Iya iku olèh bumi kang sawiji |

yèn ing wêktu Luka |
ana pêrang lamatnèki |
yèn têngange ana pitnah ||

19. Lamun wêktu Luhur ngalamatirèki |
sri nata sawadya |
tinêkanaan nora bêcik |
yèn wêktu Ngasar ngalamat ||
20. Samya asih siniyan sakèhing janmi |
wêktu Mahrib nglamat |
kèh alih-alihan panti |
kalamun ing wêktu Ngisa ||
21. Ngalamate bilai agêng (n)dhatêngi |
dipadha prayitna |
ana dene saratnèki |
anganggowa sinjang pêthak ||
22. Kang amulus kalawan ingkang asuci |
myang kita ngucapa |
kang bènêr santosèng ati |
ywa ngucap kang tanpa karya ||
23. Dan maujud ing Hyang Inggang Maha Sukci |
aywa sok ngucapa |
mangan nginum ngati-ati |
sabarang kang sarwa kalal ||
24. Apadene padha sidhêkaha sami |
sakuwasanira |
sêga wuduk iwak pitik |
nanging ingkang wulu tulak ||
25. Ujubira anulak sakèh bilai |
mangsa kèh bêbaya |
apan Kunut donganèki |
poma sami ngèstokêna ||
26. Gantya wulan Rabingulawal marêngi |
wêktu Subuh nglamat |
apailan punang nagri |
kalamun ing wêktu Luka ||
27. Ngalamate ana nugrahaning Widdhi |
yèn wêktu Luhur pan |
nglamat ayun ana rêsi |
prapta padesan myang praja ||
28. Wêktu Ngasar nglamat kèh bocah kang mati |
wêktu Mahrib lawan |
wêktu Ngisa nglamatnèki |
nora ana kara-kara ||

Jilid 2 - Kaca : 134

29. Gantya wulan Rabingulakir marêngi |
wêktu Subuh nglamat |
pailan myang larang bukti |
lamun nuju wêktu Luka ||
30. Ngalamate murah bêras lawan pari |
wêktu Luhur nglamat |
datan ana kawis-kawis |
wêktu Ngasar ana pêrang ||
31. Lamun wêktu Mahrib ngalamatirèki |
sakèh bumi desa |
antuk rahmating Hyang Widdhi |
yèn wêktu Ngisa raharja ||
32. Gantya wulan Jumadilawal marêngi |
wêktu Subuh nglamat |
akèh prang de yèn marêngi |
wêktu Luka ngalamatira ||
33. Sarwa tulus kang tinandur bumi-bumi |
wêktu Luhur nglamat |
olèh rahmating Hyang Widdhi |
lamun wêktu Ngasar ala ||
34. Ngalamate bilai gêng andhatêngi |
kèh patyan-pinatyan |
kalamun wêktu Mahêrib |
ngalamat sangêt sangsaya ||
35. Yèn ing wêktu Ngisa ngalamatirèki |
dahat tan prayoga |
dènsami prayitnèng wèsthi |
yogya padha sagahana ||
36. Bubur warna iya ing sakadarnèki |
dene donganira |
Pina kalawan Basuki |
prayoga kaèstokêna ||
37. Gantya wulan Jumadilakir marêngi |
wêktu Subuh nglamat |
kèh wong suka-sukèng ngati |
kalamun ing wêktu Luka ||
38. Nglamat kèh wong karya pakaryan basuki |
wêktu Luhur nglamat |
akèh nugraha kang prapti |
kalamun ing wêktu Ngasar ||
39. Ngalamate akèh woh-wohan kang (n)dadi |
wêktu Mahrib nglamat |
kèh munapèk tan sayukti |

Jilid 2 - Kaca : 135

kalamun ing wêktu Ngisa ||

40. Nglamat akèh pêrang sidhêkaha nuli |
sêga bêras abang |
iwak pitik wulu kuning |
donga Slamêt wirangrongan ||

124. Wirangrong

1. Wulan Rêjêb kang gumanti |
kalamun ing wêktu Suboh |
nglamat tan prayoga awonipun |
winêdhar tan kenging |
mung kandhêg nglamat ala |
kalamun ing wêktu Luka ||
2. Ngalamat asat kang tasik |
waktu Luhur ngalamat won |
satrunira arsa akarya dur |
ngira-ira ngati |
kalamun wêktu Ngasar |
ngalamate sarwa murah ||
3. Kalamun ing waktu Mahrib |
ngalamat wong kang ngalih (ng)gon |
yèn ing wêktu Ngisa nglamatipun |
kèh wong sukèng galih |
tan ana sinangsaya |
ngene-ngene suka-rêna ||
4. Gantya wulan Ruwah wanci |
waktu Subuh nglamat awon |
akèh uwong-uwong akaryèku |
pangira tan bêcik |
kalamun wêktu Luka |
ngalamate luwih ala ||
5. Ana bêbênduning Widdhi |
waktu Luhur uga awon |
akèh bumi rusak sidkahipun |
sêga bras ayam brit |
dene dongane Balak |
iku padha kaèstokna ||
6. Gantya wulan Siyam wanci |
waktu Subuh nglamat awon |
akèh bumi rusak yèn ing waktu |
Luka nglamatnèki |
pan ana papêrangan |
yèn waktu Luhur myang Ngasar ||
7. Ngalamate awon sami |
waktu Mahrib uga awon |
lawan waktu Ngisa nglamatipun |
pan patin-pinatin |
mung wong agung kewala |

8. Padha sidêkaha nuli |
mung bubur dhawêt kemawon |
dene donganira donga Rasul |
tan pêgat mêmuji |
aywa na kara-kara |
wong agung tulus têtrêma ||
9. Gantya wulan Sawal wanci |
waktu Subuh winiraos |
ngalamat ana satru yèn ing wêktu |
Luka ngalamatnèki |
ana lara mawarna |
myang akèh jalma palastra ||
10. Yèn waktu Luhur marêngi |
ngalamate ana katong |
ingkang puput yuswa Ngasar wêktu |
ngalamatirèki |
akèh kang bumi rusak |
yèn waktu Mahrib ngalamat ||
11. Kèh wong suka sukèng galih |
waktu Ngisa nglamat awon |
parêk ana pêrang ingkang agung |
sidêkaha sami |
bubur kang warna-warna |
donganê Êmas-kumambang ||
12. Gantya Dulkangidah sasi |
lamun nuju waktu Suboh |
wowohan padha nuju |
uwohe andadi |
kalamun waktu Luka |
ngalamat ana blai prapta ||
13. Yèn waktu Luhur marêngi |
ngalamat udan kêras rawoh |
lamun waktu Ngasar ngalamatipun |
ingkang bêcik-bêcik |
tan ana paran-paran |
yèn waktu Mahrib ngalamat ||
14. Kèh wong suka-suka ngênting |
wêktu Ngisa nglamat awon |
akèh wong kang rawuh sidkahipun |
sêga liwêt nênggih |
sabarang iwak kêna |
donga Salamêt kewala ||
15. Wulan Bêsar amungkasi |
nglamate kang palindhon |
lamun waktu Subuh ngalamatipun |

akèh sato sami |
ingkang agalak-galak |
kalamun ing waktu Luka ||

16. Ana pèrang nglamatnèki |
kalamun ing waktu Lohor |
nglamat kèh lalara Ngasri waktu |
pan ngalamatnèki |
kèh sato ingkang pêjah |
waktu Mahrib kang ngalamat ||
17. Akèh janma ingkang prapti |
padha kaluwèn kalêson |
lamun wêktu Ngisa nglamatipun |
larang pangan yêkti |
sidêkah sêkul abang |
kalawan sêkul kang pêthak ||
18. Warna papat iwak pitik |
dènolaha kang miraos |
irêng abang tulak lawan pingul |
Kubur donganèki |
bab palindhon wus têlas |
jêbèng kabèh kang kawêdhar ||

18 IV. Tatacara tuwin upacara mantu
Ki Pujangkara nêdhêng-nêdhingipun siyaga badhe mantu putra-putrinipun
kanthi upacara mawarni-warni. Amat Têngara tuwin Mas Cêbolang
katimbalan. Dhatêngipun pinuju Ki Pujangkara manggihi Nyai
Cundhamundhing, jagal, kapasrahan lan sampun kulina nggarap daging
maesa. Kangge pasugatanipun para tamu pancèn badhe mragad maesa. Nyai
Cundhamundhing nêrangakên bab mragad maesa sarta murih dagingipun
sagêd babar/dados kathah tur tumanja sadaya. Ngaturi katrangan
sakalangkung jangkêp bab nama-namanipun daging ing awakipun maesa. ...
kaca 137-144.

Jilid 2 - Kaca : 137

19. Iku ujare kang tulis |
piridan kang wus kalakon |
iki uwis wayah lingsir dalu |
prayogane sami |
angaso benjang-enjang |
karone padha baliya ||
20. Kang liningan mundur sami |
ing dalu tan winiraos |
nahan enjangira wangsul |
Ki Juru myang rabi |
lagya manggihi jagal |
Nyi Cundhamundhing juragan ||
21. Mas Cêbolang wus mangarsi |
Ki Amat jèjèrnya lunggoh |
Pujastuti lingnya mila (m)bakyu |
(n)dika kula aturi |

pinarak mring wismamba |
yèn pinarêng dening Allah ||

22. Benjing wulan ngajêng niki |
kula badhe ewoh-ewoh |
nglakèkakên anak nanging amung |
climèn datan mawi |
sêdhahan undang-undang |
tamune mung para kadang ||
23. (m)Bakyu dhangana panggali |
dados pangajênging pawon |
mênggah babing ulam ecanipun |
amidhe utawi |
amaragat piyambak |
kula amanut kewala ||
24. Nyi Cundhamundhing turnya ris |
prayogi mragat kemawon |
babar ingkang ulam bilih ulun |
ingkang anênggani |
saèstu sagêd wijang |
sanès-sanès ingkang ulam ||
25. Nyi Pujas ling kadi pundi |
kula èstu dèrèng wêroh |
namining kang ulam manggènnipun |
(m)bakyu yèn marêngi |
mugi kapratelakna |
dhandhang sranduning maesa ||

125. Dhandhanggula

1. Nyai Mundhing aturira aris |
wijangipun sranduning maesa |
gangsals perangan cacaha |
sirah sasampunipun |
pisah lawan jangganirèki |
punika sagolongan |
gronggongan dwipun |
jêrowan katiganira |
suku kalih ing ngajêng sakawannèki |
suku wingking gangsalnya ||
2. Mapan sirah sasampunirèki |
pisah lawan jangganing maesa |
nami tuwin panggonanne |
cucal sirah puniku |
kang ngêmuli sirahirèki |
kuping sangandhap singat |
klambit sirah muhung |
kang ngêmuli pipinira |
bongos lambe ingkang nginggil manggèn (n)jawi |
gobog poking talingan ||

3. Kang katingal ing kanan myang kering |
 dhuwêr poking kuping lèbêt (ng)gènnya |
 sluhan bédhahan mripate |
 koncèr gobog puniku |
 wontên têngên ing kanan kering |
 kalambit gulu apan |
 kêmul daging gulu |
 lambe gangsa (n)jawi apan |
 lambe ing ngiringan cêlak êbam cringih |
 kadhangan manggènnira ||

4. Anèng ing lèbêt kang poking kuping |
 kadhalan jamang lawan sabrangan |
 samya nèng cêngêl ênggonne |
 wayang ototing gulu |
 ingkang nginggil jamang manggèn ing |
 cêngêl wingkinging singat |
 pipi kalhipun |
 mripat kalih ngandhap singat |
 gajih mripati buntêl tancêping kang manik |
 kadhalan manggènnira ||

5. Sangandhaping pipi kanan kering |
 tangkêp pinggir pipi lèbêt (ng)gènnya |
 asinan ngandhap pipine |
 tigasane pan ing gulu |
 lambe gangsa lèbêt utawi |
 cêthak agêng punika |
 tumèmplèk ing balung |
 otot adaini (ng)gènnya |
 sirah gulu dumugi badanirèki |
 dene kang balung mripat ||

6. Ingkang tinancêpan mripat kalih |
 balung uwang-uwang ingkang ngandhap |
 dumugi janggut watêse |
 untu pan kathahipun |
 tamtu tigangdasa nêmi iji |
 lidhah cangkêm (ng)gènnira |
 pok lidhah puniku |
 anèng ing têtak manggènnya |
 sanggar apan sambunganing lidhahnèki |
 kaliyan gurungira ||

7. Sêntil balung têtak ingkang nginggil |
 asinan kang cakêt sêntil (ng)gènnya |
 gurung anèng ing têtake |
 utak salèbêtipun |
 balung pathak warnanya putih |
 sogokan pan ing jangga |
 janur otot irung |
 balung janur balung grana |
 balung pasung ing irung manggènnirèki |
 pèthak alit punika ||

8. Pan ing gusi nglêbêt manggènnèki |
 congor lambe ing lêbêt (ng)gènnira |
 bungur tumèmpèl irunge |
 pathak sanginggil bathuk |
 curi balung kang dèntancêpi |
 sungu kalih punika |
 klampit curi muhung |
 kang ngêmuli curinira |
 sungu ingkang nèng sirah kanan myang kering |
 tamat pisahing sirah ||
9. Peperangan kalih kang winarni |
 garonggonan wusing kinêlêtan |
 sarta kasampilan rêke |
 cucal ingkang rumuhun |
 angêmuli badaning mundhing |
 wulu tumancêp cucal |
 thèthèlan puniku |
 kang tumèmplèk wontên cucal |
 balung topèng pisahing sirah lan janggi |
 êlêd-êlêd punika ||
10. Inggang jajar lawan gurungnèki |
 daging êlêd cêlak gurung (ng)gènnya |
 punuk pok gulu ngajênge |
 jajalak ênggènnipun |
 cènggèr ngandhap punuk (ng)gènnèki |
 loloh kiwa têngènya |
 punuk ênggènnipun |
 gigir loloh kering kanan |
 iangkang punuk balung kolek sawingkinging |
 ing punuk myang jalakan ||
11. Klambit dhadha ingkang angêmuli |
 daging dhadha koncèr dhadha (ng)gènnya |
 kiwa têngèning dhadhane |
 balung malang (ng)gènnipun |
 satêngahê balung dhadhèki |
 sandhunglamur unggyannya |
 pucuking babalung |
 wêkasan iga ing cêkak |
 balung tutup dhadha pok balung dhadhèki |
 klambit ngêmuli dhadha ||
12. De sayadan tangkar kang ngêmuli |
 lèmpèng kanan kering ênggènnira |
 balung tangkar ing pucuke |
 iga lèmpèng (ng)gènnipun |
 tangkar ingkang tumèmpèl maring |
 balung tangkar (ng)gènnira |
 lêmungsir puniku |
 gigir têngah ula-ula |
 têngèng cêthik yam-ayam ngandhap lêmungsir |

Jilid 2 - Kaca : 139

kêlèt balung la-ula ||

13. Walima pan sirahe lêmungsir |
ingkang cêlak bubuntut (ng)gènnira |
tlêcêr nèmplèk lêmungsire |
nèng kiwa têngênipun |
dene kèbèt ingkang lêmungsir |
pan sèsètaning iga |
kèbèt iga muhung |
tumèmplèk wontên ing iga |
de enggok-enggokan iga (ng)gènnirèki |
wontên pucuking iga ||
14. Pan sayadan ingkang angêmulu |
iganira ing kering myang kanan |
balung kropyak la-ulane |
de olor isinipun |
balung kropyak kasêbut ngarsi |
balung iga (ng)gih iga |
sayadan kropyak mung |
lêd-lêd sambungan la-ula |
de palwalang yèka ta manggènnirèki |
ing sawingkinge têpak ||
15. Inggang ngarsa dumugi ing gigir |
ulur lêbêt anèng ula-ula |
kang lêbêt nèmplèk balunge |
gèmbèl daging binungkus |
ing sayadan lèmpèngirèki |
ginjêl ing garonggongan |
nging palwalang katut |
jambal ing lèmpèng (ng)gènnira |
planggodhong ing lèmpèng ragi ngandhap kèdhik |
de balung planggodhongan ||
16. Katutaning iga pucuknèki |
balung dhikul ula-ula ingkang |
gigir tênggèng jalakane |
olor isining dhikul |
de sayadan dhikil puniki |
sambungan tulang jalak |
tênggèng gigir wau |
cêthik bundêr cêthik nyata |
dene cêthik panjang cêthik blènrèng jêkti |
tutup cêthik punika ||
17. Pupungkasan ingkang cêthik wingking |
kawêt ing sangandhap silit (ng)gènnira |
kêcêr pèdhotan sampile |
pakêm buthung gènnipun |
balung pakêm babalungnèki |
buthung kasêbut ngarsa |
olor isinipun |
ing balung pakêm punika |

Jilid 2 - Kaca : 140

- dene cupu bènabène balung sampil |
kang wingking kalih pisan ||
18. Cucal buntut pok dumugi pêthit |
daging buntut ing buntut (ng)gènnira |
cicir balung ing buntute |
isi olor jronipun |
dene ulurgantung (ng)gènnèki |
tumèmplèk rongkong aran |
wujud daging alus |
kulung tumèmplèk ing tulang |
ula-ula ing lèbêt ênggènnirèki |
de balung kulung apan ||
19. Ula-ula ing lèbêt nglêrési |
jajalakan olor isinira |
(ng)gih babalung kukulunge |
dene ulure rambut |
tumèmplèk ing cêthik (ng)gènnèki |
sayadan kêmulira |
ula-ulanipun |
ing lèbêt awit jajalak |
têkèng silit têlas pangundhuhirèki |
saranduning gronggongan ||
20. Perangan tri ing mangkya winarni |
pangundhuhe ingkang jêjêrowan |
wusing gronggongan binêdhèl |
buntut ingkang rumuhun |
pungkasaning gugurung saking |
ing lidhahing maesa |
de tala puniku |
ngêmuli buntut kang cêlak |
lawan gurung de gurung pok ilat dugi |
tuntut kasêbut ngarsa ||
21. Kêbuk limpa jajar tuntut sami |
ati agêng sawingkinging klamar |
dene ati pangasihe |
siwiling manah wau |
ati tanggal sami pangasih |
lamak-ati gantilan |
-ning manah puniku |
rêmpêlu tumèmplèk manah |
sambung ingkang kadi kalong warnanèki |
wontên gantilan manah ||
22. Gajih sumbang wontên gantilaning |
ingkang sumbang kalawan ing manah |
klamar ngêlèti isine |
kalayan babat nurut |
pungkasaning iganirèki |
iso warni sasanga |
srêgan thithèk buntu |
bêngkok boyok lamak êpang |

kang sibobol manggèn ngrompol sawingingkinging |
kalamar ngajêng babat ||

Jilid 2 - Kaca : 141

23. Dene babat wowolu kang warni |
galêng pudhak gunting lêngkong gawan |
tawon lunyu myang sumpinge |
ngadhuhuk ngandhapipun |
iso ingkang kasêbut ngarsi |
tlethong ing nglêbêt babat |
sayadan puniku |
ingkang angêmulu badan |
de thethelan kang tumèmplèk gantilaning |
babat kasêbut ngarsa ||
24. Impês ing puyuhan ênggènnèki |
pajalêran kawadonan (ng)gènnya |
sami nèng ngajêng kawête |
konthol ingkang gumandhul |
wontên kawêt de isinèki |
winastan paringsilan |
klêpon ngajêngipun |
impês yèku wadhah anak |
kapur susu pucukipun nami pênthil |
tamat amung punika ||
25. Peperangan sakawan winarni |
pangundhuhing sampil ingkang ngarsa |
kalih pisan datan pae |
babon ngajêng rumuhun |
panggènnya wontên pucuking |
têpak ingkang jalakan |
sangandhaping punuk |
bêdhudhug lan babon jajar |
sor jalakan tlusuk satêngahirèki |
bêdhudhug babon ngarsa ||
26. êpang sirah ngandhap babon (ng)gonning |
cêngêl sangandhaping êpang sirah |
kados gègandhik warnine |
kèthèng tlusuk puniku |
pinggir babon ênggènrèki |
kêris sor babon (ng)gènnya |
tunjung ngandhap dhuwung |
kisijangan ngandhapira |
ingkang tunjung kisitunjung jajarnèki |
kalawan kisijangan ||
27. Dene dêlêg ing pundhak (ng)gènnèki |
dene lawanan dêlêg ênggènnya |
pundhak dumugi dhadhane |
koncèr dêlêg puniku |
ugi pundhak dhadha dumugi |
buncit pinggir sampil pan |
dumugi ing kulung |

agandhèng kalawan dhadha |
dene ingkang winastan asinan buncit |
ing gulu ngajèng pundhak ||

28. Bangsèng-kèlèk ing dhadha kang ngarsi |
ampih-ampih pundhak clak jalakan |
dene sorog panggèmane |
krakêt tatêpak balung |
polok soring soroganèki |
de pupuk ngapit jalak |
mangkya gèthèng punuk |
sapinggiring punuk ngandhap |
janggut ampih-ampih nèng ngandhapirèki |
pupunuk krakêt tulang ||
29. Kèbèt-pêlok ing dhadha (ng)gènnèki |
bencok sanginggil dhêngkul (ng)gènnira |
de balung suri pinggire |
balung têpak puniku |
balung pênthong têpakirèki |
balung sikut punika |
balung sampil ngayun |
sanginggil dhêngkul prênahnya |
sungsum apan sining balung sikut yêkti |
otot campur punika ||
30. Otot tracak têkèng dhêngkulnèki |
otot gègêr buntut têkèng jalak |
otot gung kêncèt prènahe |
otot gunting puniku |
salêbêting campur (ng)gènnèki |
sayadan garês ingkang |
nlakup garês balung |
sayadan curi jro tracak |
pan sayadan sapitan ingkang ngêmuli |
calakuthikanira ||
31. De sapitan sangandhaping thithil |
sirah cêcak ing cingklok prênahnya |
ketelan manggèn têpine |
tracak ngandhap puniku |
cucal kikir ambuntêl kikir |
balung garês punika |
tracak têkèng dhêngkul |
isi sungsum lêbêtira |
tracak apan ingkang angêmuli curi |
de balung dalamakan ||
32. Tinutupan ing taracaknèki |
balung gathèng ing tracak ngalela |
de balung clakuthikane |
têngah tracak (ng)gènnipun |
isi sungsum de balung wajak |
thithil tracak ing wuntat |

Jilid 2 - Kaca : 142

sungu wajak dunung |
pucuking wajak punika |
balung thêngklik ros-rosan dhêngkul wus titi |
sranduning suku ngarsa ||

33. Peperangan gangsal amungkasi |
pangundhuhing sampil kalih wuntat |
wus sah klayan gronggongane |
sêlap ingkang rumuhun |
cêlak kawêt panggènnèki |
pênthul salêbêt sêlap |
tumèmplèk ing balung |
sumping sangandhaping sêlap |
de asinan cêlak ing cawêt (ng)gènnèki |
gitik sarta don (ng)gènya ||
34. Dene gèthèng sangandhaping gitik |
gandhik sanginggiling kêncèt (ng)gènya |
kêpuh ngandhap gandhik (ng)gènye |
kising daging puniku |
sanggiling kêncèt (ng)gènnèki |
limas cêlak kalawan |
buntut prênahipun |
angêtan sangandhap limas |
kumol ugi ngandhap limas ênggènnèki |
pinggire kijing rannya ||
35. Dene pudhak manggènipun nênggih |
nèng lêbêting lêmpèng kering kanan |
klambit pudhak kêkêmule |
sampil lêbêt puniku |
balung uling balunging sampil |
isi sungsum puniku |
daging kwalon muhung |
daginge kikil ing wuntat |
kikil wingking pêcahe sami ing ngarsi |
tamat blabak maesa ||

Jilid 2 - Kaca : 143

126. Balabak

1. wontên malih kang dèrèng kasêbut ngarsa |
namane |
kang rumiyin irah-irahan punika |
kulême |
kang wontên ing lêbêting sirah sadaya
manggènye ||
2. Inggang nami sarehan tatal wangunan |
ulame |
daging sae dene kang nami pêthilan |
tatale |
daging awon pancèn dadya darbèkira |
gubêle ||
3. Inggang nami thethelan saugi tatal |

- daginge |
 abrit pêthak ingkang katut wontên cucal |
 sartane |
 wontên babat dene kang nama cacahan |
 daginge ||
4. Inkang taksih kêtêt wontên ula-ula |
 balunge |
 awit cêngêl dumugi ing pucakira |
 buntute |
 ingkang nami olor gajih isinira |
 balunge ||
5. Inkang nami dhèndhèng (ng)gih punika ulam |
 ginawe |
 tipis-tipis apan lajêng pinêcakan |
 kaêpe |
 dene ingkang nama paru (ng)gih punika |
 kêbuke ||
6. Sasampunipun ginodhog lajêng dhinèndhèng |
 kaêpe |
 dene dhindhih êrah ingkang taksih mêngtah |
 lajêng |
 sarinipun dhidhih sinaring ing irig |
 ginodhog ||
7. Kang saringan winastanan sarèn pêthak |
 namane |
 ampasipun winastanan sarèn abrit |
 de cècèk |
 cucal kang ginodhog lajêng dènris-iris |
 kaêpe ||
8. Inkang nami krècèk sami ugi cècèk |
 kaote |
 wusing pine lajêng kaungkêp kalawan |
 lisahe |
 pangolahnya ginorèng krupuk namanya |
 gurihe ||
9. Inkang nami rambak wontên warni gangsal |
 cacahé |
 saking sikil cucal agêng pajalêran |
 dhigule |
 myang sayadan agêng kandêlé tan racak |
 wujudé ||
10. Inkang nami gajih topong wontên babat |
 sumpinge |
 dene gajih tigawêlas warninira |
 namane |
 walêr wadhuk dhadha ginjêl cêcangklakan |
 tangkare ||

11. Ulur jambal impês buncit tênggok limas |
palwalang |
dene grabyas sasayadaning sadaya |
gajihe | wus sêlêsih nama badaning maesa |
srandune ||

Jilid 2 - Kaca : 144

12. Lagya kèndêl kasar Nyi Padmasastra |
dhatênge |
ingaturan pinarak cakêt ki wisma |
lungguhe |
sawusira sinambroma myang sinêgah |
gantène ||

13. Pujastuti matur mring Nyi Padmasastra |
têmbunge |
uwa kula saèstu mêling sêkaran |
diangge |
para rencang utawi wayah sampeyan |
pangantèn ||

14. (ng)Gih sandika ingkang dènpundhut punapa |
namane |
o lah uwa saèstune kirang têrang |
rikine |
lah ta uwa mugè kapangandikakna |
warnine ||

15. Nyai Padmasastra lajêng mêdharsabda |
têmbunge |
langkung kathah mênggah sêkaran punika |
cacahè |
ingkang kula aturkên kang wus kalimrah |
kaangge ||

16. Sindur wlaka dhasar jingga sèrèt pêthak |
kaliye |
sindur êmas sèrètipun ijêm dhulang |
sanèse |
de siwalan copot wungu byur sèrètnya |
pêthake ||

17. Dewa-yuwa wungu sèrèt ijêm dhulang |
sanèse |
mangkya dhasar gadhung sèrètipun jingga |
namane |
klabang-antup yèn sèrèt wungu gèndholak |
namane ||

18. Panji pilis bilih sèrètipun pêthak |
namane |
(ng)gih punika pandhanbinêthot wus têlas |
kang sèrèt |
mangkya ingkang sêkaran mawi têngahe |

namane ||

19. Gulaklapa têngah pêthak pinggir jingga |
kaliye |
podhangnusup sari jingga têngah jênar |
tigane |
pacingtawa têngah jambon pinggir jingga |
ing mangke ||
20. Pareanom dhasar gadhung têngah jênar |
kaliye |
gadhungmlathi dhasar gadhung têngah pêthak |
tigane |
mayangmêkar dhasar gadhung ijêm dhulang |
têngahe ||
21. Sakawane papasan-matêng punika |
warnine |
dhasar gadhung êbyur têngahipun jingga |
maliye |
kêmbang-kangkung dhasar wungu têngahira |
pêthake ||

19 Tamu Nyai Padmasastra, ahli sungging ngaturi katrangan bab sinjang-sinjang sêratan (bathik) tuwin sêratan-bathik ingkang dados awisan. Ugi awisan nyêrat bathik. ... kaca 144-146.

Jilid 2 - Kaca : 145

22. Ratubêndu dhasar wungu têngah jingga |
katrine |
kêmbang waru dhasar wungu têngah jênar |
dadare |
kêmbang-blimbing dhasar wungu ijêm dhulang |
têngahe ||
23. Paru-paru dhasar wungu têngahira |
jambone |
kêmbang bênguk dhasar wungu têngahira |
birune |
dene ingkang winastanan bangun-tulak |
warnine ||
24. Cêmêng èbyur dene tatêngahanira |
pêthake |
alas-kobong cêmêng têngahira jingga |
ing mangke |
sasêkaran ingkang warnanipun tiga |
corèke ||
25. Puspa-dara dhasar wungu kêndhit pêthak |
têngahe |
kuning-dadar de panji-lêng-lêng punika |
dhasare |
wungu sêkar kêndhit pêthak têngah jingga |

kaliye ||

26. Panji-gandrung dhasar wungu kêndhitira |
ijême |
têngah jingga ganti malathi-salangsang |
namane |
dhasar gadhung kêndhit pêthak têngah jingga |
sêmune ||
27. Mantèn-anyar dhasar gadhung kêndhit jingga |
têngahe |
pêthak mêmplak dene kang nami bandhoga |
dhasare |
gadhung sêpuh kêndhit jênar têngahira |
jinggane ||
28. De onêngan gadhung kêndhit wungu têngah |
putiye |
tamioyi gadhung kêndhit wungu têngah |
ijême |
gunungsari gadhung kêndhit wungu têngah |
kuninge ||
29. Mung punika kang wus kaprah kangge jalma |
warnine |
kang tan pantês kaagêm kalangkung kathah |
cacahe |
amung tumrap kaangge sajèn kewala |
damêle ||
30. Kang wus tumrap sajèn sanadyan pantêsa |
dènanngge |
ing titiyang saèstu kirang prayoga |
saene |
siningkiran supadinira widada |
karsane ||
31. Sasêkaran tan wontên awisanira |
èstune |
amung singit tan kenging kinira-kira |
halate |
kang sampun mupakat kacriyos dumadya |
agême ||
32. Para luhur para nataning lèlêmbut |
dhanyange |
mangka wontên ingkang purun-purun (n)jarag |
angangge |
kathah ingkang anêmahi tan prayoga |
tiwase ||
33. wontên ingkang botên kenging babarpisan |
kaangge |
iyasaa kewala ugi tan kêna |

sanèse |
naradipa ugi tan kêna ngagêma |
slirane ||

34. Muhung kagêm sajèn saking karsa nata |
kenginge |
(ng)gih punika dara-muluk namanira |
dhasare |
wulung dilêm kêndhit pêthak têngahira |
wulunge ||

35. Kacariyos punika agêm sri nata |
mandhirèng |
ardi Lawu ngratoni lélêmbut arga |
êrèhe |
satunggilnya wastanipun udaraga |
dhasare ||

36. Tigang warni wungu gadhung miwah jingga |
sèrète |
wiyaripun tigang nyantun udakara |
warnine |
pinggir jingga nuntên ijêm sorot jênar |
birune ||

37. Tinon wingit kadya kukudhung wangkawa |
gêbyare |
(ng)gih punika agêm dalêm pramèsvara |
(n)Dalêpèh |
ajêjuluk Kangjêng Ratu Widanangga |
sartane ||

38. Agêm dalêm Kangjêng Ratu ing Tunjungbang |
prajane |
ing tênging sangantên kidul punika |
kratone |
kang anduduk (n)Jêng Ratu Kidul minulya |
parabe ||

127. Mègatruh

1. Bilih wontên dhawuh dalêm sang aprabu |
yasa sêkaran kang nami |
uda-raga dara-muluk |
ingkang (ng)garap kédah rêsik |
ing (n)jawi miwah ing batos ||

2. Ironing garap padupan kédah kumêlun |
kang langkêp sêsajènèki |
sajèn sabên dintên santun |
saupami kirang rêsik |
dupa sajèn tan mirantos ||

3. Pan saèstu lajêng wontên angin agung |
maligi ing griya mami |
kang (ng)garap kadhang sumaput |

botênipun lajêng sakit |
têrkadhang tumêkèng layon ||

4. Mila kédah angatos-atos satuhu |
botên kenging ginagampil |
èstu agêng halatipun |
paran kang dipun karsani |
kula mung cumadhong dhawoh ||

20 Kasambêt dhatêngipun Nyai Sriyatna ingkang nêrangakên bab warni-warnining sajèn gadhah damêl mantu kalêbêt pêndhêman, guwakan, sajèn tarub, sajèn dandang pawon tuwin adang, sajèn majang patanèn, sajèn siraman, sajèn paès, sajèn nyukur pangantèn jalêr, sajèn ningkahan, sajèn pêngulu, panêbus kêmbâr-mayang, majêemukan, mêmule, saratipun pênganièn boyongan, tuwin sapêkênan. ...
kaca 147-158.

Jilid 2 - Kaca : 147

5. Nyai Pujastuti awacana arum |
mênggah cacah tuwin warni |
atanapi tumrapipun |
kacêkaping sadayèki |
sumangga uwa kemawon ||
6. Sampun mawi wagugên tyas saha rikuh |
rêrêgèn kapanggih wingking |
janji kacêkap kang pêrlu |
kula mangke angaturi |
patumbasanipun lawon ||
7. Kathahipun salangkung reyal rumuhun |
Padmasastra wus atampi |
myang sinagahan sadarum |
kasaru wau kang prapti |
Nyai Sriyatna wus lunggoh ||
8. Pujastuti ngacarani tamunipun |
mangga (n)dika parêng ngarsi |
lami ulun ngayun-ayun |
punapa sami basuki |
Nyai Sriyatna lingnya lon ||
9. Pandongamu iya bèng padha rahayu |
nahên para tamu sami |
sadaya atur rahayu |
Nyai Sriyatna nanggapi |
iya padha karahayon ||
10. Pujastuti amingsêr dènnira lungguh |
sarta aturira aris |
bok cilik bilih panuju |
winantu dhanganing galih |
badhe damêle pun Bruwok ||
11. Rêhning kula dèrèng sumêrêp saèstu |

- bab sarat amangun kardi |
sajèn ing sasaminipun |
bucalan mulèn kèndhuri |
sadaya punika borong ||
12. Dhuh (m)bok-cilik ngandikakna warninipun |
kula lajêng nyadhiyani |
Nyai Sriyatna lingnya rum |
iya aja walangati |
lah mangkene kang wus klakon ||
13. Sadurunge ngadêgake ingkang tarub |
sumur sajroning capuri |
lan sakiwa têngênipun |
kabèh sarat dicêmplungi |
krambil satabone wutoh ||
14. Lan pêndhêman iku prêlokna rumuhun |
ing ngarêp regol ing (n)jawi |
myang ngarêping pintu-pintu |
kang kaambah nambut-kardi |
tuwin têngah latar kono ||
15. Lan ing dlanggung prapatan kang bakalipun |
ingambah benjang yèn mulih |
marang omahe kang jalu |
barêng kalawan (m)buwangi |
kabèh iku dikalakon ||
16. Kang pêndhêman arupa lênga nyagêndul |
kalawan kang tigan pitik |
kêmiri kang gêpak jêndhul |
kluwak dhêle kacang ruji |
gêrèh pèthèk ampo uwos ||
17. Dhuwit amung saprapat tan kêna langkung |
dadi siji diwadhahi |
ing êmpluk anyar tinutup |
bêndha dene kang nèng takir |
jênang abang baro-baro ||
18. Gêcok mêngah matêng gantale ywa kantong |
de buwangan saka kori |
pawuhan pakiwan sumur |
jênang putih jênang abrit |
lawan jênang baro-baro ||
19. Gêcok mêngah matêng sêkar gantalipun |
(n)dhog pitik bêras kêmiri |
kluwak dhêle artanipun |
saprapat lan kacang ruji |
padha lan pêndhêman rêko ||
20. Slamêtana adêge ingkang tatarub |

Jilid 2 - Kaca : 148

- rong ambêng sêga luluti |
lan rong ambêng sêga wuduk |
nêm ambêng basahan nasi |
golonge rorikur jodho ||
21. Jajan pasar dhawêt rujak wadhah katut |
pêcêl pitik jangan mênir |
lêmbaran jagowan pingul |
jênang abang putih baning |
lawan jênang baro-baro ||
22. Jongkong inthil pisang ayu sêdhah ayu |
pinêpakan abonèki |
jambe gambir (m)bako apu |
ujub pasrahna mring naib |
sayêktine uwis wêroh ||
23. Sajèn awit ambêlèh maesa iku |
panggang tumpêng krambil siji |
jajan pasar aywa kantun |
gula krambil jodhog kêndhi |
kalasa pandhan sawiyos ||
24. Tindhah dhuwit suwung saprapat puniku |
ingkang kok anggo susulih |
sarat linggih gigiripun |
mesa sawuse tinali |
iku kudu nganggo prabot ||
25. Kêmbên bangun-tulak sinjang tuluh-watu |
kulambine wulung langking |
(ng)gendhong têtêl nganggo payung |
klasa ginêlar ing gigir |
nulya lininggihan gupoh ||
26. Karo jawab mangkene ing tênggipun |
Ki Gumbrêg panyuwun mami |
momonganmu dak(ng)go mantu |
bisaa babar (m)brêkati |
sarta turah karahayon ||
27. Sajèn adang manut dênging dandangipun |
dandang siji sajèn-siji |
panggang tumpêng klapa wutuh |
jajan pasar jodhog kêndhi |
gula klapa tangkêp wutuh ||
28. Gêdhang suruh saprabote ayu-ayu |
kalasa pandhan sawiji |
rong wang saprapat artèku |
arahên rambah kaping tri |
dandang binorèhan klomoh ||
29. Wusing ngadêg kang kutug aywa kalimput |
ing pawon mangkono ugi |

Jilid 2 - Kaca : 149

- sabên wus dadi kang latu |
aywa lali anyêmplungi |
mênyan mring cangkêming pawon ||
30. Sajèn gêdhong bêras ing mangkya winuwus |
panggang tumpêng krambil siji |
klasa pandhan bêras payung |
jajan-pasar gula krambil |
lawe kêndhi lawan jodhog ||
31. Jadah wajik gêdhang ayu suruh ayu |
rêrangkene jungkat suri |
kaca kêmbang borèh arum |
mênyan nganggo tindhih dhuwit |
rong uwang saprapat wutoh ||
32. Sajèn pawon gêdhong ulam gêdhong sêkul |
gêdhong dharan gêdhong sirih |
lawan sajèn gangsa agung |
sajèn paturon pangantin |
cacah warnane tan seos ||
33. Panggang tumpêng jajan pasar krambil wutuh |
jadah jênang gula krambil |
kêmbang borèh mênyanipun |
kaca cilik jungkat suri |
klasa pandhan kêndhil jodhog ||
34. Suruh ayu saprantine gêdhang ayu |
rong wang saprapat kang tindhih |
têkan ing sapasaripun |
amung rambah kaping kalih |
utama luwih ping pindho ||
35. Sajèn majang patanèn (n)jaba jronipun |
panggang tumpêng pitik urip |
klapa wutuh cacahipun |
kabèh iku ngloro iji |
kalawan rong kati uwos ||
36. Lênga kacang uga amung loro gêndul |
klasa pandhan têlu iji |
panganan tumpêng têtêlu |
jajan pasar jungkat suri |
kaca mênyan sêkar konyoh ||
37. Gêdhang ayu suruh ayu jambe ayu |
ênjêt mênthur gambir kuning |
jadah wajik pondhoh biru |
padha tinêtêla sami |
pring sadhapur inthil jongkong ||
38. Lêr-ulêran kalêpon gimbal cêngkaruk |
palèrèt srabi kang putih |

pindhang antêp kalakipun |
pêcêl pitik jangan mênir |
pitung jodho sêga golong ||

39. Sêga wuduk lêmbaran ayam kang wutuh |
gêrèh juwi mung sarakit |
rong wang saprapat artèku |
lan sadhiya mayang wangi |
miwah cacarangan suroh ||

40. Iku suruh bakal tinlênikan apu |
lawan lètrèk têtung warni |
kêmbangan pacing tawèku |
papasan matêng lan malih |
jrudêmung pandhan pinêthot ||

128. Jurudêmung

1. Mayang jambê lawan sêdhah |
sawise tinutul-tutul |
lan lètrèk tri warna wau |
winiru ingkang prayogi |
canthèlna cincinganipun |
patanèn de kang pinatah |
majang milih dyah kang sêpuh ||

2. Sajèn garena winarna |
panggang tumpêng klasa wutuh |
jadah jênang pondhoh biru |
satangkêp gula kalapa |
gêdhang ayu suruh ayu |
satundhune pamucangan |
jungkat suri kaca timur ||

3. Lênga sundhul ing awiyat |
jajan-pasar kêmbang campur |
mênyan lawan konyoh arum |
jodhog kèndhi klasa pandhan |
tindhah arta aywa kantong |
kèhe rong uwang saprapat |
iku mung sapisan uwus ||

4. Sajèn adus bakal ngantyan |
rambah kaping pindho amung |
tumpêng robyong arannipun |
kalawan tumpêng janganan |
jajan pasar gêdhang ayu |
suruh ayu saabênnya |
kêmbang mênyan borèh arum ||

5. Tindhihe rong wang sêpratapt |
patêlêsan lawon pingul |
kêmbang sataman ywa kantong |
iku kang kinarya siram |
wusing adus gya rinatus |
kabèh saranduning badan |

iya lawan remanipun ||

6. Sajèn paès rong rambahan |
sarambahane winurus |
panggang tumpêng krambil wutuh |
pitik urip gula klapa |
jadah jênang pondhoh biru |
kêmbang borèh jajan-pasar |
gêdhang ayu suruh ayu ||
7. Langkêp saadune pisan |
jungkat suri kaca timur |
lênga sundhul mega biru |
tindhihe salawe uwang |
anadene linggihipun |
kalasa pasir kang rembyak |
talèmèkira cinatur ||
8. Godhong kluwih alang-alang |
godhong apa-apa iku |
lawan godhong kara uwus |
jarik amba myang sumêkan |
êncit ing sapantêsipun |
lètrèk ingkang warna-warna |
kang pêpak kêmbanganipun ||
9. Opahe rong reyal sowang |
patang reyal gunggungipun |
ingkang dènannggo sadarum |
klambi jarik kasêmêkan |
kabèh dadi darbèkipun |
nyai tukang juru pahyas |
sapangadêg basanipun ||
10. Bakal pangantène lanang |
mung kinêrik alisipun |
yèn brêngos uga cinukur |
tanapi kakêtêpira |
kirêrik godhèg pinatut |
sajèn talèmèke padha |
mung sapisan bae uwus ||
11. Sarta ora nganggo opah |
amung jarit klambi sabuk |
iku dadi duwèkipun |
kang ngêrik pangantèn priya |
lan sajèn-tlèmèk sadarum |
nanging datanpa suguhan |
panganan lan iwak sêkul ||
12. Amung wedang lan panganan |
de tukang pahyas dyah wau |
suguhe wedang kang patut |
iwak panganan rinampat |

Jilid 2 - Kaca : 151

sêkul pêthak panjang munjung |
binarkat dadi rong jodhang |
kang samuwa wujudipun ||

13. Nahên sajèning paningkah |
panggang tumpêng klapa wutuh |
gula krambil ayam idhup |
pondhoh wajik jadah jênang |
jajan pasar borèh arum |
kêmbang mênyan suri jungkat |
kêndhi jodhog kaca timur ||
14. Suruh ayu sabumbunya |
satangkêp kang pisang ayu |
lênga sundhul-langitipun |
lawe lan kêkalih cikal |
rong wang saprapat tindhih mung |
sabêruk bras klasa pandhan |
sakacu kang lawon pingul ||
15. Sanggan sarakit warnanya |
patang tangkêp gêdhang ayu |
suruh ayu abênipun |
sarwa wêtahan sadaya |
pari kisi agêl kapuk |
lênga sundhul-langit jungkat |
suri kaca dom-wajèku ||

Jilid 2 - Kaca : 152

16. Asêm kunir mênyan kêmbang |
borèh arum aywa kantun |
anyêtukêl lawenipun |
artane nyêlawe uwang |
mori putih kanggo tutup |
tinata dadi sawadhah |
poma aywa na kalimput ||
17. Klasa pandhan linambaran |
mori putih têlung kacu |
linggihan paningkahipun |
suguh pangulu binêrkat |
rampadan lèmpèr sadarum |
tumpêng siji ingkang pêthak |
iwak rampadan rong puluh ||
18. Panganan olah-olahan |
pala pêndhêm simpar gantung |
akèhe uga rong puluh |
kabèh winadhahan jodhang |
kabèh wadhah sanggan wau |
sambat rarangkenira |
tinata makêndhung-kêndhung ||
19. Panêbus sadhiyanana |
winadhahan ingkang patut |

- satangkêp gêdhang kang ayu |
 suruh ayu saabênnya |
 pari kisi agêl kapuk |
 lênga sundhul-ing-awiyat |
 mênyan kêmbang borèh arum ||
20. Jungkat suri êdom waja |
 satangkêp gula klapèku |
 asêm kunir lawenipun |
 tindhihe salawe uwang |
 srêbèt putih tutupipun |
 dinokok nèng pondhokira |
 ênggone pangantèn kakung ||
21. Yèn wus ngajêngakên panggya |
 iku angkate panêbus |
 tinampan ing biyungipun |
 kang (ng)gawa padha wanodya |
 milih kang sêmbada sêpuh |
 yèn wus tinampan nyi wisma |
 pangantèn anulya pangguh ||
22. Pamasange kang tuwuhan |
 sadurunge nyantri iku |
 kêmban mayang rong rakit wus |
 dawêgane ana papat |
 kuncunge nanas rumucuh |
 ingkang sarakit pinasang |
 cakêt patanèn pinatut ||
23. Lamun anglêbokkên ngomah |
 kudu mêtù lawang agung |
 kang nampani pra dyah sêpuh |
 nyuwun ingkang sawab barkah |
 kang widada sugih sunu |
 ingkang sarakit pinasang |
 nèng pondhoke mantèn jalu ||
24. Têmbè têtumune ginawa |
 anjajari anèng ngayun |
 ingêmban kakêmbên sindur |
 ingkang ngêmban janma lanang |
 tumêkane ngarêp pintu |
 tinampanan pra dyah wrêdha |
 pinasang sapantêsipun ||
25. Sapasare kang pangantyan |
 kuncung kêmban mayang wau |
 nanas kang wayah rêmucuh |
 rinujak lawan dawêgan |
 apan satangine turu |
 pinangana sakaliyan |
 watêke gêlis sasunu ||

26. Pinasang cêlak krobongan |
 roro bonyo dilah sèwu |
 kêndhi roro isi banyu |
 kalê muk roro kang kêmbang |
 kang sawiji isi banyu |
 têtêmpuran kali bangawan |
 dene ta sajuganipun ||
27. Isi bêras miri kluwak |
 kêmbang mênyan borèh arum |
 dhuwit salawe wang wutuh |
 têtêmbè kanggo salamêtan |
 kêtêndhuri sapasaripun |
 kêtêlê muk ro tunutupan |
 lètêrêk gadhung rolathinipun ||
28. Palinggihane pangantyan |
 kang ginêlar ngarêpipun |
 patanèn dhadhasaripun |
 godhong kluwih apa-apa |
 lang-alang godhong karèku |
 tunutupan klasa pandhan |
 nulya tlèmèk sinjangipun ||
29. Pangantèn wadon lan lanang |
 banjur klasa batunipun |
 kumuda kang dadi tutup |
 sinêbaran sêkar-sêkar |
 campur bawur arum-arum |
 lan dhuwit salawe uwang |
 gêtêbêgan ingkang gumêbyur ||
30. Kacang kawak dhêle kawak |
 iya iku kacar-kusur |
 klasa pandhan ingkang alus |
 dinokokan bêras jênar |
 kacang dhêle sêkar arum |
 dhuwite salawe uwang |
 kang rêsik gêtêbêganipun ||
31. Wilujêngan majêemukan |
 midodarèni puniku |
 mênêng bêtêdhug ing pangêpung |
 mêmule (n)Jêng Nabi Duta |
 rasulan babasanipun |
 sêga wuduk rong ambêngan |
 lêmbaran rong wadhah wutuh ||
32. Pitik wadon pitik lanang |
 ingkang timbang agêngipun |
 lombok bang kêtêncêng sawadhah |
 winorke kêtêlawan uyah |
 wuku ginêrus kang alus |
 kêmbang kanthil putih jênar |

kutug borèh arum-arum ||

33. Lan mêmule sanggyanira |
luluhur èstri myang jalu |
sêga golong jêjêripun |
jangan mênir pêcêl ayam |
jangan padha-mara iku |
kalawan iwak ranjapan |
iwak dharat kali laut ||
34. Papanganan warna-warna |
pala pêndhêm simpar gantung |
kang mântahan kang kinulup |
lah-olahan warna-warna |
kêtan kolak aywa kantun |
apêm kocor apêm abang |
sêkar borèh datan kantun ||
35. Slamêtan sawusing ningkah |
kirim donga pra luluhur |
sêga asahan kêhipun |
limang ambêng aywa kurang |
sêga golong sêga wuduk |
jangan mênir pêcêl ayam |
lêmbaran èstri myang jalu ||
36. Jênang putih lawan abang |
miwah jênang baro-baro |
jajan pasar aywa kantun |
kêmbang borèh lawan mênyan |
dhuwit dadya slawatipun |
rong uwang luwih saprapat |
kang pêpak rarampenipun ||
37. Brokohan sawusing panggya |
padha lan slamêtanipun |
sawising ningkah wau |
Pujastuti aturira |
dhuh (m)bokcilik kula gumun |
de tan wontên kaliwatan |
wijiling wuwus (m)barubul ||

Jilid 2 - Kaca : 154

129. Mijil

1. Iki jêbèng isih ana maning |
kang durung kawiyos |
salamêtan lawan isarate |
Pujastuti aturira manis |
sarwi angêjogi |
pangunjukanipun ||
2. Langkung wêlas kula aningali |
dharan taksih wutoh |
lawan wedang tan wontên kalonge |
prayogine sami dènrahabi |

kaliyan sinambi |
amêdharkên tutur ||

3. Kyai Juru myang pra tamu sami |
sadaya andomblong |
miyarsakkên Sriyatna kaole |
dhadharan rinusak cinamik |
myang minum wedang tih |
wênèh mucang udut ||
4. Nyi Sriyatna amêdharkên malih |
anakmu si Mênok |
gawèkêna bantul jumputane |
kanggo turu sawuse apanggih |
besuk lamun mulih |
iku aja kantun ||
5. Lawan ponjèn isi anggi-anggi |
winadhahan kanthong |
dhewe-dhewe gya nèng kanthong gêdhe |
lan (ng)guwangi besuk ulihnèki |
sabên angliwati |
ing kali puniku ||
6. Rupa pitik sawiji kang cilik |
kêmbang mênyan konyoh |
miri kluwak kalawan bêrase |
wadhahana dumadi sawiji |
mênèk tan na pitik |
êndhog bae cukup ||
7. Sapasare kudu dislamêti |
sêga wuduk golong |
sêga punar bêras ingkang anèng |
ing kalêmuk uworna kang wradin |
salawe wang dhuwit |
kanggowa têtuku ||
8. Pirantine sêga têlung warni |
yèn tan cukup êjog |
nanging kudu mangkono sarate |
lawan jênang sungsum juruh krambil |
diratakna maring |
kang padha tutulung ||
9. Lan pangantèn sabarayatnèki |
kang padha kalêson |
kabèh iku namung nirokake |
kang wus klakon duk ing nguni-uni |
basane ngêluluri |
ujaring pra sêpuh ||
10. Gumarubyug ingkang prapta maring |
lurah èstri ing jro |

Jilid 2 - Kaca : 155

- Kyai Juru gupuh mapagake |
 Cêbolang Mat Têngara gya mijil |
 para lurah sami |
 ingaturan masuk ||
11. Pujastuti mapag anèng kori |
 ingaturan gupoh |
 samya lênggah (m)banjêng thèrèk-thèrèk |
 saha atur pambagya basuki |
 sadaya mangsuli |
 (ng)gih sami rahayu ||
12. Suwusira sinunggata sami |
 nyi wisma lingnya lon |
 babo para mitra sadayane |
 mugi samya (n)dhangankên pênggalih |
 têmpuking pakardi |
 ing panuwun ulun ||
13. Kaparênga sami (m)biyantoni |
 inggih gotongroyong |
 nindhiana pakaryan salire |
 Among Bukti pawon sadayèki |
 Among Sokanandi |
 nyêpêng uwos sêkul ||
14. Among Bikang Mardeya majibi |
 ing dhaharan gêdhong |
 mamanan myang lah-olahane |
 Nyi Mong Talijiwa amajibi |
 dharan wowohan-di |
 ing sasaminipun ||
15. Nyi Mong Kahwa ingkang amajibi |
 gêdhong wedang manggon |
 Among Sêdhah amajibi gantèn |
 Mong Usadi ingkang majibi |
 loloh atanapi |
 tapêl rapuh pupur ||
16. Pangunjukan kang mawi gi-anggi |
 pokok srêbat êpos |
 iman adhêm myang adi-limane |
 bêraskêncur tuwin êbir manis |
 sriawan kang saking |
 pohan pisang kluthuk ||
17. Among ganda ngastaa wawangi |
 lisah sêkar konyoh |
 inggih anggèr ywa sêmêlang tyase |
 sêkar buntal kangge (m)benjing panggih |
 gomboyoking kang kêris |
 tuwin tutup gêlung ||

18. Gajah-ngoling kangge mantèn èstri |
 miwah karang-mêlok |
 ulur atur pasumbang badhene |
 ukêl èstri myang gombyoking kêris |
 kula nyadhiyani |
 siyang sontên santun ||
19. Pujastuti nuwun aturnèki |
 malih wacana lon |
 Among Suka nata lêlangêne |
 Mong (n)Drawina ingkang mangagêngi |
 sêgah sadayèki |
 myang cadhonganipun ||
20. Nyai Sukarêna among tami |
 Mong Busana manggon |
 Mong Pangantèn nyêpêng dandosane |
 ngiras pantês ingkang (m)busanani |
 kang sinungan ing ling |
 nyagahi sadarum ||
21. Tandya mangarsa Rara Mustari |
 lampahira alon |
 anyêlaki marang ing ibune |
 matur ririh (ng)gonku caos bukti |
 ing jêro myang (n)jawi |
 iku uwis rampung ||
22. Pujastuti nulya ngacarani |
 sadaya kemawon |
 kula turi dhahar sawontêne |
 para tamu sami ananggapi |
 gya dhahar nêng gadri |
 guyub sarju kêmbul ||
23. Ironing bukti Sriyatna lingnya ris |
 rêhning wayahingong |
 pan pambarêp kawahane |
 paningsête apa wus nêtêpi |
 Kyai Pujastuti |
 alon aturipun ||
24. Nuwun ingkang kawula tampèni |
 warni pao-pao |
 isi arta kalih sami talèn |
 supe lintring-pangantèn kakalih |
 sinjang lurik bathik |
 anyatunggal amung ||
25. Kasumêkan lalêmês myang bathik |
 sami anyawiyos |
 pisang ayu saabon-abone |
 dharan jadah jênang pondhoh wajik |
 lah-olahan inggih |

pêpak warninipun ||

26. Pêcêl ayam jangan mênir mranti |
sêkulipun golong |
amêpêki dharan wowohane |
pala pêndhêm kasimpar mênuhi |
(m)botên wontên malih |
anamung puniku ||
27. Iya uwus gênêp iku nini |
lamaran yèn rawoh |
sira lawan lakinira dhewe |
kang nampani kalawan dèntiti |
Nyai Pujastuti |
sandika turipun ||
28. Warninipun lamaran punapi |
aparinga dhawoh |
kang supadi sagêd nitisake |
Sriyatna ngling bubak-kawah nini |
lamaran kang mêsthi |
iki warninipun ||
29. Suruh ayu lawan pisang kuning |
bon-abon mirantos |
gambir ênjêt bako lawan jambe |
gula krambil lawe jungkat suri |
lênga sundhul-langit |
kaca sêkar rapuh ||
30. Kêbo loro babon angrêm kalih |
sawung wiring loro |
banyak loro dandang kêndhil kèncèng |
kêndhil kêkêp pangaron nyawiji |
sadaya têmbagi |
myang bêkakasipun ||
31. Arêratêng iyan angi ilir |
kukusan rok-orok |
ulêg-ulêg susuk lan enthonge |
solèt irus tumbu tenggok cêthing |
lamun nganggo dhuwit |
nèng kanthong pinikul ||
32. Jarik bathik lurik lawan êncit |
moline sa-êmblog |
êmpon-êmpon lan anggi-angine |
bumbu-bumbu ingkang amêpêki |
brambang uyah trasi |
ing sasaminipun ||
33. Pêcêl pitik lawan jangan mênir |
sêgane ginolong |
lombok terong padha sawuite |

Jilid 2 - Kaca : 157

- bêras kacang kadhêle kêrambil |
 têbu saronnèki |
 kayu walikukun ||
34. Amung iku datan ana maning |
 kaelinganingong |
 Pujastuti (n)dhêku lon ature |
 numplak-ponjèn punapinggih mawi |
 Sriyatna mangsuli |
 asru gujêngipun ||
35. Anak ragil iku ingkang mawi |
 isarat mangkene |
 numplak-ponjèn mangkene rupane |
 kanthong saking suwèkan mawarni |
 isi anggi-anggi |
 sêkar campur bawur ||
36. Bêras kuning dhuwit warni-warni |
 wit ingaran ngantos |
 têkan ringgit êmas dene kèhe |
 tan winangên ing sasukanèki |
 ngantos wusing panggih |
 sibiyung mangayun ||
37. Nèng ngarêping patanèn alinggih |
 anglumpukkên gupoh |
 anak-anak kalawan mantune |
 wusing pêpak kanthong binukak glis |
 rinayah pêngantin |
 anak tuwin mantu ||
38. Pujastuti nalika miyarsi |
 manthuk-manthuk (n)domblong |
 e lah êmbokcilik mèh kasupèn |
 kacar-kucur sampuning tinampi |
 kadokok ing pundi |
 paran pêrlunipun ||
39. Uworrêna ing klêmuk kang isi |
 arta lawan uwos |
 uga kanggo ing salamêtane |
 têmbè sapisare kang pangantin |
 sajèn lênga krambil |
 iku ywa kalêbu ||
40. Nutug dènnya akêmbulan bukti |
 sawuse linorod |
 mring pawingking rame suwarane |
 pamucangan sumaos mangarsi |
 kabèh para tami |
 gya pamit umantuk ||
41. Wus bubarana para kadang èstri |

Jilid 2 - Kaca : 158

- (n)jawi winiraos |
 Kyai Juru saanak putune |
 kadang warga sarèrèhanèki |
 wusing andum kardi |
 nulya bukti nutug ||
42. Wusing bukti linilanan sami |
 sowang-sowang aso |
 Mas Cêbolang Amat Têngarane |
 lajêng dènnya samya nambutkardi |
 tan kalilan mulih |
 maring pondhokipun ||
43. Bakda Ngisa sabibaring bukti |
 lungguh wisma kulon |
 Mat Têngara Cêbolang rewange |
 Kyai Juru angandika aris |
 anak cara Jawi |
 akèh rangkenipun ||
44. Mas Cêbolang matur mangênjali |
 ing pêngraosingong |
 sampun tlèsih tan wontên kang cèwèt |
 kadi ingkang winêdharkên dening |
 ing Sriyatna Nyai |
 siyang kala wau ||
45. Iya kulup nanging ana maning |
 kang kudu linakon |
 tèmbe lamun dhauping pangantèn |
 yèn wus têkan sangarêping kori |
 lanang nèng pëndhapi |
 wadon nèng jro pintu ||
46. Gya balangan gantal kang kinardi |
 gathuk lawang gupoh |
 ingkang wadon anyandhak sukune |
 ngantèn lanang nulya dèn wisuhi |
 we sataman wangi |
 sarat mêcah gupuh ||
47. Tigan ayam sawiji nèng kori |
 nulya mantèn wadon |
 kanthèn asta kalawan kakunge |
 têkèng ngarêp patanèn gya linggih |
 kang wadon nèng kering |
 gya ngujung mring kakung ||
48. Wusing ngujung mantèn lanang nuli |
 munggah maring kobong |
 nulya kacar-kucur iku ranne |
 yèn wus kacar-kucur bali linggih |
 bapake kang èstri |
 anêngahi lungguh ||

49. Nulya mangku pangantèn kakalih |
(m)bokne tanya gupoh |
abot êndi babo bapakane |
ingkang jalu anauri ririh |
padha bae nyai |
tan na bedanipun ||

21 Katungka dhatêngipun Nyai Lurah saking salêbêting kraton, nêrangkên bab lamaran, paningsêt bukak kawah (mantu kapisan), tumplak-ponjèn (mantu putri ragil) tuwin upacara panggihing pêngantèn. ... kaca 158-160.

Jilid 2 - Kaca : 159

50. Wusing mangku mijil amanggihi |
ingkang para dhayoh |
kang wajib ingabêktèn pangantèn |
dènaturi umanjing jro panti |
pangantèn ngabêkti |
marang tamu kakung ||
51. Lan ngabêkti para tamu putri |
lan mring bapa êmbok |
yèn pangantèn dhudha lanangane |
ingkang wadon isih prawan sunthi |
nalikane panggih |
balangan wus rampung ||
52. Gathuk anèng samadyaning kori |
sakaloron (n)dhodhok |
ingkang lanang anyêkêl tumpêre |
ingkang wadon gupuh anyirami |
kalamun kapanggih |
misan prênahipun ||
53. Inggang lanang isarate mawi |
macul pipisan prok |
lamun awu tuwa kang wadone |
ingkang priya isarate mawi |
macul tumpêng putih |
nèng ngarêping pintu ||
54. Yèn wong ngandhap olèh putri nginggil |
darahe sang katong |
nalikane lumaku angangge |
mandhi lawung liligan mantêsi |
têkaning taritis |
sing pandhapa uwus ||
55. Nalikane pangantèn lumaris |
duk arsa kapanggoh |
pan kinanthi ing kanan keringe |
èstri jalu nganggo patah sami |
kang (ng)gawa tapsirih |
lan paidon iku ||
56. Wusing têmu ing wancine guling |

tinurokkên kobong |
cinolokan iku sirate |
kaping têlu ing dalêm sawêngi |
Cêbolang miyarsi |
gumuyu angguguk ||

57. Adhi Amat napa sagêd guling |
dene nêmbè panggo |
tuwin napa sagêd ngena-ngene |
baji rikuh ajrih mawi isin |
Mat Têngara angling |
ing saèstunipun ||
58. (ng)Gih makatên nanging mung saratri |
kang mawi cinolok |
siyangipun tuwin salajênge |
kunir pita kucing ing wanadri |
nèng sênthong kinunci |
kantun nêmu kuwuk ||
59. wontên malih kang ngisin-isini |
bilih wus kalakon |
senapati ambêdhah kuthane |
enjingipun sakaliyan sami |
sarêng dènsirami |
dening pra dyah sêpuh ||
60. Patêlêsipun sinjang putih |
sarta mawi loloh |
dlima pêthak binucal isine |
sinalinan kumukus jênitri |
mung nyajodho sami |
lawe kangge tangsul ||
61. botên mawi pinipas-pinipis |
kang jalêr kemawon |
ingkang mamah yèn wis wor idune |
linolohkên dhatêng ingkang èstri |
gathuk abên bibir |
tigang crutan sampun ||
62. Mas Cêbolang (ng)galêgês lingnya ris |
katujune ingong |
tan tinitah dadi wawadone |
iba-iba ênêgku ing ati |
idu kangge jampi |
gèk riyake katut ||
63. Sawusira wanci lingsir ratri |
Ki Juru lingnya lon |
bêcik aso sesuk nyambutgawe |
Kyai Juru gya umanjing panti |
kang tinilar guling |

Jilid 2 - Kaca : 160

kadi mëndêm pucung ||

130. Pocung

1. Sabên ari kang nambutkarya lumintu |
Ki Juru pinarak |
anèng ngèmpèring pandhapi |
anampèni ature kang lumaksana ||
2. Anyêdhahi paningkah myang panggihipun |
kang cakêt ing ngarsa |
kaum sampun mungguh kaji |
nanging taksih karan anak Pak Gonyah ||
3. Sambèn (n)dangu marang Pak Gonyah wau |
ujubing slamêtan |
mumule myang donganèki |
awit tarub tumêkane salapanan ||
4. Aturipun lujênga ngadêging tarub |
ujub amumulya |
Ki Agêng Tarub ing uni |
myang luluhur saking èstri saking priya ||
5. Kang sêmara-siti tuwin kutu-kutu |
walang wong antaga |
kang dènambah sadayèki |
mugi sami anêbihna sambekala ||
6. Anyêlakna ing suka raharja sarju |
kadugèn sakarsa |
donganya mulyakkên Kyai |
Agêng Tarub kalawan Salamêt donga ||
7. Wilujêngan midadarèni majêmur |
ujub asung dhahar |
(n)Jêng Gusti Nabi sinêlir |
dalah garwa putra wayah myang sakabat ||
8. Ing pangiwa asung dhahar sanggyanipun |
para widadara |
tuwin para widadari |
(m)brêkahana midadarèni pangantyan ||
9. Sapanginggil tulusa suka rahayu |
ywa na kara-kara |
donganipun Rasul tuwin |
donga Slamêt cêkap kakalih punika ||

22 Ki Pujangkara kaadhêp modin Ki Gonyah. Ingkang karêmbag bab tujuanipun mêmule arwahipun para lèluhur, bab panampining lamaran, dhatêngipun calon pêngantèn jalêr ngabdi calon marasêpuh, midadarèni, tahlil, agêm-agêmanipun tiyang mantu, ningkahing pêngantèn, lan panggihipun pangantèn. ... kaca 160-165.

10. Wilujêngan sabibaring ningkahipun |
ujub kintun donga |
tuwin mumule sanggyaning |
pra luluhur saking èstri saking priya ||
11. Kang sêmara-siti tuwin kutu-kutu |
walang wong antaga |
kang dènambah sadayèki |
tinêbihna saking ing beka sêngkala ||
12. Anyêlakna ing sênêng suka rahayu |
kadugèn sakarsa |
donganya Slamêt-bidini |
saha mawi donga Takwil-ngumurana ||
13. Wilujêngan brokohan sasampunipun |
panggihing pangantyan |
ujubipun nyumêrêpi |
sadhèrèking pangantyan èstri lan priya ||
14. Ingkang lair nunggil sadintên puniku |
mugi andongakna |
lêstantun suka basuki |
donganipun Takwil-ngumur myang Raharja ||
15. Wilujêngan inggih ing sapêkênipun |
pangantyan ujubnya |
mumule kang smara-siti |
amumule kang dipun ambah sadaya ||
16. Myang kadangnya pangantyan èstri lan jalu |
lawan dintên sapta |
pêkênan gangsal kang mugi |
anyêlakna kêcêkapan sukawirya ||
17. Alêstantun karya sapanginggilipun |
ywa na sambekala |
donganipun sami ugi |
muhung Slamêt lawan Takwil-ngumurana ||
18. Wilujêngan salapanan warninipun |
tumpêng jajanganan |
jênang pêthak jênang abrit |
jênang baro-baro tuwin jajan-pasar ||
19. Arta wajib kalih wang saprapat namung |
ujub amumulya |
dhatêng kang sêmara-siti |
nyumêrêpi dhatêng sadhèrèkipun pangantyan ||
20. Èstri jalu ingkang sarêng lairipun |
anjumurungana |
kadugèna ing sakapti |
sukawirya winantua karaharjan ||

21. Kadrajatan amintir rijêkinipun |
drêman sugih putra |
donganya Takwil-ngumuri |
lawan donga Sâlamêt datan tinilar ||
22. Ingkang ulunlampahi salaminipun |
inggih mung punika |
Ki Juru ngandika aris |
rèh wus lumrah prayoga kalêstarèkna ||
23. Laminipun nambutkarya tan cinatur |
wus aparipurna |
sadaya sampun rinakit |
kang pinatah anyanyêpêng ing pakaryan ||
24. Èstri jalu nêtêpi rêmbag kang sampun |
iyêg abipraya |
tan ana cêngil-cinêgnil |
wawangking ari dhatêng ing sumbangan ||
25. Ambarubul datan ana kêndhatipun |
Kêbogiro nganggang |
pra èstri tinampèn nyai |
para jalêr Kyai Juru kang atampa ||
26. Sêgahipun wedang dharan ulam sêkul |
sawusing sinêgah |
mantukipun dènsangoni |
binêktanang panganan myang sêkul ulam ||
27. Ing arine dhatênge lamaranipun |
Ki Juru pinarak |
anèng madyane pandhapi |
kadang warga sawatara anèng ngarsa ||
28. Dhatêngipun wanci sadèrènge bêdhug |
sadaya pinarak |
èmpèr pandhapi kang kering |
Nyai Juru pinarak mêdal pandhapa ||
29. Ingkang ngirid wusing matur parlunipun |
kanthi srat pratelan |
nulya sugata lumadi |
wedang dharan gantèn êsês wangi ngambar ||
30. Nyai Juru sêkaliyan Kyai Juru |
nampèni priyangga |
miturut isarat nênggih |
cinocogkên cacache lawan pratelan ||
31. Sampun rujuk anêtêpi criyosipun |
ing uni Sriyatna |
sawusing binujakrami |

Jilid 2 - Kaca : 162

ingangsulan pamit mantuk wus linilan ||

32. Ri dhatênge anyantri Kiyai Juru |
miwah kadangwarga |
pinarak têngah pandhapi |
bakda Mahrib badhe pangantèn dhatêngnya ||
33. Carabalèn umyung lawan gangsa agung |
amungêl Ladrangan |
prapta palataran aglis |
ingacaran laju pinarak pandhapa ||
34. Wusing tata kang minangka Kamisêpuh |
nyêlak mring ki wisma |
masrahkên bakal pangantèn |
wus tinampan anulya asung pambagya ||
35. Marang badhe pangantèn sarowangipun |
sêgahan magnarsa |
wedang êsês gantèn wangi |
kyai wisma manis wijiling wacana ||
36. Lah sumangga sami kaparênga ngunjuk |
pasugata wedang |
miwah êsês gantèn wangi |
kang sinung ngling angrahabi pasungatan ||
37. Wusing nginum wedang êsês gantèn arum |
Ki Juru wacana |
rèhning sampun sawatawis |
prayogine aso dhatêng ing pondhokan ||
38. Sampun aso maring pamondhokanipun |
Ki Juru tan obah |
maksih pinarak pandhapi |
angêntosi dhatênge para ngulama ||
39. Ingkang ayun tilawat Kur'an nêng tajug |
sinambi ngandikan |
mungguh wong adarbe kardi |
ingaranan ewuh-ewuh sayêktinya ||
40. Dene ingkang têka basane martamu |
têgêse ywa kurang |
pangaksama angrahabi |
marang ingkang darbe wisma myang sêgahnya ||
41. Pamikirku mungguh wong darbe karyèku |
yèn uwis kacêkap |
iya kang limang prakawis |
dhingin (ng)gonne lulungguhan kang kapenak ||
42. Pindho rupan kang bêcik nyênêngkên kalbu |
ping tri pamirêngan |

Jilid 2 - Kaca : 163

- kang kapenak piniyarsi |
kaping pate kêdah suguh kang mirasa ||
43. Kaping lima dènbarêsih manahipun |
aywa katèmpèlan |
hawa angrêgêdi ati |
katingalan wênês manising wadana ||
44. Krama alus ingkang marêkakên kalbu |
pra tamu kawratan |
panêmbrana narambahi |
ing pangarah padha suka pirêna-a ||
45. Gya kasarū pra ngulama dhatêngipun |
pinarak plataran |
laju ingirid mring masjid |
nèng surambi lajêng atilawat Kur'an ||
46. Kyai Juru nèng surambi tumut (n)darus |
langkêp sugatanya |
rampung tilawat kêndhuri |
wus bibaran mantuk samya (m)bêkta brêkat ||
47. Wangsul maring ing pandhapa Kyai Juru |
para kadangwarga |
maksih pêpak nèng pandhapi |
nulya prentah anatap ingkang pradangga ||
48. Nguyu-uyu midadarèni puniku |
Ki Juru ngandika |
kabèh para kadang sami |
awanuha marang Ki Mase Cêbolang ||
49. Para kadang kulawarga sadaya wus |
abagya-binagya |
rakêt lir wus wanuh lami |
nora mantra yèn lagya nêmbè kapanggya ||
50. Kyai Juru tanya mring kabayanipun |
ingkang padha mangkat |
marang pasareyan tahlil |
apa uwis padha lapur marang sira ||
51. Lawan ingkang sowan ki lurah pangulu |
nyuwun kêtib ingkang |
ningkahake benjing-enjing |
lan palilah (ng)goningsun nabuh gamêlan ||
52. Ki kêbayan mangênjali matur sampun |
klampahan sadaya |
Ki Juru ngandika malih |
Mas Cêbolang anak iki cara praja ||
53. Sadurunge kalakon ing parlunipun |

Jilid 2 - Kaca : 164

- binantu anyadran |
kalawan tahlilan maring |
pra luluhur kang wus sumare sadaya ||
54. Anyuwun idi pangèstu rahayu |
ywa na kara-kara |
sajrone amangun kardi |
lastariya kadi èsthining wardaya ||
55. Abdidalêm katib kang ningkahkên sesuk |
panabuhing gangsa |
utawa ananggap ringgit |
nanging nganggo talèdhèk pan nora kêna ||
56. Iku kudu nyuwun lilahe pangulu |
Ki Cêbolang turnya |
kadipundi sababnèki |
wit kajuron babasane tênggah-tênggah ||
57. Kawadanan suyud marang ing pangulu |
ananging kalilan |
nganggo caraning priyayi |
sawatara janji tan narajang karam ||
58. Kajabèku panganggoku lan ibumu |
umanjing isarat |
bêbêd tapih kudu sami |
lawan sabuk iku padhane sumêkan ||
59. Awit bilih jarik kudu tuluh-watu |
kêmbên bangun-tulak |
amidadarèni iki |
jarik bathik taruntum sindur sumêkan ||
60. Sesuk têmu jarik cakar kêmbênipun |
iku mayang-mêkar |
wising têmu jarik lurik |
corak kêpyur kakêmbêne pacing-tawa ||
61. Sapasaring pangantèn apan tinamtu |
jarik kêmbang jarak |
sumêkane sêmèn-tritis |
nanging aku anganggo sabuk bandhoga ||
62. Mas Cêbolang gèdhèg-gèdhèg sarwi matur |
tobil langkung kathah |
sarat-sarat cara Jawi |
iya kulup sapuluh kinapakêna ||
63. (n)Gonne nata majêmukan uwis rampung |
payo padha mangan |
mêngko sawise abukti |
rèh wus wêngi prayoga padha bubaran ||

64. Sigêg dalu enjinge ingkang cinatur |
ningkahe pangantyan |
mung marasêpuh nênggani |
sore panggya tamune kalangkung katthah ||
65. Kyai Juru miwah para among-tamu |
tan ana kèndêlnya |
dènnira ambojakrami |
para tamu jalu èstri sukarêna ||
66. Sarta rahab supêkêt sanggyaning lungguh |
tan ana kuciwa |
bibaring bojana nênggih |
boya nana kang sêdya madal pasilan ||
67. Jalu èstri wangsul palênggahanipun |
para tamu priya |
dènnya lêngsah nèng pandhapi |
sasukanya amrih enaking sarira ||
68. Miyarsakên ungêling pradangga arum |
sinambi ngandikan |
suwuking gangsa miyarsi |
ingkang samya kokojahan warna-warna ||
69. Pan riningkês rêroncène ningkah pangguh |
sajèn myang isarat |
tuwin lampah-lampahnèki |
traping karya miwah ingkang dadya karya ||
70. Sadaya wus tan ana kuciwanipun |
uruting sunggata |
patraping pambojakrami |
turut mathis arum-manis lir sarkara ||

131. Dhandhanggula

1. Tamu kakung ingkang mangagêngi |
Kyai Pangulu Amat Katêgan |
kalawan sapanêkare |
pujanganing prajagung |
Ki Tumênggung Sujanapuri |
panèwu mantri dêmang |
pênglawe nêlung jung |
sêsêg dènnya kêkojahan |
apêpanthan samya sênêng kang miyarsi |
ing crita amawarna ||
2. Ki Pangulu mêdharkên turuning |
Letulkadri ing wulan Ramêlan |
lamun ri Akat tanggale |
malêm ping pitulikur |
tumuruning Laitulkadri |
yèn Sênèn tanggalira |
malêm sangalikul |
lamun Salasa kang tanggal |

malêm kaping salawe tumurunèki |
ingkang Laitulkadar ||

3. Lamun ari Rêbo tanggalnèki |
malêm pitulikur tumurunnya |
kalamun Kêmis tanggale |
malêming têtulikur |
tumuruning Laitulkadri |
yèn tanggale Jumuwah |
malêm sangalikul |
yèn ari Saptu tanggalnya |
malêm kaping salikul tumurunèki |
ingkang Laitulkadar ||

23 V. Jagong pêngantèn

Para tamu sami lênggah anggrombol mirêngakên cariyos utawi dèdongengan mawarni-warni. Kyai Amat Katêgan nêrangakên bab tumuruning Laelatulkadar, bab mukjijat, kêramat, mangunah lan istijrat tandha-tandhanipun wali dêrajat sarta piwulangipun Nabi Kilir dhatêng Nabi Musa. ... kaca 165-167.

Jilid 2 - Kaca : 166

4. kêtib Candhana umatur aris |
Kyai Lurah mugi aparinga |
sasêrêpan wawijange |
mujijat kramatipun |
myang mangunah istijrat nênggih |
paran ta bèntênira |
angling ki pangulu |
kang ingaranan mujijat |
kasêktène sanggyaning kang para Nabi |
pangwasa saking Suksma ||
5. Kang ingaran kramat kang sêjati |
kamulyane agung Waliyolah |
kasantikan kadibyane |
putus samoanipun |
de mangunah kaluwihaning |
para mukmin kang êkas |
pitulung Hyang Agung |
istijrat pangluluning Hyang |
mring wong kaping sulap kêmat ilmu sikir |
kasêktène wong kopar ||
6. Panitike kang bangsa linuwih |
beda lawan jalma êngam |
kang kaya awakku kiye |
ana ngalamatipun |
auliya nênem kèhnèki |
kang dhingin tan jrih lapa |
de ping kalhipun |
maring arip nora wêgah |
kaping têtlu wuda nora wigah-wigih |
cakêp kang kaping papat ||

7. Kaping lima tan ajrih ngêmasi |
 kaping nême sabarang tan wêgah |
 mring samèng dumadi kabèh |
 iku panêngranipun |
 sagung ingkang para linuwih |
 matur katib Candhana |
 pintên kathahipun |
 darajating auliya |
 ki pangulu pangandikanira aris |
 sakawan cacahira ||
8. Kang rumuhun drajating pra Wali |
 badanira pribadi pan wikan |
 lamun Wali satuhune |
 myang janma liyanipun |
 uga wêruh yèn iku Wali |
 dene ping kalihira |
 pribadi tan wêruh |
 lamun tuhu Waliyolah |
 janma liya sadaya sami udani |
 anganggêp Wali nyata ||
9. Kaping têlu darajating Wali |
 badanira pribadi uninga |
 kalamun Wali yêktine |
 nging jalma liyanipun |
 nora wêruh yèn iku Wali |
 ping pate kang darajad |
 (n)Jêng Waliyolahu |
 badane dhewe tan wikan |
 janma liyan uga tan sinung udani |
 kang uning mung Pangeran ||
10. Amung iku ing pangawruh-mami |
 caritane Musanib ing Arab |
 kang wus dak-wêdharke kabèh |
 lah adhi kêtib Arum |
 kula supe cariyosnèki |
 duk kala Nabi Musa |
 minta wulangipun |
 Nabi Balaya bin Makam |
 kêtib Arum tanggap aturira aris |
 makatên èngêtkula ||
11. Nabi Musa ngrêrêpa turnèki |
 dhuh pukulun anuwun wêwulang |
 kang prayoga sabarang rèh |
 Nabi Kilir lingnya rum |
 yèn upama andika mijil |
 mring sajawining praja |
 ananamur laku |
 sampun sring asalahkarya |
 anèng marga sayêkti pan botên bêcik |

Jilid 2 - Kaca : 167

ambatalakên lampah ||

12. Sampun anggung lungan tanpa kardi |
yèn tan wontên parluning linakyan |
sayêktine tanpa gawe |
nora manpangat iku |
lawan aywa sêmbrana angling |
gumuyu suka-suka |
tan pênet puniku |
yèn tan mangsakalanira |
sukan-sukan yèn tan sawataranèki |
siniku ing Hyang Suksma ||
13. Lan maliye andika ningali |
mring wong kang lagya nandhang duraka |
umat kang akèh dosane |
sampun dahwèn amuwus |
dosanipun kathah pribadi |
graitanên ing driya |
aywa ge kawêtu |
têka kèndêla kewala |
lamun wontên wadyanira ingkang sisip |
dèn agung apuranta ||
14. Yèn ana wong kang alaku silip |
sampun pati-opèn salahkarya |
amêlèhakên cêlane |
nalar kang bisa namur |
angalingi cêlanirèki |
poma dèn kalaksanaan |
ing pawêlingingsun |
(n)Jêng Nabi Musa norraga |
aminta sih andhêku nuwun turnèki |
inggih mugè angala ||
15. Cuthêl sampun botên wontên malih |
ki pangulu aris angandika |
adhi saontên-ontêne |
kinarya cagak lungguh |
kêtib Arum mèsêm lingnya ris |
pun kakang kêtib Iman |
kala wingènipun |
nèng sêrambi maos sêrat |
nyariyoskên nalikanira Sang Mulki |
nagari ing Bahgêdad ||
16. Namung sakêdhap kula miyarsi |
lajêng kabêlêt arsa wawratan |
katungka Mahrib wêkdale |
langkung gêla tyasulun |
mila mangke kapasangyogi |
wontên karsaning lurah |
kêtib Iman muwus |
inggih adhi kang dadya tyas |
panggrêsahe sri nata Bahgêdad nagri |

24 Kêtib Iman nyariyosakên lèlampahanipun Siti Maryam pramèswarinipun raja ing Bagdad ingkang putranipun kalih dados korban katigas jangganipun dening patih ingkang pinitados ngêtêrakên sang pramèswari dalah putranipun dhatêng ing Mèkah. Sang pramèswari sagêd oncat, wêkasan sang patih kawiyak wadosipun. ...
kaca 167-173.

Jilid 2 - Kaca : 168

17. Kacariyos wontên randha miskin |
Nyai Limah griya têngah wana |
kalangkung kathah mendane |
satunggil dintên nuju |
angèn menda kapanggih jalmi |
èstri endah ing warna |
cahyanya sumunu |
tinakonan tan prasaja |
pinanganya miwah ingkang asêsiwi |
anama Siti Maryam ||
18. Cêkkipun wus dènambil siwi |
sabên dintên kinèn angèn menda |
wontên ratu gung prajane |
Bahgêdad sudibya nung |
ambêbêdhag marang wanadri |
ingiring wadya kuswa |
praptaning wanagung |
umiyat wanodya endah |
sakalangkung kumênnyut tyasnya sang aji |
dadak gandrung asmara ||
19. Pinarêkan andangu sang aji |
èh ta rara kowe bocah apa |
dene ana ngalas ijèn |
lan sapa wong tuwamu |
Siti Maryam kagyating galih |
umatur saha nêmbah |
Maryam wasta ulun |
anakipun Nyi Ngalimah |
randha miskin damêlipun mêtês kambing |
griya têngahing wana ||
20. Sang aprabu Bahgêdad miyarsi |
sakalangkung eraming wardaya |
mèsêm manis andikane |
dhuh sang pindha hêrlaut |
sakirane apa marêngi |
upama mèlu mring wang |
mungguh pangiraku |
mirid ing ngèlmu wirasat |
kang marahi wangkal lêngus têka mamring |
kang ana mung prasaja ||
21. Gêr gumuyu rewangira linggih |

kêtib Arum (ng)galêgês lingira |
dene sumêrêpe nêmbè |
sri Bahgêdad puniku |
têka paham sranduning dhiri |
kêtib Iman lingira |
inggih bêtèkipun |
supadi angsal borokan |
lah ta kakang (n)dawêg pripun lajêngnèki |
(ng)gih adhi lajêngira ||

22. Siti Maryam sarêng amiyarsi |
dhawhipun sri nata Bahgêdad |
mung prasaja aturane |
dhuh gustiku sang prabu |
kakasihe Hyang Maha Sukci |
mugi linêpatêna |
sagunge bahêndu |
awit saking jrih kawula |
mring pun biyung bokbilih dipun srêngêni |
têmah (n)dhêdhêr druhaka ||

23. Dene bilih pun biyung marêngi |
ulun èstu andhèrèk sakarsa |
sri nata sru sukèng tyase |
payo iridên ingsun |
mring wismane renanta nini |
Siti Maryam tumulya |
sisingir swara rum |
mendanira wus ngalêmpak |
cinacahkên jangkêp anulya giniring |
sapraptanirèng wisma ||

Jilid 2 - Kaca : 169

24. Siti Maryam ngling mring biyangnèki |
lah punika wontên tiyang prapta |
kalangkung kathah rencange |
ayun pianggih biyung |
Ni Ngalimah sarêng ningali |
kalangkung ngunguning tyas |
sangêt ajrihipun |
sang nata nulya ngandika |
èh ta nini sira aja belatampi |
manira atêtanya ||

25. Apa sira bokne bocah iki |
Nyi Ngalimah grago aturira |
inggih-inggih saèstune |
punika anakulun |
ingkang dados têtênging ati |
paranta karsanira |
lan sintên wong bagus |
rencange kalangkung kathah |
sri narendra ngandika yèn takon mami |
naranata Bahgêdad ||

26. Nyi Ngalimah gupuh manganjali |
 saha matur nyuwun pangaksama |
 sakèhing kalêpatane |
 èh nyai yèn panuju |
 anakira si Maryam iki |
 sunpundhut dumadiya |
 garwènggong satuhu |
 kathah dènnya amiluta |
 mrih pakolih nyi randha sumanggèng kapti |
 namung anyuwun dinar ||
27. Sawawrate ing sutanirèki |
 wus tinraju lawan uwang êmas |
 tigang unta dumugine |
 kalih dasa untèku |
 taksih awrat Siti Maryami |
 nyi randha aturira |
 gusti sampun-sampun |
 tumraping jasad-kawula |
 donya kathah malah angribêdi ati |
 kèndêl dènnira wawrat ||
28. Maryam sampun binêkta narpati |
 sapraptane prajadi Bahgêdad |
 têtêp ngrênggani purane |
 laminya tan cinatur |
 sampun darbe putra kakalih |
 kang sêpuh sinung parab |
 Abubakar mungguh |
 ginadhang gumantya nata |
 arinira Siti Kalimah wêwangi |
 nahênta pramèswara ||
29. Nyuwun idi arsa tuwi maring |
 ingkang rama dhumatêng ing Mèkah |
 sang aprabu andikane |
 sira pojar maringsun |
 anakira Kalimah Nyai |
 ing mangke sira arsa |
 tuwi wong tuwamu |
 bécik sira sajarwaa |
 babo sapa kang ayoga sira yayi |
 Dyah maryam matur nêmbah ||
30. Sèwu-sèwu apuranta gusti |
 bilih mangkya nyuwun pangaksama |
 datan sagêd ngaturake |
 tèmbe manawi sampun |
 kula bêkta sowan sang aji |
 kadangua piyambak |
 tiyang sêpuhulun |
 nggaraitèng tyas sri narendra |
 wus linilan ambêkta putra kêkalih |
 de manggalaning lampah ||

31. Mantri-muka wadya kuswa ngiring |
 wus samêkta kalilan umangkat |
 tan kacriyos ing lampahe |
 sipêng madyèng wanagung |
 sêrap janmi kiyai patih |
 têkiyur imanira |
 Ijajil kukuwu |
 lumêbêt mring unggyan risang |
 pramèswari lagya angêloni siwi |
 ki patih angrêrêpa ||
32. Manuara mrih lunturing kang sih |
 sri dayita kalangkung lênggana |
 asru pamurih èngête |
 ki patih mêksa (m)bêrung |
 malah-malah ngajrih-ajrihi |
 angagari jambiya |
 bilih botên nurut |
 sayêkti ulun-jambiya |
 langkung eman pramèswari datan lirip |
 putra gya jinambiya ||
33. Wus ngêmasi binêkta mring (n)jawi |
 wus pinêtak tan ana kang wikan |
 wanci byar tata barise |
 lajêng ing lampahipun |
 pan kasaput ing ratri malih |
 sipêng madyaning wana |
 kadi ingkang sampun |
 jinaganan wadya bala |
 lingsir ratri samadya wus samya guling |
 patih angot gêndhila ||
34. Amanggihi sang dayita malih |
 ingkang lagya angêloni putra |
 patih amêksa ature |
 gusti manawi lumuh |
 datan wande putra-nirèki |
 ulun-jambiya pisan |
 kadi kang rumuhun |
 pramèswari ing tyas panggah |
 lingira ris apa sakarsanirèki |
 Allah tan kasamaran ||
35. Kyai patih wus tan nêdya eling |
 putra kang lagya kinêlonan |
 jinambya prajanane |
 ludiranya sumêmbur |
 kapisanan nulya ngêmasi |
 Mariyam yun cinandhak |
 gya malumpat gupuh |
 lumajêng anasak wana |
 iblis laknat wus nginggati kyai patih |

kaduwung rawatwaspa ||

36. Kunarpanya risang raja siwi |
wus binêkto singidan pinêtak |
langkung ribêt bingung tyase |
umêdal akalipun |
bêngok-bêngok sarwi anangis |
kagyat kang wadya kuswa |
sami ting bilulung |
aduh kanca katiwasan |
pramèswari kalawan sang rajasiwi |
katri pinangan sima ||

Jilid 2 - Kaca : 171

37. Kunarpane datan ana kari |
wadya kuswa sadaya sungkawa |
tambah-tambah ing solahe |
ki patih asru muwus |
apa manèh ingkang pinikir |
kabèh aywa na susah |
lupute nèng aku |
pra wadya asrêp ing nala |
payo nuli budhalan bali mring nagri |
ukume sri narendra ||

38. Ingsun dhewe ingkang anglampahi |
wus budhalan ingkang wadya kuswa |
wangsul marang ing prajane |
sadaya arawat luh |
maras-maras tyas kêtir-kêtir |
dumuginipun praja |
ki patih lumêbu |
prapta ngalbyantara nata |
ngaraspada pêgat-pêgat ngasmarani |
waspa drês marawayan ||

132. Asmaradana

1. Dhuh gusti sri narapati |
amba atur pêjah gêsang |
sumanggèng karsa sang katong |
saking gung cacad dinuta |
angatêr sang dayita |
sarêng dumugi wanagung |
nèng riku manggih babaya ||
2. wontên ingkang sima katri |
lumêbêt ing twah sang rêtna |
mangsa garwa putra katong |
garwa tuwan tuwin putra |
seda minangsa sima |
wadya uning sampun rampung |
sima wau panêdhanya ||
3. Lêngêr lêngêr sri bupati |
sapandurat tan ngandika |

kalangkung ngungun galiye |
ginagas-gagasing driya |
èngêt ing garwa putra |
sru dahat duhkitèng kalbu |
sang nata sangêt udrasa ||

4. Wus pinupus lawan takdir |
binengkas budi tawêkal |
sinèndhèkkên mring kang gawe |
sirna ilang kang sungkawa |
linud ing panarima |
pan wus karsane Hyang Agung |
puluh-puluh kadiparan ||
5. Mring ngêndi (ng)gonne sumingkir |
kawula darma lumampah |
nora bisa obah dhewe |
yèn mungguh karêping jalma |
tan ana sêdya susah |
kabèh bungah kang kinayun |
tandhane karsèng Hyang Suksma ||
6. Dene tan bungah sakalir |
Allah tan kêna pinrentah |
mung ngagêm Karsane Dhewe |
kaya ngapa (ng)gonne selak |
lamun mèriya liyan |
kang jinurung ing saumur |
sathithik sungkawanira ||
7. Wus pasthi tan bisa mèri |
sabab kuwasaning Suksma |
tinitah kadi mangkene |
nanging ta rèhning kawula |
tan uning takdirira |
bêgja cilaka tan surup |
marmanta taksih ihtiyar ||
8. Yèn mukaranah ing takdir |
marma maksih amiminta |
bok kaparêng ing Hyang Manon |
mugi Tuwan ambukaa |
sumpêging manah-amba |
dhuh Gusti (m)ba nyuwun tulung |
paduka langkung kawasa ||
9. Kang anglimputi sakalir |
atas nèng ngarsa Pangeran |
kang mêngkoni sakabèhe |
mugi Allah nglambangana |
maring garwa sutamba |
dhuh Gustiku Kang Mahagung |
amba dahat nangis Tuwan ||

Jilid 2 - Kaca : 172

10. Tan wontên ingkang kaliling |
mung Tuwan têtênging driya |
kang sagêd (m)bengkas salire |
marmamba tan sêdya oncat |
mung anut karsa Tuwan |
sanadyan kinarya dudu |
mring pundi (ng)gonne suminggah ||
11. Dhuh Tuwan Rabilngalamin |
kita mung nyuwun ngapura |
sagung lêpat amba kabèh |
kang satmata lan kang samar |
rèhning ulun tan wikan |
kang uninga mung Hyang Agung |
mila muhung nangis Tuwan ||
12. Pamintamba marang Gusti |
rèhning kawula tiyang ngam |
tan kuwawi cobèng Manon |
mung nuwun sakuwat amba |
sampun Tuwan sinungan |
ing donya kalangkung agung |
bokbilih amba tan kuwat ||
13. Nuduhkên takabur Gusti |
tuwin sampun pinaringan |
kikirangan langkung kad-e |
bokbilih amba tan kuwat |
dadya ngêrsulèng Tuwan |
lah Tuwan anuwun puguh |
lan Tuwan sampun sinungan ||
14. Susah ingkang sangêt Gusti |
bokbilih amba tan kuwat |
(m)bibrahkên manah kang sae |
lan Tuwan sampun sinungan |
bingah kalangkung êkat |
bokbilih amba têkabur |
katrècèt mring kakupuran ||
15. Tyasingsun kadi wong (n)dlêming |
dene Allah sunpranata |
sunpurih manut tyasingong |
pasthi wus lamun tan bisa |
Allah pan nora karsa |
maring Êdat liyanipun |
beda kita karêp Tuwan ||
16. Pangomyang-amba puniki |
mung saking bangêting susah |
dadya sawêtu-wêtune |
nanging mungguh yêktinira |
kabèh karêp manira |
rêbut dhucung ing tyasingsun |

Jilid 2 - Kaca : 173

tan bisa ngèwahkên kodrat ||

17. Dadi mung bingung tyasmami |
tambah-tambah kang sinêdya |
kajaba (ng)glundhung Hyang Manon |
awit kabèh ciptaningwang |
lawan prihatin kita |
lan sakrêntêging tyasingsun |
kabèh iku tanpa pedah ||
18. Mung cumadhong karsèng Gusti |
apa kang dèntakdirêna |
yaiku pasthi anane |
tanpa gawe pinikira |
jaba mung suhul Tuwan |
bokmanawa (n)tuk pitulung |
sabab Allah sipat rahman ||
19. Kawula wungsal-wangsuli |
panggrêsahe sri narendra |
katungka Mahrib wêkdale |
dèrèng kula lajêngêna |
cariyos sri Bahgêdad |
kilap kadadosanipun |
lalampahaning ki patya ||
20. Kakang kula nyuwun uning |
bapakipun Siti Maryam |
adhi Ngabdullah namane |
têdhak Kurès nagri Ngarab |
kênèng pangamandaka |
dinakwa jina puniku |
lawan Ki Sangip namanya ||
21. Anulya utusan siwi |
sadhèrèkè Siti Maryam |
Sèh Abubakar namane |
sapraptanira ing wana |
tan têngêl mêjahana |
Abubakar tandya mantuk |
matur yèn wus pinêjahan ||
22. Manthuk-manthuk kang sinung ngling |
kêtib Iman cariyosnya |
sigêg gantya winiraos |
ingkang cakêt jajagongan |
lawan Kyai Rasika |
jrukunci ing Glagaharum |
tinimbang amêdharêna ||
23. Cariyosipun sang Aji |
Ngamarta Sri Darmawangsa |
paranbaya darunane |
dene sumare ing Dêmak |
kubur kalangkung panjang |

Kyai Rasika lingnya rum |
kabar makatên purwanya ||

24. Nalikanira ing nguni |
mekrading natèng Pandhawa |
mawi srana pêjah obong |
Yudhisthira Sri Ngamarta |
Rahadèn Wrêkudara |
Janaka myang arinipun |
kalih Nangkula Sadewa ||

25. Nênm garwanya Sang Aji |
Yudhisthira ing Ngamarta |
Dyah Drupadi jujuluke |
kasapta Wara Sumbadra |
dayitèng Dananjaya |
Dyah Kunthi kawolunipun |
kang ibu katri Pandhawa ||

25 Ki Rasika jurukunci pasareyan Glagaharum Dêmak nyariyosakên
lêlampahanipun Prabu Darmakusuma tuwin pusakanipun kalimasada ingkang
sagêd kawêdharakên isinipun dening Sunan Kalijaga, wêkasan sang prabu
seda, kasarèkakên ing Glagaharum, pasareyanipun sakalangkung panjang.
Sang prabu tilar polaning ringgit purwa. Ugi katêrangakên asal-usulipun wali
wolu. ...
kaca 173-183.

Jilid 2 - Kaca : 174

26. Criyos padhalangan ringgit |
ginêrba wus samya pêjah |
amung satunggal kang dèrèng |
(ng)gih punika Darmawangsa |
muksanya mring kaendran |
dalah ing saraganipun |
praptane ing Suralaya ||

27. Pinanggiyan Hyang Pramèsthi |
tinanya darunanira |
Hyang Guru pangandikane |
èh titah ulun Ki Darma |
sira mulih mring jaman |
langgèng ing salaminipun |
têka ngangge badan wadhag ||

28. Apa sira boya mati |
lantaran tumamèng wangwa |
Yudhisthira matur alon |
dhuh Hyang-hyang kang kinawasa |
anitahkên kawula |
kauningana pukulun |
kula ugi malbèng wangwa ||

29. Abipraya èstu nunggil |
lawan kadang warga rena |
wus sampurna sadayane |

nanging mung ulun priyanga |
kang botên sagêd sirna |
dhuh Sang Hyang-hyanging pukulun |
wontenna apurèng Tuwan ||

30. Ambirat sagunging sisip |
Hyang Odipati ngandhika |
hèh Yudhisthira sang katong |
ing samêngko karsaningwang |
sira bêcik baliya |
marang ing ngarcapadèku |
yèn raganta durung sirna ||
31. Apan baya sunlilani |
mulih marang ing kaswargan |
sabab kaswargan yêktine |
panggonan kang luwih mulya |
sarta suci sadaya |
nadyan kabèh titahingsun |
manungsa kang tinggal donya ||
32. Padha mulih marang pati |
iya pasthi tinggal raga |
wus badan alus aranne |
mula kaki prabu sira |
samêngko durung kêna |
mungguh marang suwarga gung |
nêmbah lèngsèr sri narendra ||
33. Wangsul Marcapada malih |
tumindak mangalèr sêdya |
amamati sarirane |
lajêng anggêbyur samodra |
sumilêm praptèng dhasar |
nanging mêksa datan lampus |
laminya nêmatu warsa ||
34. Lagyantuk sasmitèng Widdhi |
tinuduh kinèn martapa |
nèng Majapait tlatahe |
dumununga têngah wana |
Glagahwangi namanya |
wus pinasthi ing Hyang Agung |
dadya jalaran antaka ||
35. Nahan Sri Yudhisthira ji |
mituhèng sasmitatama |
mêntas saking samodrane |
nêtêpi ingkang pitédah |
jênêk amangun tapa |
prabawa ratu linuhung |
ing Galagah wangi wana ||
36. Katingal singup awingit |

Jilid 2 - Kaca : 175

singite kalintang-lintang |
janma sato mara layon |
mila tan na wani ngambah |
gawat kaliwat-liwat |
sabên ari kêmul pêdhut |
manthêr tejaning kusuma ||

37. Jaman Majapahit akir |
sanggyaning kang Waliyolah |
amurwa yun yasa kraton |
prênah Glagahwangi wana |
punika nagri Dêmak |
utusan (m)babati gupuh |
ewon kang samya tumandang ||

38. Binabat sakenjing rêsik |
sontênipun angrêmbaka |
awit sontên pambabate |
enjing pulih angrêmbaka |
tan ana sewahira |
kadya dhinangir rinabuk |
kawêkèn kang nambut karya ||

39. Abipraya rêmbugnèki |
tur uning Sunan Satmata |
ing Girigajah kadhaton |
kang umentar wus lumêpas |
prata atur uninga |
madya ing wasananipun |
dènnira ambabat wana ||

40. Sunan Giri wusing tampi |
ature kang babat wana |
animbali Sunan Lèpèn |
cinundaka mariksa |
ngiras dadya pangarsa |
sawusira tampi dhawuh |
kapungkur Giri kadhatyan ||

133. Pangkur

1. Praptèng têpi Glagahganda |
Sunan Lèpèn uluk salamira glis |
assalamu ngalaekum |
sanalika wus sirna |
pêpêdhut kang angawêngi ing wana gung |
satêmah katingal padhang |
(n)Jêng Sunan nulya umanjing ||

2. Ngidêri sajroning wana |
dupi rawuh madyaning wana wingit |
uning janma agêng luhur |
manthêr sunaring teja |
lawan janma samangke gêng luhuripun |
kintên-kintên tikêl tiga |

dhiwut-dhiwut wulunèki ||

3. Rema gimbal wulu panjang |
lênggah munggèng sangandhaping waringin |
sela gilang tlèmèkipun |
patrape dènnya lênggah |
suku têngên jegang kang kiwa saluku |
sarira sêndhên mandira |
astanira ingkang kering ||

Jilid 2 - Kaca : 176

4. Tumumpang ing pundhak kanan |
asta kanan (ng)gêgêm sarta pinundhi |
wontên ing sanginggilipun |
pilingan ingkang kanan |
Sunan Lèpèn tandya amrêpêki gupuh |
manêmbrama manuara |
urmat asung salamnèki ||
5. Nanging datan winangsulan |
Yudhisthira mandêng kewala aming |
Sunan Kali kèndêl (n)jêtung |
ngunandikèng wardaya |
datan dangu tumuwuh osiking kalbu |
kinira-kirèng wardaya |
baya wong Buda puniki ||
6. (n)Jêng Sunan sampun widagda |
têmbung Buda dènnya asung pambagi |
mênggah mangke têmbungipun |
dhuh sang nêmbè kapanggya |
kula nilakrami ing sanak satuhu |
sintên jujuluk sampeyan |
tuwin kawijilan pundi ||
7. Punapa ingkang sinêdya |
dene lênggah nèng wana tanpa kanthi |
miwah ing pasêmonipun |
kadi nandhang sungkawa |
kang tinanya mangêrtos lajêng umatur |
ugi cara basa Budha |
makatên Jawinirèki ||
8. O ênggèh kiyai sanak |
jêngandika satuhu wus udani |
lêpasing tyas kang kalimput |
kula Ki Yudhisthira |
kawijilan saking Ngamarta rumuhum |
duk ing nguni jaman Buda |
maksih Brahma kang agami ||
9. (n)Jêng Sunan Kali duk myarsa |
langkung ngungun nulya tatanya malih |
kisanak kala rumuhun |
mlampah damêl punapa |

walèh-walèh punapa kala tumuhun |
sayêtosipun kawula |
jumênêng sri narapati ||

10. Kadhaton nagri Ngamarta |
Yudhisthira inggih jujuluk mami |
balik sampeyan sang luhung |
ing wingking kang pinangka |
lan ing ngajêng lajêr sêdyanirèng kalbu |
miwah sintên kang sinambat |
dhuh Yudhisthira sang aji ||
11. Andangu nami kawula |
Sunan Kalijaga kalêbêt Wali |
saking tlatah Majalangu |
ing Girigajahpura |
dhatêng kula saèstune dipunutus |
Sunan Giri lurah amba |
pêrlu kinèn mariksani ||
12. Kawontênane kang wana |
dene têka wontên ingkang (n)dahwèni |
damêl wilalat satuhu |
maring kang sami babat |
sampun kula salasak ing wana kêmpu |
samy tan na kara-kara |
muhung andika pribadi ||
13. Mangsuli Sri Yudhisthira |
mangke-mangke ta mangke Sunan Kali |
wangune arsa abêndu |
andakwa raganingwang |
andahwèni damêl wilalat tan sarju |
babo botên pisan-pisan |
mênggah (ng)gèn kula nèng riki ||
14. botên sawêg sapunika |
sampun lami nglampahi pitêdahing |
sasmita nalika ulun |
tapa dhasar samodra |
laminira ngantos ênêm atus taun |
ujaring wasitatama |
kinèn tapa wontên ngriki ||
15. Pasthi antuk kang sinêdya |
ingkang sagêd (n)jalari pêjahmami |
sabab ing satuhunipun |
kula sêdya ngupaya |
ing margine sagêd dhumatêng ing lampus |
duk miyarsa (n)Jêng Susunan |
katingal pasêmon manis ||
16. Sumèh wijiling wicara |
nulya tanya tênggah amêrakati |

Jilid 2 - Kaca : 177

dhuh mitraningsun sinuhun |
sabab saking punapa |
sariranta tan sagêd tumêkèng lampus |
mèsêm risang Yudhisthira |
lah makatên Sunan Kali ||

17. Kala ulun winisudha |
madêg nata lajêng dipunparingi |
jajimat dening Dewagung |
nama Kalimasada |
ingkang ugi anami Pustaka-jamus |
dumugi ing sapunika |
taksih kula pundhi-pundhi ||
18. Pratistha ing asta kanan |
malah-malah sampun saklangkung lami |
asta tan sagêd tumêlung |
miwah tan sagêd mênggar |
Sunan Kali kataman aturing prabu |
sangsaya pangungunira |
wasana tatanya malih ||
19. Mênggah ungêling sêratan |
ing jijimat punika kadospundi |
kalawan suraosipun |
dhuh Sunan Kalijaga |
kula matur inggih ing sayêktosipun |
sampun ngantos kang sumêrap |
ambikak kewala ajrih ||
20. Jalaran dhawuhing dewa |
namung kinèn ngangge jijimat pripih |
mila kula jrih kalangkung |
bilih nguninganana |
Sunan Kali mèsêm ngandika jro kalbu |
ika wong bodho balaka |
nadyan ngrêti nanging wêdi ||
21. Dhuh Sinuhun Yudhisthira |
mênggah wontên tiyang ingkang kadugi |
ngungêlkên jijimat wau |
punapi pinarêngna |
angsal malih nanging darbe jangji ulun |
mugi dipun-mangêrtosna |
suraose kanang tulis ||
22. Saha sagêd angêgarna |
tanganulun kang wus lami kumancing |
Sunan Kali ngandika rum |
suwawi cinobia |
ngulungakên jajimat Pustaka-jamus |
nahan sami sanalika |
waluya kadi ing uni ||

Jilid 2 - Kaca : 178

23. Ngulungakên asta mêgar |
 jimat sampun tinampèn Sunan Kali |
 binuka suraosipun |
 sinuksma ing wardaya |
 tamat pamaose kang Pustaka-jamus |
 (n)Jêng Sunan Kali ngandika |
 e Yudhisthira narpati ||
24. Sampeyan mugè sumrêpa |
 milanipun jimat dipun wastani |
 inggih kang Pustaka-jamus |
 têngsipun punika |
 layang irêng tulisipun rupa pingul |
 mila ran Kalimasada |
 kalimah Sahadat yêkti ||
25. Kalimah Sahadat mangkya |
 wus kalampah dênagêm dèn ugêmi |
 dening tiyang ingkang sampun |
 manjing agami Islam |
 miwah dipun wastani agama Rasul |
 sarengat punika mangka |
 baboning ngèlmu sajati ||
26. Angsal saking Nabiyolah |
 Gusti Kangjêng Nabi Rasulollahi |
 kêkasihira Hyang Agung |
 tuhu ingkang kinarya |
 dutaning Hyang panutup Nabiyollahu |
 ugêr tyang agama Islam |
 saha sampun putus maring ||
27. Ngèlmu tamtu kang winawas |
 suraose Kalimah Sahadati |
 dumadi êning tyasipun |
 sagêd sampurnèng pêjah |
 mantuk maring asaling kamulanipun |
 ing riku Sri Yudhisthira |
 langkung trustha ing panggalih ||
28. Nahan lajêng puruita |
 mring sang wiku Kangjêng Susunan Kali |
 winulang Sahadat wau |
 ugêring kasampurnan |
 winêruhkên ing jênênge uripipun |
 (n)Jêng Sunan pamêjangira |
 sadaya sampun katampi ||
29. Wruh sadurunge dumadya |
 dadya datan samar (n)doning dumadi |
 was-uwas wus tan kawuwus |
 amingis ing pamawas |
 têtêp uwus manjing agama Islamu |
 têtêp tatas naratas tyas |

Jilid 2 - Kaca : 179

tumètès sampurna titis ||

30. Rumaos yèn sagêd pêjah |
sarta pêjah ing sajroning ngaurip |
sangêt ing pamundhinipun |
winantu analangsa |
ayun nêmbah astanira sawêg kuncup |
makidhupuh anèng ngarsa |
Sunan Kali duk udani ||
31. Gupuh dènnya nampèl asta |
kipa-kipa tan arsa dènbêktèni |
sinarêngan wacana rum |
sampeyan sampun nêmbah |
dhatêng ulun sanadyan dènanggêp guru |
nanging drajat ulun andhap |
luhur darajating aji ||
32. Kados paduka punika |
inggih lèrês Suhunan nama mami |
ananging saèstunipun |
drajat Wali kewala |
Wali wau jaman purwa saminipun |
para rêsi myang pandhita |
dados bêktinta sang aji ||
33. Sêdhêng salaman kewala |
Prabu Darmakusuma ananggapi |
nulya sasalaman gupuh |
sawusing sasalaman |
sri narendra Yudhisthira alon matur |
dhuh Sinuhun gurukula |
rèh mangke ulun wus tampi ||
34. Sabda jatining kamulyan |
sêdya ulun sasagêd angaturi |
wawalês ingkang linuhung |
nanging tan darbe srana |
mung punika wontên barang darbekulun |
sêpele sangêt tan mandra |
bilih kaparêng ing galih ||
35. Kulaaturkên paduka |
Yudhisthira jumênêng (m)buka pêthi |
ingkang linênggahan wau |
isinipun karopak |
mawa gambar katri wawayanganipun |
satunggal Sri Baladewa |
kalih Natèng Dwarawati ||
36. Tiga Arya Wrêkudara |
kanthi sastra pèngêtan duk ing uni |
kalih lampahan winuwus |
satunggal pratelannya |
lampahing Arjuna nalika dhaup |

angsal Dyah Wara Sumbadra |
putri Madura nagari ||

37. Kadang Baladewa Krêsna |
rinarêngga dera Hyang Udipati |
kajêng klêpu dewadaru |
katêlah praptèng mangkya |
sabên wontên pangantèn kang rinêngga gung |
tamtu mawi kêmbat mayang |
jaman purwa kang pinirid ||

Jilid 2 - Kaca : 180

38. Kaliyan pratelanira |
kala nata Pandhawa mangun jurit |
sakadang warga sadarum |
mêngsah Sri Suyudana |
sakadange Sata Korawa angêbyuk |
(n)jabêl prajadi Ngastina |
Pandhawa unggul ing jurit ||
39. Winastanan Bratayuda |
kinanthènan sarasilah tumêrahing |
Pandhawa myang para ratu |
ingaturakên sigra |
mring Suhunan Kalijaga sadayèku |
langkung sukanirèng driya |
gambar tri wus dènpriksani ||
40. Tanya marang Yudhisthira |
sintên ingkang gadhah wayangan katri |
ingkang ginambar puniku |
satunggal-tunggalira |
Prabu Darmakusuma lajêng umatur |
kang sarta mawa pratelan |
agêng miwah inggilnèki ||
41. Titiga ingkang ginambar |
wus pratela kadi sinêbut ngarsi |
tanya malih (n)Jêng Sinuhun |
nahanta karsa para |
asung gambar dalah ing saprabotipun |
sastra cariyosing Buda |
kumambang matur sang aji ||

134. Maskumambang

1. Dhuh Susunan Kali gurunadi mami |
gambar wawayangan |
titiga siki puniki |
mugi-mugi tinumrapna ||
2. Gigiring kang maesa danu artining |
kuliting maesa |
walikan dadosirèki |
babalunge kang maesa ||

3. Kaanggeya kuliting gambar puniki |
sunguning maesa |
kaanggeya ototnèki |
kuliting kanang maesa ||
4. Kaanggoa inggih babalunganèki |
sarta ginancarna |
ing salampah-salampahaning |
supadya dadya tuladha ||
5. Têmbè wingking saguning kang pra narpati |
satriya myang wadya |
pra èstri pra maharêsi |
sagung isining bawana ||

Jilid 2 - Kaca : 181

6. Gya winarna Sri Yudhisthira narpati |
sawusing pratela |
gancaring cariyos nguni |
amit wus praptèn antaka ||
7. Puput yuswa sampurna mring jaman suci |
layon binarsihan |
sung sasmita maring dasih |
paripurna wus pinêtak ||
8. wontên tapak-tilas palênggahanèki |
ngandhaping mandira |
rampung pamêtaking jisim |
lajêng sinungan têngêran ||
9. Kijing sela rineka cirining nami |
Kyai Yudhisthira |
lêstari têkèng samangkin |
nèng lor-kulon masjid Dêmak ||
10. Ki Rasika angling mring rowangirèki |
criyos sampun tamat |
kijing kang panjang nglangkungi |
ciri Kyai Yudhisthira ||
11. Kang sinung ngling tanya paran kajêngnèki |
dènya babat wana |
wilujêng sampun barêsih |
rata kadi ara-ara ||
12. e makatên lajênge cariyos inggih |
dènya babat wana |
wilujêng sampun barêsih |
rata kadi ara-ara ||
13. Sunan Kali wus wangsul dhatêng ing Giri |
pinuju pêpakan |
sanggyaning kang para Wali |

Sunan Kali tur pratela ||

14. Lampahipun tinuding babat wanadri |
purwa wasananya |
miwiti malah mêkasi |
pan sampun katur sadaya ||
15. Para Wali samya karênan ing galih |
abipraya rêmbag |
amujudakên ing warni |
ingkang kasêbut pêngêtan ||
16. Kang kinarya guru wawayangan katri |
gêr-ugêr polatan |
mêndhêt saking netranèki |
bèntêning pasêmonira ||
17. Saka pawulatan datan liya saking |
papasanging netra |
manawi akarya ringgit |
netra wangun gêdhondhongan ||
18. Mirid saking gambaring wayangannèki |
Prabu Baladewa |
narendra Madura nagri |
manawi adamêl netra ||
19. Wangun liyêp mirid saking wayanganing |
Sri Narendra Krêsna |
Sinuhun ing Dwarawati |
utawi bilih iyasa ||
20. Nata wangun manthêlêng sêrêng rêspati |
mirid wayangannya |
satriya ing Jodhipati |
Radyan Arya Wrêkodara ||
21. Paripurna dènnira amirid-mirid |
nanging sarêng arsa |
damêl wawayang rasêksi |
rasêksa inggih danawa ||
22. Para Wali ragi kawêkèn ing galih |
amarga (n)Jêng Sunan |
kalimput nalika panggih |
tatanya mring Yudhisthira ||
23. Wêwah-wêwah danawa cariyosnèki |
doyan mangsa kewan |
myang mangsa wangkening janmi |
nanging sagêd tatajanma ||
24. Samya minggu mêngêng mêksa tan amingis |
sajroning kêmêngan |

Jilid 2 - Kaca : 182

- saking plênggahan tan têbih |
wontên sagawon lumajar ||
25. (ng)Gondhol balung untu siyung amaringis |
Sunan Kalijaga |
antuk wêwênganing wingit |
tinarbuka ring Hyang Suksma ||
26. Dènnya damêl gambar wayangan rasêksi |
sipat myang wulatan |
amirid sagawon mringis |
badan wayangan manungsa ||
27. Sinêmbadan gêng luhur glabêg ngajrihi |
mèh tanpa bangkèkan |
ulat sirung netra andik |
mrêngangah dhepah (m)brêgagah ||
28. Sampun rampung dènnya mangadani ringgit |
mirid tri wayangan |
dados balungipun ringgit |
ingkang ginapit punika ||
29. Têrangipun aturing Yudhisthira ji |
kuliting maesa |
dados balungipun ringgit |
ingkang ginapit punika ||
30. Sungunipun dados ototing kang ringgit |
lah inggih punika |
ingkang dipun angge gapit |
miwah campuriting wayang ||
31. Balungipun maesa kinarya kulit |
artose mangkana |
kadamêl dhasaring sungging |
saking bubukaning tulang ||
32. (ng)Gih punika purwanipun wontên ringgit |
wacucal maesa |
ingkang gumêlar samangkin |
mujudkên nganggit lampahan ||
33. Tan lyan saking kramate (n)Jêng Sunan Kali |
Wali wolu samya |
mangayubagya ngidèni |
sampun cuthêl criyosingwang ||
34. Lah suwawi babarpisan awêwarti |
ingkang pangandika |
dene mawi purwakanthi |
Wali wolu tanah Jawa ||
35. Kang winastan Wali wolu tanah Jawi |
satunggal (n)Jêng Sunan |

- Ngampèlgadhing kang murwani |
nama alit Radèn Rahmat ||
36. Putranipun Sèh maulana Ibrahim |
ibu saking Cêmpa |
Siti Asmara wêwangi |
putranipun Prabu Kiyani ||
37. Kalhipun Susuhunan Gunungjati |
Sayid Jèn punika |
saking nagari Arabi |
mandhirèng Cirêbon praja ||
38. Tiga Sunan Ngudung alite Sèh Sabil |
putra Mlana Iskak |
ibu saking Madurèki |
kadang mudha Walilanang ||
39. Sakawane Sunan Giri Gajahpuri |
inggih Dyan Satmata |
putra Walilanang nguni |
kang ibu putri Blambangan ||
40. Gangsal Sunan Bonang Dyan Makdum Ibrahim |
putra Ngampèldênta |
ibu Siti Manaladi |
putra Arya Teja Tuban ||
41. Nênm Sunan Bukit Majagung mandhiri |
Dyan Ngalim Buherah |
Sri Campa mudha sisiwi |
nak-sanak lan Radèn Rahmat ||
42. Pitu Sunan Darajat timurnya nami |
Masakèh Mahmud kang |
putra Sunan Ngampèlgadhing |
mijil saking ing ampeyan ||
43. Wolu Sunan Kalijaga Radèn Sahid |
putra Wilatikta |
bupati Japara nagri |
sampun jangkêp petang kula ||
44. De sanèse wowolu dipun wastani |
Wawali nujêbba |
têgêse nujêbba inggih |
punika Wali susulan ||
45. Amung Kangjêng Sultan Agung ing Mantawis |
Kalipahing Allah |
kang jumênêng ing samangkin |
pamungkas Wali nurbuat ||
46. Sunan Kali kok dados onjo pribadi |

Jilid 2 - Kaca : 183

- niku kasinggihan |
 wit maguru Nabi Kilir |
 anêrusi solah tingkah ||
47. Nabi Kilir tan seda wit anglampahi |
 karêm maring ora |
 cêgah hawa napsu melik |
 konang-onang kene kana ||
48. Têrus sukci ing nala dumilah wêning |
 mandar (n)tuk nugraha |
 panjênêngan Nabi Kilir |
 kinarya hèb Nabiyolah ||
49. Anartani têtèng mangkya tan ngêmasi |
 gaib dalêmira |
 wus kawêngku lair batin |
 puniku ungêling kitab ||
50. Sunan Kali wartose makatên ugi |
 mangkya dèrèng seda |
 sigêg Rasika kang dêling |
 kinanthi gantya critanya ||

26 Ki Harjana, santri ing Jatisari, ahli petangan (primbon) nêrangakên bab petangan nirahakên tiyang sakit. ... kaca 184-185.

Jilid 2 - Kaca : 184

135. Kinanthi

1. Kyai Harjana winuwus |
 mutiyan ing Jatisari |
 dadi ahli pepetangan |
 anirahkên tiyang sakit |
 rencangipun jajagongan |
 umatur nuwun kiyai ||
2. Mugi (n)dhangankên ing kalbu |
 mupung ing mangke pinanggih |
 supadi mutabarana |
 mring putra wayah kang sami |
 pinarak ngarsa sampeyan |
 bab lampah petangannèki ||
3. Pênêt miwah awonnipun |
 anirahkên tiyang sakit |
 Kyai Harjana lingira |
 inggih ulunangge kaki |
 awawaton saka dina |
 saking kaole Sèh Adi ||
4. Dina Akad kang rumuhun |
 lamun nirahkên wong sakit |
 yèn mangetan tiba waras |
 yèn mangidul tiba Êsri |

- yèn mangalor tiba lara |
yèn mangulon tiba pati ||
5. Ing dina Sênèn winuwus |
lamun nirahkên wong sakit |
yèn mangidul tiba waras |
yèn mangetan tiba Êsri |
yèn mangulon tiba lara |
yèn mangalor tiba pati ||
6. Ing dina Sêlasa iku |
lamun nirahkên wong sakit |
yèn mangetan tiba waras |
yèn mangalor tiba Êsri |
yèn mangulon tiba lara |
yèn mangidul tiba pati ||
7. Ing dina Rêbo cinatur |
lamun nirahkên wong sakit |
yèn mangetan tiba waras |
yèn mangulon tiba Êsri |
yèn mangulon tiba lara |
yèn mangidul tiba pati ||
8. Ing dina Kêmis winuwus |
lamun nirahkên wong sakit |
yèn mangetan tiba waras |
yèn mangidul tiba Êsri |
yèn mangalor tiba lara |
yèn mangulon tiba pati ||
9. Ing dina Jumuwah iku |
lamun nirahkên wong sakit |
yèn mangulon tiba waras |
yèn mangalor tiba Êsri |
mangidul tibaning lara |
mangetan tibaning pati ||
10. Ing dina Saptu tinutur |
lamun nirahkên wong sakit |
yèn mangulon tiba waras |
mangalor tibaning Êsri |
yèn mangidul tiba lara |
mangetan tibaning pati ||
11. Riningkês ing bêcikipun |
Akat Slasa Rêbo Kêmis |
tirah ngetan tiba waras |
Sênèn kidul waras ugi |
Jumuwah Saptu yèn tirah |
kudu ngulon purugnèki ||
12. Dene ta sêdhênganipun |
Akat Kêmis ngidul Êsri |

- Sênèn ngetan sri tibanya |
 ri Slasa Rêbo pi-tuwin |
 Jumuwah kalawan Tumpak |
 padha ngalor tiba Êsri ||
13. Mung punika petangipun |
 sawuse pinetang bêcik |
 sumendhe karsaning Suksma |
 ala ayu mung nglakoni |
 sakèhe kang amiyarsa |
 samya nuwun turirèki ||
14. Punika saèstunipun |
 pinaibên malarati |
 sangsaya daliling Kur'an |
 pangandikaning Hyang Widdhi |
 sigêg cinêndhak kang cêlak |
 abdi dalêm ngulama-di ||
15. Apil Kur'an sampun putus |
 ing makna myang muradnèki |
 anama Amat Sêtama |
 rèrèh dènnira nambungi |
 mangke kula acarita |
 yakining kang kasbut dalil ||
16. wontên narendra pinunjul |
 binathara nyakrawati |
 ambêg wicaksanèng budya |
 jujulukipun narpati |
 Sri Maha Amat Salekan |
 ngadhaton Sêtambul nagri ||
17. Kongas kasudibyanipun |
 jêmbar jajahaning nagri |
 angrèh samining pra raja |
 têtêp kêncêng kang agami |
 bakda salat (n)darus Kur'an |
 sabên dumugi ing dalil ||
18. Watungiju mantasau |
 wabudillumanta saki |
 punika ing maknanira |
 mungguh Hyang kang Murbèng pasthi |
 sayêkti bisa akarya |
 bilai padha samangkin ||
19. Tuwin bisa karya èstu |
 kamulyan padha saiki |
 pêndhak-pêndhak pandarusnya |
 dumugi kakalih dalil |
 kèndêl ing pamaosira |
 ginagas rinasèng ati ||
20. E Tuwan kang sipat Agung |

saupami kita iki |
kraton tampis kabasmaran |
gusis tan kari samênir |
kirane durung saêkal |
dadi kamlaratan mami ||

21. Awit kasugihaningsun |
kalawan karaton mami |
nora ing kene kewala |
ingsun darbe liyan nagri |
kangjêng sultan kabatinan |
maibên ungêling dalil ||

27 Ki Amat Sêtama nêrangakên ganjaranipun tiyang apal Kur'an, punapamalih ingkang mangêrtos maknanipun. Kalajêngakên dongèng Raja Sêtambul ingkang nandhang cobining Allah jalaran kirang mantêpipun dhatêng panguwaosipun Gusti Allah. Sang Raja kalunta-lunta ngantos kinunjara ing nagari Ngêsam, nanging wêkasan kapalakramakakên kalihan putri Ngêsam. ... kaca 185-193.

Jilid 2 - Kaca : 186

22. Darus sabakdaning Subuh |
sanalika sri bupati |
munggèng satêngahing wana |
bawah ing Ngêsam nagari |
kalampahan kalih wulan |
saking ing Sêtambul nagri ||
23. Kawêlasarsa sru ngungun |
kang mangka sri narapati |
mung ngagêm jubah kuthungan |
ririmong samadah wilis |
anyamping sarung gêmbaya |
ngagêm kêthu lugas abrit ||
24. Angasta tasbèh umancur |
barleyan ginosok adi |
gêng nracak saisi lêrak |
andungkap sawêlas ari |
tan nendra minum myang nadhah |
miwah tan pinanggih jalmi ||
25. Lêsah ngalêntrih-ngalêntruk |
angga (ng)gêgês gagang agring |
sumendhe witing mandera |
sawang kunarpa sang aji |
anuju sawiji dina |
ana nangkoda lumaris ||
26. Mring Ngêsam unta tinuntun |
nèng kene miyat ing jalmi |
sumendhe witing mandera |
sinawang wus kadya mayit |
pinurugan dupi cêlak |

ki juragan tanya aris ||

27. Kisanak kang kawlasayun |
dene nèng alas pribadi |
pasêmone lir ngawirya |
lah punapa sêbabnèki |
sang nata dupi miyarsa |
pakèwêd dènyya mangsuli ||
28. Sêrêt kédaling sabdarum |
pêgat-pêgat amlasasih |
ki dagang tuhu manira |
ing Sêtambul asalmami |
kesah ngaji mring lyan praja |
yun mantuk datan wruh margi ||
29. Ki dagang wêlas kêlangkung |
nulya dènulungi roti |
lawan warih ing lantingan |
lah niki jampi kalantih |
sawusira tinampenan |
roti dhinahar sacuwil ||
30. Toya ing kèndhi dèninum |
tri cêgukan datan luwih |
kraos nikmat kang sarira |
sumringah nayana wêning |
sri nata Sêtambul sigra |
ngulungkên tasbèhirèki ||
31. Maring sudagar kang asung |
roti lawan toya kèndhi |
winantu sabda mrakatya |
dhuh kisanak kang asung sih |
rèhning andika wus nambal |
dhumatêng ing jiwa mami ||
32. Sasat anambungi umur |
wèwèh janma tanpa pamrih |
èstu bilih karya tama |
nandhakkên eklasing budi |
lila anrus ing wardaya |
sangêt ing panuwun mami ||
33. Saking kumêdahing kalbu |
minangka timbanganing sih |
kang mugè tinampanana |
winantu sukaning ati |
cinandhak mring ki sudagar |
gringging-gringging nggarègèli ||
34. Awit salaminya idhup |
lagya anêmbe udani |
barleyan agêng naracak |

Jilid 2 - Kaca : 187

rinucit kinarya tasbih |
sapandurat tan wacana |
gumêtêr kêdaling lathi ||

35. Paran ing karsanirèku |
de asung ingkang kadyèki |
sri narendra angandika |
ulun lila lair batin |
amung ta pamintaningwang |
parênga nunut lumaris ||
36. Rêhning kula ayun mantuk |
marang ing Sêtambul nagri |
ywa nganti sangsayèng marga |
ki sudagar lingira ris |
inggih ki bagus sumangga |
gampil yèn wus praptèng nagri ||
37. Kantun lampahan dwi têngsu |
têmbè anumpala-keli |
sri narendra wus binêkta |
ing ngênu datan winarni |
sapraptanira ing Ngêsam |
sudagar dagang mawarni ||
38. Laris dagangane gêrus |
mênthêl kathah antuk bathi |
tata-tata sêdya mentar |
tatanya mring sri bupati |
bagus paran karsanira |
dênirarsa mangkat mulih ||
39. Inggih kyai kajêngulun |
sarêngan andika malih |
sisimpangan wontên marga |
ki sudagar wus nyondhongi |
kalingling wagêling nala |
tasbèhe barlèyan adi ||
40. Pangudasmaraning kalbu |
ewuh tèmên tasbèh iki |
lamun awèt dakanggowa |
pasthi tan kobêr ngabêkti |
katungkul pijêr umiyat |
lawan tan pègat kuwatir ||

136. Mègatruh

1. Lah bécike dakdole pisan yèn payu |
prayoga nyimpêni dhuwit |
thithik mutawatiripun |
tumrape wong kaya mami |
darbe barang langkung elok ||
2. (m)Bubrahake ati ngêgungkên têtakabur |

- sisip sêmbire wus pasthi |
rêgadag anarik kupur |
ki sudagar mentar aglis |
tasbèh tinawakkên gupoh ||
3. Marang para sugih jroning kutha kêmput |
titi tan ana kang ngawis |
tan kuwawi artanipun |
saking kèhe kang pêngaji |
anulya kunjuk sang katong ||
4. Natèng Ngêsam kalangkung eraming kalbu |
wasana ngandika aris |
saka ngêndi asalipun |
tasbèhmu barleyan iki |
ki sudagar awotsinom ||
5. Asal saking tiyang nyukani pukulun |
jalma papa nèng wanadri |
sang nata kagyat lingnya rum |
sudagar aturmu iki |
iku sèwu mokal elok ||
6. Kawruhana tasbèh iki ingkang patut |
darbe mung nata linuwih |
pinunjul samaning ratu |
aturmu iki mustail |
pangirèngsun wus amêlok ||
7. Pasthi iki olèh ênggomu amandung |
èh sudagar yèn sirèki |
tan bisa ngaturkên mringsun |
janma kang mènèhi tasbih |
sira minangka gagêntos ||
8. Ingsun ukum apa ing sapantêsipun |
ki nangkoda duk miyarsi |
pangandikane sang prabu |
ulat biyas payus tistis |
konjêm siti arawat loh ||
9. Ki nangkoda manêmbah sarwi umatur |
dhuh gusti sri narapati |
kawula anuwun mundur |
nimbali kang darbe tasbih |
wus linilan mêtal gupoh ||
10. Sampun panggih ki dagang lan sri Sêtambul |
kang sawêg nandhang kaswasih |
rinucat dhirining prabu |
bagus (n)dika ditimbali |
mring ngarsanira sang katong ||
11. Sigra sowan ki dagang lan sri Sêtambul |
prapta ngabyantarèng aji |

ki dagang saksana matur |
punika ingkang nyukani |
tasbèh kang kunjuk sang katong ||

12. Apa iya tasbèh iki (ng)gonmu asung |
kang dinangu matur inggih |
tanpa titipriksa prabu |
tandya animbali patih |
wus sowan manêmbah alon ||
13. Èh ta patih wong iki tèmên yèn pandung |
banjur ukumên tumuli |
jonjangên nèng alun-alun |
sandika rêkyana patih |
gya binêkta mundur alon ||
14. Saundure ki patih kalangkung ngungun |
nyurasa karsaning aji |
saking tan (n)dungkap ing kalbu |
kang dadi parênging aji |
tanpa priksan ngukum uwong ||
15. Yèn (m)badala ajrih karsane sang ulun |
nulya pinidana aglis |
pan jinonjang astanipun |
kang kanan suku kang kering |
wusnya konjuk sang akatong ||
16. Nata agnya ngunjara parêk kadhatun |
pratisthèng mèpèt capuri |
siji tan-na rewangipun |
nèng riku sri narapati |
siyang dalu anggung lamong ||
17. Mung ngraoskên kuwasanira Hyang Agung |
kodrat takdiring Hyang Widdhi |
kang tumamèng ing sang prabu |
kalangkung elok mustail |
mila tansah ngrujit batos ||
18. Dhasar tèmên luwih kawasa Hyang Agung |
pratandhane kita iki |
dene tan ngrasa saglugut |
yèn nêmu kadya puniki |
saking gung dosambèng Manon ||
19. Dene kita tan pracaya watungiyu |
mantasau sabdèng Widdhi |
priyangga sing luputingsun |
nanging ta gondhèlan mami |
tamtu ngong tobat mring Manon ||
20. Dalil innaloha gopurur-rohimu |
yèn wong tobat dènaksami |

Jilid 2 - Kaca : 189

mêngkono pamanggih prabu |
dahat panlangsaning galih |
siyang dalu gung prihatos ||

21. Amung ngarsa-arsa dalil watungiyu |
mantasau kang pinuji |
mugi Tuwan Kang Mahagung |
paringa uning tumuli |
saking kuwasèng Hyang Manon ||
22. Sampun lami (ng)gyannya nèng kunjaran prabu |
yata ing Ngêsam narpati |
darbe putra wanodyayu |
pambayun wus mangsa brai |
cahyanya langkung mancorong ||
23. Tur ingugung sang rêtnayu mring ramèbu |
tinurut barang sakapti |
sagung pakarti rahayu |
samana sotyoning puri |
pan sawêg kasêngsêm ngaos ||
24. Siyang dalu enjing sontên tamtu (n)darus |
swara mirêng saking (n)jawi |
yèn lêpat aksaranipun |
asring tinêgor tumuli |
lan kang nèng kunjara kono ||
25. Yèn tinêgor kèndêl ing pamaosipun |
gusti lèrêse kadyèki |
panjang tuwin cêlakipun |
sang nata wiwit angaji |
trêtîl pasekate kaot ||
26. Pangajinya nora ririh nora sêru |
swara ulêm langkung pasih |
piniyarsa nganyut-anyut |
bisa karya nyêsing ati |
pranyata alim kinaot ||
27. Datan wiyah janma widagdèng kadyèku |
nadyan gurune sang putri |
tan mirib pangajinipun |
lan sakitan kang kinunci |
sang rêtna (ng)garjitèng batos ||
28. Mokal tèmên wong iki kalamun pandung |
pasêmone ingkang warni |
utawa rupane bagus |
tuwin pangajine luwih |
dudu sêmbarangan uwong ||
29. Kiraningsun pasthi iki trahing ratu |
guwaya myang sotyèng warni |

Jilid 2 - Kaca : 190

manawa kêna babêndu |
antuk sisikuning Widdhi |
mokal lamun tindak awon ||

30. Saya paham dènnya mirêngkên sang ayu |
sangsaya wêwah ingkang sih |
mring janma ingkang tinutup |
sabakdane dènnya ngaji |
sigra kondur mring kadhaton ||
31. Prapta ngarsaning rama nulya umatur |
rama amba sabên ari |
bilih amba nuju (n)darus |
sring tinêgor saking (n)jawi |
lan janma ukuman kêthok ||
32. Tiyang wau langkung sae wacanipun |
amba inggih dèrèng uning |
sagung di-dalêm sadarum |
sanadyan para ngulami |
ingkang mèmper ing pangaos ||
33. Yèn tinimbang lan janma kang tuwan ukum |
rama ing panuwun mami |
parêng tan parêngèng kalbu |
amba inggih nyuwun laki |
dene ta pamilihingong ||
34. Nyuwun antuk kang tuwan kunjara iku |
sang nata èmêng ing galih |
ginubêl ing putranipun |
dènnya mothah nyuwun laki |
kang pinilih luwih elok ||

Jilid 2 - Kaca : 191

35. Sri narendra alon pangandikanipun |
aduh babo putramami |
paran kang dadi kajatmu |
dene sira (n)jaluk laki |
pamilihmu luwih asor ||
36. Suwurira (ng)gawa surêming prajamu |
dene atmajèng narpati |
pasakitan garwanipun |
kaya ta kurang sujanmi |
ajêmbar jajahaningong ||
37. Ingsun ngêrèh iya sagung para ratu |
lan akèh punggawa mami |
utawa santananingsun |
kang anom bagus ing warni |
lah padha pilihèn kono ||

137. Sinom

1. Tan kurang punggawaningwang |

- kang brêgas sarta lim-alim |
 aja milih wong kunjaran |
 rinungu liyan nagari |
 pasthi akarya nisthip |
 nyudakkên drajating ratu |
 sang rêtna aturira |
 rama amba datan laki |
 bilih botên pikantuk pêmilihamba ||
2. Kawula mung nêdya ngêndhat |
 yèn rama datan (n)dugèni |
 kang dadya panuwun-amba |
 sang nata ngungun ing galih |
 samana langkung kingkin |
 ngraosakên putranipun |
 (ng)gènnya anuwun krama |
 panggubêle sabên ari |
 dangu-dangu rinasa rasèng wardaya ||
3. Prakarane jatukrama |
 têmên tan kêna binudi |
 têtêp kodrate Pangeran |
 jodho tan kêna pinardi |
 lêjar pênggalih aji |
 luwar ing sungkawanipun |
 pinupus takdirullah |
 sang nata ngandika aris |
 mring ki patih kinèn ngédalkên sakitan ||
4. Praptèng ngabyantarèng nata |
 pangulu nulya mangarsi |
 wus pragat paningkahira |
 sigra pinanggihkên aglis |
 sakitan lan sang putri |
 sasananira wus sinung |
 sang dyah matur ing garwa |
 dhuh ta kakang kadipundi |
 punapanta kang dadya darunanira ||
5. Dene nganti kinunjara |
 punapa nyata yèn maling |
 langkung ngungun manah kula |
 dene warnandika pêkik |
 kang sarta sampun alim |
 têka nganti tindak dudu |
 mugi paringa pajar |
 supadya kawula uning |
 sri narendra aris wijiling wacana ||
6. Mangke kula turi wikan |
 bilih gusti wus sung uning |
 (ng)gih punika ingkang sabab |
 paduka rêmên ing kami |
 kawula tiyang alit |
 miwah sawêg manggih ukum |

paduka sutèng nata |
pagene (ng)garwa wong nisthip |
sang kusuma alon wijiling wacana ||

Jilid 2 - Kaca : 192

7. Lah inggih mênggah punika |
kawula pajar tan bangkit |
awit tuduhing Hyang Suksma |
dumunung wontên ing budi |
irsating Hyang lir ngimpi |
sasmita kang tumrap ulun |
kinèn antuk paduka |
nula sèstu sunlampahi |
wasanane sumangga kita tan wikan ||
8. Tumutur aknyaning swara |
nanging nalare pakolih |
mokal yèn paduka ala |
purun anindakkên sisip |
kang garwa matur aris |
awas tèmên putri ayu |
yêktine amba raja |
gusti sampun bribin-bribin |
nging kadukan sabab rangu dalil Kur'an ||
9. Sang kusuma dupi myarsa |
garwanta dera sung uning |
kèngêtan yèn ingkang rama |
kagungan lisah prêmati |
pranti kinarya jampi |
sagung wong nandhang bêbêndu |
sampun binêkta mêdal |
saksana tinrapkên aglis |
mring kang tatu tan tabêt pulih sakala ||
10. Suku tuwin astanira |
puluh kadya duk ing nguni |
sanalika sri narendra |
tuwuh guwayanira ji |
sang nata ngandika ris |
dhuh-dhuh mirah ariningsun |
pirêngna aturingwang |
sayêktine kita iki |
kang ngrênggani Sêtumbul karaton ingwang ||
11. Lah matura sudarmanta |
kabèh kandhaningsun iki |
sang dyah sandika gya mentar |
wus prapta ngarsa sang aji |
munjuk mula bukèng wit |
madya lan wasananipun |
dhêlêg ngungun sri Ngêsam |
sowanira langkung ajrih |
mêlanging tyas (ng)gyanta tan titipariksa ||

12. Dugi ngarsèng sri narendra |
 prabu Ngêsam sarêng uning |
 kalangkung eraming nala |
 tan mèmper warnane nguni |
 mancêr jwala mratani |
 nyata yèn natèng Sêtambul |
 buminata ing Ngêsum |
 saksana umatur aris |
 kadi pundi paduka gusti purwanya ||
13. Sang prabu Amat Salekan |
 ngandharkên lampahannèki |
 purwa madya wasananya |
 sri Ngêsam sukur ing Widdhi |
 dene ta putranèki |
 têtêp dadya garwanipun |
 tasbèh wangsul sri nata |
 kundur mring Sêtambul nagri |
 ki juragan tan kukum malah ginanjar ||
14. Kèndêl samantên kewala |
 (ng)gènkula (ng)gêlar critèki |
 kang maibên dalil Kur'an |
 sadaya ingkang miyarsi |
 langkung sukaning ati |
 sigêg Sotama lingipun |
 nahan kang cêlak lênggah |
 lan abdidalêm sang mulki |
 lurah jogèd anama Wirèngsuwignya ||
15. Kakang nyuwun sasêrêpan |
 nguni sintên kang murwani |
 bêksa wirèng kêkancuhan |
 tuwin datan mawi kanthi |
 ngantos kagêm samangkin |
 lêlangên jroning kadhatun |
 paran ta wijangira |
 tuwin sanès-sanèsing kang gèndhing |
 lurah Wirèngsuwignya amêdhar sabda ||
16. Nalika kraton Jênggala |
 ingkang jumênêng narpati |
 sang Prabu Suryawisesa |
 iku ingkang angadani |
 iyasa bêksa rangin |
 aran Wirèng Panji Sêpuh |
 ijèn tanpa gégaman |
 muhung sampur kang winiwir |
 gèndhingira aran Boyong Badranaya ||
17. Lawan Wirèng Panji Mudha |
 sarakit gaman tan mawi |
 mung sondèr lir Panji Wrêdha |
 gèndhing Sabrang Barang ngrangin |

Jilid 2 - Kaca : 193

nulya iyasa malih |
Dhadap Kanoman rannipun |
rong pasang kang abêksa |
dhadhap lan dhuwung cinangking |
gêndhingira ingaranan Rangsang Tuban ||

18. Jinangkêpan kawan warna |
Wirèng Jêmparing-gêng nami |
ingkang ambêksa sapaasang |
nyangking gandhewa jêmparing |
gêndhing Lèngkèr mantêsi |
nahan kadeyan sang prabu |
kakalih Radèn Kalang |
(m)byantoni karsa narpati |
yasa Wirèng Lawung Agêng tinêngêran ||
19. Kakalih ingkang ambêksa |
mandhi waos ngrêspatèni |
pinatut Rêmêng gêndhingnya |
ing mangke dipunwastani |
babêksan ing Mantawis |
wau ta Rahadèn Wirun |
biyantu gya iyasa |
Wirèng Dhadhap Kreta nami |
kang ambêksa sakawan kinêmbar warna ||
20. Ngasta dhadhap lan curiga |
Sêgaran pelog kang gêndhing |
jangkêp namung nênm warna |
linaluri aywa nganti |
ilang talêre nguni |
lêlangên-dalêm sang prabu |
iku pamyarsaning-wang |
(m)buh têmên lan doranèki |
mung nyatane de kagêm têkèng samangkya ||

28 Ki Wirèngsuwignya, lurah bêksa, nêrangakên bab bêksan wirèng ingkang mawarni-warni sarta asal mulanipun bêdhaya Srimpi. ... kaca 193-194.

Jilid 2 - Kaca : 194

21. Kang tanya (n)dhêku turira |
saking ing pamanahmami |
kados kathah lêrêsipun |
mênggah bêdhaya lan srimpi |
punapa inggih mirib |
bêksan wirèng nênm wau |
Wirèngwignya lingira |
dhingin bêdhaya lan srimpi |
piniritan kala jaman kadewatan ||
22. Kasêbut layang Wiwaha |
nalika Hyang Endrapati |
arsa utusan ngrêncana |
tapane sang Pandhusiwi |

- ingkang kinèn lumaris |
pitu wranggana gêgêdhug |
dene ingkang kinarya |
wranggana pipitu siki |
sosotyadi iku tinêmbungkên mulat ||
23. Sinidhikara dumadya |
kakalih kang ayu luwih |
sang Supraba musthikèngrat |
lawan Wilutama dèwi |
mèh kêmban ingkang warni |
kaot (m)baranyak lan ruruh |
kakalih wus tan beda |
kalawan sang Dèwi Ratih |
garwa Sang Hyang Kamajaya Cakrakêmbang ||
24. Wusing dadya kinèn taya |
têgêse ataya nênggih |
pangigêle widadarya |
jawata kabèh yun uning |
yata sami ningali |
apsari pangigêlipun |
angidêri sagaran |
amung kaping tiga uwis |
pra jawata kang tumingal kawismaya ||
25. Têgêse sami wismaya |
padha kasmaran ing galih |
dewata dènya tumingal |
pangigêle widadari |
Hyang Brama (n)dadak nênggih |
catur muka papag wau |
Sang Hyang Endra andadak |
tingal papat dènya ngèksi |
sakèh dewa tingale ngayun titiga ||
26. Ana ta locananira |
ing kanan kering nyatunggil |
munggèng juluk kang satunggal |
karanane manggènnèki |
wiyare aningali |
sarta ing kacaryanipun |
sagung para dewata |
wau ingkang aningali |
iya marang pangigêle widadarya ||
27. Sabanjure Sang Hyang Endra |
iyasa bangsal panangkil |
sisiyan lan madetaya |
kiwa têngên srimanganti |
Hyang Endra yèn tinangkil |
ngarsakkên lalangênipun |
tayaning waranggana |
pinaès binusanan-di |

manthuk-manthuk suka kang sami miyarsa ||

28. Sinigêg Kyai Suwignya |
Kyai Dêmang Basman mangkin |
abdidalêm pamaesan |
rolas jung ing Turisari |
tinêmbang rowangnèki |
masalahing adêgipun |
griya miwah aliyân |
cara-caraning wong tani |
punapinggih mên dhêt wulan kang prayoga ||

29 Ki Dêmang Basman nêrangakên caranipun ngupados dintên sae kangge ngêdêgakên griya miturut petangan kaum tani ing padhusunan. ... kaca 194-195.

Jilid 2 - Kaca : 195

29. Dêmang Basman ris lingira |
manawi caraning tani |
bilih angadêgkên griya |
tuwin angêlihi panti |
rèh etang kirang uning |
mung mangsa ugêranipun |
ananging kintênkula |
punika luwih utami |
winêwahkên lan etang kang kagêm praja ||
30. Ing mangsa Kasa raharja |
mangsa Kalih tan prayogi |
kasêbut salêbêt griya |
botên wontên pênêtnèki |
mangsa Katiga ugi |
apan kathah awonipun |
kabêsmèn kapandangan |
ing mangsa Kapat prayogi |
pan rahayu tumêrahing putra wayah ||
31. Dene ing mangsa Kalima |
aran awon kang pinanggih |
mangsa Kanêm tan prayoga |
sinambêr gêlap sring-asring |
mangsa Kapitu yogi |
linulutan ing donya gung |
rahayu salaminya |
mangsa Kawolu pêmati |
suka singgih nanging sring kawon pinanggya ||
32. Kasanga datan prayoga |
prihatinan wataknèki |
mangkya mangsa Kasadasa |
kalangkung saking prayogi |
mangsa Dhêstha anêggih |
awon cêlak umuripun |
salah satunggilira |
mangsa Kasadha mungkasi |

apan sêdhêng awon saene piyambak ||

33. Namung punika ugêrnnya |
petanganing tiyang tani |
kang sinung sabda lingira |
èstu kalangkung utami |
winor lan petang nagri |
sangsaya tambah pikantuk |
Ki Basman ling sumangga |
wawaton budining tani |
muhung têmên lawan wêkêl giris dora ||

138. Girisa

1. Gantya wau kang winarna |
ingkang cakêt linggihira |
lawan Kiyai Sumbaga |
lurah panyungging lungguhnya |
alon dènnira tatanya |
adhi kalamun sêmbada |
rakanta minta uninga |
witing wontên wayang purwa ||

30 Kyai Sumbaga, lurah juru sungging nêrangakên asalipun ringgit purwa kalêbêt ringgit Kidang Kêncana. Wiwitanipun kaanggit dening Prabu Jayabaya ing Mamênang arupi gambar ing roning tal (rontal). Nalika jaman Dêmak kagubah ringgit Kidang Kêncana. Para wali ugi kaparêng yasa ringgit purwa, ringgit gêdhog, klithik, tuwin topèng. Ing kraton Mataram Prabu Anyakrawati yasa ringgit ingkang tanganipun kapisah-pisah, tuwin yasa ringgit Arjuna wanda 'jimat'. Kanjêng Sultan Anyakrakusuma yasa ringgit Arjuna wanda 'mangu'. ...
kaca 195-203.

Jilid 2 - Kaca : 196

2. Niku sintên kang iyasa |
mugi adhi (ng)gancarêna |
kang kangge babon punapa |
têka wau wayang purwa |
jalu èstri tindhik samya |
saha ing pamêndhêtira |
gambar ingkang wayang purwa |
kadipundi cariyosnya ||
3. Kadamêl cagaking lênggah |
supadi ywa kraos sayah |
dènmirêngkên putra wayah |
èstu badhe damêl bingah |
miwah ras-arasên kesah |
timbang nyantên para hahah |
tiwas tan angsal paedah |
Ki Sumbaga latah-latah ||
4. Kang mangkono dhasar nyata |
mêngko aku dakcarita |
saka kandhane wong tuwa |
nalika jumênêngira |

- kyatingrat Sri Jayabaya |
ing Mamênang prajanira |
anyorèk gambar warnanya |
luluhurira sri nata ||
5. Ronning êtal papanira |
ingkang rumuhun priyangga |
panyorèknya sri narendra |
gambare Hyang Jagadnata |
sapiturute tumêka |
Bambang Parikênan nama |
ing sawuse paripurna |
diarani wayang purwa ||
6. Panjupuke aran wayang |
de gambar wujud wus ilang |
ginagas ing tyas wus têrang |
mulane mau kang wayang |
lanang wadon tinindhikan |
kagawa saka babonnya |
corèkane Sri Pamasa |
Prabu Jayabaya kuna ||
7. Dadi mung mirip patrapnya |
panganggone jalma bangsa |
Hindhu Kêling kang nagara |
rampunging panggambarira |
amarêngi taun angka |
wolung atus swidak juga |
sangalanirèng kang warsa |
gambaring winayang astha ||
8. Kala Êmpu Ajisaka |
jumênêng sri naradipa |
nèng nagri Pujrwacarita |
jujuluk Sri Widdhayaka |
nganggit pakêm lalakonnya |
para dewa saturunnya |
marêngi angkaning warsa |
sèwu tigang dasa juga ||
9. Taunira sinangkalan |
ratu guna mlêtik tunggal |
antarane nganti lawas |
basa karaton Jênggala |
marêngi angkaning warsa |
sèwu satu kalih dasa |
ingkang jumênêng pamasa |
Lêmbu Amiluhur nama ||
10. Olèh kawanlikur warsa |
muksa ginêntènan putra |
Radèn Panji Rawisrêngga |
nama Sri Suryawisesa |
karsa anganggit wangunan |

-ing gambaring wayang purwa |
rontal uga papanira |
jinujud gêng lan luhurnya ||

Jilid 2 - Kaca : 197

11. Pra kadang kadeyan samya |
tumutur (ng)garap mangrêngga |
sabên sri nata sewaka |
corèkan katur ing ngarsa |
winadhahan kang kandhaga |
sarta nganggit pakêmira |
lalakone wayang purwa |
tinurutakên tinata ||
12. Lah iku awite wayang |
nganggo tinabuhan gangsa |
slendro nganggo sinulukan |
têmbung kawi warna-warna |
manut pathêtaning gangsa |
kagêm sabên pasamuhan |
sang Prabu Suryawisesa |
karsa andhalang priyangga ||
13. Para kadang kadeyannya |
tanggap anabuhing gangsa |
kasêngsêm ingkang uninga |
manganti bubare samya |
anuju angkaning warsa |
sèwu satus kawandasa |
sirah gangsal sinangkalan |
tata karya titis dewa ||
14. Muksane Suryawisesa |
gya ginantyan ingkang putra |
Rahadèn Kudalaleyan |
jujuluke mangkya gantya |
Surya-amiluhur nama |
lagya olèh tigang warsa |
nulya ngalih prajanira |
Pajajaran karta harja ||
15. Mangun gambar wayang purwa |
babon corèkan Jênggala |
jinujud gêng luhurira |
papane daluwang Jawa |
anuju angkaning warsa |
sèwu satus swidak juga |
apan ta sangkalanira |
wayang gana rupa janma ||
16. Nalika Rahadèn Jaka |
Susuruh jumênêng nata |
jujuluk Prabu Bratana |
angadhaton Majalêngka |
karsa mangun wayang purwa |

papane daluwang Jawa |
ginulung dadya sajuga |
winuwuhan ricikannya ||

17. Wayang bèbèr ingaranan |
yèn kagêm anèng kadhatyan |
kang nglakokke padhalangan |
amung rébab gamêlannya |
parlu kanggo murwakala |
yèn wong kêna ngila-ila |
kang dadya pangayamira |
tinatah Bathara Kala ||
18. Pangupadrawa anandhang |
mala cintraka mèn ilang |
kaya ta cah wadon lanang |
ontang-anting tanpa kadang |
sapadhane iku kang |
rinuwat kasêbut layang |
Rêksakala gawang-gawang |
ngruwat nganggo (m)bèbèr wayang ||

Jilid 2 - Kaca : 198

19. Murih ruwate kang kala |
nganggo sajèn warna-warna |
sarta dupa gandawida |
katêlah têngèng samangkya |
wong kang nanggap wayang purwa |
kudu nganggo sajèn dupa |
duk rampunge panganggitnya |
Sri Maha Prabu Bratana ||
20. Angkane kang punang warsa |
sèwu rongatus punjulnya |
wolungpuluh lan titiga |
sangkalanira winarna |
nênggih gunaning pujangga |
nêmbah ing Bathara Endra |
basa ing jumênêngira |
sang Aprabu Brawijaya ||
21. Pungkasaning Majalêngka |
kacarita darbe putra |
wasis (ng)gambar namanira |
Radèn Sungging Prabangkara |
dhinawuhan rama nata |
mangun busananing wayang |
bèbèr kang tumrap daluwang |
rinêngga pulas mawarna ||
22. Pinantês lan wujudira |
raja satriya punggawa |
busana kinarya beda |
anuju angkane warsa |
sèwu triatus langkungnya |

- taun iku sinêngkalan |
 anênggih datanpa sirna |
 pigunane kang atmaja ||
23. Sabêdhahe Majalêngka |
 anuju angkane warsa |
 sèwu sangangatus lawan |
 tigangdasa langkung tiga |
 sangkalanira rinipta |
 gêni murup sinram jalma |
 ing nalika iku wayang |
 bèbèr sagamêlanira ||
24. Marang ing Dêmak nagara |
 kacarita Kangjêng Sultan |
 Sah Ngalam Akbar sapisan |
 sêngsêm marang karawitan |
 myang rêna langên wayangan |
 sring-asring kaparêng (n)dhalang |
 iya iku (m)bèbèr wayang |
 mangka gamêlan lan wayang ||
25. Kasêbut ing Pêkih kitab |
 karone iku pan karam |
 dadi pra wali sadaya |
 biyantu karsaning nata |
 anganggit wayang supaya |
 ilang wujud gambar jalma |
 kang kinarya lulang mesa |
 tinipiske sawatara ||
26. Dhinasaran warni pêthak |
 ancur lan gêrusan tulang |
 prabote pinêtha samya |
 kinarya miring rainya |
 tangan kanannya dawa |
 irisan tulang maesa |
 ginapit sajuga-juga |
 tinancêpakên ing wrêksa ||
27. Binolong jejeran wayang |
 sabên Kangjêng Sultan lênggah |
 wayang kajèjèr panggungan |
 kacaoske Kangjêng Sultan |
 banjur bali ingaranan |
 wayang purwa kaya lama |
 dene babon-babon wayang |
 dadi anggonne pra dhalang ||
28. Lêstari kaanggo (n)dhalang |
 (m)barang sajroning nagara |
 tanapi mring desa-desa |
 samana angkane warsa |
 sèwu patangatus lawan |

- kawan-dasa punjulira |
 nênggih sinêngkalan mangkya |
 nir ruci caturing dewa ||
29. Antaranya Kangjêng Sultan |
 jumênêng (n)tuk tigang warsa |
 Kangjêng Sinuhun ing Arga |
 nganggit wuwuhing kang wayang |
 nganggo danawa wanara |
 sarta gancaring lalakyan |
 Sinuhun ing Bonang sigra |
 nganggit panyumpinging wayang ||
30. Nèng panggungan kering kanan |
 (n)Jêng Sultan Sah Ngalam Akbar |
 muwuhi ricikan wayang |
 rupa gajah lan prampogan |
 (n)Jêng Sinuhun Kalijaga |
 nganggit kélir kadêbognya |
 balencong kalawan kothak |
 sarta muwuhi kakaywan ||
31. Iku minangka sangkala |
 mêmêt aku kurang têrang |
 dene ta kang asring (n)dhalang |
 Sunan Kudus tinabuhan |
 salendro ingkang gamêlan |
 iku wiwite kang wayang |
 apan nganggo sinulukan |
 grêgêt-saut ada-ada ||
32. Nuju angkaning kang warsa |
 sèwu kawanatus ika |
 langkung kawandasa tiga |
 dene ta sangkalanira |
 gêni dadi suciningrat |
 antarane tan winarna |
 nalika jumênêngira |
 nênggih Rahadèn Trênggana ||
33. Jêjulukira (n)Jêng Sultan |
 Sah Ngalam Akbah ping tiga |
 karsane Sultan Bintara |
 kang mungkasi Dênak praja |
 wasis waskitha ing nala |
 anggalih kang wayang purwa |
 mindhak bagusing sêmbada |
 karsa dalêm sri narendra ||
34. Mangun wanguning kang wayang |
 jinujud ing dèdêgira |
 sarta mripat cangkêm karna |
 samya binêdhah sadaya |
 samana angkaning warsa |
 sèwu patang atus lawan |

pitungpuluh punjul sapta |
rêsi pitu karya tunggal ||

35. Susuhunan Ratu Tunggal |
ing Giri nalikanira |
makili karaton Dêmak |
anganggit wanguning wayang |
gêdhe dhuwure sinuda |
ugêre mata liyêpan |
karo mata panthêlêngan |
wedokane nganggo rema ||

Jilid 2 - Kaca : 200

36. Wayang wanara lan buta |
dinokokan loro mata |
dewa cawêt kaya arca |
sarta nganggit lakon wayang |
wiwite wayang tinrapan |
kakonang ingkang parada |
sawuse dadi sakothak |
ingaran Kidang Kancanan ||

37. Nalika iku sinungan |
sangkala mêmêt ingaran |
rupa Sang Hyang Girinata |
nitih Andini andaka |
anuju angkaning warsa |
sèwu patangatus lawan |
pitung puluh wolu sirah |
slira dwija dadi raja ||

139. Salisir

1. Datan nalisir ing karsa |
saking lêpasing pamudya |
Sunan Ratu Tunggal Arga |
anulya karsa iyasa ||
2. Wayang gêdhog aranira |
cangkokaning praupannya |
babon saking wayang purwa |
tanpa kêthèk lawan buta ||
3. Anganggo têtês kang priya |
wayang wadon nganggo rema |
prabot rapèk kalung jamang |
gêlang anting kêlatbuja ||
4. Jêjêring lalakon praja |
sakawan samya sudara |
ing Jênggala ing Mamênang |
ing Ngurawan Singasêkar ||
5. Sabrangane Prabu Klana |
pulo Bali ing nagara |
balane Bugis sadaya |

- sarta nganggit pèkêmira ||
6. Gancaring kang lèlampahan |
sarta garêgêt-sautnya |
tanapi suluk bineda |
lagune lan wayang purwa ||
 7. Pan pelog gamêlanira |
kang (n)dhalang ran Widayaka |
Suhunan Kudus êmbannya |
lêstari langêning praja ||
 8. Sinungan mêmêt sangkala |
rupa Sanghyang Nilakantha |
ngasta cis ginubêd naga |
anuju angkaning warsa ||
 9. Sèwu patang atus lawan |
wolung dasa langkung gangsal |
sinêngkalan gaman naga |
kinarya ing Utipatya ||
 10. Nahênta Suhunan Bonang |
yasa wayang Damarwulan |
ingkang jinêjêr lalakyan |
ing Majapait têngahan ||
 11. Ratu Ayu jumênêngnya |
nuju taun angkanira |
sèwu tri atus limalas |
nunggal lan bèbèr waktunya ||
 12. Inkgang linakokkên dhalang |
dadi tanggapaning wadya |
winuwuhan tabuhannya |
kêprak angklung kêndhang rêbab ||
 13. Kalanturing pakêcapan |
wayang bèbèr tabuhannya |
lumrah ngarani kêthiprak |
anuju angkaning warsa ||
 14. Sèwu patang atus lawan |
wolung dasa langkung astha |
sinangkalan duk iyasa |
astha wali karya tunggal ||
 15. (n)Jêng Sultan Adiwijaya |
jumênêng ing Pajang praja |
anuju ing taun angka |
sèwu limang atus tiga ||
 16. Arsa mangun wawangunan |
wayang purwa babonira |

Jilid 2 - Kaca : 201

- iyasan ing Dêmak praja |
prabot pinantês lan wanda ||
17. Pra ratu parabotira |
ana kang nganggo makutha |
ana tropongan kewala |
ana kang kêling gêlungnya ||
18. Satriya (m)bêsusi rema |
ana kang nganggo paraba |
sarta rineka dodotan |
ana ingkang nganggo clana ||
19. Pinapantês dhewe-dhewe |
nganggo sampuran wadone |
karo (m)bêsusi rambute |
dodotan buta kêthèke ||
20. Tan ewah ngloro matane |
dewa rêca parabote |
padha irasan tangane |
winuwuhan gêgamane ||
21. Gada bindi alugora |
iku wiwit wayang purwa |
tuwin wayang gêdhog ika |
padha tinatah gayaman ||
22. Sarta nganggit wuwuhing kang |
pakêm purwa gêdhog wayang |
anuju angkane warsa |
sèwu limang atus lima ||
23. (n)Jêng Sunan Kudus iyasa |
wayang golèk saka wrêksa |
mirit lakon wayang purwa |
salendro gamêlanira ||
24. Amung kênonong êgong kêndhang |
kêthuk kêcèr lawan rêbab |
nuju sangkalaning warsa |
wayang nir gumuling kisma ||
25. (n)Jêng Sinuhun Kalijaga |
nganggit topèng kang kinarya |
saka wrêksa mung sasurya |
sarta methok wêwangunan ||
26. Kaya raining manungsa |
jêjêring lalakon padha |
kaya wayang gêdhog iku |
nganggo buta warna-warna ||
27. Wanda mripat wayang purwa |
prabot têngês rapèk clana |

sumping sondhèr uncal-wastra |
kang mêtù jinêjêr samya ||

Jilid 2 - Kaca : 202

28. Lanang wadon nganggo bêksa |
dhewe-dhewe pacakira |
kaya putrèn lan cindhaga |
Panji-tuwa Panji-mudha ||
29. Gunung sari Prabu Klana |
(n)Daga Blancèr Pênthul Buta |
kudu beda bêksanira |
ukêl lan tatambangannya ||
30. Salendro gamêlanira |
topèng sawiji-wijinya |
nganggo dipatut gêndhingnya |
dhewe-dhewe nora padha ||
31. Angkaning warsa samana |
sèwu limang atus astha |
mangka ta sangakalèng warsa |
kaèsthi nir yaksaningrat ||
32. Basa ing kraton Mataram |
jumênêngnya Panêmbahan |
Senapati ing Ngalaga |
karsa mangun wayang purwa ||
33. Rambut tinatah gêmputan |
wayang gêdhog kinêrisan |
wuwuh wayang riricikan |
manuk lawan buron wana ||
34. Anuju angkaning warsa |
sèwu limang atus lawan |
patpuluh siji sangkalan |
rupa pat gatining jalma ||
35. Ing sajumênêngnya nata |
Sri Surya Anyakrawatya |
ramadalêm sri narendra |
ingkang jumênêng samangkya ||
36. Amamangun wayang purwa |
babone Kidang Kêncana |
jinujud mung sawatara |
sasigaring palêmahan ||
37. Arjunane pinaringan |
panêngran Kiyai Jimat |
iku wiwite kang wayang |
purwa lan gêdhog sinungan ||
38. Bau lan tangan pinisah |

tanganne cinampuritan |
myang winuwuhan dhagêle |
myang winuwuhan gêgaman ||

39. Panah kêris sapadhanya |
bangsaning landhêp sadaya |
paripurna karsa nata |
banjur ana uwong manca ||
40. Saka Kêdhu asalira |
bisa (n)dhalang gêdhog purwa |
banjur kaabdèkke dadya |
dhalang sajroning nagara ||
41. Kaparênge sri narendra |
wayang bèbèr pangruwatan |
sinalinan wayang purwa |
katêlah têtêng samangkya ||
42. Rampunge dènnya iyasa |
maringi mêmêt sangkala |
iku rupa buta murgan |
padhalangan ingaranan ||
43. Panyêrêng araning buta |
banjur karanne ing kathah |
buta cakil wus alumrah |
mathinthing solahe kathah ||
44. Wujud buta mata siji |
tangan loro dikêrisi |
siyung mêtù saka lathi |
amandhuwur mung sawiji ||
45. Anuju angkaning warsa |
sèwu limang atus lawan |
sèkêt loro sinangkalan |
sêmbah gaman buta tunggal ||
46. Ing samêngko karsa nata |
kang Sinuhun Kangjêng Sultan |
Agung Kyatingrat parabnya |
Prabu Anyakrakusuma ||
47. Karsa mangun wayang purwa |
prabotè wadon lan priya |
samyakinata sadaya |
jinait lanyapanira ||
48. Sarta sangkuk dèdêgira |
kang pancèn mêtèk matanya |
kajait sinungan tandha |
gêdhondhongan namanira ||

Jilid 2 - Kaca : 203

49. Rangkêp-rangkêp ingkang wanda |
ing sawusing paripurna |
Arjunane piningan |
aran Kyai Mangu ika ||
50. Sinungan mêmêt sangkala |
rupa buta rambut rêta |
ingore sumunggèng ngarsa |
nganggo jalu suku dwinya ||
51. Padhalangan ingaranan |
iku buta parapatan |
wong akèh ngaranni samya |
buta rambut-gêni ika ||
52. Rampung nuju angka warsi |
sèwu limang atus lawan |
sèkêt têlu sinangkalan |
jalu buta tinata sang ||
53. Lah mung iku kawruhingwang |
crita witing ana wayang |
kang miyarsa samya girang |
matur pundi turun dhalang ||
54. Ki Sumbaga astanira |
anudingi lah kae ta |
kang sèndhèn ing saka rawa |
Ki Panjangmas watanira ||

140. Mijil

1. Pan sinigêg Sumbaga dènnya ngling |
gantya kacariyos |
ingkang cakêt kalawan linggihe |
lan ki marbot Ki Taha wawangi |
ki marbot jinawil |
sarwi tatanya rum ||
2. Yayi para èstu dèrèng uning |
lu-èlu kemawon |
awit alit tumêkèng samangke |
dèrèng wontên ingkang anyriyosi |
cariyosing nguni |
waton kitabipun ||
3. Sabên wulan Sapar amarêngi |
ri Rêbo dhumawoh |
kang pungkasan sapraja arame |
jalu èstri miwah rare alit |
samya siram mawi |
jajimat dènêkum ||

31 Marbot Ki Toha nêrangakên bab 'adus Rêbo-wêkasan wulan Sapar' sarta bab 'pasa sunat' i.p. siyam ing wulan sanèsipun wulan Ramadhan. ... kaca 203-206.

4. wontên malih jimat dènkum warih |
wusing siram gupoh |
gya inginum myang pinupukake |
(m)bun-êmbunan maca slawat katri |
sarta remanèki |
pinapal ing pucuk ||
5. kêtib Taha aris amangsuli |
ing pamyarsaningong |
kasbut Kitab Mujarabah ranne |
caritane auliya adi |
kang wus sinung uning |
gaibing Mahagung ||
6. Tinartamtu sabên-sabên warsi |
karsane Hyang Manon |
anurunkên sakèh kabilaèn |
awit Rêbo wêkasaning sasi |
Sapar kèhing blai |
triatus nêmpuluh ||
7. Sabanjure nèng naas lan ari |
naas kang wus maton |
tumrap Jawa banjur nganakake |
Sangar Naas Jatingarang tuwin |
patine kang ari |
Naga-dina têngsu ||
8. Taliwangke miwah Sampar-mayit |
sasamine rêko |
pramila yèn para ngulamane |
wusing adus (m)barêsihi dhiri |
myang minum we mawi |
jijimat ingêkum ||
9. Gya sêmbahyang manulak bilai |
iku kawruhingong |
inggih kakang wus dhangon rayine |
kala adus punapi (ng)gih mawi |
rapal niyatnèki |
anggènipun adus ||
10. Bilih mawi rapal kadi pundi |
manawi tan wados |
rak prayogi winêdhar samangke |
kêtib Taha gumuyu mangsuli |
ora woda-wadi |
urute kang adus ||
11. Ingkang dhihin asusuci wajib |
mênèk anggantung (ng)gon |
de rapale elingku mêngkene |
bismillah hirokhman lan hirakim |

nawetu usali |
dapingil dalau ||

12. Sunatan lillahi tangalèi |
niyat adus ingong |
ing ri Rêbo wêkasan sasine |
Sapar nulak sakèhing bilai |
wêkasan basuki |
Allahuakbar wus ||
13. Sabanjure maca ur'ul birit |
nalika adamor |
tasalun baridun wa sarabe |
titi tamat rapale susuci |
sunat Rêbo sasi |
Sapar wêkasipun ||
14. Tanya malih rencangira linggih |
babo kakang mêrbot |
siyam sunat (m)bok winêdharake |
bilih sagêd ulun yun nglampahi |
sak-sampuna uning |
dadya tyas tuwajuh ||
15. Iya adhi kang wus daklakoni |
pasa sunat manggon |
ana dina Sênèn lan Kêmise |
lawan pasa sud myang siwat nami |
siwat têngsnèki |
tanggal pêtêng nuju ||
16. Etung têtung dina boya luwih |
awite linakon |
kaping wolulukur utawane |
sangalukur tridasa yèn bèh ji |
pungkasan marêngi |
tanggal pisan iku ||
17. Sud iya bèl iku nalikaning |
rêmbulan mancorong |
iya amung tri ari pasane |
ping têtulus ping patbêlas kaping |
limalas mungkasi |
kabèh mau manut ||
18. Ing lampahe Jêngandika Nabi |
Muhammad kinaot |
de yèn jêtus(?) ri Kêmis tanggale |
sasamine kang mangkene yayi |
ing niyatirèki |
sinarêngan iku ||
19. Lawan sabên Sura amarêngi |
ping sanga mancorong |

Jilid 2 - Kaca : 205

- Angasura punika aranne |
ping sapuluh Ngasura namèki |
yèn tanggal pisan wit |
utama satuhu ||
20. Wulan Rêjêb sakuwasanèki |
watone linakon |
lamun kawit tanggal sapisane |
têkan kaping têtung puluh yayi |
kêlangkung utami |
gêganjaranipun ||
21. Wulan Ruwah awit tanggal kaping |
sapisan linakon |
têkan kaping limalas tanggale |
Nispu-Sakban iku dènaranni |
pat puluh lima ri |
gunggung rong têngsu ||
22. Sasi Sawal puwasa sunati |
awit tanggal pindho |
têkan kaping pitu ing tanggale |
bakda Sawal ping wolu marêngi |
riyaya kapat twin |
sangkêp ulamipun ||
23. Bêsar kaping wolu tar wiyati |
ping sanga Ngarpah (n)don |
ping sapuluh dhahar ing bakdane |
dadi amung pasa kalih ari |
utamanirèki |
sapisan witipun ||
24. Amung iku pasunatan yayi |
kang uwis kalakon |
ora susah nganggo rapal-rèpèl |
mung niatna ing sajroning ati |
tan susah kawijil |
dene awitipun ||
25. Pasang niat nalika malêming |
pasa yun linakon |
nganggo saur pan winêngake |
supayane kuwat ingkang dhiri |
badan kudu suci |
kaya pasa agung ||
26. Lamun sira yayi anglampahi |
sêmbahyang binatos |
sinarêngan takbir-tul-ekrame |
utawaning sarêng nalikaning |
wuluki Mahribi |
masuk rainipun ||

Jilid 2 - Kaca : 206

27. Poma ayun pasa ari Kêmis |
ing sajroning batos |
niyatingsun pasa ri Kêmise |
sunat anut lampahe (n)Jêng Nabi |
karana Allahi |
dene lamun tumbuk ||
28. Rêjêb kaping sapisan ri Kêmis |
niyat pasa ingong |
ari Kêmis siwat lan Rêjêbe |
sunat anut lampahe (n)Jêng Nabi |
karana Allahi |
sapiturutipun ||
29. Lamun sira sami anglampahi |
gêganjaran Manon |
sinung èngêt slamêt salawase |
kang miyarsa sêdya yun nglampahi |
anggambuh tyasnèki |
sigêg kang winuwus ||

141. Gambuh

1. Ki Sopana winuwus |
abdidalêm jajar-carik macung |
rencangira jajagongan tanya aris |
uwa manawi pinuju |
kaparêng aparing tudoh ||
2. Têmbung myang sastranipun |
kang rumiyin pribadi puniku |
atumitah wontên ing madyapadèki |
kang tinanya kagyat muwus |
(ng)gonmu takon karya gawok ||
3. Lagi iki sajêgku |
ana bocah takon kang kadyèku |
grathul-grathul aku iya asung uning |
bênêr lan lupute êmbuh |
kakèkmu suwargi omong ||
4. Ana pandhita putus |
saka Ngatasangin aslinipun |
acarita mungguh têmbung lan sastrèki |
kang tuwa dhewe rannipun |
têmbung Ibrani sayêktos ||
5. Yèku ta basanipun |
bangsa Israil nagara agung |
pamacane sastra iku saka kering |
manêngên sabanjuripun |
dhapur sastra winiraos ||

32 Ki Sopana, abdidalêm jajar carik suka katrangan bab aksara ingkang sêpuh piyambak i.p. aksara Ibrani yasanipun bangsa Israil, mèmper aksara Hindhu, maosipun saking kiwa manêngên, kaangge ing nalika jamanipun Nabi

Ibrahim tuwin Raja Namrut. Ugi nyariyosakên nalika Raja Namrut tansah botên pitados dhatêng pitêdahipun Nabi Musa bab wontênipun Gusti Allah, malah nantang badhe nyedani Gusti Allah, lajêng mabur kabêkta pêksi/garudhanipun dhatêng ing awang-awang, wasana kabrastha dening panguwaosing Allah. Raja Namrut sawadyabalanipun lêbur dening lindhu prahara. Sarêng sami waluya, satunggal lan sanèsipun sami botên mangêrtos basanipun. ...
kaca 206-215.

Jilid 2 - Kaca : 207

6. Sairib sastra Indhu |
lan sairib lir sastra Arabu |
kang anggone duk jamane Kangjêng Nabi |
Ibrahim Kalillulahi |
mupakat sakèhing uwong ||
7. Banjur kinarya iku |
anulisi kitab-kitabipun |
para Nabi Kalipahira Hyang Widdhi |
jaman ing sadurungipun |
(n)Jêng Nabi Muhammad miyos ||
8. Ananging samonèku |
kacarita kala jamanipun |
Kangjêng Nabi Ibrahim Kalilulahi |
ana ratu gêng pinunjul |
binathara para katong ||
9. Kyatingrat Raja Namrut |
iya Prabu Jabar kang jujuluk |
ajumênêng anèng nagara ing Babil |
isining jagad kacakup |
dumadya ngaku Hyang Manon ||
10. Kya ajar patih Namrut |
ingkang nama Kalillur-rahmanu |
kyai patih datan maèlu mring siwi |
angugêmi ratunipun |
kèlu kumprung pêngung bakoh ||
11. Enggale caritèku |
timbangane Allah Kang Mahagung |
maring Kangjêng Nabi pinaringan kanthi |
putra kaponakanipun |
ran Nabi Lud samya kinon ||
12. Ngeslamakên sang Namrut |
ywa kabanjur-banjur dènya lacut |
ngaku Allah nanging datan dènpraduli |
saya (n)dadra andêlarung |
dilalah èngête adoh ||
13. (n)Jêng Nabi sakalangkung |
dènya matur maring ramanipun |
kinèn Eslam anut ing agami sukci |

- (n)Jêng Nabi malah tinundhung |
saka ing Kosniya bodhol ||
14. Nabi Lud datan kantun |
lawan wadya pra mukmin sadarum |
ibu Nabi Siti Naonan miyarsi |
gya nusul lampahing sunu |
nèng wana Basangi andhok ||
15. Jajahan Ngêsam iku |
bakda salat dutane Hyang Agung |
Jabarail ngêmban dhawuhing Hyang Widdhi |
(n)Jêng Nabi kènèn dhêdnukuh |
têmbe kalamun wus dados ||
16. Kaaranana iku |
dhukuh Betalmukadas satuhu |
bumi ingkang sinucèkakên Hyang Widdhi |
sawuse atampi dhawuh |
linampahan nulya dados ||
17. Dhukuh arja kalangkung |
wadya Eslam sabên ari rawuh |
rawuh malih dutaning Hyang Jabarail |
kinèn maringakên iku |
musakap kèhe sapuloh ||
18. Kalawan kinèn gupuh |
nutugakên nyêlamken Sri Babul |
saungkure dutaning Hyang kang paring sih |
winratakên pra wargèku |
sukèng tyas sukuring Manon ||
19. Musakap sapuluh wus |
winulangkên mring umat sadarum |
myang sahadat pungkasanya nêbut Nabi |
Ibrahim Kalilulahu |
sadaya mituhwèng dhawoh ||
20. Tan lami budhal sampun |
marang Babil akanthi Nabi Lud |
bêkta wadya mukmin amung sawatawis |
wus prapta têpi prajagung |
nulya akarya pakawon ||
21. (n)Jêng Nabi tandya laju |
maring praja kapanggih Sri Namrut |
sinartanan sadhawuhe Mahasuci |
Namrut kinèn amiturut |
nanging mêksa puguh wangkot ||
22. Malah sang Raja Namrut |
yun ngayoni marang ing Hyang Agung |
Kangjêng Nabi sangêt dènnya amaripih |

Jilid 2 - Kaca : 208

Namrut mampang mêksa mungsuh |
Nabi kinèn amakuwon ||

23. Jêng Nabi wusnya mundur |
Sri Narendra andhawuhi gupuh |
mring Kya Patih Ajar kinèn ngudiya glis |
catur pêksi garudha gung |
wusnyantuk katur sang katong ||
24. Piniyara mrih tutut |
gya akarya bale gêdhong agung |
rakitira kadya wêsi wusing dadi |
kanan kering amung sinung |
candhela rinuji bakoh ||
25. Pintuning ngandhap luhur |
myang sinungan bêsat nginggilipun |
wawalêsan ngungkuli sirahing pêksi |
yèn binalik nèng sor suku |
paripurna kang pirantos ||
26. Kinèn ambêkta gupuh |
mring malige anyar kang dumunung |
(n)jaban praja agêng luhure nglangkungi |
winatara pitung gunung |
myang catur kagendra katong ||
27. Sapraptanirèng pucuk |
pêksi catur suku samya sinung |
kolong wêsi bakal ênggoning atali |
bale rinut suku wolu |
kadi tandhu geyong-geyong ||
28. Sri Jabar sukèng kalbu |
nguwuh-uwuh susumbar kumruwuk |
lah ing êndi Pangerane Si Ibrahim |
têka ora nana munggut |
lah ngatona payo pupoh ||
29. Lah êndi wadyanipun |
ingkang aran malekat-malekut |
têka nora nana katingal sawiji |
boya padha wêdi mringsun |
Namrut tan kêndhat ngacêmong ||
30. Sarwi bujana nginum |
Kangjêng Nabi Kalilarahmanru |
myang Nabi Lud tanapi pra wadya mukmin |
minggah mring malige luhur |
wus panggih lawan sang katong ||
31. Latah-latah ngling Namrut |
sida bebas kratone Gustimu |
nora wurung ingsunganggar sunlurugi |

Jilid 2 - Kaca : 209

- dimèn mijil banjur campuh |
aprang tandhing lawan ingong ||
32. (n)Jêng Nabi sakalangkung |
dènnya asung pemuat marang Namrut |
malah bêndu gya prentah mring wadyanèki |
kinèn samêktaa gupuh |
sangu myang gêgaman gupoh ||
33. Walêsan catur uwus |
pucak sinung daging unta ngumbruk |
Namrut ngling èh êntènana Ibrahim |
(ng)gonku nglunas Pangeranmu |
Sri Namrut lan para katong ||
34. Pipiliyan kang uwus |
mambêg wantêr kasudiranipun |
lawan rêsi sewasugata pinilih |
kang wus limpad agal alus |
kya patih manggalèng pupoh ||
35. Sadaya wus umangsuk |
pangruktinya piranti wus rampung |
gya ginêtak kagyat mamprung ingkang paksi |
myang daging nèng luhuripun |
nanging datan bangkit nothol ||
36. Kagendra drêng yun ucul |
saya (n)dêdêl tan na kêmbanipun |
duk lampahan sasiyang lawan saratri |
parentah mring juru pintu |
kinèn ngêngakakên gupoh ||
37. Lawang bale kang luhur |
wusing mênga jru pandumanipun |
dhinawuhan aningalana kang langit |
matur maksih nyamut-nyamut |
tan ewah lir duk nèng ngisor ||
38. Lawang bale ngandhap wus |
binuka myat bantala katlisut |
prentah malih surak nabuh gubar bèri |
kagyat kang kagendra catur |
sumêngka (n)dêdêl tan kegoh ||
39. Parentah malih Namrut |
anon langit tan na ewahipun |
anon bumi wus tan ana antarèki |
sinêngkakkên malih mamprung |
punang langit maksih katon ||
40. Kadi nèng ngandhap wau |
bumi katon pêtêng kadi dalu |
nulya ana swara ingkang kapiyarsi |

Jilid 2 - Kaca : 210

saking wiyat jurudêmung |
kang darbe swara tan katon ||

142. Jurudêmung

1. Èh ratuning lacut sira |
marang ing ngêndi karêpmu |
dupara kalangkung-langkung |
sira arsa mring ngakasa |
kaliwat lacutirèku |
yata Sri Namrut miyarsa |
miwah para wadyanipun ||
2. Samya gugup anggaligap |
anyandhak gagamanipun |
dan ngati-ati sadarum |
boya iki ingkang prapta |
ripu dibyaning ngaluhur |
yata ana malih swara |
èh-èh Namrut kapid lacut ||
3. Namrut ngatag prawiranya |
nglêpaskên panah mandhuwur |
angawut pamanahipun |
ana ngêmpakkên istrijat |
wêtuning jêmparing (m)brubul |
wangsule saking gêndhewa |
lir garimis tibanipun ||
4. Sri Jabar pribadi sigra |
nglêpaskên jêmparingipun |
sarwi susumbar têkabur |
èh êndi Pangeranira |
tandhinga kalawan ingsun |
lah êndi rupane uga |
prajurit wêtokna gupuh ||
5. Jabrail tapi parentah |
angambil mina ing laut |
inguncalkên mandhuwur |
luhure panah Sri Jabar |
wangsuling mina mring laut |
cumalorot kawistara |
jêmparing nata cumundhuk ||
6. Têrus badaning kang mina |
ludiranira sumêmbur |
jêmparing gêgubras marus |
Jabrail anyandhak mina |
winangsulakên mring laut |
panah dhinawahkên marang |
ngarsane sang raja Namrut ||
7. Jêmparing tiba cinandhak |
ngêntrog wêntis suka (ng)guguk |

- latah-latah asru muwus |
Pangerane si Ibrahim |
kacundhuk jêmparingingsun |
èh ta bocah aja kèndhat |
(ng)gonmu (n)jêmparing mandhuwur ||
8. Mangkya karsèngong kalakyan |
angobrak-abrik anggêmpur |
prajèng karaton ngaluhur |
ri sang Jabarail sigra |
ngambil pèksi sabèng luhur |
kinênakakên ing panah |
wangsule katutan marus ||
9. Lawan daginge kang kaga |
lir grimis tibaning marus |
dhawah pêlataranipun |
bale kandhaga marayan |
Namrut cikrak-cikrak muwus |
lah bocah padha wisana |
(ng)gonmu nglêpasi mring luhur ||
10. Iku wis têtêp patinya |
Ibrahim Pangeranipun |
kataman ing panahingsun |
lah iki dèlêngên padha |
olèh daging panahingsun |
sarta gugubras ludira |
lir garimis rah sumêmbur ||
11. Pasthi karatone rusak |
wadyane wus lêbur luluh |
Namrut sawadyanipun |
sukèng tyas marwata suta |
angalêmbana macucu |
tan wruh mangkonèku gêlar |
budi kalap kumprung pêngung ||
12. Sri Jabar parentah sigra |
wawalêsan dhuwur manuk |
winalik babêsatipun |
anèng ngandhaping kaga |
kagendra sakawan (n)dulu |
daging mangsan anèng ngandhap |
mangka sru kaluwèn catur ||
13. Tumungkul myat ing mamangsan |
sinarêngan surak umyung |
gong bèri kèndhang tinabuh |
kagyat kagendra lumarab |
kadya babandhêm tumurun |
saking kagyat lan yun mangsa |
katarik luwe kalangkung ||
14. Mèh praptèng ngandhap gya prentah |

bêsat isi daging mau |
kinèn (n)jêngatkên mandhuwur |
kapapaga sirah kaga |
dadya ngampar ibêripun |
supadi yèn prapta ngandhap |
aywa kantêb tibanipun ||

15. Winantu ing gara-gara |
arga-arga manggut-manggut |
kalamun bisaa muwus |
bayèku ayun (ng)gêmpur mringwang |
Malekat catur tumurun |
arsa ngawut-awut arga |
pinapusus lir kapuk ||

Jilid 2 - Kaca : 212

16. Kaga wus anjog pratala |
gumêbruk lir arga jugrug |
têbih saking maligya gung |
bêsat walêsan saksana |
pinarêkakên kacucuk |
daging wus samya dènmangsa |
winuwuhan ngantya tuwuk ||
17. Pemute kang halul kojah |
pitung dina pitung dalu |
Namrut dènnya anèng luhur |
kaga wus rinante samya |
pra wadya sanagri mêtuk |
sri naranata tumêdhak |
saking bale-pêthi agung ||
18. (n)Jujuk malige ing pucak |
(n)Jêng Nabi Brahim Nabi Lud |
maksih ngantya sampun tundhuk |
Namrut suka angandika |
ing samêngko Pangeranmu |
wus jidêng dening hruningwang |
jaja butul êrah mêmbur ||
19. Tandhaning baline panah |
kuthah rah daging katut |
lah ta iki warnanipun |
cihnane daging lawan rah |
apadene kalanipun |
prawira nglêpasi panah |
garimis rah drês kalangkung ||
20. Pangeranmu apês nistha |
dalah malaekatipun |
Kangjêng Nabi lingira rum |
èh Namrut ngajab naraka |
têka mangkono anggêpmu |
lumuh marang rèh raharja |

ngorakkên dhawuh Mahagung ||

21. Nacak kudu nasar (m)blasar |
mor gandarwa ilu-ilu |
lumuh têtêm kinarya yu |
ingkang jamak nuli tobat |
darbe pangrasa sihing Hu |
(n)Jêng Nabi akathah-kathah |
dènnya sung pemut mring Namrut ||
22. Tinantang dadining aprang |
Jabar nglênggêr tan amuwus |
èstu ajrih jroning kalbu |
èngêt ing kasêktènira |
Kangjêng Nabi duk ing dangu |
angas lahire kewala |
sinasab sinamun-samun ||
23. Mengo ngiwa tan kaduga |
baya ta wus takdiripun |
yata (n)Jêng Nabi gya kundur |
ingiring sawadyanira |
kang kantong agunêm rêmbug |
sirnaning Kalilurahman |
ana pandhita kang matur ||
24. Rèhing uni wus kawuryan |
(n)Jêng Nabi kadibyanipun |
luhung sampun pinaèlu |
ujêr wus ambawarasa |
sarkara lan manisipun |
tan kenging kinayangapa |
tuhu dining kanang punjul ||
25. Aturira tètèh tatas |
sang nata kalangkung bêtendu |
mijilkên istijrat luhung |
tutuk lawan kalih asta |
mêdal dahana kumukus |
kantar-kantar mring ngawiyat |
tan dangu dahana wangsul ||
26. Kang miyat kalangkung hebat |
tobat sujud nata kêbut |
saking malige nata ngadhatun |
mêsu anunungku puja |
antuk sasmitaning kalbu |
enjing miyos sinewaka |
Patih Ajar myang wadyagung ||
27. Pêpak andhèr ngarsèng nata |
mring Patih Jabar gya dhawuh |
dènnya yun numpês kang sunu |
myang wayah sawadyanira |

Jilid 2 - Kaca : 213

- sinaranan têngbung alus |
kinarsakakên bujana |
nêng pucaking maligya gung ||
28. Pra wadya mangayubagya |
yun linakyan sesuk-esuk |
samêkta prayitnêng kewuh |
nahan (n)Jêng Nabi praptanya |
ing pakuwon prentah gupuh |
ngalih anyakêti praja |
cakêt dalêmnya rumuhun ||
29. Ngara-ara Kaosniya |
wus tata pakuwonipun |
utusanira Hyang Agung |
Jabarail angsung salam |
mring Nabi Brahim Nabi Lud |
kang arsa aparing wikan |
a(ng)gunêm Sri Namrut kupur ||
30. Wus tinutur sadayanya |
lan malih karsêng Hyang Agung |
malige arsa ginêmpur |
Jabarail sampun musna |
(n)Jêng Nabi sawadyanipun |
(n)Donga ing karaharjan |
tur iku wus sinung wêruh ||
31. Malêming têngpuking karya |
karsaning Hyang dènyarsa sung |
bilai mring kapis kupur |
sanggyaning kang pra Malekat |
ingkang wus angêmban dhawuh |
kinèn awit nglêkasana |
mangkana saksana rawuh ||
32. Lindhu prakêmpa goranya |
mung dumunung maligya gung |
sangêt gonjing mayug-mayug |
rêngat adon-adonira |
lir kiyamat isthanipun |
bayu mulêg mawalikan |
sinarêngan angin lesus ||
33. Ponang angin saking ngandhap |
tan antara jêbolipun |
malige pêplês mandhuwur |
tan ana kari samêndhang |
swara gora tri jumêgur |
lir giri sasra nêng wiyat |
sirahe malige gupuh ||
34. Pinukul angin prakêmpa |
saking nguntara mangidul |
sirah gêmpal tibèng laut |

jumêgur wening samodra |
mina sining laut kidul |
akèh pêjah kabarasat |
katiban murdaning panggung ||

Jilid 2 - Kaca : 214

35. Pungkuring Namrut kacrita |
sirahe malige mau |
mumulo amba kadulu |
dene awake maligya |
andêdêl binêktêng lesus |
nulya sigar amarapal |
ngetan ngulon ngalor ngidul ||
36. Katulak wangsul sadaya |
têmpuk wor nèng têngah rêmuk |
lir binêbêg mawur sumyur |
agênging punang rêmukan |
saêndhog ayam tan langkung |
anèng saluhuring praja |
Babil kawratan sadarum ||
37. Maksih (n)dêdêl mring ngakasa |
marmanya tan bisa runtuh |
awit sinangga ing bayu |
lir mêndhung (n)dhêdhêt limêngan |
karsaning Hyang dènnira sung |
bilai mring lacut kopar |
puniku kinarya pemut ||
38. Supaya padha elinga |
wruha kodrating Hyang Agung |
tan antara sirêpipun |
bayu bajra saking ngandhap |
gya gantya kang bayu lesus |
saking luhuring ngakasa |
kadi jêmparing tumurun ||
39. Tumêmpuhira mangandhap |
gumarubug sru sumiyut |
rêmukan malige wangsul |
lir sanjata Narawantah |
sud kadi mimis sumawur |
lingsir dalu wayahira |
wong kapir pra samya turu ||
40. (n)Dhêdhêp kadi sinirêpan |
tibane rêmukan iku |
tan srênti barêng tumanduk |
nibani wismaning kopar |
kêpyak swaranya gumuntur |
wismaning kapir kawratan |
myang jro pura kinarutug ||
41. Pan namung pakuwonira |

(n)Jêng Nabi saumatipun |
rinêksa dera Hyang Agung |
siji tan ana katiban |
samyang ngeca-eca turu |
wau wismane si kopar |
payon rêmak rêmpu rêmuk ||

42. Kang ana sajroning pura |
asru kagyat (n)jumbul kagum |
tan ana kuwasa muwus |
kapilêngêng ing suwara |
wong kupur klêngêr sadarum |
datan ana kaliwatan |
agêng alit èstri jalu ||

43. Miwah Sri Bathara Jabar |
tan pae lan wadyanipun |
kagyat kantunya kalangkung |
tumbuh sangkaning babaya |
samyang (ng)galigap agugup |
kaluyuran niba-niba |
lir wong wuru dènnya kantu ||

Jilid 2 - Kaca : 215

44. Wênèh ingkang kapalêsat |
saking ênggonnira turu |
miwah rêsi juru ténung |
ing nagri myang mancapraja |
pra samyang kapilêng kantu |
dangu-dangu duk samana |
wong kapir sinungan emut ||

45. Kajêngkang karangkang-rangkang |
gêrêng-gêrêng ngrintih-ngruntuh |
tan ana cêtha calathu |
pinêksa-pêksa tan bisa |
mung (m)bêkuh pating karêkuh |
pinêksa apadédengan |
galêrêg sêrêt ngêduwul ||

46. Tumbuh-tambuih solahira |
ing praptane siyangipun |
mulat wisma payon gêmput |
lêngêr-lêngêr ngungun mlêngak |
takon-tinakon tan pêcus |
ting palinguk paringisan |
amacucu muncu-muncu ||

47. Kadya mina kênèng saya |
tan dinawa solahipun |
danguning susah sang Namrut |
sawêwêngkonnya sadaya |
tigang siyang tigang dalu |
dènnya tan kuwawa ngucap |

sadaya kadi wong bisu ||

48. Wusing tri ratri tri siyang |
sadaya bisa calathu |
nanging karsaning Hyang Agung |
nyalini lagu babasan |
Sri Namrut sabalanipun |
pangucapè panthan-panthan |
dhewe-dhewe basanipun ||
49. Ing sagolong-golongannya |
ratu pitungpuluh têtlu |
sewang-sewang tanahipun |
sabên narendra sajuga |
sapraja wêwêngkonipun |
sinungan basa piyambak |
atanapi sastranipun ||
50. Dadya basa miwah sastra |
warna pitungpuluh têtlu |
amung ingkang tan winêngku |
iya ing Babil nagara |
lêstantun kadi rumuhun |
lah ta iku caritanya |
walahu-alam ing pungkur ||

143. Pangkur

1. Nahan gantya kang winarna |
Mas Cêbolang lawan santri Nurwitri |
tumulut ngladosi nêng ngayun |
tyas sênêng suka rêna |
amirêngkên kang samya anggêlar kawruh |
tan ana kang salawana |
maton tanduke mrakati ||

33 VI. Pêngantèn kajagi dening para tamu wanita.

Pangantèn ingkang sampun paripurna upacaraipun lumêbêt ing paprêman, kajagi dening para tamu wanita ingkang sami rêrêmbagan sarta mêdhar dêdongengan bab kasêtyanipun wanita dhatêng bojonipun. Nyai Atikah, ngulama wanita nyariyosakên lèlampahanipun Nyi Kasanah ingkang sakalangkung sêtya dhatêng bojonipun ingkang wasta Suhul. Nalika bojonipun kesah dagang, Kasanah katitpakên adhinipun nanging badhe kacidra-asmara, botên purun, lajêng kapitênah ngantos kaukum. Badanipun kapêndhêm sapalih, kabênturan ing sela. Kakintên sampun pêtjah, lajêng kabucal dhatêng kuburan. Angsal pitulunganipun tiyang dagang, lajêng kadadosakên rencang. Badhe kapêndhêt semah botên purun, wasana kapasrahan momong anakipun. Kapitênah dening sami rencang jalaran botên purun kacidra-asmara, lajêng katundhung kanthi pasangon arta. Ing margi mitulungi tiyang ingkang kaukum jalaran slingkuh, nanging tiyang wau malah badhe rêmên lan wêkasanipun mitênah. Kasanah kasade dhatêng tiyang dagang lèlayaran, kabêkta dhatêng sanès nagari. Ing kapal Kasanah badhe karodapaksa, nanging tansah wurung awit saking pitulunging Allah. Lumêbêt nagari sanès, lajêng santun pangangge jalêr wêkasan kaangkat dados raja Alim sarta sagêd njampèni sawarnining sêsakit. Para ingkang mitênah sami nyuwun pitulungan. Ugi kapitulungan, nanging kédah nyariyosakên

sababipun sakit.

Ki Suhul nyuwunakên jampi adhinipun, sagêd saras. Sang prabu ingkang èstunipun Nyi Kasanah wau pamit sholat, wasana ing salêbêting pasalatan kapanggih sampun seda. ...

kaca 216-236.

Jilid 2 - Kaca : 216

2. Locitanira ing nala |
padha luwih abdidalêm sang mulki |
tan ana kuciwèng sêmu |
sêmu sumèh jatmika |
anaracak mêrakati tandang tanduk |
tuhu prajèng Ngêksiganda |
têlêng kraton bawah angin ||
3. Tumênggung Sujanapura |
atanya ris marang kiyai panti |
lah kakang sintên puniku |
rare nêmbè kawuryan |
angladosi tandange têka tan kidhung |
pasêmon sanès tyang praja |
kadi trahe wong ngaluwih ||
4. Ki Pujangkara turira |
nuwun inggih punika ingkang nami |
Mas Cêbolang aslinipun |
santri saking Cilacap |
sampun lami mondhok wontên wismanipun |
pênakanulun Têngara |
ulun têpang dèrèng lami ||
5. Kilap punika lurah |
sarêng têpang tan mawi walangati |
sih trêсна lajêng tumutur |
mèsêm Sujanapura |
wawi kakang kula badhe tumut payu |
Mas Cêbolang tinimbangan |
wus parêk tinanya ririh ||
6. Anakmas manira tanya |
nama miwah aslimu saka ngêndi |
sapa namane ramamu |
tanapi ibunira |
dènprasaja wus lawas pangruningsun |
sira nêng nagri Mataram |
wus akèh para priyayi ||
7. Kang wanuh kalawan sira |
babasane mangkya kapasangyogi |
goningsun kapengin têpung |
Cêbolang duk miyarsa |
andikane ki tumênggung kadi juruh |
rinaras-raras rasèng tyas |
bêcik blaka apa mukir ||

8. Wasana nêmbah turita |
nama ulun Cêbolang tiyang saking |
ing Sokayasa pukulun |
dene ingkang ayoga |
nama Ki Sèh Akadiyat biyung ulun |
nênggih nami Siti Wuryan |
tan darbe kadang sawiji ||
9. Jalaran amurangsarak |
anuruti angkara mudha pingging |
manah muyar mawut-mawut |
tangèh wrin kautaman |
rèh nalisir kaliyan sudarmaulun |
merang ing tyas mring sasama |
kabarangas ngikis ratri ||
10. Dumadya katula-tula |
kapalantrang praptèng nagri Mantawis |
wontèn ingkang sarju ngukup |
nama Amat Têngara |
sanalika panganggêpipun mring ulun |
kadi tunggal dadah dulang |
tinêpangkên pra priyayi ||
11. Tumênggung Sujanapura |
manthuk-manthuk maspadakkên kang warni |
(m)bêg mudha wus wiyahipun |
nanging kwasaning Suksma |
ing papasthèn pasthi tan kêna ginayuh |
ana sakawit utama |
wasanane tiba nisthip ||
12. Ana kawitan angkara |
wasanane dadya jalma linuwih |
aywa sumêlang ing kayun |
Allah luwih kawasa |
Mas Cêbolang karasèng tyas makidhupuh |
ki tumênggung malih nabda |
(m)besuk sabubaring kardi ||
13. Panuju sêla ing karya |
kaparênga dolan mring wismamami |
Mas Cêbolang nêmbah matur |
nuwun dhatêng sandika |
tyas kalangkung bingah amarwata sunu |
dene ta wong agung karsa |
nyaruwe mring dama nisthip ||
14. Pra tamu kang samya cêlak |
kèh miyarsa dènnya lawanan angling |
dilalah anut tumutur |
sih wêlas mring Cêbolang |
sampun mundur anyakêti dènnya lungguh |
kalawan Ki Panjangêmas |

Jilid 2 - Kaca : 217

(ng)gèr kula mundur rumiyin ||

15. Basane madal pasilan |
benjing-enjing sontèn kinèn angringgit |
ngiras murwakalanipun |
pangantèn èstri apan |
duk amipis jampi tugêl gandhipun |
wus mantuk Ki Panjangêmas |
nahên kang winuwus malih ||
16. Pangantèn rampunging panggya |
kacar-kucur pinangka ing sudarmi |
myang ngujung mring kakungipun |
tanapi mring pra wrêdha |
sawatawa gya lumêbêt gêdhong santun |
pangagême sakaliyan |
nulya mêdal (n)jawi malih ||
17. Bujana mring gadri wuntat |
kêmbul lawan sanggyaning tamu èstri |
sêkul-lulut kadya gunung |
nèng ngarsane pangantyan |
rêsêp rahap dènnya andrawina nutug |
sawuse dènnya bujana |
wangsul maring wisma malih ||
18. Lalênggahan sawatawa |
pangantyan gya tinilêmakên maring |
patanèn samir tinutup |
ngajêngan sinung rana |
para tamu dèrèng wontên ingkang mantuk |
sugata lumadyèng ngarsa |
dhaharan wedang tap-sirih ||
19. Tamu ngulamèstri nama |
Ny Atikah micara tutuk manis |
tinimbang rencangnya lungguh |
masalahing wanodya |
ingkang sampun tinraping korasan luhung |
kinarya sambèn lênggahan |
lawan dumadya palupi ||
20. Nyi Atikah mèsêm lingnya |
luwih atut pamintanira nini |
karêbène aja ngantuk |
kocapa jroning praja |
Banisrail ana juragan linangkung |
sugih branarta budiman |
Ki Suhul arannirèki ||
21. Kadange sawiji priya |
aran Kasut tunggal sayayah-bibi |
satuhune Kyai Suhul |
kalangkung butarêpan |

Jilid 2 - Kaca : 218

de bojone wadon Kasanah rannipun |
ki juragan arsa kesah |
dagang marang liyan nagri ||

22. Pakewuh kang pinarcaya |
tunggu wisma Ki Kasut dèn pasrahi |
rumêksa ing ipènipun |
wêlinge wantya-wantya |
aja kongsi sinung wruh têtamu kakung |
wusing mêling nulya budhal |
korining wisma kinunci ||
23. Sabên ari tinilikan |
mring Ki Kasut sung salam saking jawi |
sinauran salamipun |
sawiji dina lagya |
nèng patirtan dhatêngira jaka Kasut |
asung salam kadi saban |
nanging tan ana nauri ||
24. Kathah panggagasing nala |
sigra ngambil andha pinasang wuri |
pinènèk Ki Kasut mangsuk |
Kasanah nèng patirtan |
maksih wudya myat ipe dhatêng tyas gugup |
ngurat tinuturan rema |
kacukup sangkripping èstri ||
25. Ki Kasut dupi uninga |
mring ipene warnane yu linuwih |
sru kasmaran gandrung-gandrung |
kalimput trêsnèng kadang |
pangucape miminta sih mring salulut |
Kasanah tyas tarataban |
pituturira (n)drêwili ||
26. Mrih èngêt wurunging sêdya |
Kasut cuwa wirang umêdal aglis |
karungrungan gandrung-gandrung |
praptèng wisma ngupaya |
èstri ingkang mirib warnane kang bakyu |
nanging tan ana tumimbang |
dadya kalantur gêng brangti ||
27. Dalu Ki Kasut gya marang |
wismèng ipe Kasanah lagya guling |
ginugah gragapan (n)jêtung |
Kasut anggung miluta |
Nyi Kasanah rèrèh ririh lingira rum |
yayi èlinga kakadang |
(m)bok dèn wêdi ring Hyang Widdhi ||
28. Ingkang nora kasamaran |
ing sasolah tingkah osiking kapti |

Jilid 2 - Kaca : 219

- sira pinarcaya èstu |
marang ing rakanira |
têka badhe rinusak pribadi èstu |
kula tan apti akarya |
druhakèng Pangran myang laki ||
29. Ki Kasut sugal wuwusnya |
bilih èstu kakangbok tan nuruti |
bilai dènnya tan wurung |
Kasanah saurira |
sira ayun gawe kiyanat wakingsun |
mangsa bodhowa Pangeran |
Ki Kasut merang wus mijil ||
30. Byar prapta wisma anulya |
asasaji nyêpakkên sandhang picis |
ngaturi wong priya sêpuh |
catur sinuba-nuba |
Kasut angling nyaritakên wêlingipun |
kadang kakang lunga dagang |
miwiti malah mêkasi ||
31. Mangkya ipe kula jina |
arsa kula ukumakên mring nagri |
ananging kapalangulun |
tan darbe sahit mangka |
sakalangkung ribêting manah satuhu |
ki tuwa catur wus sagah |
sami umanjinga saksi ||
32. Tandya maring pangadilan |
lan pangulu Ki Kasut sampun panggih |
purwa wasanane katur |
pangulu atatanya |
apa sira darbe sahit saksi tuhu |
ature darbe sakawan |
wong papat wus anèng ngarsi ||
33. Pangulu alon tatanya |
catur saksi padha wus supatani |
aturnya inggih saèstu |
uning Kasanah jina |
panjingipun maring Kasanah puniku |
ki pangulu gya utusan |
modin ambêkta piranti ||
34. Nimbali wadon Kasanah |
wus kapanggih Kasanah dèndhawuhi |
rèh tan rasa nandhang luput |
kèh-akèh wangsulannya |
tan rinungu ki modin anjirêt gulu |
wadon Kasanah linarak |
ngrês wêlas ingkang udani ||

Jilid 2 - Kaca : 220

35. Praptèng ngarsa kalidamar |
 asung salam umatur mêlas asih |
 pratela sucining kalbu |
 gantya tanya mring dakwa |
 lawan saksi ature satuhu wêruh |
 cidraning wadon Kasanah |
 tinêtêpakên ing dalil ||
36. Si Kasanah kukum ranjam |
 nulya undhang warata wong sanagri |
 padha têka andudulu |
 dadi têpa tuladha |
 wusing pêpak maca kutubah pangulu |
 tamat ing pamacanira |
 Kasanah pinêndhêm margi ||
37. Badan saparo katingal |
 ki pangulu parentah mring ki saksi |
 kang ginugat kinin gupuh |
 awit ambênturana |
 bènêr luput tan lyan mung anèng sirèku |
 ingsun sayêkti sadarma |
 amatrapi kukum adil ||
38. Kasut lan saksi sakawan |
 wus tumandang nulya sakèhing janmi |
 samya balang ukur-ukur |
 kèh nolèh asru wêlas |
 mung Ki Kasut lan saksi sakawan bikut |
 pinrih praptaning antaka |
 kulit ajur ting saluwir ||
39. Warni lir pindha kaluwa |
 (m)bok Kasanah nanging sajroning ati |
 asasambat kakungipun |
 kyai kariya wirya |
 anèng paran mugi rinêksèng Hyang Agung |
 kawula nêdha apura |
 dosèngngong ing awal akir ||
40. Tulus andasikhên mring wang |
 mêlêng ing tyas mring Pangeran kang Karim |
 nêngna kang samya angrungu |
 kojahe Nyi Atikah |
 gondhong garing ana ingkang (m)barêbêl luh |
 wêlas maring (m)bok Kasanah |
 lir mas Tumimbuling warih ||

Jilid 2 - Kaca : 221

144. Maskumambang

1. Sêrêt matur mangga linajêngna nyai |
 cariyos Kasanah |
 damêl ngêrês ing tyas tistis |
 Nyi Atikah mêdhar sabda ||

2. Bok Kasanah kinira uwus ngêmasi |
nulya kinèn (m)bawang |
marang kubur cakêt margi |
ngurate katon sadaya ||
3. Gilang-gilang nèng kubur tan na ngrawati |
rinuhung srênggala |
saka parmaning Hyang Widdhi |
srênggala tan bisa mangsa ||
4. Wayah bangun angin ngatirah sumilir |
ngalilir sasambat |
niayane ipenèki |
ya Allah nyuwun apura ||
5. Banjur ana Baduwi dagang lumaris |
nunggang untanira |
angiring lêskar sawiji |
raryan cêlak pakuburan ||
6. Ironing raryan ngrungu swara rintih-rintih |
tanya marang lêskar |
ature inggih miyarsi |
kyai manawi tyang pêjah ||
7. Lah mèluwa payo padha diparani |
lêskar anèng wuntat |
praptaning kubur udani |
wong wadon akutbah êrah ||
8. Wuda nglungsar gya angulig-ulig sikil |
sarta tinakonan |
sirèki uwong punapi |
pa jin setan bêrkasakan ||
9. Bok Kasanah ririh sêrêt aturnèki |
kyai kula tiyang |
umating Widdhi kang langip |
bok inggih aparing toya ||
10. Saclêgukan supados tuwan ing benjing |
winalês dening Hyang |
ngara-ara Mahsar akir |
amanggih toya kang mulya ||
11. Takon manèh Baduwi apa sirèki |
kang dinakwa jina |
kukum ranjam kongsi mati |
anauri (m)bok Kasanah ||
12. Apratela ing salalakone nguni |
Baduwi parentah |
mring lêskar angambil warih |
wus prapta sinungkên sigra ||

13. Bok Kasanah angling tan bisa nampèni |
ya tuwan tulusna |
krana lah tulung kaswasih |
(n)dika junjung sirah kula ||
14. Nuntèn tuwan curri toya cangkêm-mami |
tinurut mangkana |
sawusira ngêlêt warih |
(m)bok Kasanah rada kuwat ||
15. Matur malih sampun tanggêl gawe bêcik |
tutulung kasiyan |
ki Badwi alon nauri |
kaya ngapa karêpira ||
16. Tuwan bêkta awak kawula yèn lalis |
tuwan angsal rahmat |
agêng kawula yèn urip |
dadosa lêskar paduka ||
17. Badwi rêmbag lan rencang wus anyondhong |
jinunjung mring unta |
sinasaban amrih rêmit |
ginawa wus praptèng wisma ||
18. Mudhun saking wisma binopong mring panti |
pra rabine mapag |
sarwi tanya anyalêkit |
niku bakal maru kula ||
19. Ki Baduwi supatanira dharindhil |
myang ngandhar carita |
(m)bok Badwi dupi miyarsi |
runtuh sihe bangêt wêlas ||
20. Badwi wadon angopèni anambani |
tan antara lama |
waras kadi nguni-uni |
warna wuwuh ayu endah ||
21. Ki Baduwi mulat manahe agonjing |
warnane Kasanah |
tan na winancèn sadêmi |
sêdhot aluwês pasaja ||
22. Antêng ruruh rêspati jatmika manis |
alus amrakyatya |
tur abêkti ing Hyang Widdhi |
lungit pasang ing graita ||
23. Pramilane Ki Badwi sangêt kagume |
tansah sabil ing tyas |
tawêkal pinasang klêndhah |

Jilid 2 - Kaca : 222

wasana ngling mring Kasanah ||

24. êh Kasanah sira arsa ingsun kawin |
Kasanah aturnya |
kula taksih darbe laki |
tan ilok manggih druhaka ||
25. Tuwin ngursak ngamal prayogi ngèngêti |
janjine Hyang Suksma |
baduwi dupi miyarsi |
sinung èngêt asru tobat ||
26. (m)Bok Kasanah angling marang ki Baduwi |
kula darbe nadar |
yèn kaparêng ing panggalih |
nyuwun momong putra tuwan ||
27. Wus sinungan momongan anak Baduwi |
cumucut wayahnya |
momong sinambi ngabêkti |
wus kadya wêka priyangga ||
28. Wirang isin duk rinanjang sirna tapis |
rêna sukur ing Hyang |
mangkya ki lêskar ing uni |
sru kedanan mring Kasanah ||
29. Kapiadrêng tinantun kinarya rabi |
nanging (m)bok Kasanah |
malah bangêt mituturi |
amrih elinge ki lêskar ||
30. Nora eling malah bêngis apêpeling |
ayun apitênah |
Kasanah wacana aris |
ingsun pasrah ing Hyang Suksma ||
31. Lêskar merang karanjangan lanat eblis |
wayah sirêp janma |
lêskar mara marang (ng)gènnings |
(m)bok Kasanah lagya nendra ||
32. Angêloni sutane kyai Baduwi |
lêskar wusing cêlak |
ladingnya nulya tinarik |
anak Baduwi pinragat ||
33. Gurung pègat rah sumêmbur anggrubasi |
jajane Kasanah |
kapati dènnira guling |
alon wêtune ki lêskar ||
34. Dupi bangun ki Baduwi mring (ng)gon siwi |
kagyat mulat ing rah |

Jilid 2 - Kaca : 223

- (mb)alabar pinriksa aglis |
gurunge atmaja pègat ||
35. Sru bramantya sarwi angujar-ujari |
kagyat kang anendra |
(n)jêtung datan bisa angling |
Badwi jalu èstri mojar ||
36. Sarwi nangis wawalêsmu baya iki |
kang gawe kiyanat |
setan nora sêdya eling |
kapotangan kabêcikan ||
37. (m)Bok Kasanah karuna kèh sambatnèki |
dhuh tuwan punika |
dhêndhaning Hyang duk kiyai |
arsa nuting napsu hawa ||
38. Ngajak jina ulun datan animbangi |
mangkene pinanggya |
mendah kalakona nguni |
pasthi luwih kasangsara ||
39. Dêmi Allah datan damêl awon maring |
sutèngsun priyawak |
tuhu ulun datan uning |
Baduwi saya bramantya ||
40. (m)Bok Kasanah tinundhung myang dènsangoni |
limang atus dirham |
pègat-pègat dènnya pamit |
luh adrês kadi turasan ||

145. Mègatruih

1. Mèdal saking wisma liwung tanpa dunung |
lawan kang sinêdyèng ati |
sapanan muhung nut pungkur |
jalma kang padha lumaris |
arta myang rukuh ginendhong ||
2. Ing lakunya prapta sawiji praja gung |
(m)bok Kasanah aningali |
uwong sinulah rinubung |
kang sinulah maksih urip |
marêk takon dosaning wong ||
3. Sinauran uwong iki dosanipun |
ngêntèkên artaning Gusti |
luwar yèn ana kang nêbus |
(m)bok Kasanah takon malih |
pintên (n)têke arta katong ||
4. Saupami arta nata datan wangsul |
punapinggih dènpêjahi |

- rèh sami bangsa Islamu |
kang yun nyulah amangsuli |
yêktine tan kukum layon ||
5. De wang amung dirham êmas kawan atus |
prentah andika uculi |
punika arta panêbus |
arta wusnya dèntampani |
Kasanah lajêng dènnya (n)don ||
6. Kang sinulah wusnya luwar tanya gupuh |
lah punapa sababnèki |
têka linuwaran ulun |
kang nyulah nauri aris |
ana sawiji wong wadon ||
7. Kang nêbusi dirham êmas kawanatus |
kang sinulah gya nututi |
cêluk-cêluk ya tuwanku |
wanita asih kaswasih |
kèndêla pêpundhèningong ||
8. Ingandhêgan kang sinulah wus apanggih |
matur tuwan kang nêbusi |
mring ulun saklangkung nuwun |
sasat tuwan angsung urip |
kawula malês sayêktos ||
9. Kaabdèkna ing sapurug anut pungkur |
(m)bok Kasanah amangsuli |
andika lungaa gupuh |
saking sajroning nagari |
dene ênggon ulunpasok ||
10. Krana Allah tutulung ing kawlasayun |
kang sinulah ciptanèki |
wong iki anyamut-nyamut |
lawan rasane tyasmami |
sun tan mundur praptèng layon ||
11. Wus umanjing rêncakane setan gundhul |
ngangsêg marêk dènnya linggih |
miminta sihing pangungrum |
prasêtya ing dunya ngakir |
tulusa golong-gumolong ||
12. Amarêngut amangsuli asung pemit |
ingsun isih darbe laki |
dènwêdi siksèng Hyang Agung |
wong dènêntas saking pati |
malês bilai tan ilok ||
13. Tan rinungu gya nyandhak paglangan gupuh |
Kasanah nangis ing Widdhi |
katrima dènnya nyênyuwun |

kinipatkên mlêsat têtih |
tibane kongsêp kajongor ||

14. (m)Bok Kasanah lajêng wau lampahipun |
kang kongsêp satêngah mati |
rêngkêng-rêngkêng grigah-griguh |
sangsayarda nora eling |
supata maring Hyang Manon ||

Jilid 2 - Kaca : 225

15. Nora suda rasaning tyas yèn tan lampus |
kadhingklangan anututi |
kininthil sapurugipun |
praptèng têtining jaladri |
sang dyah ngaso suku rapoh ||
16. Kang nututi uga prapta pinggir laut |
singidan nora kaèksi |
ana baita kadulu |
ingawe lawan kulambi |
wonge prau samya anon ||
17. Matur maring lurahing parau gupuh |
labuh jangkar angandhêgi |
kèngkènan mantrus tumurun |
nampang sampun wus apanggih |
kalawan wong lanang pekoh ||
18. Lingnya manis mula ngawe pamintèngsun |
ajêng tumut minggah maring |
palwa wontên kajatulun |
wus binêkta minggah prapti |
palwa gung nangkoda takon ||
19. Iya apa kang dadi gatining kalbu |
winangsulan jênêngmami |
rumahun atmajèng ratu |
rama ulun wus ngêmasi |
nanging tan gumantya katong ||
20. Anuruti hardaning kang hawa napsu |
masakat ingkang pinanggih |
amung kari lêskar ulun |
sawiji ayu linuwih |
rèh mêsakat ulun êdol ||
21. Tur punika kakasih jantunging kalbu |
lah nika (n)dika tingali |
nèng pasisir lagya lungguh |
para nangkoda nanggapi |
nanging kyai wêlingingong ||
22. Dèn asandi ywa nganti uning mring ulun |
wit trêсна sih maring mami |
mëndahane lamun wêruh |

- kula sade têtmu nangis |
pra juragan gupoh-gupoh ||
23. Samya miyat mring Kasanah lagya lungguh |
sru kasmaran wangsul aglis |
mring palwa gung kumarumpyung |
jor jinoran dènnya ngawis |
patang atus dirham pantog ||
24. Wus tinampan arta patangatus wutuh |
si pekoh pamintanèki |
kinesahna badanulun |
supados aywa udani |
juragan tumurun alon ||
25. Numpang sampan ngudhunakên si kêpaung |
juragan nulya murugi |
marang risang eca lungguh |
panggih awacana manis |
lah payo dakgawa dhenok ||
26. Mring palwa gung Kasanah tyas sru kumêpyur |
mangsuli paran kang wadi |
sirèku dèndol tuwanmu |
aku kang tuku (n)dhuwiti |
patangatus dinar kropyok ||
27. (m)Bok Kasanah mangsuli satuhunipun |
kawulane Suksma muklis |
amardika ing Hyang Agung |
dudu kamat jaryahi |
dudu lêskar dudu tukon ||
28. Akèh-akèh sambate datan rinungu |
pinarwasa binêkta glis |
mring palwa gung wus ingusung |
dalu juragan marani |
(m)bok Kasanah dahat lumoh ||
29. Laku dudu rinêksa dening Hyang Agung |
juragan adrêng ing kapti |
ayun angrangkula gapyuk |
(n)jola nêbut kênenng sarik |
cikêr tanganira karo ||
30. Jêlih-jêlih awak baita gumrubyuk |
tanya paran darunaning |
wus winêdhar sababipun |
(m)bok Kasanah dènaturi |
pininta apura gupoh ||
31. Ingapuran gya (n)do-donga ring Hyang Agung |
juragan waluya jati |
sumungkêm sru ajrihipun |

Jilid 2 - Kaca : 226

- pinardikakên pinundhi |
sinungan branarta kaot ||
32. Ing dalune malih wong awak perau |
kang samya kandhuan wingit |
sêdyarsa agrabasèng lulut |
(m)bok Kasanah ngadêg sarwi |
(n)junjung astanira karo ||
33. Andodonga nyuwun pitulung Hyang Agung |
nulya carat taun prapti |
angin topan wus tumêmpuh |
niyup wong sapalwa gusis |
muhung Kasanah tan kegoh ||
34. Gya angrasuk busana awarna kakung |
punang palwa gung wus minggir |
praptèng labuhan pinêthuk |
wong nagri lir sabênèki |
Bagus Kasanah tatakon ||
35. Nagri ngriki napa ontên ratunipun |
kang tinanya lon nauri |
wontên tur agama Rasul |
ambêg paramatèng dasih |
kisanak mungguh karsèng-ngong ||
36. Kajatamba prau myang saisinipun |
katura paduka aji |
amba kaparênga ngaub |
ing saandhap dhampar gusti |
atur pêjah-gêsang-ingong ||
37. Sang aprabu suka amarwata sunu |
sakala luntur ingkang sih |
têdhak pribadya mring prau |
Kasanah taksih kinanthi |
barang wus malbèng kadhaton ||

Jilid 2 - Kaca : 227

146. Kinanthi

1. Mangkana sira ki Bagus |
Kasanah sinungan panti |
tur pinanci pangannira |
mring (n)Jêng Sultan Malebari |
Kasanah lêtêm ing driya |
tutug dènnya olah bêkti ||
2. Wus tatane nagarèku |
padha ulah pangabêkti |
punapa dene sang nata |
ngibadahe angluwih |
sagung wadya balanira |
tur asih ing pêkir miskin ||

3. Yèn ri Jumuwah sang prabu |
akutbah kadhang ngimami |
sang nata sampun uninga |
yèn Kasanah luwih ngabid |
tur lintir budi wicara |
barang prakara pratitis ||
4. Myang budinira rahayu |
milane mangke kinardi |
carik kapala bicara |
lawas-lawas munggah patih |
saking salamêting manah |
bênêr adile martasih ||
5. Sring dadya wakiling prabu |
sawusira munggah patih |
amaca kutbah Jumuwah |
tatkala myarsa sang aji |
bêcik mikraj jarwa wacan |
myang kir'ate gya tinitik ||
6. Agêdhe ngibadahipun |
takwa ing Hyang Mahasuci |
barang pakewuhing praja |
alang ujuring prakawis |
tan lyan papatih Kasanah |
kang tinari sri bupati ||
7. Sang nata dhasar wus sêpuh |
mangkana ing lami-lami |
sangêt dènnya nandhang gêrah |
para wajiring nagari |
sadaya marêg sang nata |
ngatas karsaning sang aji ||
8. Angandika sang aprabu |
tan na ingsun pitayani |
kabèh para putraningwang |
ingsun wêdi ing Hyang Widdhi |
yèn miliha putraningwang |
yèn kiranira tan adil ||
9. Kang dadi pitayaningsun |
angrèh nagri Malebari |
(m)besuk ing sapungkuringwang |
amung si Kasanah Patih |
iku ta ingsun pitaya |
gumantiya jênêngmami ||
10. Karana iku wus putus |
barang babing dalil kadis |
ngabid dhasar bèr budiman |
wiweka ingêring nagri |
cakêp sabarang dènucape |

Jilid 2 - Kaca : 228

atas ing tata atiti ||

11. Iku kang mangka panuntun |
marang anak-putumami |
ing panggawe kang utama |
angluluri Ratu Bangil |
ingsun pracaya ing Suksma |
jumênênge anakmami ||
12. Sêdhêng iku sarwa putus |
barang rèh wong dadi aji |
sawuse Raja Kasanah |
anakingsun ingkang dadi |
ya ratu-ratu kang mulya |
tulat Kasanah narpati ||
13. Karana aja na masgul |
iya ing sapungkurmami |
payo sira timbalana |
si Patih Kasanah aglis |
sapraptanirèng ngajêngan |
sang nata ngandika aris ||
14. Èh Kasanah jênêngingsun |
kaya mèh prapta ing janji |
sapa wruha kukumolah |
sira sunpasrahi nagri |
dadiya gègêntiningwang |
angrèh para wajir-wajir ||
15. Patih Kasanah umatur |
ya tuwan sri narapati |
pundi parentah kang mulya |
sukur alkamdulillahi |
punika saèstu tuwan |
apan kamulyan ing wingking ||
16. Anulya bubaran mêtu |
para wajir-wajir ngiring |
marang Kya Patih Kasanah |
praptèng wismanira sami |
apatih manggung munajat |
ing Widdhi datan alali ||
17. Antara sang nata surut |
mulih mring rakhmatullahi |
para wajir samya marak |
mring Patih Kasanah aglis |
ingiring masuk mring pura |
wus jumênêng narapati ||
18. Ing Malebari jujuluk |
Ngapiyah Sultan Salikin |
mustajab pandonganira |
ing Suksma sabên miyosi |

salat Jumuwah atarab |
pêkir miskin nèng surambi ||

19. Ngadhang wiyose sang prabu |
myang kang samya nandhang sakit |
aglar anèng palataran |
yèn sampun bakda sang aji |
nêmoni wadya kang lara |
miwah ingkang para miskin ||

Jilid 2 - Kaca : 229

20. Sadaya sami anuwun |
sawab bêrkate sang aji |
nuli (n)dêdonga mring Suksma |
waluyaning sagung dasih |
mustajab sadaya waras |
barang ingkang nandhang sakit ||

21. Miwah ingkang sakit kalbu |
luwar saking singkêl sêdhih |
kang mêlarat kacukupan |
saking murahe sang aji |
tan ana wong duka cipta |
gêng alit suka ing ati ||

22. Sabên Jumuwah sang prabu |
miyos salat maring masjid |
anggaganjar wong kasiyan |
pêkir miskin para langip |
mangkana ing lama-lama |
mashur ing liyan nagari ||

23. Mangkana ingkang winuwus |
prapta adiling Hyang Widdhi |
kang padha gawe kiyanat |
marang (m)bok Kasanah dhingin |
sadaya anandhang lara |
nora jamak-jamak jalmi ||

24. Ana dene lakinipun |
Ki Suhul pan lagi prapti |
dènnira lunga adagang |
wus lawas onênging ati |
kusung-kusung (n)jujug wisma |
wismane kapanggih sêpi ||

25. Mung sadulure alungguh |
dhewe tur anandhang sakit |
banjur mring paturonira |
rabine nora kapanggih |
atakon mring arinira |
kakangira ana ngêndi ||

26. Lan kêna ngapa sirèku |
mêrêm netranira kalih |

cikêr karo tanganira |
kêna ngapa iku yayi |
saure asmu karuna |
wus takdire awakmami ||

27. Dhuh kakang saduluringsun |
aja atakon ing rabi |
si kakang uga wong ala |
wus mati kukuming adil |
ajina marang wong lanang |
Ki Suhul (n)jêngêr tan angling ||

28. Tan wruh tibane kang êluh |
asêrêt dènnira angling |
ing êndi (ng)gonne amêtak |
jisime kakangirèki |
Ki Kasut sumaur sugal |
sampun pinangan ing anjing ||

29. Kalangkung bunêking kalbu |
Ki Suhul mèh tanpa budi |
tinilar ing rabinira |
arine anandhang sakit |
tan jamak-jamak manungsa |
Ki Suhul amuwus aris ||

30. Yayi tambakna laramu |
ingsun ingkang ambeyani |
nadyan têka pira-pira |
artaku yèn sira mari |
arewang sun rêrêmbugan |
aja wèt nandhang prihatin ||

Jilid 2 - Kaca : 230

31. Nulya angundang dhêdhukun |
têtamba awarni-warni |
tan ana kang marasêna |
yata na dhukun sawiji |
mring Ki Suhul awawarta |
sadulur (n)dika pribadi ||

32. Olèha satus dhudhukun |
nora waras ing jajampi |
luwung (n)dika gawa seba |
mring sultan ing Malebari |
dongane langkung mustajab |
sultan anyar Malebari ||

33. Duk arsa kesah Ki Suhul |
marêk ing sri narapati |
wong papat padha miyarsa |
dhingin padha dadi saksi |
anandhang lara cintraka |
tan waras dening jajampi ||

34. Kapat pisan samya nunut |
 seba marang Malebari |
 sarêng mangkat anèng marga |
 mondhok wismaning Baduwi |
 kang mupu wadon Kasanah |
 duk mêngtas karanjam dhingin ||
35. Sawusnya padha sinuguh |
 Ki Badwi tatakon aris |
 kisanak sanak sadaya |
 sami arsa dhatêng pundi |
 ambêkta titiyang lara |
 Ki Suhul aris nauri ||
36. Badhe marêk ing sang Prabu |
 Salikin ing Malebari |
 anunuwun sawab donga |
 wontêna apurèng Widdhi |
 mring sanak-kula punika |
 kang sami anandhang sakit ||
37. Badwi mojar kula nunut |
 (m)bêkta bocah kula sakit |
 tan saras dening jajampya |
 nulya sarêng mangkat saking |
 wismaning Badwi nèng marga |
 arèrèn ana wong prapti ||
38. Ginendhong larane lumpuh |
 wong ingkang sinulah dhingin |
 tinêbus ing (m)bok Kasanah |
 dumadak mangke kapanggih |
 lan kaïpe (m)bok Kasanah |
 bêbarêngan anèng margi ||
39. Wau ta rencangnya lungguh |
 kang samya myarsa critaning |
 ngulama Nyai Atikah |
 langkung lêga sukèng ngati |
 ngucap sukur padha tanpa |
 babêndunira Hyang Widdhi ||
40. Sakirane yèn kapanggih |
 lawan (n)Jêng Sultan Salikin |
 têtmtu kawêlèh sadaya |
 bok aja karsa nambani |
 dimèn padha modar pisan |
 Nyi Atikah crita aglis ||
41. Tunggall karêpe kadyèku |
 marêg ing Sultan Salikin |
 sapraptanira ing praja |
 samya (n)jujug ing surambi |
 anuju dina Jumuwah |

42. Bakda Jumuwah sang prabu |
miyos pinarak surambi |
nêmoni umating Suksma |
kang padha anandhang sakit |
pan sabên-sabên mangkana |
anggêganjar wadya alit ||
43. Sang nata awas andulu |
mring lakine nora pangling |
lan wong kang gawe kiyanat |
kabèh prapta padha sakit |
matur juragan manêmbah |
ya tuwanku sri bupati ||
44. Kang asih wêlas mring wadu |
amba anuwun mring Gusti |
tuwan suwunna apura |
ing Suksma Kang Mahasukci |
inggih sadulur kawula |
punika kang nandhang sakit ||
45. Angsala apuranipun |
sirnaa ingkang sasakit |
ngandika Sultan Ngapiyah |
insya Allah yèn marêngi |
iya karsane Hyang Suksma |
besuk ing Jumuwah maning ||
46. Sira padha marêk wangsul |
pêpêka anèng ing ngriki |
ingsun dongakakên ing Hyang |
lah nêdha bubaran dhingin |
pêndhak Jumuwah wus prapta |
samy saos nèng sarambi ||
47. Ngadhang miyose sang Prabu |
Sultan Ngapiyah wus mijil |
miyose salat Jumuwah |
wus bakda lunggwèng surambi |
sakèhe kang duwe kajat |
samy majêng awotsari ||
48. Miwah ingkang nyuwun tulung |
sudagar Suhul gya aglis |
matur tuwan Sah-ing Alam |
mugi suwunna tumuli |
mulyane sadulur amba |
antuke apurèng Widdhi ||
49. Aris ngandika sang prabu |
èh punapa (n)dika asih |
kiraka mring kadang (n)dika |

ki juragan matur aris |
kalangkung asih kawula |
mila marêk paduka ji ||

50. Saking wêlas mring sadulur |
sang nata ngandika wadi |
(ng)gih (n)dikasasih mring kadang |
nging kadang (n)dika tan asih |
kiraka marang andika |
agawe srêkarèng ngati ||

Jilid 2 - Kaca : 232

147. Dhandhanggula

1. Angandika malih mring kang sakit |
sadulure juragan Kasanah |
wruhanira satuhune |
Hyang Suksma ingkang Agung |
iya nora anêmbadani |
marang pandonganingwang |
yèn sira tan tutur |
purwanira kêna lara |
yèn sira wus tutur kang bènêr mring mami |
ingsun matur mring Suksma ||
2. Sunsuwunkên apurèng Hyang Widdhi |
marang sira supaya olèha |
aja pijêr mênêng bae |
ki sudagar amuwus |
lah matura ing sri bupati |
adhi ingkang balaka |
kang lara umatur |
kula tan sagêt matura |
mring sang nata sangêt gumêtêring ati |
maring (n)dika kewala ||
3. Ngandika sang nata iya bêcik |
sira tutur marang kadangira |
iya tan ana bedane |
kang lara nulya matur |
satuhune Suksma aparing |
musibat ing kawula |
punika witipun |
(ng)gih saking rayi andika |
(m)bok Kasanah kala (n)dika tilar anis |
kula angrêksèng wuntat ||
4. Inggih kula rêksa saking (n)jawi |
nuju kula cêluk saking lawang |
dangu tan ana saure |
marase manahingsun |
(m)bok ginawa ing wong anilip |
ingsun anjog buritan |
si kakang katêmu |
adus pan sarwi wuwuda |
wus dilalah ing manah kagodhèng eblis |

sangêt kula kasmaran ||

5. Nora kêna kulamujadahi |
manahkula nanging (m)bok Kasanah |
kaliwat-liwat lumuhe |
sunwiyoga tan keguh |
sangêt sakit rasaning ati |
saking awonkawula |
sun prih pêjahipun |
mila tumêka ing ranjam |
saking kula matur kukum tuhu saksi |
jangkêp saksi sakawan ||
6. Puniku kakang purwane nguni |
agung dosa kawula ing Suksma |
sinung cilaka mangkene |
duk amirsa sang prabu |
saujare krêntêging galih |
sokur alkamdulillah |
ki sudagar matur |
lah punika sri narendra |
dosanipun sadulurkula ing Widdhi |
wus kawuningan tuwan ||
7. Nuntên suwunna apurèng Widdhi |
supaya waras pandonga tuwan |
angsala sawab barkate |
nulya ngadêg sang prabu |
andodonga [ing Maha Sukci |
kaya sabêne adat |
dongane jinurung |
dening Hyang ingkang alara |
pan waluya sakala sudagar uning |
yèn arine waluya ||
8. Saking pandongane sri bupati |
ki sudagar ngaturakên arta |
ing sang nata kèh bêktine |
angandika sang prabu |
ingsun nora krana artèki |
amung karana Allah |
sadaya pan wangsul |
artanira ki sudagar |
lan dèn jaluk apuranira mring ari |
sawusira mangkana ||
9. Nulya wong papat matur ngabêkti |
ya tuwanku mugi ta wontêna |
pitulung anêdhakake |
apuranira Hyang Agung |
mring kawula mariya sakit |
saking pandonga tuwan |
ngandika sang prabu |
kayapa pratingkahira |

Jilid 2 - Kaca : 233

- nulya matur wong papat saha wotsari |
ya tuwan Sah ing Alam ||
10. Pratingkah kang kawulalampahi |
inggih awon-awonning pratingkah |
sang nata pangandikane |
lah ya ucapna gupuh |
sakèh halatira ing Widdhi |
supaya sun bisaa |
matur ing Hyang Agung |
anuwunakên apura |
marang sira olèha apurèng Widdhi |
wong papat sarêng ngucap ||
11. Dhingin kawula keruting eblis |
inggih dening melik arta kathah |
ginawe saksi pêjahe |
(m)bok Kasanah rumuhun |
kang rinanjam sayêktos sami |
ujar dora sadaya |
malah kula dipun |
kèn ambalang (n)dhinginana |
mring Ki Kali lawan ingkang buwang maring |
pakuburan kawula ||
12. Jisimipun (m)bok Kasanah dhingin |
sadhatêng kula saking kuburan |
lajêng karaos sakite |
tuhu sakit bêbêndu |
saking Widdhi tan jamak janmi |
ya tuwan Sah ing Alam |
kang kawula suwun |
pandongga tuwan ing Suksma |
kang supaya wontêna apurèng Widdhi |
dhatêng badan kawula ||
13. Nulya ngadêg Sultan Ngapiyahi |
luhuring mimbar ngadhêp ing keblat |
sarta anjunjung astane |
pandongane jinurung |
wong sakawan wus padha mari |
waluya lir ing kuna |
Kyai Badwi matur |
ya tuwanku Sah ing Alam |
amba nuwun pandonga kang ambarkahi |
mring laskar nandhang papa ||
14. Nuwun laskar kawula puniki |
darbe lara tan jamak manungsa |
angsala pangapurane |
ing Hyang Kang Maha luhur |
angandika Sultan Salikin |
oh laskar atutura |
sapolah tingkahmu |
ingkang dursila ing sarak |

dènbalaka ala bêcik aja kumbi |
ki laskar atur nêmbah ||

Jilid 2 - Kaca : 234

15. Inggih kawula kala rumiyin |
maranggul èstri ayu awasta |
(m)bok Kasanah sru lumuhe |
kula prih pêjahipun |
momongane kula patèni |
anake tuwan kula |
punika kang lampus |
kula sambêlèh ing gobang |
nèng paturon pamurih kula ing ngati |
Kasanah dènkuma ||
16. dhatêng adil lawan ukum pati |
maring tuwan kawula wêkasan |
têka dipuntundhung bae |
nuntên sakesahipun |
(m)bok Kasanah kawula sakit |
kenging bënduning Allah |
ngandika sang prabu |
èh Ki Badwi lêskarira |
apuranên dosane aja kok-pikir |
nyêmbêlèh anakira ||
17. Matur nêmbah sira Ki Baduwi |
inggih gusti kawula apura |
pun lêskar ing sadosane |
tan antara sang prabu |
ngadêg (n)donga Laratullahi |
ki lêskar wus waluya |
gya Badwi tur atur |
arta mring sri Maharaja |
tan tinampan nulya wong sinulah dhingin |
kang adol (m)Bok Kasanah ||
18. lajêng matur nêmbah ing sang aji |
kawula nuwun pandonga tuwan |
kang mustajab pitulunge |
angandika sang prabu |
apa salahira kang dadi |
witira kêna lara |
wong punika matur |
ya tuwanku Sah ing Alam |
dhingin amba sinulah mèh praptèng pati |
dosa kula kanggenan ||
19. Kagunganipun kang darbe nagri |
arta kawan atus dinar têlas |
kula têtaha sadangune |
anurut ngugung nêpsu |
duk kasulah kawula gusti |
wontên kang wlas anama |
(m)bok Kasanah nêbus |

inggih kawanatus dinar |
nuntên luwar kawula arsa malês sih |
nututi (m)bok Kasanah ||

20. Nêdya malês kapênêdan saking |
gawok mulat ayune kang warna |
pan lajêng kasmaran bae |
manah wuyung kalulun |
(m)bok Kasanah dahat tan apti |
dhatêng badankawula |
praptêng pinggir laut |
kawula damêl karenah |
kawula dol ing juragan dipun bêli |
(ng)gih kawanatus dinar ||
21. (n)Gih punika dosèngong mring Widdhi |
angandika (n)Jêng Sultan Apiyah |
mring ki juragan lakine |
ya (m)bok Kasanah iku |
kang dènêdol marang wong iki |
jawane rabinira |
ki juragan matur |
ya tuwanku Sah ing Alam |
inggih rabi kawula tur ingkang dadi |
dhadhangkèling wardaya ||
22. Sultan Ngapiyah mèsêm ing galih |
angandika lah (n)dika ngapura |
wong puniki kang asade |
rabi (n)dika kang lampus |
matur nêmbah inggih sang aji |
kabal kang pangandika |
ing sadosanipun |
inggih kawula apura |
tuwan dongakakên ing kalarad inggih |
angsala barkat tuwan ||
23. Pintên-pintên ngamal paduka ji |
sampun tanggêl tulung tyas kiyamat |
mangka tuwan inggahake |
ing manah kang rahayu |
nulya donga Sultan Salikin |
kaya kang wus kalakyan |
waluya kang lumpuh |
sawusira padha mulya |
ki juragan Kasanah matur ngabêkti |
ya Gusti Sah ing Alam ||
24. Sampun tanggêl tutulung kaswasih |
tuwan tédhakakên dening Suksma |
rabikawula panggiye |
lawan rarainipun |
rabi kula (m)bok Kasanahi |
saking suhuling manah |

Jilid 2 - Kaca : 235

mèsêm sang aprabu |
aris dènnira ngandika |
èh kiraka napa pakênira asih |
mring rabinta Kasanah ||

25. Têka tumungkul atutup rai |
ki juragan Kasanah sru merang |
katon tibane êluhe |
nèng ngarsane sang prabu |
pangrasane dipun èsêmi |
nulya sami pamitan |
sawusira sujud |
ing ngarsa nata ngandika |
ya bismilah ki raka kariya dhingin |
wontên kajatmanira ||
26. Manawa ingsun bisa muwuhi |
awèh lêga manahpakênira |
nulya padha mulih kabèh |
mung ki juragan kantun |
nganti karsanira sang aji |
sawusira (ng)gêganjar |
mring pêkir gya kundur |
mring pura lan ki juragan |
Kasanah binêkta manjing jroning puri |
panaripurnèng wastra ||
27. Ingupasuba kang angladèni |
para èstri yu ayu sadaya |
wusing ngajak jajar linggèh |
juragan lan sang prabu |
ki juragan tansah amikir |
kaya karsa nata |
tan kaduga ingsun |
ingajak mring prabayasa |
ki juragan saya ajrih pinaksa mring |
sri nata angandika ||
28. Èh kiraka napa (n)dika uning |
maring rabi (n)dika (m)bok Kasanah |
ki juragan lon ature |
ya tuwanku sang prabu |
rabiamba pan sampun mati |
karanjam sampun lama |
inggih pêjahipun |
ature banjur karuna |
ki juragan saya kagagas ing ati |
sang nata angandika ||
29. E ya sakathah-kathahing puji |
kagunganira Kang Maha mulya |
kang paring laki dasihe |
mangka pinisahingsun |
lawan laki satuhunèki |

Jilid 2 - Kaca : 236

ingsun kagunganing Hyang |
abali wakingsun |
ya maring Pangeraningwang |
tan antara Sultan Apiyah (m)buwangi |
busananing karajan ||

30. Nulya nganggo busananing putri |
katon mancur ngunguwung cahyanya |
kalangkung ayu warnane |
Ki Juragan andulu |
ing warnane sri narapati |
myang kaelokanira |
lan kadadènipun |
ki juragan datan samar |
lamun iya sang nata rabine nguni |
kang aran (m)bok Kasanah ||
31. Nulya sujud ing Hyang Maha Sukci |
sanalika sujud nulya ngucap |
èh sang nata satuhune |
paduka rabiulun |
mangka saurira kang rayi |
inggih yakin Hyang Suksma |
nêmbadani kayun |
andika lan angsung mirah |
manggihakên andika kalawan mami |
dènagung apuranta ||
32. Ki Juragan age arsa nyandhing |
marang rabine aris turira |
dhuh kiyai mangke-mangke |
dèn asabar ing kayun |
kula arsa salat rumiyin |
inggih kalih rêkangat |
nulya toya wulu |
asalat kalih rêkangat |
sarta ulun eklase ing dalêm ngati |
sawusira asalat ||
33. Nulya sujud matur ing Hyang Widdhi |
ya Pangeran tuwan mundhut uga |
nyawa kawula samangke |
andhinginana mantuk |
ing karahmattullah Ilahi |
mangkana sinêmbadan |
sedanya sang prabu |
ing sajroning sujudira |
ki juragan tan wruh yèn rabine mati |
dupi praptèng antara ||
34. Ki juragan têka amarani |
ing prênahe rabine asalat |
dupi kawaspadakake |
yèn palastra sang prabu |
mulih marang rahmatullahi |

eram ing kodrattulah |
ki juragan ngungun |
banjur anjêlèh karuna |
pan gumuruh kabèh wong jro pura nangis |
kapyarsa saking (n)jaba ||

34 Kasambêt cariyos bab Dara Murtasiyah, dening ramanipun Kyai Akbar, badhe kajodhokakên kalihan Sèh Ngarip, botên purun. Ramanipun lajêng ngdongèngakên lèlampahan warni-warni minangka tuladha:
a). Cariyosipun tiyang laki-rabi ingkang kacobi kasêtyanipun dening Nabi Suleman. Inggang jalêr kapurih mêtjahi bojonipun. Manawi kalampahan badhe kaganjar sakalangkung agêng. Wêkasan botên kalampahan, jalaran botên têtêl. Inggang èstri gêtos katimbalan kapurih mêtjahi bojonipun. Manawi kalampahan, badhe kadadosakên pramèswari. Têtêl nanging pêtthang ingkang dipun paringakên mlendo, jêt sanès sanjata saèstu. Wêkasan sami tangisan. ...
kaca 237-242.

Jilid 2 - Kaca : 237

35. Para wajir-wajir manjing puri |
myang punggawa gagêtun sadaya |
dene tan mirsa gèrahe |
myang para wadya kaum |
samyamaring pura nyirami |
layone ratunira |
kinapas wastra lus |
jinêbat kasturi ngambar |
wus sinalatkên dèngangkat umanjing |
kubur rinaja-raja ||
36. Gumêr para kaum maca takbir |
tahdalil lahmira sarta sidêkah |
arta pira-pira kèhe |
sawusira kinubur |
nulya para wajiring nagri |
pakumpulan angangkat |
raja putranipun |
ratu kang seda ginantyan |
dening Sultan Apiyah mangkya dadya ji |
ingangkat wong sapraja ||
37. Ki juragan Kasanah tan mulih |
pan atunggu anèng pakuburan |
pinanci sandhang pangane |
marang kang madêg prabu |
datan ginggang saengga mati |
ki juragan Kasanah |
(ng)gènnya tunggu kubur |
nasikatun têtêgsira |
lah ta iki pitutur yogya pawèstri |
padha ngalapa ansap ||
38. Lawan padha mirsakèna ugi |
ing pitutur hikayat punika |
krana iku nêguhake |

anggêp mring laknipun |
eling-eling wong laki-rabi |
kang têtêp adilira |
yèn mungguh wong kakung |
dene yèn mungguh wanodya |
arêp têtêp bêktine marang ing laki |
aja na sumrambana ||

148. Pocung

1. Nyi Atikah kèndêl dènnira amucung |
sajroning carita |
pra pawèstri kang miyarsi |
kathah njomblong myang pangantèn datan nendra ||
2. Kyai among-tamu ngancarani gupuh |
sumangga punika |
wedang dhaharan sinambi |
Nyi Atikah lawan para tamu atanggap ||
3. Nginum wedang dhahar sakaparêngipun |
kang samya karênan |
matur rèhne dèrèng lingsir |
taksih sontèn mugè ta amarêngèna ||
4. Amêdharkên cariyos sawontênipun |
cagaking lênggahan |
tunggil kinarya palupi |
utamine padhèstri winêngku priya ||
5. Nyi Atikah pinudyèng tyas ngandika rum |
lah ana pandhita |
dhepok wukir Wanasari |
saka Ngatasangin kêkasih Sèh Akbar ||
6. Garwa endah Siti Supiyah jêjuluk |
samyang manguntapa |
têtêp suhulirèng Widdhi |
Wanasêkar dumadya Wanaraharja ||
7. Sang awiku darbe putra èstri ayu |
cahya nuksmèng wulan |
ramebu kalangkung asih |
sinung aran Siti Dara Murtasiyah ||
8. Diwasanya asru brangti mring Hyang Agung |
kêncêng kang ngibadah |
(n)darus Kur'an siyang ratri |
adi peni datan ana kang winada ||
9. Kasubingrat kèh kang ngêbun-êbun esuk |
tan ana tinampan |
kasêngsêm bêkti ing Widdhi |
lawas-lawas ana sayid trah minulya ||

Jilid 2 - Kaca : 238

10. Mëndhêm kula kasrakat lir pakir èstu |
Sèh Ngarip panêngran |
lêlana sangkaning alit |
myarsa warta lamun dhukuh Wanasêkar ||
11. Kartaharja kanggonan janma linuhung |
myang darbe atmaja |
wanudya ayu linuwih |
srênging karsa tandya maring Wanasêkar ||
12. Nuju ari Jumuwah (n)jujug ing tajug |
jêjêl kang asalat |
ngantya (m)balèbèr mring srambi |
garwanipun Sèh Akbar lan putranira ||
13. Samya makmum nèng pawèstrèn sakloripun |
panti pangimbaran |
wusnya sunat Jumngah nuli |
Ki Sèh Ngarip minggah mimbar maca kutbah ||
14. Swara arum gêtas rênyah nganyut-anyut |
kutbah walisana |
wignya ing kir'at patitis |
lah kocapa sira Dara Mutasilah ||
15. Myarsa kutbah kawawang wingiting kalbu |
rongèh dènya lênggah |
baya wus takdiring Widdhi |
Ki Sèh Ngarip jodho lawan Murtasiyah ||
16. Sang dyah ayu kataman asmara gandrung |
sru sabil ing nala |
panuwunira ing Widdhi |
ywa kawiyak dènya kataman wiyoga ||
17. Sabakdaning Jumuwah pra èstri mantuk |
Dara Murtasiyah |
sêmpoyongan lampahnèki |
ciptaning tyas aywa nganti u-uningaa ||
18. Mring kang kutbah dilalah Sèh Ngarip uwus |
nèng srambi umiyat |
marang kang lagya lumaris |
ciptèng nala baya kae atmajanya ||
19. Kyai wisma satuhu lamun linangkung |
iba sunwêruha |
saka ngarêp baya gumbing |
Ki Sèh Ngarip uga sru nandhang kasmaran ||
20. Sawusipun bakda salat sang palungguh |
nulya sasalaman |
lawan sakèhe pra santri |

Jilid 2 - Kaca : 239

Ki Sèh Ngarip tur salam kèri priyangga ||

21. Kalihipun samya kacaryaning kalbu |
sawusing salaman |
Sèh Akbar tatanya aris |
kalingane kang kutbah wau kisanak ||
22. Rèh anêmbe kawuryan nèng dunung ulun |
kula nilakrama |
ki bagus ingkang wawangi |
lan pinangka-tuwin kang sinêdyèng karsa ||
23. Nêmbah matur saking Taib asalulun |
Sèh Ngarib wastamba |
lalana sangkaning alit |
kawlasarsa tinilar ing yayah-rena ||
24. Krêdyating tyas mung arsa takabul ngèlmu |
kalunta kasrakat |
thêring tyas mring Wanasari |
(m)botên langkung sêdyèngulun ngèstu-pada ||
25. Ki Sèh Akbar kalangkung rêseping kalbu |
binêkta mring wisma |
nèng langgar dènnya manggihi |
animbali ing garwa wus praptèng langgar ||
26. Sinungan wruh kaliye wus nganggêp sunu |
Sèh Akbar kalawan |
rubiyahira trêсна sih |
tan cinatur laminya wus manjing wisma ||
27. Sakèh kawruh agal alus wus kacakup |
myang sinungan wikan |
adarbe kadang pawèstri |
yèn sêmbada Sèh Ngarip kinèn anggarwa ||
28. Tan lênggana gya rubiyah sinungan wruh |
(n)dadak tata-tata |
bakal dhaupe kang siwi |
ingkang ibu amanggihi Murtasiyah ||
29. Amêdharkên ing karsane ramanipun |
mopo aturira |
durung niat loka-laki |
rinarêsih ingimur mrih dhangnira ||
30. Wus miturut winantu sakèh pitutur |
utamaning krama |
Sèh Akbar nut mituruti |
lan carita dadiya têpa tuladha ||
31. Duk (n)Jêng Nabi Suleman mêngku kêprabon |
nyatakake watak |

Jilid 2 - Kaca : 240

- ing wong lanang lawan èstri |
gya utusan nimbali wong lanang lagya ||
32. Sih-sinihan kalawan ing rabinipun |
kang lanang jênthara |
kang wadon ala tur bêngis |
lêngus lanas wus kakalih awêwêka ||
33. Praptèng ngayun (n)Jêng Nabi ngandika arum |
pantèn milanira |
pakênira suntimbali |
awit ingsun liwat sih trêсна ing sira ||
34. Mung kapalang sira sih trêсна satuhu |
marang rabinira |
kalamun kolu matèni |
sun paringi ijol putri ayu endah ||
35. Lan sun-junjung dadya pangran dipatya nung |
wong lanang turira |
saguh lan sukaning ngati |
pinaringan pêdhang landhêpe kalintang ||
36. Sigra mundur lawan nyangking pêdhangipun |
sapraptaning wisma |
rabine kapanggih guling |
ana ngambèn angêloni anakira ||
37. Kang pasuson nêng dhadha sapiyanipun |
kaprênah nêng kanan |
wong lanang dupi udani |
tyasnya kêju (n)jêtung kaduwung ngrês wêlas ||
38. Dènnya saguh matèni ing rabinipun |
anak kang sapiyan |
rinangkul lan dèntangisi |
bojo anak kabèh kapati anendra ||
- Jilid 2 - Kaca : 241
39. Nulya wangsul pêdhang cinangking rawat luh |
praptèng byantarendra |
ngaturakên pati-urip |
datan tégèl solahe katur sadaya ||
40. Kangjêng Nabi Suleman suka kalangkung |
sarwi angandika |
tutugna (ng)gonnira asih |
ingsun ganjar barana busana arta ||
- 149. Mijil**
1. Mijil (ng)gawa ganjaran narpati |
sukur ing Hyang Manon |
antara tri ari sri pamase |
gantya ingkang wadon dèntimbali |
prapta byantara ji |

sang nata lingnya rum ||

2. Dhuh (m)bok ngantèn jantunging tyasmami |
woding driyaningong |
ingsun liwat kasmaran yêktine |
marang sira wong manis mrakati |
kuciwane isih |
winêngku ing kakung ||
3. Lamun sira kaduga matèni |
mring lakimu dhenok |
pasthi ingsun pundhut garwa anggèr |
amangkoni kênyo jro puradi |
sun pasrah sirèki |
nyèthiya maringsun ||
4. Bok rubiyah dupi amiyarsi |
pangandika katong |
anarêthêk trênyuh ing driyane |
nyipta sèwu gung nugrahèng Widdhi |
bakal dadi padmi |
tungguling para rum ||
5. Sanalika sêdhêng ciptèng laki |
nêmbah matur sagoh |
amêjahi marang ing lakine |
lawan sasar ywa kawuryan janmi |
malah aprayogi |
kalih wêkanipun ||
6. Pinêjahan ywa tanggung ing kardi |
suka sang akatong |
dangu paran tingkahira nikèn |
amatèni laki lawan siwi |
nuwun inggih gusti |
linêbêtan racun ||
7. (n)Jêng Suleman malbèng dalêm puri |
mundhut pêdhang kaot |
dhasar timah sinangling mancèrèt |
ulês bludru wus miyos cinangking |
ngandika mring èstri |
kasuwèn rinacun ||
8. Pêdhang iki tamakna tumuli |
mring lakimu dhenok |
pasthi nora mindhoni gawene |
anèng marga poma ywa katarik |
rubiyah nampèni |
pêdhang nêmbah mundur ||
9. Gagancangan dènnira lumaris |
sang aprabu ngodhol |
pra pandhita sapuluh kang (n)dhèrèk |

- (m)bok rubiyah sapraptaning panti |
lakine aguling |
ngêloni dwi sunu ||
10. Ngadêg anèng keringe kang laki |
narik pêdhang gupoh |
(m)balêrèngi gumêbyar jwalane |
ciptaning tyas nora mindho kardi |
katiga babar ji |
tinamakkên gupuh ||
11. Wus tumiba bojo (n)jola tangi |
pêdhang timah mlendo |
(m)bok rubiyah asru gagêtune |
sinung eling ngrungkêbi mring laki |
sasambat mlasasih |
srah tobat (n)dharudhut ||
12. Kangjêng Nabi sru gujêngirèki |
angandika alon |
mring pra rêsi lah niku rupane |
tyase wadon rupêg rupak budi |
dadiya palupi |
ing tyas ywa kalimput ||
13. Sang dyah Murtasiyah duk miyarsi |
luhira drês miyos |
tyas mangikis nêdhèng Pangerane |
aywa nganti kataman kadyèki |
tumungkul mrakati |
angusapi êluh ||
14. Ki Sèh Akbar angandika malih |
babo putraningong |
wus mutamat maring pandhita kèh |
anêtêpi kaya Kangjêng Nabi |
yèn wong wadon nini |
tyase nora jujur ||
15. Ewa mangkono pan akèh dening |
titahing Hyang Manon |
pasthi ana kang bêcik atine |
paitane tan lyan bêkti laki |
kaya ta kang uwis |
wulange ibumu ||
16. Lamun tèmên-tèmên dèntêtêpi |
manthêng nora bengkong |
iya iku kanugrahan gêdhe |
yèn nêtêpi bêkti marang laki |
ing dêlahan manggih |
kamulyan kang agung ||
17. Lah ta rêke babo ana maning |
sayogya linakon |

lamun sira samoaning akèh |
lungguhira ywa rongèh dèwingit |
yèn gumuyu nini |
ywa katon gusimu ||

18. Yèn lumaku rêke aywa cincing |
tumindak dènalon |
lan maninge aywa nolèh-nolèh |
aywa rarasane turuting margi |
lan ywa ngatarani |
(ng)gènta olah laku ||
19. Duk ngalame (n)Jêng nayakèng bumi |
nitahkèn Hyang Manon |
mring wong wadon sawiji aranne |
(m)bok Aklimah pan kinarya sukci |
mring kang murbèng bumi |
pan sinama wau ||

35 b). Cariyos lèlampahanipun Siti Aklimah ingkang kasiya-siya lan pinisakit dening bojonipun Ngabdulah ingkang sampun sèpuh tur sakit-sakitan jalaran saking butarèpanipun. Manawi kesah kontèn dipun kunci, palataranipun dipun wur-wuri wèdhi saengga manawi wontèn tiyang ingkang mlèbèt katingal tilasipun. Rawuhipun Siti Patimah putrinipun Rasulullah pèrlu tuwi Siti Aklimah ingkang mèmêlas sangêt, damêl nêpsunipun ingkang jalêr. Aklimah dipun gèbagi ngantos satêngah pèjah. Wasana èstri ingkang sètya wau kapundhut dening Pangeran kapapanakèn ing swarga. Bojonipun kasiksa ing naraka, ewadene ingkang èstri botèn tega, lajêng kasuwun dhatêng Gusti Allah sagêda sêsarêngan wontèn ing swarga. ... kaca 242-251.

Jilid 2 - Kaca : 243

20. Iya marang para Nabi-nabi |
Hyang Suksma dènyanya mong |
saluhuring para wali (ng)gènne |
pangêla-êlanira Hyang Widdhi |
malah mènèh sinami |
lan putra (n)Jêng Rasul ||
21. Ginanjar ing warna ayu ngrungih |
cahyanya mancorong |
lir basanta purnama kênyare |
jinodhokkèn lan wong kaki-kaki |
wungkuk kuwu nanging |
sugiye kalangkung ||
22. Mata bèlèk gudhigèn tur mêngi |
untune mènèh gogrog |
rèngkak-rèngkik (m)bêsisik awake |
kêrèp mara-tangan lêngus bêngis |
mring kang wadon luwih |
butarèpanipun ||
23. Yèn kang wadon gumuyu tan ririh |
untu kongsi katon |

- miwah t lak pasthi lamun g dhe |
 ukumira tan lyan saking rai |
 kang d nsal nthiki |
 kaping t lungpuluh ||
24. Y n nglad kk n dhahar nuju laki |
 ny l hk n tan alon |
 kongsi kocak n ng tuwung jangane |
 jangan nuli siniratk n rai |
 wuwuh d ncam thi |
 iya kaping t lu ||
25. Y n lumaku n ng latar kasliring |
 kentol kongsi katon |
 kang d nukum ya karo sikile |
 pan binanting kuping d n sl nthiki |
 y n kang lanang lagi |
 dhayohan kongsi wruh ||
26. Marang ing wong lanang lyan say kti |
 rinaupan lombok |
 y n turu kin n tunggu (n)daganne |
 am t ki tuwin ang buti |
 lamun durung nglilir |
 nora k na m tu ||
27. Mangka mangsanira lagi nglilir |
 kang wadon tan katon |
 nadyan lagi susuci myang s ne |
 pasthi k na ukum g ng pinanggih |
 gin r t binithi |
 tinapuk jinantur ||
28. Awak tatu ngr nc m bocah-bocih |
 anuli pinopok |
 uyah as m lan j ruk wrak ar n |
 suprandene mant p d nt t pi |
 d nnya b kty ng laki |
 tuwa k mpong pikun ||
29. R ngkik-r ngk k tuwa kuru m ngi |
 cinipta jaka nom |
 l ngus k r ng lan mara-tangane |
 nyipta bagus an ng tilamsari |
 malah Kangj ng Nabi |
 Rasul putranipun ||
30. Siti Patimah arsa manggihi |
 miyarsa pawartos |
 saking ingkang rama andikane |
 kin n malap sasang t minta sih |
 mring Aklimah dening |
 sru b kti ing kakung ||

31. Dèwi Patimah gupuh lumaris |
 siji tan (m)bêkta wong |
 mung kang paman Ngali ngatêrake |
 mamanuki saking wuri têbih |
 sapraptanira ring |
 kono nuju suwung ||
32. Lunga dagang kaki tuwa nanging |
 ingkang wadon kinon |
 tunggu wisma anèng gêdhong bae |
 lawang-lawang kabèh dènkuncèni |
 latarira sarwi |
 dènwuri-wuri awu ||
33. Pamrihira yèn wontên wong prapti |
 kongsi lumêbèng jro |
 pasthi lamun katara awake |
 samana Siti Patimah prapti |
 nguwuh minta kori |
 (m)bok Aklimah krungu ||
34. Sapa wonge kang aminta kori |
 nora wlas maringngong |
 ki omah sêpi ta baliya bae |
 Dèwi Patimah alon nauri |
 sun kang minta kori |
 Habibolah sunu ||
35. Ya kang cèthi Sayidina Ngali |
 Patimah wakingong |
 sadhelarsa panggih lan dhèwèke |
 wadon Aklimah tetela myarsi |
 yèn kang minta kori |
 atmajèng (n)Jêng Rasul ||
36. Èstri guruning wadon sabumi |
 Patimah sayêktos |
 minulyakên dening Hyang èstrine |
 (m)bok Aklimah kewran tyasirèki |
 arsa amanggihi |
 jrih dukaning kakung ||
37. Pasthi kênèng kukum gêng nêmah |
 ing satêmah layon |
 lamun nora manggihana rêke |
 mring tatamu ajrihe nglangkungi |
 dene putrèng Nabi |
 wêkasan anglalu ||
38. Nêmah kênèng ukume kang laki |
 kunci wus sinorog |
 kori mênga sang rêtna nulya ge |
 manjing ing jro kagyat aningali |
 mring kang duwe panti |

cahyanya sumunu ||

39. Lir banguning kartika myang maksih |
sumêdhêng yu anom |
pantês lamun kawêngku pamase |
siniwaya anèng jroning puri |
dadiya rabining |
punggawa tan patut ||
40. Nadyan garwaning para narpati |
nora na mangkono |
nèng sawarga iku pantês (ng)gonne |
Ni Aklimah iyeram ningali |
cahyaning kang prapti |
lir wulan mabangun ||
41. Sunaring wadana angglipati |
prabane mancorong |
tuhu ratuning èstringrat kabèh |
ratu-ratuning ayu sabumi |
Aklimah nulya glis |
nêmbah ngaras suku ||
42. Nanging ingkang sinêmbah tan apti |
sang rêtna lingnya lon |
apan sarwi anganthi astane |
babo aja anêmbah ing kami |
pan sirèku uwis |
pinadha lan ingsun ||
43. Sinucèkkên jênênging pawèstri |
miji sing Hyang Manon |
Jêng rama wus amuji yêktine |
marang sira minulya nèng bumi |
miwah aningali |
bawanta lan ingsun ||
44. Nyai Aklimah umatur aris |
aduh gustiningong |
punapa kang kinarsakkên anggèr |
anêdhaki ing dasih kaswasih |
sasat ingkang abdi |
kabanjiran madu ||
45. Kagunturan ingkang wukir sari |
kilang hènawa rob |
Dèwi Patimah alon dêlinge |
nora nana sêdyaningsun naming |
arsa amangihi |
lan sira satuhu ||
46. Payo mulih mring wismanirèki |
sun arsa wruh ing jro |
nulya kinanthi sarêng lampaha |

Jilid 2 - Kaca : 245

lênggah panti Aklimah yun mungging |
sor nanging tan kêni |
pinêksa nèng luhur ||

47. Dèwi Patimah ngandika aris |
marmane wakingong |
praptèng kene sayêkti yun ngêmpèk |
kadang tuwa marang ing sirèki |
dènnya praptèng akir |
têtêpa sadulur ||
48. (m)Bok Aklimah kagyat miyarsa ngling |
(m)barêbêl mêtù loh |
dhuh gustiku kang mangkana anggèr |
manamparing ing dasih kaswasih |
tan sagêt mangsuli |
si tariking gambuh ||

150. Gambuh

1. Dangu dènnira lungguh |
sang Dyah Ibnu Mustapa andulu |
ting carènthèl nèng gèbyog luhurirèki |
lir camêthi dhapuripun |
samyà wêsi kang dènannggo ||
2. Gêdhe cilik pipitu |
sêjêmpol sajênthik sapênuh |
ingkang agêng salêngên amung sawiji |
sang dyah (ng)garjita ing kalbu |
aris dènnira tatakon ||
3. Apa pandhe bojomu |
duwe dandanan mangkono iku |
ting carènthèl rupane kaya cèmêthi |
piranti apa ta iku |
Aklimah umatur alon ||
4. (m)Botên pandhe pukulun |
punika piranti yèn angukum |
mring kawula bilih anglampahi sisip |
sang rêtna ngandika arum |
iku apa wus kalakon ||
5. Sira kêna ing ukum |
matur inggih pitu pisan sampun |
tinamakkên mring kawula kang camêthi |
inggih saking bodhonipun |
kang abdi tan wrin pakewoh ||
6. Akathah lêpatipun |
maring laki pramila sring ngukum |
amung ingkang salêngên gêngipun gusti |
sapisan dèrèng pukulun |

Jilid 2 - Kaca : 246

tumiba ing angganingong ||

7. Kados gadhangan lamun |
ingkang abdi dosa gêng puniku |
kang kinarya Dèwi Patimah duk myarsi |
mangkirig tyase kumêjut |
sru tobatira Hyang Manon ||
8. Rumaos lamun durung |
mangkana dera bêkti ing kakung |
malah sangêt tobat salêbêting galih |
Aklimah sigra rinangkul |
Siti Patimah mêtù loh ||
9. Dhuh lae kadangingsun |
Aklimah donya akeratipun |
amung sira bènêr kang padha mêmuji |
mangkono sing pratingkahmu |
tuhu musthikaning wadon ||
10. Dongakna raganingsun |
lilanira manira gya wangsul |
lawan paman Ngali sunajake mriki |
lamun wus prapta bojomu |
apan ingsun arsa wêroh ||
11. Sang rêtna sigra kundur |
Aklimah ngatêr jawining pintu |
yayah kadya nutakên waspanirèki |
sru onêng ing tamunipun |
sasolahe maksih katon ||
12. Wau ta ingkang kundur |
lêstari ana marga pinêthuk |
lan kang paman nungkêmi pada kêkalih |
sru minta aksamanipun |
matur nutur dènnya panggoh ||
13. Lan Aklimah satuhu |
punjulingrat bêktinya mring kakung |
ingkang paman mèsêm nahan ta winarni |
Aklimah saungkuripun |
amung tansah gung wirangrong ||
14. Lawang kinunci sampun |
wangsul ing gêdhong malih (ng)gyanipun |
yata wau ki juragan lagya prapti |
sarowangira gumuruh |
kèndêl sawawining banon ||
15. Ki juragan anguwuh |
(n)dhodhog kori kagyat duk angrungu |
(m)bok Aklimah tan samar swaranirèki |
wus anarka lakinipun |

Jilid 2 - Kaca : 247

gupuh mijil saking ing (ng)gon ||

16. Anyangking toyèng suku |
enggal anyorog kori pan sampun |
dangu manjing Aklimah nyandhak padèki |
winisuhan toyèng suku |
wusnya mudhar ukêlnya lon ||
17. Kinèsèdakên suku |
duk lumampah ki juragan (n)dulu |
tapak lèjèg nèng latar tilas wong kalih |
(m)basêngut sru dukanipun |
wus pasthi ciptaning batos ||
18. Kalamun rabinipun |
tinarka ngiwa ing tindakipun |
datan kongsi tatanya kasusu runtik |
busana tan kongsi cucul |
laju angutu mring kêbon ||
19. Camêthinira sampun |
kabèh ginawa Aklimah wêruh |
wus anyipta yèn antuk dukaning laki |
ki juragan asru muwus |
Aklimah sampungkuringong ||
20. Sapa ta dhadhayohmu |
baya wong lanang kang luwih bagus |
nêmbah matur dhuh gustiku guru mami |
Dèwi Patimah kang rawuh |
dede wong lanang sayêktos ||
21. Milamba kamipurun |
amanggih mring atmajèng Rasul |
inggihi amung nyuwun pangaksama gusti |
ki juragan asru ngêmpus |
têka bisa tèmên goroh ||
22. Tan wurung sira kukum |
ingsun ajrih yèn ngapura iku |
dukaning Hyang ki juragan wusira ngling |
rabine sigra sinapu |
cèmêthi pitu dènannggo ||
23. Sijine ping sapuluh |
dadya pinukul ping pitungpuluh |
apan rênyuh sarirane lir rinujit |
sasambate tan lyan namung |
nêdha apura kemawon ||
24. Ki juragan wus liwung |
waringutên ilang trêsnanipun |
marang rabi wus tutug dènnira (ng)gitik |
nyandhak pukul gêdhe gupuh |

25. Muncrat ludiranipun |
dadya niba ing siti tan emut |
kinèndêlan wau ta dènnira nggitik |
kinira rabine lampus |
sigra mulih saking kêbon ||
26. Prapta ing wisma sampun |
ki juragan minggah kobong turu |
yata wau yekang kantaka wus eling |
wungunira pungun-pungun |
antuk parmane Hyang Manon ||
27. Sadaya tatunipun |
ing sarira myang mustakanipun |
samy pulih tan ana labêt kang bucik |
malah sangsayembuh ayu |
cahyane wuwuh mancorong ||
28. Yata Aklimah emut |
yèn lakine lagi prapta durung |
kongsi bukti sigra dènnya manjing panti |
tiningalan maksih mujung |
Aklimah sigra mring pawon ||
29. Laju ngratêngi sampun |
sêkul ulam myang pangananipun |
sinajèkkên nèng jarambah sinasabi |
Aklimah gya nyandhak kêbut |
nusul minggah anèng kobong ||
30. Alênggah (n)dagannipun |
amêtêki pan sarya akêbut |
ki juragan samana kagyat anglilir |
awas dènnira andulu |
pungun-pungun dènnira non ||
31. Tan nyana rabinipun |
dene cahyanira wuwuh mancur |
aris tanya sapa wonge kang alinggih |
ing (n)dagan mêtêki mring sun |
Aklimah matur wot sinom ||

151. Sinom

1. Kawula cèthi paduka |
pun Aklimah dhuh kiyai |
yèn sampun tuwan apura |
mring amba kula aturi |
wungu dhadhahar nasi |
cacaosane pan sampun |
ngungun kyai juragan |
duk myarsa dukane lilih |

mring rabine lan tujunenggal waluya ||

2. Malah wuwuh cahyanira |
sumunar tejane kadi |
basanta sêdhêng purnama |
dènnya ngling wajane kengis |
gumêbyar anglir thathit |
ki juragan tyase rêmpu |
tangi asru lingira |
ya sun apura sirèki |
nanging aywa amindho laku dursila ||
3. Ature inggih manawa |
culika tobat sayêkti |
sigra mudhun ki juragan |
caosanira binukti |
nanging tyasira maksih |
ki juragan mangu-mangu |
ciptèng tyas (m)buh wong ika |
adarbe silip ing laki |
eman tèmên têka darbe ati ala ||
4. Yèn ta aja mangkonoa |
ngupaya pasthi tan olih |
luwih bêkti rabiningwang |
tuhu yèn ayu linuwih |
tinimbang para putri |
maksih ayu rabiningsun |
sapa wonge kang (m)bedhang |
yèn ora sun paekani |
pasthi (n)dadra yèn luput ginodhèng jalma ||
5. Dadya ki juragan arsa |
lunga dagang api-api |
pamit marang rabinira |
Aklimah dènbêcik kari |
sun arsa dagang malih |
pasthi lawas nora mantuk |
sira ja lunga-lunga |
poma ing sapungkurmami |
aturira Aklimah inggih sandika ||
6. Sigra ki juragan mangkat |
lawang-lawange kinunci |
ngalintêr (n)jawining bata |
siyang dalu ngintip-intip |
nulya na ingkang prapti |
Jabarail pan ingutus |
amundhut Ni Aklimah |
dening Hyang Kang Maha Sukci |
saragane kinèn (ng)gawa marang swarga ||
7. Aklimah asru tangisnya |
dene ta lakine maksih |

Jilid 2 - Kaca : 249

lunga dagang dèrèng prapta |
pinaksa dening Ijrail |
binêkta mring wiyati |
katur pinarnahkên sampun |
ing swarga luwih mulya |
sinami lan para Nabi |
nanging wadon Aklimah tansah karuna ||

8. Pan anêdha lakinira |
tinunggilna mring swargadi |
Hyang Suksma anuduh sigra |
marang Malekat Ijrail |
kinèn mundhuta marang |
ki juragan nyawanipun |
Ngijrail lumaksana |
ki juragan kang winarni |
pan sadalu jagi anèng (n)jawi bata ||
9. Enjing arsa ngambil andha |
tan arsa mêtal ing kori |
kasusu onèng ing garwa |
mènèk ki juragan manjing |
laju lumêbèng panti |
(n)jujug (ng)gonning garwanira |
tiningalan tan ana |
marang gêdhong kulon sêpi |
muring-muring tyasira mor langkung maras ||
10. Gêmêd dènnira ngupaya |
jro wisma dènbalingkrahi |
gêdhonge kabèh binuka |
pawon pakiwan asêpi |
kabèh dènosak-asik |
sajroning cêpuri suwung |
ki juragan karuna |
sarwi gulung anèng siti |
sasambate Aklimah nèng ngêndi sira ||
11. Apa ta lungane ngiwa |
marang kang (m)bedhang mu (m)bêngi |
labête mêtas sunpala |
dene nguni wus prajanji |
panjaluke pribadi |
yèn luput sun kinèn ngukum |
iya wus kalampahan |
ping pira-pira sun-gitik |
nora dadi tyase mêngko têka cidra ||
12. Lunga nora awawarta |
dhuh Aklimah kapok mami |
abedhanga wong sadasa |
sawêngi ingsun lilani |
nora kudu ngong-gitik |
mung aweta ingsundulu |

Jilid 2 - Kaca : 250

- marang ing warnanira |
yèn sirèwuh lawan mami |
lah akunên lêskarira sun narima ||
13. Yata wau kang winarna |
malaekat ingkang prapti |
ki juragan wus cinandhak |
githoke tan bisa osik |
mênêng tan bisa nangis |
sru tanya sapa wong iku |
anyêkêl githokingwang |
saure ingsun Ngijrail |
dinutèng Hyang amundhut ing jiwana ||
14. Ki juragan duk miyarsa |
gumêtêr langkung dènnya jrih |
pan asru dènnya karuna |
pan kawula nyuwun alim |
inggih gusti yèn kenging |
ing benjang yèn wus kapanggih |
kalawan rayatkula |
kang kesah ing wau ratri |
dèrèng kongsi panggih arsa dènpundhuta ||
15. Manira takèn ing wuntat |
Ngijrail asru nauri |
apa gawemu sasambat |
katêmu rabinirèki |
dene iya duk maksih |
siyasatira kalangkung |
tanpa dosa siniksa |
lah iya sandhangên mangkin |
Sang Hyang Suksma kang malêsna marang sira ||
16. Pan ing mêngko rabinira |
wus pinundhut nèng swargadi |
luwih dening sèwu mulya |
pinadha lan para nabi |
dene sirèku benjing |
kinarya sèn-isènipun |
jroning nraka jahanam |
ki juragan wus miyarsi |
sru miduwung dènnya milara kang garwa ||
17. Akèh-akèh sambatira |
nanging Ngijrail tan kêni |
nyawanya tinarik sigra |
tinarik saking ing sikil |
ki juragan wus mati |
luwih sangêt sakitipun |
nyawane sinangsaya |
samana wus katur maring |
ing Hyang Suksma kinèn manjingkên naraka ||
18. Nyawanira ki juragan |

pinanjingkên nraka api |
langkung sakit kawlasarsa |
sakêthi lara wong mati |
siyang dalu anangis |
sasambat ing rabinipun |
ingkang anèng suwarga |
Aklimah wus amiyarsi |
yèn lakine siniksa anèng naraka ||

Jilid 2 - Kaca : 251

19. Saya sru panangisira |
sru lumuh anèng swargadi |
yèn lakine tan tinunggal |
kêdah mèlwa anglakoni |
marang naraka gêni |
Hyang Suksma sigra angutus |
Jabarail ngatêrna |
marang (ng)gonning lakinèki |
dimèn wêdi miyat umobing naraka ||
20. Wus ingatêrakên marang |
satêpining nraka api |
Aklimah mulat mring priya |
langkung saking kawlasasih |
pan kinêpung ing agni |
tan wawang Aklimah wau |
piyak api naraka |
lumayu dahat dènnya jrih |
mring Aklimah dene wus kinarya mulya ||
21. Ki juragan nyawanira |
wus sayah lêсах nglangkungi |
nanging sasambate rosa |
Aklimah sigra nungkêmi |
sarwi lara anangis |
ki juragan sakalemute |
kagêpok dening garwa |
tatune sadaya pulih |
ingkang bangêt sadaya pan sami sirna ||
22. Anjrit dènnira karuna |
sru tobatira mring rabi |
katur ing Hyang Maha Mulya |
wus kinèn angêntas kalih |
pinanjingkên swargadi |
Aklimah lan lakinipun |
Hyang Suksma wus ngapura |
marang ki juragan pan wis |
kocap lamun èstri mantêp marang priya ||
23. Bisa nyangking mring sawarga |
yèn wong lanang nora bangkit |
kunêng kojabe Sèh Akbar |
dènnya pitutur mring siwi |
Murtasiyah miyarsi |

karasèng tyase kapencut |
tingkahira Aklimah |
ya mantêp bêktinirèki |
satêmahe bisa nyangking mring suwarga ||

24. Murtasiyah wus nugraha |
graitaning tyas nglabêti |
lamun wanodya utama |
Sèh Akbar ngandika malih |
poma nini dèneling |
pira-pira bisa tiru |
kaya wadon Aklimah |
mung pintêra ngirip-irip |
dhasar bakal lakinirèku ngulama ||

25. Akunên guru sayogya |
rara madhêpa sawiji |
buwangan trêsnamu marang |
ingsun lan ibunirèki |
mung (ng)gènnira ngladèni |
ati-atinên dènemut |
aja sira rumangsa |
(n)duwèni karkat pribadi |
pan sakèhe danakna ingkang sakira ||

36 c). Kalampanan Dara Murtasiyah purun ngladosi Sèh Ngarip ngantos gadhah anak èstri satunggal, nanging tampi cobining Allah, kalêpatan botên sapintêna. Dara Murtasiyah katundhung dening bojonipun. Tiyang sêpuhipun ugi nglêpatakên Dara Murtasiyah, nyuwun toya kangge sangu kesah kemawon botên dipunparingi. Salajêngipun Dara Murtasiyah lumêbêt ing wana, angsal pitulungipun Gusti Allah katurunan malaekat Jabarail ingkang adamêl warnipun malih langkung ayu sangêt. Wangsul dhatêng bojonipun, sakawit botên mangêrtos, nanging wêkasanipun barès, andadosakên sakalangkung ngungunipun ingkang jalêr, lajêng kapok botên badhe daksiya malih dhatêng ingkang èstri. ...
kaca 251-274.

Jilid 2 - Kaca : 252

152. Asmaradana

1. Tutug dènnira amardi |
mring putra tataning krama |
dalububaran kaliye |
têkan wawangking dina |
paningkahing pangantyan |
bawahannya langkung-langkung |
guyub ingkang nambutkarya ||
2. Tan ana kang nguciwani |
lêstari amangun suka |
dupi paragating gawe |
Sèh Ngarip sinungan prênah |
ing kidul Wanasêkar |
dhudhukuh arja kalangkung |
tulus (ng)gèenne palakrama ||

3. Minta uning marang laki |
wit ningkahan t k ng babar |
wus winisik saderahe |
S h Ngarip dhasar waskitha |
alim sak hing kitab |
tinutur sadayanipun |
sang dyah saya sungk mira ||
4. Cipta laki donya ngakir |
Murtasiyah wus awawrat |
t k ng mangsa m tu wadon |
kalangkung endahing warna |
cahya suksm ng sasangka |
ramebu suka kalangkung |
dahat sukur ing Pangeran ||
5. Sinung ran Siti Warsiki |
lagya umur sangang wulan |
sinapih ing pan s pe |
kacrita sawiji dina |
S h Ngarip lagya nadhah |
Murtasiyah sandhing lungguh |
lawan amangku kang putra ||
6. Mulat pandome m h mati |
gragap Dara Murtasiyah |
pinriksa sumbune  nt k |
kalangkung kewran ing nala |
tambuh ing solahira |
sang t gum t r ing kalbu |
guguping tyas ngambil rema ||
7. Mung sa l r gya kinardi |
sumbuning pandam gum byar |
sang S h Ngarib dupi anon |
kagyat ing tyas s mu duka |
apa ta mulanira |
uruping pandam sumunu |
suwene sur m m h p jah ||
8. Murtasiyah turira ris |
sang t gugup ingkang manah |
de dhasar t las sumbune |
upami kawula tilar |
ngambil sumbu gya p jah |
dadya ngambil rambut ulun |
kinarya sumbuning pandam ||
9. Bramantya s r ng S h Ngarib |
k nd l d nnira anadhah |
sugal asruing wuwuse |
b cik t m n solahira |
bisamu apras ca |
bojo ngawal akiripun |

10. Wani amikan ing laki |
sira kêna ukum lara |
tan paparah sira kènès |
wani-wani ngambil rema |
sarandune wakira |
sirèku sadarma (ng)gadhuh |
kabèh kagunganing priya ||
11. Sira lungaa saiki |
tan sotah sun sasandhingan |
lan wong duraka lir kowe |
matur rara Murtaisiyah |
mlasasih rawat waspa |
tan rinungu saya bêndu |
druhaka ywa katon mata ||
12. Kakeyan cariwis lamis |
tinggalên atmajanira |
Warsiki cinandhak age |
uwal saking pangkon rena |
Murtaisiyah pinala |
linarak binêkta mêtù |
tan kèndhat dènnya milara ||
13. Sambat-sambat minta lalis |
saya sru dènnya milara |
jinunjung binanting age |
sang ayu banjur kantaka |
Sèh Ngarib malbèng wisma |
lawange nulya tinutup |
nahên wau kang kantaka ||
14. Gilang-gilang anèng siti |
kasiliring samirana |
wus lingsir wèngi wayahe |
tibaning (m)bun tirtamarta |
tungtum bayuning ngangga |
èngèting tyas dahat sukur |
takdire sariranira ||
15. Wus wungu sang dyah ngalilir |
pangetangira ing nala |
yèn ingsun lungaa (m)bolos |
paran wékase wakingwang |
dadya pawèstri pajal |
tangèh manggiha rahayu |
tan wurung kasurang-surang ||
16. Sinêbut pawèstri lanji |
umpama ingsunmopowa |
nora kêlar siyasate |
sang dyah kewuhan ing driya |

ing wayah bêdhug tiga |
dadya tyasira anglalu |
kesah sarêng wayah pajar ||

17. Lampahe mandhêg anolih |
kèmutan atmajanira |
tansah kumêmbêng waspane |
kaya baliya sakala |
anangis ing wardaya |
aduh nini putraningsun |
sira tan aduwe biyang ||
18. Aja sira sok anangis |
sapa kang momong ing sira |
awirandhungan lampahe |
samarga arawat waspa |
ing wayah lingsir wetan |
lampahira dèrèng rawuh |
ing dhukuhe ingkang rama ||
19. Sèh Akbar sampun udani |
ilham saking kalbunira |
yèn badhe prapta putrane |
marga dinukan ing priya |
apurik tilar wisma |
gya prentah mring garwanipun |
rubiyah sira dènenggal ||
20. Inêbên lawang kang (n)jawi |
sira kancingana pisan |
yèn anakira marene |
aja sirawèhi lawang |
iku durakèng priya |
yèn sira mèlu tutulung |
olèh durakèng Pangeran ||
21. Yèn sira dènjaluki |
sabarang ingkang tinêdha |
poma sira aja awèh |
pacuhan sira awèha |
rabine anggarjita |
mituhu wêlinging kakung |
kori sampun tinêtêgan ||
22. Murtasiyah nulya prapti |
kandhêg sajawining lawang |
anguwuh marang ibune |
kawula anuwun lawang |
sumaur ibunira |
saking sajêroning pintu |
èh rara age baliya ||
23. Aja sira njaluk kori |
dinukan ing ramanira |

Jilid 2 - Kaca : 254

- ingsun ajrih pêpacuhe |
sira winastan duraka |
marang ing ramanira |
duraka marang lakimu |
ramanta tan arsa mulat ||
24. Dara Mutasiyah nangis |
amlasasih anèng lawang |
ibune nangis anèng jro |
dhuh nini aja karuna |
ingsun tan bisa mirsa |
dhuh ibu anyuwun banyu |
sun gawene sangu kesah ||
25. Ibune ngadhuh nauri |
wuwuse awor karuna |
adhuh nini putraningong |
ingsun ajrih ramanira |
Murtasiyah turira |
ibu kawula mit lampus |
dènagung apurandika ||
26. Lawan sêmbah bêkti mami |
aturna mring kangjêng rama |
(ng)gih pangapurane bae |
mugi kawula angsala |
apuraning Pangeran |
ibune tan bisa muwus |
ni Murtasiyah wus kesah ||
27. Manjing ing wana gung wêrit |
tan ana dirgama ketang |
sang dyah angèsthi patine |
dene angsal dukaning Hyang |
lawan dukaning priya |
marma ragane winasuh |
angsalapuraning Hyang ||
28. Lawan apuraning laki |
kang piniji maring Allah |
anèng têngah wana gêdhe |
buron galak kabarasat |
samyajrih tumingal |
gègèr sumingkir kêplayu |
angungsi ing parang jurang ||
29. Sakathahing buron alit |
tumingal samya kacaryan |
gumrudug angiringake |
banthèng maesa nèng ngarsa |
kadya ambabat marga |
warata mara bëludhus |
kapungkur tinubruk macan ||
30. Kawingking ing Wanasari |

anjog wana tarataban |
pêtêng tur akèh bondhète |
ri wana lawan ri tanjang |
ri bandhil anèng marga |
anggubêl ingkang lumaku |
sinjang ajur lir ginubah ||

Jilid 2 - Kaca : 255

31. Samêkan pating saluwir |
warata ingkang sarira |
balur-balur karêrèndhèt |
kacanthol ing parang dênta |
pring jawa angêlakah |
pring ori têtung sumambung |
wulung ampèl anjêlanah ||

32. Kumrisik kang wuluh gadhing |
kasiliring samirana |
[. . . .] |
sangsaya kalunta-lunta |
sira ni Murtasiyah |
ciptaning manah anglampus |
tan ana ingkang sinêdya ||

33. Liyêb lênguk ing jro ngati |
jisimira tan ginita |
mung amandêng Pangerane |
mugi angsala apura |
mring priya lan kang rama |
wus lawas anèng wanagung |
sisinome Wanasêkar ||

153. Sinom

1. Kalangkung kawêlasarsa |
ngambah jurang ngiring-iring |
parang pèpèrèng sasêngkan |
tan nadhah minum guling |
sarira kuru aking |
marlêsu cahya umancur |
nèng sela sumayana |
samadyaning wana wingit |
kaayoman witing karoya ngrêmbaka ||

2. Waktu luhur arsa salat |
nanging datan ana warih |
miwah rukuh datan (m)bêkta |
tandya ngêningkên pangèsthi |
munajat ing Hyang Widdhi |
asta kakalih jinunjung |
matur ing Hyang Wisesa |
Ilahi ngalamun ngalim |
ya ihdina tuwan ingkang Maha Mulya ||

3. Winênang jagat wiryawan |
mugi aparinga warih |

dongane wus katarima |
Allah Tangala maringi |
anèng ngarsanirèki |
we wèning lan maligyegung |
gya ngambil toya kadas |
osiking tyas langkung wingit |
paran baya sun karya tapih sumêkan ||

4. Sakujur wus tabêt turas |
putrènggong nini Warsiki |
kêthêr najis lan tabêt rah |
Allah Tangala udani |
utusan Jabarail |
maringkên parabot luhung |
mring wadon Murtasiyah |
kang satuhu bêkti laki |
tuwan kinèn angusap wadananira ||

5. Jabarail wus apanggya |
(n)dhawuhkên timbalan Widdhi |
Murtasiyah tampanana |
paringing Hyang Mahasukci |
anggonên angabêkti |
wus tinampan gya rinasuk |
anulya waktu salat |
Jabrail misih ngêntèni |
bakda salat Jabrail ngusap wadana ||

Jilid 2 - Kaca : 256

6. Wimbuh endah kang suwarna |
sajagat tan na tumandhing |
Jabrail aris ngandika |
rêngên ta èh sira nini |
timbangane Hyang Widdhi |
sira mantuka dèn-gupuh |
bali mring lakinira |
atas timbalan Hyang Widdhi |
Jabarail wangsul ing Kalaratolah ||

7. Murtasiyah gya umentar |
saking têngahing wanadri |
datan kawarna ing marga |
(n)jujug wismaning sudarmi |
Sèh Akbar lawan rabi |
nuju nèng surambi lungguh |
dhatêngan matur nêmbah |
nyuwun wikan ingkang abdi |
ki Sèh Ngarih pundi prênahe kang dhêkah ||

8. Sèh Akbar alon wuwusnya |
nini sira wong ing êndi |
ayu anom warnanira |
atêtakon ki Sèh Ngarib |
apa karsanirèki |
Dara Murtasiyah matur |

kula apan winêkas |
marang Murtasiyah nguni |
wêlingipun kinèn nyuwunkên ngapura ||

9. Ibune sarêng miyarsa |
kumêpyur waspane mijil |
mêngko nini suntatanya |
Murtasiyah nêng ngêndi |
mangkana anauri |
wontên satêngah wanagung |
tambah ingkang sinêdya |
amung panêdhane nguni |
apuranên dosane munggèng Pangeran ||
10. Sèh Akbar alon ngandika |
sira nini suntuturi |
dhukuhe Sèh Ngarib iya |
kidulwetan saking ngriki |
Murtasiyah gya pamit |
lajêng wau lampahipun |
tan kawarna ing marga |
prapta dhukuhe Sèh Ngarib |
dumarojog anulya lumêbèng lawang ||
11. Sèh Ngarib kapanggih lênggah |
anèng surambi angaji |
Kur'an dhasare pasêkat |
swarane arum amanis |
ni Murtasiyah singgih |
lumanpah sarwi tumungkul |
kagagas ing wardaya |
polahe kala ing nguni |
sarwi angling alon wijiling wacana ||
12. Lah tuwan mangke kèndêla |
sakêdhap (ng)gènnira ngaji |
amba kalilana tanya |
pundi dhukuhe Sèh Ngarib |
Sèh Ngarib angling aris |
inggih ngriki dhukuhipun |
Sèh Ngarib inggih kula |
punapa ta wontên kardi |
Murtasiyah matur kawula winêkas ||
13. Dening Dara Murtasiyah |
katura (n)dika kiyai |
wêlinge nyuwun apura |
lawan tuwan akên dasih |
donya dèntèkèng akir |
panuwune dipun lulus |
Sèh Ngarib angandika |
inggih-inggih yayi inggih |
Murtasiyah mèsêm ing wardayanira ||

14. Sèh Ngarib ing sêmunira |
 kacaryan ing dhayohnèki |
 alon dènnira ngandika |
 arum swarane amanis |
 karsa-amba puniki |
 kang dadya gagêntènipun |
 (n)dawêg nuli aningkah |
 ni Murtasiyah nauri |
 ki Sèh Ngarib lah punapa karsa (n)dika ||
15. Angucap kadya punika |
 dhumatêng ing awakmami |
 pan dene randha wulanjar |
 somah datan darbe laki |
 lan malih takèn nguni |
 apa ta karsane iku |
 si Murtasiyah kesah |
 dhatêng ing wana gêng wêrit |
 (n)dika tundhung anglampahi kawlasarsa ||
16. Sèh Ngarib alon angucap |
 manira tuturi yêkti |
 mangke dhatêng pakênira |
 tatkala amba ambukti |
 rabi ulun ing nguni |
 amangku atmajanipun |
 nini Warsiki ika |
 angadhêp (ng)gènkula bukti |
 nèng ajogan apan sarwi ngulah pandam ||
17. Badhe pêjah ingkang dilah |
 margi têlas sambunèki |
 gugup ing tyas rabikula |
 ngambil remane pribadi |
 tigang êlêr kinardi |
 sambuning dilah puniku |
 mila ngong nuli duka |
 dene tan warah ing mami |
 (ng)gih punika purwane kula kèn kesah ||
18. Murtasiyah wuwusira |
 yèn makatêna puniki |
 kang dadya margining duka |
 dhatêng rabinta rumiyin |
 ingkang maksih ngabêkti |
 dhatêng paduka satuhu |
 inggih tuwan tantuna |
 amba kalilana pamit |
 kantun arja kawula ayun mantuka ||
19. Sèh Ngarib alon lingira |
 sampun (n)dika age mulih |
 angêntosana dhaharan |
 Sèh Ngarib angambil gêni |
 tan dangu nulya prapti |

dinadèkkên sarta tunggu |
andamoni sapisan |
Sèh Ngarib ing gèninèki |
aningali ing tamunira sapisan ||

20. Mangkana pratingkahira |
andamoni kaping kalih |
mulat maring tamunira |
Sèh Ngarib inggih ping kalih |
sadangune kadyèki |
gènine tan kongsi murub |
mèsêm Ni Murtasiyah |
ningali solahing laki |
Murtasiyah kadaut raosing nala ||
21. Sang rêtna kalangkung wêlas |
anggèntèni dadèn gèni |
yata Ki Sèh Ngarib sigra |
anyigari kayunèki |
kaya mangkana malih |
dènnira anyigar kayu |
iya kadya duk bêthak |
tan kobêr nyigar wrêksèki |
pijêr (n)dongong aningali tamunira ||
22. Sèh Ngarib lir kènèng guna |
umiyat ing tamunèki |
tambuh-tambuh solahira |
sang rêtna mèsêm ing galih |
dènnira aningali |
solahe lakinirèku |
Ni Dara alon ngucap |
yèn kaparêng ing panggalih |
amba arsa anggèntosi karya tuwan ||
23. Kula kyai lilanana |
arsa gumanti ngratèngi |
ki Sèh Ngarib saurira |
inggih-inggih yayi inggih |
wus matêng sadayèki |
kèndhi dènisèni sampun |
sinajèkkên ing ngarsa |
Sèh Ngarib amuwus aris |
nêdha yayi dhadhaharan lawan kula ||
24. Murtasiyah aturira |
andika dhahar rumiyin |
kawula ngantos lorodan |
Sèh Ngarib anulya bukti |
angucap jroning ati |
rasane sasaji iku |
sêkul kalawan ulam |
padha lan rasane dhingin |

Jilid 2 - Kaca : 258

pêcak tangan kaya Dara Murtasiyah ||

25. Sèh Ngarib (ng)garjitèng driya |
baya iki rabimami |
yèn dulu tatamunira |
warnane têka rêspati |
ngluwihi duk ing nguni |
sarta lan panganggonipun |
kaya dudu wong donya |
iribe lir rabimami |
kaya patut dadiya kanthi manira ||

154. Kinanthi

1. Datan sakeca tyasipun |
Sèh Ngarib tatanya aris |
mring tatamune kang prapta |
sintèn kang sinambat ing sih |
sumaur kang tinakènan |
Murtasiyah aranmami ||
2. Sèh Ngarib alon amuwus |
arandika niku adhi |
sama lan bakayunira |
rabikawula rumiyin |
sun badhe mangsa dedeya |
Sèh Ngarib marpêki aris ||
3. Manira takèn satuhu |
awêcaa dènsajati |
sapa ranne sutanira |
Murtasiyah anauri |
kakasihe suta amba |
inggih pun rara Warsiki ||
4. Sèh Ngarib mèsêm lingnya rum |
wastane sutanirèki |
sami lan anak-kawula |
yèn makatêna nakmami |
ywa tanggung sira pupuwa |
kang putra awas ningali ||
5. Ni Rara Warsiki gupuh |
marani sarwi anangis |
sigra Dara Murtasiyah |
kang putra sinambut aglis |
dèn êlungi payudara |
Sèh Ngarib awas ningali ||
6. Nging maksih mêlang tyasipun |
mèsêm angandika aris |
sintèn wastane ramanta |
miwah renanira yayi |
Murtasiyah aturira |

Jilid 2 - Kaca : 259

inggih rama ibu mami ||

7. Sèh Akbar kêkashipun |
de wastane ibu mami |
kusuma rêtna Supiyah |
Sèh Ngarib amuwus manis |
iya yèn mangkene nyata |
sira iku rabimami ||
8. Sèh Ngarib malih amuwus |
apa karanane yayi |
sira salin warnanira |
beda lawan duk rumiyin |
mêngko wimbuh ayu endah |
lan wong akèh angluwihi ||
9. Kaya dudu wong donyèku |
panganggonira mas kwari |
Murtasiyah aturira |
ya pangeran gurumami |
ing donya praptèng dèlahan |
tulusa mêngku kang abdi ||
10. Rumiyin andika bêndu |
anundhung dhatêng kang abdi |
kawula kesah mring wana |
nèng wana nêdya ngabêkti |
ngupados toya tan angsal |
amba nunuwun ing Widdhi ||
11. Istijab pandongaulun |
tinarimah ing Hyang Widdhi |
yata na malige prapta |
cumawis nèng ngarsamami |
sarta lan toyane pisan |
dutaning Hyang Jabarail ||
12. Dhawuh salaming Hyang Agung |
aparing wastra mring mami |
saking swarga adi mulya |
sampuning bakda ngabêkti |
Jabrail ngusap wadana |
lawan èlare sasisih ||
13. Punika wiwitanipun |
salin warnamba kiyai |
Sèh Ngarib alon ngandika |
iya kang kaya sirèki |
kang sinung rahmating Suksma |
pindha Rasullulah yayi ||
14. Sinung nugraha satuhu |
sawabe Patimah yayi |
suwarga kang adi mulya |
pangaksamaning Hyang Widdhi |

sapa kang bêkti ing priya |
tan beda samining ngèstri ||

15. Rara Murtasiyah iku |
antuk rahmating Hyang Widdhi |
kapindho Patimah johar |
lawan manggih sawargadi |
Sèh Ngarib nulya utusan |
rama ibu dènaturi ||

16. Wus prapta panggya kang sunu |
langkung gawoking panggalih |
de ta manggya kaelokan |
suka sukur ing Hyang Widdhi |
ramebu samya (n)dédonga |
lêstarinipun kang siwi ||

Jilid 2 - Kaca : 260

17. Wus têlas caritanipun |
Dara Murtasiyah sukci |
sagunging kang amiyarsa |
samya awawanan angling |
ngene-ngono yèn wanodya |
yèn wis winêngku ing laki ||

18. Nora ngimpi angrêmpêlu |
duwe cipta liyan janmi |
iku antêping wanita |
wong lanang satuhunèki |
dak-nang anggêp sumangkeyan |
ciptane tan muhung siji ||

19. Wong lagi bae tas anu |
basan loro dadi siji |
kaya diuntal-untala |
basa mêtù saking panti |
tan na elinge samêndhang |
kana-kana kang pinikir ||

20. Rewange mangsuli wuwus |
adhi iya warni-warni |
ywa kagêbyah kaya uyah |
botên-botên bakyu mêtthi |
trêsna yèn lagi kêkêpan |
irunge tumèmpèl pipi ||

21. Mangga karaosa bakyu |
criyosipun Kasanah-i |
nganti jumênêng narendra |
tan lami mantêp ing laki |
Ki Suhul-e lajêng eklas |
tan na priksa tan na titi ||

22. Sèh Akbar cariyosipun |
kang mangka têpa palupi |

nyatakkên tyase wanita |
duk jaman Suleman Nabi |
supaya namung sakala |
wasana tambah gunging sih ||

23. Wadon Aklimah pinunjul |
bojone juragan bêngkring |
tuwa ala lara mata |
kêrênge kêpati-pati |
pinala tumêkèng pêjah |
sarêng wontên ing swargadi ||
24. Garwane juragan bêngkrung |
pêjah winisesèng Widdhi |
griya ing nraka jahanam |
ngaru-ara rina wêngi |
dupi Aklimah miyarsa |
tinarik marang swargadi ||
25. Dara Murtasiyah wau |
dosane amung sathithik |
pinala mèh praptèng lena |
tinudhung cinêri-cêri |
wontên paran botên ginggang |
dènnya sumungkêming laki ||
26. Adhi ya bènêr kandhamu |
suka sênêng pra tamèstri |
jênêg dènnya jajagongan |
arak inggih uwa rati |
wong lanang anggalap mênang |
botên pothok kados èstri ||
27. Nyi Atikah lingira rum |
aku takcarita maning |
mêngko padha rasakêna |
mungguh ananing pawèstri |
muhung minangka timbangan |
critaku kang uwis-uwis ||
28. Carita kala rumuhun |
ana kawulaning Widdhi |
mardika tur sugih arta |
anulya bêkti ing Widdhi |
jro kitha Mêsir wismanya |
aran Ngabdullah Johari ||
29. Kautamanira mashur |
sajroning nagara Mêsir |
mangkana sawiji dina |
sira Ngabdullah Johari |
alungguh lan rabinira |
sinawang-sawang kang warni ||

Jilid 2 - Kaca : 261

30. Amulat wadana muwus |
 dhuh rubiyah ingsun iki |
 asih tēmên marang sira |
 pangrasane atimami |
 lumahing bumi kalawan |
 soring langit tan na malih ||
31. Kang dadi têtênging kalbu |
 kumpuling paningal-mami |
 wus mondhok anèng ing sira |
 rabine sumaur aris |
 kula (ng)gih botên prabeda |
 kados panjênêngan ugi ||
32. Datan kapengin wong bagus |
 botên melik janma sugih |
 mung (n)dika dununging cipta |
 ing awal praptaning akir |
 tulusa angèstupada |
 tan adarbe cipta malih ||
33. Dèn-tumêka ajur luluh |
 mung (n)dika panutan-mami |
 lah (n)dawêg sami prasêtya |
 dadosa antêping budi |
 kalamun kawula pêjah |
 (n)dika sampun rabi malih ||
34. Dene yèn andika lampus |
 kula botên laki-laki |
 sampun ngantos ginarayang |
 mring wong lanang malih-malih |
 ngamungna (n)dika piyambak |
 kang darbe sarira mami ||
35. Ing donya akeratipun |
 angling Ngabdullah Johari |
 yèn kaya mangkono iya |
 nuli padha aprajanji |
 sinêksèn para ngulama |
 misuwur wong sanagari ||
36. Prasêtyanira kalangkung |
 ni (m)bok Ngabdullah Johari |
 tur bêkti asih ing priya |
 ulah bawane lêstari |
 mangkana èstrinya pêjah |
 lanangnya kadi wong baring ||
37. Saking sangêt wuyungipun |
 udhêngnya dipun suwiri |
 kulambi lan sinjangira |
 ting sarêmpal dènsuwèki |
 tur sarwi lara karuna |

38. Nulya ginawa mring kubur |
wus pinêtak padha mulih |
sakèh ingkang padha mêtak |
nanging Ngabdullah Johari |
angèri nèng pakuburan |
tunggu kubure kang èstri ||
39. Sakêdhap Ngabdullah mantuk |
mring wismanira ing rabi |
ing paturone tan ana |
saya susahe kang ati |
alungguh ing wismanira |
bali mring kuburan malih ||
40. Sirahe pinopok ngêndhut |
sarwi (n)jêlèh asru nangis |
solahe kaya wong edan |
lali mangan lan ngabêkti |
mung rabine kang dènucape |
cinêluk dènajak mulih ||
41. Dadya umum amisuwur |
yèn ki Ngabdullah Johari |
kalindhah akale buyar |
sapatine ingkang èstri |
sanak-sanakira wêlas |
padha ngupaya jajampi ||
42. Miwah maring dhukun-dhukun |
cinêkêl ginawa mulih |
sinilêmakên ing toya |
ana kang (ng)gitik pênjalin |
kèh warnane japamantra |
tan ana kang amarasi ||
43. Tita akaling dhêdhukun |
samyak sèlèh tan kadugi |
ki Ngabdullah kinunjara |
laminira nênem sasi |
kami-wêlasên kang mulat |
ki Ngabdullah dènucale ||
44. Saking kunjara duk mêtu |
manjing wismanira ngambil |
klasa satunggal binêdhah |
ing têngah dipun lêboni |
sirah kaya nganggo kayat |
maring pakuburan malih ||
45. Praptane banjur alungguh |
anèng kubure kang èstri |
manggrok nora lunga-lunga |

yèn dalu ajêrat-jêrit |
pira lawase amoyang |
sira Ngabdullah Johari ||

46. Kongsî (n)dungkap tigang taun |
sawiji dina nujoni |
sirah pinopok ing lêmah |
banjur tuturon ing siti |
malumah angathang-athang |
matur ing Hyang Mahasukci ||

47. E Pangeran ingkang Agung |
kang mulyakakên ing Nabi |
Muhammad ingkang Mustapa |
tuwan icalna tumuli |
susahipun manahamba |
ya Pangeran ingkang gaib ||

Jilid 2 - Kaca : 263

48. Nulya na swara karungu |
mring ki Ngabdullah Johari |
aglis junjung sirahira |
ningali wong tuwa siji |
anganggo kang sarwa pêthak |
ki Ngabdullah atut wuri ||

49. Ing saparane wong iku |
ki Ngabdullah matur aris |
dêmi Allah kang asuka |
nugrahaning martabati |
lah sintên ta asma tuwan |
kang tinanya ngandika ris ||

50. Nabi Ngisa jênêngingsun |
kumêpyuring tyas Johari |
rumangsa pitulunging Dad |
kang nulya umatur malih |
ya Nabiyolah pratela |
Pangeran kang Mahasukci ||

51. Kang akon mring tuwan têtmu |
lan kawula anuruti |
ing sakajating kawula |
Nabiyolah Ngisa angling |
lah ta apa kajatira |
matur Ngabdullah Johari ||

52. Punika ingkang kinubur |
rabikawula ngêmasi |
kawula tan bisa pisah |
tuwan têtihakna Hyang Widdhi |
mugi ta rabikawula |
dipun gêsangêna malih ||

53. Lan taksiya warni ayu |

Nabiyolah ngandika ris |
èh Ngabdullah wus muliya |
mangana minuma sarwi |
sêdhêkaha mumuleya |
ngurmatana pêkir miskin ||

54. Krana sira iku luput |
tingkah mring rabimu ugi |
sukêr ati palacidra |
lalèn tur amaro ati |
samangsa iku uripa |
kiyanat gawe bilai ||
55. Mulane ingsun tan ayun |
dongakna (n)jaluk ing Widdhi |
mêndhêg matur ki Ngabdullah |
amba anênuwun ugi |
inggih mangsa makatêna |
rabikawula wus janji ||
56. Donya praptèng akiripun |
tan kumêdhap darbe laki |
dhumatêng badankawula |
mangsa sagêta ngoncati |
prasêtyanipun akathah |
tuwan têdhakêna urip ||
57. Tanpa damêl tuwan rawuh |
datan anglêgakkên ati |
asangêt atur kawula |
tuwin têdhakna tumuli |
mring Pangeran ingkang Mulya |
kang sipat rahman (n)jurungi ||
58. Nabiyolah Ngisa manggut |
andodonga ing Hyang Widdhi |
sakala Jabrail prapta |
(ng)gawa timbalane Widdhi |
èh Nabiyolah têdhakna |
Ngabdullah dhatêng Hyang Widdhi ||
59. Sampun tuwan purun-purun |
ngandhêg kajate wong miskin |
Nabiyolah andêdonga |
takdirulah amarêngi |
pan malêkah kuburira |
ni (m)bok Ngabdullah Johari ||
60. Mêlu saking jroning kubur |
dupi ki Ngabdullah uning |
kalamun rabine gêsang |
mêtu saking kubur linggih |
nanging warna malih ala |

Jilid 2 - Kaca : 264

Ngabdullah matur ing Nabi ||

61. Ya Nabiyolah puniku |
dede rabi kula dhingin |
warnane kalangkung endah |
ayu manis mêrakati |
puniku rupane ala |
nyarungus rambut barindhil ||
62. Nabi Ngisa ngandika rum |
iya rabinira iki |
mulane rupane ala |
bangêt prihatining ati |
ngarsakakên pancabaya |
ing kubur awarni-warni ||
63. Ngabdullah Johari matur |
tuwan suwunna ing Widdhi |
mantuka warnane kuna |
Nabi Ngisa anuruti |
tumênga (n)donga ing Suksma |
nulya warna ayu malih ||
64. Sawuse malih warnanya |
wadon Ngabdullah Johari |
sampun musna Nabi Ngisa |
mangkana Ngabdullah laki |
(m)bojakrama rabinira |
kinudang lawan liniling ||
65. Dhuh bandaraku wong ayu |
kang ngilangakên prihatin |
lawase sira nêng kerat |
baya dinus guna-dhêsthi |
dening kang para malekat |
mundhak antêng (n)jatmikani ||
66. Kathah wêtuning pangungrum |
rabine tan anauri |
kaku atine Ngabdullah |
(n)dodonga katur ing Widdhi |
tumênga ing awang-awang |
jlêg rawuh Nabi Ngisa ris ||
67. Ngabdullah Johari matur |
dhuh kadipundi (n)Jêng Nabi |
rabikula tan kumêcap |
tuwan dongakna ing Widdhi |
inggih sagêta micara |
kadi uripe ing nguni ||
68. Jêng Nabi ngandikanipun |
rabimu uga wus mati |
sira kariya papanggya |
kadya anggane wong ngimpi |

têka sira paripêksa |
kadya uriipe kang dhingin ||

69. Ngabdullah tumêngèng luhur |
anjêlèh matur ing Widdhi |
Hyang Suksma Kang Sipat Rahman |
jlêg tumurun Jabarail |
matur maring Nabi Ngisa |
ya Nabining Hyang sayêkti ||

Jilid 2 - Kaca : 265

70. Ya ta Ngabdullah gya matur |
mring Malekat Jabarail |
minta gêsanging rabinya |
supados bisaa angling |
angandika Nabi Ngisa |
èh kisanak Jabarail ||

71. Pintên karine kang umur |
pun Ngabdullah lanang mangkin |
Jabarail aturira |
kawula (m)botên udani |
malih Nabi angandika |
yèn makatên (n)dika bali ||

72. Matura Hyang Maha Agung |
gya mentar ki Jabarail |
wus praptèng Kalaratulah |
pangandikane Hyang Widdhi |
umure wau Ngabdullah |
nênggih kantun sèkêt warsi ||

73. Malekat Jabrail wangsul |
pangguh lawan Kangjêng Nabi |
ngaturakên umurira |
ki Ngabdullah ingkang kari |
sampun Nabiyolah amba |
matur Kalaratulah ||

74. Amung kantun sèkêt taun |
umure Ngabdullah mangkin |
tuwan tari lamun suka |
angsong umure sapalih |
dèntari Ngabdullah lila |
asung umure sapalih ||

75. Malih Jabarail matur |
ya Nabiyolah puniki |
isimulah tuwan waca |
kalimah pipitu amrih |
tuwan kawasa amulat |
ing kodratulah kang gaib ||

76. Mangka Nabi Ngisa gupuh |
andodonga maca isim |

-mulah kang pitung kalimah |
saking mujijating Nabi |
Ngisa Roholah kalawan |
bêrkating ngisimulahi ||

77. Nulya (m)bok Ngabdullah matur |
atur salam mring (n)Jêng Nabi |
sawusira sinauran |
Nabi lajêng mituturi |
eling-eling (m)bok Ngabdullah |
aja kiyanat ing laki ||

78. Lan aja cidra ing kakung |
dènsêtya tuhu ing laki |
dèngêdhe tarimanira |
mring lakinira dènwêdi |
wong palacidra ing priya |
papa naraka pinanggih ||

79. (m)Bok Ngabdullah aturipun |
ya Nabiyulah kang mugè |
angsala sapangat tuwan |
(m)botên pisan-pisan kami |
sêdya acidra ing priya |
punapa wawalêsmami ||

Jilid 2 - Kaca : 266

80. Sinungan sapalih umur |
tur agêng sihe kapati |
dhumatêng awak-kawula |
laki-kawula nuhoni |
jangjine sabaya-pêjah |
paran sagêda gumingsir ||

81. Nabiyulah ngandika rum |
èh ki Ngabdullah Johari |
wis ajakên rabinira |
mulih ngomahira nuli |
lawan ingsun amêmêkas |
mring sira poma dèneling ||

82. Bilainira ing pungkur |
dadalan rabimu iki |
yèn sira aduwe kajat |
arêp katêmu lan mami |
aja tinggal marganira |
kang uwis kalakon dhingin ||

83. Gaib Nabi musna sampun |
Ngabdullah kari jalwèstri |
nulya mangkat maring wisma |
sajroning nagara Mêsir |
lumaku alon nêng marga |
bungah manahe tan sipi ||

84. Dupi lakune mèh tutug |
lawang watêsing nagari |
angucap Ngabdullah lanang |
rubiyah rèrèna dhingin |
ingsun anjupuk makêna |
lawan kukudhung wastradi ||
85. Karana iki malêbu |
ing praja kèh wong udani |
mring sira nora makêna |
pasthi akèh kang ngèsêmi |
ingsun ingkang kawirangan |
pae dhingin ingsun yayi ||
86. Kala pisah lan sirèku |
polahku kaya wong baring |
mêngko mulih kajatmikan |
rèrèna ing kene dhingin |
ingsun anjupuk makêna |
ki Ngabdullah nulya mulih ||
87. Maratuwane katêmu |
anulya dipun tututi |
èh rama putra-andika |
ing mangke pan sampun urip |
maratuwane angucap |
sira iki andalêming ||
88. Ngêndi ana wong wis lampus |
têlung taun bisa urip |
ki Ngabdullah asru ngucap |
ing mangke (n)dika tingali |
kawula nêdha makêna |
lawan kukudhung dènaglis ||
89. Kawula ajake mantuk |
anulya dipun ulungi |
Ki Ngabdullah nulya kesah |
age-age banjur mampir |
atutuku papanganan |
dêdoyanane kang èstri ||
90. Sawusira atêtuku |
marang (n)gènnira kang èstri |
kapanggih Ngabdullah ngucap |
yayi sun wus tigang warsi |
tan wruh rasaning panganan |
lah payo sarêng ambukti ||
91. Dènatag nganggo kukudhung |
lan makênanira nuli |
lumaku alon-alonan |
kawêngèn anèng ing margi |
wimbuh sukaning wardaya |

sapraptanira ing kori ||

92. Katêmu minêb kang pintu |
alèrèn pinggiring kori |
angucap Ngabdullah lanang |
sun iki kaliwat arip |
lawase pisah lan sira |
durung wruh rasaning guling ||

93. Lah pangkunên sirahingsun |
sadhela ingsun aguling |
gya pinangku sirahira |
Ngabdullah marang kang èstri |
lajêng kapati anendra |
kadya mas kalêbèng warih ||

155. Maskumambang

1. Malah kongsi karainan maksih guling |
kasorotan surya |
cahyanira anêlahi |
sênênning agama mulya ||
2. Kawarnaa sri naranata ing Mêsir |
miyos acangkrama |
praptèng lawang aningali |
marang Johari Ngabdullah ||
3. Pan aturu sirahe pinangku èstri |
warnanira endah |
kagiwang sang natèng Mêsir |
aningali (m)bok Ngabdullah ||
4. Angandika aris sang raja ing Mêsir |
èh sira wong apa |
anèng kene dene sarwi |
mangku sirahe wong edan ||
5. Dene eman warnanira ayu luwih |
lulut ing wong edan |
pantês dadya garwamami |
tur sira mukti wibawa ||
6. (m)Bok Ngabdullah kumênnyut mulat sang aji |
dening bagusira |
sarta pangandika manis |
umatur wadon Ngabdullah ||
7. Tuwan sintên angandika raja mêsir |
iya ingsun raja |
ing Mêsir ingkang ngratoni |
matur malih (m)bok Ngabdullah ||
8. Yèn makatên tuwan ingkang angratoni |
mring awak-kawula |
lah kawula nyuwun adil |

(m)botên suka botên lila ||

9. (ng)Gih kawula kianiaya wong baring |
puniki kang nendra |
pêksa marusa ing mami |
yèn botên tuwan ukuma ||
10. Pasthi ulun nagih ing akerat benjing |
nèng ngayunaning Hyang |
paduka kang uluntagih |
yèn tan ngukum wong niaya ||
11. Ratu ingkang kuwajiban angadili |
mring wong nganiaya |
dene kawula puniki |
tanayanipun ki Suplan ||
12. Sampun mashur sajroning nagari Mêsir |
ki Suplan santosa |
duk wingi kawula lagi |
arsa ngujung mring wong tuwa ||
13. Anèng marga cinêkêl saking ing wingking |
mring titiyang edan |
puniki kang lagi guling |
dipun enggal adilana ||
14. Wus tumêdhak raja Mêsir ngandika ris |
apa karêpira |
umatur Ngabdullah èstri |
tuwan tugêla kang murda ||
15. Nuntên amba tuwan bêkta dhatêng puri |
gya anarik pêdhang |
karsa amêdhang kang guling |
mèh lali ing kukumulah ||
16. Marmaning Hyng Kanggêg manahe sang aji |
ngunandikèng driya |
eman jênêngingsun aji |
dadya aris angandika ||
17. Èh wong ayu sira manjinga jro puri |
anungganga jaran |
mêngko sapungkurmu yayi |
sun patenane si edan ||
18. Eman sira aja kacipratan gêtih |
mêngko yèn wus pêjah |
ingsun mulih marang puri |
lah mara sira dènenggal ||
19. Sirahira kang lanang sinèlèh siti |
wus anitih kuda |

Jilid 2 - Kaca : 268

- banjur lumêbèng jro puri |
ana dene ki Ngabdullah ||
20. Gumalundhung nèng siti maksih aguling |
raja Mêsir agya |
pêdhangnya cinêlup gêtih |
ing menda binêktèng pura ||
21. Sarawuhe ing pura sri narapati |
animbali marang |
ni (m)bok Ngabdullah Johari |
andikanira sang nata ||
22. Yayi uwis ngongpêdhang wong edan mati |
anulya cinandhak |
pêdhang ana tilas gêtih |
dinilat mring (m)bok Ngabdullah ||
23. Têka eram raja Mêsir aningali |
mring pratingkahira |
wadon Ngabdullah Johari |
ngandika sajroning nala ||
24. Iya apa sababe wong edan asih |
mring wong iki iya |
pratingkahe sun-yêktèni |
atine kaliwat ala ||
25. Kawarnaa ki Ngabdullah kang aguling |
kasorotan surya |
ngalilir banjur alinggih |
mulat rabine tan ana ||
26. Dipun nyana mulih maring kubur malih |
sinusul tan ana |
mring wismane tan kapanggih |
martuwane tinakonon ||
27. Martuwane anêbut sarwi nuturi |
aduh anakingwang |
rabimu uga wus mati |
lawase wus tigang warsa ||
28. Sira tunggu kubure raina wêngi |
mêngko takon mring wang |
sira iku maksih baring |
budimu akulèwèran ||
29. Pan anjêlèh sirahe Ngabdullah sarwi |
pinopok ing lêmah |
tatanggane padha angling |
ki Ngabdullah nyata edan ||
30. Ngêndi ana wong wis mati bisa urip |

Jilid 2 - Kaca : 269

sira tutur gêsang |
padha dènguguyu maring |
wong kathah sasolahira ||

31. Pan awuwuh Ngabdullah sataun malih |
prihatinirèng tyas |
lali nadhah lawan guling |
saya sru ngasmarèng driya ||

156. Asmaradana

1. Kang duwe hikayat angling |
sawiji dina Ngabdullah |
Johari linggih ing bango |
prênah sapinggiring ratan |
anuju kajinêman |
nyinggahakên wong lumaku |
kabèh kang rupa wong lanang ||
2. Milane mangkono dening |
para garwane sang nata |
sadayanya arsa miyos |
papara arsa mring sêndhang |
mila sakèh wong lanang |
kang samya anèng lulurung |
tuwin kang anèng ing pasar ||
3. Sadaya padha sumingkir |
amung kari ki Ngabdullah |
alinggih ngisoring bango |
anèng sapinggiring marga |
mangkana ciptanira |
bayèngsun ing mêngko wêruh |
para garwane sang nata ||
4. Ayu êndi warnanèki |
lawan rabiku (m)bok jênat |
sunlinggih ing kene bae |
prandene sun wus ingaran |
wong edan mring wong kathah |
mangsa kênaa sisiku |
kajinêman nulya prapta ||
5. Angucap akon sumingkir |
èh wong edan alungaa |
aja alinggih ing kene |
ki Ngabdullah tan alunga |
banjur wong kajinêman |
kasusu ing praptanipun |
ingkang para dhayang-dhayang ||
6. Samya anitih turanggi |
têgêse pra dhayang-dhayang |
para rara para wadon |
dhayang sawiji angucap |
lah wong edan lungaa |

padha rewange sumaur |
karêpe iku wong edan ||

Jilid 2 - Kaca : 270

7. Margane kapatèn rabi |
aja sira urah-urah |
pan iku alungguh bae |
ajêjêl ingkang lumampah |
pra rabining satriya |
nulya rawuh para arum |
para garwaning sang nata ||
8. Saking kathahe pawèstri |
ana kang arsa sikara |
mring ki Ngabdullah nyawowo |
ki Ngabdullah lincak-lincak |
solahe alêlewa |
dadya samya dèn-guguyu |
Ngabdullah awas tumingal ||
9. Marang para putri-putri |
kang sami anèng wahana |
mangkana Ngabdullah kagèt |
(n)jêngêr mulat rabinira |
awor lan para garwa |
anitih kuda binuru |
cinandhak kênthalènira ||
10. Sarwi ngucap bènêr dhingin |
andikane Nabi Ngisa |
tanarsa anguripake |
marang sira pira-pira |
aturku kang amêksa |
anjaluk marang uripmu |
lan sira dhewe winêkas ||
11. Wawarah dènwasiyati |
aja sira palacidra |
maringsun aja anggawe |
susah marang atiningsun |
karana uripira |
iku pinaringan umur |
saparone umuringwong ||
12. Têlung taun sun prihatin |
apisah kalawan sira |
lan wuwuh sataun manèh |
ingsun edan saking sira |
sing palacidranira |
(m)bok Ngabdullah dahat rêngu |
kasêrêngan ujarira ||
13. Ya pagene maksih urip |
sira nora pinatènan |
mêngko gulumu pêdhote |

gya cinandhak tanganira |
mudhun saking titiyan |
Ngabdullah acêluk-cêluk |
kabèh kawulaning Suksma ||

14. Padha tingalana ugi |
yèn wong iki rabiningwang |
uwis sataun lawase |
minggat sing tanganingwang |
kaliwat palacidra |
Ngabdullah nulya kinêpung |
dening wong dalêm sadaya ||
15. Samya angrêbut nulungi |
mring rabine ki Ngabdullah |
ana kang mêngkang tangane |
ana anapuk andugang |
ana ingkang amala |
nanging ta nora karêbut |
akancing panyêkêlira ||
16. Dèn palaur jêlih-jêlih |
saking larane Ngabdullah |
pinala wong wadon akèh |
panyêkêle nora uwal |
dadya samya tinilar |
kasusu rawuh sang prabu |
kagyat Ngabdullah tumingal ||
17. Johari nyêkêl kang èstri |
rinubung dening wong kathah |
kandhêg sang nata lampahe |
kang magêrsari akapang |
nyêdhak marang Ngabdullah |
nulya ki pangulu rawuh |
munggèng wurine sang nata ||
18. Ngabdullah awas ningali |
mring pangulu anèng wuntat |
anulya dènarêpake |
sarya sru matur mangkana |
èh damaring nagara |
kawula anêdha kukum |
ing tuwan witte mangkana ||
19. Rabingong minggat mring puri |
dènumpêtakên sang nata |
inggih sataun lamine |
ki pangulu atur sêmbah |
ya gusti Sahing Ngalam |
punika tiyang majênun |
andakwa dhatêng panduka ||
20. (ng)Gih sêlir-dalêm kakasih |

Jilid 2 - Kaca : 271

- ingkang cinêpêng punika |
apan inganggêp rabine |
kadya punapa parentah |
tuwan dhatêng kawula |
sang nata sangêt kumupyur |
marinding mulat Ngabdullah ||
21. Kêkês sariranirèki |
rumangsa olèh dêduka |
mangkana lon andikane |
lah takonana apa |
duwe saksi bayinat |
sigra kiyai pangulu |
tatanya maring Ngabdullah ||
22. Apa sira duwe saksi |
èh majnun ngaku rabinta |
Ngabdullah asru saure |
tuwan mundhut saksi-para |
ki pangulu saurnya |
saksi loro bae cukup |
Ngabdullah Johari mojar ||
23. Saksi kawula Hyang Widdhi |
kapindo (n)Jêng Nabi Ngisa |
kang minangka saksiningong |
ki pangulu angandika |
lah mara têkakêna |
Nabiyulah Ngisa iku |
yèn gèlêm mungguh bayinat ||
24. Iya sun wèhakên nuli |
wong wadon iku mring sira |
Ngabdullah lunga mring (ng)gonne |
kalanira prajanjian |
kalawan Nabi Ngisa |
sapraptanira agupuh |
tumênga maring ngawiyat ||
25. Mattur ring Hyang Mahasuci |
mugi amba panggihêna |
lan Nabi Ngisa samangke |
mustajab pandonganira |
saking eklasing manah |
jlêg Nabi Ngisa tumurun |
anèng ngarsane Ngabdullah ||
26. Sumungkêm ing suku aglis |
Ngabdullah saha turira |
Ya Nabining Hyang kang awèh |
sapangat ing wong kasiyan |
amba dipun niaya |
inggih dhumatêng sang ratu |
ing Mêsir rabikawula ||

27. Dèn-umpêtakên wus lami |
mangke kapanggih kawula |
kula tédha botên awèh |
anêdha saksi bayinat |
nyatane rabiamba |
yèn ta prapta saksinipun |
sinungkên èstri kawula ||
28. Andikanira (n)Jêng Nabi |
yèn mangkono payo enggal |
suntêmonane sang katong |
gya mangkat sira Ngabdullah |
(n)dhingini lampahira |
sarwi lumayu-lumayu |
wus prapta sru dènnya ngucap ||

Jilid 2 - Kaca : 272

29. Èh kali-damaring nagri |
ika Nabi Ngisa prapta |
ya ta kagyat sang akatong |
myarsa Nabi Ngisa prapta |
miwah pangulu samya |
agupuh dènnira mêthuk |
sang nata sawadyanira ||
30. Mangkana cundhuk sang aji |
mangrêpa mring Nabi Ngisa |
Alkamdulillah ature |
tuwan anêdhaki amba |
pan pira-pira nikmat |
tuwan kang sampun dhumawuh |
ing kula margi Ngabdullah ||
31. Mugi winêngangna kang dasih |
ngujung dalamakan tuwan |
Ki Ngabdullah sru wuwuse |
lah pundi rabikawula |
mugi tuwan tédhakna |
samangke mangke sang prabu |
kèndêl tan bisa ngandika ||
32. Gumêtêr sariranèki |
karingête areweyan |
saking jrih tumêkèng batos |
nyana katêkan dêduka |
-ning Hyang wus ngrasa salah |
pangulu tarampil matur |
ya tuwanku Kabibullah ||
33. Rabine Ngabdullah yakin |
sampun pêjah tigang warsa |
kadya punapa kukume |
kawula anyuwun wulang |
ngandika Nabi Ngisa |
mangkana purwane iku |

rabine Ngabdullah pêjah ||

34. Wus têlung taun ananging |
Ngabdullah bangêt (n)dêdonga |
(n)jaluk uripe rabine |
mangka ngêndikaning Suksma |
mring sun kinèn dadiya |
iya lantaraning atur |
anêmoni si Ngabdullah ||
35. (n)Jaluk uripe kang èstri |
sunsuwun Kalaratulah |
kalilan dening Hyang Manon |
nuli ingsun andêdonga |
urip wadon Ngabdullah |
ananging umure puput |
nora bisa barang-barang ||
36. Mangka nuli dènwènèhi |
umur marang ingkang lanang |
iya saparo umure |
mulane bisa lumampah |
mulih barêng kang lanang |
wadon Ngabdullah sumaur |
asugal wicaranira ||
37. Iku Nabi Ngisa gidib |
sinêrêg maring Ngabdullah |
Nabi Ngisa ngandikane |
apa sira nora arsa |
duwe laki Ngabdullah |
wadon Ngabdullah umatur |
abiyas sarta supata ||
38. Dêmi Allah awakmami |
dede bojone Ngabdullah |
mangka Nabi ngandikane |
yèn mangkono ulihêna |
umure si Ngabdullah |
ingkang sira silih iku |
ature inggih sumangga ||
39. Nulya angandika Nabi |
ah wis mati (m)bok Ngabdullah |
gulethak tiba patine |
tinutup ing lawang tobat |
ingkang tigang prakara |
dhingin cilakane iku |
(ng)gorohakên Nabiyolah ||
40. Kapindho tinutup dening |
cilaka dènnya upata |
wus tita dêmi Allaha |
ping tri tinutup cilaka |

Jilid 2 - Kaca : 273

iku pan nora kênâ |
sinalatkên patinipun |
mangkana Ngabdullah mulat ||

41. Yèn rachine angêmasi |
Ngabdullah sigra anyandhak |
rasukanira sang katong |
asru mojar èh sang nata |
kang ngumpêtken marang |
rabikawula sataun |
gya Nabi Ngisa ngandika ||
42. Èh raja apa sayêkti |
iku ujare Ngabdullah |
raja Mêsir tur sêmabahe |
inggih sayêktos kawula |
saking (m)botên wuninga |
yèn tiyang èstri puniku |
rabinipun ki Ngabdullah ||
43. Kawula dipun dorani |
kêni rêncananing setan |
sakêdhap kawula supe |
ing mangke sumanggèng karsa |
apan anak kawula |
pawèstri parawan ayu |
kaparingêna Ngabdullah ||
44. Inggih dadosa lintuning |
dosamba dhatêng Ngabdullah |
kula tédha apurane |
Ngabdullah Johari trima |
lajêng minggah aningkah |
Nabi Ngisa ngandika rum |
hèh rara wus bêgjanira ||
45. Yèn aja katrima ugi |
kaya sirna kratonira |
poma aja manèh-manèh |
wèh susah atining bala |
krana wong dadi raja |
witing kabêcikan tuhu |
singgahna manah kèthaha ||
46. Yèn ratu kèthaha budi |
tan angambah adil susah |
ngalamat purêt tédhakke |
nora kongsi turun tiga |
kinêbat wahyuning Hyang |
nora kêlar dadi ratu |
turunne kasurang-surang ||
47. Nasêkah pitutur iki |
kabèh kawulaning Allah |
kang wus padha ngakil balèg |

padha ngalapa ibarat |
padha angrungokêna |
critane hikayat iku |
lan aja ana pracaya ||

48. Iya marang ing pawèstri |
lan aja sira ambuka |
wawadi ana wong wadon |
lan aja nurut ujarnya |
wong wadon iku iya |
bolong atine mring napsu |
sasanga sakèh wanodya ||

Jilid 2 - Kaca : 274

49. Wus kocap pangandikaning |
Suksma kang muni ing Kur'an |
nyaritakakên kandhane |
Nabi Yusup lan kang garwa |
Iya Siti Jaleka |
ngandikanira sang prabu |
Mêsir mring Siti Jaleka ||

50. Utawi pangrêncananing |
setan iku amung iya |
Hyang Suksma sinêbut ènthèng |
dene pangrêncananing dyah |
iku kang luwih awrat |
saking setan godhanipun |
wus lanas ing dalêm Kur'an ||

51. Satuhu rêncananing |
setan iku awis dadya |
hèh eling-eling sakèhe |
wong kang padha wus budiman |
padha amicaraa |
mungguh ayat loro iku |
pangupayane wadon ||

52. Iku kang luwih pribadi |
angluwihi saking iya |
ing setan pangrêncanane |
kayata kang pangandika |
(n)Jêng Nabi Nayakèngrat |
mungguh caritaku mau |
supaya padha elinga ||

53. Ywa pègat mamintèng Widdhi |
dèndohna sakèh duraka |
aja êsak myang sêrike |
sanadyan uwus kaêcap |
psthine isih kêna |
sinuwun dènemut-emut |
mirib crita dyah utama ||

54. Sagunging kang amiyarsi |

samya nuwun aturira |
mugya angsal barêkahe |
caritanya dyah utama |
ywa pisan-pisan kadya |
Nyi Ngabdullah wong dikêpruk |
dadya isining naraka ||

55. Nahên ta wus lingsir ratri |
pra tamu samya popoyan |
pamit nyai wisma Nikèn |
Pujastuti lon lingira |
bilih panudyèng karsa |
inggi benjing-enjing dalu |
tuwi ngiras miyat wayang ||
56. Ki Panjangmas ingkang ngringgit |
enjing lajêng murwakala |
pun ngantèn èstri kawite |
nugêlkên gandhik lawêdan |
mangsuli samya sagah |
tan pae pra tamu kakung |
samya binêjan sadaya ||
57. Para tamu jalu èstri |
wus umantuk sowang-sowang |
sarimbitan miwah ijèn |
nèng marga ajak-ajakan |
yèn wangsul sasarêngan |
dalune datan winuwus |
enjing amangun sarkara ||

37 VII. Murwakala

Sasampunipun paripurna anggènipun Ki Pujangkara kagungan damêl mantu, enjingipun dhawuh damêl sajèn-sajèn badhe ngawontênakên ruwatan, ringgitan lampahan Murwakala.

Ringgitan kawiwitan kanthi lampahan Partadewa. Ing lampahan wau pandhita-rasêksa Bagawan Krêsnaakesawa ngraga-sukma kadhèrèkakên rayinipun Endhang Mardadari, nganglang dhatêng kaswargan tenjomaya, sumêrêp Arjuna jumênêng Prabu Karithi kaadhêp para widadari garwanipun. Endhang Mardadari rêraosan bilih samirêngipun Arjuna wau gadhah kadang pandhawa lan garwa Dèwi Wara Sumbadra. Prajanjinipun Arjuna sabayapêjah sakadang pandhawa, têka botên dipun tuhoni. Mirêng rêraosan wau Arjuna duka yayahsinipi.

Sukma kabujung, wasana ical ing pratapan Wringinpitu. Bagawan Krêsnaakesawa katêmpuhakên lan adhinipun katêdha, nanging botên angsal. Dados pancakara, sang bagawan dipun lêpasi sanjata badhar dados Bathara Krêsna. Endhang Mardadari dados Sumbadra. Nagari Ngamarta ingkang komplang, dipun lênggahi Bambang Partadewa, kadhatêngan Pandhita Durna ingkang badhe nêlukakên Partadewa sarana cangkriman, nanging malah kawon, lan kawirangan. ...
kaca 275-293.

Jilid 2 - Kaca : 275

157. Dhandhanggula

1. Byar raina warga jalu èstri |

- kang pinatah samya nambutkarya |
wus tapuk anambutgawe |
rêrsik ngatur-atur |
Pujastuti marintah maring |
pangagêgning madharan |
ing samêktanipun |
sajèn miwah sarat-sarat |
ing pangruwat kanggenipun benjing-enjing |
panyuwune ki dhalang ||
2. Ingkang badhe tumrap anèng kêlir |
tutuwuhan sajodho kang pêpak |
gêdhang têbu cêngkir lêngèn |
pari rong gèdhèng wulu |
cikal kalih wah ayam kalih |
jalêr èstri cinancang |
kiwa têngênipun |
sajèn tumpêng warna sanga |
tumpêng tutul tumpêng lugas tumpêng kèndhit |
tumpêng pucuk lombok bang ||
3. Tumpêng magana janganan isi |
tumpêng magana isi wak ayam |
tumpêng rajêg dom-wajane |
tumpêng tigan ing pucuk |
tumpêng sêmbur jangkêp nawèki |
karoso kalih ingkang |
miji isinipun |
sêkul ulam pan ginantang |
anèng kiwa pungkasaning ingkang kêlir |
sijine isinira ||
4. Pala pêndhêm kasimpar mawarni |
uwos pêthak wowohan kang pêpak |
tinimbangkên pagantange |
nèng kêlir têngên pucuk |
sajèn klapa pandhan sawiji |
bantal anyar satunggal |
sinjang warni pitu |
sadodot polèng bintulya |
dringin songèr tuluhwatu gadhung-mlathi |
liwatan bangun-tulak ||
5. Pandhan-binêthot jangkêpirèki |
sadhiyaa sinjang kêmbên pêthak |
kang badhe dènanngge sibèng |
wusing kangge puniku |
kyai dhalang ingkang (n)darbèni |
yèn jalêr kang rinuwat |
ikêt sinjangipun |
kalih iji pangot waja |
miwah kropak ingkang wiyar sarta aking |
satêkêm kathahira ||
6. Sêkul wuduk lêmbaran warna tri |

ayam cêmêng ayam pêthak ingkang |
sami mulus sadayane |
antigan ayamipun |
jadah warni sapta bang putih |
biniru sarta jênar |
kêndhit tutul sampun |
kêtan kuning cêmêng pêthak |
biru ijêm wajik jênang-dodol manis |
jênangan warni sanga ||

7. Winadhahan ron pisang tinakir |
myang klothokan gêdêbog pinindha |
takir sinami isine |
jênang blowok bang biru |
ijêm pêthak cêmêng myang kuning |
jênang lêmu sanganya |
kang jênang bêkatul |
sarabi awarni sanga |
irêng biru wungu ijo tutul kuning |
bang pêthak isèn gula ||

Jilid 2 - Kaca : 276

8. Inggang abang lawan bikang putih |
awug-awug ampyang sapêpaknya |
pondhoh pipitu warnane |
bang putih irêng biru |
ijêm wungu saptanya kuning |
lêgondhoh lêpêt kupat |
wêwungkusanipun |
mêndut limus nagasêkar |
clorot pudhak êntul-êntul srabi utri |
myang pipis warna-warna ||
9. Pulagimbal miwah pulakringsing |
tinunggilkên mung dadya sawadhah |
rêrêmikan sapêpake |
wowohan sahnanipun |
tukon-pasar ingkang miranti |
yatrane kalih uwang |
rujak warninipun |
rujak bakal sarwa wêtah |
rujak dhêplok rujak crobo rujak dultit |
rujak lêgi sawadhah ||
10. Gêcok-bakal lombok uyah trasi |
brambang bawang ulam mesa mêngtah |
gêcok-gêsang kalih lele |
gêcok-dadi trinipun |
tigan ayam mêngtah sarakit |
sakêmbar glaran pacar |
saunting kang kayu |
bumbu-bumbu ingkang pèpak |
wolak-walik pècêl pitik jangan mênir |
sêga golong kêcambah ||

11. Êmpon-êmpon sapêpakirèki |
 pala gumantung pêndhêm kasimpar |
 mêntah matêng sajangkêpe |
 dados sawadhah kumpul |
 bêndho lading jujungkat suri |
 kaca payung tumumpang |
 jajan-pasaripun |
 tindhih salawe dhuwitan |
 alang-alang godhong dhadhap srêp saunting |
 myang godhong apa-apa ||
12. Ungkêr siji lênga sundhul-langit |
 lawe saukêl ingkang pêthak |
 sêkul asahan nginggile |
 pinupuk punar sêkul |
 kupat luwar sakawan iji |
 bêras pêthak sadangan |
 klapa gundhil jalu |
 dènbêt-ubêt lawe wênang |
 têlung ubêt walikukun papat iji |
 panjang sami sahasta ||
13. Lisah kalêntik kêbak sacangkir |
 êjar blencong tiga têng kang arta |
 sagoci bêt isi têtès |
 sagoci badhègipun |
 we têtampuran dipun-wowori |
 we sumur warni sapta |
 sêkar sêtaman rum |
 têlu têng kobokan arta |
 abahaning pawon kang pêpak miranti |
 pêngaron ingkang anyar ||
14. Kêndhi anyar kinêbakan warih |
 lisah kacang sagêndul kang kêbak |
 dilah murup nêng clupake |
 dalingo bawangipun |
 tindhih arta salawe dhuwit |
 pisang ayu tangkêban |
 miwah suruh ayu |
 saadune ingkang pêpak |
 gêndhis klapa satangkêp tindhihirèki |
 suwidak wang têtmbaga ||
15. Sampun cêkap tan na malih-malih |
 sacêkape wa kula sumangga |
 kang tampi dhawah ature |
 sandika nulya gupuh |
 paparentah rêh-rèhanèki |
 wus samapta sadaya |
 sarat-sajèn suguh |
 kêlir gamêlan tinata |
 sarat-sarat kang tumrap pungkasan kêlir |

Jilid 2 - Kaca : 277

sadaya wus pinasang ||

16. Mas Cêbolang myang sakawan santri |
tumul ngrarakit atata-tata |
wus samapta sadayane |
Sang Hyang Arka sumurup |
palataran pating karêlip |
kang samya wawadayan |
kinang kupu-tarung |
sata eca sêdhêng wadhag |
myang oprokan rokok-klobot Jawa wangi |
wiron dhinèdhès ngambar ||
17. Upêt sêpêt mancing warni-warni |
bakmi ayam saoto kambangan |
cokotên rondhe cêmoë |
wedang tèh lawan bubuk |
dhawêt srêbat cao bir manis |
bêras-kêncur sêmêlak |
lêgèn arèn arum |
panganan gorèn mawarna |
babasahan wuwungkusan amêpêki |
pala pêndhêm kasimpar ||
18. Gêgodhongan ginorèng cinripping |
jênang dodol pondhoh wajik jadah |
jadah gêdhang kêtan ore |
gêthuk juwadah pohung |
cêthot juruh ledre surabi |
jênang cocoh bang-pêthak |
puli awug-awug |
thiwul udhak cabuk-rambak |
grontol inthil gandhos rangin wolak-walik |
ampyang karag bakaran ||
19. Rujak dhêplok gobèt pécêl lotis |
sêga lodhohpindhang gudhang tumpang |
sêga prêcita myang krèngsèng |
sate maesa wêdhus |
sate ayam gudhêg kêbiri |
kupati lonthong lêgandha |
kupati munjit bungur |
sêga-liwêt ulam ayam |
kupati dhocang gorengan ulam mawarni |
antigan pindhang kamal ||
20. Jêruk jambu pakèl pèlêm kwèni |
blimbing dhuku kulampês kokosan |
dhuwêt kelayu lan katès |
nangka manggis kapundhung |
cêngkir dêgan pinaras klimis |
myang sêpête pinindha |
buron dharat laut |
kinarya êmbut-êmbutan |
rarywa jajan swarane pindha garimis |

21. Wusing jajan minggah mring pandhapi |
(ng)gêlar klasa arêbat panggenan |
kumarusuk ting carêngèk |
swara tarung lan talu |
suwuk gangsa kadya kinardi |
sirêp tan ana ngucap |
kang nonton myang tamu |
ing tyas samya ngarsa-arsa |
wêdaling kang wayang binabar ing kêlir |
nilingkên caritanya ||
22. Para tamu jalu miwah èstri |
awit rawuh ijèn sarimbitan |
pinarnahakên linggihe |
sêgahira lumintu |
wus tinata praptaning enjing |
sampêt nora kuciwa |
dhauping kang waktu |
ki wisma mrêpêki dhalang |
Kyai Jurupujangkara wacana ris |
kiraka Panjangêmas ||
23. Prayogine lampahan punapi |
rèhing benjing-enjing lajêng ngruwat |
Panjangêmas lon ature |
ki bêtêl yèn panuju |
Partadewa lampahanèki |
sawatawis kêmbanya |
kathah raosipun |
ki Juru panudyèng karsa |
yèn wis wanci prayogi lajêng ngawiwit |
ki dhalang tur sandika ||
24. Anyêmpala kothak munya gêndhing |
karawitan ambêdhol gununggan |
ngungalakên balenconge |
jêjêrira sang prabu |
ing Ngastina kang anèng ngarsi |
rêsi Pandhita Druna |
lawan sang nindyanung |
kyatingrat Kyapatih Suman |
apêparab Rahadyan Patih Sangkuni |
warangka ing Ngastina ||
25. Awit jêjêr sapiturutnèki |
saya tambah sêsêke kang mulat |
samya niat ngêbyarake |
owêl kalamun mantuk |
katambahan sêdya nyumrêpi |
lampahing Murwakala |
kang wayang pinuju |
mêdal pandhita danawa |

Sang Bagawan Kesawa kang anèng ngarsi |
kadang manodya endah ||

26. Apêparab Endhang Mardadari |
kyai dhalang ngucapkên mangrêngga |
sang Kesawa dhadhepoke |
nênggih Ringin-kapitu |
langkung dènnya amatiragi |
gêntur kasutapanya |
kinasih dewagung |
pratapan ing Ngringin-sapta |
wingit singit arang janma kang udani |
yèn tan kanthi nugraha ||

Jilid 2 - Kaca : 279

158. Kinanthi

1. Dangu dènnya imbal wuwus |
lan kadang Dyah Mardadari |
apa ananing patapan |
tanêm-tuwuh warni-warni |
nulya mring sanggar pamujan |
sang wiku mangsah sêmadi ||
2. Kadang èstri datan kantun |
tumutur maladi êning |
ngêningkên kang pancadriya |
tan ana swara kapyarsi |
kang kacipta kang katingal |
pucuking grana kapusthi ||
3. Mung pribadi kang sinêbut |
datan pantara sang rêsi |
amati sajroning gêsang |
tan kèri Kèn Mardadari |
wus sami angraga suksma |
ngancik jamaning kapatin ||
4. Yitma sang Kesawa wiku |
Nayarana kang kinardi |
yitma Mardadari Endhang |
Rara Irêng kang kinardi |
samy (n)dêdêl mring ngakasa |
sarwi awawanan angling ||
5. Yitma Mardadari muwus |
kakang ing samêngko iki |
ing karêp wus tinurutan |
kakang pan angèl sayêkti |
pratingkahe mring kamuksan |
Kesawa aris nauri ||
6. Dadine bènêr ujarku |
rara wong kang amrih yêkti |
ora kêna ginagampang |
yèn ora tega ing ati |

pindhone amatiraga |
janaloka tan tinolih ||

7. Sarta patitising sêbut |
kudu ing tekat tohpati |
sakèhing karêp cinêgah |
beda lan kang wus linuwih |
wus mêngêng ing ngarcapada |
sakarêp-karêpe dadi ||
8. Beda sira lawan ingsun |
maksih kulinèng nagari |
marmane angèl kalintang |
sawênèh ana ngarani |
gampang pratingkah kamuksan |
ing ngarêp ginawe gampil ||
9. Sanyata gampang kalamun |
tilar dhahar lawan guling |
nora minum nora sahwat |
tanpa karêp tanpa runtik |
nora saèn lan wirangan |
yèn mangkono pasthi gampil ||
10. Sarta patitising kawruh |
yèn mangkonoa sayêkti |
uga angèl kaya sira |
dene kang mastani gampil |
rara yèn panarkaningwang |
têka nyolong mamaktuli ||
11. Sajatine kurang kawruh |
kasusu kudu ngêngkoki |
mung mikir wajib lan wênang |
mokale tan dènpraduli |
ngaku Hyang Jagatwisesa |
kapan (ng)gonne ngukir langit ||
12. Yèn bukti jegang ngêndhuruk |
yèn turu prasasat mati |
pamaine warna-warna |
dahwèn panastèn sru drêngki |
nêpsune angambra-ambra |
dènècèr dènnya ngêngkoki ||
13. Dene ta sayêktinipun |
sirèku amung sisilih |
karna netra grana sabda |
paliwara kang sayêkti |
êninging tyas iku dadya |
pikukuh dayaning budi ||
14. Kamomorán sira iku |
gêni banyu angin bumi |

Jilid 2 - Kaca : 280

- gêtih atanapi kama |
 marma sira luwih langip |
 yèn sira bisa amisah |
 sêsukêr sajroning ragi ||
15. Dènwaskitha ing pangrêngkuh |
 nora kêna yèn binudi |
 kalawan nalar (n)daleya |
 matur ris Kèn Mardadari |
 kakang duk mau sun miyat |
 abang irêng kuning putih ||
16. Kesawa aris sumaur |
 hèn ta rara wruhanèki |
 duk sira anragasuksma |
 kuning arêrupan adi |
 iku cahyaning kang Suksma |
 wus pêcat mila kaèksi ||
17. Suksma Langgêng wastanipun |
 Suksma Purba kaping kalih |
 Suksma Wasesa ping tiga |
 Suksma Luhur kang mungkasi |
 mêngku nêpsu patang pangkat |
 iku ingkang marentahi ||
18. Suksma Langgêng wastanipun |
 kang irêng mau kaèksi |
 Suksma Purba rupa abang |
 Suksma Wasesa kang kuning |
 dene Suksma Luhur ika |
 iya ingkang rupa putih ||
19. Suksma Langgêng kang dèn-ugung |
 asrêngên sabarang runtik |
 nêpsu (n)dadra ngambra-ambra |
 (n)daluya gung muring-muring |
 dene ingkang Suksma Purba |
 ngugung sakèhing pêpengin ||
20. Karêm mêmelikan iku |
 panastèn murka darêngki |
 dahwèn opènan sêmbrana |
 lonyo mamak êdir dhiri |
 dene kang Suksma Wisesa |
 iku ingkang (m)bêbayani ||
21. Karyane iku nunungkul |
 marang ati ingkang suci |
 yèn niyat amrih utama |
 dèn-gondhèli dènibuntoni |
 binawur mring kuwurira |
 yèn ingkang kalih prakawis ||

22. Jinurung kalantur-lantur |
 amrih rusaking kang dhiri |
 dene Suksma Luhur iku |
 mung sukci tan ika-iki |
 amrih arja sartatama |
 anggung ngajak kurang bukti ||
23. Sajati-jatine iku |
 gagênti Hyang Utipati |
 misesa Suksma titiga |
 Mardadari turira ris |
 apa kang katon gumêbyar |
 nyurêmkên pradanggapati ||
24. Kakang sun kaya sumaput |
 cumlorot ngebat-ebati |
 ika maksih katingalan |
 dene kang patang prakawis |
 kakang wis datan katingal |
 sang Kesawa lon nauri ||
25. Inggang mancorong kadulu |
 cumlorot mancur (m)blêrêngi |
 nyurêmkên soroting surya |
 padhange ngèbêki bumi |
 rara iku Tenjomaya |
 sawarga inggang linuwih ||
26. Manungsane Bathara-gung |
 kang wus tinarima yêkti |
 ginanjar ing Tenjomaya |
 sakarêp-karêpe dadi |
 Mardadari ris turira |
 payo kakang dènparani ||
27. Kakang manira yun wêruh |
 iya yayi luwih bêcik |
 linajêngkên dènnya minggah |
 sinigêg wêdaling ardi |
 ki dhalang nyêmpala kothak |
 mungêl gêndhing Gambirsawit ||
28. Ngadêg risang Pandhusunu |
 ingadhêp pra widadari |
 Dyah Supraba Wilotama |
 Dyah Gagarmayang Warsiki |
 Dyah Prabasini Surendra |
 kapitu Dyah Warsasini ||
29. Kang gangsa nulya jinantur |
 ki dhalang carita aglis |
 swara gandhang titis cêtha |
 nênggih gantya kang winarni |
 sawarga ing Tenjomaya |

kadhaton ing Suranadi ||

30. Yêkti tan kêna cinatur |
endahe ing sawargadi |
sadaya sarwa kancana |
wisma mas pagêre rukmi |
wêdhinya sotya lan mirah |
plataran pating parêlik ||
31. Gapuranira mas ta tur |
rinêngga sosotya adi |
ingukir sinung gupala |
nadyan pagêre capuri |
êmas byur kandêl sahasta |
ubêngira winitawis ||
32. Têmugêlang pitung dalu |
satuhu ngebat-ebati |
gapuranya sungsun sapta |
jawata ingkang (n)jagani |
nanging tan rupa manungsa |
rupa naga wênèh pêksi ||
33. Gapura raja amunggul |
mèh sundhul ing ngawiyati |
kaukir inguparêngga |
sinotya-sotya rinukmi |
pucak gapura sinungan |
sotya gêng sawaluh kênthi ||
34. Mila tan siyang tan dalu |
saking ujwala nêlahi |
dhasarnya sawargaloka |
langgêng nora kêna gingsir |
ingkang rumêksa jawata |
kakalih warni rasêksi ||
35. Dahat ngajrihi gung luhur |
siyungnya anggaru langit |
netra kadya surya kêmbur |
suwara sru (ng)gêgêtêri |
lir barunging gêlap sasra |
wastanya ingkang satunggil ||
36. Bathara Cingkara iku |
lan Balaupata sami |
ngrêksa kori (n)jawi pisan |
asikêp gagaman sami |
pêdhang tamèng tamsir gada |
nolak ingkang sêdya manjing ||
37. Sanadyan pra jawatèku |
sayêkti tan kêna manjing |
sinêngkêr Hyang Girinata |

Jilid 2 - Kaca : 282

- mung isi para apsari |
kang cinadhang Tenjomaya |
manungsa ingkang kinasih ||
38. Siniyan batharanipun |
kang apunjul ing sabumi |
kang kalis ing pancadriya |
wontên titahing Hyang Luwih |
satriya Andananjaya |
tinarimèng Batharadi ||
39. Kalis ing pancana tuhu |
mila siniyan dewadi |
ingambil atmaja priya |
dènadu lan sang yaksaji |
Prabu Newatakawaca |
arsa ngrusak Suranadi ||
40. Sang Parta prangira unggul |
nadyan (n)tuk sihing dewadi |
ginanjar ing Tenjomaya |
rinatu nèng sawargadi |
sinrahkên saisinira |
sagung kang para apsari ||
41. Sang Parta sakayun-kayun |
nora nganggo dènwangêni |
kundura mring marcapada |
jênak anèng sawargadi |
wus winênang de Hyang Siwah |
sakarsa-karsane dadi ||
42. Ing mangke sang Parta nuju |
nèng Tenjomaya wus lami |
siniwi kang para garwa |
sapta ingkang widadari |
kêkasihe waranggana |
Dèwi Supraba lwih adi ||
43. Wilutama kalihipun |
katiga Dèwi Warsiki |
Surendra lan Gagarmayang |
Prabasini Warsasini |
Rêtna Supraba punika |
kang dadya garwa padêmi ||
44. Datan pinanjanging catur |
warnane kang widadari |
ayune wong Marcapada |
kasor dening pra apsari |
mila kinarya babasan |
tobat kaya midadari ||
45. Tanpa gawe yèn ginunggung |

Jilid 2 - Kaca : 283

- ayune pra widadari |
lan narendra Tenjomaya |
sarwa-sarwining pangèksi |
kabèh langêning bawana |
sayêkti tan gothang siji ||
46. Sang Dananjaya kalamun |
siniwi ing sawargadi |
nilar kasatriyanira |
nglênggahi jênênging aji |
bibisikaning narendra |
sang Mahaprabu Karithi ||
47. Duk samana sang aprabu |
lagya siniwi pra rabi |
lênggah munggèng Maderêtna |
aglar andhèr kanan kering |
para garwa para putra |
patutan sing widadari ||
48. Kang lênggah cakêt sang prabu |
mung sang musthikaning swargi |
kothak nulya jinêmpala |
gêndhing ngalik asru ngalih |
sawatara gya sêsêgan |
ngandhêlong suwuking gêndhing ||
49. Pathêt sanga suluk nutug |
tandya ngucapakên ringgit |
kusuma Rêtna Supraba |
umatur saha wotsari |
dhuh sang kalêngkaning jagad |
pun dasih anuwun runtik ||
50. Dene dahat kamipurun |
umatur panduka aji |
dhuh pukulun paran marma |
paran ta kang dadi sisip |
sakenjing datan ngandika |
sanès lan duk wingi-wingi ||
51. Mèsêm ngandika sang prabu |
babo ratuning mamanis |
yayi aywa salahcipta |
nora yèn mangkono gusti |
dhuh yayimas wruhanira |
raosing tyasku sakenjing ||
52. Tansah maras kêpyur-kêpyur |
sumêlang anggung kuwatir |
nêmbah atur Kèn Supraba |
pukulun sri narapati |
punapa dados sumêlang |
dene wus nèng suwargadi ||

53. Kèn Wilutama sumambung |
 pukulun kang bokmanawi |
 raka paduka sang nata |
 kangên garwane kakasih |
 putri adi ing Mandura |
 nadyan kathah para rabi ||
54. Woding tyas amung puniku |
 tuhu musthikaning putri |
 kusuma Wara Sumbadra |
 jêr sang nata sampun lami |
 siniwi nêng Tênjomaya |
 sang nata mèsêm lingnya ris ||
55. Intênku ratuning ayu |
 si kakang nora angimpi |
 maksih jênak sandhing sira |
 kunêng kang lagya pradondi |
 yitma kalih praptanira |
 ngintip satêpining kori ||
56. Mardadari alon muwus |
 nyata yèn ngebat-ebati |
 sawarga ing Tenjomaya |
 Kesawa aris nauri |
 rara payo nuli mêdal |
 wus tutug (ng)gonku ningali ||
57. Payo nutugake laku |
 Mardadari ris nauri |
 kakang sarèhna sadhela |
 pitakonku durung dugi |
 dadine ing Tenjomaya |
 panggonnane pra apsari ||
58. Kakang sapa ingkang lungguh |
 siniwakèng made rukmi |
 dêlênge kaya manungsa |
 ingadhêp pra widadari |
 jarene ing Tenjomaya |
 tan kêna wong lanang manjing ||
59. Sanadyan pra jawatèku |
 iya nora kêna manjing |
 aja kang jalma manungsa |
 sêmune kang linggih iki |
 kaya kang duwe kadhatyan |
 absari minangka rabi ||
60. Kesawa ngandika arum |
 bènêr ujarira yayi |
 sawarga ing Tenjomaya |
 tan kêna ingambah jalmi |
 sanadyan para jawata |

linarang de Hyang Pramèsthi ||

61. Mung kang siniyan dewagung |
minangka lananging bumi |
ingambil putra suraya |
de Hyang Endra Surapati |
iku panêngah Pandhawa |
kadange Sri Darmasiwi ||
62. Duk mau manira tutur |
sapa wonge kang antuk sih |
katrima Hyang Jagadnata |
ginanjar ing sawargadi |
yayi iku wruhanira |
Prabu Karithi linuwih ||
63. Radèn Janaka rannipun |
paparab Radyan Prêmadi |
satriya ing Madukara |
tuhu kalêngkaning bumi |
lalananging jagadraya |
tur kayun pidaraèni ||
64. Bisa urip loro iku |
anèng Marcapada urip |
anèng Endraloka gêsang |
beda lan liya-liyaning |
tan bisa mring Suralaya |
yèn nora kalawan mati ||
65. Yèn Radèn Janaka iku |
sakarêp-karêpe dadi |
pratandha janma utama |
tuhu musthikaning bumi |
Mardadari ris turira |
kakang ingsun ngrungu warti ||
66. Rahadèn Janaka iku |
mring kadange aprajanji |
kalima pisan ubaya |
mati urip aja kari |
papa arja wong lilima |
lan manèh pangrungumami ||
67. Garwane padmi kang sêpuh |
putri ing Mandura nagri |
akèh ingkang para garwa |
mung iku antuk prajanji |
anjanmaa kaping sapta |
nora pisah wong kakalih ||
68. Wusana kakang puniku |
ngenek-enak nèng swargadi |
tan eling kadang myang warga |

Jilid 2 - Kaca : 285

- dadi cidra ing prajangji |
lali kadang warga putra |
saking kalimputing mukti ||
69. Kakang yèn mangkono iku |
tan layak dadi kakasih |
jare lalananging jagad |
musthikaning wong sabumi |
linuwih wong sabuwana |
jêbule lonyo ing janji ||
70. Dadi wêkasane mêsum |
(n)jalêbut kirang utami |
dora dadi loking jana |
sudi-sudine ngarani |
mungguh yèn ta ingsun kakang |
mimitra bae tan sudi ||
71. Kesawa ngandika arum |
rara payo nuli mijil |
mênèk sêlak kawênangan |
Janaka manungsa luwih |
pasthi nora kasamaran |
Mardadari matur aris ||
72. Kakang ingsun durung tutug |
mêngko sadhela lamun wis |
tutug ênggonku tumingal |
Kesawa ngandika aris |
rara sêmune wong ika |
tan samar mring sira mami ||
73. Rara payo age mêtu |
umatur Kèn Mardadari |
mokal kakang yèn uninga |
Janaka manungsa yêkti |
nadyan ingkang para dewa |
mangsa wruha marang mami ||
74. Kesawa ngandika arum |
yèn pra dewa bènêr tan wrin |
nanging yèn Radèn Janaka |
tan samar ing agal rêmit |
sabab wus raga-bathara |
tan loro datan sawiji ||
75. Ki dhalang nyêmpala gupuh |
kêprak kêcèk lan ngêndhoni |
gêndèr mungêl ada-ada |
Janaka kumitir ririh |
kèndêl ingkang ada-ada |
ki dhalang carita malih ||
76. Wau ta Kirithi prabu |

- wus dangu dènnya mangèksi |
 yitma kalih rêrasanan |
 sariranya dènrasani |
 ingumpah dènundhamana |
 sang nata duka tan sipi ||
77. Jajabang-malatu-latu |
 kumêjot padoning lathi |
 yitma kalih anggraita |
 yèn sang prabu dahat runtik |
 ki dhalang nyêmpala kothak |
 sêsêg palajêngan muni ||
78. Yitma kakalih umamprung |
 Janaka tumêdhak aglis |
 saking ing dhampar kancana |
 jumangkah gya dèn-gondhèli |
 mring Supraba saha garwa |
 gangsa suwuk crita malih ||
79. Èh si nanêka ywa mlayu |
 tutugna wuwusmu dhisik |
 saparanmu dene dahat |
 mêjanani mring Prêmadi |
 dèntangguh aja lumajar |
 Supraba kagyat miyarsi ||
80. Kang raka duka kalangkung |
 umatur saha wotsari |
 pukulun wontên punapa |
 paduka yayah sinipi |
 sumbar-sumbar tan lawan |
 dhuh èngêta prabu mami ||
81. Pra garwa sadaya muwus |
 sri narendra dèn-gondhèli |
 pra sami matur ngrêrêpa |
 pukulun sri narapati |
 têka salah panggraita |
 punapa ingkang kaèksi ||
82. Sang nata ngandika asru |
 uculêna yayi dèwi |
 sun nora salah graita |
 layak sira tan udani |
 wus yayi padha kariya |
 pun kakang aminta pamit ||
83. Pra garwa kinipatkên wus |
 mungêl palajêngan malih |
 lumajêng sarwi ngandika |
 antènana ywa ngoncati |
 para garwa kang tinilar |
 karuna ngungun tan sipi ||

84. Kèn Supraba ngandika rum |
 wis padha mènèdela yayi |
 mokal yèn salah paningal |
 (n)jèng pangran manungsa luwih |
 pasthi tan salah graita |
 nêngna kang para absari ||
85. Ing Tenjomaya kapungkur |
 sang Parta tansah nututi |
 yitma kakalih lumajar |
 uninga yèn dèntututi |
 sang Parta tansah susumbar |
 mandhêga aywa ngoncati ||
86. Ing kene padha prang pupuh |
 sakarêpmu sunladèni |
 aja sira ngundhamana |
 arêp ngayoni Prêmadi |
 ngakuwa wong ngêndi sira |
 sapa jênêngmu cariwis ||
87. Mardadari langkung ngungun |
 dene sang Parta nututi |
 kinira datan uninga |
 ngandika sang maharêsi |
 tan linyok ujarku apa |
 si Janaka anututi ||
88. Duk mau manira tutur |
 gya ngêmpêt yitma kakalih |
 cumalorot kadi kilat |
 sang Parta tansah nututi |
 tutwuri saparanira |
 sarwi aso angêntèni ||
89. Wus pêrak ing dhepokipun |
 pratapan kang Sapta-wringin |
 yitma kalih musna ilang |
 sang Parta kecalan lari |
 ngungun mangu jroning nala |
 nanging mêksa nêdya ngungkih ||
90. Tan lêga raosing kalbu |
 kalamun nora pinanggih |
 suka matia nèng wana |
 wau ta yitma kakalih |
 wus sami manjing angganya |
 saengga tangining guling ||
91. Sang Kesawa pungen-pungen |
 lan ari Kèn Mardadari |
 lir kaduwung solahira |
 ya ta Rahadyan Prêmadi |
 dumrojog tanpa larapan |

Jilid 2 - Kaca : 287

prapta ngarsane sang yogi ||

92. Ki dhalang nyêmpala dhrudhug |
palajêngan suwuk nuli |
ada-ada maksih sanga |
kêprakhya tinitir ririh |
nutug dènya ada-ada |
ki dhalang carita malih ||
93. Sang Kesawa lon umatur |
ngaturan sênggang pambagi |
ing wingking pundi pinangka |
sintên sinambating wangi |
aris nauri sang Parta |
yèn sira tumbuh ring mami ||
94. Arya Dananjaya ingsun |
iya Rahadyan Prêmadi |
Arjuna iya Palguna |
Janaka Prabu Karithi |
sinatriya Madukara |
madyaning Pandhawa mami ||
95. Hèh sang tapa sapa ranmu |
ya ta sang wiku duk myarsi |
pangandikane sang Parta |
angguguk aris nauri |
dhuh babo saijab-ijab |
jênênge têka (n)dhèwèki ||
96. Radèn (n)dangu nama ulun |
kula botên gadhah nami |
nunut paduka kewala |
ingkang sampun sugih nami |
sang Dananjaya duk myarsa |
wangsulanira sang yogi ||
97. Sêmu duka dahat ngungun |
dhasaring tyas durung lilih |
nalika ambujung yitma |
ngandika sru sêmu runtik |
hèh sang tapa wruhanira |
praptènggong ngarsamu iki ||
98. Ingsun ngupaya buronku |
parane marene pasthi |
sira ingkang nyingidèna |
sang wiku aris nauri |
tan wontên kidang mênjangan |
sang Parta ngandika malih ||
99. Dudu kidang kang sun lurus |
manungsa lanang lan èstri |
kang dèn-ungsi pasthi sira |

Jilid 2 - Kaca : 288

- hèh sang wiku aywa kumbi |
yèn sira nora pasaja |
dadi liru sira pasthi ||
100. Sang wiku alon umatur |
radèn sumangga sakapti |
têmên kula tan uninga |
ya ta Rahadyan Prêmadi |
sadangunira raosan |
seje ingkang dèntingali ||
101. Sawingkingira sang wiku |
unggyaning Dyah Mardadari |
sang Parta datan darana |
ngandika sru hèh sang yogi |
sapa kang nèng wurinira |
apa kadang apa rabi ||
102. Tuwin apa atmajamu |
sang wiku duk amiyarsi |
pangungunira ing driya |
têku (ng)glathak pyayi iki |
wasana aris turira |
punika kadangkulèstri ||
103. Sang Parta ngandika arum |
yèn mangkono sang ayogi |
kadangira ingsun alap |
arsa manira (ng)go rabi |
sang wiku aris turira |
radèn amba nyuwun runtik ||
104. Kadang-kawula puniku |
sayêkti wus darbe laki |
sun tan wêdi mring kang lanang |
sira wiku ywa ngacuwis |
pangomèlmu tanpa karya |
cêkak bae ja ran kapti ||
105. Sira bangga apa nutut |
yèn nutut kadangmu èstri |
aturna jênêngmanira |
yèn bangga ingsun ladèni |
dak uja sakarsanira |
ya ta sang wiku duk myarsi ||
106. Sangêt krodha lir tinunu |
netra (n)dik ngandika wêngis |
hèh si anêka gumampang |
têka lumuh sunajèni |
dumèh wong ngarga tinarka |
tan wani marang priyayi ||
107. Iki tibane patimu |
gangsapa palajêngan muni |

tinubruk kinêmah-kêmah |
sinabêtakên waringin |
binuwang wus tiba têbah |
sang Parta wangsul marpêki ||

108. Kesawa krodha tumanduk |
angundha sela saèsthi |
sang Parta binandhêm endha |
nulya amênthang jêmparing |
lumêpas astra tumama |
sang wiku niba ngêmasi ||

Jilid 2 - Kaca : 289

109. Wangke musna tan kadulu |
ayak-ayakan kang gêndhing |
mêdal sang narendra Krêsna |
mèsêm angawe kang rayi |
sang Arjuna duk tumingal |
gupuh dènnya malajêngi ||

110. Gapyuk anungkêmi suku |
umatur saha wotsari |
dhuh pukulun aksamanta |
dene langkung kumawani |
tan graitu yèn paduka |
sokur kapanggih basuki ||

111. Sri Krêsna ngandika arum |
ya bangêt tarima-mami |
kaipe nora kayaa |
gawe prihatine ngati |
Rêtna Sumbadra wotsêkar |
mangraup padaning laki ||

112. Ayak-ayakan sinuwuk |
nulya suluk lantik-lantik |
yun gantya pathêt manyura |
sakèndêling suluknèki |
ki dhalang ngucapkên Krêsna |
awawarti mring Prêmadi ||

113. Kaipe kawruhanamu |
ing Cintakapura nagri |
katêkan mungsuh prawira |
Bambang Partadewa nami |
dene kadang-kadangira |
êmbuh mati êmbuh urip ||

114. Marma tilar prajanipun |
tandya mundur Pandhusiwi |
wara Sumbadra binêkta |
dinunung nêng ali-ali |
Krêsna nusul (n)jumentara |
gambuh Kututmanggung gêndhing ||

159. Gambuh

1. Ginantya adêgipun |
Bambang Partadewa anèng ngayun |
Gathutkaca lawan Tambakganggêng patih |
wus ngêlik gêndhing jinantur |
kyai dhalang gya cariyos ||
2. Sigêg Ringin-kapitu |
mangkya gantya kang winarnèng kidung |
Partadewa pinarak madyèng pandhapi |
ngandika hèn kaki prabu |
Gathutkaca putraningong ||
3. Mêtua sira kulup |
lah pêthukên dhayoh kang yun rawuh |
kang liningan nêmbah sapraptaning (n)jawi |
nuju praptane sang wiku |
dyan arya matur wotsinom ||
4. Pukulun sang awiku |
ingaturan laju mring kadhatun |
Rêsi Durna mèsêm aris anauri |
kalingane sira kulup |
kinèn amêthuk maringong ||
5. Wus kerit sang awiku |
sinêsêkkên gêndhing wus tumundhuk |
ingacaran ri wusnya atata linggih |
Brêkututmanggung sinuwuk |
Sri Partadewa lingnya lon ||
6. Katuran sang awiku |
panakrama-mba sarawuhipun |
wiku sabda kalangkung tarima-mami |
panakramanta sang prabu |
katampèn ing ngasta karo ||
7. Partadewa umatur |
punapa wontên karsa sang wiku |
prapta nagri ing Cintakapura ngriki |
aris manabda sang wiku |
hèn robaya praptaningong ||
8. Ingutus sang aprabu |
manira baya kinèn andangu |
sira ngaku mitrane Sri Darmasiwi |
sang nata nêmbè angrungu |
manira marmane kinon ||
9. Ngyêktèkkên yaktinipun |
hèn robaya manira yun wêruh |
saking pundi pinangka miwah sudarmi |
sang Partadewa lingnya rum |

Jilid 2 - Kaca : 290

lamun palibaya takon ||

10. Inggih pinangka ulun |
saking ing Kelasarupa gunung |
kang ayoga sang Kelatarupa Rêsi |
sang Kumbayana duk ngrungu |
angguguk sarya nabda lon ||
11. Yèn makatên saèstu |
jêngngandika ing jagad pinunjul |
awit wêton ing Kelasarupa wukir |
wus kuna limpat ing kawruh |
agal alus rungsit elok ||
12. Nêdha sira kalamun |
nyata wêton ing Kelasa gunung |
hèh jawabên iki ana soal-mami |
yèn andika bisa (n)dumuk |
sayêkti agêng ingkang toh ||
13. Manira angguguru |
lawan manêmbah mangraup suku |
sira yèn tan bisa jawab soal-mami |
dadining kasor dèningsun |
pasthi andika sunboyong ||
14. Tan wurung suntalikung |
sun-gawa mring Ngastina saèstu |
awit sira wus kasoran dening mami |
sang Partadewa lingnya rum |
winêdharêna dèn-gupuh ||
15. Manira age yun wruh |
wiku nabda dèn-anglèng pangrungu |
ingkang swara gora rupa (m)bêbayani |
rupa tanpa swara iku |
swara tan rupa yèn tinon ||
16. Dene datanpa catur |
adoh tanpa wangênan anglagut |
ingkang pêrak nora sasenggolan yêkti |
lan nêdha badhenên gupuh |
têlas (ng)gonmanira criyos ||
17. Ngong batang sira tan wruh |
mangsa bisaa jawab sualku |
lah anêdha sira batangên dèn-aglis |
hèh pucêt ulate payus |
aywa gugup aywa dhompo ||
18. Sun pandhita linuhung |
padha yèn padhaa (m)bari ingsun |
sun pandhita konyor-konyor kênyir-kênyir |
ing tapa matêng wus dalu |

Jilid 2 - Kaca : 291

pawitaningsun wus dados ||

19. Wau ta duk angrungu |
sang Partadewa mèsêm lingnya rum |
hèh sang wiku aywa age sukèng galih |
dèrèng kinantên saèstu |
yèn tan sagêt jawab ingong ||
20. Hèh sang wiku puniku |
pamanggihkula sualirèku |
ingkang swara gora rupa (m)bêbayani |
punika sayêkti latu |
têgêsipun karna karo ||
21. Asal saking ing latu |
dunungira pan inggih pangrungu |
ingkang rupa datanpa swara sayêkti |
punika sayêkti mêngdung |
mêngdung dados toya jawoh ||
22. Apan netra puniku |
asal saking ing toya puniku |
dunungira apan paningal sayêkti |
swara tanpa rupa iku |
punika angin sayêktos ||
23. Karana asalipun |
dunungira pan inggih pangambu |
adoh tanpa wangênan tan anggêpoki |
kakalih pêthèkanipun |
bumi langit kang sayêktos ||
24. Dene ta dunungipun |
anèng rasaning ilat saèstu |
jangkêp catur paliwara kang sayêkti |
kantha warna lan pangambu |
rasa jangkêpe sagolong ||
25. Jangkêpira pipitu |
rupa urip lan sabda puniku |
amangsuli ingkang tan prak lan kang têbih |
kaliye batanganipun |
punika apan Hyang Manon ||
26. Lawan manungsanipun |
yèn adoha ing panggènannipun |
apan têka (ng)gonnira manêmbah sami |
witne yèn pêrak puniku |
eba (ng)gonne lendhat-lendhot ||
27. Inggih sayêktinipun |
nora pêrak tan têbih puniku |
Hyang Wisesa sayêktine anglimputi |
nora ngisor nora luhur |

Jilid 2 - Kaca : 292

- tan wetan lor kidul kulon ||
28. Sayêkti tan maujut |
mung dumunung kang sampurnèng kawruh |
jangkêpipun pitu kang tigang prakawis |
rupa urip sabda iku |
têgêsipun pisah golong ||
29. Rupa-rupa kang tuhu |
urip ingkang datan kêrènèng lampus |
sabda têtên lawan pangucap sayêkti |
pangucap trus jroning kalbu |
lan ana nyatane kono ||
30. Winastan sabda iku |
marmanira para pandhitèku |
pangucap dènarani sabda awit |
bênêr ing saujaripun |
sabdane pasthi kalakon ||
31. Tan pisan lamun dudu |
yèn makatên andika puniku |
nora dora wit sabda duwèking rêsi |
sang Rêsi Druna sumaur |
pasthi ingsun nora linyok ||
32. Sang Partadewa muwus |
kula mirêng pawarta satuhu |
nguni wontên raja pandhita linuwih |
Ngatasangin prajanipun |
nama Sri Maruta katong ||
33. Putra satunggal jalu |
Rêsi Baratmadya ugi ratu |
wus linuwih tan pae lawan sudarmi |
Baratmadya asusunu |
Bagawan Dupara kaot ||
34. Ing tapa wus linuhung |
Rêsi Dupara puputra jalu |
warna pêkik kasutapanya wus ngênting |
Bambang Kumbayana punjul |
lawan sasaminging nguwong ||
35. Sang Kumbayana iku |
kinèn krama ing rama tan ayun |
tansah dènnya subrata amatiragi |
katarima dènnya nêngkung |
antuk wisiking Hyang Manon ||
36. Hèh Kumbayana lamun |
sirarsantuk nugrahèng dewagung |
lumakua sira marang tanah Jawi |
ana titah ing dewagung |
ingaran Pandhawa katong ||

38 Sarampunging lampahan Partadewa dumugi tanjêp-kayon, ki dhalang lajêng mriksa kawontênanipun sajèn Murwakala, jangkêp tur kathah. Ingkang badhe karuwat sampun siyaga mangangge sarwi pêthak, katungka rawuhipun para tamu jalêr èstri. Ki dhalang lajêng lênggah ing ngandhap blencong, ringgit lampahan Murwakala katindakakên. Wiwitan jêjêr Bathara Guru kalihan pramêsware Dèwi Uma kaadhêp Bathara Kala dalah para dewa sanès-sanèsipun. Bathara Kala nyuwun pêpencèn tédha awujud manungsa, kaparingan nanging botên sadhengah manungsa kajawi namung ingkang kalêbêt 'tiyang sukêrta', i.p. ontang-anting, ugêr-ugêr lawang, kêmbang sapasang, gêdhana-gêdhini, gêdhini-gêdhana lan sapanunggilipun, wontên warni kalihwêlas, satunggal-satunggalipun kacêthakakên ciri-ciripun. Bathari Uma nambahi pêpencènipun Bathara Kala. Sapêngkêripun Bathara Kala, Sang Hyang Naraddha kadhawuhan enggal tumurun dhatêng Ngarcapada nganthi Bathara Wisnu tuwin Brama, pêlu ngirangi pêpencènipun Kala. Caranipun: Bathara Wisnu dados dhalang ringgit wacucal santun nama Kandhabuwana; Bathara Brama dados panggêndèr èstri nama Surani, Bathara Naraddha dados pangêndhang nama Kalunglungan. Bathara Kala kadhèrèkakên ingkang garwa Bathari Durga tuwin rayi Bathara Panyarikan, nglangut lampahipun pados tédha wujud manungsa. Kapanggih lare ontang-anting nama Jatusmati, lajêng oyak-oyakan nanging tansah mrucut, wasana dumugi ing panggenanipun ringgitan Murwakala. Bêbantahan dhalang Kandhabuwana kalihan Bathara Kala. Bathara kala kawon lan ngakêni dhawah ênèm. Salajêngipun ringgit lampahan Murwakala katindakakên dumugi ing saparipurnanipun. ... kaca 293-344.

Jilid 2 - Kaca : 293

37. Iku kakasih tuhu |
 sapa wonge kang nêdya ngalulut |
 momong marang nata Pandhawa sayêkti |
 ing donya dêlahan antuk |
 nugraha sawarga kaot ||
38. Sang Kumbayana wau |
 duk miyarsa kalangkung kapencut |
 dyan umangkat sapraptaning tanah Jawi |
 tan momong Pandhawa prabu |
 karsanira têmah menggok ||
39. Ngastina kang jinujug |
 amomong marang Kurawa prabu |
 dadya nora nêtêpi jênênging rêsi |
 têka lincat sabdanipun |
 nanging duk nalika rawoh ||
40. Pinggiring samodra gung |
 nora nana palwa kang kadulu |
 nadyan gèthèk apan tan ana kaèksi |
 Kumbayana dahat ngungun |
 sru kasmaran ing pawartos ||

160. Asmaradana

1. Sumungkêm asru sêmadi |
 nènêdha marang jawata |

- sagêda dugi karsane |
nabrang madyaning samodra |
têkane tanah Jawa |
tyasira dahat kapencut |
êngêt wisiking jawata ||
2. Katrima dènya sêmadi |
wontên parmaning jawata |
warni kuda prapta alon |
mêndhak nêng ngarsa sasmita |
ya ta sang Kumbayana |
graita tyas numpak gupuh |
cêmplo kuda wus ginêtak ||
3. Kuda ngrab nyabrang jaladri |
prapta madyaning samodra |
sang Kumbayana duk wêruh |
lamun kudèku wanita |
samana darbe karsa |
sarèhning panggenan suwung |
supe ing tindak kanisthan ||
4. Sang rêsi lawan turanggi |
(ng)garbini sawusing mangsa |
amijil priya putrane |
pêkik ing suwarnanira |
kuciwa nganggo tracak |
labêt kuda ingkang ibu |
nama Bambang Aswatama ||
5. Ki dhalang nyêmpala aglis |
kothak nulya ada-ada |
Druna narik candrasane |
hèh Partadewa kaparat |
iki kang sira ajab |
gangsang sampak Druna nêmpuh |
kabur pinapag maruta ||
6. Kacarita dènnya ngringgit |
tumul ingkang lalampahan |
pajar gidib tancêp-kayon |
dhasar wus gambuh ki dhalang |
gêndhing kawin janturan |
banyol sasabêtan putus |
ngêse karasa ing driya ||
7. Sêrêng wilêt amranani |
wiraos nglamlami driya |
kalawan kang samya anon |
miwah kang samya miyarsa |
jumbuh tyas mring panggagas |
antawacanane turut |
cocog lan wujuding wayang ||

Jilid 2 - Kaca : 294

8. Dhalang saniyaganèki |
 maring langgar samya kadas |
 nulya parlu waktu Suboh |
 bakda Subuh kyai dhalang |
 kajat kalih rêkangat |
 paragat anulya wangsul |
 lan niyaga mring pandhapa ||
9. Kyai dhalang mariksani |
 sajèn-sajèn myang isarat |
 langkêp tan ana kang cèwèt |
 dene kang arsa rinuwat |
 wus ngrasuk sarwa pêthak |
 nèng jro kèlir dènnya lungguh |
 jêng-ajêngan lan ki dhalang ||
10. Para tamu jalu èstri |
 kang santri linggar sêmbahyang |
 ana kang ngaso mring gêdhong |
 siram gya ngrasuk busana |
 wangsul maring ngajêngan |
 sunggata lumadyèng ngayun |
 wedang dharan (n)jing-enjingan ||
11. Ki dhalang sampun mangarsi |
 nèng ngandhap balencong nulya |
 nyampala kothak tinampèn |
 ayak-ayakan manyura |
 bêdhol kayon gya mêdal |
 jêjêrnnya Bathara Guru |
 lawan garwa Dèwi Uma ||
12. Hyang Narada anèng ngarsi |
 Hyang Panyarikan Hyang Kala |
 jinantur ririh swarane |
 ki dhalang nulya carita |
 nênggih ingkang kocapa |
 kayangan Suralaya nung |
 iya ing Jonggringsalaka ||
13. Pae lan sri narapati |
 Ngarcapada kang ingucap |
 ginunggung kawibawane |
 lan pambêganing narendra |
 jêmbar ingkang jajahan |
 miwah luhuring kadhatun |
 ing Suralaya ta boya ||
14. Amung wasesanirèki |
 datan wênang winasesa |
 wênang murba sakalire |
 tan wênang lamun pinurba |
 wênang kalamun yoga |
 dènyogakkên datan purun |

ajujuluk Hyang Prawata ||

15. Nênggih Hyang Guru Pramèsthi |
iya Sanghyang Nilakantha |
Sanghyang Jagadpratingkah-e |
iya Sanghyang Kang Wisesa |
Bhathara Girinata |
ya Bathara Manik iku |
ya Bathara Siwahboja ||

Jilid 2 - Kaca : 295

16. Pinunggêl kang murwèng kawi |
panudya ri panangkilan |
Sanghyang Girinata miyos |
siniwaka lan kang garwa |
nèng bale Martyukundha |
iya Pargyawarna iku |
ing bale Samarakata ||

17. Inggang parêk anèng ngarsi |
sang Rêsi Kanekaputra |
Bathara Nrada parabe |
punika inggang minangka |
pinisêpuhing dewa |
myang Hyang Panyarikan iku |
jawata paramèng sastra ||

18. Tuwin Sanghyang Kalasêkti |
wuragilnya Sanghyang Siwah |
tinanêm nèng Nungsa Barong |
têka mangkana Hyang Siwah |
osike kang wardaya |
paranbaya karêpipun |
si Kala iki mangarsa ||

19. Tan karena suntimbali |
ki dhalang nyêmpala kothak |
sêsêg ayak-ayakane |
suwuking ayak-ayakan |
mungêl gêndhing Prawara |
lir jinantur nora sêru |
nulya maos ilahèngan ||

20. Tamat pamaosirèki |
ilahèngan dyan carita |
Sanghyang Giri ngandika lon |
durung suwe kulup Kala |
sira nèng ngarsaningwang |
paran ta padha rahayu |
Sanghyang Kala matur nêmbah ||

21. Timbalanipun dewaji |
inggang dhumawuh patikbra |
ing sadèrèng sasampune |
ulun cadhong kalih asta |

kacancang pucuk rema |
kapêtêk ing ngêmbun-êmbun |
kapundhi dadosa jimat ||

22. Sira marak ngarsamami |
nora sarana dakundang |
bangêt kagyating tyasingong |
Kala nêmbah aturira |
nuwun sowan kawula |
sapisan dahat wulangun |
lami tan sowan bu-rama ||
23. Ngunjukakên pangabêkti |
myang sanggyaning kalêpatan |
nyuwun gunging aksamane |
kulup bangêt panrimèngwang |
upama kaluputan |
gêdhe pangaksamaningsun |
matura gatining karsa ||
24. Sowanulun dhuh dewaji |
èstune atur uninga |
sakawitan nêdhakake |
dhumatêng ing marcapada |
ingkang kawula tédha |
tan lyan padhas pèrèng gunung |
mring angga apriyang-priyang ||
25. Lêsu-lêsah nglêlêlê nisir |
dene manawi (m)bubucal |
pating palilit raose |
sasukêr lir krikil wêtah |
(m)badêdêng boya lêga |
sabên-sabên mèh sumaput |
tanpa marêm karambyangan ||
26. Sawiji dintên marêngi |
wanci manjêre Hyang Surya |
wontên tiyang dhusun (n)dèrès |
dhawah dhumatêng ing padhas |
kang badhe kula tédha |
pun dèrès wasana katut |
kula tédha sarêng padhas ||
27. Sampun kang kawula bukti |
badan kraos sêgêr sumyah |
marêm tan na sangsayane |
dumlodong bilih (m)bubucal |
punika kangjêng rama |
rèhning nêdha tiyang èstu |
damêl sakecaning badan ||
28. Mila ing samangke ugi |
wontêna sih kamirahan |

Jilid 2 - Kaca : 296

- (n)jêng rama amarêngake |
 ulun nyuwun têttha tiyang |
 kewala sampun liyan |
 têtela eca satuhu |
 sanès timbange lan padhas ||
29. Hyang Pramèsthi duk miyarsi |
 panuwune Sang Hyang Kala |
 sapandurat minggu tyase |
 pangudasmaraning driya |
 kang tan karêngèng kathah |
 hongilahèng sang um pa um |
 jagad mastuna masidham ||
30. Kaya pa lalakon iki |
 yèn boya ngongturutana |
 si Kala ing panuwune |
 saiba nêsune baya |
 mungkat angkara murka |
 angrurusak aru-biru |
 gawe rêtuning bawana ||
31. Ribêting tyas Hyang Pramèsthi |
 sinamun samuning netya |
 ing nayana mêksa katon |
 wasana alon ngandika |
 hèn putraningsun Kala |
 ingkang dadya panuwunmu |
 manira mangayubagya ||
32. Ananging kang sunlilani |
 dadi panganpêkênira |
 nora sadhengaha wong |
 sawiji yèn ana bocah |
 ontang-anting rannira |
 bocah siji tur ajalu |
 maligi datanpa kadang ||
33. Kapindhone ontang-anting |
 siji wadon tanpa kadang |
 tri ugêr-ugêr-lawange |
 karo kadang padha priya |
 catur kêmbang-sapasang |
 padha wadon karonipun |
 dhana-gêdhini kalima ||
34. Bocah loro jalu èstri |
 nanging tuwa ingkang lanang |
 gêdhini gêdhana nême |
 bocah dwi wadon kang tuwa |
 kapitu ran pandhawa |
 kadang lima padha jalu |
 datan kasêlan wadon ||

35. Kaastha aran ngayomi |
 lilima wadon sadaya |
 astha aran madangake |
 bocah lima lanang papat |
 sawiji kang wanodya |
 apil-apil kang sapuluh |
 lanang siji wadon papat ||
36. Kang sawlas yèn ana jalmi |
 mlaku têngange kang wayah |
 tan asumping gêgodhonge |
 nora ngidung datan muncang |
 siji ran bathang ngucap |
 yèn dwi ran jisim lumaku |
 rolase kalamun ana ||
37. Aran bocah ontang-anting |
 lumuntir tunggaking ngaryan |
 tanpa kantha lan kanthine |
 lair wus mawa têngêran |
 gathuking alis ana |
 rupa putih mung sadumuk |
 sayup ulate abiyas ||
38. Beda lan liyaning janmi |
 iku kang wus ingsunucap |
 dadi panganira kabèh |
 karodene manèh sira |
 sun-gadhuhî gêgaman |
 badhama paèsan iku |
 kanggone samangsa-mangsa ||
39. Yèn sira (n)tuk mangsan kaki |
 kang pinasthi panganira |
 katamanna badhamane |
 wuse kataman badhama |
 banjur sira pangana |
 yèn durung kataman èstu |
 ora sunlilani mangan ||
40. Myang ingsun paringi kanthi |
 kakangira Panyarikan |
 iku mêngêti gawene |
 kang dadi ing panganira |
 taha yèn tan ngèstokna |
 sira nandhang ing papa gung |
 ywa (n)duduk sawiyah janma ||

161. Mègatruh

1. Hyang Bathari Uma angandika rum |
 ingsun iya amaringi |
 wuwuhe panganirèku |
 lamun ana bocah lair |
 nèng jroning babagan kono ||

2. Iya iku ingkang anunggal sadhusun |
mangka jroning desa lagi |
ana kang wayangan iku |
bocah tan sinungkên maring |
ki dhalang kang murwèng lakon ||
3. Wus tartamtu dadi panganira kulup |
nanging yèn sinungkên maring |
ki dhalang dadi kadangmu |
aran bocah tibasampir |
kapindhone putraningong ||
4. Lamun ana ingkang anyandhungi laku |
(ng)gonnira ngupaya bukti |
wong mancah arannirèku |
dadi panganira kaki |
poma dèn-angatos-atos ||
5. Sang Hyang Kala manêmbah umatur nuwun |
Hyang Guru ngandika malih |
Panyarikan titah-ulun |
tulisana sadayèki |
lan sira mèlua andon ||
6. Têmbe lamun wus tan ana kang kalimput |
tinggalên ingsun lilani |
Panyarikan matur nuwun |
sandika dhatêng nglampahi |
ing rèh Sang Maha Kinaot ||
7. Sang Hyang Kala pamit wus anguswa suku |
ing ramèbu miwah pamit |
mring uwa Kanekasunu |
wa Cêmpluk kantun sumiwi |
Kanekatmaja lingnya lon ||
8. Iya kulup rahayua ing lakumu |
Sang Hyang Kala nulya mijil |
Panyarikan atut pungkur |
Hyang Guru ngandika maring |
Kanekaputra lingnya lon ||
9. Kakang rêsi Kanekaputra dèn-gupuh |
(n)dika tumuruna maring |
ing dhèpok Nguntaralayu |
paringna pangèstumami |
maring sutanira karo ||
10. Wisnu Brama matêdhanana sumurup |
lamun ulun amaringi |
pangan mring kadange wruju |
si Kala amangsa jalmi |
niku anakira karo ||

Jilid 2 - Kaca : 298

11. Mring kiraka pribadi parentah-ulun |
 katri tumuruna sami |
 mring marcapada puniku |
 ngalapa basanirèki |
 si Kala kang yun linakon ||
12. Sakêcap mung kanggea waton saumur |
 Kanekatmaja wus pamit |
 mundur mring Nguntaralayu |
 nahên ta Sang Hyang Pramèsthi |
 lawan garwa sang lir sinom ||
13. Jêngkar saking bale Martyukundha laju |
 manitih lêmbu andini |
 anganglang jagad sawêgung |
 sigêg gantya adêgnèki |
 kang wus samya tampi dhawuh ||
14. Sang Hyang Kala kapanggih garwanirèku |
 Bathari Durga kakasih |
 Panyarikan datan kantun |
 Durga aturira aris |
 pirantinta minta wartos ||
15. Dene ngantos sawatawis radi dangu |
 nimas rakapara uwis |
 munjuk rama Sangyang Guru |
 purwa madya wasanèki |
 ing kono rama wirangrong ||
16. Sawatara minggu banjur paring dhawuh |
 kaparêng panyuwunmami |
 janma kang dadi panganku |
 nanging tan sawiyah janmi |
 dene kang mêsthi dakbadhog ||
17. Wus kasêbut ing pêngêtane kakangmu |
 Panyarikan dadya kanthi |
 tumuntur ing salakuku |
 Dyah Durga suka sarya ngling |
 babo kakang kadangingong ||
18. Sakalangkung suka rênane tyasulun |
 de kiraka dadya kanthi |
 Panyarikan lingira rum |
 yayi rakanta sadarmi |
 nglampahi karsaning katong ||
19. Hyang Kala ngling nimas mring ngêndi kang sarju |
 (ng)gonne angupaya bukti |
 Durga mèsêm lingira rum |
 lah botên wontên sayêkti |
 titahing Jawata kaot ||

Jilid 2 - Kaca : 299

20. Angupados tédha pangane kang ngluru |
 madosi kang badhe nêdhi |
 ah lo ngêndi olèh gèndhuk |
 Durga awacana malih |
 paran makatên kalakon ||
21. Panandure angon dina kang panuju |
 mêtih mangsa kang prayogi |
 èdi ing pangolahipun |
 tiniti angati-ati |
 matêng winadhahan alon ||
22. Kang barêsih dènaji-aji saèstu |
 satata dènnira bukti |
 Sang Hyang Kala asru (ng)guguk |
 nimas iku sabda aji |
 rumasa kalah wakingong ||
23. Dhuh kiraka èstrènana ujaringsun |
 panyuwuningwang mring Oti |
 yèn padinane wismèku |
 anjaba anggêr kang pasthi |
 wong lanang tan anut wadon ||
24. Ing karêpe aja ana padha tutug |
 yayi ingsun angèstrèni |
 Bathari Durga umatur |
 paran punika wus wanci |
 sumangga sami mangulon ||
25. wontên tлага mawa teja angunguwung |
 tлага Madirda rannèki |
 Kala ngling nimas sundhaup |
 ing lampah sira nèng ngarsi |
 lan kiraka sakaloron ||
26. Mila ulun purih nèng ngarsi witipun |
 margane pangan sirèki |
 wus budhal katiganipun |
 sigêg gantya kang winarni |
 ing Nguntaralayu dhepok ||
27. Sang Hyang Wisnu Hyang Brama manggihi tamu |
 Sang Rêsi Kanekasiwi |
 manêmbrama kalhipun |
 samya ngaturi basuki |
 Kanekatmaja lingnya lon ||
28. Iya babu bangêt panarimaningsun |
 pangèstuku mring sirèki |
 muga ulun basa babu |
 marang sira kêli-kêli |
 padha sumurupa kenthol ||

Jilid 2 - Kaca : 300

29. Wus pinasthi dening Kang Amurbèng Tuwuh |
Wisnu anurunkên benjing |
wawadhah kraton sawêgung |
kakangmu Brama mancêri |
nganti sirnane karaton ||
30. Sang Hyang kalih manganjali matur nuwun |
widada-a sabda aji |
rawuhta Nguntaralayu |
dene ta kalangkung gati |
Naraddha lingira alon ||
31. Satuhune praptaku kene ingutus |
de ramanta Otipati |
kang dhingin paring pangèstu |
kapindho angsung udani |
panyuwune rinta Blowong ||
32. (m)Badhog uwong cinara ambadhog pohung |
ramanta uwis ngidèni |
Bathara Wisnu umatur |
kang pinaringakên pundi |
rèh titah dèrèng mangrêtos ||
33. Baji(?) têlas babo kulup damarmancung |
èngêta arannirèki |
sira ran Bathara Wisnu |
karsaning Hyang Otipati |
wis ana ing sira manggon ||
34. Inggih uwa sumangga lajêng tumurun |
Nrada mlèngèh (n)junjung alis |
lah aja walaka kulup |
kudu nganggo disranani |
(n)juwarèhi ing lèlakon ||
35. Bêbasane kamanungsan padha wêruh |
Wisnu mèsêm matur aris |
kaluhuran ingkang dhawuh |
uwa kantuna rumiyin |
ulun lan kakang yun dandos ||
36. Naraddha ngling ulun iya mèlu adus |
wus samya siram barèsih |
sakala warnanya santun |
Ki Sang Hyang Kanekasiwi |
pindha Hyang Maya kinaot ||
37. Sanghyang Wisnu pindha Hyang Kumajayèku |
Sanghyang Brama pindha Ratih |
Nrada ngling samangke Wisnu |
sira asiliha nami |
Sang Hyang Wisnu matur alon ||

Jilid 2 - Kaca : 301

38. Uwa mugi paduka èstrèni ulun |
samangke silih kakasih |
Dhalang Kandhabuwana gung |
iya kulup dakèstrèni |
bangêt kêmbang bolong ingong ||
39. Kandha tutur buwana jagad sawêgung |
karsane ramanta kaki |
kang winênangakên tutur |
isining jagad sakalir |
ginugu ora pa nganggo ||
40. Kaki Brama owahana suwaramu |
aja kaya kêna pancing |
glêgas-glêgês gêrok guguh |
èmpêrên swaranta kaki |
kaya ibumu pamiyos ||

162. Mijil

1. Karodene sisiliya nami |
babu putraningong |
Brama matur èstrènana mangke |
namaulun Panggêndèr Surani |
Naraddha ngling apik |
kèwèk uwis gathuk ||
2. Wong anabuh yèn wis sugih gêndhing |
panuthuke golong |
lan wong bodho kèh samudanane |
ingsun dhawak iya salin nami |
Kalunglungan lungit |
pangêndhangmu kulup ||
3. Ngêndhang ngedhe yèn gamêlan muni |
pulturane rawoh |
tan dêksura nampani suguhe |
tan mêdhotkên ing iramanèki |
kulup Wisnumurti |
anggawea gupuh ||
4. Punang wayang Wisnu mangênjali |
cinatur wus dados |
sabdaning kang dewa kuwasane |
godhong nangka kang kinarya ringgit |
dadi sarananing |
wong kêna ing latu ||
5. Kothak upih kuwasanirèki |
lêlêmbut pan adoh |
siti kang kinarya gamêlane |
milanira sakèhing wong kundhi |
sinandhang binukti |
tan kèh turahipun ||

6. Karananya angêlong-êlongi |
Naradha lingnya lon |
prayogane tumuruna mangke |
ywa kasuwèn manawa kasilip |
marang Mëndhangkawit |
(n)jujug dhukuhipun ||
7. Nyai randha Sumampir kang nami |
padha mondhok kono |
putra kalih sandika ature |
wus tumurun sang bathara katri |
gantya kang winarni |
wau lampahipun ||
8. Panyarikan Durga Kala wingking |
manrang arga Bondhot |
Sang Hyang Kala sayah sru aripe |
angga lêsu lupa angalikik |
kèndêl sèndhèn witing |
kayu Kamal aup ||
9. Akasêngsêm angandika aris |
wit iki samêngko |
dak-arani kayu Asêm kiye |
pan katêlah tumêkèng samangkin |
kasiliring angin |
Sang Hyang Kala ngantuk ||
10. Nanging isinanira kêpati |
gya kagyat malerok |
pan dènêntup bêburon cêngêle |
dhaham-dhaham kêcoh wanti-wanti |
supaya ywa nganti |
ingaranan ngantuk ||
11. Ngandika lon buron apa iki |
mangan iduningong |
lah dakpundhut ing samêngko kowe |
umanjinga dadi bala-mami |
aran Kalajêngking |
de (n)jênthir buntutmu ||
12. Wus sinabda Kala ngantuk malih |
cinokot buburon |
kagyat (n)jola kêcoh-kcoh maleh |
angandika buron apa iki |
ngokop idu-mami |
dadiya balaku ||
13. Nganti abang drohun (n)gonne (ng)gigit |
aranne samêngko |
Kala-abang olah uwis suwe |
(ng)gonku lèrèn kiraka lan nyai |
cat tan katon kèksi |

Sang Hyang Kala laju ||

14. Durga lawan Bathara Panyarik |
(n)dédêr lampahnya lon |
ngambah corah arga rêracahe |
toya wêning saing pucak ardi |
wastrane sang dèwi |
katimpal ing lesus ||
15. Wêntis katon lir pudhak piningit |
Hyang Kala duk anon |
rêta korut gya dhumawah ing we |
pan dumadi sèn-isèning warih |
ulam loh sakalir |
iku asalipun ||
16. Mung sawiji tansah angubêngi |
ing paglangan nyondhol |
Kala kêcoh myang ningali ing we |
angandika kawanane iki |
buburon mênuhi |
mung sawiji iku ||
17. Inggang pijêr anêrajang sikil |
mangan iduningong |
rêrupamu kaya anu kiye |
lah manjinga dadi bala-mami |
dakparingi nami |
Kala Ele patut ||
18. Akatêlah tumêkèng samangkin |
toya inggang anjog |
maring ngare aranna kaline |
desa pisan (ng)gonku ngambah iki |
Hyang Kala lumaris |
mêntas saking ranu ||
19. Nuju wanci têngange marêngi |
kêpapag Hyang Katong |
Rodrapati kalawan garwane |
Dèwi Uma sakaliyan nitih |
ing lêmbu Andini |
Sang Hyang Kala gupuh ||
20. Marêpêki praptanirèng ngarsi |
nêmbah matur gupoh |
o o jêbul kangjêng rama kiye |
sakaliyan lawan ibu sori |
rama kados-pundi |
nyuwun nyadhong dhawuh ||
21. Sanghyang Siwah mèsêm ngandika ris |
babu sutaningong |
rèh wus dadi dhawuhingsun anggèr |

Jilid 2 - Kaca : 303

- aywa wang-wang (ng)gonmu ayun bukti |
 panganên wakmami |
 kalawan ibumu ||
22. Nanging ingsun darbe catur kaki |
 cacangkriman kaot |
 sakirane sira bisa (m)badhe |
 de kanggone yèn sira marêngi |
 jagongan kang luwih |
 saka wong sapuluh ||
23. Rah-arahên wêktune sabdadi |
 tilingna sutèngong |
 eka êgul eka wawancahe |
 dwi bagêm dwi puswadmi srênggi |
 tri nabi sapta tri |
 nurcahya puniku ||
24. Asthanada catur guthonèki |
 badhênèn dèn mêlok |
 Kala nêmbah mlongo gèdhèg-gèdhèg |
 nêmbah matur rama abon siti |
 mopo datan bangkit |
 ambadhe pukulun ||
25. Angandika Sang Hyang Otipati |
 lah mangkene Dhoglong |
 babasane olah iku wadine |
 pak-umpakan wiwilangan aming |
 eka pan sawiji |
 êgul iku buntut ||
26. Mungguh buntute lêmbu Andini |
 pan namung sawiyos |
 eka siji wancah kêkêluhe |
 de kêluhe si lêmbu Andini |
 uga mung sawiji |
 Sanghyang Kala matur ||
27. O la gèsèh tampar wujud kalih |
 ingetang sawiyos |
 Sang Hyang Guru sru sukèng driyane |
 kawruhamu lèng irung puniki |
 dumunung sawiji |
 awit bolong têrus ||
28. Dwi pan loro bagêm wardinèki |
 kwadonan sayêtos |
 wit Andini abaga puruse |
 duwi loro purus wus ngaranni |
 ingsun lan Andini |
 padha duwe purus ||
29. Duwi loro srênggi sungu yêkti |

Jilid 2 - Kaca : 304

- sungune mung loro |
 tri têtêlu nabi wudêl rêke |
 ingsun ibunira lan Andini |
 padha nyiji-nyiji |
 gênêp dadi têtlu ||
30. Sapta pitu tri sun pandêlêng ing |
 cahya mata yêktos |
 lah etungên mripat pira kèhe |
 Sang Hyang Kala matur anggaligik |
 rama kirang siki |
 jangkêpipun pitu ||
31. bènêr kulup kang katêlu mami |
 anèng cêthak manggon |
 astaningsun papat têtbungane |
 astha wolu pada apan sikil |
 sun dwi ibunta dwi |
 si Andini catur ||
32. Catur papat gutha wêrdinèki |
 paringsilan yêktos |
 ingsun lawan Andini ganêpe |
 mula iku dakgawe mêkasi |
 dadine sakalir |
 saka loro kulup ||
33. Wis pungkasan panganên wakmami |
 aywa ewuh rikoh |
 nanging sira tumingala age |
 maring wiyat samêngko Hyang Rawi |
 wus wanci punapi |
 Kala nêngèng luhur ||
34. Matur sampun gumlewang Hyang Rawi |
 Guru ngandika lon |
 dadi nora kêna sira anggèr |
 mangan ingsun wus kasèp ing wanci |
 Kala mangênjali |
 (m)barêbêl wêtu luh ||
35. Sênggruk-sênggruk rama langkung wêgig |
 (m)bêbêngok maringong |
 iki kulup dadi undhe-undhe |
 nahan jênênge wong anyèlèngi |
 kalamun wong uning |
 ing cèlèng lumayu ||
36. Têmtu kamitènggêngên ningali |
 mula tèmbe Dhoglong |
 lamun sira olèh mamangsane |
 aja gèlêm diajak cariwis |
 mènèk anèlahi |
 lir caturku mau ||

37. Lawan maning wêkasingsun kaki |
 poma dikalakon |
 ana têtung prakara cacahé |
 kang rumuhun yèn ana udani |
 titipannirèki |
 kang ana babathuk ||
38. Iku nama caraka dibalik |
 kalorone manggon |
 anèng têtak dene katêlune |
 pan dumunung nèng dhadhanirèki |
 yaiku cacahing |
 jênênging balamu ||

Jilid 2 - Kaca : 305

39. Têrusane kang ana ing gigir |
 kawruhana dhoglong |
 pan cacahé bojomu balane |
 utawa yèn ana kang udani |
 ing sarandunèki |
 badanmu sakujur ||
40. Ywa ko anggêp manungsa sayêkti |
 ingsun kang nèng kono |
 amanuta saujar-pakone |
 sarta idhêpên ing lair batin |
 kulup aja lali |
 dênawas dênemut ||
41. Lamun sira tan ngèstokkên kaki |
 nandhang papa abot |
 sun-jabakkên ing yoga dewane |
 wus banjurna angupaya bukti |
 sunparing basuki |
 atus ingkang dhawuh ||
42. (n)Dêdêl nitih sang lêmbu Andini |
 lamat-lamat katon |
 Sang Hyang Kala laju ing lampahé |
 sigêg gantya kang winarna malih |
 kocap Mêndhanggati |
 malik têngbang pucung ||

163. Pocung

1. Nyai randha prihatin lan sutanipun |
 jalu tanpa kadang |
 karan Jaka Jatusmati |
 pinaraban Jattusmati Jaka Mulya ||
2. Miskin trabas karyanya asade kayu |
 rèncèk lan ron plasa |
 anuju dina sawiji |
 nyai randha tampi wangsiting jawata ||
3. Jaka Mulya pasthi nir cintrakanipun |

- yèn adus ing tlaga |
 Madirda toyanya wêning |
 nyai randha sru ngarih-arih ing wêka ||
4. Dhuh anakku wong abagus mëlês mulus |
 di(m)bangunturuta |
 marang ujar kang mrih bêcik |
 dadi suka rêna atine si biyang ||
5. Marènana anggonmu wangkal awêlu |
 aku iki kandha |
 tanpa wangsiting dewadi |
 lamun kowe adus talaga Madirda ||
6. Nora ketang saciluman banjur uwus |
 wit sirèki bocah |
 ingaranan ontang-anting |
 yèn kalakon masthi cintrakamu ilang ||
7. Jaka Mulya amangsuli iya biyung |
 nanging (n)jaluk opah |
 akêp-akêp jagung bukti |
 yèn wis adus dak pangan ana panas an ||
8. Nyai randha kalangkung sukaning kalbu |
 rinangkul kinudang |
 dhuh anakku jantungati |
 aku mangkat kowe banjura mring tlaga ||
9. Wus umentar praptèng tlaga ayun adus |
 mangu duk tumingal |
 rasêksa kungkum ing warih |
 Sang Hyang Kala tatanya hèn bocah apa ||
10. Têka mreng apa kang dadi karêpmu |
 Jaka Mulya mojar |
 aku bocah ontang-anting |
 de jênêngku Jatusmati Jaka Mulya ||
11. Nake biyung nyai Prihatin ing dhusun |
 Mëndhanggati kana |
 arêp adus talaga-di |
 awit saka wangsiting dewa kawasa ||
12. Cintrakaku ilang anêmu rahayu |
 tan na kara-kara |
 kowe buta mêmédèni |
 lah mêngtasa banjur lungaa kang têtah ||
13. Sang Hyang Kala suka amarwata sunu |
 (ng)guguk aris nabda |
 i dalah kapasangyogi |
 luwih apik klêbu wêtêngku kewala ||

Jilid 2 - Kaca : 306

14. Cintrakamu pasthi ilang saknyawamu |
Jaka Mulya mojar |
dudu padon aku suthik |
o lah blai gya lumajar lonjong lêrak ||
15. Sanghyang Kala anglut ing sapurugipun |
ki jaka umpêtan |
bumbung wungwang dènlebêti |
Sanghyang Kala nyandhak bumbung wungwang sigra ||
16. Jaka Mulya mêdal saking sisihipun |
Hyang Kala tan wikan |
nabda kacandhak sikênit |
mangsa (n)dadak gagala ing ngastaningwang ||
17. Bumbung tinon malompong isine suwung |
o o mênyan pêthak |
bumbung wungwang wus binanting |
sru ngandika he he bocah wadu-barat ||
18. Golèkana wonge kang amasang bumbung |
nèng nglatar yèn panggya |
kayane êlongên aglis |
sadinane rong kêthêng ywa kongsi kurang ||
19. Lamun durung kacandhak bêburoningsun |
ing panjupukira |
aja kêndhat sabên ari |
kang sru ngintar cat katon Kala lumarap ||
20. Jaka Mulya lumêbêt pomahan gupuh |
kapêlak jinambak |
marucut (ng)gêblak lumaris |
Sang Hyang Kala kaloloh suku kalihnya ||

Jilid 2 - Kaca : 307

21. Nabda kojur sapa wonge kang anandur |
pêpala kasimpar |
ana sangarêping panti |
têka bisa gawe cuwa kawirangan ||
22. Ing samêngko lung iki aranne waluh |
bocah wadu-barat |
tunggunên kasimpar iki |
wohe paron yèn buronku wis kacandhak ||
23. Nadyan isih urip êlunge si waluh |
daklilani ninggal |
kalamun êlunge mati |
lah tinggalên têmebe ywa nandur nèng nglatar ||
24. Sang Hyang Kala laju dènnira (m)bubujung |
nahan kacarita |
wong adandan-dandan panti |

êmpyak ingkang sasisih sampun aminggah ||

25. Kang sasisih lagya rinancang abikut |
sakaguru apan |
pêndhême dèrèng pinati |
Jaka Mulya nrambul mèlu nambutkarya ||
26. Sanghyang Kala kèndêl anyrabani gupuh |
bocah konên lunga |
iku rak bêburonmami |
nanging ingkang nambutkarya tan uninga ||
27. Kang kapyarsa muhung swara gumarumung |
datan na rinasa |
lumintu anambutkardi |
Sang Hyang Kala mindhik-mindhik arsa nyandhak ||
28. Jaka Mulya ampingan ing sakaguru |
tansah bêng-ubêngan |
Hyang Kala ngandika aris |
hèh nututa aja ampingan ing saka ||
29. Apa kowe tan kauban dening iku |
Sang Hyang Kala tandya |
nubruk ki Jaka ngoncati |
mamprung mêmêt mêdal saking jroning wisma ||
30. Wisma ambruk êmpyak ambyuk bubar kabur |
Hyang Kala kajêngkang |
saka êmpyak anindhihi |
sapandurat minggu tan kawasa nabda ||
31. Angling ririh kajujur kalajur-lajur |
dhuh simbok dhuh bapak |
nganti makpêt panonmami |
apa nora nana wonge kang atuwa ||
32. Omah iki dhandhang-ngêlak arannipun |
e e wadu-barat |
kayane ing sabên ari |
jukukana tikêl lan kang masang wungwang ||
33. Sadurunge kacêkêl buburoningsun |
aja kanti kèndhat |
panjupukmu sabên ari |
digêgojog maranga lak-lakan naga ||
34. Nora wêgah babo mring ngèndi karêpmu |
di-lèngèng mandhêga |
Hyang Kala nututi ririh |
nêkêm sirah marawayan mêdal êrah ||
35. wontên janma èstri ayun mipis jamu |
pipisan malumah |

Jilid 2 - Kaca : 308

- tinumpangan punang gandhik |
prênah anèng ngarêp lawange kang omah ||
36. Kênthang-kênthang tinilar angracik jamu |
anggi-anggi lawan |
êmpon-êmpon warni-warni |
nèng ngajênging patanèn tan na tinata ||
37. Jaka Mulya tunggu pipisan anyêngkruk |
Hyang Kala uninga |
manglung lawang ingkang kering |
anyrabani marang ingkang darbe wisma ||
38. Hèh (m)bokayu bocah tunggu pipisanmu |
nuli konên lunga |
kuwi rak mamangsanmami |
nyai wisma krungu swara tan rinasa ||
39. Dhasar bagus patute miturut nutut |
ah aja ampingan |
ing pipisan kuwi awit |
saka kono (ng)gonmu sêgêr kuwarasan ||
40. Kang sinung ling tan praduli gya tinubruk |
lêpat wus anginthar |
Hyang Kala angidak gandhik |
tugêl kalih pipisan mancêlat gêmpal ||
41. Tiba gabrus garès bundhas tandhês balung |
kêrangangan mêdal |
ngêsês-êsês krasa pêrih |
bojlèng-bojlèng eblis lanat ajêjegang ||
42. Kêsit têmên kakèkane gojog ngasu |
apa duwe mantra |
wêlut kuning dilêngani |
nora jamak kaya nyandhak wêwayangan ||
43. E e bocah wadu-barat dèn agupuh |
kang masang pipisan |
longana kayanirèki |
sabên dina kaya kang ngadêgkên wisma ||
44. Aja uwis yèn buron durung kapikut |
marang ngêndi lanat |
ngungsia dhasaring bumi |
Sang Hyang Kala lumpêpas yudakênaka ||

Jilid 2 - Kaca : 309

164. Pangkur

1. Nahan wontên janma bêthak |
lawang-kori kabèh dipun inêpi |
de kang têngga kakèkipun |
anèng jawining wisma |
nyambi karya gêbêgan timah katungkul |

- Jaka Mulya malbèng wisma |
tunggu dandang nguthik api ||
2. Kala kandhêg wangsul sigra |
ngupadosi kang ngêntêp dandangnèki |
pinanggih nèng têngalipun |
lagya ramban janganan |
sinrabanan (m)bok nyai muliya gupuh |
dandangmu tinunggu janma |
buburonku sipênnyakit ||
3. Nyi wadon miyarsa swara |
nanging warnanira nora udani |
tulus arêramban mungkul |
Kala wangsul tan drana |
Jaka Mulya ngrangkul dhêngkul tunggu latu |
Sang Hyang Kala (m)buka lawang |
ki Jaka nêdya kadingkik ||
4. Wus oncat ampingan dandang |
Sang Hyang Kala ngalètèr (m)bêkik-(m)bêkik |
ki Jaka cinandhak mrucut |
mungsêr ngubêngi dandang |
pêgat-pêgat Hyang Kala ngandikanipun |
hèh pangan sira nututa |
ywa ampingan dandang iki ||
5. Apa si nora rumangsa |
(ng)gonmu warêg saka ing dandang iki |
wus purêngên dyan tinubruk |
ki Jaka oncat mêdal |
dandang rêbah Hyang Kala kaplèsèt guprut |
gobag-gabig kicat-kicat |
ingkang darbe wisma mulih ||
6. Uning dandange gumlimpang |
tanya maring kaki kang anèng (n)jawi |
e apa mulane iku |
dandangku nganti rêbah |
kang tinanya mèlu gêtun wacana rum |
iku wong kêna sangkala |
tiwas dandaning èstri ||
7. Lah nglakonana sarana |
wudaa byar (n)jogèt ngubêngi panti |
têpung-gêlang kaping têlu |
daktabuhi dhug-dhug-brag |
sarta dilokake wong edan barundhul |
ngrucat busana linakyan |
miturut warahing kaki ||
8. Kala maksih ngêmu duka |
duk umiyat asru ngandika wêngis |
iki uwong mlayu-mlayu |
lan ngiwi-iwi mring wang |

e e bocah wadu-barat dèn-agupuh |
kajabane ingkang kaya |
bêrase ing sabên ari ||

Jilid 2 - Kaca : 310

9. Êlongana pitung somah |
lamun durung kapikut buronmami |
aja kèndhat panjupukmu |
i i têka wus têbah |
êntènana si kêparat tukang mručut |
Hyang Kala anglut saparan |
nanging lampahe arindhik ||
10. Wit ana pangantèn anyar |
wanci ngarêpakên sirêping rawi |
manglong-manglong anèng pintu |
wênês ingkang wadana |
angêrangu ngungak ulihe kang jalu |
macul ngolah pasabinan |
kathok kombor lawon putih ||
11. Sabuk biru èpèk lulang |
ikêt masêm bathikan orang-aring |
klambi silir dhasar pingul |
kanthongan kering kanan |
bawak cênggrèh kayu arèn dorannipun |
panjang ukur kêpêl sanga |
ki ngantèn kalamun mulih ||
12. Saking macul ing sasawah |
gulu doran kinanthil-kanthil thirik |
kandhatan udhèt myang wêlut |
kanthongan ingkang kiwa |
isi ulam kropokan saananipun |
de kanthongan ingkang kanan |
isi ron gundha sêmanggi ||
13. Mantuke tumêkèng lawang |
ingkang wadon mapag amarêk ati |
(n)jèrèng pêncot kêmbênipun |
wadhah sêmanggi gundha |
tangan têngên (n)dudut rêrèntèngan wêlut |
kur mangkono bae têka |
dadi sênêng anglamlami ||
14. Nuju angop (m)bok pangantyan |
Jaka Mulya manjing tutukirèki |
nyarêngi Hyang Surya surup |
ni (m)bok ngantèn katingal |
cahya wênês êbyar bawana sumunu |
sumilak sumorot jênar |
mawèh rarasing wiyadi ||
15. Iku purwanira ana |
aran candhik-kala têkèng samangkin |

kajawi saking puniku |
ujaring panggorohan |
aywa karya margi prênah kilènipun |
wisma cakêt têtritisnya |
punika boya prayogi ||

16. Kandhêg pambujunging Kala |
anahên kung mangun kung kang nêng kori |
wasana rum ririh ruruh |
hêm lima kambi lima |
puluh-puluh bêjane si ngisor irung |
gonku (m)bubujung sadina |
maksa mrucut si pênyakit ||

17. Wong lêbune (ng)gawe eram |
lara kabèh rasane awakmami |
ngintir-intir bangêt (ng)gêrus |
ngêlak salit kalintang |
lèrèn dhisik lagi ana kalanipun |
dak ulatake ta sira |
myang ngêndi paranirèki ||

Jilid 2 - Kaca : 311

18. Sigêg lampahe Hyang Kala |
dènnya (m)bujung mring Jaka Jatusmati |
gantya wau kang winuwus |
ing sêndhang Tamtukrajan |
Buyut Wangkêng kadhatêngan putra mantu |
rara Primpên sakaliyan |
Buyut Gêduwal kang nami ||

19. Jaka Sondong pêparabnya |
rara Primpên cinandra ingkang warni |
jênar pasariranipun |
sêmune ijo maya |
lathi dhamis wadana nuksmèng sitangsu |
mawèh sêngsêm kang tumingal |
liringe galak amanis ||

20. Sèdhêt dèdêge rêspatya |
dhèmês kèwês mêmês amilangoni |
gandhang pamicara tanduk |
tulus arjaning driya |
mila tansah dadya kêkêmbanging kidung |
de lakine ran Gêduwal |
Mêndhang-gowong dhepoknèki ||

21. Awonne mung sawatara |
dèdêg kakkong mathêkêl minthi-minthi |
rambut jagung kruwut-kruwut |
bathuke lètèr banyak |
mripat abrit malolo sumèrèt sindur |
irung bungkik nadhah-udan |
barêngos pipitu sisih ||

22. Lambe nyongor kandêl wiyar |
ngandhap dêblèh jajenggot kadi kambing |
sukun datan mawi untu |
nanging gunême tatas |
karêm nginang gabrès angêlèbi irung |
pinêndhêt mantu jalaran |
têmên wêkêl karti tani ||
23. Kinèn laju sakaliyan |
pinanggiyan nèng saluning pandhapi |
pangudasmaraning kalbu |
apa pêrlune baya |
ngantèn iki ngênthêng-ênthêng têmu ring sun |
Buyut Wangkêng manêmbraha |
thole ngantèn padha bêcik ||
24. Buyut Gêduwal manêmbah |
timbangane (n)jêng kyai kula pundhi |
pangabêkti kula katur |
pan kyai marasêpuh |
Buyut Wangkêng sung pambagya marang sunu |
padha bêcik sira rara |
têkamu nèng ngarsamami ||
25. Iya pangèstumu rama |
ngantèn Sondong matur amangênjali |
nuwun Kyai marasêpuh |
sowanipun pun kula |
kang sapindhah dhapur kangên dibalipun |
sampun lama botên sowan |
kaping kalhipun kyai ||
26. Kula angaturkên pasrah |
awonipun putra (n)dika tyang èstri |
nuninggih lêstantunipun |
dados rayat kawula |
marcapada dugining dêlahanipun |
aweta dhèncèng-dhèncèngan |
karuwêlan tiyang kalih ||
27. Dènnya matur sangga uwang |
konyor-konyor maripatipun kalih |
wusing têlas aturipun |
luh andrès marawayan |
makidhupuh (m)blungkêr lambe klèngsrèh salu |
Buyut Wangkêng wêlas mulat |
gumuyu wacana mais ||
28. Mêngko mantèn ingsun tanya |
lah kapriye mungguh patrapirèki |
bojomu marang sirèku |
sungkêming palakrama |
Ki Gêduwal mêngap-mghap nêmbah matur |
kadospundi marasêpah |

Jilid 2 - Kaca : 312

putranta (n)dhuk dara nyai ||

29. Enjing satangining nendra |
dhêlog-dhêlog main susur nêng kori |
kula atag anyênyapu |
utawi godhog toya |
angêmprèti eca-eca nyomak-nyamuk |
radi siyang kula printah |
ucal-ucal ngrêratêngi ||
30. Basêngut malerok kesah |
bilih kula mantuk saking ing sabin |
maksih têbih kula bêluk |
(n)dhuk (n)dhuk kakangmu prapta |
tan sumaur kagyat kadhatêngan têngu |
sabên mapan patilêman |
lawang kori dèntêtêki ||
31. Sawiji dintên kalepyan |
mapan tilêman kontên dèrèng kinunci |
kula mlêbêt badhe nusul |
(m)barangkang praptêng dagan |
suku kalih dhupak kacêmplung ing tutuk |
mak blêng jêmpol ingkang kanan |
ngudhis-udhis (n)jawil sêntil ||
32. Langkung sakit kula dhawah |
saking ngambèn (m)barangkang lajêng mijil |
mutah-mutah ngantos (ng)gêrus |
ilat manggung kêkadhar |
têkèng enjing sawêg purun malbêt tutuk |
bokbilih ginalih dora |
kyai (n)dangua pribadi ||
33. dhatêng putra jêngandika |
atur cuthêl mènèk-mènèk ngusapi |
luh tumandho lambe dhuwur |
campur lan umbêl akas |
kadi santên ning-ningên pating kêlaprut |
Buyut Wangkêng duk miyarsa |
gumujêng sinamun runtik ||
34. Aja kumbi sira rara |
apa nyata tutur mangkono nini |
kalamun iku satuhu |
paran ta karêpira |
rara Primpên manêmbah mèsêm umatur |
dhuh rama pupundhèningwang |
mugi ywa kalajêng runtik ||
35. Aturku kamirêngèna |
yèn doraajrih sikuning Widdhi |
baji(?) tamtu nora antuk |
pangèstuning wong tuwa |

papa bae kang tinêmu raganingsun |
aku amêdhar lalakyan |
mantumu si Kêthêr jijih ||

36. Wandane tan ana madha |
carobone tangèh yèn ana nyami |
bodhone kamoran lumuh |
nganggo nora isinan |
pilihane antukan pratandha suwung |
rineya tumêmên karya |
anggêpe anom karisik ||

165. Sinom

1. Mungguh ature kang putra |
kêmase ngantèn tan sisip |
ananging kapriye rama |
(ng)gonku bisa anglakoni |
akon (m)bêrsihi panti |
nora duwe kêlut sapu |
parentah godhog toya |
kêndhile bênthèt waradin |
kêrên lêmah kayune glugu wutuhan ||
2. Dakaturi nyigar-nyigar |
dimène radaa cilik |
wangsulane nora susah |
yèn cilik ambêborosi |
parentah ngrêratêngi |
nylumbat krambil nora pêcus |
mêmènèk sambat wêgah |
golèk banyu mundhak atis |
dak kalahi anyênyambat marang tangga ||
3. Aku mêthiki janganan |
mas ngantèn kang tunggu gêni |
têka ngantuk karênggosan |
kêmpuse kaya garimis |
satêmah gêni mati |
saya mêmêng (ng)gonne ngantuk |
anjêblès dandang pêcah |
mawut-mawut gêni mati |
suprandene mantumu gêbacut nendra ||
4. Nèng ngarêp kêrên (n)jêrbabah |
kaya turu kasursari |
yèn têka saka ing sawah |
manggul pacul nyangking kudhi |
rêngêng-rêngêng mêdèni |
tur awake gluprut êndhut |
anjujuk patilêman |
niba brêg pacul sinandhing |
ura-ura ngalampra tan tiba pada ||
5. Dak-kon wisuh mring pakiwan |
wangsulane yèn wis garing |

mêngko rak lunga priawak |
banjur ngorok kaya sapi |
lindurane nglangkungi |
nora cêtha nanging (ng)galur |
sabên rêp mapan nendra |
sêmbari anggantèn dhisik |
ngêmut susur klomoh lir têtêluh braja ||

Jilid 2 - Kaca : 314

6. Susur kacopot kinarya |
ngusap bibir ngandhap nginggil |
nganti ngêthèl yaknèn kêtat |
dakêmutke amangsuli |
mèk anyêp tan mêrkinting |
de nalika nusul turu |
aku nuju supêna |
ana ing kananirèki |
mêntas saka pasar atêtumbas bêtah ||
7. Ing marga ana luwangan |
tan darana daklumpati |
cupêt kacêmplung ing wangan |
têtukonku kocar kacir |
kaluwak mung sawiji |
tiba ing luwangan mau |
dakjapit sikil kanan |
durung mêntas banjur nglilir |
bangêt eram têka sikil karo pisan ||
8. Wus dènêmut ing kakangmas |
jêmpolan anjêpit sêntil |
banjur dak dhupakkên pisan |
mantumu tiba kuwalik |
bibir kang nginggil gathik |
waton lawang bae bintul |
tan agêng mung saklapa |
bêrangkangan banjur mijil |
mutah-mutah sawêngi tan mawi kêmba ||
9. Ah wong têmên nora (n)jarag |
si mase dadi panggalih |
aku banjur dikon dandan |
mangkat sowan mrengi iki |
Ki Buyut ngandika ris |
padha dene arannipun |
nanging dununge lêpat |
êrose saka sirèki |
(ng)gonmu durung carêm caraning ngakrama ||
10. Dhenok aku nora ina |
samana nganggo daktari |
apa anane dakgêlar |
muwung dene awit cilik |
(ng)gonne mèlu ing mami |
tumêkèng ing ngakiripun |

bodhone dhasar nyata |
nanging tēmên tani bêtîl |
tangan anyêp tabêri anambutkarya ||

11. Sirèku uwis kaduga |
nglakoni sapakonmami |
wêkasan mangkono nyawa |
rara lamun sira nganti |
pêgat (ng)gènnira krami |
dakjabakkên atmajaku |
lah aja katon mata |
sakarêp-karêpmu dadi |
rara Primpên karuna nungkêmi pada ||

12. Dhuh (n)jêng rama apuranta |
ywa kalajêng-lajêng runtik |
yèn (n)jêng rama tan ngaksama |
dadi apa awakmami |
lan sapa ingkang sudi |
ngukup marang raganingsun |
wah nandhang sapudhêndha |
tan miturut ing sudarmi |
ing dêlahan pinasthi anèng naraka ||

13. Rama ywa kapanjang-panjang |
galiyên mangkene uwis |
lumrahe wong omah-omah |
padudon kakêmbangnèki |
jare (m)bangun trêsna sih |
kêkêle anèng jinêmrum |
kadi pêngantèn anyar |
basane rênggang gulali |
anguruwêl kêmpele kadi sata eca ||

Jilid 2 - Kaca : 315

14. Saèstune tan lênggana |
miturut rèhing akrami |
nanging yèn parêng (n)jêng rama |
sartane kagungan picis |
nyuwun ugungan mami |
katanggapna wayang Cêngkung |
kalamun wus kalakyan |
kang dadi panyuwun mami |
sakarsane kêmase (n)dhèrèk kewala ||

15. Ki Buyut kalangkung suka |
lêga rasane kang ati |
rara aywa tinggal candra |
warnamu ngrêsêpkên ati |
tan ana kang pinanci |
miturut rèh mrih rahayu |
thole Buyut Gêduwal |
kowe mênyanga saiki |
marang Mëndhankawit hya wêdi kangèlan ||

16. Kono ana wayang anyar |
 bêcik pamayangirèki |
 kyatingrat Kandhabuwana |
 kalamun sira wus panggih |
 matura ing kiyai |
 manawa dhanganing kalbu |
 lan nuju tan sarêngan |
 ing mêngko bêngi dakpurih |
 kaparênga mayang ana wismaningwang ||
17. Kadangwarga gawanana |
 bau angusung-usungi |
 Buyut Sondong matur sêmbah |
 nuwun inggih-inggih kyai |
 sarèhning sampun tapis |
 padhang jingglang ingkang dhawuh |
 pun kula kalilana |
 lajêng mangkat ing sakniki |
 iya thole aku banjur tata-tata ||
18. Mundur Ki Buyut Gêduwal |
 dupi dumugi ing (n)jawi |
 cangelak wangsul manabda |
 e la jênang gula manis |
 durung pamitan nyai |
 wong gondrèng-gondrèng wèh gandrung |
 pinanggih ing pêngkêran |
 lagya ngracik gantèn wangi |
 ngrujit sêkar mlathi mênur gambir pêthak ||
19. Dumrojog Buyut Gêduwal |
 (n)dhodhok sangajênging kori |
 angling groyok mêngap-mêngap |
 dhuk gèndhuk dhiku wong dhandhing |
 ayu mrakati trincing |
 aku lunga ywa kok bêluk |
 sasuwene daktinggal |
 aja mêtu saka panti |
 sawêr ponthang dak mati rak mêlang-mêlang ||
20. Yèn dijawab cacing abang |
 rara Primpên duk miyarsi |
 aja (m)baung wis lungaa |
 mêngko daksawuri gandhik |
 congormu dimèn tipis |
 mari kaya ngêmut lêsung |
 mas ngantèn palarasan |
 hut gandri mêtà Nyi Boging |
 hêm hêm lothung olèh sasarapan ujar ||
21. Wus lêpas ing lampahira |
 nanging lali tanpa kanthi |
 sigêg lampaha Gêduwal |
 gantya kocap Mëndhankawit |

Nyai Randha Sumampir |
ngadhêp risang Among Luhung |
dhalang Kandhabuwana |
pagêndèr Nyai Saruni |
pangêndhangnya nama Kyai Kalunglungan ||

22. Nyi randha marêk ing ngarsa |
cinariyos duk ing nguni |
miskine kaliwat-liwat |
mangkya thukuling rijêki |
bisa iyasa panti |
pandhapa gandhok myang lumbung |
kandhang lêmbu maesa |
pawon pisang slirang tharik |
paregolan miwah sanggar palanggatan ||
23. Pagêr turus tumaruna |
bênggang pinasthi sanyari |
larèn wêning têpung-gêlang |
palataran rêsik gasik |
taru thinarik-tharik |
sawo anjung kêpêl dhuku |
manggis pêlêm rambutan |
blimbing jambu pêthak abrit |
tinon wingit samya dadi woh tan kêndhat ||
24. Nyi randha katingal rosa |
anak putu ingkang têbih |
miwah kawula kawraga |
(ng)gili samya tumut panti |
dadya ing Mêndhangkawit |
rêja raharja kalangkung |
wus karan ing karajan |
pasare raina wêngi |
jalu èstri tyase têntrem tur kacêkap ||
25. Ki dhalang Kandhabusana |
tanya mring Randha Sumampir |
nyai ing salawasingwang |
manggon ing wismanirèki |
apa ta boya dadi |
ribêt miwah katunanmu |
sarèhning nganti lawas |
randha matur mangênjali |
dhuh kyai èstu botên pisan-pisan ||
26. Yèn kadi kang pangandika |
tan sagêt matur kang abdi |
mulyane badan kawula |
rêjane kang Mêndhangkawit |
saèstu awit saking |
sawabipun Sang Linuhung |
kang sarira Bathara |
punapa wawalês-mami |

tan lyan namung sumungkêm bêkti kawula ||

27. Maring Bathara Kawasa |
paduka ingkang (n)jalari |
sangêt panuwun kawula |
bokbilih pinudyèng kapti |
dhêdhepok Mëndhankawit |
dumadya pêpundhèn-ulun |
saanak putu-amba |
ki dhalang ngandika manis |
iya nyai bangêt ing panrimaningwang ||
28. Kang dadi pamintanira |
gampang katêmu ing (m)huri |
amung ing samêngko sira |
ywa aran Nyai Sumampir |
ingsun paringi nami |
Randha Asêmsore iku |
kalawan tampanana |
gagaduhanira nyai |
cacêkêlan lara èncok sasaminya ||
29. Sapa wonge meme sinjang |
nganti kasurupan rawi |
ing mangka nora dènêntas |
lan maninge lamun janmi |
mayokkên sambêl mungging |
lèmpèr lêmah miwah watu |
lawan mayokkên jangan |
asêm enjinge binukti |
dunungana lara encok iku padha ||
30. Asêmsore nuwun turnya |
ngèstokkên sabda kapundhi |
kasaru Buyut Gêduwal |
kula-nuwun manjing panti |
(m)bagêgêg anèng ngarsi |
ki dhalang wacana arum |
bagus sira bagea |
pinangkanira ing ngêndi |
lawan sapa kêkasihmu myang sêdyanta ||
31. Matur kang sinung pambagya |
kyai (n)dangu ragamami |
kala dèrèng asêsemah |
Jaka Sondong pilih tandhing |
kalamangsa kawingking |
anyarêngi randhu rubuh |
èstu pasihaning Hyang |
pinundhut mantu kiyai |
Buyut Wangkêng Mëndhangtamtu padhepokan ||
32. Dhinaupakên kalawan |
putranipun ayu èstri |

Jilid 2 - Kaca : 317

rara Primpên musthikèngrat |
lajêng pinaringkên mami |
Buyut Gêduwal inggih |
mawi pinacak dhêdhukuh |
ing Mëndhangowong dadya |
bubundhêl amisesani |
semah kula bakjêng Primpên kula bêkta ||

33. Nama lami nama inggal |
kasilêp awit kawijil |
karan mas ngantèn kewala |
Kalunglungan suka myarsi |
kimase andêrmimil |
nganggo salasilah (ng)galur |
randhu rubuh kalawan |
cacing mantu dhisik êndi |
ah wikana kula botên dipunundang ||
34. Nuwun kyai sowan kula |
ngintar mêmêt tanpa kanthi |
wanci bêdhug dhêng (n)dhêrandhang |
manrang bèntêr kontrang-kantring |
mripat balêrêng aking |
kêkonang pating kalêpyur |
karingêt darodosan |
gurung krakêt klêkêt salit |
ambêgogok lungguh ing salu sampeyan ||
35. Sajatose awigatya |
dhapur kinèngkèn kiyai |
raka (n)dika marasêpah |
dêlêlès dèrèng diwowori |
Buyut Wangkêng kêkasih |
pêpundhèning Mëndhangtamtu |
noningih kang sapisan |
kintun pangèstu basuki |
kaping kalih yèn bilih (m)botên sarêngan ||
36. Ing mangke dalu sampeyan |
dipun aturi angringgit |
dhatêng Mëndhangtambu krajan |
parlu ngluwari punagi |
kang ngabdi tiyang èstri |
salamine dèrèng atut |
nêlaskên gunabisa |
purun atut anuruti |
nanging darbe panêdha tanggapan wayang ||
37. Mila kula gurawalan |
marlokkên sowan pribadi |
sangêt panyuwun kawula |
kalampahanipun ngringgit |
saèstu anjalari |
ithak-ithuk mathuk gathuk |

Jilid 2 - Kaca : 318

yèn sampun kalampahan |
masajênge kula dhongdhing |
angaturi uninga dhatêng sampeyan ||

38. Kalunglungan latah-latah |
tobil nganti nora ngêrti |
têmbunge nganthar ngalênthar |
nganti ilang prêlunèki |
ki dhalang ngandika ris |
kapasanyogya ki bagus |
iki pinuju sêla |
matura kakang kiyai |
luwih atut manira wus sagah sowan ||
39. Manthuk-manthuk Ki Gaduwal |
ngilak-ilak tyasirèki |
Kalunglungan sru ngandika |
he he kimase wong (m)blêndhing |
wong bêtah andêrmimil |
aja pijêr manggut-manggut |
iki kasêlak udan |
dakdêlêng tan (ng)gawa batih |
sapa ingkang ngusung kothak lan gamêlan ||
40. Kudu mangkat ing samangkya |
(ng)gih kyai kula pribadi |
mara bagus usungana |
ana ngèmpèr kulon kuwi |
pangusung aja srênti |
kudu sakbrêngan wus rampung |
Ki Jaka Sondong sagah |
pamit lajêng amurugi |
dupi miyat salin têmbang maskumambang ||

166. Maskumambang

1. Biyang-biyang ambakna wong marentahi |
nora nganggo sawang |
mring wong kaya awak-mami |
pangantèn anyar tur tigas ||
2. Ambêlèrèt ikêt irêng têngah putih |
têka kon gégawa |
rowa rokah-rokah iki |
ning luput inaku dhawak ||
3. Rikning iya sapa kang bakal nong-aning |
lemah-lemah mlumah |
turu ngambèn dènsik-isik |
banjur nusul (n)jaluk timpah ||
4. Nanging priye patrapku (ng)gonku ngusungi |
rampunge sabrêngan |
gamêlan pating talêning |

Jilid 2 - Kaca : 319

wangune abot tur rêkah ||

5. Ana ingkang ènthèng pangiraku ringkih |
lamun dak sunggia |
dhêstharaku mobrak-mabrik |
mulihake nganggo beya ||
6. Kalunglungan mara (ng)gablok saking wingking |
Sondong gêdandapan |
piye guse ngantèn iki |
têka banjur kaya tlawah ||
7. Mingak-minguk nora nuli dèntandangi |
ngèntèni apa ta |
inggih kyai inggih-inggih |
niki sawêg kula laras ||
8. E lah lucu nêmmè nganggo digolèki |
dakwarahi sira |
ucula ikêt tumuli |
kanggo buntêl gèndèr gambang ||
9. Kêthuk kêmpyang kêcèr saron lawan suling |
bêbêtmu ucula |
iku kanggo ambuntêli |
kênong têlu lan suwukan ||
10. Bukak baju kanggo angêlêd-êlêdi |
bonang nunggal gangsa |
sabuk lolosèn (ng)go tali |
nyêbrak sêtagèn kinarya ||
11. Ngêrut-êrut saèpèkmu aja kari |
sinunggi kang kothak |
rancak lan tumumpang nginggil |
dalam kèndhang plangkan rêbab ||
12. Gayor kanggo mikul kang rong buntêl iki |
ana pundhak kiwa |
pundhak têngên dènsampiri |
sikil gayor loro pisan ||
13. Cinanthèlan balencong parabot kêlir |
tangan kiri kanan |
nyangking kêmpul siji-siji |
drohun ran uwis kacêkap ||
14. Jaka Sondong kêlop-kêlop angling ririh |
cilaka rambatan |
kujur ngêpok blai mêngcit |
iba wêlase kang mulat ||
15. Cacah rolas dijupuk kang roro iji |
puluh dikapakna |
kapriye (ng)gonku sumingkir |

dak-sangènane kewala ||

16. Nora (ng)gawa abrag-abrag nora nyunggi |
gangsak kothak wayang |
nyunggi bokonge wong nêcis |
ngusung masjênge sing nyanthas ||
17. Wus rinakit rampung ginawa pribadi |
Ki Gêduwal mangkat |
suka wêlas kang udani |
lampah rindhik tan lembeyan ||
18. Kyai dhalang ngandika mring nyai panti |
karia raharja |
saanak putumu sami |
iya ing sapungkuringwang ||
19. Kangbok tuwin uwa Kulunglungan wawi |
mangkat mupung siyang |
bilih kadalon nêng margi |
Mêndhangkawit wus kawuntat ||
20. Sigêg Nyai Asêmsore Mêndhangkawit |
gantya adêgira |
Buyut Wangkêng lan putrèstri |
pinarak anèng pandhapa ||
21. Kacarita sapungkure kimas ngantin |
dhukuh kagegeran |
buburon wana anggili |
malêbêt mring padhukuhan ||
22. Nora katon dhudhukuh katon wanadri |
pramila ki wisma |
sangêt dènnya nganti-anti |
putra mantu kang dinuta ||
23. Ngandika ris marang putranira èstri |
rara kaya paran |
têka mangkene puniki |
sapungkure lakinira ||
24. Dene buron saisine ing wanadri |
lumêbu mring dhêkah |
sajake arêp lêstari |
mèt papan amanggon jênak ||
25. Kang dakarêp-arêp mung lakinirèki |
rama atur wikan |
mau bêngi aku ngimpi |
mantumu dhinahar sima ||
26. Anèng wana saprabote brêsih tapis |
manawa têmênan |

Jilid 2 - Kaca : 320

- buron iki (n)daradasih |
ngupaya tunggale baya ||
27. Buyut Wangkêng angandika sêmu runtik |
iku catur apa |
ala-ala amalati |
ywa ko(k) pindho kang mangkana ||
28. Tan pantara dangu kêmase kaèksi |
rêmbên lampahira |
ambêntoyong bêktanèki |
gupuh Ki Buyut parentah ||
29. Maring batih mara tulungana aglis |
rara apa iya |
kae lakimu kang prapti |
mênèk karo ngirit dhalang ||
30. Mara gêlarana kalasa kang rêsik |
wedangmu sêngkakna |
aku dak mapag mring (n)jawi |
rara Primpên mundur nêmbah ||
31. Kimas Ngantèn bêktane wus dèntampani |
lajêng mring pungkuran |
ngupadosi ingkang èstri |
pinangguh rêracik sêgah ||
32. Ki Gêduwal (ng)galoso anèng taritis |
pêgat-pêgat lingnya |
mêmalad sihing kang èstri |
nok-ênok sapungkuringwang ||
33. Sira apa ora katonên mring mami |
lo bojomu têka |
apa uwis cawis-cawis |
wedang nyamik sêga jangan ||
34. Yèn wis ngombe wedang nyamikan sathithik |
madhang kokoh jangan |
bubar maêm mapan guling |
kèlèk cêngêl pijêtana ||
35. Rara Primpên (m)basêngut mangsuli wêngis |
e e mundhut wedang |
apa tingalmu tan uning |
galo-galo sumur kêbak ||
36. Nyamikane mênyanga kêbon pribadi |
kae kêpêl sela |
kang runtuh wus matêng uwit |
sêga nisilana gabah ||
37. De iwake mênyanga pawon pribadi |

Jilid 2 - Kaca : 321

jêgge mau turah |
balung-balung sisa kucing |
aku wis sadhiya jangan ||

38. Dhuh bojoku kabèh pakon daklakoni |
sing ko kêla apa |
gadhon jangan bae dhisik |
kang dak kêla wèt-awètan ||
39. Jangan pongge palapahe bêton kècik |
sambêle wutuhan |
amung tanpa uyah trasi |
lalabane isi lêrak ||
40. Ki Gêduwal sru sukèng tyas wus anggêndring |
marang ing ngajêngan |
rêngêng-rêngêng urut margi |
kinanthi maluku tégel ||

167. Kinanthi

1. Ki Buyut Wangkêng wus tundhuk |
ki dhalang gupuh kinanthi |
panggêndèr miwah pangêndhang |
lumuntur anèng ing wingking |
pinarak têngah pandhapa |
panêmbramanira manis ||
2. Adhi Kandhabuwana nung |
kita amêthuk prayogi |
sèwu bégja kamayanan |
karsa rawuh dhepok mami |
lir roga mèh praptèng lena |
mulyantuk usada adi ||
3. Inggih kiraka anuhun |
ki buyut wacana malih |
(m)bok adhi kita amapag |
prayogi dhatêngirèki |
lawan sintên kang sinambat |
lawan kaprênah punapi ||
4. Winangsulan manis arum |
kalangkung nuwun kapundhi |
kang sarju mastani mring wang |
kula nama Nyai Sruni |
kalêrês kadange wrêda |
kalawan dhalang kiyai ||
5. Mèsêm manthuk kyai buyut |
kiraka kang lênggah wuri |
suwawi kaparêng ngarsa |
ulun amêthuk prayogi |
sarawhipun kiraka |

Jilid 2 - Kaca : 322

myang sintên sinambating sih ||

6. (ng)Gih adhi sami pikantuk |
dene nama kula adhi |
karan Kaki Kalunglungan |
botên mawi malih-malih |
ki buyut (ng)guguk sukèng tyas |
kiraka sampun prayogi ||
7. Adhi dhalang milanipun |
sampeyan kula-aturi |
wagêda dados jalaran |
mudhari ruwêting ati |
awit putrane pun rara |
(ng)gènne mangun palakrami ||
8. Sampun lami dèrèng atut |
tansah êru sabên ari |
anêlaskên budidaya |
sarat-sarat gunadhêsthi |
tan wontên ingkang tumama |
malah kadi dènsêpuhi ||
9. Pinarêng lan wêdalipun |
mangkya na wênganing ati |
purun caraning akrama |
nyuwun titingalan ringgit |
dhalange Kandhabuwana |
panggèndèripun pawèstri ||
10. Pramilane gupuh-gupuh |
lajêng ngaturi si adhi |
wêwah malih katambahan |
sapêngkêre kang lumaris |
pun thole ngantèn Gêduwal |
sakèhe buron wanadri ||
11. Samya lumêbu mring dhukuh |
tyasulun tambah prihatin |
saking wangsiting jawata |
mantune lir wingi uni |
srana nanggap ngêl-ungêlan |
utawi ananggap ringgit ||
12. Mila ing panuwunulun |
mangke ing sadèrèngnèki |
minggah pinarak panggungan |
gangsaa mungêla rumiyin |
ki dhalang mèsêm ngandika |
inggih kiraka prayogi ||
13. Mênggah gangsaa ungêlipun |
mangke sadèrènge kawit |
kula namèkakên Gagala |
ki buyut suka lingnya ris |

kataluwa dlas samangkya |
ing pangruwatipun adhi ||

14. Kula borongkên puniku |
kiraka inggih prayogi |
basanipun babarpisan |
de sajèn-sajèn piranti |
kula sumangga kiraka |
kadi kang kasêbut tulis ||
15. Wus katampèn kyai buyut |
pratelane kang sasaji |
sinungakên maring putra |
sambat sadaya miranti |
kadi lodok Ki Gêduwal |
nata-nata ngrakit-ngrakit ||
16. Paripurna sadaya wus |
dhalang saknalika awit |
talun anata gamêlan |
kawusane dhalang luwih |
kacarita buron wana |
sirna wangsul mring wanadri ||
17. Dènnira têtalu suwuk |
ki dhalang lajêng mangarsi |
lampahane Manikmaya |
gantya wau kang winarna |
rara Primpên wus busana |
asinjang limar-katangi ||
18. Kasumêkan ijêm pupus |
rimonge kuning dumêling |
ukêl gondhèl barondongan |
borokan sêkar taluki |
jangkat pênyu jram sak-ajar |
lungsèn ukêl argulo brit ||
19. Wida jênar marbuk arum |
sasêngkang cêmêng cinêplik |
sotya panunggul satunggal |
supe bathok sisih gadhing |
sêsêlut salaka mulya |
supe tajug kanan kering ||
20. Rampunging karya mangapus |
sap-asta jingga sumampir |
anèng asta ingkang kiwa |
cukil karna silih asih |
kênarèn mas isi bawang |
sorog pêthèn lading gapit ||
21. Asta ingkang têngên manggul |
talam alit isi sari |

Jilid 2 - Kaca : 323

- rinujit badhe sangsangan |
malathi sinêling gambir |
karang mêlok tinêngahan |
argulo jênar myang abrit ||
22. Lawan gêgombyoking dhuwung |
campur bawur ganda minging |
badhe sêkar palênggahan |
konyoh jênar arum wangi |
talêkêm lisah jêbadan |
gantèn mengkol sêdhah sêmprit ||
23. Sadak apu bumbon alus |
gambir sêdhêp sêmu manis |
jambe jênar nêmpol ngambar |
panasar trus tanpa isi |
sata eca dhinèdhèssan |
sês wiru sinumpêt mathis ||
24. Têmpaos uwur kinaduk |
sang dyah lumampah nèng ngarsi |
ginarubyug para warga |
prapta (n)jujug cakêt kêlir |
pinarak ajêng-ajêngan |
lawan kyai dhalang sigit ||
25. Mung kêlêtan widhig janur |
datan mawi dèntangsuli |
binuka katon ki dhalang |
sinawuran urapsari |
(m)baladêr ing palênggahan |
talam katur linut liring ||
26. Kurang thithik adu dhêngkul |
sang dyah aturira ririh |
cumanthaka dasihpara |
kumapurun angaturi |
sêgah sawontêne dhêkah |
mêrgaya bilih prayogi ||
- Jilid 2 - Kaca : 324
27. Muhung dados cihnanipun |
sumungkême ingkang dasih |
dhuh mugi dipunparêngna |
cumadhong èsthining ati |
ngagêm sêkar konyoh jênar |
nyamping jinêbadan wangi ||
28. Gantèn ginêgêt ing pucuk |
êsês sakêbulan naming |
ki dhalang nampèni talam |
nglocitèng tyas baya iki |
bojone bagus Gêduwal |
patut ana tut kêpontit ||

29. Wasana ngandika arum |
 pasugatanira nini |
 bangêt panarimaningwang |
 sartane ingsun lêngani |
 kang dadi pamintanira |
 sang dyah sukane tan sipi ||
30. Dumadya sangêt nahên kung |
 wayang wuyungan ing galih |
 ki dhalang lamba kewala |
 nulya nglajêngakên ngringgiti |
 kocap Ki Buyut Gêduwal |
 bikut dènnya nglaladosi ||
31. Sugata dhalang wus rampung |
 nyandhak niyaganirèki |
 ngladoskên wedang pangêndhang |
 kinintên menda kabincih |
 kinêpruk ing tabuh kêndhang |
 sakayang Gêduwal (n)jêngking ||
32. Makprêg rai ngêpruk kriyuk |
 rêmuk mawut (m)balabari |
 mripat klilipên pêcahan |
 lambe katlusuban cangkir |
 rai dhadha ambêranang |
 dadi kraos panas thithik ||
33. Ikêt kasingsal kacêgur |
 têmpolong wus isi lami |
 agadêg nyat sirah katulak |
 gayor gong garêse gathik |
 lawan êgong panyuwukan |
 (n)dhoko sambate dêrwili ||
34. Wong sêngit tan katarèku |
 apa kapanjangan eblis |
 kabangêtên sasêmbranani |
 dosa apa mring sirèki |
 nyawiyah sawênang-wênang |
 nyang wong panas jêring manjing ||
35. Yèn wurua dene durung |
 sunggata badhèg lumadi |
 babo babo cobak aja |
 dakpèk gawemu kiyai |
 dak ngene yèn aku wêgah |
 adhuh adhuh barêng mati ||
36. Ki pangêndhang api watuk |
 kêkêl kêndhang dènsungkêmi |
 (n)dêngèngèk sarwi ngandika |
 bagus hya dadi tyasnèki |
 kang agung aksamanira |

pandêlênge wong wus boging ||

37. Daksêngguh ki mau wêdhus |
ngonyok arêp anocoki |
suguh sêga lan panganan |
mula banjur daktêmpiling |
rikne gêtunku kaya pa |
(m)bok ya sêtaun yèn mari ||

Jilid 2 - Kaca : 325

38. Bubare wayangan besuk |
sira masthi olèh jampi |
cêngkir gadhing pipingitan |
banjur wani nong anuning |
pangajapanmu ing tawang |
saksayahe anuruti ||
39. Ki Jaka nir napsunipun |
sirna kang karaos sakit |
kerogan gumuyu latah |
ngling lucu kiyai iki |
tètèse kang pangandika |
mugi-mugi anêmahi ||
40. Inggih kyai sampun-sampun |
cêkak tan dados punapi |
sawêg cilakaning badan |
manawi ing tèmbe manggih |
sukawirya pinilala |
ing ngagung wong ayu kuning ||
41. bènêr calathumu bagus |
banjurna (ng)gonmu ngladèni |
(ng)gogohi ikêt grênêngan |
bêcike kapriye iki |
arêp matur kyai dhalang |
nyuwun lakon nyênjês manis ||

168. Dhandhanggula

1. Lamun ingong adandana maning |
bali nganti garinge kang dhêsthar |
kasuwèn cèwèt pèrlune |
(m)bok ngene bae uwus |
ngarah apa mangsa apangling |
barang kang cêlak kothak |
kyai kula nyuwun |
lampahan kang nyênjês-nyanyas |
mukêt rame salah satunggal kang pundi |
pala kèlawan ekrak ||
2. Kyai dhalang dèrèng amangsuli |
miyat kang èstri macak anyanthas |
ngalela cakêt lungguhe |
lan ki dhalang mèh gathuk |
Gêduwal ngling gèdhèg nudingi |

bil tobil bangêt eram |
marang sira gêndhuk |
la (m)bok aja cêdhak-cêdhak |
(ng)gonmu linggih marang kyai dhalang kuwi |
lanang tur dudu sanak ||

3. Upamane tan kêlêtan kêlir |
banjur ruwêt nyandhêt kene kana |
angèl ucul-uculane |
ri kang sinungan wuwus |
rara Primpên mamas ati |
mucang nunggil kêcohan |
angêlorot susur |
Ki Gêduwal têbah jaja |
gêtêm-gêtêm undurira nolah-nolah |
sigêg lampahe wayang ||
4. Nyai Juru satamunirèki |
miwah jalma kang samya umiyat |
sêpuh atanapi lare |
suka mawantu-wantu |
saya kathah ingkang ningali |
ing pandhapa wus kêbak |
palataran pênuh |
kang tan wruh wujuding wayang |
têka trima mung myarsa cariyosnèki |
sukane nora beda ||
5. Ki Panjangmas dènnira angringgit |
Murwakala nyênyês krasèng driya |
lumintu babanyolane |
dhasare kaduk cucut |
para èstri samantên ugi |
sayuk asuka rêna |
kapingkêl kapoyuh |
gumujêng ambata-rêbah |
ana ingkang (ng)gabloki rowange linggih |
mijêt wêtêng balabag ||
6. Amangsuli adêge kang ringgit |
Kandhabuwana dènnira mayang |
tan tumbuh tan ngorakake |
maring kang mambu kalbu |
nahan wau dhatêngirèki |
mancapat kang umiyat |
anggili gumrubyuk |
randha krisik Mëndhangrêja |
myang wêkanya rara Lekoh maksih sunthi |
gombak (n)jêbobog gimbal ||
7. Ambagêgêg nyogo anèng ngarsi |
linggih jegang tangan malangkadhak |
de kang ana ing wurine |
dayata kaki Buyut |

Jilid 2 - Kaca : 326

Mêndhangsuka dhukuhirèki |
kakalih wêkanira |
Candramawa sêpuh |
kang nèm Jaka Bêlang-yungyang |
kaduk juwèh nyaru kang lungguh nèng ngarsi |
rara Lekoh jinawat ||

8. Tobil eram sabên nonton ringgit |
uwong iki mêsthi uwis ana |
(n)janggol nèng ngarêp lungguhe |
êntute rêbut dhucung |
brat brut thit thut nganti tundha tri |
tur nimbrah sumarambah |
tèmbêl tédhak ngirung |
karo (m)bok mênêng kewala |
dhela-dhela gèdhèg-gèdhèg gobag-gobig |
apa bêndana tepas ||

9. Lo lo ngrêngkap rambute winiwir |
apa arêp gêlungan tampahan |
wathah ngarompyoh kèlèke |
(ng)gêmbulêng kaya grumbul |
makbrêng lêdhis anyir sathithik |
kae bêrite nigan |
manggung muntap-muntup |
(m)bok wis nèh (ng)gonne gêlungan |
lo rak mrucut iyah nganggo maleroki |
nuli anarik cagak ||

10. Rara Lekoh nolèh nabda wêngis |
si diblêgo diluwuk dilabrag |
dikêpruk lêsung irunge |
dingono-ngono alu |
rogung jiwa wudêlmu jlanthir |
wong edan tan prasaja |
sak karêp-karêpku |
dulêg nganggo sumakeyan |
nora kêna wong nglêsêd ngaruh-aruhi |
cungire criwis turah ||

Jilid 2 - Kaca : 327

11. Ngati-ati dakwadulkên nyai |
nora jamak uwong kurangajar |
cocotmu mêsthi dèn-onthèl |
pêdhèt tan sawanan gung |
biyung aku dilêladaki |
wong sêrêng irung panjang |
jlênthir wudêlipun |
ae bèng têka mênênga |
wong dijawab cêpak jatukramanèki |
ngaliya ngarsaningwang ||

12. Rara Lekoh majêng dènnya linggih |
junjung bokong êntute ngumandhang |
nampêg kang anèng wurine |

- ngisis Mèyungyang jêpluk |
 rara Lekoh anampèl wêntis |
 gumuyu lakak-lakak |
 Candramawa muwus |
 dhuh-adhuh saduluringwang |
 ywa cariwis mundhak camah sira yayi |
 tur sinaru ing kathah ||
13. Nganti silêp caritaning ringgit |
 ki Mayungyang (ng)glêgês nabda sora |
 anu kang dhèk Paing kae |
 arinta ngidhang kaul |
 marang pasar nadar ngluwari |
 sarana nganggo bêksa |
 wirèng tamèng pênthung |
 tamèng bathok pênthung carang |
 sabên pasar dak jogèti sung rijêki |
 saka dhawuhing dewa ||
14. Ambêntoyong bubar pasar mulih |
 lali nora (ng)gawa punakawan |
 klincutan daggawa dhewe |
 mung jênang alot têlu |
 dakmut kabèh nora kêtawis |
 tumêkèng kali nyabrang |
 kithing aku wêruh |
 lintah mantu bêbesanan |
 karo kinjêng bubar têmu (m)bukak ati |
 nayuban sopyan-sopyan ||
15. Pacêt jogèt gêndhing Jangkung-koning |
 kang nglarihi Cèlèng lan (m)bah Ima |
 tiba gong ngaturi ngombe |
 aku kêkêl gumuyu |
 jênang têlu kolu tan kari |
 ah kabênêran kakang |
 ora sida gêtun |
 sabên esuk yèn bêbuwang |
 amung mêtù jênang alot siji-siji |
 dak pundhut misih wêtah ||
16. Kanggo sèmèk nganti tigang kenjing |
 têlas jênang miyos kaya pisang |
 mangu-mangu tyasku kiye |
 (n)jêtung mangemut-emut |
 apa yèku mêngko gèk tai |
 yèn sayêktine tinja |
 majik limis alus |
 yèku pasihaning dewa |
 pisang kêpok kukusaning midadari |
 ginanjarkên maring wang ||
17. Aku nekat siji dak icipi |
 têka êmpuk sêpêt sawatara |
 mung rada badhêg ambune |

dadi karêm arimu |
sabên ngising dakling-ilingi |
yèn mêtù kaya pisang |
enggal (ng)gonku (n)jukuk |
pamanganku sasingidan |
aku isin yèn didakwa dhahar tai |
wong satêmêne pisang ||

Jilid 2 - Kaca : 328

18. Nayataka nolèh anudingi |
he he mênêng aja cêcaturan |
ana wong dielikake |
têka malah (n)dêlarung |
ki Mèyungyang pi-api ajrih |
kèndêl ujing bapa |
(n)dhèhèm alok gupruk |
lo lo kae sing angêndhang |
pancèn prigêl irama ajêg lêstari |
pamangane tan kèndhat ||
19. Thung dhêng sruput kriyak mangan puli |
Nayataka mundur-mundur nyandhak |
wudêl pinuntir ngêlèwèr |
Mèyungyang cêp (n)dêrkukul |
lir sinêntak ingkang ningali |
gar-gêr ambata-rêbah |
ki Panjangmas cucut |
tan wus yèn dèn-ucapêna |
sukaning tyas jalu èstri lare alit |
nahan ki Panjangêmas ||
20. Linajêngkên cariyosing ringgit |
Jatusmati buburoning Kala |
dhatêng (n)jujug pagongane |
ngathêngkruk nabuh kêthuk |
Sanghyang Kala gupuh nututi |
kanggêg kandhêg ing latar |
ajrih malbèng tarub |
mandêng linggiye ki dhalang |
mila nama kalasa têtêng samangkin |
mundur Bathara Kala ||
21. Sèndhèn cikal tumaruna wanci |
mila lajêng anama kalapa |
satêmah dhoyong adêge |
lah ing kana ta wau |
Kandhabwana dènnira ngringgit |
ngêtrapkên bêbanyolan |
kang myat gêr gumuyu |
Hyang Kala gumujêng latah |
gumalêgêr kagyat kang sami ningali |
ririhi samya raosan ||
22. Guyu apa têka (ng)gigirisi |
gigithokku mangkorog saomah |

marinding sakujur nyabe |
ngoplok bêbokong gathuk |
nora enak rasaning ati |
kesah alon-alonan |
gusis èstri jalu |
kocap kèndêl dènnya (n)dhalang |
Kala nglela sarwi angandika aris |
hèh dhalang bacutèna ||

23. Kandhabwana amangsuli aris |
hêlo kowe si Kala kang prapta |
Kala kagyat lon sabdane |
hèh dhalang têka wêruh |
sira marang ing jênêng-mami |
ki dhalang mèsêm lingnya |
pagene tan wêruh |
têkamu mandhêg plinggihan |
ya mulane aran kalasa puniki |
banjur asèndhèn cikal ||

Jilid 2 - Kaca : 329

24. Mila jênêng klapa apa yêkti |
iya bènêr tuturmu sadaya |
ko mênêng apa sababe |
mulane mênêng ingsun |
padha bubar kang aningali |
hèh hèh mêngko ta dhalang |
ulun tanya èstu |
purba wisesane sapa |
kawruhamu Kala purbane ya mami |
wisesane kang nanggap ||

25. Lamun ingkang nanggap marentahi |
banjurake ênggoningsun mayang |
saèstune lèkas manèh |
hèh dhalang raganingsun |
dhêmên bangêt ênggomu ngringgit |
mara ge tutugèna |
apa srananipun |
sranane yèn akèh kurang |
yèn sathithik turahe angluluwih |
Kala suka tatanya ||

26. Ulun ayun miyat lakonnèki |
ing tutuge dhalang angandika |
lakon Manikmaya kiye |
pra dewa ngusung gunung |
dhalang lamun lêga ing ati |
banjurna (ng)gonmu mayang |
ulun wèh sranamu |
sataksawe uwang dinar |
ki dhalang ngling aku êmoh opah picis |
ah aèng sira dhalang ||

27. Têka ora arêp opah picis |

sing kok karêpake baya apa |
daklêgani saksayahe |
Kala kok gêgêm iku |
apa ranne ingkang sajati |
iku kang ingsun têdha |
dadi arannipun |
Hyang Kala mèsêm ngandika |
kang dakgêgêm badhama paesan iki |
lah ênya tampanana ||

28. Ananging ta ingong darbe janji |
aja nganti lêgi dadi tikta |
badhama sampun tinampèn |
ki Kandhabuwanèku |
tandya lêkas angringgit malih |
sêsêge saya tambah |
nêngna kang winuwus |
wontên durjana sakawan |
siji nama Kuthila damêlnya madik |
dwi Langkir karyanira ||
29. Malajêngkên barang (ng)gonne maling |
tiga Pênthungluyung kang ajaga |
kapat Jugilwar-aware |
ambabah karyanipun |
abipraya samya mamaling |
katrênjuh janma nganglang |
padhang oboripun |
Kuthila Langkir lumajar |
Pênthungluyung Jugilawar-awar kari |
lumêbêt ing panggonan ||
30. Tunggil yaga tanggap anggêntosi |
nabuh kêcèr lawan nabuh kêmpyang |
nêngna kang wor niyagane |
kacrita Kala ngantuk |
nuju mênga tutukirèki |
binalang tigan ayam |
kakalih kacêmplung |
ngaros sêgêring sarira |
garagapan jênggirat ngandika aris |
hèh dhalang lilanana ||
31. Ulun mêtù ing (n)jaba kang awit |
mega malang wus anggathêng têrang |
kamanungsan baya mangke |
Hyang Kala mêtal gupuh |
praptèng (n)jawi mambêt gandaning |
bêbayi lair lagya |
sinuci ing ranu |
barêsih nulya cinandhak |
ing Hyang Kala kang darbe yoga cat eling |
cat nora kaèngêtan ||

Jilid 2 - Kaca : 330

32. Jaka Mulya dupi aningali |
nganan ngering Hyang Kala wus kesah |
amasrahakên kêthuke |
wus mêdal gya kapêthuk |
ing Hyang Kala cinandhak aglis |
gigithok tan kêna wal |
ayun kinalêthuk |
êngêt badhama paesan |
nèng titipan Hyang Kala lumêbêt malih |
kapanggih kyai dhalang ||
33. Sarwi tanya lah pagene uwis |
iya Kala mangsane wis bubar |
mula ingsun mênêng kiye |
hèh dhalang iya uwus |
lah rucatên kêlirmu aglis |
aja padha caturan |
kêlir rinucat wus |
hèh dhalang badhamaningwang |
êndak jaluk arêp prêlu kanggo thithik |
ah ingsun nora suka ||
34. Êlo priye ulun rak wus janji |
aja nganti lêgi dadi tikta |
têka cidra dhalang kowe |
dakijoli prabotku |
êndi ingkang sira sênêngi |
utawa uwang satak |
sawe dinar mau |
Kala yèn ingsun arêpa |
wis dhèk mau (ng)goningsun gêlêm nampani |
branarta kanggo apa ||
35. Hyang Kala ngling dakjunjung sirèki |
mêsthi dadi larane tyasira |
ki dhalang rum andikane |
tan dadi manahingsun |
lah kêpriye karêpirèki |
de kang dakjaluk Kala |
bocah loro iku |
kadarbeya ing manira |
parènèkna yèn uwis ingsun tampani |
badhama tampanana ||
36. Sanghyang Kala jêgrêg tan kêna ngling |
ngunandika iki golong aran |
nyandhungi (ng)goningsun golèk |
ing mamangsan satuhu |
mundhak aku kelangan kalih |
nanging antuk lilima |
yèn panujèng laku |
pitu pisan dadi pangan |
wacana ngling badhama ulungna dhisik |
marang ing jênêngingwang ||

37. Nora angèl bocah loro iki |
janji uwis nampani badhama |
pasthi banjur dak-lungake |
ki dhalang andika rum |
apa kowe tyas sanggarunggi |
tan ngandêl jênêngpara |
upamane ingsun |
darbe anak ayu endah |
kok karêpkên apa bocah têka dhisik |
iku basa (n)dupara ||

Jilid 2 - Kaca : 331

38. Ya ta wau Hyang Kala gumlindhing |
lare kalih wus katur ing dhalang |
badhama pinaringake |
Hyang Kala tatanya rum |
mungguh kowe kalawan mami |
tuwa êndi ta dhalang |
Kala tuwa aku |
Hyang Kala malongo nabda |
hèh (m)bok raub tlaga Madirda rumiyin |
rak tuwa raganingwang ||

39. Kyai dhalang mèsêm ngandika ris |
Kala sira têka ngaku tuwa |
apa ta dhèngêr asale |
duk durung ana Ingsun |
o lah dhalang ulun tan uning |
balik kowe apa ta |
wêruh asalingsun |
dhalang ngling pasthi uninga |
ing asalmu sadurungira dumadi |
hèh Kala rungokêna ||

40. Ki Panjangmas sung sasmita maring |
ing niyaga mungêl gèndhing Dhêndha |
jantur purwaka lamure |
nalika awang uwung |
durung ana bumi lan langit |
tamat pamaosira |
janturan kalamur |
gya maos sampurnèng puja |
wusnya tamat ngucapakên wayang malih |
Hyang Kala angandika ||

41. I i dhèngêr tèmênan wong iki |
kyai dhalang malih angandika |
apadene Kala kowe |
isih awarna banyu |
ingsun iya ngawuningani |
ah maido wis ora |
lamun sira wêruh |
aku ngalah dadi mudha |
mara payo arannana kang atiti |

iya sira rungokna ||

42. Ki Panjangmas nulya anglêkasi |
mungêl ingkang nama Santipurna |
hong ila hêng bubukane |
tumêkèng tamatipun |
wusing tamat carita malih |
Hyang Kala duk miyarsa |
malongo gagêtun |
kêlop-kêlop netranira |
nabda ririh iya wus tètès patitis |
jurudêmungmu tatas ||

169. Jurudêmung

1. Lah kowe apa uninga |
titipan kang ana aku |
pira kèhe myang rannipun |
ki dhalang aris ngandika |
yêkti bangêt gonku wêruh |
pan ana patang panggonan |
dene ta dumunungipun ||
2. Ana ing bathuk sajuga |
caraka-balik rannipun |
loro kang ana têlakmu |
katêlu ana ing dhadha |
Sastra-binêdhati iku |
cacah ranne balanira |
dene jangkêpe kang catur ||
3. Kang têrus ing gigir para |
cacah jênênge sadarum |
iya balane bojomu |
lah mara masang karna |
tilingêna kang katêrus |
Panjangmas asung sasmita |
gangsa myang ricikan suwuk ||
4. Ki Panjangmas wiwit mêdhar |
caraka-balik puniku |
tamating pamaosipun |
nulya Sastra kang nêng têlak |
pamaosira wus tutug |
nulya Sastra kang nêng dhadha |
Sastra-bêdhati tinutur ||
5. Titi ing pamaosira |
nulya mêdhar Sastra kang trus |
ing gigir sawusnya putus |
Sanghyang Kala duk miyarsi |
tatas-titis nêtês atus |
larut bayuning kang ngangga |
wingwringing tyas lon umatur ||

Jilid 2 - Kaca : 332

6. Iya wis aku narima |
 pancèn tèmên kalah sêpuh |
 saiki ambapa ingsun |
 marang sira bapa dhalang |
 ki dhalang suka lingnya rum |
 Kala saiki lungaa |
 iya bapa aku nurut ||
7. Apa ing sapangrèhira |
 ananging panuwunulun |
 wacakêna Santikukum |
 têngêse iku uninga |
 lan Mandhalagiri luhung |
 anggêrêkkên balaningwang |
 akèh kang kaplêsit nylinthut ||
8. Cikmèn padha glis têtanya |
 Kandhabuwana ngling arum |
 lah iya luwih panuju |
 nahan Ki Panjangmas mêtihar |
 maos punang Santikukum |
 Hong purwayanti bukanya |
 tumêkèng satamatipun ||
9. Wusnya tamat nulya mêtihar |
 Mandhalagiri puniku |
 utawi Balasarèwu |
 rampunging pamaosira |
 nahan ki Panjangmas laju |
 crita mangkana Hyang Kala |
 tyas suka langkung panuju ||
10. Dhuh bapa wong tuwaningwang |
 muga andhangana kalbu |
 suka rêna asung wêruh |
 bapa aku wacakêna |
 Santi Banyakdhalang luhung |
 Kala iya luwih prayoga |
 kang dadi ing panjalukmu ||
11. Ananging lèrèn sadhela |
 Kandhabuwana lingnya rum |
 uwa Kalunglungan gupuih |
 jêngandika babarêna |
 sakèh ingkang anak putu |
 wawrat ênèm myang parawan |
 pêngingên nonton rumuhun ||
12. Mènèk kenging Banyakdhalang |
 tan panuju tèmbeipun |
 Kalunglungan madan asru |
 he he anak putu ingkang |
 mêtêng nom lan prawan kêncur |
 lah ta padha sumingkira |

Jilid 2 - Kaca : 333

dene ta mêngko yèn uwus ||

13. Rampung mêdhbar Banyakdhalang |
padha balia nak putu |
nonton manèh saksayahmu |
kang kinèn wus samya mentar |
dhalang Panjangmas tumungkul |
mêdhar ingkang Banyakdhalang |
nyênyês arum swara runtut ||
14. Ingkang gêndhaga wus tamat |
nulya ki Panjangmas gupuh |
mangsuli cariyosipun |
Kala matur kyai dhalang |
bapa aku (n)jaluk adus |
padusaku banyu mulya |
dinèkèkan picis slikur ||
15. Kalawan kêmbang sêtaman |
iya Kala iku uwus |
dak sêdyani panjalukmu |
dhalang Panjangmas amêdhar |
padusane Kala mau |
rampunging pamaosira |
wayang Hyang Kala sinambut ||
16. Têmbungipun siniraman |
cêmpurit duding winasuh |
ing sêkar sêtaman mau |
sarampungipun kinumbah |
gya winisik basanipun |
wayang cinêlakkên kathah |
riri ing pamaosipun ||
17. Paragat maos wisikan |
wayang Sang Hyang Kala sampun |
wangsul tinancêpkên lungguh |
cinritakkên Sang Hyang Kala |
bapa sawuse awakku |
kodusi asêgêr sumyah |
aku (n)jaluk kudang kidung ||
18. Kowe bapa apa bisa |
ngudang kaya (n)jêng pukulun |
rama Sang Hyang Giri Prabu |
ki dhalang mangsuli bisa |
wayang Hyang Kala jinabut |
jinogètkên ki Panjangmas |
mêdhar kukudangan gupuh ||
19. Tamat mêdhar kukudangan |
wayang Hyang Kala wus lungguh |
tandya angabêkti matur |
bapa pangabêktiningwang |
sapisan kewala uwus |

kanggoa ing salaminya |
tinitah ing Bathara Gung ||

20. Kalamun ing Suralaya |
sasêmbahanku Hyang Guru |
ngarcapada sariramu |
ing satêdhak turunira |
dak rêksa sêtya satuhu |
samonèku kang pinanggya |
antaraning budi luhung ||

Jilid 2 - Kaca : 334

21. Kalair prasêtyanira |
bangêt panarimaningsun |
dak èstrèni ing lakumu |
sampun mundur Sang Hyang Kala |
ngandika mring garwanipun |
nimas ngabêktia bapa |
lan wadu-barat sadarum ||

22. Miwah padha anyuwuna |
sangu apa sasênêngmu |
Durga majêng ngraup suku |
rama pangabêktikula |
iya rara pangèstuku |
sira agaweya papan |
ana lorwetan puniku ||

23. Aran ing Krêndhawahana |
urute si Kêndhêng gunung |
abanjar dawa puniku |
karo ing si Tênggêr arga |
titahing dewa sararum |
kang murih marang ing dina |
kailangan umur puput ||

24. Ing kene (ng)gonningsun nyetra |
kariya milih sirèku |
samono mau kang purun |
nuninggih rama sandika |
putrane anyuwun sangu |
warni arta swidak uwang |
abragging pawon sadarum ||

25. Miwah sèn-isèning griya |
lêmpir glaran ingkang alus |
myang sumêkan warni catur |
pandhan binêthot sajuga |
ijêm ringin kalhipun |
katri songèr namanira |
daringin jangkêping catur ||

26. Ing tèmbe nak-putu ingkang |
sami kapengin mangrasuk |
sinjang sêkaran puniku |

- mawia jawab ing kula |
 sadangunira mangrasuk |
 kula lilani nganggoa |
 pangantèn inggal puniku ||
27. Bilih botên makatêna |
 datan lêga manahulun |
 tampia upataningsun |
 ya rara luwih prayoga |
 daktuturane kang kantong |
 mundur Dyah Bathari Durga |
 Hyang Panyarikan mangayun ||
28. Mangênjali aturira |
 kawula anyuwun sangu |
 ron karopak ingkang alus |
 kalih kisi pangot waja |
 pamintamu ingsun angsung |
 mundur Sang Hyang Panyarikan |
 mêsat mring kayanganipun ||
29. Gya Lêbakiyun mangarsa |
 nêmbah matur dhuh pukulun |
 ingkang abdi nyuwun sangu |
 ayam jalêr èstri gêsang |
 lele kalih ingkang idhup |
 gêcok ingkang warna-warna |
 tuwin sinjang tuluh-watu ||
30. Sagêgêm sisih wos pêthak |
 warni sanga tumpêngipun |
 jadah warni sanga namung |
 sêkul asahan pênakan |
 kupat lêpêt lêgandha nung |
 pula-gringsing pula-gimbal |
 awug-awug kaduk juruh ||
31. Tatêdhan bangsa kukusan |
 rêmikan sapêpakipun |
 rujak bakal ingkang wutuh |
 cadhong jênang ingkang pêpak |
 pala kasimpar gumantung |
 pala pêndhêm mamêntahan |
 tuwin sinjang pêrlunipun ||
32. Kangge (ng)gendhong kang têtêdhan |
 prayoga ing panyuwunmu |
 Lêbakiyuk wus amundur |
 Kêblakdhêkla kang mangarsa |
 marêngès nêmbah umatur |
 pukulun gusti kawula |
 ingkang abdi nyuwun sangu ||
33. Sêkul ulam myang panganan |

Jilid 2 - Kaca : 335

- kawradinkên kancaulun |
 prayoga sapanuwunmu |
 Kêblakdhêkla kang wus mêdal |
 Kalabanjar amangayun |
 kawula pun Kalabanjar |
 plataran panggenan-ulun ||
34. Ywa supe diprêtèna |
 tumpêng sakilan (ng)gilipun |
 wiyar sapêcak plêng namung |
 sawontêne ulam-ulam |
 dupa sêkar campurbawur |
 picis patang kèthèng wêtah |
 yèn tan makatên saèstu ||
35. Mindhak krêp ngumpêtken bocah |
 iya atut panjalukmu |
 daktuturane kang pungkur |
 Kalabanjar wus umêsat |
 Kalaèncèr sowan matur |
 Kalsèncèr namakula |
 manggèn prapatan dêlanggung ||
36. Dipêrtèna wakingwang |
 tumpêng sapêcak (ng)gilipun |
 kang sakilan wiyaripun |
 lawuh ulam gêgorèngan |
 ulam gêgodhogan namung |
 jajanganan kêmbang gantal |
 dupa picis kèthèng wolu ||
37. Yèn botên makatên apan |
 kula mindhak asring (m)bêsur |
 jêngglèng tyang numpak kudhèstu |
 iya ing panuwunira |
 daktuturana kang pungkur |
 Kalaèncèr sampun mêsat |
 Kalajathok majêng matur ||
38. Kalajathok nama-amba |
 manggèn ing watoning salu |
 mènèk gèlêm nyanak ulun |
 sabên-sabên mêngtas nêdha |
 watoning ambèn puniku |
 (ng)gih kadèkèkana upa |
 mung kalih sisih thil namung ||
39. Kang ajêg hya kongsi kèndhat |
 yèn wontên wisa puniku |
 saking jawi asalipun |
 amba sagah mangsulêna |
 iya Jathok panyuwunmu |
 daktuturane kang wuntat |

Jilid 2 - Kaca : 336

kang sinung ling sampun mundur ||

40. Kalajangkung marêg nêmbah |
amba nama Kalajangkung |
manggèn ulon-ulon-ulun |
kang dados panyuwunamba |
yèn têtên panyanakipun |
sabên tilêm myang tilêman |
sampun sok idu mandhuwur ||
41. Bilih wontên wisa-wisa |
kang saking nginggil puniku |
kula sagah nulak wangsul |
iya bangêt panrimèngwang |
daktuturane kang pungkur |
Kalajangkung wus amêsat |
Nyi Kalaijèn mangayun ||
42. Nyai Kalaijèn amba |
cumadhong dhawuh pukulun |
punapa tumut tinundhung |
punapa parêng kantuna |
sira misia lêstantun |
apa panggaweyanira |
Kalaijèn nêmbah matur ||
43. Nuninggih dhatêng sêndika |
anamung panuwun-ulun |
yèn nuju wêdalanipun |
lare momonge kang pêpak |
iya dakwisik kang pungkur |
Kalaijèn wus umêsat |
gantya sinom sêkaripun ||

170. Sinom

1. Nahên ta ingkang kocapa |
wadyane Kala wus gusis |
ki dhalang Kandhabuwana |
amatak Gumbalagêni |
kèndêl criyosing ringgit |
Kyai Panjangmas tumungkul |
mêdhar Kumbala-asya |
tamat dyan ngucapkên ringgit |
Dèwi Êsri Dyan Sadana wus mangarsa ||
2. Kandhabuwana ngandika |
ingsun lêstarèkke Êsri |
panggaweyan marcapada |
ngratoni kanang rêjêki |
manêmbah Dèwi Êsri |
pukulun dhatêng anuwun |
sandika ngèstokêna |
panyuwunulun kang gêmî |
kang nastiti kang sarwa-sarwi rêsikan ||

3. Saha ingkang gêmi ngucap |
kang kêrêp ngangge wêwangi |
bilih amarêngi olah |
rêjêki longana kêdhik |
jumputan namènèki |
kangge wilujêngan namung |
sabên wêdalanira |
utawi yèn darbe kardi |
amamantu sak-dangane ingêlongan ||

Jilid 2 - Kaca : 337

4. Sagêgêm apan kinarya |
wilujêngan nyapêkêni |
tanapi kang darbe karya |
ngajêngkên midadarèni |
èstri jalu dènbersih |
sontêne kramas garujuk |
jalêr numpangkên dandang |
kang èstri (n)dadoskên api |
ingkang jalu mususi napungkên bêras ||

5. Nyambat nyêbut dhatêng kula |
utawi sampun tabêri |
congkrah kalih anak rayat |
kadang myang tangga têpalih |
sukur yèn andarbèni |
pajêgan dhandhing kumêndhung |
dene yèn botên gadhah |
klasa mawon sisikmêlik |
bantali anyar kêndhi anyar kêbak toya ||

6. Dilah murup jodhog clupak |
kang anyar lisah kang jêrnih |
utawi manawi lêkas |
angênèni raga mami |
punapadene bilih |
ayun nginggahakên lumbung |
nganggea ingkang sarwa |
rêsik agêganda wangi |
amiliya dintên wanci kang prayoga ||

7. Pêrtenana myang slamêtan |
sampun ngantos wontên cicir |
yen tan makatên bathara |
botên lêga ing tyasmami |
ki dhalang ngandika ris |
daktuturane kang pungkur |
hèh kowe si Sadana |
lêstariya sira dadi |
ing ratune sandhang panganggo barana ||

8. Matur Rahadyan Sadana |
pukulun langkung kapundhi |
mênggah panyuwunkawula |
sampun ngantos nyêri-nyêri |

nganiaya kapati |
dhatêng ing panganggènipun |
sampiran kang prayoga |
pring tutul alus sinisik |
sampun ngêbrèh kang sae panggarapira ||

9. Bilih botên makatêna |
èstu kula sêpatani |
Kandhabuwana ngandika |
dak tuturane kang kari |
Dyan Sadana Dèwi Sri |
sakaliyan sampun mundur |
Hyang Gumbrêg wus mangarsa |
(n)jêrum aturira aris |
amba nami Gumbrêg dewaning maingsa ||
10. Pukulun panuwun amba |
kalamun amangun-kardi |
mati amragat maesa |
katêdhanana rumiyin |
rayate kyai panti |
manganggea kang tinamtu |
sarwi anggêgendhonga |
têtêl wontên tenggok alit |
mawi payung anyangking gêlaran pandhan ||
11. Maesa sawusnya rêbah |
glaran ginlar dènlênggahi |
lajêng kasêbawanana |
ki Gumbrêg aku sung uning |
momonganmu samangkin |
daksêmbêlèh kanggo mantu |
bisaa babar turah |
utawane bokmanawi |
mêntas kangge madamêl angolah sawah ||
12. Ginuyanga kinosokan |
badane ingkang barêsih |
tinuwukan têdhanira |
myang sampun ngantos anggitik |
pênjalin pêthaknèki |
ngriku pangapêsanipun |
sabên dintên Jumuwah |
Wage atanapi Lêgi |
myang Anggara Kaliwon sungu tracaknya ||
13. Kalisahana sadaya |
miwah binorèhan wangi |
kandhang sinajènan sêkar |
utawi yèn nuju sakit |
pojok lèrkilèn nênggih |
kowong ginantung nèng ngriku |
pojok kang kidulwetan |
ginantungan blarak krambil |

Jilid 2 - Kaca : 338

mung puniku pukulun atur kawula ||

14. Iya dakwarahe wuntat |
Sang Hyang Gumbrêg wus umijil |
Sang Hyang Mariyi mangarsa |
andhêkêm umatur aris |
amba nama Mariyi |
dewaning ayam sadarum |
bilih momongan-amba |
yèn badhe dipun pragati |
kinurunga sungana tédha kang kathah ||
15. Lah sukur mawi ginuyang |
sinabawan kaki Mriyi |
momonganmu ingsun pragat |
kangge ewuh-ewuh yêkti |
bisaa ambrêkati |
babar kèh turahanipun |
nuwun namung punika |
dak tuturane kang wuri |
Hyang Mariyi mundur Têmbalung mangarsa ||
16. Amba pun Têmbalung nama |
dewaning cèlèng sabumi |
jalma ingkang tégah sawah |
yèn badhe kula têbihi |
kapêsingana mami |
tamtu têbih tan anginguk |
ki dhalang angandika |
daktuturane kang kari |
wus amundur cèlèng Têmbalung mring wana ||
17. Nyai Wadon wus mangarsa |
manêmbah umatur aris |
saèstu amba punika |
ninèkipun jabangbayi |
nuwun bilih marêngi |
jabangbayi kula suwun |
ki dhalang angandika |
mungguh panyuwunmu nyai |
dakparingke nanging sira sumurupa ||
18. Bocah tiba-sampiranya |
sira amung (ng)gadhuh nyai |
kang duwe iki manira |
kudu nganggo disarati |
têbusan slawe picis |
gêdhang satangkêp lan suruh |
ayu saadunira |
kajaba kang iku nyai |
ingsun paring wasiyat marang si jabang ||
19. Kaanggowa êmban-êmban |
jarik liwatan sawiji |
lan tuluhwatu sajuga |

dalingo bawang kinardi |
nyuwuk si jabangbayi |
nyai Wadon matur nuwun |
inggih dhatêng sandika |
katungka kengkenanèki |
Buyut Wangkêng umatur marang ki dhalang ||

Jilid 2 - Kaca : 339

20. Ki dhalang kula dinuta |
ing rakane kyai panti |
kapurih matur sampeyan |
gênahe (ng)gèn-(n)dika ngringgit |
bibar lan dèrèngnèki |
ki dhalang ngandika arum |
kurang sadhela êngkas |
ingsun arêp adus dhisik |
we padusan turahane dijogana ||
21. Banyune kang sumur sapta |
kanggowa adus ki panti |
sakaloron myang rabinya |
myang bocah kang dakrêsiki |
siramên rambah kaping |
pitu ngampêt napasipun |
ing ngomah kawarnaa |
lawe wênang mubêng ngering |
kaping têlu lan kupat luwar sakawan ||
22. Ginantung pojoking ngomah |
walikukun papat iji |
pinathokkên pojok kisma |
nylamêtkên sakuwasèki |
ingkang dèn mêmulèni |
luluhure dhèwèkipun |
lan luluhure dhalang |
dalah sakniyaganèki |
apadene desane saisinira ||
23. Lan malih kang duwe omah |
kang jalu miwah kang èstri |
sadurunge bêdhug siyang |
poma aja nganti guling |
si nyai kang tinuding |
matur sandika wus mundur |
dhalang Kandhabuwana |
nimbali ki Jatusmati |
mareneya ayun dakadusi sira ||
24. Jatusmati wus mangarsa |
Panjangmas dènnira ngringgit |
kèndêl tumungkul amêdhar |
padusane Jatusmati |
pamaos wusnya titi |
wayang ki Jatus sinambut |
cêmpurit tudingira |

kinumbah rambah ping katri |
tinancêpkên malih mangsuli carita ||

25. Ngandika Kandhabuwana |
hèh ki Jaka Jatusmati |
lah kowe banjur muliya |
apa ing saujar-mami |
karo si Wadon kang wis |
sira rungokake mau |
ênggonên dikalakyan |
yèn wis baliya sirèki |
sarta kowe sunpasrahi dadinira ||
26. Kayu kalawan tulisan |
sandika ki Jatusmati |
wus mundur saking ing ngarsa |
ki dhalang ngandika malih |
ninèkne jabang bayi |
ênnya gawanên putumu |
mulih mring wismanira |
bocah mêtù tiba-sampir |
wus tinampan mundur ingêmban liwatan ||
27. Pandung kakalih mangarsa |
manêmbah umatur aris |
pun Pênthungluyung namamba |
damêlulun anjagèni |
rencang amba puniki |
julig Awar-awar komuk |
damêlipun ambabah |
kawula tiyang kakalih |
lah ampuna lumêbêt dhatêng pagongan ||
28. Saèstu nêmahî pèjah |
mila ulun aprajangji |
prasêtya dhatêng paduka |
nak-putu kang nunggil kardi |
yèn puruna ngalani |
dhumatêng kangjêng pukulun |
myang sawarnining dhalang |
satêdhak turunirèki |
tuwin pandhe ingkang wus wignya ing karya ||
29. Turunulun kang anêrak |
karêpe aywa dumugi |
lan ampun panjang umurnya |
kyai dhalang amangsuli |
iya ingsun èstrèni |
pandung kakalih wus mundur |
wau ta kacarita |
Kandhabuwana kiyai |
myang panggêndèr atanapi panggêndhangnya ||
30. Katiganya samya siram |

Jilid 2 - Kaca : 340

- ki Panjangmas tandya awit |
 mêdhar padusane dhalang |
 kalawan panjak kakalih |
 titi pamaosnèki |
 wangsul acarita gupuh |
 sawusira asiram |
 ki Kandhabuwana aglis |
 matak-aji pamêling nulya dhatêngnya ||
31. Nênggih kyai Sapujagad |
 kang binêkta Garuwêsi |
 kalawan Sasapu-kawat |
 prabawa lesus mawêrdi |
 Panjangmas nyêmpala glis |
 kothak gongsa sampun umyung |
 suwuk ingkang gamêlan |
 Panjangmas carita malih |
 ki Buwana alon wijiling kang sabda ||
32. Babo kakang Sapujagad |
 mulane ingsun aturi |
 manirèki dirêsaya |
 marang kang adarbe panti |
 sapunên dênbarêsih |
 balane Kala sadarum |
 ingkang angkaramurka |
 manggèn pakarangan ngriki |
 aywa nganti wontên ingkang kaliwatan ||
33. Adhi rakanta sandika |
 ananging kula (n)darbèni |
 panyuwun ing ngajêng lawang |
 pipi kanan lawan kering |
 kapasangana sami |
 tutuwuhan ingkang patut |
 cikal kalih kang kêmbat |
 kalih gèdhèng pantunèki |
 kajêng lêgi kalih êlêr ingkang wêtah ||
34. Badhèg myang tètès sarkara |
 kalawan sêkul kang gurih |
 ulame lêmbaran ayam |
 kalawan lêmbaran antri |
 sinjang polèng rêspati |
 wiyar panjange sakayuh |
 kakang pamintanira |
 kabèh wus daksamêktani |
 Sapujagad mundur gangsa lajêng sampak ||
35. Kyai dhalang Panjangêmas |
 parêdèn cinandhak aglis |
 pinolahkên ngering nganan |
 kèndêl suwuk gangsanèki |
 Sapujagad mangarsi |
 matur mring dhalang linuhung |

adhi kauningana |
balanya Kala wus gusis |
amung kantun kakalih kang dèrèng kesah ||

Jilid 2 - Kaca : 341

36. Manggèn nèng sumur satunggal |
Kala Lumut namanèki |
tanpa babalung punika |
namung daging lawan kulit |
bisu budhêg kapati |
mangke ngajêngakên surup |
ki wisma dhawuhana |
ngêmunikên jênang kang nami |
baro-baro gangsal takir picis gangsal ||
37. wontên pinggir sumur dènnya |
angêpung donganirèki |
Tulak wêkasan raharja |
putra wayah jalu èstri |
kadhawuhana sami |
ngatos-atos yèn mring sumur |
tuwin hya wicantênan |
kang sanès pangkatirèki |
têgêsipun gugujêngan carêmêdan ||
38. Yèn purun angganggu-karya |
mêsakakên damêl sêdhih |
kang satunggalipun nama |
Kala Lumêr sami ugi |
namung kulit myang daging |
manggèn nèng pawon puniku |
srananya sabên dina |
utawi yèn darbe kardi |
punapa kang matêng mawi sinajèkna ||
39. Sakêdhik mawi sinrahan |
kaki jurungana mami |
sakajatku katêkanna |
ing pawon ing sumur nyilih |
ari malang marêngi |
kasukanana puniku |
sêkar konyoh myang dupa |
têlas atur-ulun adhi |
rèhning mangke wus rampung karya manira ||
40. Mantuk ing panggènaningwang |
kakang (ng)gih andum basuki |
Sapujagad wus umêsat |
cinarita sampun nunggil |
ing Kandhabuwanèki |
dhatênge dintên pipitu |
sami anyuwun tédah |
tuwin kasampurnanèki |
mring ki dhalang kang tan pêngat angsung padhang ||

171. Mègatrùh

1. Kang rumuhun ri Akat ingkang mangayun |
ki dhalang atanya aris |
sira anèng ngèndi (ng)gonmu |
Akat matur mangênjali |
ing jagad lèrwetan manggon ||
2. botên langkung nyuwun kasampurnan-ulun |
iya muliha sirèki |
marang ing daging asalmu |
Akat mundur Isnèn prapti |
punika ri jalêr yêktos ||
3. Dhalang tanya sira kang nèng ngèndi (ng)gonmu |
ri Isnèn umatur aris |
jagat lèrkilèn (ng)gèn-ulun |
nyuwun kasampurnan jati |
ki dhalang ngandika alon ||
4. Amuliha asalmu gêtih puniku |
Sênèn mundur Slasa prapti |
ari pawèstri puniku |
ki dhalang atanya aris |
kowe kang nèng ngèndi manggon ||
5. Slasa matur ulun kang nèng jagad kidul |
nyuwun kasampurnan jati |
iya muliha asalmu |
saking ing otot sayêkti |
Slasa nêmbah mundur alon ||
6. Rêbo dhatêng punika ri jalu tuhu |
ki dhalang atanya aris |
sira kang nèng ngèndi (ng)gonmu |
ing jagad kilèn (ng)gènmami |
nyuwun kasampurnan jatos ||
7. Amuliha asalmu saka babalung |
Rêbo mundur Kêmis prapti |
inggih ri èstri puniku |
ki dhalang atanya aris |
kowe kang nèng ngèndi manggon ||
8. Kêmis matur kang nèng jagat wetan ulun |
nyuwun kasampurnan jati |
ki dhalang ngandika arum |
iya muliha sirèki |
asalmu ing sungsum manggon ||
9. Kêmis mundur ari Jumuwah kang maju |
punika ing dintên èstri |
ki dhalang ngandika arum |
lah sapa aranirèki |

Jilid 2 - Kaca : 342

si Jumuwah matur alon ||

10. Kyai (n)dangu nama kawula pun Wujud |
kula nyuwun mantuk kyai |
ki dhalang lingira arum |
manggonna ing jênêng-mami |
si Jumuwah wus tan katon ||
11. Nulya ari Saptu pungkasan mangayun |
ki dhalang atanya aris |
lah sira sapa aranmu |
nuwun Jatigana mami |
nyuwun panglêburan ingong ||
12. Ki dhalang ngling iya mlêbuwa sirèku |
ing awak pêkênirèki |
jumênênga ilangipun |
dhalang Kandhabuwana-di |
ki Saptu wus mundur alon ||
13. Gya susumbar dhalang Kandhabuwana gung |
ki dhalang Mas mêdhar aglis |
susumbar sarwi tumungkul |
tamat ing pamaosnèki |
nulya lajêng wangsul criyos ||
14. Ngêcrèk kêprak wau ta ing kana wau |
Kandhabuwana sawusing |
maos susumbar malêdug |
balane Kala sakalir |
gangsaa sampak tigang êgong ||
15. Wus sinuwuk tan mawi pathêtanipun |
Panjangmas carita malih |
ki dhalang nulya manêkung |
angingkut jagatirèki |
kawan prakara ginolong ||
16. Kang nêng jagat kidul abrit warnanipun |
jagad kulon warna kuning |
jagad lèr cêmêng warnèku |
jagat wetan warni putih |
gya (n)dêdêl ngawiyat alon ||
17. Gangsa mungêl yak-ayakan manyurèku |
ki dhalang nulya apanggih |
ing Sang Hyang Wênang linuhung |
gangsaa suwuk criyos malih |
Sang Hyang Wênang tatanya lon ||
18. Sira sapa tumêka ing ngarsaningsun |
ki dhalang turira aris |
Jatirasa nama-ulun |
apa mulane sirèki |

Jilid 2 - Kaca : 343

têka jênêng kang mangkono ||

19. Dhalang matur kula mêngkoni saèstu |
amba kang nêng awak mami |
Sang Hyang Wênang sukèng kalbu |
babu tampanana kaki |
kang mangka ganjaraningong ||
20. Lah munggaha lênggaha jajar lan ingsun |
ki dhalang wus jajar linggih |
ngalih ran Raja-sinamur |
Hyang Wênang ngandika malih |
Raja-sinamur apa wroh ||
21. Nalikane gawe bumi langit ingsun |
pukulun inggih udani |
sapa baya rewangingsun |
inggih mung Tuwan pribadi |
Hyang Wênang malih tanya lon ||
22. Dhèk lagine sun-gawe jagad sirèku |
apa ta uga udani |
inggih uninga pukulun |
sapa rewangingsun kaki |
ki dhalang umatur alon ||
23. Inggih amung Tuwan piyambak saèstu |
Gusti kang nêng jasatmami |
duk sira miyat jasatmu |
sira tan miyat mring mami |
apa sira ana katon ||
24. botên wontên mung Tuwan piyambak ketung |
Hyang Wênang suka tan sipi |
hèh sira Rasa-sinamur |
uwis tampanana malih |
kang dadi ganjaraningong ||
25. Tan lyan rasa pêkênira dhewe iku |
ingsun tanya manèh kaki |
duk kala sadurungipun |
ana langit lawan bumi |
apa kang ana ing kono ||
26. Inggih namung Dat balaka wontênipun |
Sang Hyang Wênang mêdhar jati |
wruhanta Rasa-ninamur |
ing rasa pakênirèki |
iku iya rasaningong ||
27. Rasaningsun pan iya rasanirèku |
wis sira linggiha aglis |
ing Betal Balearas rum |
Sang Hyang Wênang wusira ngling |

Jilid 2 - Kaca : 344

(n)dédêl ngawiyat tan katon ||

28. Ri sang Rasa-sinamur gumantya wau |
kacriyos pinarak mungging |
ing dhampar Balearas rum |
sinotya jumentên wilis |
gumêbyar sajadad abyor ||
29. Sigêg dènnya criyos Ki Panjangmas wau |
tumungkul matêka nami |
sèbêt ing satamatipun |
nyêmpala kothak mawanti |
sampak umyung tancêp kayon ||
30. Gya tumungkul Ki Panjangmas wus apanggih |
lawan Pujangkara kyai |
wawêlingira wus putus |
ki dhalang salaman pamit |
ingatêr jawining regol ||
31. Para tamu jalu èstri wus umantuk |
gêr-gêran samargi-margi |
kagagas luluconipun |
kakêlir wus dènrucati |
nulya ingantukkên gupoh ||
32. Lawan sajèn gangsal jodhang para langkung |
ing pandhapi wus barêsih |
mung toya sataman kantong |
kupas luwar kawan iji |
walikukun kangge pathok ||
33. Lawe wênang kinênthêngkên wismanipun |
mubêngi warambah katri |
kupas sakawan ginantung |
pojoking wisma nyawiji |
ing ngandhap sinungan pathok ||

39 Wanci siang ing pandhapi kawontênakên kêndhurèn sapêkênan pêngantèn. Katêrangakên sinjang lan sandhangan sarta pirantosing balegriya ingkang kabêkta pangantèn boyongan. Kyai Pujangkara dalah garwanipun Nyai Pujastuti paring piwulang dhatêng pêngantèn èstri bab salaki-rabi. Dhatêng pangantèn jalêr bab trapsila tatakrama. Boyongipun, pêngantèn èstri numpak joli, ingkang jalêr numpak kapal. ...
kaca 344-349.

Jilid 2 - Kaca : 345

34. Toya sampun ingêjogan sumur pitu |
ngantèn Mastari rumiyin |
siniraman kaping pitu |
sarta ngampêt napasnèki |
nulya ki Juru sakloron ||
35. Wusnya siram nulya abusana luhung |
ing pandhapa wus rinakit |

- ambêngan mumule agung |
luluhurira pribadi |
Kyai Juru sakaloron ||
36. Luluhure dhalang sakniyaganipun |
karajan saisinèki |
rampungè kèndhuri luhur |
Ki Juru wus kenging guling |
sontêne Hyang Surya ngayom ||
37. Wus tinata kèndhuri nèng pinggir sumur |
baro-baro gangsal takir |
picis gangsal dhuwit namung |
ngajêngkên suruping rawi |
kaji Pak Gonyah gupoh ||
38. Maring sumur rarywa jalu èstri (ng)grubyuk |
andongga Tulak-bilai |
wêkasanira rahayu |
paragat pandonganèki |
pitutur mring sakèh uwong ||
39. Aja padha gojèg guyon pinggir sumur |
rame-rame boya kenging |
calêmêdan nora antuk |
poma èstokêna mami |
sadaya mituhu pakon ||
40. Dalunipun lajêng amaos Maulud |
dene dalunipun malih |
maos Mekradan (n)Jêng Rasul |
ing malêm sapêkênèki |
maos Kur'an asmarandon ||

172. Asmaradana

1. Ing ari sapêkênèki |
siyang kèndhuri lujêngan |
sapêkênira pangantèn |
mirantos isarat-sarat |
sadaya wus samêkta |
babêktan tri pêthi agung |
isi sasotya kancana ||
2. Sinjang lèlêmês myang lurik |
sumêkan dhêsthar sêkaran |
atanapi paningsête |
rasukan manawarna |
èpèk miwah sap asta |
rimong kurasi sutra lus |
rangkêpan miwah lancingan ||
3. Pratelane sinjang bathik |
unthuk-banyu cêplok-lintang |
cêpake-gondhok kinanthèt |
cêplok-manggis kinjêng-rênggang |

satriya awibawa |
kuwung-cakrakusuma nung |
cêpaka-mulya sridênta ||

Jilid 2 - Kaca : 346

4. Sawe-sêmpal saking uwit |
kêmbang-kapas kêmbang-jarak |
kapi-kadhondhong salobog |
kawang-kamplang kêmbang-sêmak |
lung kêstop-parangkrêsna |
jangglêng wora-wari rumpuk |
lonthang-jamblang pêksi-krêsna ||
5. Pakuningrat parangwèsthi |
banci-malathi salangsang |
banci-kasut sulamane |
burbanagri madubranta |
gambirsakêthi cakar |
cindhe wilis miwah tunjung |
limaran jayakusuma ||
6. Kêmbang-kênthang nagasari |
kêndhaga kêmbang-kênanga |
truntum-krambil sacukile |
kêmbang-jêruk kahwa-pêcah |
miwah ganggong-yujana |
ganggong-winawi kapundhung |
gringsing klungsu pandêlêgan ||
7. Galingsing-sondhe rêngganis |
tambal-miring myang kanoman |
ayam-pugêr trang-bulane |
ila-thathit bolu-rambat |
indhil-ori mrang-wêdhar |
gandasuli êlung anggur |
sêmèn-rêmêng sêmèn-rama ||
8. Sêmèn-pêksi drata-ritis |
sêmèn jlêngut jlêngut-grudha |
ngrèni mirong trate-gendhong |
cuwiri êlung-dalima |
êlung-laos êlung mawar |
sidamukti sidaluhur |
lêkatha rêngga-puspita ||
9. Pandhan-rangkah sangga-langit |
sêmèn-srowot sêmèn-grudha |
sêmèn-branjilin myang rondhon |
sêmèn-jolèn citralangyan |
rang-arang kalèwèran |
manyura bagah-sinawur |
kasumêkan dhêsthar modang ||
10. Anglung-jiwa anglung-rêsmi |
tanapi sinjang awisan |

muhung kinarya suwuke |
parang-rusak warni gangsal |
klithik kagok canthèlan |
gèndrèh-barong parang-parung |
daniris parang-kusuma ||

11. Utawi praboting panti |
bêkakas mawarna-warna |
miwah paraboting pawon |
pangantèn wusing busana |
nèng ngarêp pakrobongan |
rama bu anggung pitutur |
pratikêle wong ngakrama ||

Jilid 2 - Kaca : 347

12. Pujastuti ngandika ris |
dhuh anggèr woting tyasingwang |
ing samêngko wus wayahe |
tinartantu ngawruhana |
wajibbe kang wanodya |
kudu nganggo kanthi tuhu |
pangkat-pangkat tigang warna ||

13. Dene pangkat ingkang dhingin |
rigên tégên mugên karya |
kang aran rigên mangkene |
bisa ing sabarang karya |
ngrêrakit jroning wisma |
tinata-tata kang mungguh |
sambadèng pangruktinira ||

14. Rampung nora nguciwani |
liring tégên ingkang jênak |
marang ing sabarang-gawe |
tumandang tan salèwèngan |
kongsia paripurna |
mugên wêkên wardinipun |
amungkul ati sajuga ||

15. Tan mangro tingalirèki |
mantêp anêtêpi tekat |
luluh rèh kadursilane |
pangkat kaping loro rara |
kang dhingin gèmi ika |
ping kalih nastitinipun |
angati-ati tiganya ||

16. Lire gèmi iku bangkit |
angrumati samubarang |
lawan mamardi dadine |
baranarta pinapangkat |
tan ithil datan loma |
tan lèrwèh ambrah-brèh mubru |
sirik saruning kang basa ||

17. Sarwa sasab barangkardi |
 tangèh yèn dènkatingalna |
 adoh ing guru-alême |
 lire nastiti datansah |
 matitiskên ing etang |
 barangkarya tuna lumuh |
 ngeman laku tan pakangsal ||
18. Lire ingkang ngati-ati |
 tindak-tanduk myang pangucap |
 pasang netra amurwèng ngrèh |
 manuara ngarah-arrah |
 patraping tanduk tanggap |
 laku linggih solah muwus |
 ngèsthi tyas wiwekatama ||
19. Wikan pakewuh ing ngurip |
 lamun lagi pinitaya |
 pinasrahan ing lakine |
 ngopèni wadi sabarang |
 tan kênaa sêmbrana |
 aywa keguh binabujuk |
 ing lyan kang amrih kawêdhar ||
20. Pangkat ping katri winarni |
 gumati ngrêti mirantya |
 kang gumati iku lire |
 tumêmên ingkang pinanggya |
 tumanêm anèng manah |
 dènnya mrih ngopèni kakung |
 amilala mulasara ||
21. Kang mangarti wadinèki |
 bisa manuju ing prana |
 anon ngawruhi lakine |
 wahyaning kang mangsakala |
 wardine amirantya |
 tansah anyênyadhang kayun |
 manci-manci sawancinya ||
22. Tabêri mrih condhong kapti |
 jagakarya dalunira |
 mangèsthi wajibing wadon |
 kinasihana ing priya |
 kasub dyah (m)bêg utama |
 nikèn Mustari tumungkul |
 mangênjali trusing prana ||
23. Kyai Juru angung wangsit |
 babo kulup mantuningwang |
 rèhning sirèku samêngko |
 lagi punakawan magang |
 polah tingkah micara |
 dèn-angati-ati kulup |

Jilid 2 - Kaca : 348

- kang tabêri tuhu sêtya ||
24. Paitane wong angabdi |
wêdi anastiti awas |
bêkti gupuh rikat sarèh |
sarta gêmi panganggêpnya |
ing darbèking bêndara |
mungguh tataning ngalungguh |
ingaran trapsila-krama ||
25. Kang dhingin dhadhap winarni |
angungkrêt dèdêg lakunya |
manising ulat dènkaton |
yèn mèh marêk ing ngayunan |
mundhuk-mundhuk rannira |
mungkrêt dèdêg ngêmbat dhêngkul |
walikat cêthik dènêmbat ||
26. Gya mênthak nyêmbah rumiyin |
nuli laku-bokong ronnya |
yèn wus laku-bokong jèngkèng |
manêmbah ririh lênggahnya |
wit sèlèh bokong kanan |
suku têngên anèng ayun |
mêpês malipis mararas ||
27. Wiwit dhêngkul kanan ngarsi |
kang kiwa rada mring wuntat |
ywa kasusu pamuwuse |
yèn durung atrapsilanya |
(m)bok ana kang kalingkap |
têmah dègsura rannipun |
yèn wus atrapsilanira ||
28. Gya sikut tumumpang wêntis |
ngapurancang driji wrata |
cangklakan dènlgakake |
lambung ingkang têngên mêmbat |
kiwa rada mring wuntat |
mènglèng ngiwa jangga manglung |
amrih karnanya miyarsa ||
29. Pandênge netranirèki |
ukur tumanduking jaja |
nora dêksura aranne |
sarta tansah pasang cipta |
wruh karsaning bêndara |
yèn mangisor pandulumu |
datan wêruh liring ngulat ||
30. Sêmbah yèn dinangu gusti |
ros-rosing sabda dènawas |
yèn wus tutug timbalane |
atur wangsulan dicêtha |
ywa nyurêng aywa kêmba |

lêmês tudingira tuduh |
jêmpol tangan ingkang kanan ||

Jilid 2 - Kaca : 349

31. Lamun mundur patrapnèki |
nêmbah jèngkèng malih nêmbah |
mundur mingêr manêngêne |
laku-bokong lir ajêngnya |
gya marêg malih nêmbah |
atumindak mundhuk-mundhuk |
anuli dhadhap rêspatya ||
32. Nahên ta mantu kang tampi |
piwulanging maratuwa |
kasaru wau praptane |
pêthukanira ki besan |
Ki Juru mring pandhapa |
kang pinatah amongtamu |
mapag anèng palataran ||
33. Santri brai kang rumiyin |
trêbang angklunge tinatap |
rame umyung suwarane |
kêmbang-mayang nèng wurinya |
nulya krêmun binuntal |
gya kapal parabot luhung |
wêwatangan kasatriyan ||
34. Layu-layu nganan ngering |
angurung-urung tumpakan |
panêbus ginrubyuk wadon |
kulawarga busanendah |
warga jalu pungkasan |
ingancaran gupuh-gupuh |
sadaya sampun-pinarnah ||
35. Para èstri malbèng panti |
jalêr pinarak pandhapa |
lumintu pasunggatane |
ingkang minangka pangarsa |
mahyakkên saparlunya |
Kyai Juru wus jumurung |
sarampunge ing panata ||
36. Pangantèn nulya ngabêkti |
mring kang rama sakaliyan |
miwah mring para wrêdane |
gya mijil kakanthèn asta |
kang rama anèng ngarsa |
kang ibu tumutut pungkur |
lawan para kadangwarga ||
37. Wahana sampun cumawis |
èstri nèng krêmun rinêngga |
ginarubyug para wadon |

kang jalu anumpak kapal |
ingayap pra santana |
wus budhal swara gumuruh |
dadya tontonan samarga ||

38. Nèng ngênu datan winarni |
sapraptanira ing wisma |
rinarêngga lir tèmune |
sigêg kang miwaha putra |
mangkya ingkang winarna |
kajuron sapungkuripun |
atmaja kang pinangantyan ||

39. Ing sarampunge pa-kardi |
Mas Cêbolang wus linilan |
mantuk maring pondhokane |
lawan santrinya sakawan |
miwah Amat Têngara |
nèng marga Cêbolang muwus |
adhi rèhning taksih enjang ||

40 Sasampunipun rampung boyonging pangantèn, Mas Cêbolang sarta santripun sami mantuk, mampir ningali mriyêm. Ki Narataka ingkang jagi kagungandalêm mriyêm nêrangakên mriyêm satunggal-satunggalipun ngantos dumugi cariyos lèlampahanipun patih Kyai Sêtama sarta garwanipun Nyai Sêtomi sami dados mriyêm pusaka awit saking karsanipun Prabu Arya Bangah ing Galuh. ... kaca 349-356..
Mantukipun Amat Têngara lan Mas Cêbolang wontên ing têngah margi kapanggih abdidalêm mêtêngan (tunanetra) wasta Ki Candhilaras, punika juru dongèng sarta ahli têngang kêkasihing nata. ... kaca 356.

Jilid 2 - Kaca : 350

40. Suwawi sami ningali |
kagungandalêm sri nata |
mariyêm ingkang kinaot |
punapa inggih kenginga |
kakang kenging kewala |
dintên punika pinuju |
kang caos Ki Narataka ||

41. Punika prênah pakcilik |
nak-sanak kalih pun biyang |
sartane sagêd cariyos |
asale mriyêm sadaya |
lah adhi kalêrêsan |
wontên kang tinêngang gambuh |
wus prapta ing Brajanala ||

173. Gambuh

1. Ki Narataka tundhuk |
lan Ki Amat miwah tamunipun |
sasalaman Ki Amat Têngara aris |
pakcilik bilih panuju |

- kakang Cêbolang yun anon ||
2. Kagungan sang aprabu |
mriyêm-mriyêm saha asalipun |
Narataka angling iya luwih bêcik |
ingirid sadayanipun |
minggah pagêrbumi kraton ||
 3. Nyi Sêtomi jinujug |
nulya miyat mriyêm sanèsipun |
tan kliwatan cacah kalihdasa iji |
rampung dènnira andulu |
wangsul ing panggenan caos ||
 4. Mas Cêbolang sinuguh |
wedang sangu sumangga ki bagus |
gantos-gantos rèhning cangkir mung satunggil |
sadaya wus samya nginum |
Mas Cêbolang tatanya lon ||
 5. Bilih kaparêng kalbu |
saha èngêt cariyosing dangu |
asalipun kagungan-dalêm sang aji |
mariyêm sadaya wau |
dene gêng-ngagêng kinaot ||
 6. Narataka lingnya rum |
inggih anak saking criyosipun |
tiyang sêpuh tuwin kang kulasêrêpi |
rumuhun cacah salikur |
mariyêm kagungan katong ||
 7. Kyai Sêtama luhung |
lawan Nyai Sêtomi puniku |
pisungsunge kumpêni bangsa Portugis |
dhatêng Pangran Jakartèku |
kala jaman Dêmak kraton ||
 8. sarêng jumênêngipun |
Jêng Sinuhun Kangjêng Sultan Agung |
Ki Satama kalawan Nyai Satomi |
pinundhut dhatêng Matarum |
kalih pinarnahkên manggon ||
 9. Anèng ing luhuripun |
pagêrbumi karaton puniku |
kiwa têngên cêlak Brajanala kori |
Ki Satama nêng Mantarum |
tan alami karsa katong ||
 10. Piningakên wangsul |
mring Jakarta awit sabên dalu |
asring-asring marimpèni ingkang kêmit |
saha sabên malêmipun |

Jilid 2 - Kaca : 351

11. Gêrêng-gêrêng gumrungung |
damêl miris mring kang samya tungguk |
kang lêstantun kantun Jêng Nyai Sêtoni |
tan ana sangsayanipun |
dados wasiyat karaton ||
12. Ki Gunturgêni wau |
lawan Kyai Swuhbrastha puniku |
kalih sami pisungsungipun Walandi |
tuwan Jendral Jan Pitêrskun |
katur kangjêng sang akatong ||
13. Kiyai Bagus Alun |
Kyai Gêlap Ki Balêdhèg anung |
lawan Kyai Sagarawana namèki |
myang Ki Sagara-palwèku |
Ki Sapujagat kinsot ||
14. Ki Kumbawikumbèku |
Aswanikumba Pancawara nung |
mriyêm sanga yasandalêm sri bupati |
Jêng Sinuhun Sultan Agung |
Anyakrakusuma kaot ||
15. Mênggaha kang tinuduh |
damêl mriyêm bangsa kulit pingul |
lawan pandhe kumpulan satanah Jawi |
dene Kyai Kadhalbuntung |
lawan Ki Mangsakêmalo ||
16. Tigane Nyai Dhukun |
sakawane Ki Gringsing puniku |
pisungsunge tutuwan Jendral Pandêrlis |
kunjuk Kangjêng Sultan Agung |
Anyakrakusuma katong ||
17. Kyai Kumbarawèku |
Kyai Kumbarawi malhipun |
Kyai Pintèn Kyai Tangsèn caturnèki |
punika pisungsungipun |
raja Siyêm kitha bangkok ||
18. Jangkêp dwidasa sampun |
namung Kyai Pancawara wau |
panggrayange sarjana kang ahli budi |
nama makatên puniku |
pikajênganing suraos ||
19. Pan Pandhita satuhu |
dados wataking sangkala pitu |
ca pancarêm watak nênmêm kang pinirit |
saking ing rasa puniku |

- wa wuruk ingkang kinaot ||
20. Watak gangsal miturut |
apan saking wisikan puniku |
ra pan ratu puniku watak satunggil |
ênggèr saking sagêdipun |
ingkang wus widakdèng kawroh ||
21. Ngajêng wau kinumpul |
Pandhita carêm wuruking ratu |
dadosipun ing taun angkaning warsi |
inggih sèwu gangsal atus |
sawidak pitu wus cocog ||
22. Yèn gêrba têngêsipun |
Pancawara prahara ngin agung |
Mas Cêbolang nuwun atatanya malih |
kiyai saèstunipun |
cariyos sampeyan maton ||
23. Awit samirêng-ulun |
Ki Satama Nyi Satomi wau |
kalhipun kadadosan saking jalmi |
mêrtapa wontên ing gunung |
tan wrin gancaring cariyos ||
24. Inggih wontên nak bagus |
sêrat ingkang nyariyoskên iku |
Ki Satama sakaliyan Nyi Satomi |
kala jaman kraton Galuh |
ingkang ajumênêng Katong ||
25. Sang Arya Bangah Prabu |
Ki Satama iku patihipun |
ingkang èstri anama Nyai Satomi |
nuju ri ratri sang prabu |
sare supêna kang katon ||
26. Sanghyang Pramèsthi Guru |
langkung têtela pangèksinipun |
lir wèntèhan katone sri narapati |
sawungunya asru ngungun |
kagagas sajroning batos ||
27. Dadya lami sang prabu |
tan sineba mungging sitiluhur |
ribênging tyas animbali kyanapatih |
lawan nyai garwanipun |
praptane byantara katong ||
28. Ngandika sang aprabu |
bapa ingsun ing sawiji dalu |
asupêna Hyang Jagatnata nêdhaki |
angsun kanugrahan mring-sun |

arupa mariyêm loro ||

29. Warnane bagus-bagus |
saupama ana wujudipun |
ing saiki yêkti ingsun nora pangling |
bapa ulatana gupuh |
lan si bibi sakaloron ||
30. Poma dikongsi pangguh |
nadyan kongsi jambul wannên mabluk |
lamun durung katêmu ywa mulih-mulih |
aja mandhêg nolèh pungkur |
bapa poma dênkalakon ||
31. Tarlèn manira amung |
anyangoni rahayu lakumu |
kyai patih sakaliyan mangênjali |
manguswa suku wus mundur |
praptèng (n)jawi arawat loh ||
32. (n)Jujuk wismaning sunu |
Prabu Sangkan gurawalan mêtuk |
kyana patih ngrangkul putra luh drês mijil |
kaki kariya rahayu |
dèn bisa suwitèng katong ||
33. Karsaning jawata gung |
manira lan ibunira kulup |
wus pinasthi pisah lawan sira kaki |
dyan Prabu Sangkan tumutur |
marawayan matur alon ||
34. (n)Jêng rama nyuwun ulun |
ing pawartos darunaning giyuh |
kyana patih angling miwiti mêtaksi |
ing dhawuhnya sang aprabu |
Prabu Sangkan matur alon ||
35. Rama pangraos-ulun |
langkung gampil kalêksananipun |
mriyêm-mriyêm jarahan dipun pilih |
ingkang kêmba sae bagus |
lajêng ingaturkên gupoh ||
36. Kya Patih mèsêm muwus |
luwih gawat tan mangkono kulup |
dudu iku kang kinarsakkên narpati |
binisikan ingkang sunu |
dyan anjrit ngrungkêpi pangkon ||
37. Uwis pupusên kulup |
iku apan karsane Dewa Gung |
kinèn mungkul kasuciyân mrih kajatin |
angên ingkang cipta jumbuh |

Jilid 2 - Kaca : 353

anèng kene aywa seos ||

38. Kaki sapungkuringsun |
panggaweyan pangrèhing praja gung |
ingsun pasrahakên marang ing sirèki |
kang eling sabarang laku |
mring utama karahayon ||
39. Pirabara ing besuk |
lamun ingsun lan ibunirèku |
bisa olèh kamurahaning Hyang Widdhi |
kumambang narimèng kalbu |
muhung kang karêp titinjo ||

Jilid 2 - Kaca : 354

174. Maskumambang

1. Hyang Wasesa wus paring wasitajati |
paningal wus suda |
tan awas bakuning nagri |
untu uwis padha oyag ||
2. Lire uwus tan kekah anggilot nagri |
miwah rambutingwang |
warna ro irêng lan putih |
wus mangro marang kamuksan ||
3. Ing têngêse kulup karsaning narpati |
wong olah nagara |
iku aja nganti malih |
amaro ing idhêpira ||
4. Lamun jalma wus atuwa kaya mami |
mangro idhêpira |
mulane kawignyan mami |
samêngko ngalih mring sira ||
5. Ingsun miwah ibunta madhêp sawiji |
tarlèn mring kamuksan |
poma dèn-patitis titi |
kaki kariya raharja ||
6. Kyana patih tandya umangkat sarimbit |
mring asramèng eyang |
napaktilasing ngaluwih |
sapraptanira pratapan ||
7. Sakaliyan mujung kadi jalma lalis |
mangkya kawuwusa |
kang kantun anèng nagari |
putra Satama Dyan Sangkan ||
8. Sinêngkakkên ngaluhur dumadya patih |
ing Galuh nagara |
dupi wus antara lami |

sakèhing mriyêm jarahan ||

9. Pinilihan kang sae wêtah mantêsi |
tan wontên kang dadya |
kaparênging narapati |
wit dene kang kasupêna ||
10. Patih Sangkan ngantya tâlas kang pambudi |
satêmah sungkawa |
tilar nadhah tilar guling |
miminta sihing jawata ||
11. Wanci bangun kyana patih Sangkan ngimpi |
katingal kang rama |
sakaliyan sarêng prapti |
ngandika angsung sasmita ||
12. Lamun saking sih pitulunging dewa-di |
samangkya wus angsal |
mariyam adi kakalih |
ing kang kasupênêng nata ||
13. Prathistha asrama pamujanmami |
kulup dèn ainggal |
maringa asrama ngambil |
kagyat wungu patih Sangkan ||
14. Pungun-pungun ngungun supênanirèki |
tandya wus umangkat |
mring pratapan tanpa kanthi |
sêdya ngaturkên supêna ||
15. Sapraptaning pratapan kapanggih guling |
mujung sakaliyan |
sisingêp piniyak ririh |
dyan Sangkan kagyat sru (n)jola ||
16. Kalih sampun ical sipating kang jalmi |
warna mriyêm samya |
Radyan Sangkan anungkêmi |
karuna amêlasarsa ||
17. Nulya ana swara ing kang kapiyarsi |
kulup wis mênênga |
aywa adawa prihatin |
kamuksanku wus sampurna ||
18. Apatitis marang kailangan jati |
mung ngalih panggonan |
isih momong sira kaki |
yêkti ora paran-paran ||
19. Mungguh iku pratikêlmu dipratitis |
ywa kaliru sira |

Jilid 2 - Kaca : 355

- di-bisa misahkên dhiri |
pisahe kalawan suksma ||
20. Wruhanira mariyêm iku sajati |
wujuding ragèngwang |
suksma sampurna maring wit |
lêpas kailangan mulya ||
21. Nanging lamun pratitis pratikêlnèki |
bisa pangolahnya |
sayêktine ponang dhiri |
tan pisah lan suksmanira ||
22. Isthane lir layangan lan kêurnèki |
tinut saparannya |
mangkana upama ragi |
lan suksamne tan prabeda ||
23. Yèn pisaha nora kumpul iku sisip |
dadya kudhandhangan |
pan iku kurang pratitis |
sajêge bingung kewala ||
24. Awêkasan tiba sanggon-ênggonnèki |
dene ta kang wus man |
ngaworkên suksma lan ragi |
iku tunggal kamuktènnya ||
25. Lawan ora ana êntèking kang pasthi |
tan nganggo wêkasan |
yaiku kang wus ngênggonni |
ingaran jaya-sampurna ||
26. Wruhanira kulup gustinta sang aji |
iku bijaksana |
luwih sidik ing pangèksi |
uninga ing susurupan ||
27. Iya iki kang dadi supênèng aji |
wus pinasthi dadya |
kabrêkatan narapati |
kang mêngkoni tanah Jawa ||
28. Nganti turun-tumurun ingkang (n)darbèni |
mariyêm wasiyat |
iku kang dadya ugêring |
nagara ing tanah Jawa ||
29. Dupi sampun têlas wangsiting sudarmi |
patih Sangkan tandya |
mundur ing samargi-margi |
kagagas ing yayah rena ||
30. Praptèng praja lajêng sumiwi sang aji |
alon angandika |

patih dene awigati |
sira marang ngarsaningwang ||

Jilid 2 - Kaca : 356

31. Patih Sangkan mangênjali matur aris |
ing purwa wasana |
lalampahaning sudarmi |
winantu wijiling waspa ||
32. Sri narendra kumêmbêng waspa drês mijil |
wasana ngandika |
ywa dinawa tanpa kardi |
papasthèn pasthi tan owah ||
33. Ingsun dhewe lan pramèsuari kang ngambil |
marang ing ngasrama |
nging patih dhawuhna aglis |
marang wadyabalaningwang ||
34. Nêmbah mundur kyana patih wus ngundhangi |
sawusing samakta |
sang prabu myang pramèsuari |
budhal marang ing ngasrama ||
35. Tan winuwus ing ngênu raroncenèki |
prapta ing ngasrama |
sang nata dupi udani |
mriyêm kalih nêng pamujan ||
36. Datan siwah lawan kasupênanèki |
mriyêm kalih pisan |
rinangkul waspa gung mijil |
kathah-kathah andikanya ||
37. Wus binuntêl kalihe ing wastra adi |
ingurapan sêkar |
dinupanan wangi-wangi |
pra wadya ngujung sadaya ||
38. Cêkikipun wus binêkta marang nagri |
lawan kahormatan |
sapraptanira ing puri |
pinarnah ing sitibêntar ||
39. Lah punika cariyosira ing nguni |
(ng)gèr kula sumangga |
botên sagêd amastani |
ingkang lèrês ingkang lêpat ||
40. Mas Cêbolang (n)dhêku manthuk lingira ris |
sampurna wus siyang |
miwah mripat kraos arip |
nyuwun lajênge carita ||
41. Wawi adhi paliman dhatêng kiyai |

Narataka lingnya |
inggi (ng)gèr andum basuki |
sadaya wus lumaksana ||

42. Anèng marga nyarèngi antukirèki |
Ki Cèndhaniraras |
mêtênganira narpati |
juru-kandha ura-ura ||

43. Ki Têngara tanya bapak saking pundi |
ilah dhèk ki Amat |
gumrubyuk lantik tyasnèki |
wawi mocung sasarêngan ||

